ТӨЛЕПБЕРГЕН ҚАЙЫПБЕРГЕНОВ

# ҚАРАҚАЛПАҚПАН. ТӘЎЕКЕЛШИМЕН

НӨКИС
«БИЛИМ»
2003

www.ziyouz.com kutubxonasi

83.3 (2-Қар) Т.Қайыпбергенов. Қарақалпақпан. Тәўекелшимен.
Қ – 26 Нөкис, «Билим», 2003-ж. 528 бет.

Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы, Қарақалпақстанның, Өзбекстанның, бурынғы СССРдың Мәмлекетлик сыйлықларының, Махмуд Қашқарий атындағы халықаралық сыйлықтың лауреаты Төлепберген Қайыпбергеновтың «Қарақалпақпан. Таўекелшимен» китабы айрықша өзиншеликке ийе болып, тийкарынан, төрт бөлимнен турады: Биринши бөлим, автордың өз Ўатанында ямаса сырт еллерде болған пайтларында, көшелерде жөнекей ушырасқан адамлар тәрепинен өмирдиң ҳәр қыйлы қубылыслары, жаңалықлары бойынша күтилмегенде берген сораўларын жуўапсыз қалдырмаў ушын сол демде асығыс қайтарған жуўапларынан, екинши бөлим, ҳәрқыйлы газета-журнал редакцияларының сораўларына ойланып, жазба түрде қайтарған жуўапларынан, ал, үшинши бөлим, автор өз өмиринде жиберген қәтелериниң енди тәкирарланбаўын мақсет етип, шығыс әдебиятының дидактикалық усылларына сүйенген халда XXI әсирде туўылған өз Адасына берген 99 кеңесинен ибарат.

Төртинши бөлим Т. Қайыпбергеновтың айырым шығармалары туўралы дүньяға аты мәлим орыс академиги марҳум Андрей Сахаровтың, дүнья әдебиятының бийик шоққыларынан бири Шыңғыс Айтматовтың, бүгинги өзбек әдебиятының айырым сөз шеберлеринен Өзбекстан Қаҳарманы А. Ариповтың, Өзбекстан Халық жазыўшылары Х. Ғуламның, А. Якубовтың, алым Ф. Насириддиновтың пикирлеринен қуралған.

© «Билим» баспасы, 2003.

www.ziyouz.com kutubxonasi

**Әдиўли оқыўшым!** Жасыңа жас қосылған сайын жан сезимлеринде түсиниксиз албыраклаўлар пайда болып, бул дүньяға не ушын келгениңди, бундағы ең тийкарғы ўазыйпаларың нелерден ибаратлығын билмей-ақ, «хәмме жасап атыр ғой, мен басқалардан артықпан ба?» деў менен өзиңди жубатып, көбинесе, айнала дөгерегиңдегилерди жетерли дәрежеде түсинбей-ақ жасайды екенсең.

Усы бүгинги күнге шекем Ўатанымда ямаса сырт еллерде саяхат қылып жүргенимде айрым баспасөз редакциялары, олардың хызметкерлериниң, сондай-ақ жол-жөнекей ушырасып қалған инсанлардың сораўларына сол пайытта-ақ, хәттеки қәтелигине карамай, жуўап бериўге тырысатуғын едим.

Уллы Жалаладдин Румий (1207-1273) өзиниң «Ичиндаги ичиндадур» китабында «Сөз—хақыйқаттың саясы, хәм бир бөлегидур» деген екен. Бәлким, мениң көп жуўапларым хақыйқаттың бир бөлеги емес, хәттеки саясы дәрежесинде болса да ырзаман. Сол ушын бул китапты оқығанлардың арасынан әллеким «бундай сораўға мен басқаша жуўап берген болар едим» десе, оғанда өкпем жоқ. Бул жарық дүньяда 6 миллиардтай адам жасайды десек, оларға тек бир қыйлы сораў берип-ақ 6 миллард түрли жуўап алынса да тәәжип емес.

Әўеле редакциялардан емес, тәнҳа өзлери жол-жөнекей ушырасқанлардың тек 999 сораўына ғана жуўапларымды китапқа киргиздим. Бәлким, әллекимлер: «Неге дәл 999, ямаса мың, болмаса, мыңда бир емес?» десе, айтарым: адамлардың өз-ара «Әй, бири кем дүнья-ай!» деген өкинишлер менен жасайтуғынын есапқа алыўға тырыстым. Себеби өзим де солардың биримен-ғой.

Ал, бул сораўлар менен жуўаплардың тематикасы, бағдарлары бойынша бөлимлерге бөлейин деген де ойға берилген гезимде, неликтен де, әллеқандай даўыс қулағыма: «Әй, инсан, оқыўшылардың кеўлинен шығыў нийетинде усыларды жазыўға хәрекет еткениң де жетер, қартайған шағыңда жаныңды қыйнап хеш бир исиңди жасанды қылмай, жол-жөнекей берилген сораўлар менен жуўапларыңды қайсыңдай избе-изликте еслеп, қалай қағазға түсирген болсаң, сол избе-изликте қалдыр. Келеси әсирдиң оқыўшылары сеннен билимсиз, ақылсыз болмайды, өзлерине кереклерин өзлери-ақ таўып оқыйды» дегендей болды. Әне усыннан соң өзимди өзим қыйнамағаным ушын, кеширерсиз.

# *БИРИНШИ БӨЛИМ*

## ЖОЛ-ЖӨНЕКЕЙ УШЫРАСҚАНЛАРДЫҢ ҲӘЗИРШЕ ТЕК 999 СОРАЎЫНА ЖОЛ-ЖӨНЕКЕЙ ЖУЎАПЛАР

***«Идралды ақлығым, бир нәсиятым: саған ким, қандай сораў берсе де, сени мойынлағаны. Ҳешбирин жуўапсыз қалдырма, айналайын!»***

***Атам Ҳәкимнияз Әўез улының (1873-1952) нәсийҳатларынан.***

1

—Сиз кимсиз?

—Қарақалпақпан. Тириликте тәўекелшимен.

2

—Қарақалпақ халқынан нелерди үйренсе болады?

—Бул сораўыңызға Өзбекстанның Президенти Ислам Абдиғаниевич Каримовтың бир пикирин сөзбе-сөз келтириў арқалы жуўап беремен: «Бизиң бәршемиз қыйыншылықларға шыдамлы, сабыр тақаатлы болыўды ҳәм Ана жеримизди сүйип, оны абат етип жасаўды қарақалпақ халқынан, оның мәрт, баҳадыр ул-қызларынан үйрениўимиз керек».

3

—Халқыңыз ушын кимсиз?

—Көзлерим жумылғанша халқымның қулыман, нөкеримен, хаткеримен.

4

—Инсан ушын ең қәдирли ҳәм оған көрк беретуғын кийим — бас кийим! Сизиң миллетиңиз қалайынша бас кийимниң аты менен Қарақалпақ болып аталған?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Бул жөнинде әпсаналар менен рәўиятлар оғыры көп. Нуўх әлейхиссаламның киши улы Ефас ибн Нуўх Арал теңизинен Едил (Волга), Жайық (Дон) дәрьяларының жағалаўларына дейин аралап көрип, бул орынларды қолайлы мәкан етип таңлағаннан соң, арадан бираз жыллар өтиўи менен Ефастан бир нешше уллар-қызлар туўылады.

Есапсыз көп изертлеўлер, болжаўлар арқалы пайда болған ҳүжжетлер бойынша, Ефас ибн Нуўхтың, ҳәзирше, бизге мәлим улларының исмлери: Түрк, Хазар, Саклаб, Рус, Мин, Чин, Камари, Тарийх...

Ефас ибн Нуўх 250 жыл жасап, барлық перзентлеринен көплеген ақлықлар, шаўлықлар, қуўлықлар... көреди. Ақыбетинде, Тәңиритаала берген демлери таўсылып, бул дүньяны тәрк етер алдынан, өзиниң ҳукимдарлық-патшалық орнын биринши улы Түркке тапсырады. Өз нәўбетинде Түрк-ибн Ефас ибн Нуўх 240 жыл жасап, ол да есапсыз ақлық-шаўлықлар, қуўлықлар... көреди. Оның дәўиринде әўладлары қанша көбейген сайын, олар арасында өз-ара ҳәр қыйлы талас-тартыслар, жәнжеллер күшейеди. Түрк ибн Ефас ибн Нуўх бул тартысларға тыйым салыў жөнинде көп ойлап, бир шешимге келеди де, әўладларынан өңшең ири геўдели, кең жазық пешаналы, ақыллы жигитлерден бир нешесин жыйнайды. Олар менен бирге үлкен мәсләҳәт қурып, соңында, «билесизлерме, кең пешаналы балаларым, сизлер ендигиден былай мениң, яғный гүләән Түркийзибан әўладлардың тынышлығын қорғаўшы сақшы-нөкерлери боласыз! Мине, мынаў бас кийимлер сизлерди басқа әўладларымнан ажыратып турады...» деп олардың басларына ҚАРА ҚАЛПАҚ кийгизип шығады...

Солай етип, Түрк ибн Ефас ибн Нуўхтың өз әўладлары арасынан бәрше Түркийзибанларды күтилмеген ҳәр қыйлы сыртқы жаўлардан, жаман нийетлилерден қорғаўшы Қара Қалпақлы сақшылар пайда етиледи. Енди оларды ҳәмме «Сақшы Қарақалпақлар!» деп атайды. Әне усылайынша Түркийзибанлар арасында «Сақшы Қарақалпақлар!» деген ат пенен гейпара тарийхый ҳүжжетлерде тек «Саклар...» деп аталатуғын әллеқандай өзиншеликке ийе нөкерлер қәўими пайда болады.

Бул әпсаналық рәўиятты әййемги дәўирлерден бержағында аналардың өз бөпелерине айтатуғын ҳәр қыйлы «бесик жырлары» да тастыйықлайды

Мине сол «бесик жырлары»нан бир мысал:



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Хәййиў-алла, жан балам,
Өзинсең палдың шекери!
Жаў топылтпай халкына
Бөләгөр сақ нөкери!..»

5

—Сол сақшы қарақалпақлардан Ант алынбадыма екен?

—Алынған. Мениң балалық гезлеримде үйге атам Ҳәкимниязды излеп келетуғын дана, әңгимешил ғаррыларға таң атқанша от жаққышлық етип отырып, олардың сөйлескенлеринен еситип, бирақ соңғы жылларда умытып жүргенлеримнен бирин есиме салдыңыз: Ҳақыйқатында арғы бабамыз Түрк ибн Ефас Нуўх гилең пешаналыларға Қара Қалпақ кийгизген соң: Оларға: «Бәрше Түркийзибанлардың парахатшылығына сақ қорған боламан! Набада душпанлар үстем келип, геллемди кесетуғын болса, усы Қара Қалпағымды басымнан тасламай өлип кетиўге таярман!...» дегизип тәкирарлатады екен. Усы анты болса керек!

6

—Дүнья халықларын айтпай-ақ хәзирети Нуўх әлейхиссаламның үшинши улы Ефастан дөреген биринши ақлығы Түркген өсип-өрбигенлер соң неше түрли миллетке бөлингенлиги жөнинде не дейсиз?

—Бундай бөлиниўлер тек бизиң Түрк исмли бабамыздың әўладларына ғана емес, бәрше Адам әўладларына тән қубылыс. Әпсаналардың, рәўиятлардың, гейпара изертлеўшилердиң айырым естеликлерге сүйенип, гейде шамаламай жазып қалдырған ҳүжжетлери бойынша, адам баласы әзелден бийқәнәәт болып жаратылған. Бул жаратылыс нәсилден нәсилге өтип, олар арасында бир-биринен қызғаныш сезимлери мәңгиге даўам етип, көз-қараслары, түсиниклери жақынлар өз-ара биригип, басқалардан бөлиниўлери нәтийжесинде, базда басшының аты менен, болмаса, жасаған мәканларының атлары менен, айрым-айрым топарлар, қәўимлер, ханлықлар, мәмлекетлер пайда болып келе берген... Бизиң ең түп бабамыз Түрктиң перзентлери де, хәзирги ўақытта 300 миллионға шамаласқанына қарамастан, оларда пүткил адамзатқа тән жоллар менен барып, дәўирлер өтиўи менен, бир нешше топарға бөлинген. Ҳәзир бир ғана Түрк исмли бабадан пайда болып, өсип-өрбиген әўладлар 26 атамадағы үлкен-киши дегендей миллетке бөлинип жасайды. Олардан Орайлық Азияда



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзбеклер, Қазақлар, Қырғызлар, Түркменлер, Қарақалпақлар, Қытайда: Уйғырлар, Кавказда: Азербайжанлар, Қумықлар, Қарачайлар, Балкарлар, Ноғайлар, Қарапапақлар... Волга ҳәм Урал дәрьяларының бойларында: Татарлар, Башқурлар, Ҷувашлар... Сибирьде: Яқутлар, Тубалылар, Алтайлар, Ҳақаслар... ал елеге шекем өз ана тилинде баспа сөзине ийе болмағанлардан: Шорслар, Чулаклар, Карагаслар, Камасинлер... Литва ҳәм Украина менен Молдавияның Қубла тәрепинде : Гагаўзлар, Қарайымлар, ал, Европа менен Азияны бириктириўши кәрамат киби арғы Түрк бабаның исмин өзлерине миллий ат қылып алған Түркия мәмлекети бар. Тилекке қарсы, бәршесиниң де бир-бири менен бүгинги күнде өз-ара татыўлықлары мақтанарлық емес. Усыған мениң иштен күйинетуғын ладанлығым да бар-аў!

7

—Бабаларымыздың басларына биринши кийгизилген Қара Қалпақ үлгилерин көргенбисиз?

—Күтә жас гезлеримде бизиң үйге келетуғын дилўар аталардың бири қойнында жымырылып қалған бир қара қалпақты қос алақанына салып, айналасындағыларға: «Әййемги дәўирде Түрк бабамыз гилең кең пешаналы жигитлерди жыйнап кийгизген Қалпақтың, минекей, бир нусқасы! Усы қалпақ себепли миллетимиз ҚАРАҚАЛПАҚ атанған» дегени есимде. Халқымыз ғәрезсизликке ерискеннен кейин сол қара қалпақты қайтадан көз алдыма келтирдим. Оның маңлай алдына ҳәм желкесине қошқардың шыйратылған шақлары, ал еки қапталына оқланған садақтың үлгиси айрықша жылтырайтуғын рендеги сабақлар менен күтә сулыў нағыслар сыпатында тигилип қойылған еди...

Усыларды еслеп, 1991-жылы, өзимше, бир қара қалпақ тиктирдим. Сөйтип жүргенде, №25 киши районда Қара қалпақты тигиў цехы ашылғанын еситип, өзимдикин алып барып көрсеткен едим, басшысы: «бизде үлги бар!» деп қабыл етпеди. Тилекке қарсы, сол цехтан тараған қара қалпақлар ҳәзир көплеп сатылады. Бир өкинишлиси, олар тигип атырған қалпақлар көбирек қазақшаға усайды...

8

—Қарақалпақлардың ең әзелги мәкән жайы туўралы не билесиз?

—Халықлар арасында кеңнен таралған базы әпсаналар, рәўиятлар көп ғана қыйын сораўларға жуўап мақсетинде пайда болған деп ойлайман... Мәселен: ең әййемги рәўиятлар менен әпсаналарға, солар



www.ziyouz.com kutubxonasi

тийкарында, соңғы әсирлерде пайда болған базы жазба болжаўларға сүйенсек, «ең әўелги адамзат бир гезлерде руўхый бузылып, бир-бирине исенимлери кемиўиниң нәтийжесинде, өз-ара урыс жәнжеллериниң, бир-бирин өлтириўлериниң шеги болмай кеткен. Тәңиритаала бул жағдайларға қатты қәҳәрленип, бәрше адамзат туқымын, соның менен бирге, гүлләән тиришилик дүньясында жаңартыўды мақсет етеди. Әне, усы мақсет пенен, адамлар арасынан өзи айрықша мийнеткеш, бәрше тири жанларға меҳир-муҳаббети басым, оғыры пәк нийетли Нуўх исмли бир инсанды алдына шақырып, пайғамбер атағын бериў менен оған гүллән тири жанлар дүньясынан жуп-жуптан, оларға қоса, тәнҳә өзиниң Хом, Сом, Ефас исмли перзентлерин келиншеклери менен бирге мингизгенде, бәри еркин жайғасқандай, бир үлкен кеме соғыўды буйырады...

Солай етип, уллы Нуўх әллейҳиссалам тәрепинен буйрық баржай қылыныўдан, Тәңиритаала аспаннан тынымсыз сел жаўдырып, пүткил жер жүзин суўға ғарқ қылады. Ақыбетинде, тек Нуўх әллейҳиссаламның кемесиндегилерден басқа пүткил жанлы мақлуқатлар, ҳәтте, өсимликлер дүньясы толығы менен қырылып питеди...

Бүгинге келип жеткен хүжжетлерге ҳәм уллы алым Мырза Улуғбектиң (1394-1449) «Төрт улыс тарийхы», Абылғазы Баҳадырханның (1603-1664) «Түрклер шежиреси» китапларына жүгинсек, Тәңиритааланың буйрығы менен ҳәзирети Нуўх басқарған уллы Кеме пүткил жер бетин басқан терең суўлар бетинде алты ай он күн жүзип, Жуди таўында тоқтайды... Нуўхтың Хом, Сом, Ефаҫ исмли перзентлери усы кәрадан өз келиншеклерин ертип, дүньяның үш тәрепине тарайды...

Булардан басқа да гейпара баспа сөз хабарлары ҳәм әпсаналар бойынша, Нуўх әлейҳисааламның Кемеси Арменистандағы Арарат таўларының ең бийик шоққыларында қалған-быш... Ҳәттеки, соңғы жылларда космосқа ушқанлар Арарат таўлары үстиндеги сол Кемениң қалдықларын да көрген-биш...

Олай болса, сол дәўирде Арарат таўларының ең бийик шоққысынан пәстеги пүткил жер алабын еле терең суў басып жатырған болмай ма? Сонда ҳәзирети Нуўхтың Кемесиндеги перзентлери, оларға қоса жуп-жуптан мингизилген бәрше жанлы мақлуқатлар бул кең әлемге қашан ҳәм қалай тараған?

Усындай болжаўларға қосымша Нуўх әллейҳиссаламның Кемеси иркилген орынлар десип, Африка таўларының бийик шоққыларында, Қазақстандағы «Қазықурт» таўларының төбелерине де қол шошай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тыўшылар да аз емес... Онық үстине, бундай таласлы пикирлерге жуўап сыпатында Американын «Атлантика Мьючуелл Иншурено Компании» деген компаниясы, өзинше, тарийхый хүжжетлерге сүйенген ҳәм Нуўхтың Кемесин анық көргенлер сыпатында, дүньяға мынадай хабар таратты: «Нуўх әллейҳиссалам ҳәм оның перзентлери минген уллы Кеме, бизиң эрамызға дейинги 1448 жылда, сандал деген ағаштан соғылған болып, иши-сырты ләкленген, узынлығы 300 гез, ени 50 гез, бийиклиги 30 гез, оның үш полубасы бар. Ишине ҳайўанлар да тийелген...» («Советская Россия», 17 май 1985 ж.).

Бүгинги ҳәр тәреплеме ойшыл инсанлар бул жаңалықлардың қайсысына исенеди? Ҳайранман!

Ал Орта Азия халықлары арасында кеңнен таралған көп-көп әпсаналар менен рәўиятларға қарағанда, Ҳәзирети Нуўх әлейҳиссаламның Кемеси сол бас аяқсыз суў үстинде көп жыллар тынымсыз жүзип, Памир таўларының үстине келгенде, жер бетин басқан терең суў әсте-әстелеп қайта баслайды ҳәм Кеме енди бийик таў төбелеринен пәсликлерге қарай жылыса береди. Бара-бара сол Уллы Кемениң әлле қандай нақолай орынларда қайырлап қалыў қәўпи де туўылады. Енди Нуўх әлейҳиссалам пүткил тирилик дүньясының, соның ишинде, өз перзентлериниң жасаўы ушын әлле қандай қолайлы орынларға жетиў мақсетинде Кемени алға жылжытыў ушын ескеклерден пайдаланыўға мәжбүр болады...

Солай етип сол үлкен ескеклер менен кемениң әсте-әсте алға жылжытыў менен, бир күнлери әлле қандай пәслеў, Түркий тилде «Арал» деп аталған, бир атаўда қайырлайды... Ҳәмме кемеден түсириледи. Айналаға көз тасласа, суў басқынынан ашылған ушы-қыйырсыз кең-кең далалықлар!..

Енди ҳәзирети Нуўх әлейҳиссалам көп гидирип турмай, ҳәмме жанлы мақлуқларға еркинлик берип, өз балаларының ҳәр қайсысына өз зайыбын ерткизип, кемедеги жанлы-жансыз затлардың қайсыларынан қанша аламан десе, қайсысы қай жерде, қайсы тәрепте жасайман десе, зайыбы менен кетиўине баспүкил руҳсат береди.... Хом менен Сом Кемеден өзлерине зәрүрли нәрселерди алып, өзлериниң келиншеклерин ертип, ҳәзирги түсиник пенен айтқанда, Европа ҳәм Африка таманларға жол алады... Ал, Ефас исмли перзенти өз зайыбы менен Кеме иркилген Аралдың (Атаўдың) айналасындағы қурғақ жерлерде қалыўға ықырар етеди. Арадан көп ўақытлар өтиўи менен әне, сол уллы Ефас ибн Нуўхтан туўылған перзентлердиң туңғышы болған Түрк исмли идралды ул тыўылып, оннан өсип-өрбигенлер



www.ziyouz.com kutubxonasi

арасынан Түрктиң өзи бәрше әўладлары ушын «сақшы», нөкер деп белгиленген Қара қалпақлылар өзлериниң киндик қанлары тамған Арал бойларын өзлери ҳәм әўладлары ушын мәңгилик мәкан етип таңлайды ҳәм бул мәканын ҳеш қашан өзгертпеўге, өзлериңнше, Тәңиритаалаға ант етип мәңгиликке жасап қалады... Демек, Арал айналасы Қарақалпақлардың ең әзелги мәкан-жайы.

9

—Нуўх әлейҳиссаламның Кемеси тоқтаған орын Арал атаўы дәўирлер өтиўи менен атаў емес, Арал теңизи, деп, оған қуятуғын, ескише атлары бойынша, Жайҳун ҳәм Сайҳун, ал ҳәзирги атлары Әмиўдәрья, Сырдәрья деп аталатуғын егиздей еки дәрья қалайынша ҳәм қашан пайда болды екен?

—Әўеле бир ескертерим — Арал теңизи океанлар менен байланыссыз ҳәм олардың бетинен жоқарыда пайда болған дүньядағы бирден бир теңиз! Лекин, бизиң халқымыз арасында әййемнен киятырған болжаўларға қарағанда, Нуўх әлейхиссаламның Кемеси Памир таўларынан төменге түскеннен кейин, оны алға жылжытыўшы, ҳақыйқый әпсаналық ескеклердиң жөнекей жер сызған, жер тырнаған излери бойынша Памир таўынан төменге қарай, қос суў жоллары пайда болып, Атаўға қайырлап тоқтаған Нуўх аллейҳиссаламның иши шуңқыр үлкен Кемесине келип қуйыўлары нәтийжесинде, сол Арал деген атаў әстелеп теңизге айналса да, оның әзелги Арал деген аты сақланып қалған. Ал Ҳәзирети Нуўх әлейҳиссалам соққан үлкен-үлкен ескеклердиң Памирден төменге қарай жер сызып, жер тырнаған излеринен пайда болған суў жолларының бири, әййемги дәўирлерде Жайҳун, екиншиси Сайҳун деп аталып, соңғы әсирлерде, бул еки дәрьяны жағалап жасаған бәрше халықларға түсиникли мәниде, Әмиўдәрья, Сырдәрья деп аталып кеткен болса, таңланбассыз, бәлким....

10

—Тарийхый ҳүжжетлерде Қарақалпақ халқы не ушын ҳәр қыйлы аталады?

—Бул күтә көп қырлы, көп сырлы сораў. Мениңше, бәрше Түркийзибанлардың ең арғы бабасы Түрк ибн Ефас ибн Нуўх өзиниң пешаналы жигитлерден дүзген Сақшы Нөкерлерин басқалардан айырыў белгиси сыпатында басларына қара қалпақ кийдирген



www.ziyouz.com kutubxonasi

дәўирлердиң бержағында Түркийзибанлар көбейгени үстине қанша көбейгенине терең ой жибериңиз.

Солайынша, заманлар өтиўи менен Түркийзибанлардың саны артып Арқа Муз океанынан Жер Орта теңизине дейинги аралықта хәр қыйлы еллер арасында руў-руў, қәўим-қәўим болып, бөлекленип жасай баслаған соң, қайсы бир руўына, қайсы бир қәўимине жасаў мүшкиллесип, оларды бағындырып қулға айландырыў нийетинде күтилмеген хәрқыйлы жаўызлықлар да болып турған. Усындай жағдайларда олар түпкиликли Түрк бабаның бас тағлыйматларына муўапық кең пешаналы сақ «қара қалпақлар»ды жәрдемге шақырған. Сақ қара қалпақлар түп бабасы Түрк ибн Ефас ибн Нуўх алдында берилген антқа садықлығы ушын, хешқандай екиленбестен, жәрдемге барған. Набада әлле қайсылары топары менен бенделикке түсип қалса, бенделикке алғанлар оларды «сақ»лар, «пешаналы»лар, «қарақалпақлар» деп атасада, қарсыласпай, мақуллаўға мәжбүр болып жасаған. Соның ушын, бүгинги қарақалпақ халқы өтмиштиң көплеген тарихый жылнамаларында хәр қыйлы аталатуғыны сыр емес. Мәселен, орыс жылнамаларында «сақшылар» деўдиң орнына орысша қысқартып «саки», «қарақалпақлар» сөзин өз тилине «Черные клобуки», болмаса, «Пешаналылар» дегенге тиллери айланбағанлар өз тилиниң грамматикасына туўрылап «Печенеги» деп атайды хәм солай жазады. Ал персиялылар менен Авғанлар болса «қарақалпақ»лар сөзин өзлериниң тиллерине аўдарып «Гулахи-сияқ»лар деп атаған...

Сондай-ақ қарақалпақ атамасын өзлеринше «қара бөриклилер», «Қарапапақ»лар деп атап жибергенлерде аз емес.

Түркийзибанның қәўимлерине, ханлықларына қарсы сырттан жаўлар топылып жүргизилген урысларда туўысқанларын қорғаўға «Сақшы» «Нөкер Қарақалпақлар» душпанларына қатаң соққылар берип жасаған. Гейде ойланылмаған қәтеликлерге жол қойылып, базда олардың арасынан азын-аўлақ топарлар бенделикке түсип қалса, сол аз сандағы сақшы қарақалпақларды қайтадан күшейип кетпесин деген нийет пенен душпанлар күтә суўық Узақ Сибирь таманларға да айдатып жиберилетуғын да болған. Өз ўақтында солай айдалғанлар-дың арасында елеге дейин жазыў-сызыўларына ийе бола алмай жүрген аз сандағы Түркийзибан халықлар бар. Олар хәзирги дәўирде Шорс-лар (бәлким, «шорлылар» дегени шығар), чулаклар (бәлким «шолақ-лар» дегени шығар), кракаслар (бәлким «қарақаслар»дегени шығар)... Бул халықлардың өтмишин бүгинги көз бенен бахалап, бәрше Түркийзибанларға «Сақшы» «Нөкер Қарақалпақлардың» әўладлары болыўы итимал десе де инанбаў, онша терең ойшыллықты аңлатпаса керек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ал, ҳәзирги Қазақстанның арқа тәрепиндеги «Шыңғыс таў»ы менен қатар «Қарақалпақ таўы» деп аталатуғын таўдың барлығы да бүгинги Түркийзибанларды, соның ишинде, қарақалпақларды ҳәр тәреплеме изертлеўши тарийхшыларды да ушы қыйырсыз ойларға-болжаўларға ийтермелейтуғыны да сөзсиз...

Қарақалпақлардың әзелден-ақ бәрше Түркийзибанларды тең көрип, олардың арына шабатуғын Сақшы Нөкерлиги узақ әсирлер, ҳәтте бизиң эрамыздың XIII-XIV әсирлерине дейин даўам еткенлигин тастыйықлаўшы және бир факт — 1017-1043-жылларда Хорезм ханлығының Сарай шежиреси лаўазымын атқарған Иранлы Абул-Фазил Байгахийдиң жазып қалдырғанлары бойынша, Хорезм ханлығындағы Түркийзибан ләшкерлериниң басшылары қарақалпақлардан да болған...

Тилекке қарсы, көп-көп әламатлы дәўирлер өтиў менен Түркийзибанлардың бирлиги, аманлығы ушын ең әзелги түп бабамыз Түрк ибн Ефас Нуўх дүзип кеткен бириншн Сақшы Нөкерлер болған Қарақалпақлардың, көп жағдайда, дыққаттан шетте қалдырғанлығын, ҳәтте базы Түркийзибан халықлар олардың келешегине исенбей, көп-көп еллерге бөлиниўине себепши болғанлығын, өзимше, еске түсирсем, неликтенде, көп жағдайда ишим ашыйды, көзлериме ерксиз жас қуйылады.

Өтмиш тарийхты қайта дүзетиў қыйын. Сөйтсе де, бәрше Түркийзибанларды қорғаўда Сақшы Нөкерлер болған қарақалпақлардың тәғдир-тарийхын, ең болмаса, ендиги жағында умытпаў — ҳәммемиз ушын Тәңиритаала алдында жүзи жарқынлық!..

## II

—Ҳәр бир Түркийзибан халық секилли қарақалпақларда бир неше руўларға бөлинеди ғой-ә?

—Шынымды айтсам, миллетимниң майдаланып руўларға бөлиниўлери маған унамайды. Себеби ҳәр руў өзин, ямаса сол руўдың атақлы адамлары өз руўын басқалардан жоқары қойып ислер жүргизсе не болады? Милеттиң ишинде көз-көреки алаўызлықлар туўады. Миллет уттырады. Усындай утылыслардың себебинен иштен көп-көп руўларға бөлинген Түркийзибан халықлардың дүньялық цивилизациядан белгили дәрежеде артта қалып киятырғаны да жасырып болмайтуғын факт.

Бирақ, руўларда бөлиниўдиң бир жақсы тәрепи, ҳәр руў өз ишинен қыз алыспай, қаны бөлек деген мәниде басқа руўлар менен қыз алысып, қыз бериседи. Бул жағдай жаңа туўылған бөпелерде туўыс-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қанлар арасында қанлары араласыў себепли пайда болатуғын кесел-ликлерге тыйым салады екен. Буны ҳәзирги медицина илими, айырым миллетлерде туўысқанлар арасында қыз алысыўдың нәтийжелери бойынша толық дәлиллеп киятыр. Әне усы көз қарастан, айырым Түркийзибанлар секилли қарақалпақлардың да майда-майда 92 руўдан ибарат деп шамалап айтылған менен, тийкарынан қарақалпақлар: Қоңыратлар, Қытайлар, Қыпшақлар, Кенегеслер, Маңғытлар, Мүйтенлер деп аталатуғын алты арысқа бөлинеди. Бул алтаўы да өз нәўбетинде ҳәмме Түркийзибанлар киби, иштен және де киши-киши руўларға бөлинетуғынлығы тақыйық...

12

—Қарақалпақ халқының өтмиш тарийхын еки-үш сөз бенен мениң де көз алдыма келтире аласыз ба?

—Қыйын. Сөйтседе, өзиниң киндик қаны тамған ўатанына сыйдырылмай, кең Ҳиндстанға қашып, ақыбетинде сол елде патша болған уллы шайыр, ойшыл Захириддин Мухаммед Бабурдың (1483-1530) ҳәсиретлерге толы:

«Шығыстың мен билмеген жәбру-жапасы қалдыма
Қәсте қәлбим шекпеген дәрду-бәлеси қалдыма...»

деген қосық қатарларындағы «Мен» деген сөзиниң орнына «Қарақалпақ» сөзин қойып тәкирарласам, сизге дурысырақ жуўап қайтарған боламан. Ендиги жағын өзиңиз ойланып көрерсиз.

13

—Өзиңиздиң бул дүньяға ыразы ҳәм наразы күнлериңиз?

—Екеўи де бир күн, яғный мениң бул дүньяға келген күним! Қуўанышларға тап болсам, сол күнге ырза боламан, ҳәсиретлерге тап болсам, сол күнге наразы боламан.

14

—Өзге миллеттегилерге мүнәсибетиңиз?

—Ес-ақылы пүтин инсан тәнҳә өзине, миллетине қандай мүнәсибетте болса, өзге миллеттегилерге де дәл сондай болыўы шәрт, әлбетте!

15

—Адамлардың минезлериндеги қандай ҳәрекетлерин жақтырмайсыз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Адамлардың есапсыз есиклери бар үлкен дәлизге тығылып, қайсысына кириў ләззетли екенин дурыслы биле алмастан, бири екиншисин алға өткермей, бассыз аламан болып жасайтуғын минезлер жақпайды.

16

—Инсанды жубатыўшы қандай күш бар?

—Тәңиритаала хәм оның динлери.

17

—Өзиңиздиң, ислам growth диниен басқа динлерге көз-қарасыңыз?

—Пайғамберимиз Мухаммед әлейхиссалам өз үмметлерине: «Әй, инсанлар, дин ислеринде хәдден асыўдан сақланыңлар: Сизден әўелги үмметлердиң көп хәсиретлерине дин ислериндеги хәдден асыўшылықлар себеп болды» деген нәсиятын оқығанман. Сол ушын, мен хәр динди Тәңиритааланың мехрине миясар болыўдың, өзиншеликке ийе бир соқпағы, деп түсинемен.

18

—Бийтаныс кисилер менен ушырасқанда қандай мүнәсибетте болған жөн?

—Рәўиятлар хәм диний китаплардың тәғлийматлары бойынша бул гөззал әлемди, жерди, суўды, қуяшты, айды, жулдызларды, өсимликлер дүньясын пайда етсе де, бәри жаратыўшысы Тәңириталааның өзине, неликтен де, усамайды. Сол ушын ол Жабырайыл периштени алдына шақырып: «бул әлемди хәрекетке келтирип, онда күтилмеген қызықлар дөрететуғын әжайып бир нәрсе соғып әкел!» деп хәмир етеди. Жабырайыл периште Тәңиритааланың хәмирин тәрк етпей, тезлик пенен Адам сүлдерин соғып әкеледи. Бул Тәңиритаалаға унап «Қандай үлгиге қарап иследиң?» деп сорайды. Жабырайыл периште: «Сизиң келбетиңизге қарап иследим, уллы Тәңиритаалам» дейди. Тәңиритаалам өзиниң келбети қандайлығын хешқашан көрмеген хәм билмейди екен. Ол адам сүлдерине узақ тигилип турады да, басын ийзеп мақуллайды хәм оған дәрриў жан береди... Сыртқы көриниси бойынша Тәңиритааланың дәл өзи киби бул Адамның жалғыз өзи бул дүньяны аз-азлап болса да хәрекетке салатуғын күшке толық ийе болмағаны ушын енди Жабырайыл периштеге Адамның қабырғасынан, ол бирге жүрип ойласып ислер қылғандай



www.ziyouz.com kutubxonasi

жолдас соғыўды буйырады. Жабырайыл периште бул буйрықты да баржай қылып, Адамның қабырғасынан Ҳаўа Ананы соғыпты...

Усыннан кейин бул әлем өзинше жанланып, жанарып, биринши Адам ата менен Ҳаўа Анадан перзентлер туўыла баслайды. Ҳәр бир перзент сыртқы көриниси бойынша өзиниң атасына усап, ал атасы Адам Ата болса Тәңиритааланың дәл өзине усатылып соғылғаны себепли, жаңадан туўылған ҳәр перзент Тәңиритааланың тиккелей нусқасы (копиясы) деп қабыл етилетуғын болған...

Бул әпсанаға толық исенсе арзыйды. Өйткени, жаңадан туўылған ҳәр инсан мисли Тәңиритааланың өзи киби ҳәм кәраматлы ҳәм көп сырлы жумбақларға толы бир әлем екенинен ҳешким гүманланбайды.

Әне сол себептен, бүгинги ҳәр бир инсан жол-жөнекей басқа бир бийтаныс инсан менен жолықса, оған тәңҳә өзине қандай мулайымлық пенен мүнәсибет қылатуғын болса, тап сол мүнәсибетин тәкирарлаған ҳалда мүнәсибет сақлап сөйлесиўи лазым... делинеди көп-көп рәўиятларында.

19

—Шығарма дөретиўде соавторлыққа қалай қарайсыз?

—Әдебият тарийхында соавторлықлар баршылық. Мениңше, соавторлық —бир машинаның рулин еки адам услағаны яңлы қубылыс. Бунда бир жаман жери машина авария болса (шығарма сәтсиз шықса) қайсысын айыплаў керекliги қыйын жағдай туўдырады.

20

—Досларыңызға ҳәм душпанларыңызға көз-қарасларыңыз?

—Досларым ҳәм душпанларым жөнинде ойласам, «Қабуснама»да жазылған Искендер Зулхарнайынның мынадай сөзлери есиме түседи: «Ҳәмме досларымнан да пайда көремен, бирақ олардан гөре душпанларымнан көбирек пайда көремен. Себеби досларым маған жақсылық еткен болып, базы жаман қылўаларымды, ладанлықларымды жасырыўға тырысады, сол ушын, өз қәтеликлеримди сезбей, билмей жасайман. Ал, душпанларым болса, мени кемситиў мақсетинде болса-да, жаман қылўаларымды, ладанлықларымды тиккелей жүзиме айтады. Нәтийжеде, мен жаман қылўаларымды билип, оларды тезирек дүзетиўге тырысып жасайман».

Уллы Искендер Зулқарнайынның бул даналығы ҳәрбир тири инсан киби маған да бәрҳә жол-жоба сыяқлы түйиледи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

21

—Миллетиңизди өзгертсеңиз бахытлы жасайсыз, десе?

—Мениңше, қара басы ушын өзиниң ана миллетин өзгерткен инсан, тек өз миллети ушын ғана емес, пүткил адамзат ушын да ең қәўипли сатқын!

22

—Қарақалпақларды басқалардан қалай ажыратыў мүмкин?

—Бет-келбетинен ишки сырлары айқын сезилип, хәттеки ашық көринип турған кең пешаналы инсанды, сорамай-ақ, қарақал-пақ деп түсинсеңиз болады.

23

—Дүньядағы ең кең шөлистанлық қәйерде?

—Африканың қубла бөлегиндеги Сахрайы Кабир (Сахара) деп аталған шөлистанлық. Онын көлеми 8,4 миллион квадрат километрди қурайды.

24

—Жазыўшылар данқ ушын жазармыш. Солай ма?

—Хақыйқат жазыўшы өзиниң даңқы ушын емес, өзгелердиң, халқының даңқын көтериў ушын жазады. Ал олардың шығармасы үстине я кейнине өз фамилиясын қойыўына себеп, — сол шығарманың қәте-кемшиликлери болса, оқыўшылар айыпкерди излеп көп хәлек-ленбеўин нәзерде тутқаны.

25

—Илим үйрениўдиң шеги болама?

—Егер шеги болғанда, пайғамберимиз Мухаммед әлейхиссалам хәдислеринде: «Бесиктен қәбирге шекем илим изле» демеген болар еди.

26

—Айнала дөгерегимдегилерге көбирек унаўым ушын не керек?

—Уллы грек философы Сократ (468-399): «Өнерден гөззаллырақ, билимнен уллырақ нәрсе жоқ, ар ұяттан артығырақ безеў жоқ, пейли қараңғылықтан жаманырақ иллет жоқ» деген екен. Усы даналықлар тийкарында ойланып хәрекетлер етиўге тырысып баққан жақсы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

27

—Бәрше түркийзибан халықларды бир мәмлекетке бириктириў ушын не керек деп ойлайсыз?

—Әўеле орайлық бир жалаўды (байрақты) пайда етиў керек. Бул орайлық жалаў өтмиштеги бабаларының жалаўларына қайшы келмеўи ушын түркийзибан еллердиң гүллән архивлеринен ески жалаў үлгилерин излеп табыў зәрүр. Мәселен, Туркияның музейинде Махмуд Қашқарийдиң, Әмир Темурдың жалаўлары (байрақлары) сақланғанлығы жөнинде оқығаным бар. Егер, олар өз-ара бириккен Түркийзибан мәмлекеттиң талабына жуўап бермейди, деген жуўмаққа келинсе, жоқарыда айтылған жалаўларды тийкар етип алып, оған ҳәзирги 26 түркийзибан халықлардың ҳәр бириниң өзиншеликлерин символикалық белги сыпатында пайдаланылса, мениңше, қарсылықлар онша көп болмас еди. Мысалы, мениң еле толық жуўмақланбаған ойымша, өзбеклердиң тақыясы, қырғызлардың ақ қалпағы, қазақлардың тумағы, қарақалпақлардың қара қалпағы, әзербайжан-лардың пышағы, түркменлердиң ақ телпеги, татарлардың белбеўлери, башқурт шапанының нағыслары, түрклердиң қылышы... сыяқлы белгилерди алып, олар ҳәр қыйлы реңдеги енталар арқалы шебер бириктирилсе, жалаў әлле қандай дәрежеде көз қумартарлық болып, түркийзибан жаслар оны ҳеш кимге бермеў жолында биригер еди... Бирақ бундай жалаў қабыл етилгенде сырттан, ҳәттеки иштен де «бундай көп реңли нағыслардан ибарат жалаў қайсы мәмлекетте бар...?» деўшилер табылыўы да сөзсиз. Иши тарлар, мейли айта берсин, қәлеген мәмлекеттиң жалаўы басқаникине усамайды ғой. Бундай жалаўға кирисер алдынан Өзбекстанның «Фан» баспасында 1997-жылы басылған Адам Атадан Мухаммед пайғамберге шекемги Қуранда атлары аталған 25 пайғамберди белгилер арқалы көрсетиўши плакатты бир рет көзден өткериў шеп болмас еди.

28

—Бүгинги кең әлемди қай дәрежеде көз алдыңызға келтиресиз?

—Ол Қудирети күшлиниң тәнҳа өзи ҳәр қыйлы қылўадағы минезқулықларға ийе түрли-түрли ойыншықларға ўақтынша жан берип, сыртынан өзи бақлап турған бас-аяқсыз бық-жықларға толы мәкан сыпатында көз алдыма келеди. Мәселен, мен де, сиз де ойыншықлармыз. Ойналып-ойналып бир күни гүллән көзлерден ғайып боламыз. Орнымызда жаңа ойыншықлар пайда болады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 29

—Дин менен илимниң өмирдеги орынлары жөнинде пикирлериңиз?

—Бул сораўыңызға жуўап ушын... Уллы грек алымы Аристотельдиң «Дин ийелери бул дүньяның машқалаларысыз, илимсиз өз мақсетине жете бермейди»... деген пикиринен кейин уллы пайғамберимиз Мухаммед әлейхиссаламниң хәдислеринен хәзирше жетеўин келтиремен:

«Илим үйрениў хәр бир мөмин ушын парыз».

«Бир саат ғана илим үйрениў-бир неше күнлик ибадаттан артығырақ, бир күнлик сабақ алыў-үш ай ораза тутқаннан абзалырақ».

«Жаслықта алған билим-тасқа ойып жазылған хат».

«Илимниң апаты-оны естен шығарып қойыў хәм илимге интасы болмаған кисилерге үйретип, зая қылып алыў».

«Илимди үйренип алған кисиниң илимин басқаларға үйретпеўшилиги — мисли мал-дүнья жыйнап, оны сарп қылмай көмип қойғаны менен барабар».

«Пайдалы илимлерди үйрениўшилердиң гүналары кеширилиўин хәр бир мақлукат, хәттеки, теңиздеги балықлар-әм Алладан сорайды».

«Қайсы бир алымнан илим жөнинде сорағанда, ол қызғанып, басқаға түсиндирмесе, қыямет күнинде оның аўзы кисенленип қойылады».

## 30

—Тәңиритаала өзиниң пайғамберлеринен, ең болмаса, биреўин неге түркийзибанлардан танламаған екен, деп ойлағанбысыз?

—Көп ойланғанман. Өзимше бираз болжаўлар да қылғанман. Бирақ «Әттегене-әй!» дейтуғын күнлерим аз емес.

Енди бир рәўият тыңлаңыз: «Қүдирети күшли Тәңиритаала өзи жаратқан бул жарық әлемге соңғы пайғамберин жиберер алдынан, бәрше халықларды көп сынақлардан өткерип, араблар менен түркийзибанларды кеўлине муўапық таўыпты да, олардың хәр қайсысынан бир-бирден адам таңлап алып, екеўин ушы-қыйырсыз таўлар, далалар, шөлистанлықлар, қумлықлар арқалы өтетуғын узақ сапарға жоллапты. Бир неше күннен соң екеўиниң де суўы түўесилип, алға қәдем таслаў мүшкиллесип, көзлери мөлерисип, дүмшелерине үңилсе, арабтың дүмшесинде бир жутымдай суў бар, ал түркийзибандикинде бир тамшы суў қалмапты. Бул аўхалды көрген түркийзибан жылдамлық пенен қапталындағы жолдасына бас ийип былай депти:



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Әй, араб достым, сениң халқыңды илим-ҳикметли, бәрше инсанларға айрықша меҳир-муҳаббетли халық деп көп еситкенмен. Егер, сен халқың жөнинде тараған усындай даңқты дәлиллегиң келсе, қалған бир жутым суўыңды маған иңам ете ғой. Тири қалсам, сениң бул меҳриң ушын да пүткил араб халқы бәрше инсаниятқа меҳирли, араб халқына мәңги бас ийиңлер!» деп, көшелерде бақырып жүриўге ўәде етемен. Ҳәттеки, араблар жасаған пүткил мәканлардың, бәрше жанлы-жансыз затларын да арабларды таўап қылып жасаўы керeклигин гүлләп әўлад-әўладларыма нәсият етип кетемен!.»

Енди араб бир демде өзи жөнинде ойланбастан «халқымның даңқы алдында мен киммен?» депти де, соңғы бир жутым суўын түркий-зибанға берипти...»

Пүткил әлемниң төбесинен бақлап, ҳәммени көрип турған Қүдиретли күшли усы ҳәдийседен кейин Адамзатқа жибережақ соңғы пайғамберин араблар арасынан таңлаўға ықырар етип, Муҳаммед әлейҳиссаламды дүньяға келтирген екен...

## 31

—Бурынғы СССР жөнинде айтсаңыз?

—Гүлләп көдирен гәплердиң, бир-бирин бийкарлаўшы қыйлы-қыйлы баҳалардың арасынан тек бирсўине исенсе болады. Ол-өлим! СССР деп аталған империялық мәмлекет өлди! Динимиз бойынша өлини көп додаламай, тез жерлеў керек еди. СССР жерленди. Тамам!

## 32

—Миллий әдебиятымыздың жарық жулдызы Бердақ шайыр «Дүнья-дүнья болғалы патша әдил болған емес» деген ғой. Сизинше мәмлекетти қайсындай инсан басқарғаны мақул?

—Уллы алламалардың бири-бирине усас тастыйықлаўларына қарағанда, пүткил әлемди-адамзаттың руўхын үш түрли ҳүкимдарлық (диктатура) басқарыўы тийис. Биринписи — ақыл ҳүкимдарлығы, екиншиси — күш ҳүкимдарлығы, үшиншиси — пул ҳүкимдарлығы. Әттең, соңғы екеўи күтә тез-тез тил табысып турады. Ең баслысы, ким басшы болса да, Тәңиритаала оның кәлбине ақыл менен меҳирлиликтиң нурын аямай қуйған болсын-дә!

## 33

—Бердақ шайыр өз халқының дәртлерин айтып жоқары ҳүкимдарлардың алдына барған ба?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Халық аўзындағы әңгимелерге қарағанда, әлбетте, барған!... Бир жола, ол халқының арзы-аўхалын айтыў ушын Хийўа ханының қабылханасына киережақ болғанда, дәрўазаманлар оған ханның дем алып атырғанын айтыпты. Сонда шайыр: «Мейли дем алсын. Бирақта хәзир бир илажын таўып, оған қарақалпақ елинен Бердақ шайыр келди, десеңиз, жақсы болар еди...» депти. Дәрўазаманлар ханның қабыллаўханасына кирип, тез шыға сала: «Кириңиз, бирақ уллы ханымыздың бизге ескертиўи бойынша арзыңызды тек еки сөз бенен билдиресиз!» депти. Сонда шайыр буған хеш ренжимей ханның алдына кириўден бас ийип: «Суўсызлық! Ашлық!» депти.

Хан «түсиндим» деп дәрриў бас ўәзирин алдына шақыртыпты да, тезлик пенен Әмиўдәрьяның арқа тәрепин жайлаған қарақалпақлар елине қарай жаңа арна қазыўға хәм қарақалпақлардан бир жылға дейин салық алмаўға буйырық берипти де, Бердақ шайырға ат мингизип, ийнине зер шапан жаўып қайтарыпты.

Хақыйқаттан да, бул ушырасыўдан көп кешикпей, Әмиўдәрьядан қарақалпақлардың арқа тәрепине қарай саға алатуғын, ал бүгинлиги кеўип атырған «Еркин дәрья» арнасының қазыўы басланған екен...

34

—Қарақалпақлардың даналықларынан тек үшеўин ядтан тәкирарлаңыз?

—«Өзлигинен тилин тоқтата билмегенниң аяғына кисен урылады».

«Ким жерге хадал хызмет етсе, оған жер де хадал хызмет етеди».

«Ким күншил болса, ол өзиниң жолын дурыс көре алмайтуғын соқыр киби болып қалады».

35

—Бул дүньяда Тәңиритааладан басқа ким жалғыз?

—Бәрше диний тәлийматлар бойынша Тәңиритааланың өзинен басқа жалғызлықта жасайтуғын жанлы мақлуқат та, өсимликлер де жоқ. Бирақ олардың хәр бири, хәр қандай жағдайда да, өзине Тәңиритаала жолдас екенин уғынып жасайды. Хәтте бир-бирине қарсыласлар да мәңгиге жупкерлесип жүреди. Мәселен: хаял менен еркек, өмир менен өлим, жақсылық пенен жаманлық, күн менен түн, хадал менен харам, күлки менен көз жас...

36

—Қарақалпақлардың өз перзентлерине мүнәсибетлери?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Перзентлери 5-6 жаска шыкканша, оларға мисли патшаға хүрмет кылған секилли, мүнәсибетте, ал 5-6 жастан 16-17 жаска дейинги аралыкта хәр бир перзентине мисли куллары дәрежесинде мүнәсибетте болып, перзентлери 16-17 жастан өткенсоң, хәр бир ата-ана оларға мисли өз теңлеслерине кылған мүнәсибетин тәкирарлап, үй машкалаларының барлык түрин, хәттеки, шаңарак ағзаларының кайсысына кандай нәрселер сатып алыўға шекем мәсләхәтлеспей өзлеринше ислер кылмайды.

37

—Адамлар арасындағы кандай мүнәсибетти унатпайсыз?

—Өййемги грек философы Сократтың (469-399) «даналар хәкимлерге сәлем береди, ал хәкимлер даналарға сәлем бермейди» деп налынғанын есиме салатуғын жағдай жүз берсе мен де налыйман.

38

—Бүгинги Каракалпакстанның айырым аўыл, көше моллалары жөнинде пикириниз?

—Өз ўазыйпаларын шын мәнисинде түсинип, адамлардың акыл-ойларына тәсир жасайтуғын, олардың бир-бирине мехирлерин оятатуғын моллаларға хүрметлерим шексиз.

Өттең, жакында бир көше менен киятырып, сырткы көриниси әнейдей бир жайдың есиги алдында, сумкасын аркасына асынған жас бала, әлле кайда асығыс кетежак молла атасының адын кеселеп: «Ата, мен «Жаңа тарийх» китабын сатып алажак едим, пул берип кетиңиз!» дегенинде, атасының: «хаў, балам-аў, хабарың жокпа, еки хәптеден бери көшемизде адам өлмеди. Адам өлмесе, молла атаң кайдан пул табады?» деген жуўабын еситип калған едим. Соннан бери базы молласымакларды көрсем ғәзебим оянады.

39

—«Бул дүньяға тойымлык жок», «бул дүнья бир тәрепке карай жолаўшы тасыйтуғын поезд» деген уғымлардың мәниси не?

—Кыскаша айтканда, набада, жаслаў биреўден: «Неге бунша көп мийнет етесең?» деп сорасаң, ол: «Үлкейгенде аңсат жасаўым ушын» дейди, ол үлкейгенде және сол сораўды берсең, «Картайғанда көбирек пенсия алыўым ушын» деп жуўап береди. Ал ол картайғанында жолығып: «елеге шекем неге тынбай ислей бересең?» десең, «балаларымды катарға косып жибериў ушын» дейди. Және бир гезде, енди



www.ziyouz.com kutubxonasi

онын балалары ер жетти ғой деп излеп барсаң, әкеси жок болып шығады... «Бул дүньяға тойымлық жоқ», «өмир бир тәрепке жолаўшы тасыйтуғын поезд» демектиң мәнилери усы көринислерге таккабил болса керек.

40

—Ерназар алакөз айтып кеткен қайсындай нәсиятларды еслейсиз?

—Ерназар алакөздиң бул дүньядан кетеринде айтып кеткен мынаў үш нәсиятты мәңги есимде: «биринши, Анамды, екинши, киндигимниң қаны тамып, аяқларымды қайра-қайра басқан жерим менен Әбизәмзәм қудығының кәраматлы суўы киби өмир бақый душшы суўға толып аққан Әмиўдәрьямды, үшинши, хәр қандай қыйын шараятта да халқымды ең болмаса балықлары менен тойдыратуғын Арал теңизимди сақлаўыңызды өтинемен» деген екен.

41

—Ең хәсиретли өлим?

—Шаңарақ ағзаларының жасаған жаслары дыққатқа алынбастан, нәўбетти бузып әўеле жасларына келген өлим.

42

—«Тәғдириңе әзелий не жазылса, соны көресең» —дегенниң мәниси не?

—Әпсана: Бир күни Сулайман пайғамбер есигиниң алдында турғанында «Жәрдем етиңиз! Қутқарынлар!» деп, қашып киятырған бир адамды көреди де, оны изиндеги қуўғыншыға услатпаў мақсетинде, өзиниң кәраматы менен дүбелей-даўыл турғызып, қашқынды аспанға ушырып жибереди. Соның арасында қуўғыншы Сулайман пайғамберге келеди. Ол жан алғыш Әзирейли екен. Алдында қашып жүрген адамның аспанда пәтпелек киби ушып баратырғаңын көрип, Сулайманға: «Рахмет сизге! Бул адам Тәңиритааланың әзелий жазмышында суўға батып өлиўи тийис еди. Бүгин жасаў мүддети питкени ушын оны мәжбүрлеп, теңиз таманға қарай қуўсам, маған қулақ аспай, сизге қарай қашқан еди. Мине, Сиз болса Тәңиритааланың әзелий жазмышын иске асырыўға жәрдем еттиңиз. Узақ жасаң! Дүбелей-даўыл тоқтаған демде оның өзи-ақ теңизге қулап өледи» депти.

Әне, әзелий тәғдирге жазылса, сол иске асады, деген усындай болса керек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

43

—Урылардың ең ақмақлары?

—Урлық — бул тек ақмақлық ғана емес, адамзат жәмийетин-деги ең жеркенишли ис. Ал олардың арасынан қәбирстанларға қойылған өлилерден урлық қылыўшылар — жүзлери ҳәмме ушын түпиргишке айналатуғын, жабайы жыртқышлар!

44

—Биреўлер «китапты аяққа баспа, ол жанлы зат» дейди. Инанайынба?

—Инаныңыз. Китап, ҳақыйқаттан да, мисли шырт уйқыдағы инсан киби зат. Егер оны жатқан жеринен қолыңа алып, бетлерин ашып үңилсең, ол əстен оянады ҳəм сен бурын еситпеген, билмеген ўақыяларды, даналықларды өзинше айтыўды баслайды....

45

—Бөтен елде жасайтуғын бир достым маған «... туўылып өскен мәканымды, жора-жолдасларымды сағындым, кеңес бер» деп хат жазыпты. Не дейин?

—«Сыртқа шыққанда сендей болып ўатанын сағыныўды ҳəр кимде биледи. Егер шын елсүйер болсаң, өз Ўатаныңа қайтып келип, ҳəр күни азанда өз елиңе, досларыңа, айналаңа, үлкен сағынышлар менен оянып, жасаў ушын машқалаларыңды басласаң ғана ҳақыйқат адамсаң!...» деп жаза ғой.

46

—Аты əпсана Маман бийдиң күши қайтсе де үзилмейтуғын бир арқанның үш тили киби қубылыс деседи. Буны қалай түсинсе болады?

—Сол үзилмес күштиң бириншиси, бәрше түркийзибанларға сақ нөкер болыўдан өмир жолын баслаған бабаларымыздың руўхы, екиншиси, өз заманында халқын даңқлы қылыўға болған нийетиниң руўхы, үшиншиси келешек əўладларының өзинен де ақыллы болатуғынына исенимлериниң руўхы болған.

47

—Бул әлемди биреўлер не ушын кең, екиншилер не ушын тар дейди?

—Қайсы инсанның ишки ой-пикирлери бир-бирине үйлессе, оған әлем кең, егер үйлеспесе, әлем оған оғыры тар көринеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

48

—Дүньядағы қайсы миллеттиң адамлары ақыллырақ деп шамалайсыз?

—Бул сораў өз ўақтында Бердақ шайырға да берилген екен. Ол жылдам төмен еңкейе сала, еки қолына еки қысым топырақ алыпты да, сораў берген адамға: «қайсы қолымдағы топырақ абзалырақ?» дегенинде, сораў берген кисиниң үндемей қалғаны ушын, ол еки қолындағы топырақты бирге қосып жиберипти де: «Мине, көрдиңиз бе, топырақ қайсы алақанда болса да, бирге қосылса, бәри бир топырақ болып қалады. Адам баласы да дәл усындай. Инсан қайсы миллеттен болып, дүньяның қайсы бурышында жасаса да, бәри бир, инсан болып қалады. Оның ақыллы болыўы миллетинен емес, инсанның билим-сақаўатынан ғәрезли» депти.

49

—Ҳәмелдар ушын ең аўыр мүшкил?

—Хошаметтөйи ҳәм кемшиликлери туўралы ашығын айтатуғын шын достының парқларын айыра алмаўшылық.

50

—Мәмлекеттиң күши неде?

—Бул сораўға бизиң эрамызға дейинги Рим алымы Цицерон (106-43) «Пуқаралары заң-нызамына қулдай болып бағынған мәмле-кет күшли» деп жуўап берген. Мениң алып-қосарым жоқ.

51

—Сықмарлықтың белгилери?

—Сықмар кисиниң өзин сөксең де бетиңе келмейди, ал байлығынан сөз қозғасаң шарқа жағаңа асылыўынан көринеди.

52

—«Басшы» деген сөздиң өткермели мәниси?

—Қол астындағылар ушын ҳәм әке, ҳәм ана дегенди де аңлатады. Билсеңиз керек, Әке менен Ана болса, өзлериниң жутып баратырғанын өз перзентлерине тең бөлистиретуғын ең жоқары меҳир ийелери.

53

—Бул дүньяны қалай түсинсе болады?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Бул дүнья хәр инсан ушын шешилиўи күтә көп мүшкилли, сырлы жумбақ. Оны шешиўге умтылыў — басың менен тас жоныў киби ис. Басыңды онша аяй бермей, оны орынлы хәрекетке келтирсең, бираз түсиниўиңе болады.

54

—Адамзат тарийхынан қандай жаңалықларды еслейсиз?

—Адамзат тарийхы есапсыз жаңалықлардан ибарат. Оларды атмаат атап шығыў мүмкин емес. Сонда да сораўыңызды жуўапсыз қалдырмай, есимде барларынан айтайын:

**Бизиң эрамызға дейинги:**

3500-жылларда Шумерлер тәрепинен биринши жазыўлар пайда болған.

3000-жылларда Орта Шығыста бронза әсири басланған; Хеопс пирамидасының қурылысы да усы дәўирлерден басланған.

2000-жылларда Әййемги ханнанлардан биринши алфавити пайда болған.

1500-жылларда Муўса пайғамбердиң еврейлерди Египеттиң хүкимдарлығынан азатлыққа шығарыў ислери басланды. Бул дәўирлерде Орта Шығыста темирден пайдаланыў ен жайды. Тарийхта Троянлар урысы деп аталатуғын қырғын урыслар да дәл усы дәўирлерге туўра келеди.

1000-жылларда Иерусалимге Даўыт пайғамбер патшалық етти.

600-жылларда Қытайда темирден пайдаланыў әсири басланды; Усы дәўирлерде Зардушти тәрепинен оның Зардушт дини пайда етилди. Буддизм динине тийкар салыўшы Будда пайғамбер (623-540) пайда болды. Сулайман патшаның храмы бузылды. Уллы патша Кир Вавильон мәмлекетин басып алды.

500-жылларда Конфуций (551-479), Софокль (496-406), Геродот (490-425), Гиппократ (460-377) дүньяға келип, олар адамзат ушын тәкирарланбас жаңалықларды иске асырды;

400-жылларда уллы Сократ (470-399) қайтыс болды. Усы дәўирлерде уллы Платон (428-348) менен Арасту (Аристотель) (384-322) туўылып, дүньяны таңландырарлық жаңалықларға тийкар салды;

300-жылларда уллы грек алымы Архимед (287-217) туўылып, өзиниң даналық ислери хәм сөзлери менен дүньяға устазлық етти;

200-жылларда римлилер Грецияны жаўлап алды.

100-жылларда Юлий Цезарь (102-44) дүньяға келип, көп мәмлекетлерди өзине бойсындырады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Бизиң эрада:**

Жаңа эраның басында Ийса пайғамбер пайда болып, Христиан динине тийкар салғаны ушын душпанлары тәрепинен азапта, яғный оның еки қолы атанақ үлгисиндеги ағашқа кериддирилип, әўеле алақанларына, соң өз пикиринен қайтпағаны себепли көкирегине шегелер қағылып өлтириледи.

100-жылларында Птоломей туўылып, пүткил дүньяның ақыл-ойларына жаңалықлар қосты.

200-жылларында Қытайда Хань династиясы сапластырылды.

300-жылларда Римниң хрестьян диниидегилерден биринши императоры Уллы Константин (742-814) дүньяға келди.

400-жылларда Римниң көп мәмлекетлерге ҳүкимдарлығы әззилеп, қулаў дәрежесине жетти.

500-жылларда Қытайдың Суй (581-618) исмли патшасы қытайлыларды қайта бириктиреди.

600-жылларда Мухаммед пайғамбер (570-632) дүньяда Ислам динин пайда етти. Усы дәўирлерде Араблар Египетти, Персияны, Ирақты жаўлап өзине бойсындырды ҳәм оларғада Ислам динин ендирди.

700-жылларда Мусылманлар Испанияны жаўлап алды. Усы дәўирлерде Қытайда китап баспасы кеңнен раўаж тапты; Мусылманлар Франциядан жеңилип қалды.

800-жылларда Римде Уллы Карл патшалық тахтына көтериледи; Усы дәўирлерде Бағдад халипашылығы раўаж тапты. Уллы Мамун (786-833) дүньяға келди.

900-жылларда Европада, Нормандияда күтилмеген ҳәрқыйлы урыслар болып турды.

1000-жылы Уллы әскербасы Вильгельм (1028-1087) Англияны өзине бас ийдирди.

1100-жылларда дүньяның көп еллеринде ҳәрқыйлы дәрежедеги кишигирим урыслар даўам етти.

1200-жылларда дүньяда Шыңғысхан (1155-1227) пайда болып, көп мәмлекетлерге өзиниң жаўызлығы менен даңқ таратты. Усы дәўирлерде Монголлар Россияны, Қытайды жаўлап алып, олардың үстинен монголлардың ҳүкимдарлығы айрықша күшке кирди.

1300-жылларда дүньяда «Возрождение» (Қайта туўылып көркейиў) әсири деп аталған жаңа дәўир басланды. Усы дәўирлерде уллы Марко Поло (1254-1324), Данте (1265-1321) дүньяға келип, өзлериниң жаңаша дөретпелери менен дүньяға даңқ шығарды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1400-жылларда Әмир Темур (1336-1405) пайда болып, Мәўараўнаҳрдың даңқын пүткил дүньяға жайды

1500-жылларда биринши мылтық пайда болды. Усы дәўирлерде Түрклер Константинопольды жаўлап алып, Византия империясын сапластырды. Россия Монғоллардан өз ғәрезсизлигин жеңип алды. Колумб (1451-1506) дүньяға келди, Американы ашты.

1500-1600-жылларда Леонардо да Винчи, Микеланджело Буонаротти (1475-1564), Коперник (1473-1543) дүньяға келди. Магелланның (1480-1521) океанлар арқалы саяхаты болды. Елизавета I (1533-1603) Англия патшалығының тахтына минди. Усы дәўирде отлар шығарып ататуғын қурал-жараклар пайда болды. Англияның Флоты Испанияға топылып, дал-далын шығарған ҳалда жаўлап алды.

1600-1700-жылларда Телескоп пайда етилди; Галилией (1564-1642), Францис Бекон (1561-1626) дүньяға келди. Усы дәўирлерде отыз жыллық урыс нәтийжесинде Германияның әптадасы шығып қалды; Япония күшли Батыс мәмлекетлеринин тәсийринен ажыратылды; Декарт (1596-1650), Рембрант (1606-1669) дүньяға келип, адамзат ийгилиги ушын жаңалықларға тийкар салды; Индияда Таж-Махал (1630-1652) естелигининң қурылысы басланды; Англияда азатлық ушын урысы келип шықты.

1700-1800-жылларда Россияға Петр I (1672-1725) император болды; Вольтер (1694-1778), Иоганн Себастьян Бах (1685-1750), Жан Жак Руссо (1712-1778), Бенджамин Франклин (1706-1790) сыяқлы уллы инсанлар дүньяға келди ҳәм әлемге өзлерин таныттьы; Англияда санаат революциясы басланды; Уллы алым Уатт пуў менен (пар менен) жүретуғын жаңаша машина пайда етти; Джефферсон (1743-1826) ҳәм оның бийғәрезлик декларациясы пайда болды; Адам Смит (1723-1790) ҳәм оның «Халық байлығы» деген мийнети жүзеге келди. Джордж Вашингтон (1732-1799), Иммонуил Кант (1724-1804), Моцарт (1756-1791) дүньяға келди; АҚШ конституциясы пайда етилди ҳәм тастыйықланды.

1800-1900-жылларда Францияда Наполеон Бонапарт (1769-1821) дүньяға келип, оның баска мәмлекетлерге, соның ишинде Россияға шабыўыллары басланды, бирақ өзинин жеңилиўлери менен тамамланды; Индия үстинен Англияның үстемлиги ада етилди; Пүткил дүньяда темир жол қурылыслары кеңнен раўаж тапты; Телеграф пайда болды; Сүўрет шығарыў усыллар жүзеге келди; Чарльз Дарвинниң «Жәнликлердиң ҳәрқыйлы түрлеринин келип шығыўы» деген мийнети жүзеге шықты; АҚШта граждан лық урыслары болып



www.ziyouz.com kutubxonasi

өтти; Линкольн (1809-1865), Карл Маркс (1818-1883); сыяклы мәмлекетлерди жаңаша усылда басқарыў жолларына жаңа идеялар бериўши инсанлар дүньяға келип, хәртәреплеме ислер жүргизди; Британия империясы күшейди; Уллы алым, ойшыл Белл тәрепинен биринши телефон пайда етилди; Эдисон (1847-1931) электр лампасын ислеп шықты; Кино, рентген нурлары, радиоактивлигин анықлаў әдислери пайда етилди хәм ислеп шығылды; Уллы Маркони (1874-1937) радионы пайда етти; Автомобиллерди коммерциялық усылларда сатыў усыллары жүзеге келди.

1900-2000 жылларда биринши Самолет исленип, аспанда ушыў иске асырылды; Автомобиллердиң «Модель-Т» деген түри көплеп шығарылды; Уллы алым Резерфорд (1871-1937) атом ядросын тапты; Тилекке қарсы, усы дәўирлерде Биринши дүнья жүзилик урыс (1914-1918) болды хәм Россия революциясы (1917) пайда етилди; Россия басшылығында СССР деп аталған жаңа мәмлекет пайда болды; Алым Флеминг (1881-1925) тәрепинен кеселлерди емлеўге арналған пенцеллин деген дәри ислеп шығылды; Усы дәўирлерде Ленин (1870-1924), Сталин (1879-1953), Гитлер (1889-1945), Франклин Рузвельт (1882-1945) мәмлекетлер басқарыў дәрежесине ерисип, хәрқыйлы урыслар пайда болды. Хәтте усы дәўирде екинши мәртебе дүнья жүзилик урысларға жол ашылып, халықлардың көплеп қырылыўына әкелди; Уллы алым Ферми (1901-1984) биринши атом реакторын пайда етти; Биринши рет атом бомбасы, водород бомбасы пайда болды; Телекөрсетиў заманы басланды; Биринши рет космосқа адам ушырылды; «Аполлон II» айға қондырылды; Усындай дәўирлерде Вьетнамда урыслар басланып, ол узақ даўам етти.

Бирден бир ең күшли мәмлекет сыпатында дүньяға даңқ таратып көп мәмлекетлерди өз дегенине көндирген СССР мәмлекети өз-өзинен ыдырап тарқатылды; буннан соң Суўық урыс деп аталған халық аралық астыртын урысларға бир нәўйе тыйым салынды;

Орта Азияның бурынғы СССРға кирген мәмлектелери арасында, Өзбекстан (1991) биринши болып ғәрезсизликке еристи. Оның изин ала бизиң Қарақалпақстанымыз да Өзбекстан Республикасының қурамында бийғәрез Республикаға айналды...

Дүнья жаңалықларын атма-ат айтып адалаў мүмкин емес. Бул айтқанлардың көбисин өзиңиз де билсеңиз керек. Мен усының менен хәзирше өзимди тоқтатаман.

55

—Қайсындай инсанларды жақсы көресиз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Хәр бир хәрекети, айтқан сөзлери айналасындағыларға тәсир етиўши, терең билимге хәм ақылға ийе инсанды өзимнен де артық көрип, набада олар мәжилислерге кешигип келсе, жылдам түргелип, тәнхә өз орнымды оған бериўге тырысаман.

56

—Бул дүньяның кеңлигине исенесиз бе?

—Әлбетте! Бирақ мени хайран қалдыратуғын бир жағдай, өзим жетпис жастан өткеннен кейин, алдыма, артыма, жан-жағыма қарағанымда, бул дүнья неликтен де, көзге илинер илинбес дәрежеде жиңишке хәм көп тикенекли, алды туйық бир соқпақ янлы қыялыма келеди.

57

—Жазыўшылар Аўқамына басшылық лаўазымы сизге не берди?

—Қарақалпақстан жәмийетшилигиниң жоқары басқарыўшы қатламына араласыўыма хәм жоқары лаўазым ийелериниң өз қол астындағыларды гейде алдарқатыў, гейде қорқытып жумсаў жолларын айқынрақ уғыныўыма мүмкиншилик берди.

Бул лаўазым мениң әўеле Қарақалпақстанның Жоқары Кеңесине, бара-бара бурынғы СССРдың Жоқарғы Кеңесине депутат болып сайланыўым менен сол гездеги ең бийик минберлерден халқымның аўыр дәртлерин ашық айтып сөйлеўиме имканият берди.

Баслық болып жүргендеги, өзимше бир жақсы исим — бәрше жазыўшылар менен тең болыў нийетинде баслықлық лаўазымда минип жүриўим тийис жеңил машинаны өз арзам арқалы Қарақалпақстан Министрлер Кеңесине баспукил қайтарып, жазыўшыларымыздың ағзалық билетин көрсетиў арқалы республикамыздың кең территориясы бойлап, гүллән жәмийетлик транспортларға бийпул минип жүриў ушын Мәмлекетлик қарар шығартыўғаеристим...

58

—Самалдың тезлигин өлшейтуғын әсбап қашан табылғанын билесизбе?

—Бундай әсбапты инглис алымы Роберт Хуж исмли инсан 667-жылы ислеп шыққан.

59

—Тәңиритаала қайерде жасайды деп ойлайсыз?

—Тәңиритаала хәр бир тири инсанның кәлбинде жасайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 60

—Шығыстың уллы даналарынан Абу Наср Фарабийдиң (873-950) Инсанларда жоқары адамгершиликти болдырыў жөниндеги таълийматларынан нешеўин билесиз?

—Ҳәзир есимде барларын айтайын:

1. Инсанның барлық мүшелери дурыс ҳәм беккем раўажланған болып, ол қандай иске қол урса, оны аңсат бежереалатуғын болыўы тийис.

2. Инсан қандай мәселелерди шешиў алдында турса ҳәм сол мәселелерди ким арқалы шешиўиң тийис болса, сол адамның да мақсетин түсинетуғын болыўың зәрүр.

3. Инсан өзиниң ядына айрықша итибар берип, көзлери көрген, қулақлары еситкен, жаны сезген нәрселерин умытпаўы лазым.

4. Инсанның сөзлери анық, пикирлери, зейни өткир болыўы тийис.

5. Инсанда көп билиўге, оқыўға ықлас күшли болыўы зәрүр. Аўқат жеўде, ишимлик ишиўде ашкөз болмай, қумар ойнаўдан өзин алыс тутсын.

6. Инсан барлық ўақытта ҳақыйқатлықты ҳәм ҳақыйқатлық тәрепдарларын сүйсин, өтирикшилерди пүткиллей жек көретуғын болсын.

7. Инсан барлық ўақытта ар-намыслы, таза ҳүжданлы, кең пейилли болсын, дирхом, динар (пул бирликлери) ушын орынсыз ислер қылмасын.

8. Инсан бәрҳә адалатлықты сүйип, адалатсызлыққа жек көриўшилик сезим менен қарасын, ҳәтте адалатсызлыққа қарсы гүресетуғын болсын.

9. Инсан ҳеш қашан бийорын өжетлик қылмай, ҳадаллық ушын гүресте дәўжүрек болып, әдалатлық туўын бәрҳә жоқары тутсын.

## 61

—Көркем әдебияттың қуралы сөз, делинетуғынлығы дурыспа?

—Әлбетте дурыс Инжилде «Сначала было слово...» («Әўеле сөз пайда болды»...). Сөзлер китапқа айналды. Китаплар даналықлардан ибарат болды»... делинген.

Бул анықламаға қосымша даналықлар китабы болған уллы «Қабуснама»да сөзлерди төртке бөледи:

1. Билиўге, айтыўға зәрүрли сөзлер;

2. Билиўге, айтыўға керек емес сөзлер;



www.ziyouz.com kutubxonasi

3. Билиўге зәрүрлиги жоқ, бирақ айтса болатуғын сөзлер;
4. Билсе болатуғын, бирақ айтыўдың кереги жоқ сөзлер.

62

—Адресиме көп критикалардан қалай қутыламан?

—Егер сол критикалар дурыс болса, саған дослық, ал надурыс болса, дослықтың кериси. Ҳәр қандай шараятта да, алды менен тек өзиң ойланып, өзиң жуўмақ шығарыўға тырысқаның жақсы.

63

—Жазыўшы болыў нийетим бар еди. Әдебият ушы-қыйырсыз теңиз, деген бир пикир оқып қорқа басладым. Не дейсиз?

—Мениңше, әдебият теңиз ғана емес, ушы-қыйырсыз океан. Онда еркин жүзиў ушын, тек ғана талант жеткиликсиз. Көп оқыў, көп үйрениў арқалы, айналаңда қайнаўытлаған бас-аяқсыз өмир қубылысларын бир-биринен айырып түсинетуғын уқыпқа ерисиўиң шәрт. Соннан кейин тәўекел еткен болады.

64

—Образға кириў деген не?

—Жазыўшы образға шынтлап кирип кетсе, өзи жазып атырған қаҳарманларының ықласбент тамашагөйине айналғаның өзи де сезбей қалады. Мәселен, уллы Лев Толстой (1828-1910) өзиниң сүўретлеген образы Наташаның князь Андрейге қылаплық қылып қойғанынан шыдамай, кабинетинен жылап шығып кеткен екен. Образға кириў әне усыған усас жағдайлар.

65

—Қарақалпақстан неше жыл жасайды деп ойлайсыз?

—Уллы орыс жазыўшысы Иван Сергеевич Тургенев усындай сораўға өзинше жуўап берген болып: «Россия бизиң хеш қайсымызсыз-ақ жасай береди, бирақ бизиң хеш қайсымыз Россиясыз жасай алмаймыз» деген екен. Мен бундағы «Россия» сөзиниң орнына «Қарақалпақстан» сөзин қойып, уллы жазыўшы Тургеневти толық тәкирарлайман.

66

—Инсанның өмири деген не?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Өмир — инсанның тирилиги, айналаға мүнәсибети, сондай-ақ инсан ушын ҳадаллық пенен ҳарамылықтың, дослық пенен душпанлықтың араласқан қубылыслары. Мәселен сен балаңа: «ат қылып ойна» деп таяқ әкелип берсең, сен қартайған гезде, ол саған: «таянып жүр» деп таяқ әкелип береди. Әне, усылардың аралығы да инсан ушын, өзинше, өмир.

67

—Әдебият сыншылары жөнинде пикириңиз?

—Тилекке қарсы, бизде көркем әдебият бойынша алым деген атақ ушын изертлеў жазатуғынлар көп. Олардың айрымлары үйир-үйир жылқыларды, сыйырларды, қойларды... бир қорағa қамап, «мен буларды бағыўшы шопанман» деўшилерди, сондай-ақ жемис базарындағы базы дәлдәлшысымақларды еслетеди.

68

—Бир шығармаңызды «О дүньядағы атама хатлар» деп атағансыз. Бул хатыңыз о дүньяға жете ме?

—Америка жазыўшысы Эрнст Хемингуэйден бир сыншы: «Сиз романыңызда сүўретлеген қалаларда болғансызба?» дегенде, ол: «Мен Дантеге: «сиз «Дозақты» жазыў алдынан дозақты өзиң көргенбисиз?» деп сораў бермеген болар едим» деген екен.

Ендиги жағын өзиңиз ойланып уғынарсыз.

69

—Фернанд Магелан (1480-1522) дүньяны биринши рет кемеде саяхат қылыўды қайсы жылда баслағанын билесизбе?

—1519 жылда.

70

—Жәмийет тәғдийрин қалай түсинсе болады?

—Жәмийеттиң тәғдийри, демек — бул белгили бир бағдар тутып жасаған мәмлекеттиң, яғный сол мәмлекеттеги инсанлардың ой-арманларының тәғдийри. Оны бир инсан тәғдийрине теңлепте көз алдына келтириў мүмкин. Жәмийетте бир инсан киби гә бахытлы, гә бахытсыз, гә кеселбент гә саў-саламат жасайды. Ал, өмири түўесилип өлсе, атақлы бир инсан өлген секилли изиндегилер узақ гәп қылыў менен я мақтап я жаманлап жүреди. Дәўирлер өтиўи менен умытылады да...



www.ziyouz.com kutubxonasi

71

—Мухаммед пайғамбердиң 570-жылы Меккеде туўылып, 632-жылы Мәдинада қайтыс болып, сол Мәдинада жерленгенин оқып билгенмен. Ҳажысызғой, Мухаммед пайғамбердиң Меккеден Мәдинаға қайсы жылы кетиўге мәжбүр болған?

—622-жылы. Егер дәл билгиңиз келсе, соңғы есаплаўлар бойынша, сол 622-жылдың 20 сентябрине туўра келеди.

72

—Қарақалпақстанның қалаларынан соңғысы қайсы ҳәм оған қашан тийкар салынған?

—Тахиатас қаласы. Оған 1953-жылда тийкар салынған.

73

—Көркем шығарманы қайсы дәўирлерден жазыў жеңилирек?

—Мениңше, өзиң жасап атырған заманнан жазыў анағурлым жеңил. Бирақ бир қыйыншылығы — байрам дастурханы әтирапындағы киби өз қапталындағылардан, танысларыннан басқаларды көре алмаўшылық. Кимде-ким заманласларынан жоқары көтерилип, ҳәммеге тең нәзер таслай алса, сол бәршениң дийдинен шығатуғын шығарма дөретиўи итимал.

Ал өтмиш заманлардан шығармалар жазыўды аңсатластыратуғын жағдай — тек тарийхый ҳүжжетлерди жетик үйрениўден ғана ибарат емес, өзиң жасаған әсирдиң бийик минберинде турып, жазылажақ дәўирди толық, айқын көре билиў ушын сол дәўир логикасын терең үйрениў таланты, соннан соң, олардың келешекке, ҳәттеки бәрше заманларға да хызмет ете алатуғын шараятларын түсинген ҳалда, дәўирге сиңисиў ҳәм кереклерин таңлай билиў таланты керек.

74

—Елиңиздиң табысларына қуўанышыңыз?

—Өз елимниң қуўанышына қосқан өз үлесимниң қай дәрежеде екенлигин үнсиз еслеў арқалы қуўаныўға тырысаман. Базда өзимнен өзим қапа болатуғын гезлерим де аз емес..

75

—Күнделикли өмир ҳәм жыллар қысқыларын қалай қабыл етесиз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Күнделикли өмир қысқысынан жолын таўып қутылыў, хәр инсанның өзинен ғәрезли, ал жыллар қысқысынан қутылыўдың емлерин табыў қыйын.

76

—Әдебиятта жаңашыллық деген не?

—Шынында, бул руўхый жақтан көбирек түсиникти талап етеди. Мәселен, бизиң айырым сыншыларымызға тән бир қәсийет — бурын бизде элегия, сонетлер... сыяқлы жанрлар болмаған деп, жаңа шығармасының астына сол жанрларды анықлама қылып жазғанларды жаңашылға жатқарады. Ҳақыйқатында, бул нәрселер, пәлен жерде биреў жайын қалай шиферлатқанын көрип алып, өз жайын солай шиферлатқан адамларды, болмаса «Нөкис — Әмиўдәрьяның арқасында жайласқан» деген гәпти «Нөкистиң қубласынан Әмиўдәрья ағады» деп өзгертип айтқанларды жаңашыллар деп атаған яңлы қубылыс. Жаңашылық — бул гөне усыларға да жаңаша түс, мәни бериўден ибарат.

77

—Қайсы қахарманыңызда көбирек көринесиз?

—Мениңше, жазыўшының өз образы ол дөреткен белгили бир қахарманында емес, барлық қахарманларында шашырап жүреди.

78

—Өтмиштен көбирек жазыўдағы мақсетлериңиз?

—Қарақалпақ халқының өтмиштеги тәғдирлери көбирек хәсиретли. Сол хәсиретлерди азғантайда болса түсинген жаңа әўлад ўәкиллери олардың, ең болмаса, өз заманында қайталаныўына жол қоймаўға тырысып жасасын дегеним ғой.

79

—Жазыўшылардың фактлерге көз-қараслары жөнинде не дейсиз?

—Жазыўшы тийис фактлерге өзи жасаған жәмийеттиң хәм тәнҳа өзиниң жеке инсанлық мәплерин бас бағдар қылып жазатуғынлар болады. Жәмийеттиң көз-қарасларынан жазғанлар көбирек утады.

80

—Инсанлардың хәм хайўанлардың жаўызлықларындағы айырмашылық?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Инсан жаўызлықты ойланылған ақылы менен ислесе, хайўан хеппенеге ақыл жуўыртып турмайды. Мениңше, ақыл менен ислентен жаўызлық хайўанлықтан да жаўызрақ.

81

—Ақылдың өмири?

—Адамзат жәмийетинде Ақылдан узақ жасайтуғын бир нәрсе табыў қыйын. Тилекке қарсы, бизиң Қарақалпақстанда бир неше автор бас қосып дүзген оқыў қуралларының хәтте шерек әсирде жасамайтуғынын көрип жүргенликтен, жоқарыда айтқан өз пикиримди гейде өзим бийкарлағым да келеди.

82

—Пүткил бир мәмлекетти басқарыўшы инсан менен кишкене бир шаңарақты басқаратуғын қарапайым инсанның айырмалары?

—Мениңше, қарапайым инсанның санаўлы душпанлары болса, мәмлекет басқарған инсанның душпанлары есапсыз болады... Бирақ олардың арасындағы бир теңлик бар: қарапайым инсан қанша аўқатқа тойынса, мәмлекет басқарған инсанға да сол қурлым аўқат жеткиликли. Әттең мәмлекетке басшы болғанлардың көбиси усыны умытады.

83

—Ақыллылар хәтте өз душпанларына да тилемейтуғын қандай хәсирет бар?

—Өлим арқалы келетуғын хәсирет.

84

—Жаңа шығарма жазыў алдындағы кейпиятларыңыз?

—Кейпимди сезбеймен, бирақ жаңа шығарманы жазыўға отырмастан бурын: «биринши гезекте, мен усы шығармам менен оқыўшыларға не айтпақшыман?» деген сораў үстинде көп күнлеп, хәптелеп, айлап, гейде жыллап ойланыў менен бас қатыраман. Соның менен бирге, дөретилежақ шығармам қарақалпақ оқыўшыларынан өзгелерди қызықтырмайтуғын болса, халқым хаққында шығарма жаздым деўим де бийкар, деп те көп ойланып, дүньялық аренада, өзлериниң хәр қыйлы түсиниклерине ийе оқыўшыларды да көз алдыма келтирип, өзимше, жуўап тапқаннан соң ғана жазыўға отыраман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

85

—Көркем әдебияттың ең бийик шоққысына шықтым деп ойлайсыз ба?

—Бундай ой хеш қашан басыма келген емес. Менинше көркем әдебияттың ең бийик шоққысында Тәңиритааланың өзи. Оннан соңғылары, менинше, спортшылардың тили менен айтқанда, өтмиштеги уллылардан Гомер, Данте, Вольтер, Шекспир, Лев Толстой, Гете ... сыяқлылар... Сондай бийик шоққыға көтерилиўди нийет ететуғынларды алпинистлер дейди. Мен де, өзимше солар киби алпинист атағына ерисиўди күсеўшилердиң биримен.

86

—Сизиңше, ең сүйкимли хаяллар?

—Бала көтерип жүрген хаяллар маған айрықша сүйкимли көринеди.

87

—Сизиңше, қайсы дәўирдеги бабаларыңыз сүйкимли?

—Бәрше түркийтиллеслерге нөкерлиги себепли қанша-қанша азаплар шекседе, бәршесине төтепки бериў менен, түп Ўатанын тасламай, келеси әўладларына Ўатан қылып қалдырыў жолында жан берген бабаларымыз.

88

—Ата-анаңыздың тирилигинде оларға наразылық билдирген пайтларыңыз болды ма?

—Ата-анамның қартайған гезлеринде мәмлекеттен пенсия алыў машқаласына түскенин көргенимде, оларға наразылық пенен: «бүйтип не қыласыз? Дүньяға келтирип, камалға жеткерген алты перзентиңиз сақлайдығой?» дегенимде, олар бир-бирине қарасты. Мен қысындым. Енди ойласам, пенсияны алыўға умтылғандағы мақсетлери де, өз перзентлерине еле де жеңилликлер жаратып, бериў нийетлери екенин енди, өзим пенсия жасында болғалы түсинип жүриппен.

89

—Қарақалпақ жеринде жийи өсетуғын торaңғылдың бүкирлигин, қабықларының бдым-быдымлығын қалай сүўретлесе болады?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Торанғылларымыздың бүкирлиги өтмиштеги ата-бабаларымыздың аўыр мийнетлеринин көринис белгилери, шақаларының әрре-тәрреліги — көп-көп посыўларды бастан кеширген халкымыздың есапсыз азаплы аш-әптадалықтан қутылыўға жәрдем сорап айналасындағыларға жайған қолларының көринис белгилери, ал сол торанғыллардың қабықларының быдым-быдымлығы — өтмиштеги бабаларымыздың шексиз далаларда күнге күйреген жүзлерин хеш бир айнада көре алмағанлығының көринис белгилери. Солай болса да, торанғылларды отқа жақсаң, бирден лаўлап жалынлағаны — халқымның айналаға ыссылық бериўге асыққан мехиринин белгилери, шоғының тез өшетуғынлығы — саны азлықтан арзыў-әрманлары алысларға еситилмейтуғынының белгилери. Билип қойыңыз, торанғылымыз қандай болса да, өзи өскен жериниң жарасығы, сәни. Және ескертерим: «торанғыл» деген сөз «Туран гүли» деген еки сөзден келип шыққанлығын хеш қашан естен шығармаңыз.

90

—XIX әсирдеги қарақалпақ басшыларының, Хийўа ханлары жөнинде өкинишлеринен бирин айта аласыз ба?

—XIX әсирдиң орталарындағы қарақалпақлардың басшысы Ерназар алакөз бир отырыспада: «Хан сарайындағылар, бизди билгиси келсе: «халыңыз қалай?» дейди, ал биз оларға «өзиңиздиң халыңыз қалай? десек арсынады» деген екен.

91

—Қарақалпақларда: «жаны көзине көринди» деген гәп бар. Жанда көзге көринеме?

—Бир фильмде ери ҳаялын өлтирмекши болып пышағын жанбасына қайрап-қайрап оған: «жаныңды көзиңе көрсетейин» деп дәпинди. Ҳаял қалт-қалт етип кейин бәсти. Бир ўақытта ери гүрсиге сүрнигип жығылған еди, пышағы қолынан түсти. Ҳаял пышақты тезлик пенен алды да, ериниң қылғанын тәкирарлап, оған дәпинди. Енди еркек қалтырап кейин бәсе берди. Сол гезде ҳаял күлип турып:

—Жаның көзге көрсетиўдиң қандай болатуғынын уқтың ба? — деди. Еркектиң көзлеринен жас шықты. Ҳаял пышақты оның алдына таслады да:

—Қәйткенде жаның көзиңе көриниўин түсинген болсаң бәс! — деди.

Ери пышақты алыў орнына ҳаялының алдына жығылды. Демек, пышақ алқымына тақалғанда онында жаны көзине көринген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

92

—Өзиңизге исенген адамларға көз-карасыңыз?

—Биреў саған шын кәлби менен исенсе, оның тәғдири сениң қолыңа өткени. Өз тәғдирин исенип тапсырған адамның тәғдирин көздиң қарашығындай сақлаў инсанның өмириндеги бас ўазыйпаларынан бири.

93

—Инглис, испан, француз, орыс ... тиллери сыяқлы бираз тиллер пүткил дүнья менен карым-катнас ушын көпир делинеди. Қарақалпақ тилинде де көпирлик ўазыйпа барма?

—Дүньяда үш мыңнан аслам тил бар. Хәр тил дүньядағы пүткил адам әўладлары арасындағы көпир. Қарақалпақ тилиде ана халкымыз ушын өзинше бир көпир, әлбетте!

94

—Адам өз өмир баяның жазып қалдырмаған болса, керегинде қайдан излеген мақулырақ?

— Хәтте жазып қалдырса да, инсанның хакыйкый өмирбаяның оның өз заманласларына, келешегине қандай ислер ислеп қалдырғанынан тереңирек излеў мақулырақ.

95

—Ҳақыйқый досларды қалай түсинсе болады?

—Өзиң кимге, неше адамға ҳақыйқый доссаң? Әўеле усыны бил! Өзиң өзгелерге ҳақыйқый дос бола алсаң, олар да саған ҳақыйқый дос бола алады.

96

—Өзимнен жоқары лаўазымдағыларға қалай жаранаман?

—Жоқары лаўазымдағылар, көбинесе, басқалардан мақтаў талап етеди. Арасында сенинде басшыларды көтермелеп, марапатлап турғаның өзиң ушында керекли. Бирақ гейпара басшыға: «сен бийиксең» деп ашық айта бериў-әм бақыллыққа усап кететуғының умытпаған мақул.

97

—Биринши китабымды алып оқыған бир тәжирийбели жазыўшы маған: «сен бул шығарманды сондай жоқары талант пенен жазғансаң,



www.ziyouz.com kutubxonasi

буны жазыўға дейин бирде китап оқып шықпағанының көринип турыпты» деди. Буны қалай түсинсе болады?

—Сол тәжирийбели жазыўшының гәпин басқаларға айтып мақтаныў орнына, ҳақыйқатында, өмиринде дурыслы китап оқымағаның ушын уялғаның ҳәм ендиги жағында болсада көбирек оқығаның жөн.

98

—Бир жорам ҳәр сапары өтирикти қуйқылжытады. Не дерим-ди билмеймен?

—Бир адам бир адамды алдаса, хеш гәп дерсең, набада сондай өтирикши бир мәмлекеттиң я халықтың атынан сөйлесе, изи үлкен ўайраншылыққа әкелетуғынын ҳәр сапары ескертип жасаўың адамгершилик ўазыйпаңа киреди.

99

—XVIII әсирде жуңғарлардың реҳимсиз шабыўылына ушыраған қарақалпақлардың тәғдири қандай болғанын қысқаша теңеўлер менен уқтырсаңыз?

—XVIII әсирдеги жуңғарлар шабыўылынан кейин бөлинген қарақалпақ халқының тәғдирлерин, оқығанларым бойынша еслесем, гөззал бир отаўдың қанатлары жүйсиз-ақ бөлинип-бөлинип кеткенин, бир үлкен қазанның пашақ-пашақ болып сынғанын көз алдыма келеди.

100

—Сиз ушын не қорқынышлы, не күлкили?

—Мениң ушын ең қорқынышлы нәрсе — адамлардың сумлығы, ал күлкили нәрсе — базы сумлықлылардың «мени хеш ким түсинбейди» деген ойда ислер қылыўы.

101

—Бүгин жыйналысқа кешигиңкиреп келсем, трибунадан түсип баратырған биреўге ҳәмме қол шаппатлап атыр екен, шетиректе үнсиз отырған биреўден «Қайерден?» «Не дейди?» деп сорап едим, ол тоңқылдап: «Бизиң мәкемеден. Тынық суўды ылайтып түсти» деди. Түсинбедим?

—Сол сөйлеген адам сен сораған адамның тап өзин ҳәм ислеген ислерин қатты сынап-минеген, болса тәәжип емес.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 102

— Жазыўшынын тарийхшыдан айырмасы?

— Тарийхшы фактлер менен хүжжетлердиң қулы, ал жазыўшы тарийхшыға қарағанда фактлерге еркин қатнас қылады. Бул еркинлик тарийхты бурмалаўында емес, тарийхты тастыйықлаўшы ҳәдийселерди қаҳарманларының шийеленискен көркем образлары арқалы еркин көрсете билиўинде.

## 103

—Тарийхый романларыңызда базы бир қаҳарманларыңыз соншама ақыллы бола тура емирден неге дурыслы жол таба алмайды?

—Мениң ушын да хайран қаларлығы ҳәм өкинишлиси сол. Сол ушын көп адамлар «бул дүнья сырлы жумбақларға толы» десе, және бирсўлери «бири кем дүнья» көп сарсылады. Ҳақыйқатында, бул дүнья көп сырлы, көп қырлы екенин хешким бийкарлай алмайды. Ал «бири кем дүнья» деген пикирге келсек, мениңше, бул дүньяның бири ғана емес, тоқсан тоғызы кем сыяқлы. Усының себебинен де адамлардың көбиси калған тоқсан тоғызын излеў менен-ақ, хәтте өзлерине де дурыслы жол таппай-ақ өтип кете береди-аў.

## 104

—Жазыўшы өз шығармаларында өзин-өзи қайталаўы мүмкин бе?

—Жазыўшының мәдениятлы артқан сайын басқаларды түўе, өзин-өзи қайталаўдан қорқады. Бирақ француз Жорж Сименон батыр жазыўшы. Мениң оннан сезген бир фактим: Ж. Сименонның көп китабын оқып-оқып болып, ушы-қыйырсыз океаннан бес-алты шабақ тутқан балықшыдай боласаң. Ал уллы орыс жазыўшысы Федор Достоевскийди ямаса мениң заманласым Валентин Распутинди оқысаң, кишигирим теңизден-ақ акулалар, үлкен ылақалар тутқан кейипте қаласаң.

## 105

—Муҳаббет жөнинде тәнхә пикириңиз?

—Адамзат бинә болғалы муҳаббет жөнинде бир-бирине қарама-қарсы оғыры көп пикирлер жүритиледи, яғный муҳаббет сазын хәр ким өзинше шертеди, хәр ким оның отын өзинше жағады, өзинше күйеди. Мениңше, «Муҳаббет» сөзи «өмир», «өлим» деген сөзлердиң синоними. Муҳаббет өмирдиң паспорты. Оны қалай алыўдан көп



www.ziyouz.com kutubxonasi

нәрсе гөрезли. Мухаббет еки адамның бир ошаққа от жағыўы. Бир жағы немкурайды от ысырса да, ошақ пысқыйды, түтеген от көзлерден жас шығарады, Ең қыйыны-лаўлап алысқан мухаббет оты бетти шарпымасын. Бети тыртық адам кисиге қарай алмайды-ғой. Мухаббет отынан абайлы болыў керек.

106

—Қарақалпақ халқының дүньяға мақтаныш тутатуғын Уллы шайырлары Әжинияз, Бердақтан тысқары уллы адамларынан жетеўиниң атларын маған айта аласыз ба?

—Хәр бир қарақалпақтың барлық орынларда өзлеринше мақтаныш тутатуғын уллыларынан бириниши VII әсирде өткен Султан Ўайс Караний. Ол исламды ең жайдырыў нийетинде анасы менен Йеменнен Қарақалпақлар арасына келгеннен соң, бул халыққа хүрмет ушын «Қара» сөзине «нийди» қосып өзине лақап етип алған. Соннан кейин Қарақалпақлар елинен Иранға барып Иранға мусылманлықты енгизиў ушын жүргизип атырған Хәзирети Әлийдиң нөкерлерине өз ерки менен қосылған. Ақыбетинде Ислам дини ушын шейит болған. Оның өз аты менен аталатуғын «Султан Вайс баба» кабири Беруний районының территориясында, Қаратаў алабында

2. VIII-IX әсирде өз халқын ғана емес, түркийзибанларды қорғаўда батырлық ислер қылған Гүлайым (ол жөнинде «Қырқ қыз» дәстаны дөретилген, Гүлайым салдырған «Қырқ қыз қала»ның орны еле сақланған).

3. XII әсирде «Мәдинада Мухаммед болса, Түркстанда Хожахмед» деген данқ тараткан дананың сүйикли шәкирти болған бабамыз Сулайман Бақырғаний. Оның «Хәким ата» лақабы менен аталған қабири хәзирги Қоңырат районының территориясында сақланған.

4. XVIII әсирде патриотлық ислери халық аўзында әпсанаға айналған Маман бий (1712-1784). Тилекке қарсы, оның қәбири сақланбаған, халық аўзындағы рәўиятларға қарағанда қәбири Әмиўдәрьяның Арал теңизине куйып, душшы суў менен ашшы суў арпалысып атырған жеринде болған. Хәзир арнаўлы изертлеў жүргизилмесе табыў қыйын.

5. XIX әсирдиң бириниши шерегинде халқына ханлық алыў жолында өзиниң исенген адамлары тәрепинен қаза тапқан Айдос баба (1754-1827). Оның аты менен салынған «Айдос қала» хәм «Мәсләхәт төбе», хәзирги Қараөзек районының территориясында сақланған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

6. Айдос бабаның ислерин даўам етип, қарақалпақлар ушын азғана ўақыт ханлық алыўға ерискен батыр Ерназар алакөз (1806-1856).

7. СССР мәмлекети пайда болған гезде өз миллетин қорғаў хәм шегараларын белгилеўде айрықша белсендилик көрсетип, халқына автономиялық алып берген Аллаяр Досназаров.

Жетеўин атаңыз дегениңиз ушын усылар менен хәзирше шекленемен.

107

—Әдебияттағы идеал образ мәселеси жөнинде пикириңиз?

—Бул жөнинде пикир жарыстырмайтуғын, өзинше мысал келтирмейтуғын әдебиятшы жоқ десем болады. Хақыйнда, идеал образ пүткил адамзаттың ойындағыдай, хәмме сондай болыўға тырысатуғын инсан образлары. Бундай образ биреўдиң қыялынан, фантазиясынан шығыўы да қыйын. Оны тек дәўир туўады. Мениңше, әййемги дәўирлерден бержағында хеш қашан унамсыз хәрекет қылмаған образлар — шексиз кәрамат хәм қүдирет ийеси Тәңиритааланың кәраматы менен дүньяға келтирилген Адам ата, Будда, Зардушти, Мууса, Сулайман, Ийса... Мухаммед пайғамбер... сыяқлы уллы дана пайғамберлердиң образлары. Адам әўлады пайда болғалы, пүткил әлемде бул уллы-лардан, ең болмаса, бириниң жоллары менен жасағысы келмейтуғын инсан табылмаса керек.

108

—Қарақалпақ миллетиниң атын мақтаныш тутып, өзине фамилия қылып алған атақлы шахс дүньяда болған ба?

—XIX әсирдиң басында Петербургтағы сүўретшилер (художниклер) академиясында Россияның сүўретшилик өнериниң атасы Карл Павлович Брюллов (1799-1852) пенен мәңгиликке дос болып, XIX әсирдиң биринши шерегинде Москвадағы кадетлер корпусында орыс офицерлерин сүўретшиликке үйретиўши муғаллим Владимир Каракалпаков деген атақлы художник болған.

Уллы художник Владимир Каракалпаков жөнинде кеңирек билгиңиз келсе, қарақалпақ жазыўшысы мархум Оразақ Бекбауловтың (1929-1992) «Қарақалпақстан» баспасы тәрепинен 1987-жылы Нөкисте, қарақалпақ тилинде 7000 нусқада басылған китабын таўып оқысаңыз болады.

109

—Минезиңизди тәбияттың қайсындай қубылысларына мегзетесиз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Қайсы күни азаң менен далаға шықсам да, бир таңның кешегиге усағанын көрген емеспен: Я суўықлаў, я ыссылаў, я ашық, я булытлы, я самаллы, я тынық... Түстеде солай, кештеде солай тәбият қубылыслары өзгерип турады. Менде өзимниң минез-қулқымнан усындай ҳәрқыйлы қубылысларды сезинемен.

110

—Қалайынша жақсы жасаў мүмкин?

—Жақсы жасаў да, жаман жасаў да, тийкарынан, қолында барына, табылғанына, шаңарақ ағзаларына, қоңсы-қобаларына, мәмлекет жүргизген сиясатқа қәнәәтиңнен ғәрезли.

111

—Сизиң түсинигиңизше дүньядағы қыйын илим?

—Адамзат тарийхына ой жиберсем, бул дүньяда бир адамның екинши адамды, бир жәмийеттиң екинши жәмийетти дурыс түсинген гезлери болмаған секилли. Сол ушын ба, маған кимде ким «мен пәленшени түсиндим» десе, ямаса пәлен мәмлекет пәлен мәмлекет пенен түсинисипти, десе, ол өзине қоса басқаларды алдап атырғандай түйиледи. Қысқасы, мениң ойымша, бул дүньядағы ең қыйын илим-адамды адамның, мәмлекетти мәмлекеттиң түсиниў илими болса керек.

112

—Қарақалпақстанымызда суў таңсықлары тәкирарлана бererме екен?

—Қарақалпақстанда суў таңсықлығы деген де, әлбетте, миллетимиздиң жасаў я жасамаў мүмкиншилиги ҳаққында гәп барады. Бираз жыллардағы суў таңсықлары жөнинде баспа сөзлерде жәрияланған изертлеўлердиң нәтийжелеринен оқығанларым бойынша, дүньяда суў көп. Мәселен, океанлар ҳәм теңизлердиң суўлары менен жер шарын еки мың бес жүз метр қалыңлықта ораса болады. Бул есапқа жердиң ишки қатламларындағы суўлар кирмейди. Бирақ, жеме-жемеге келгенде, инсанға ушшы суў керек ғой! Ал ушшы суў дүньядағы гүллән суўдың тек бир пайызын қурайды екен. Оның да 98 пайызы Антарктида ҳәм Гренландия музлықларын қурайды.

Душшы суў зоналарының қайсындай орынларда көплигинен де бираз нәрсе ғәрезли. Мәселен, бүгинге дейин Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң есабында Қарақалпақстан сыяқлы 300 орында суў



www.ziyouz.com kutubxonasi

кәҳәтлиги бар екен. Бул мысалды айтқандағы мақсетим-көп пенен көрген уллы той, деп үнсиз шыдамлылыққа шақырмақшы емеспен. Қоңсылас мәмлекетлер менен тил табысылса, суў таңсықлығынан қутылыў имканиятларымыз да жеткиликли екенлигинен гүманланбайман.

113

—Жаслаў гезлериңизде денсаўлығыңыз нашар еди, қалайынша жасыңыз сексенге қарай баратыр?

—Айтқаныңыз дурыс, көп аўырдым. Лекин ҳәр исте тәўекелшимен. Жаслығымда атам ертип жүрип бәрқулла: «балам, қанша аўырсаң да, кейпинди түсирместен, уллы шайх Саадийдиң (1203/10—1292), «егер ишиңе еркин ҳаўа тартып, оны сыртқа еркин шығара алсаң, Аллаға шүкирлик қыл да, ислериңди даўам ете бер...» деген нәсиятларын ҳешқашан умытпа» деп тәкирарлай беретуғын еди... Қанша аўырсам да, атамның нәсияты бойынша, аўырыўды умытыўға ҳәрекет етип, қара мийнетке, жазыўға шамам келмеген гезлеримде тек китаплар оқыўдан жаңа шығармалар үстинде ойланыўдан, ислеўден шаршамадым, жалықпадым. Солайынша аўрыўымды көбирек умытыўға тырысып бираз таңдарлықта жасап киятырман.

114

—«Әдебият» сөзиниң мәниси не?

—Әдебият сөзиниң тийкарғы мәниси, мениңше, түркийзибанлар тилиндеги «әдеп» ҳәм «уят» деген еки сөзден келип шыққан. Ойланып қараңыз қайсы көркем шығарманы оқысаңыз да ол сизге әдеп-икрамлылық, ар-намыс, уятлылық жөнинде тәлим бериўди нәзерде тутады.

115

—«Турақлылық» деген сөз көп айтылады. «Турақлылық» бар нәрсеме?

—Мениң түсинигимде, инсанийат пайда болғалы үш нәрседе турақлылық қәлиплескен. Биринши, инсаниятттың булжымай барыныўы ушын Қүдирети Күшли Қудайға исеним, екинши, адамлар арасындағы бир-бирин бойсыныўшылық ҳәм адамлар арасындағы байлық ҳәм жарлылық... Үшинши, ўақытлардың өтиўи менен нәмәлим күш арқалы адамзаттың жаңа әўладлар менен алмастырылып турыўы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 116

—Марапатлаўлар ҳәм жазалаўлар жөнинде не айтасыз?

—Өтмиштеги уллы даналар: «марапатлаў ҳәм жазалаў еки нәрсе менен иске асады»,— деў менен: «— Биринщиси зер жағалы шапан, екиншиси дар ағашы» деп, мәселең патша жақсы көргенине зер жағалы шапан жаўып, жек көргенин дар ағашына асып ләззетленетуғынын айтқан екен. Ҳәзирги жәмийетлерде тап усы тақлетте басқарылып, мәмлекет басшылары жақсы көргенлерине ҳәрқыйлы сыйлықлар, наградалар, атақлар берип ләззетленсе, жек көргенлерин жазалатып, тюрмаларға қаматып ләззетленеди...

## 117

—Сизиң биринши повестиңиз «Секретарь» ҳаққында бир гезде сын шығып, «... «Павлик Морозов» повестине усамағаны өкинишли» делинсе. ал «Муғаллимге рахмет» повестиңиз Шыңғыс Айтматовтың «Биринши муғаллим» повестине усаслығы жөнинде сынлар жазылды. Оларға көз-қарасларыңыз қандай болған?

—Мен сонда ишимнен қуўанғанман. Себеби мен «Секретарь» ды «Павлик Морозовтан» соң жазсам да, оны толық еле оқымаған едим, ал «Муғаллимге рахмет» ти Шыңғыс Айтматовтың «Биринши муғаллим» повестинен еки жылдай бурын жазып баспадан да шығарған едим.

## 118

—Тил бойынша базы алымлар ҳәр тилде сөйлейтуғын халықтың санына қарап, бир тилди океанға, екинши тилди теңизге, үшинши тилде көлге теңеди. Сизиңше, бул дурыспа?

— Мениңше, тилдиң океаны, теңизи, көли болмайды. Қайсы тилде болсада, сөйлейтуғын халық аз санлы ма, көп санлы ма, бирақ ана тилинде өз-ара сөйлесип, бир-бири менен толық түсиниссе, сол тил сол адамлар ушын шеты-қыйырсыз океан.

## 119

— Әдебиятта «Конфликтсизлик теориясы» деген түсиникке қалай қарайсыз?

— Инсанлар бар жерде қарама-қарсылық бар. Усы қарама-қарсылық конфликт деп аталады. Демек, конфликтсиз өсиў, раўажланыў жоқлығы да аксиома. Әдебият әне усындай өмирди көркем сөзлер менен қағазға түсириўши сырлы кәрамат



www.ziyouz.com kutubxonasi

120

—Маған базда бир күнимниң өтиўи мүшкил. Сизде қалай?

—Инсанлар белгили дәрежеде, бир-бирин тәкирарлап жасайды ғой.

121

—Ташкент қашан пайтахтқа айналған?

—Өзбекстан Республика болғаннан кейинги пайтахты Самарқанд еди. 1930 жылы пайтахт Ташкентке өзгерди.

122

— Дос ағла ма, туўысқан ағла ма?

—Күни келгенде ҳақыйқый бир достың, әкең, анаң, зайыбың, қаналас туўысқанларың бирге қосылып ислей алмаған жақсылықларды ислейтуғын гезлери болады!

123

—Жазыўшыны қайсындай адамларға мегзетсе болады?

—Көркем әдебиятты сүйип оқыйтуғынлар ушын жазыўшы өз балаларына, ақлықларына ҳәр сапары жаңадан базарлық берип үйреткен аналарға аталарға мегзейди.

124

— Ислам динидеги супылықтың тасаўиф деп аталған түри нелерди кеңес етеди?

— Уллы данышпан Имам Ғаззалий (Абу Хамид Мухаммед ибн Мухаммед ал Ғаззалий)—(1059-1111ж.): «Тасаўиф инсанға еки түрли ўазыйпадан жүклейди: «Бири — Тәңритааланың дәл буйырғанындай, парыз қылған гүллен ислерди дурыслы ислеп, дурыслы жасамақ. Екиншиси— Тәңритаалаға наылайық ислерде өзгелерден узақласып, ҳәтте, көпшиликтен де өзиңди шетирек тутпақ».

Бул ескертпелердиң қысқаша мәниси: Тәңритаала алдында пәклик, шараятқа қылап қылмаўшылық, ҳәр бир инсан менен әлпайым мүнәсибетте болыў, ҳәр исте ҳақыйқатшыл болыў менен бул жоллардан шыққанлардан өзиңди аўлақ тутыў... екен.

Ендиги жағын өзиңиз ойлап, түсингениңизге қарап ислер етерсиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

125

—Базылар бир шығарма дөретсе ҳәммеге айтып мақтанып жүреди. Бул қалай?

—Суўы сайыз салма көбинесе ҳарылдап ағады ғой!

126

—«Бизде романлар көплеп пайда болып киятырған жылларда, батыста «роман жанры керек пе?» деген сораў туўғаны есиңизде ме?

—Есимде. «Роман керек пе?» деп сораў «диййқан егин егиўи керек пе?» деген сораў менен барабар» деп жуўап берген уллы орыс жазыўшысы Михаил Шолохов.

Әттең, соңғы гезлерде бизде роман жанрының диапозоны тарайып баратырғаны, маған күтә өкинишли түйилип жүрипти.

127

— Әдепли, ақыллы адамды бирден қалай таныў мүмкин?

—Биринши сөйлескенинде-ақ ақыллы инсан тәўипке мегзеп, сениң дәртлеринди жеңиллетеди, өз нәпсине өзи ҳәкимлик қылады.

128

—Әжинияз, Бердақ секилли уллы бабаларыңызға қәнәәт таппайтуғын гезлериңиз болама?

—XIX әсирдеги Хорезм шайыры Огахий «Қалила ҳәм Димна» менен «Қабуснама»ны аўдарғанда оған тең қурбы болып, жасаған я Әжинияз, я Бердақ бундай дүнья даналықларының үлгилери менен өз халқын таныттырыўға неге жол излемеген?» деп ишимнен сарсылсам да, дурыслы жуўап таппай, олардың заманына, сол гездеги ел басшыларына ишимнен наразы боламанда, енди орнына келмейди, деп өзимди басаманда. Тап усы демде өзиңниң заманың, заманыңның басшылары, заманлас жазыўшыларың, өзиң дүнья әдебиятының үлгилери менен халқыңды кеңнен таныстырыўда не қылып атырсыз?» деймен де астыңғы ернимди тислеймен..

129

—Бул жақты әлемге қәнәәтленесиз бе?

—Ҳақыйқатын айтсам бул жақты әлем, мен ушын базда бос, базда орта, базда сапырылып төгилип қайнап турған ас қазанына мегзейди. Базда оннан бос қаламан, базда шала қурсақ қаламан, базда тояман, ал базда гүпти боламан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

130

—Биреўди жақсы көрсем, оның басқаларға жақпайтуғын минез-қулқлары да маған гөззал болып көринеди. Инанасыз ба?

—Инанаман. Бирақта абайлаңыз. Терең ойланбай жақсы көриўшилик — базда шеңгелди гүл ғой, деген исеним менен түбинен қамтылаў арқалы, қолларыңды қанатып алатуғын пайытлар болады.

131

—Дүньяның тирепбердиси бармыш. Оның тайып кетиў қәўпи жоқпа екен?

—Ҳақыйқатында, бул дүньяның тирепбердиси адамзат. Ал енди адамзат арасындағы өңшең өтирикшилер дүньяның тирепбердисине түскен жеги қуртлар. Оның үстине сен биреўге өтирик сөйлесең, ол да сени алдайтуғын болады. Бул да, инсанлық тирепбердиге түскен қурт. Ҳәр бир инсан өзин усындай жеги қуртқа айландырыўдан сақласа, тирепберди таймайды. Сонда дүнья мәңгилик!

132

—Мен бир қызды жақсы көрип қолынан услап едим, «жибер, асығыспан» деди. Жиберип едим, кетпеди. Соннан турып-турып айырылыстық. Не қылыўым керек еди?

—Еле ержетпегенсең, айналайын!...

133

—Әллеқайсы китаптың авторы көп ойланып я аз ойланып жазғанын қалай билиў мүмкин?

—Егер шығарма сени көп ойландырса, автордың көп ойланғаны, аз ойландырса, автордың аз ойланғаны.

134

—Шығарма жазып отырғанда сүўретлеп атырған ўақыяға киргенимизди сезген гезиңиз болды ма?

—Бир жола «Маман бий» әпсанасындағы күтә жаўынлы жағдайды жазып тамамлай сала, саатқа қарап, асығыслық пенен кийинип күнделикли лаўазымлы жумысыма кетип баратырғанымда, көшемиздиң арғы басына жеткенде, үлкен баламның изимнен: «Аға, хәй аға, плашың менен зонтигиңди таслап кет!» деп бақырғанын еситип, артыма бурылғанымда, қапталымнан өтип баратырғанлардың мырс-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мырс күлгенлерине таңланып, айналама қарасам, аспан ашық, қуяш сәскеликте жарқырап тур екен. Ал мен болсам шығармамдағы жаўынлы жағдай хәзир далада болып турғандай сезингенлигимди усыннан соң билдим.

135

— Билемен, Қоңырат арысы «Жаўынғыр», «Шүллик» болып еки тийреге бөлинеди. Ал, «Жаўынғыр» тийресине киретуғын Баймақлы руўы: Айыс, Жақанай, Саспақ, Тоңмойын, Үйеш, Найман болып, алты көшеге бөлинеди. Сизиң тоңмойынлардан екениңизди билемен. Тоңмойынларда өз нәўбетинде бөлинеме? Жазыўшы сыпатында өз халқымыздың хәр ким жети атасына шекем билиўи шәрт деген дәстүрине садықпысыз?

— Садықпан, деп кескин мақтана алмайман, бирақ бәрше ислеримде миллий дәстүрлерин сақлаўда, өзимше, тәўекелшимен. Мениң, Атам Хәкимнияз базда өзиниң ата бабаларын еске алып, қайсысы қанша жасағанында бир қатара тәкирарлаған соң, маған: «Идралды ақлығым, сен билсең, соңынан өз үкелериңеде үйретесең. Есте сақла. Жети атаңнан исмлерин яд билиў саўаплы ўазыйпа» дейтуғын еди. Мен мехрибан сүйикли атамнан еситкенлеримди мәңги есте сақлаўға тырысатуғын едим. Сораўыңыз бойынша, есимде бар жети ата-бабаларымды айтайын:

1. Өз әкем Қайыпберген - 76 (1908-1984) жасады. Колхозшы еди. Басқа бабалардың да лақапларын қосып айтаман.

2. Қайыпбергенниң әкеси Хәкимнияз-шабандоз - 79 жас (1873-1952);

3. Хәкимнияздың әкеси - Әўез молла - 71 жас (1850-1921);

4. Әўез молланың әкеси - Досым палўан - 64 жас (1827-1889);

5. Досым палўанның әкеси - Қасым қусшы - 67 жас (1798-1865);

6. Қасым қусшының әкеси - Толыбек балықшы - 69 жас (1768-1837);

7. Толыбек балықшының әкеси Есен ләшкербасы 58 жас (1741-1806) жасаған. Ал, усы бабам Есен ләшкербасыдан аржағын жартыўлы билмеймен.

Есен Бабадан бержағын билетуғыныма және бир себеп: Тоңмойын баймақлылар арасында бизлерди «Есен қарағанлар» дейтуғын еди. Усы кәрада бир ескертиў: Тоңмойын баймақлылар иштен өзимше «Есен қараған», «Шаң қараған», «Көрик қараған», «Ала атлы қара-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ған»... болып бөлинеди. Ал, усы пәленше, төленше қарағанлардың арғы атасы бир адам екени жөнинде еситкенмен. Ҳақыйқатында Сиз жоқарыда атаған алты көше баймақлылардың арғы атасы биреў. Лекин, олардың қайсы жылы, қайсы әсирде бир-биринен бөлингенин дурыслап билмеймен.

136

—Бир сюжетти ҳәр қыйлы жанрда жазатуғынларда бар. Сизше?

—Бундай қылыў, мениңше, сыйырдың дүзде отлап келип, қорада гүйис қайтарғаны секилли қубылыс. Жылқы гүйис қайтармайды. Мен жылқы минезликти унатаман.

137

— Бурынлары ҳәр көргенимде, бир достыңыз бенен ҳешқашан ажыралмас киби бирге жүрер едиңиз. Оның кеткенине көп ўақыт болды. Енди сиз...?

— Түсиндим. Сол достым тирилигинде, ушырасыў ушын ўәделескен орнымызға дәл ўақтында келмей, мениң оны көп күтип отырыўымды күтә жақсы көретуғын еди. Енди, мен өз гезегиме, ол о дүньяда мени күтиў арқалы иши писип күтиў қандай болатуғынын уғынсын, деген ойлар менен изинен барыўға асықпай еле тири жүрипшен.

138

—Өзи бахытсыз адам басқаны бахытлы қыла алама?

—Ҳеш ким өзинде жоқты кисиге бере алмайды.

139

—Қайсындай қонаққа көбирек итибар жақсы?

—Анамның маған айтып кеткен нәсияты бойынша: үйинде қонақ күтип көрмеген адамды жақсырақ күтиўге тырысыў керек. Себеби, «қонақ күтиўдиң ғалма-ғалын басынан кеширмеген киси сениң сәл ғана кемшилигиң болса, үстиңнен күлип кетиўге жарайды».

140

—Кисиниң жекке мәртлиги деген не?

—Киси тек жеке басының аманлығы, фамилиясының гирщиксиз сақланыўы ушын тәнҳә басын өлимге тигиўге барса, бул оның жекке мәртлиги, әлбетте.



www.ziyouz.com kutubxonasi

141

—Ерли-зайып арасындағы үнсиз бахытсызлық?

—Ерли зайыптың биреўи басқаны астыртын сүйип, я жуптысынан ажыраса алмай, я мениң сүйгеним бар деп тис жара алмай жасаса, бул әлбетте, бахытсызлық.

142

—Қандай айнаны жек көресиз?

—Еки жақлы айнаны. Себеби оның бир жағынан сен өзинди көрсең, екинши жағынан душпаның өзин көрип турады.

143

—Сайлаўларда хаяллардың да еркеклер менен тең ҳуқықта даўыс бериўине биринши жол ашқан мәмлекет бурынғы СССР деген гәп еситтим. Дурыспа?

—Дурыс емес. Хаяллардың еркеклер менен тең даўыс бериў ҳуқықына 1893-жылы биринши жол ашқан мәмлекет Новая Зеландия!

144

—Ҳәр күни қуяштың батыўының инсанға тәсийри?

— Қуяштың шығыўы да, батыўы да Уллы Тәңиритааланың кәраматы. Сөйтсе де бул жөнинде ҳәр кимниң өз түсиниги, өзинен ҳәм өзгелерден күткени болады. Енди бир жола еки танысымның қуяштың батыўы жөнинде билдирген пикирлерине қулақ салыңыз: *Биреўи «кеше қуяштың батқанына соншалық ашындым, себеби ол* мениң күни мененги бахытлы ислериме гүўа еди» десе, екиншиси оған қарсы: «кеше қуяштың батқанына мен сонша қуўандым, себеби сол күнги мениң бәрше кәтеликлериме оннан басқа гүўа жоқ еди» деди. Енди өзиңиз ойланып көре бересиз.

145

—Бир жола бир ғарры адамларға қылған жақсылықларымнан қайыр көрмедим, деп налынды. Буған не дейсиз?

—Адамлардың да Адамлары болады. Лекин, жақсылықлар жерге көмилмейди. Мениң атам маған: «балам, өзгелерге көп жақсылықлар қылған киси набада еки көзден батыл болып қалса да, жақсылықлары оған жол көрсетиўши шамшырақ болып хызмет етеди», деген еди. Мен атама исенемен. Сени де усыған шақыраман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 146

— Қарақалпақстан жазыўшылары да топарларға бөлинеме?

— Мениң бақлаўымша үшке бөлинеди. Биринشиси, мисли уйқыдан жаңа оянып, түсине усамаған нәмәлим әлемди көрип жүрген секилли хәмме нәрсеге таңланып қарайтуғынлар, екиншиси, түсиндеги секилли жағдайларды оңында көргени ушын өзлерин пайғамбер санайтуғынлар, үшиншиси, уйқысы қанбай оянып, бүйтип оянығына кимлер себепкер екенлигин биле алмай бәрха айыпкер излеў менен жасаўшылар.

## 147

—Сиз 1990-жылы Меккеге хажылық сапар қылдыңыз. Хажылық хәмме ушын шәрт пе?

—Уллы Әлийшер Наўайының «Ана кеўлин шад етиў — 13 мәртебе хажылық сапар қылған менен барабар» деген гәпинде ҳақыйқый даналық жатыр. Усы даналыққа сүйенип хәрекет етиў бәринен де абзал болса керек.

## 148

—Бердақ шайырдың хәзир жуўаплықларынан еки мысал айтасыз ба?

—Биринشиси. Қыс айларының ишинде Хийўаның ханы қарақалпақ елиниң гилең ел басшыларына Бердақ шайырды да қоса шақыртып, Сарай ғәзийнесине салықлар оғыры кем түсип атырғанын айтқанда, есик таманда отырған Бердақ қарақалпақ бийлериниң өз-ара албырақлаўын сезип, жылдам далаға шығып кетип, гелледей муз әкеле сала, оны қасындағы бийлерге көрсетип: «Буны Уллы ханымызға өткериңлер» депти. Бийлер хайран болысса да, хан алдында тилге келмей, музды алады да, шайырдың өтинишин орынлаўға киризеди. Муз қолдан-қолға өтемен дегенше ерип, баланың муштындайы ғана ханға жетипти. Буған түсинбей аң-таң шыққан ханға шайыр:

—Мине, Уллы ханымыз, қолыңыздағы баланың муштындай муз әўеле гелледей еди, халқымыздан жыйналған салықлар да дәл усы муз киби, халықтан қанша көп жыйналса да, сизге жетемен дегенше қолдан-қолға өтип азаяды, —депти.

Екиншиси. Бир жола Хийўа ханы Бердақты изине ертип, шайырлар жарысы болатуғын сарайға кирсе, иште өз-ара айтысып отырған еки шайырды көрген хан Бердаққа оларды нусқап: «Булардың екеўи



www.ziyouz.com kutubxonasi

де нэмэлим шайырлар. Сонда да шерият бойынша неге таласады?» депти. *«Бийпәрўа бола бериңиз, уллы ханымыз, буларды билемен*. Бул тарысыўдағы мақсетлери шериятта нэмэлим қалыў усыллары» депти Бердақ. Хан мыйық тартып: «Сиздей данасы бар ел кор болмайды» деген екен.

149

—Қандай отырыспаларды унатасыз?

—Уллы шайыр Рудакий (855-941):

«Жәҳанниң шадлығын жыйнаса пүтин.

Дослар дийдарынан болалмас үстин» — деп бийкар айтпаған ғой. Дослар менен қосылысып отырған отырыспаларға не жетсин!

150

—Ойшыл көринесиз?

—Бүгинги жүз берген бәрше қуўанышлы ўақыялардың ертең тәкирарланбайтуғынының себебине жуўап таппай ҳайранман.

151

—Қандай болып жасаў жақсы?

—Ҳеш кимниң маймылына айланбай жасаў!

152

—Кеше әдебий ушырасыўда бир сыншы бираз классик шайырлар арасында өзи жақсы көретуғын бир классик шайырдың атын айтып, тек оннан үйрениўи кереклигин талап етти. Дурыс па?

—Өзим еситпеген сыншының дурыс я надурыслығына дәл баҳа бериўим қыйын. Лекин, әдебиятта бир классиктиң изинен ҳәммениң жүриўин талап етиў, әдебият атызында тек бир қыйлы гүллер егилиўин талап етиў менен барабар.

153

—Адамлардың бир-бирине усаслығы неде?

—Ҳәр бир инсанның өз айналасына, келешегине үмит пенен қараўшылығында.

154

—Ҳәр жаңа жылдағы ишки сезимлериңиз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Хәр жаңа жыл маған бир жас хәм сүйеклериме салмақлылық қосыў менен бирге, енди меннен бурынғыдан көбирек шыдамлылық хәм даналық талап ететуғын да.

155

—Шаршап киятыр едим, еки даналық гәп айтып кетесиз бе?

—Атам Хәкимнияздың нәсиятларынан тәкирарлáйман: биринши, кисиге өзиң қылған жақсылық пенен кисиниң өзиңе қылған жаманлығын умытып жаса, екинши, кисиниң саған қылған жақсылығы менен өзиңниң өзгеге қылған жаманлығыңды умытпай жаса.

156

—Үстиңизден жазылған шағым арзаларға көз-қарасыңыз?

—Шағым арзалар, биринши, өзимниң ден саўлығыма көбирек дыққат қойыўым, екинши, бәрше исте абайлап шешимлер қылыўым керекли-гин, үшинши, душпанларым хәр қәдемимде барлығын умытпай жасаўым кереклигин аңлатады. Сол ушын душпанларымнан қорқпайман.

157

—Қарапайым инсан хәм шыпакер аўырса айырмалары болама?

—Болады. Қарапайым инсан аўырса, бирден балаға айналып, шыпакерди анасындай көреди. Ал шыпакер аўырса, перзентлери алдында аўырған ана секилли албыраклайды.

158

—Инсанды ренжитетуғын хәм жубаныш таптыратуғын бир қыйлы гәп айтсаңыз?

— Бириншиси, «Адам бул дүньяға мийман болып келеди», екиншиси «Адам бул дүньяға сүтин болып келеди».

159

— Жақында бир жасы үлкен жазыўшы маған тема берип: «тез жаз, болмаса, басқалар жазып қояды» деди. Не қылайын?

—Жас жазыўшыға бундай кеңес бериў — тәжирийбесиз ананың өз баласын бесикке бөлей сала: «тез уйықла, болмаса, сени сағал алып кетеди» дегениндей гәп, айналайын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

160

— Әдебиятты қандай мәкан деўге болады?

— Әдебият тойхана емес, лекин, Тәңиритаалам таскын талант берген инсанлар ушын тар есикли мийнетхана.

161

— Театр сахнасында спектакль журип атырғандағы кейпиңиз?

— Театрдың сахнасында жүрип атырған спектакльге дыққат қойып отырыў қарсы алдындағы жазыўларды дыққат пенен оқып отырған янлы қубылыс. Сол ушын мен театрда қапталымда өз сораўлары менен, дыққатымды бөлиўге тырысқанларды, көп жағдайда, унатпайман.

162

— Жазыўшылықта күнелтиў кәсибиғой-ә?

— Мениңше, жазыўшылық бул күнелтиў кәсиби емес, ал, өз мийнетлериң менен халқыңның руўхын басқа халықлардың руўхларына жақынластырыў жолында ойландыратуғын, хәм сол тийкарда ислер қылатуғын кәсип-өнер.

163

— Соңғы жыллардағы дүнья жаңалықларынан билиўимше, көп еллерде аты шыққан артистлер оғыры пуллы жасайды. Бизде де сондай артистлер бар ма?

— Бизде бурын жыраўлар, бақсылар, хошаўаз хәм ойыншы артистлер қандай тойларға хызмет етсе де, сол той ийесиниң шығынларын тиклеўге хызмет етип, өзиниң мийнет ҳақысына келисим бойынша, белгили муғдарда пул алатуғын дәстүр бар еди. Егер де бир артист я бақсы, болмаса, жыраў тойға хызмет етиў ушын, мәселен, бес мың сўмға келискен болса, — сол тойға жүз мың түссе де, қалған 95 мың сўм той ийесиниң шығынларын тиклеўге берилетуғын еди. Соңғы гезлери бул дәстүр бизде бузылыўға қарады. Соған қарағанда, артистлеримиз арасында пулы көплер бар болыўы итимал. Бирақ анығын жетик билмеймен.

164

— Сиз неге өз руўыңыз жөнинде айтқанды онша қәлемейсиз.

— Егер адамзат тарийхына тереңирек ой жиберсек, хәр бир халық әўеле аталасларға, соң руўларға, топарларға, изинде миллетлерге,



www.ziyouz.com kutubxonasi

мәмлекетлерге бөлинген. Бара-бара бәрше түркийтиллеслердиң жигирмадан аслам мәмлекетлерге айналыўы бабаларымыз тарийхының раўажланыў жолларын белгили дәрежеде көз алдымызға келтиреди. Бундай бөлиниўлер әзелги шыққан түбири, ата-анасы бир халық ушын қандай дәрежеде пайдалы я зыянлы?... буны дәлиллеп отырмай-ақ, туркийтиллес туўысқанлырымыздан бири, әсиримиздиң уллы жазыўшысы Шыңғыс Айтматовтың «Қарақалпақ дәстаны» атлы романым туўралы маған жазған хатында ескерткениндей»... түркийтиллес халықлар бөлинбегенде, Ата мәканы болған Евроазияның киндигинде Россия, Қытай, Хиндстан, Иран менен биймәлел бой жарыстыра алатуғын уллы бир мәмлекетке тийкар салған болар еди»... Сол ушын мен де өз руўымды көп айта берсем, қарақалпақ деп аткешириген аз санлы халқым және өз-ара бөлинип кететуғындай сезинемен.

165

—Халқымыз ғәрезсизликке ерискеннен кейинги, яғный 1992-жылдың бержағындағы миллий тәғдиримиз хаққында көп ойлайман. Жаслығымда еситкен әпсана-рәўиятлар бойынша халқымыздың түркийтиллеслерге әзелги нөкер болғанына ишимнен қынжылайманда. Себеби, халқым елеге дейин, нөкер халатында жасап атырған секилли. Жоқарыдан көрсетпе болса, мисли нөкер (солдат) киби тил қатпастан орынлайды. Усы кәрада бир ескертиў: XX әсирдеги уллы өзбек жазыўшысы Абдулла Қаххардың комунистлик тәртип кәтал ҳүким сүрген СССР дәўиринде: «Мен компартияның солдаты емеспен, ал оның аңлы ағзасыман! Көрсетпе менен емес, ойланып ис қыламан!» деген пикирлерин бүгинлиги өзинше тәкирарлап, «биз қарақалпақлар ерикли ҳәм еркин халқпыз!» деп бар хаўазы менен айтатуғын басшыларды күтә кем көремен. Бул жөнинде сиз не ойлайсыз?

—Хақыйқатында да, халқымыздын жоқарыдан болған буйрықларды үнсиз тыңлап, оларды баржай етиўге үйреншикли әдетлерине қарап, түркий тиллеслерге нөкерлик әзелден-ақ қанына сиңгени ушын қәлбимде әллеқандай мақтаныш сезимлерим артса да, түркийтиллес туўысқанлардың айрымлары кимлер себепли өзлерин сақлап, көбейип, бүгинлиги айрым-айрым мәмлекетлерге айналғанын естен шығарып, әзелги сақшы-нөкерлерин бүгинлиги онша менсингиси келмейтуғынына ишим ашыйды. Ал, халқымыз болса, буларға итибар бермей, тап нөкер сыпатында елеге шекем жоқарыдан болған буйрықларға, көрсетпелерге хаслан қарсыласпайды. Әне усындай психологиясы себепли болса керек: XX әсирдиң 30-40 жылларында, ислам динин бийкарлаўға жоқарыдан көрсетпе болғанда да, қарақал-



www.ziyouz.com kutubxonasi

паклар өзлериниң моллаларын, ахунларын, ийшанларын тезирек қаматып, хәттеки узақ Сибирь тәреплерге сүргин қылыўда, малақай ал десе бас алатуғын айрықша нөкерлерге айналғаны тарийхымыздан мәлим. Мешит, медреселерди тас-талқан қылып бузыўда, қоңсыларына күтилмеген өрнеклер көрсетип, бузылған гүллән мешит-медреселердиң қулатылған диййўаларын тезирек топыраққа айландырыў менен шорлақлы пахта атызларына төгин қылып пайдаланғаны себепли, бүгинлиги, Өзбекстанның 37,8 процентин қурайтуғын кең аймағымызда мешит-медреселер салынбағандай болып қалған... Олардан мәселен, бүгинги жүзге жеткен қаты-қулақ ғаррылар болмаса, Қарақалпақлар жеринде ең атақлы «Рахметулла қазының мешити», «Мағзан ийшанның мешити»... сыяқлы уллы мешитлерди еслеў туўе орынларын шамалап айта алатуғын бирде инсан жоқлығы өкинишли.

Бул сөзлеримниң дурыслығын, мәселен, сол гезлерде өгиз арбаларды айдап апарыўы күтә наќолай, пахта атызларынан алыста жайласқан гөне қалалардың бүгинге дейин азда болса ески қалалардың қалдықлары сақланған Елликқала, Беруний Төрткул, Әмиўдәрья районларының аймақларындағы қалдықлары ушын-ақ бүгинги бәрше қарақалпақстанлылар, қүдирети күшли Тәңиритаала шүкирлик ететуғынына иманым кәмил...

166

—Базыбир баспа дереклерде дәлилленген тарийхымызға ой жиберсек, пикирлер турақлы емес. Бул жағдайларға не дейсиз?

—Аз санлы халықлардың тарийхы дәл жазылыўы қыйын. Қайсы халық оған үстемлик етип турса, тарийх көбинесе, үстемлик етиўшилердиң рабайына қарап жазылады. Бийшара халқымызда жоқарыдан болған буйрықларға тилсиз бағыныўы тийис нөкерликтиң қаны болғаны ушын кимге қалай қарсы турса да, хәр қыйлы шараятларға, күшли халықлардың өз-ара мүнәсибетлерине, ойланбай шығарған буйрықлары бойынша оларға сөзсиз бағынса да, нөкерлик қанына сиңген қарақалпақлардың әллеқайсы мүнәсибетлери жақпай, гейде-гейде қарсыласқанлықлары себепли өзлериниң отырықлы орынларынан неше-неше мәртебе қуўылғаны, көшкени, посқаны тарийхтан мәлим. Бирақ, бир жақсы жери қанына сиңген әзелий нөкерлик-гүресшеңлик рухлары Қарақалпақ халқының тарийхтан биротала жоғалыўына да жол қойдырмағаны күтә қуўанышлы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

167

— Ким жаңадан басшылық лаўазымға көterилсе, өзине дейинги-лердиң ислерин жоққа шығара беретуғыны неси?

— Өзине дейингилерди жаманлаў себеби инсан әўладының әзелден қанына араласкан Иблис (шайтан) қанының мәңгилик тәсири болса керек. Олай болмағанда, адамзат, әлле қашан-ақ, бир-бири менен татыўлықта мисли бейиштегидей күн кеширер еди-аў!

168

—Биз бүгин қандай мәденияттың үстинде жасап атырмыз?

—Мениңше, «миллий» хәм «дослар мәденияты» деп аталатуғын көп мәдениятларды, хәр тәреплеме үйрениў арқалы оларды оғыры күшли хәм тынбай узақларға шабатуғын ат қылып, оған өзимиздиң миллий мәдениятымызды ер қылып миниў менен қарақалпақ деген атымызды жоғалтпай жасап атырмыз ғой!

169

— Инсанның бир қәлипте жасаўына қандай әдетлери қыйынлық туўдырады?

—Биринши, үнемлеў мақсетинде тойып тамақ ишпеў, екинши, сырларымды хешким билмесин деп бәрхә қорқып жасаў, үшинши, өз ғәзебинди жылаўлай алмаў, төртинши, өзинди өзин уғынып жетпеў...

170

— Жанынызға тыным бермейтуғын хәдийселер?

— Биринши, әўладларымның келешеги хаққындағы ойларым, екинши, миллий басшыларымыздың миллет тәғдирин емес, тәнхә өзиниң хәм туўған-туўысқанларының, руўласларының тәғдирлерин көбирек ойлаў әдетлери.

171

—Хәзир хаяларды езиўдиң жаңа түри шыққан-быш. Ол қандай екен?

—Мен бир басшыны жақсы билемен. Ол хаялына көп китап оқыўды буйырып, өзи қыдырыспалардан саўа тапса, хаялы оқыған китаплардың қысқа дизимин, бас қахарманларынан екеў-үшеўин хаялынан сорап алады да, өзи оқыған киби басқаларға айтып, мақта-нып та жүреди. Хаялды езиўдиң жаңа түри усы болса керек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

172

—Ҳажысыз, айтыңыз, «жан» деген не?

—Мелодий жыл санаўдан бурынғы 4-жылда туўылып, Мелодий 65-жылда қайтыс болған Рим философы Сенеканың айтыўы бойынша «Жан — бул адамның денесинде баспана тапқан Қудай»!

173

—Айдос баба өзине айрықша қас бир душпанын қуўып жетсе, ол күтә арық екен. «Өзиң-ақ өлиўге жақынлапсаң» депти де, қылыш урмай изине қайтыпты, деген әпсана бар. Инансам болама?

— Егер бул дүньяда саўаплы ойлар менен жасайын десең, Айдос баба ҳаққында тараған унамлы гәплердиң ҳәммесине исен, ал өсеклер айтылса, дана Айдос бабаны көре алмаўшылардың ойлап тапқан тоқымалары екенлигине исен!

174

— «Адам өмириниң ҳәм өлиминиң қәдири неде?

—Ким тирилигинде мисли бәҳәр киби жаңалықлар изинен жаңалықлар дөретиў менен, айналасын гүллендире билсе, оның өмири ең қәдирли ҳәм соңғыларға үлги аларлық өмир, ал өлими есапсыз көп зүрәәтлери жыйналып үлгермей ерте түскен гүзге усаса, бул ең қәдирли өлим.

175

—Кимлерге усаўды әрман етсем екен?

—Пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссалам әлле қайдан түйели киятыр екен, оның менен жәнжеллесиўге бәне излеў нийетинде бәрҳа жолын тосып жүретуғын душпанларынан бири оны көре сала: «Әй, Мухаммед, минген түйеңниң аяқлары нешеў?» деп сорапты. Пайғамберимиз: «ҳәзир-ҳәзир анықлаймыз», депти де, түйесинен жылдысып түсе сала, түйесиниң аяқларын бирим-бирим услап санапты да: «төртеў екен, қәдирданлар!» деп жуўап берипти. Сонда душпанлары оның кишипейиллигине тән берип: «Әй, Мухаммед, егер түйениң үстинен: «көрип турғаныңыз жоқ па? Өзлериңиз санаңлар!», ямаса «төртеў-дә!» деп, жүрип кете бергениңизде, биз сизди тоқтатып сабамақшы едик, енди бизлер де сизге үмiмет боламыз» деп изине ере берипти.

Уллы пайғамберимиздиң усындай кишипейиллигине усаўды әрман етсеңиз хеште қе уттырмайсыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 176

—Өзиңизге қарсы бириккен топар арасында досларыңыз болатуғынына исенесиз бе?

—Хәр қандай топарда да өзгеге зыянсыз жақсы адамлар болатуғынынан хеш қашан шубҳаланбайман. Жақсыларсыз биригиўде болмайды.

## 177

—Қарақалпақ инсанлардың қайсындай болыўын әрман етесиз?

—Пайғамберимиз Мухаммед алейҳиссалам бир жола Меккениң адамлары түнде не менен шуғылланатуғынын билиў мақсетинде, ярым ақшамнан кейин қаланы аралаўға шығыпты. Қараса, айнала жым-жырт. Ҳәмме уйқыда. Лекин, бир адамның көшелерди тазалап, темир-терсек сынықларын, тикенеклерди терип жүргенин көреди де, оған қайырылып: «Әй, инсан, хәмме, усап тыныш уйықламай, не қылып жүрсиз?» — дейди. Ол: «Ертең көшелерде ояққа-бұяққа асығыс жүретуғын жарлы-жақыбайлардың, жас балалардың, нәрестелердиң аяқларына тас сынықлары, тикенлер кирмеўи ушын көшени тазалап жүриппен,» — деп жуўап береди. «Бул жақсы ислериңизди күндиз ислегениңизде адамлар көрер еди. Сизге алғыслар айтар еди» — депти және уллы пайғамбер. «Алғыс дәметиўде — пул дәметиў менен барабар. Мен бул ислерим ушын хеш кимнен ҳештеңе дәметпеймен. Көшелерде абайсыз жүретуғын, бийғамлықта ойнайтуғын жас балалардың аяқларына бир тас батып я тикен тырнап жылағанын көрмесем, сол маған үлкен хақы», — дейди ол. «Әй, ақыллы инсан, — депти сонда Мухаммед әлейҳиссалам. - Аллатаала төбеңизден бәрха көрип турыпты. Мине, оның елшиси, мен көрдим. Бенделерге қалыс мийнетиңиз ушын Тәңиритааланың өзи сизди жарылқайды. Ҳарыма̀ң! Бул исиңизди даўам ете бер».

Өзимше хәр бир қарақалпақстанлы сол кешеде Уллы пайғамберимиздиң көзине түскен меҳирли инсандай болса екен, деп әрман етемен.

## 178

—Дуўтар, ғобыз намаларын тыңласам, бойым жеңил тартады. Неге?

—Дуўтар ҳәм ғобыз намалары бизге дейин өткен гөззал әлемниң сеслеринен, ал сол дуўтар менен ғобыздың тарлары әзелги меҳирли инсанлардың жулынларынан исленген болады деген рәўиятларға тақыйық исенсеңиз керек. Исене бериңиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

179

— Өмирге мүнәсибетиңиз?

—«Мениң жасаўымнан басқаларға қайғурлым пайда бар?» деген сораўға бәрхә жуўап табыўға тырысып жасайман.

180

—Инсан биринши кимди, екинши кимди хүрметлеўи тийис?

—Биринши нәўбетте, өзиң жаратқан Тәңиритааланы! Екинши өзин бул дүньяға келтирген Анасын хүрметлеўи тийис!!

181

—Мен өзимди кимлерден ғәрезли сезинейин?

—Өзиниң үстинде жасатып қойған Ўатаныңның шаңғытлы топырағынан, өзгермели ҳаўасынан, тансық суўынан, өткен бабаларың менен ата-анаңның руўхынан, өзиң жасаған жәмийеттен ҳәрезли сезин!

182

—Қалайынша жазыўшы болғансыз?

—Қалай жазыўшы болғаным өзиме де жумбақ. Расын айтсам, әлле қайсы отырыспада, я биреў менен тартыста, сөзге шешенлик етип утып шыққанларымды да билмеймен. Қайсындай ис туўралы күйиниш болсын, я сүйиниш болсын, бәрхә соңынан, жекке жүргенимде, я үйге келип жалғыз өзим кроватқа созылып жатқанымда, есиме түседи. Усы пайытта сол отырыспаға қайтадан барып, айтысты даўам етким келеди. Бирақ басқалардың әлле қашан тарқасып кеткени есиме түсип, ишки дебдиўлеримди басыў мақсетинде жазыў столына отыраман да, жазаман. Ойларым қағазға түсип болғаннан кейин оқыўшыларды жалықпайтуғын қылыў нийетинде әўелги жазғанларымды қайта көширемен. Соннан соң және көширемен, және, және... Усылайынша, «еринбеген етикши болады» дегендей, мен де жазыўшы болған шығарман.

183

— Бизиң халқымыздың тарийхы, көбинесе, әпсаналар менен тарийхый әңгимелерде, көп жасаған қариялардың аўыздан аўызға өткен әңгиме-гүрриңлеринде сақланғанын билемиз. Лекин, көп ғана айтыўшылардың минез-қулықлары, олардың шешенлик-дилўарлықларына қосылыў арқалы, базы шахсларға аса таңланыўлары я



www.ziyouz.com kutubxonasi

аса гәзеплери аўыздан-аўызға өтип, халкымыздың бизге жеткен тарий-хында бурмалаўшылыклар, шалалыклар болмады ма екен?

—Бул гуманларыңыз да шынлықтан онша алыс емес. Себеби сол әпсаналар менен рәўиятларды соңғы әўладларға жеткериўшилердиң, өтмиштеги қахарманларға ғана емес, өзлериниң руўларына көз-карасларынан да көп нәрсе ғәрезли болған. Мәселен, аты әпсана Маман бийдин, дана Айдос бабаның, тарийхый ҳүжжетлерде бир қыйлы, гейпара шайырсымақлардың дөретпелеринде екинши қыйлы шахс сыпатында бизиң дәўиримизде де тәрийпленийўи сизди де көп ойландыратуғынын бийкарламайман. Ең баслысы, жақсылықларға көбирек исенип жасаңыз...

184

—XX әсирдиң орталарындағы Қарақалпақстан газеталарының базыларын оқысам, айырым жазыўшы-шайырларымыз арасында өзбек, қазақ, қырғыз, әдебиятларынан базы қосықларды, гүрриңлерди өз авторлығында жәриялаўшылар да болған секилли?

—Афина философы Диоген бир тойда тынбай арфа (саз) шертип отырған жигитти нусқап: «қараңлар, өзи сондай жаман шертеди, бирақ кәсибин тасламайды. Еле ҳәм жақсы, ууры емес, егер келистире *алмасада саз шерткени киби урлығын коймағанда, жүдә жаман болар* еди» деген екен. Сол айтқандай, XX әсирде бизиң айырым жазыўшыларымыз китап оқыў менен көп шуғылланбайтуғын болғаны себепли ҳәммени өзлериндей көрип, басқалар билмейди ғой, деген пәм менен, баспа сөзлерден оқыған шығармаларынан тиккелей өзиники сыпатында пайдаланғанлар шынлығый жоқ емес. Гейде есиме түссе, Диоген айтқандай, олардың сол гезде мал я пул урлаўшылар болмағанына шүкир, деп қояман ишимнен.

185

—Редакцияларға қосықлар жибергим келеди. Қосымша өтинишлер-әм жазыўым керекпе?

—Уллы француз жазыўшысы Виктор Гюго баспаға шығарма жиберсе, сораў белгисин (?) қосымша қылып жибереди екен, ал баспа унатса, жуўап сөзлер жазбай үндеў (!) белгиси менен жуўап қайтарады екен. Бул олардың биреўиниң «Шығармаға не айтасыз?» дегенин аңлатса, екиншисиниң «Күтә жақсы!» дегени екен. Сизде усыған тақаббил бир усыл табарсыздә!



www.ziyouz.com kutubxonasi

186

—Атақлы орыс актер Каратигин бир драмада атып өлтирилиўи керек болғанда, ататуғын артисттиң мылтығы көшпей қалып, ол аяғы менен теўип жибергенде, Каратигин сылқ етип қулапты да бирден: «ўай, мынаның етигиниң ултаны зәҳәрли екен» — деп өлипти. Қарақалпақ сахнасында да усыған тақаббил тапқырлықлар көрдиңиз бе?

—«Сүймегенге сүйкенбе» де артист Шамурат Өтемуратов, роли бойынша, қатты уйқыда жатырғанда, бир артистка, роли бойынша, есиктен тым-тырыс шығып кетиўи керек еди. Артистка шығып баратырғанда сүрнигип, есик аламайы менен сатырлап қулады. Усы жағдайда «қатты уйқыдағы» Шамурат тап түсинде қорыққан киби орнынан бир шоршып түсти де, екинши қапталына бурылып, уйқысын даўам ете берди...

187

—Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Ибрайым Юсупов ҳаққында өз пикириңиз?

—Мениңше, Ибрайым Юсуповтың жаңадан жақсы уйқаслар табыўға, қосықларын күтә шеберлик пенен оқыйтуғынына мен де таңланаман. Бирақ ол жаңа қосықлар дөретиўге көбирек эксперимент жасаўшы дәрежесинде қалып қойды.

188

—Әдебияттың жәмийеттеги орны?

—Көркем әдебият жәмийетти өзинде сәўлелендириўши айна болыў менен бирге, жәмийетке тәрбиялық нәсият бериўши ана да!

189

—Әскерлер елди емес, тек басшыны қорғаўға хызмет қылады деген гәп еситкеним ушын әскерликке барғым келмейди. Не дейсиз?

—Ҳақыйқатын айтқанда, ҳәрқыйлы сылтаўлар таўып әскерликтен қашыў үлкен жынаят, ўатанына, халқына сатқынлық. Шынында, ақыллы басшыны қорғаў да, елди қорғаў. Ақыллы басшы елин ҳеш кимге қорлатпай, ҳәтте бир өзи-ақ ел душпанының алдына қалқан бола алады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 190

—Қайткенде сүйгениме қосыламан?

—Өз нәпсиңди сүйгениңниң ырқына бағындырыўдан қорықпасаң, сүйе билгениң. Сүйе билсең, ол да сени түсинип сүйе биледи. Сонда аңсат қосыласыз.

## 191

—Орта Азияда биринши астрономиялық обсерватория қашан ашылғанын еслейсиз бе?

— Биринши астрономиялық обсерватория Орта Азияда, соның ишинде, Ташкентте 1873-жылдың сентябрь айында ашылған.

## 192

—Қайтсем өзиме адамларды исендирип, изиме ертемен?

—Халқың ушын қандай ақыллы ислер қылсаң да, әўеле өзиң адамлардың изинен жүриўге тырыссаң, сонда олар сени дурыс түсинисип изиңе еретуғын болады.

## 193

—Еки қызды теңдей жақсы көремен десем исенесиз бе?

—Исенемен. Бирақ билип қойыңыз: жақты еки жағына тең түскен кисиниң көлеңкеси жуп болады. Еки көлеңкели киси алдында, артында дурыс көре алмай тез адасады.

## 194

— Бурыңғы СССР дәўиринен өзиңизге мәлим ўақыялардан тек биреўин айтсаңыз?

— Бурыңғы СССР гезинде мекеме баслығы ушын мәмлекетлик планды толық орынлаў шәрт делингени ушын басшы жоқарыға берген мағлыўматында «шәртли» сәнелерди арттырып жазып берсе, ислери раўаж таўып, хәр қыйлы наградаларға, хәтте Қахарман деген атаққа да сазаўар болатуғын еди. Ал, буның екинши унамсыз таманы — ким қолдан жасалған өтириклерин мақтанып, дос-яранларына жәрия қылса, сол тиккелей жазаланар еди... Изленип буларға дәл мысаллар өзимиздиң Қарақалпақстаннан да табылады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

195

—Суў үстинде жүриў ушын дүньяда биринши кемелер қәйерлерде пайда болған?

—Өтмишти көп изертлеген айырым алымлардың жазған дәлиллеринен оқып билгенлерим бойынша, буннан 57 мың жыл бурын биринши кемелер соғылған. Дүньяның бесинши континенти есапланған Австралияға биринши адамлар сол биринши кемелер арқалы жетип келген екен...

196

—Биринши велосипедлер қашан пайда болды екен?

—Жаҳан жаңалықларынан оқып билгенлериме қарағанда, дүньяда биринши велосипед 1861-жылы пайда етилип, оны соққанлар француз Пьерри Мучеко исмли адам менен оның Эрнест исмли улы екен.

197

— Қарақалпақлардың «баймақлы», қазақлардың «байбақты» руўларының түп дәреги жөниндн не айтасыз?

— Әўеле бир ҳүжжетке тийкарланған бир мысаал: 1692-жылы ҳәзирги Талды қорған ўәлаятының Кербулақ районында туўылып, өз ўақтында көп билим ийелеген үлкен улама, алым, тынбас саяхатшы Шапырашты Қазыбек бек Таўасар улы өз уақтында жазып үлгерседе, айырым китап күйинде бастырып шығара алмаған «Туп туғияннан өзиме шейин» деген китабын соңғы шаўлықларынан бири Қыдырбек улы 1993-жылы Алматының «Жалын» баспасы тәрепинен бастырып шығарған. Сол китаптағы мынадай гәплер бар: «Қарақалпақ — жаўға қарсы атланғанда олардың арасында үйсининиң барлық урыўлары болды. Мысалы бизиң Емил баласы Бессарылардан биразы соннан баслап еле қарақалпақлар арасында қалып келеди...»

Әне булда түркийтиллеслердиң әзелден түбири бирлигиниң бир дәлийли емеспе?

Усы тийкарда пикир жүритер болсақ, түркийзибанларды қорғаўда мәртлик көрсетип, аяқларынан майрылған, нөкер қарақалпақлардың Қоңырат арысына бир топары соннан баслап «баймақлы» деген ат алған болса, таңлаўдың да кереги болмас. Сол ушын да бүгинги қарақалпақлардың «баймақлы» қазақлардың «байбақты» руўларының ене дәреги бир екенлигинен онша көп гүманланбайман. Түркийтиллеслер өз-ара бөлинген гезлерде жасаў шәраятларына байланыслы



www.ziyouz.com kutubxonasi

өзлерин қоршаған халықлардың тәсири нәтийжесинде пайда болған айырым атамалардың диалектлик яғный сеслик өзгерислер, мәселен, «бахытлы» сөзин өзлеринше «бахытты» деп пайдаланғаны яңлы «лы» екиншиси «ты» буўынын қосқаны ушын өжет нөкерлер, бәлким, «баймақлы» атамасы, екинши топарлар арасында «байбақты» деп аталып, екинши миллет адамларына айланып кеткен болыўы да итимал. Бул изертлеўди талап етеди.

198

—Күнделикли ислеримде алжаспаў ушын не қылсам болады?

—Бизиң эрамызға дейинги әййемги Юнон философы Пифагор Самосский (570-500) өзиниң перзентлерине: «Азанда уйқыдан турып атырғанда «бүгин нендей ислер қыламан?» деп өзиңе жол-жоба қыл, кеште уйқыға жатар алдынан, «мен бүгин қандай ислер қылдым?» деп өзиңе есап бериўден хеш шаршама» деген нәсият қалдырған екен. Сизде усы нәсиятқа садықлық пенен жасап көриңиз.

199

—Мухаббеттиң бахасы болама?

—Муҳаббеттиң анық бахасы болмағаны менен,ол биреўлерге сораў белгиси, екиншилерге үндеў белгиси. Ал мухаббет сатылады делинсе, оның бахасы өзиндей ғана мухаббет!

200

—«Уятсыз хаял-дузсыз тамақ», «Ҳаялың ақылсыз болса, үйиң қайнаўытлаған дозақ» деген нақылларға сүйенип, хаялыма ерк бермей жасайман. Не дейсиз?

—Бул келтирген нақылларың өз айналасынан, хәтте өзиниң пәк хаялынан да гүман етип жасайтуғын, иши тар, шала саўатлы инсансымақлардың ойлап тапқанлары болса керек. Ҳаялға толық исеним инәм етсең, тамағың татлы, үйиң бейиш киби болады. Себеби ол ана. Ана хәмме ўақытта шаңарақтың тийкарғы уйтқысы.

201

—Әпиўайы инсан тәнхә сәтсизлигин Кудайдан көреди, ал жазыўшы ше?

—Жазыўшы да инсан ғой. Лекин, оның басқалардан бир айырмасы—ол өзи дөреткен шығармаларындағы қахарманлардың кудайы. Сонлықтан өз шығармаларындағы сәтсизликлерге өзи айыпкер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

202

—Өмиримде бахытсызлықлар жүз бермеўи ушын не қылайын?

—Ислериңнин, сөйлейтуғын сөзлериңниң өлшемлерин бил, басқаларға дос бола бил, қысқасы, ойланып, ойласып, ақыллы жобаларға сүйенип ислер қылыўға әдетлен!

203

—Роман дөретиўим ушын қандай шыдамылылық керек?

—Жазыў столына отырыўдың шыдамлылығы жеткиликсиз, ал, биринши гезекте, сүўретлейжақ дәўиринди анық көз алдыңа келтириўиң ушын көп оқыўың, алжаспастан, қайта-қайта ойлаў, ойланыў ҳәм сүўретлейжақ ҳәрбир қаҳарманыңды әўеле басыңның ишинде ушырастырып өз-ара сөйлестирип, ҳәр қыйлы шәраятта өз-ара дүгистирип... көп сынақлардан өткериўдиң шыдамлылығы керек.

204

— Жазыўшы емес адам әдебиятты басқарса не болады?

— Халықтың «Шымшық сойса да қассап сойсын» деген даналығына тийкарланып ислер жүргизилсе, ақыбети жаман нәтийже бермейди.

205

—Бул дүнья жөнинде түсинигиңиз?

—Мениңше, бул дүнья — жаслар ушын шексиз айдын кеңислик, ал, инсан жигитлик жасқа жетип, өмир ғалма-ғалларына араласқаннан кейин дүнья гейде жақтылы нур, гейде ушы-қыйырсыз думан, ал қартайғанлар ушын өзинше шала қараңғылық киби түйиледи...

206

—Адам неше жасқа жетсе өз өмиринен қәнәәт табыўы мүмкин?

—Өз өмирине қәнәәт қылыў ҳәр кимниң өзине байланыслы. Лекин, пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссаламның айтыўы бойынша, киси қанша көп жасаса да, оған өмири бир ағаштың саясы үстинен ат шаўып өткендей де көринбейди.

207

—Қайсы динди жоқары қоясыз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

--Аз санлы, көп санлы миллетлер болғаны янлы, қайсы динге қанша адам исенгенине қарамастан, динлер өз-ара тең. Өйткени олардың бәриде бир ғана Кудайды улығлап оған бас ийеди. Мәселен, дүньядағы алты миллиард инсанның бир ярым миллиарды адам исенетуғын дин — христиан дини. Екинши орында Ислам, оннан соң баска динлер турады. Мениң ата-бабаларым исенип жасаған ислам динин, бәрибир, жоқары қоятуғынымды жасырмайман.

208

—Күнделик дәптер жүргизетуғын кусайсыз. Максетиңиз?

—Баслы мақсетим — хәр күни өмирден бақлаған гейде қуўанышлы, гейде ашшы дәртлерди жақынларыма, я әллекимге айтып олардың мийин айландырғанша, өзим менен өзим болып өзимше жубаныш табыўды мақсет етемен.

209

—Базы басшыларды, алымларды, жазыўшыларды мәңгилестириў ушын көшелерге, мәкемелерге олардың атларын қойыў пешеге айналып баратыр. Келешекте сизиң атыңыз бенен де көшелер, мәкемелер аталыўынан дәмеңиз бар ма?

—«Уллы ойшыллар, даналар өлсе де, руўхый жақтан пәс тирилерден жоқары» деген халық даналығы бар. Солай болса да, орыс тарийхшысы В.О. Ключевскийдиң (1847-1911) Россия патшасы Екатерина II қайтыс болғанынан соң айткан мынаў бир гәпин есиңизге салайын: «Екатерина II (1729-1796) ушын тарийхый дәўир енди басланды. Яғный, изинде қалғанлардың оған миннетдарлығы хәм оннан өш алыў ўақытлары тамамланды. Бүгинлиги Екатерина II мақтаў я әшкаралаў объектинде емес, керек болса, тек өз дәўирине қосып үйренилиўи тийис тарийхый шахсқа айналды».

Ал, мениң ертеңим жөнинде билгиңиз келсе, «Әўеле өлип алайық, ийман қайда барады?» деген халық даналығын сиз ушын және бир мәртебе тәкирарлайман.

210

—Үйимниң қасындағы бир қыйтақ жериме хештеңе көгерте алмайман. Кеңесиңиз?

— Дийқан бабаларымыздың: «Жер қамыр, төгин қамырдың ашытқысы», «жер қәдирин билмейди, жер екпеген дийқанлар» деген еки даналығында ядтан шығарсаңыз керек. Бул даналықларды умытпай оларға ылайық ислер жүргизсеңиз, онша уттырмаўыңыз мүмкин.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## 211

—Дүньяда еки мыңдай өли тил бар екенин еситтим, бизиң ана тилимиз еки мың биринши болмаспа екен?

—Қәўипленбеңиз, асықпаңыз. Дәўирлер өтиў менен бәрше түркий-зибанлар өз-ара биригип, орталықтан бирсўин дүньялық маштабтағы ең бай тилге айналдырса, тәжип емес!

## 212

—Адамның баслы күши, дәрти неде?

—Адамның баслы күши денсаўлығында, миййнеткешлигинде, дос-яранларының көплигинде, билиминде, дүнья табыўында, оларды дурыслап пайдаланыўында... баслы дәрти жоқарыда айтқанлардың жетиспеўинде, бийперзент болып қалыўында...

## 213

—Бизиң мусылманшылықта ҳаял-қызлар, неликтенде, жоқары ҳүрметте емес сыяқлы?

—Сизди усындай көте ойларға әкелгенлер бизиң бүгинги бийсаўат моллаларымыз. Ҳақыйқатында, Ислам динине қызларға ҳүрмет өз алдына жоқары, Пайғамберимиз Мухаммед алейҳиссаламның ҳадислеринде: «Ким үш қызды дүньяға келтирип, тәрбиялап, ержеттирип, үшеўин де мүнәсип орынларға узатса, оның сыйлығы жәннетдур» делинген. Және бир ҳәдисинде: «Ҳаяллардың жақсысы — еринин көзин қуўандыратуғын, ҳәмирине бойсынатуғынлар менен ери жақсы көрген нәрселерди жақсы көрип, жек көретуғын нәрселерин жек көретуғынлар» деген екен. Ендиги жақларына өзиңиз ой жүўыртып, жуўмақ шығарарсыз.

## 214

—Адамлар арасындағы әззилер?

—Адамлар арасындағы әззилер, биринши: өтирикшилер, урылар, мақтаншақ басшылар, екинши: әўеле Тәңиритааланың, қала берсе, айналасындағылардың меҳирлерине мүтәж кеселбентлер.

## 215

—Өзиңиз картайғалы перзентлериңиз бенен мүнәсибетлериңизге өзгерислер кирмедиме? Мәңгилик не калды?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Бурын мен кеңесгөй болсам, енди перзентлеримниң хәр бири маған кеңесгөй. Бул нәрсе арамыздағы өз-ара мүнәсибетлеримизди бурынғыдан да жақсылады. Себеби, «көптиң ақылы-көл» деп бабаларымыз надурыс айтып кетпеген ғой.

Ал, олардың маған пул берип турыўына келсек, мен алыўға әдетленбей, өз мийнетиме өзим исенип жасаўға үйренгенмен. Психологиялық жақтан аңғарсам, олар, биринши гезекте, өз балаларына (мениң ақлықларыма) бергенди унатады. Мен олардың бундай әдетлерин оғыры жақсы көремен. Себеби, олардың хәр бириниң балалары, биринши нәўбетте, өз ата-аналарының келешеги болса, бәри жыйналып, тек мениң ғана емес, мениң ең арғы ата-бабаларымның да мәңгилик келешеги, халқымның келешеги! Усындай келешек үзилмесе, халқым мәңги. Халқым мәңги болса, сен де, мен де, олда ата-бабаларымыз да бар. Ең баслысы, суверен Республикамыз — Қарақалпақстанымыз бар! Бул мәңгилик!

216

—Ирландиядағы «Хэйин Энд Соне» деген кемешилер фирмасының тамғасында «қол таңбасы, бир алақан менен оннан сорғалаған үш тамшы қан изи» сәўлеленген дейди. Бунның мәниси жөнинде еситпедиңиз бе?

—Ол жөнинде баспа сөзлерден мынадай рәўият оқыған едим:

... Әййемги дәўирлерде теңиз бойында жасаған бир адамның еки улы, бир үлкен кемеси бар екен. Әке бул дүньядан кетер алдынан сол кемесин еки улының қайсысына саўға қылып қалдырарын билмей, оларға «балаларым, екеўиңизди де бул кемеден теңдей алыслыққа апарып отырғызаман, сөйтип екеўиңизге буйрық берип «кемеге қарай, алға!» деймен. Қайсысыңыз биринши болып кемеге қол тийгизсеңиз, кемемди соған мийрас қыламан» депти. Балалары көнипти. Жарыс басланыпты... Кемеге жақынлағанда киши улы үлкенинен бираз артта қалғанын, енди кемеге жете алмасын абайлапты да, жылдам бир қолының пәнжесин кесе сала, кемеге қарай ылақтырыпты. Кесилген пәнже кемеге биринши болып жабысып, қаны сорғалап турғанының үстине үлкен улы жетипти. Бул жағдайдан соң әкеси көп ойланбай-ақ, кемесин киши улына мийрас қылыпты. Ирландиядағы «Хэйин Энд Соне» фирмасының тамғасы сол ўақыядан естелик екен.

Әне, билдиңиз бе, бул да хәрбир ата-ана ушын ойланарлық хәм керек жағдайда үлги аларлық хәдийсе!



www.ziyouz.com kutubxonasi

217

—Италиялы уллы жазыўшы Данте Алигеридиң (1265-1321) ислам динине көз-карасы кандай болғаны жөнинде оқығанбысыз?

—Ҳақыйкаттан да, Данте Алигери уллы жазыўшы сыпатында әййемги дәўир философиясын масыйлық-христиан дининиң талапларына бириктирип, динди өзинше жаңалаўға умтылғаны, оның «Илаҳий комедия»сында айқын көринеди. Бирақ Данте сиясатшыл сыпатында ислам динин жетик түсинбегени себепли, уллы пайғамбер Мухаммед әлейҳисаламға дурыслы баҳа бере алмаған.

218

—Базы бир моллалардың «Мухаммед пайғамбер шайырларды мойынламапты» деген гәплерин еситкенбисиз?

—Еситкенмен. Расын айтсам, ҳәзир бизде шала саўат моллалар көп. Ал енди тийкарғы гәпке өтсек, Ислам дининиң пайда болыў дәўири — араблар арасында шайырлықтың да әдеўир жанланған гезлери екен. Мухаммед пайғамбер исламды, ҳақыйқат мәнисинде, пайда еткен пайытта, оған шайырлар арасынан да қарсылар да аз болмаған. Сол ушын да Қуранның «Шуўара» сүресинде «Адасқанлар шайырларға ереди» деген үш сөз жазылған. Бирақ, соң-соң шайырлар да Муҳам-медти түсиниўге тырысып, ислам тағлыйматларын мойынлаў басла-нады. Усы себептен Қуранда шайырларды қуўатлаўшы аят та пайда болады.

Саҳаба Абу Хурайраның гүўалық бериўи бойынша «...Расули марҳамат қылып... «Сөздиң ҳаслы, расы ҳәм туўрысы, шайыр Лабидтиң сөзидур...» деп айтты» делинген.

Рәўиятлар бойынша Мухаммед пайғамбер шайырлардың сөзлерин тыңлап та, ислам ҳүкимдарлығын қорғаў ушын болған талас-тартысларда, урысларда ҳақыйқый дилўар шайырларды изине ертип те жүрген. Әне, сондай шайырлардың бири Хассон Ибн Сабит болған.

Ал, америкалы жазыўшы Вашингтон Ирвинг (1783-1859) тәрепинен жазылған «Мухаммедтиң өмири» китабында шайыр Каьб Ибн Зухаур, әўелинде, пайғамберге қарсы сатира жазып жүрсе де, соң оның пайғамберлигин мойынлап, дурыслы қосықлар жазып бергенинде, пайғамбер өзиниң үстиндеги шапанын шешип, сол шайырға кийгизген. Соң көп-көп шайырлар Қуранды оқып, тыңлап, өзлериниң дөретиўшилик бағдарларын исламның кең жолларына қарай бурып, исламды қуўатлаўға үлес қосқан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пайғамберимиздиң зайыбы Айша анамыздан «пайғамбер қосықлар оқырмеди?» деп сорағанда, Айша анамыз: «тыңлайтуғын еди, дыққат берип тыңлайтуғын еди.... Бир күни мен оған (пайғамберге) Умания исмли шайырдың қосықларын оқып бергенимде, ол «және оқы, және... деп отырды» деген екен.

219

—Қаламыздың көшелериндеги естеликлерге тәнха көз-қарасыңыз?

—Қаланың көшелерине өтмиштеги уллы бабалардың естеликлерин қойғанға не жетсин. Сонда хәр бир инсан өз қапталында уллылар жүргендей сезинеди. Мәселен, мен уллы бабаларымыз Әлийшер Наўайының, Улуғбектиң, Бердақтың естеликлери алдынан өтсем, қыялымда сол бабалар менен дийдарласқандай, қалбимде әллеқандай қуўанышлы йошлар пайда болады.

Ал, базы бир естеликлердиң алдынан өтсем, қулағыма: «Мени бул жерге бүйтип қойыўдың не кереги бар еди?» деген ызалы хаўазларды еситкендей болатуғын пайытларымда болады.

220

— Хижрий жыл санаў қашан басланады?

— Хижрий жыл санаў Мухаммед пайғамбер Мекkeден Мадинаға көшкен 622-жылдан басланады. Оны биринши рет хижрий жылы деп санаўды киргизген хәм тастыйықлаған инсан екинши халипа Омар Ибн Хаттаб екен.

221

— Аспан жети қабат делинеди. Олардың атларын билесиз бе?

— Рәўиятлардан оқығаным, еситкенлерим бойынша хәр қабатының өз аты бар. Биринши қабатын Ай, екинши қабаты Меркурий (Уторид), үшинши қабаты Венера (Зухра), төртинши қабаты Қуяш, бесинши қабаты Марс (Миррих), алтыншы қабаты Юпитер (Муштарий), жетинши қабаты Сатурн (Зухал).

222

— Адам баласы ушын ең аўыр жаза?

— Ески рәўиятлардан бирине қулақ түриңиз: Ерте заманларда Бағдад халипасы бир айыпкерге бес жүз дүрре урғызғанда, ол мыңқ етпей жатқан екен. Арадан бираз ўақыт өткеннен кейин ол аўырып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

денесининң ыссылығы көтерилгенине шыдамай: «Әй, Алла, өзиң жарылқа!» дей берипти. Сонда дослары: «Ҳаў, бул не? Халипаның бес жүз дүрресине мыңқ етпеген един, денеңниң ыссылығы көтерилгенине шыдай алмай, неге усти-устине ыңқылдап жатырсаң?» дегенде, ол: «әўелги бес жүз дүрре адамға адамның, яғный Халипаның жазасы еди. Оған шыдадым. Енди, минекей, күтилмегенде, денемниң ыссылығы көтерилип баратыр. Соған қарағанда, мен Тәңиритааланың жазасына гириптар болғанман. Мениңше, Тәңиритааланың жазасы аўыр екен» деп жуўап берген екен.

223

—Пайғамберимиз Мухаммед алейҳиссаламның Аршаалаға ушып, Тәңиритааланың қасына барып келгени хаққында рәўиятлар оқығанбысыз?

—Бул жөнинде рәўиятлар да, әпсаналар да оқыдым. Биринши нәўбетте, «Фан ва турмуш» журналының 1997-жылғы № 6 санынан оқығанларымнан баян етейин:

Қураны Кәримниң «Ал-исра» сүресиниң биринши аятында: «Расуллаҳ: «Бир кешеде мешит ал-Ҳарамда екенмен .... Ҳүзириме (алдыма) Жабырайл Бурақ исмли атты жетеклеп келди хәм мени қасына миндирип көкке ушты. Бир заманда Қуддус қаласына келдик. Бул жердеги ал-Аксада мешитинде еки рәхәт намаз оқыдықта және Буракқа минип аспанға уштық» деп айтады. Жолда олар Муўса пайғамбердиң Синай таўларына дус келеди. Хевронда Ибрахим пайғамбердиң кәбирин зиyaратлайды. Ийса пайғамбердиң киндик каны тамған мухаддес Вифлиемге барады. Сөйтип Жабырайыл хәм Микоил периштелер менен бирге Қуддусу шәрипке келеди. Усы кәрадан Жабырайылдың басшылығында пайғамберимиздиң Меражға сапары басланады...

Биринши аспанға ушып келсе, оның турысы Ферузадан жасалған екен. Бул жерде пүткил адамзаттың түп бабасы Адам ата менен ушырасады. Ҳәзирети Адам атаның оң таманында мыйық тартып отырған бахытлы адамларды, ал шеп таманында муңайған гүнакар адамларды көреди...

Екинши аспанның ақ мәрмерден жасалғанын көреди.

Үшинши аспан яқуттан жасалған болып, оның басында хәзирети Якуб пайғамбер менен улы Юсуп хәм ҳәзирети Даўыт пенен Сулайман пайғамберлер алдыларынан шығады.

Төртинши аспаннан да өтеди. Хәр аспанға көтерилгенде Жабырайыл оның есигин қағып тақылдатады екен. Сонда оның қақлағы



www.ziyouz.com kutubxonasi

ашылып, аспанды корғап турған периштелер менен әлле қайсы бир шетте, бир-бирине тығылып турған хәр қыйлы иблислерди де көреди...

Бесинши аспан алтыннан жасалған болып, бул кәрада хәзиретлеримиз Исмайл, Исхақ, Хорун, Лут пайғамберлер менен ушырасады.

Алтыншы аспан Мерўерттен жасалған болып, бул жерде Муўса пайғамбер менен ушырасады. Оны көплеген сахабалары қоршап турады екен. Яхудий дининиң тийкарын салған Муўса пайғамбердиң көзлеринде жас көреди. Бундай болыўының себеби, мусылман дининиң бираз илгерилеп кеткенин оның сезингенинен екен.

Оннан кейин пайғамберимиз Нуўх хәм Идрис пайғамберлердиң алдында да болып, пәтияларын алып, жетинши аспанға ушады.

Жетинши аспан нурдан жасалған екен. Пайғамберимиздиң көз алдында Сарай хәм бийик тахт пайда болады. Бул тахтта Ибрахим пайғамбердиң отырғанын көреди.

Солай етип пайғамберимиз дүньяның ең жоқары төбесине шығады. Бул аспанда бир уллы дарақтың айырым шақалары зумрад, басқалары мерўерттен болып, олар Тәңиритааланың он таманында өсип турғанын көреди.

Қаўсар хаўызы хәм Самабил булағы да усы кәрада екен. Бул жерде, пайғамберимиздиң алдында, үш периште үш кесе менен пайда болып, оған бир кеседе сүт, екинши кеседе мәй (шарап), ал үшинши кеседе пал тутады. Пайғамберимиз сүтли кесени алып уртлайды. Бул бөрше периштелерге унайды...

Усылайынша, пайғамберимиз Мухаммед алейхиссалам Тәңиритааланың жайы Аршыаалада болып, өз үмметлериниң хәр күни тек бес рет намаз оқыўына келисим алғаннан соң, жерге қайтыўына рухсат сорайды... Тәңиритааланың алдынан шыққаннан кейин, оның мәрхаматы менен, Жабырайл периштениң басшылығында Мухаммед әлейхиссалам бейишти де, дозақты да көрип жерге қайтады...

224

— Инсанның өмириндеги аўыр иллетлер?

— Умытайын деген нәрсесин умыта алмаўшылық. Жақсы жасаўдан гөре узақ жасаўды әрман етиўшилик. Қанша көп байлықлары болса да, бәри аз көрине бериўшилик.

225

—Инсан қәйткенде өлим қәўпинен қутылады?

— Өлсе.



www.ziyouz.com kutubxonasi

226

—Адамлардың әлем сырларын түсиниў дәрежелери қалай?

—Менинше, бир Тәниритааладан басқа хәр инсан бул дүньяның сырларын хәр қыйлы түсинеди, яғный бүгин пүткил әлемде 6 миллиард инсан жасайды десек, дүнья жөнинде 6 миллиард қыйлы түсиник бар.

227

—Пессиммистписиз я оптимистписиз?

—Пессиммистлик пенен оптимистлик түн менен күнниң алмасқаны янлы қубылыс. Кимге болса да, бул түсиниклердиң тек биреўи менен ғана жасаў жоқ.

228

—Ата-ананың хүрметин дурыс бәржай келтириў жоллары жөнинде пикириңиз?

—Перзенттиң ата-анаға хызмети жөнинде нақыл-мақаллар сан-санақсыз ғой!. «Кимге ата-анасы разы болса, оған Қудай разы...» Хәзирети Әлийшер Наўайы «ата-ананың бирин Ай, бирин Қуяш» деп жасаў кереклигин ескерткен.

Рәўият: Бир жигит Мухаммед алейхиссаламға келип: «Әй, уллы пайғамберим, мен өзимниң кеселбент анама қандай жақсы хызмет қылып атырғаным туўралы тыңлап, изинде сораўыма жуўап бериңиз, — деп гәп баслайды: —Хәр күни азанда таң атыўдан ушып тураман да, анама хызметимди баслайман. Бийхазар ғана жуўындыраман, кийиндиремен, өз ўақтында тамақ писирип беремен. Тислери жоқлығы себепли нанды өзим шайнап, аўзына саламан. Ол уйқыға кеткен соң түргелип, аяқларымды ғаз-ғаз басыў менен үйден шығып, жумысларыма бараман. Усындай хызметлерим ушын маған бейиштиң есиги ашық болар ма екен?»

Сонда пайғамберимиз:

— «Жоқ, — депти бирден-ақ. — Бейиштиң жоллары сен ушын еле жабық».

— «Не ушын?» — депти жигит.

— «Билип қой, анаң өз ўақтында саған, бүгинги сениң анаңа хызметлериңнен де көбирек жақсы хызметлер қылған. Оның үстине, ол хәр сапары: «Әй, қудиретли күшлим!. Мениң улыма қайырқом болагөр, улымның денин саў қылып, узақ өмир бере гөр!» ... деген



www.ziyouz.com kutubxonasi

тилеклер пенен жасайтуғын еди. Ал, сен, хәр күни уйкынды бузып ерте турғаның ушын ишиңнен бираз назыркаңып: «Әй, Кудирети күшлим, мени бул машкалалардан тезирек куткарағәр»... деген ойларды қәлбиңнен өткересең. Бул, әлбетте, анаңның өлимин тезлетиўди әрман еткениң....

Жигит жүдә терең ойларға шүмиў менен «Кешириниз!» деп пайғамберге бас ийеди. — Енди өйтпеймен!»

Енди сиз де ата-анаңызға өз хызметиңиз жөнинде ойланып көриңиз!

229

—Инсан өмиринде музыканың орны кандай?

—Музыка еситилсе, қәлбине жаңаша қуўанышлы, я хәсиретли ғул-ғулалар түспейтуғын, ийинлери қыймылдамайтуғын, я муңаймайтуғын инсанды табыў қыйын. Өйткени, биз жасаған, бизди жан-жаклы қоршап турған бул жақты әлемниң өзи мәңгиге тынбас сырлы музыка. Сол ушын да инсанның өмири де, өлими де музыкасыз болмайды. Музыка хаққында ойлар әййемги Эвклидтиң «Гармоника», Аристотельдиң (Арастудың) «Муаммалар» шығармаларында көп тәкирарланады. Фарабийдиң көз-караслары бойынша музыка әлемди «тәрбиялаўшы» илимлердиң қатарына қосылады. Ибн Синоның көз-карaслары бойынша, музыка адамды тәрбиялаў менен, оның руўхына хәм жумсақлық, хәм нәзиклик киритеди. Мухаммед Хорезмий музыка илимин өз ишине хақыйқатлықты қамтыўшы пән сыпатында, Әбдирахман Жәмий музыка илимин «зәрүр» илим сыпатында таныған болса, Әлийшер Наўайының музыканы айрықша бахалағаны соншелли, ол музыка илими менен шуғылланыўшыларды өмириниң ақырына дейин керекли кәрежетлери менен тәмийинлеп (спонсорлық қылып) жасаған.

230

— Не ушын адамларға қызбалық тән?

— **Рәўият**: Адам ата менен Хаўа ана Тәңиритааланың кәраматы менен бейиште жасап атырған гезлеринде, қасларына Иблис (шайтан) келип, оларға бир қапталындағы дарақтың писип турған миўесин көп мақтайды хәм оннан дәм татып көриўди усынады.

Тәңиритаала оларға бейиштиң бағына тиймеўди ескертип қойған еди. Адам ата менен Хаўа ана Тәңиритааланы бул ескертпесин умытып, Иблистиң мақтаўларына инанғаны себепли дарақтың бир дана



www.ziyouz.com kutubxonasi

мийўесин үзип алады да, өз-ара бөлисип жейди. Дүньядағы гүллән хәрекетлерди төбеден баклап турған Тәңиритаала олардың өз ўәделерине ўападарлық қылмағаны ушын қәхәрленип, екеўин де бейиштен шығарып жибереди... Кең әлемге шыққаннан кейин олардың көзлери қамасып, бир-биринен адасып қалады да, бир неше жүз жыллардан соң қайта табысады. Олар енди хеш қашан жалатай Иблистиң сөзлерине инанбаўға серт етисип, өзлеринше өмир баслайды. Усындай күнлердиң биринде кишкене баласы менен Иблис пайда болады. Екеўи де оған терис қарайды. Бирақ Иблис хештеңе елестирмегенсип: «Әдиўли ерли-зайып! Мениң бир жерде қыстаў жумысым бар еди, айналып келгенше мынаў балама қарап турыңлар» деп өтиниш қылады. Олар қыймай келисим береди де, Иблис баласын қалдырып, көзден таса болыўдан: «Нәлетий Иблистиң тұқымы жайылмасын!» десип, баласын тезлик пенен буўындырып өлтиреди. Соның арасында Иблис жетип келеди де, хеш нәрсе сезбегенсип, оларға алғыс билдиреди хәм дәрриў баласының атын айтып «О, Ханнас!» деп шақырады. Қапталда өлип жатырған баласы «Ха, ата!» деп орнынан ғарғып турады. Иблис және бир жерде оғыры қыстаў жумысы барлығын айтып, баласын және оларға таслап кетеди. Бул сапары Адам ата менен Хаўа ана Иблистиң тұқымы жайылмасын десип, баласын балта менен майдалап шаўып-шаўып өлтиреди. Иблис және қайтып келеди де, әўелгисинше, хештеңе сезбегенсип, баласының атын айтып шақырады. Бала және «Ха, ата!» деп ушып түргеледи. Иблис ойланып турмай, енди әўелгилерден де қыстаў жумысы барлығын ескертип, баласын және оларға таслап кетеди. Бул сапары Адам ата менен Хаўа ана ойласып «бул нәлеттиң баласын қалай өлтирсекте, тирилe береди» десип, Иблистиң баласын тез шаўып өлтиреди де, қазанға салып қуўырады хәм өз-ара бөлисип тез-тез жеп қояды. Олар жеп бола сала қолларын, аўызларын сыпырып, хештеңе билмегенсип турған гезде, әлле қайдан Иблис пайда болады да, мәселениң төркинин уғынып, өзинше шақалақлап күледи. «Ха, неге күлдиң, уятсыз?» дейди екеўи теңнен. «Мен мақсетиме жеттим!. — дейди Иблис. — Билесиз бе, мениң әрманым баламды сизлерге жегизиў еди, жепсиз. Енди сизлерден туўылып өсип-өрбиген хәр бир әўладыңыздың қанына мениң, яғный, Иблис исмли сыйқырлы кәрамат ийесиниң қаны қосылып туўылады» деп шақалақлап күлиўи менен өз жөнине бөдар кетеди.

Әне, соннан баслап хәр бир инсан әўладының қанына Иблистиң қаны араласып туўылатуғын болған. Гүллән инсанлардағы қызбалықтың, қан төгиспелердиң, бир-биреўге мехирсизликлердиң, сумлықлардың бәршесине ең әзелги Ата-Анамыздың қанына араласқан сол сумлықлы Иблистиң баласының қаны себепкер екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

231

— Хәр шаңаракты, миллетлерди өз-ара бириктириўши бас күшлер неде?

— Хәр шаңаракты өз-ара бириктириўши бас күш— Ата-ана. Миллетлерди өз-ара бириктириўши күш -дин!

232

—Ийса пайғамбердиң тағлыйматларынан айтып берсеңиз?

—Рәўият: Бир күни Ийса пайғамбер гүллән елатлардан алыс даланлықлардағы кең мәканда жасайтуғын бир сахрайы адамға ушырасып калып: «Әй сахрайы! Сен, неге баскалар усап калада жасаўға, илим үйрениўге, сөйтип Кудайға жакын болыўға талапланбағансаң?» депти. Сахрайы көп ойланып турмай: «Кайда жасасам да, бир Кудайды тән алсам жеткиликли емес пе? Мәселен, мен уллы бес тағлыйматка сүйенип ис кыламан. Егер, сизде буған косымша бес тағлыймат коса билсеңиз, усы бүгинги демиме дейинги ийелеген илим-билимимди және де байытар едиңиз» дейди.

«Сениң билетуғынларың кандай тағлыймат?» —деп сорайды Ийса пайғамбер.

«Әўеле, сиз маған үйретиңиз, соннан кейин айтаман»,— дейди сахрайы.

«Мен әўеле сизди билип алайын»,— деди Ийса пайғамбер.

«Олай болса, еситиңиз: — деп гәп баслады сахрайы. —Биринши хадаллық жаксы, харамлық жаман. Хадал нәрселерди жеймен, харам нәрселерден жеркенемен.

Екинши: рас сөзлилик жаксы, өтирикшилик жаман. Мен мудамы рас сөйлеймен. Өтирикшилерден жеркенемен.

Үшинши: таза болып жүрип Кудайға бас иймек жаксы, гүнакарлық жаман. Мен таза болып жүрип Кудайға бас ийемен, гүна болатуғын ислерди кылмайман.

Төртинши: бәрше сәтсиз ислеримде тек өзим айыплыман деп жасайман. Сол ушын баскалардың айыпларын излемеймен.

Бесинши: инсан шын кәлибтен ашыклықты, дослықты әўеле баскаларға емес, бир Кудайға арнаўы лазым. Адамлар менен араласып-арпаласып жасамасам да бәрха бир Кудайға садыкпан!»

«Әй, сахрайы,—депти Ийса пайғамбер оны дыккат пенен тыңлағаннан кейин, —хәр истиң әўели де, акыры да, сен билетуғын хәм сен әмел кылатуғын усы бес тағлыйматтан ибарат. Баркамал



www.ziyouz.com kutubxonasi

илим деп, әне усыларды айтады. Маған да, саған да, халыкка да, сен ҳамал қылатуғын илимлердиң өзи жеткиликли!»

Әне сизге Ийса пайғамбердиң тағлыйматлары! Ядлап, бул тағлыйматларға садықлыкта жасайман десеңиз, мәрҳамат!

233

—Мустақыллыққа дейин Қарақалпақстанға партиялық обком, райком секретарлары болғанлар бүгинлиги пенсияда. Олар менен ушырасыўыңыздан алған тәсирлериңизден айтып бересиз бе?

—Базылары менен гейде отырыспалас болып қаламыз. Жақында бир тойда, олардың екеўи менен бирге отырып қалдым. Биреўи гәп арасында өзиниң денсаўлығына наразылық билдирген еди. Екиншиси оған: «Әй, сен, әзелден сықмарсаң, районға биринши секратарь болып турған гезинде де қытымыр едиң. Меннен үлги алмас едиң. Ең болмаса, енди үлги ал! Мен, мәселен, ден саўлығым ушын керек болса, күнине кеминде 50-60 доллар жумсайман» деди.

Шағынған адам тек мыйығынан күлди де: «Мен өз ўақтында тек халықтың тәғдийрин ойлаў менен болыппанда, Сизге усап, пара алыўды бас мақсет етип алғанларымды жаў көзлерден тасалап тек подвалға жасырып қоя бермеппен, ақсақал» деди.

Ақылгөй пенсионер бирден лал болды.

234

— Христиан дининдегилер ушын 7-апрель байрам күни-миш. Себебин билесиз бе?

— Бул күн Жабырайыл периштениң Қыз Мариямға (Бибимәрямға) келип Тәңиритааланың караматы менен ул туўатуғынын, атын Ийса (Иисус) деп қойыў кереклигин ескерткен күн. Бул күн бизиңше 7-апрельге туўра келеди. Сол ушын Христиан дининдегилер бул күнди, Тәңири-тааланың адамзатты гүллән бәлекададан қутқарған күни, деген исеним менен байрамлайды.

235

— Бурынғы ўақытларда бизде кәрўанлар жолын «Жипек жолы» деп атаўға себепкер болған жипеклер қайсы елден шыққан?

— Мениң оқығанларым бойынша, Мелодийдан үш мың жыллдай бурынғы 2698-жылы, және бир рәўиятта айтылыўынша 2600-жылы, Қытай мәликасы Си Линг Чий сарай бағында, тут ағашының саясында, чай ишип отырғанында кесесине бир пилле түсип кетеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пилле ыссы суўда тобарсып жумсарады. Си оны алып таслайжақ болғанында, қолына жабысқан бир ушының изи үзилмей, кесесиндеги тийкарғы пилле еле тура береди. Ол узақ отырып пиллениң жипегин тарта-тарта, кесесин зорға тазалайды. Усыннан соң Си бул нәрсениң күтә керекли зат екенин өзинше уғынып, барлық көргенлерин патшаға баян етеди. Қытай ҳүкимдары Чин Чонг бундай нәрседен пайдаланыўдың кереклигин түсинип, тут ағашларын көплеп егиўди қолға алады ҳәм Си Линг Чийди кәраматлы қудай сыпатында тән алады. Сөйтип ҳәр жылы Си байрамын, яғный жипек байрамын өткериўди белгилеўге ықырар етеди. Ақыры айналып, бул байрам Қытайда ҳәр жылы өткерилетуғын жипек байрамына айналады.

Басқа рәўиятларда жипекти биринши ҳиндлер тапқан-быш...

Будда дининдегилер жипекти Будда дининиң тийкарын салған Гаутама Будда узын-шубай бийик-бийик таўларда жасап жүргенинде биринши тапқанлығын дәлиллейди.

Жипек биринши рет Самарқандтан табылғанын дәлиллеўши рәўиятлар да бар..

Ең баслысы, жипек өзиниң табылыўы менен үзилмейтуғын узын-узын сабақлары арқалы континетлерди бир-бирине байланыстырыўда уллы-уллы хызметлер атқарады. Сол ушын да саўдагерлердиң жипеклерди өз елинен басқа елге алып өткен жоллары «Уллы жипек жолы» болып аталып кеткен. «Жипек жоллар» дан, тек жипектен исленген затлар алып өтилген делинсе де, бир тәреплеме анықлама болыўы мүмкин. Орта әсирлерде бул жол арқалы Шығыстан Батысқа, тийкарынан, жипек, қағаз тасылған болса, Батыстан Шығысқа қарай шийше, жүн гезлемелери, гилем, палас, айна ҳәр қыйлы металл ҳәм зийнет буйымлары менен бирге ҳәр қыйлы дәри-дармақлар да, ҳәтте сатылатуғын қулларда өткерилип турылған. «Жипек жолы»ның ең баслы әҳмийети Батыс пенен Шығыс адамларын, олардың психологияларын, динлерин, мәдениятларын бир-бирине жақынластырады, таныстырады...

236

—Искендер Зулхарнайынның (Македонский) өмиринен бир әпсана айтып берсеңиз?

— ...Искендер Зулхарнайын Африканы жаўлап алыў ушын Зулмат деп аталған таўдан өтиўи керек екен. Данышпанлардың мәсләҳәти бойынша, жолларды әўеле өзи көрип алыў мақсетинде, ешекке минип, изинде ушы-қыйырсыз бир топ жигити шубалтып жолға түседи. Күтилмегенде бир дәрьяға дус келеди. Бул дәрья Обиҳаят (Өмирбахш) суўы ағатуғын дәрья екен. Искендер оннан ишпей өтип, амозонкаларға (нөкерлер кийиминдеги дала ҳаяллырына) жолығады. Амозонка-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лар оны ҳүрмет пенен қабыл етеди. Искендер аш болып олардан нан сорайды. Амозонкалар оған ҳәмме жейтуғын әпиўайы нан емес, алтыннан қуйылған нан береди. Искендердиң хайраны шыққанын көрген амозонкалар: «Неге таңланасыз? Егер де сен, бәрше инсан жейтуғын әпиўайы нан менен қанаатланғаныңда, өз елиңнен шығып, биз тәреплерге келмес един» дейди. Сонда Искендер хайранлықта бирден изине айналады да, Обиҳаят дәрьясын жоқары қарай жағалап барып жәннет дәрўазасына келеди. Бул жерде дәрўазаманлар оны ишке киргизбейди. Искендер кирмекши болып, күш пенен алға умтылғанында: «Тоқтаңыз! Бул ҳақ нийетли инсанлардың мәканы» дейди дәрўазаманлар. Искендер найлажлықта «маған бир естелик бериңлер» дейди. Дәрўазаманлар оған адамның бир көзин инам етеди. Ол көзди алып, данышпанлардан «бул көз нениң тымсалы?» деп сорағанда, данышпанлар: «Бул көз-ҳәмелпаразлықтың, даңқпаразлықтың, ашкөзликтиң тымсалы» деп жуўап береди. Буннан соң және изине қайтады. Сарайына келип, естеликке алған сол көздиң қәсийетин дурыс уғыныў мақсетинде, еки басы тең жақсы тәрези таптырып, бир жағына сол көзди, екинши жағына ғәзийнеханасындағы гәўҳар, алтын-гүмислерди биримлеп сала баслайды. Тәрезиниң көз салынған тәрепи сирә көтерилмейди. Ғәзийнеханасындағы гүллән баҳалы нәрселерин қалдырмай салады. Бәри бир, тәрезиниң көз салынған тәрепи басып тура береди. Сонда Искендер Зулхарнайын тәўбеге келип, айналасындағыларға:

— Халайық, мен бир нәрсени уқтым. Усыннан демим таўсылып өлсем, мениң еки қолымды табытқа байламай, салбыратып, алақанларымды ашып қойыңлар. Мениң менен мәңги хошласыўға келгенлердиң бәршеси мениң ол дүньяға өзим менен ҳештеңе алып кетпегенлигимди көрсин, — деп ўәсият қалдырған екен...



—Мен бурынғы СССР қулағаннан кейинги бүгинги дәўирдеги көп адамлардың минез-қулқыларын еле дурыслы түсинбеймен. Не дейсиз?

—Пайғамберимиз Мухаммед алейҳиссалам: «Мойынтырық астына үйренген өгизлер айналада шабысып жүрген кийиклерди ҳәм өз еркине жүрген басқа хайўанларды көзлери шалса: «булар өзлерин жумсайтуғын ийесиз қалай жасайды деп таңланысады» десе, пайғамберимиздиң екинши халипасы Омар ибн Хаттаб: «шығырға қосылған, я төледе байланып бағылған малларды босатып, қуяшқа шығарсаң, олар өзлерине от-шөп таўып жей алмайды...» деген екен...

Усы айтылғанлар сыяқлы, тек партиялық көрсетпелер бойынша ислеўге үйренип қалғанлар бүгинги еркинликке еле үйренисе алмай атырса керек.

238

—XX әсирде жазылған көркем шығармалардың тәғдирлери XXI әсирде қалай болар екен?

—XIX әсирде дөреген базы шығармаларды үйрениў XX әсирде қанша зәрүрли болған болса, XX әсирде дөретилген базы шығармаларды XXI әсирде үйрениў, тап сол дәрежеде зәрүрли. Бирақ қайсысынан үлги алыў, үлги алмаў кереклигин дәўирдиң сиясатлары анықлайды.

239

—Ақыл инсан ушын қандай қубылыс?

—Ҳаўа райы киби инсанды тез-тез өзгертип туратуғын қубылыс.

240

—Ладанлықтың бас белгиси?

—Тәнхә өз айыпларын сезбей, кемшиликлер ушын тек өзгелерден айыплар излеп жасаўшылық.

241

—Инсандағы кишипейиллилик ҳәм менменликтиң белгилери?

—Кишипейиллиликтиң белгилери — инсан қанша жоқары лаўазымларға көтерилседе, қанша дәрежеде илим-билимли болып, мәмлекет тәрепинен қанша ҳүрметли атақларға ериссе де, өзин басқалардан пәсте тутып жасаўында, мақтанбай сөйлеўлеринде. Ал менменликтиң белгилери — усы айтылған анықламалардың толық кериси...

242

—Қала басшыларынан сизге унамайтуғынлары?

—«Қаланы қайта қурып гөззалландырып атырман» деген сылтаў астында, қалаға тек ғана кириў ҳәм шығыў жолларының еки тәрепин ғана гөззал қылыўға талапланатуғынлары.

243

—Өзиңизге дос тутыўдағы тәжирийбелериңизден айтсаңыз?

—Дослар излеўде уллы Әбдирахман Жәмийдиң (1414-1492):

> «Ҳәр кимседен өзиңе дос излеме,
> Ҳәр достыңнан тек мириўбет гөзлеме»

деген еки қатар даналығын бәрҳа есимде тутыўға тырысаман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ал, досларға садықлық жөнинде уллы Хафыз Шеразийдин (1300-1389):

«Бейиш бағы, хүрлер мәканы етилсе де инам,
Алмаспайман дос жасаған көше топырақларына»

деген еки қатар даналығын өмириме жол-жоба қылып жасағанды жақсы көремен.

Ал, досларға исенимим жөнине келсек, Швейцарияның атақлы жазыўшысы Иоган Коспар Лапатердиң (1741-1801): «Һәмме ислериңди жақсы дегенге де, гүлләң ислериңди жоққа шығарғанға да исенбе, ал, сен қылған ислерге бийпәрўа болған адамға да дыққат берме» деген кеңесине мүмкиншилигим болғанынша сүйенип ҳәрекет еткенди унатаман.

## 244

—Терең пикир деген не?

— Француз философы Дени Дидроның (1713-1784) сөзи менен айтқанда: «Терең пикир-ақылдың төрине қағылған темир шеге. Оны хештеңе менен суўырып алыў мүмкин емес яңлы қубылыс».

## 245

— Бар ақылымды қәйткенде байытып бараман?

—Халқымыздың миллий даналықларына қоса, пүткил дүньялық даналарды оқып барыўға тырысыў менен, уллы немец шайыры Иоганн Гетениң (1749-1832) «ҳәр күни, ең болмаса, бир жақсы қосық тыңлап, бир жақсы картина көриўиң ҳәм мүмкин болғанынша, даналық пенен айтылған бир гәпти ядлаўға тырысыўың тийис» деген нәсиятын ядында сақлаўға тырыс.

## 246

—Патриотизм деген не?

—Патриотизм — бул биринши гезекте, халқына, ўатанына шын мәнисиндеги муҳаббет. Уллы орыс жазыўшысы Алексей Николаевич Толстойдың (1883-1945) сөзлери менен айтқанда: «Патриотизм — бул ўатанына тек муҳаббеттен ғана ибарат емес. Патриотлық —бул өзиңди ўатаныңның ажыралмас бир бөлеги сыпатында сезиниў менен, оның отында жаныў, суўында қайнаў. Демиң таўсылғаннан кейин оның әдиўли топырағына араласыўды әрман етип жасаў».



www.ziyouz.com kutubxonasi

247

—«Заман саған бақпаса, сен заманға бақ» деген нәсияттың мәниси?

—Инсан өз билимлери менен заманының руўхый күшине, бәрше ислери менен оның физикалық фундаментине айланса, заманына баққаны.

248

—Дүньяда қайсы тил үстемирек?

—Орыс әдебиятының уллы сыншысы Николай Гаврилович Чернышевский (1828-1889) хеш бир тилди биринши орынға қоймастан «хәр бир халықтың өз тили оның ақыл дәрежесин билдириўши уллы күш. Базда, тилдиң кеңнен изертленип болынбаўына да қарамастан, хәр тил өзинше бай хәм кәлеген жағына бурыўына болатуғын нағыз қурал» дейди. Мен бул анықламаға исенемен. Себеби мениң ана тилим-Қарақалпақ тили де, қәлеген жағыңа бурып сөйлеўиңе толық дәрежеде жарайтуғын, әсиресе дүньядағы 300 миллионнан аслам түркийзибанлар менен еркин сөйлесетуғын тил!

249

—Базда маған «басыңда еркиң жоқ» деп, қанатпай соятуғынларға не десем болады?

—Ашыўланбай, тыңық хәм тереңойланып көриў керек. Ойлағанда да, сол адамның бахасы дурыслығы я надурыслығы жөнинде өзиңде исенимли көз-қарас пайда етип, яғный, өзиңди өзиң дурыс бахалаў мақсетинде, Англияның уллы жазыўшысы Бернард Шоудың (1856-1950) «ерки жоқ адам өмирден өзине жол таппайды», Нидерландияның уллы жазыўшысы Эразм Роттердамскийдиң (1465-1536) «өз еркин өз қолына ала билген адамды хештеңе жеңе алмайды» деген анықламалары сыяқлы даналықларды хәм олардың не ушын тап усылай дегенлериниң түп мәнилерин таўып оқыўға өзиңди мәжбүрле.

250

—Ата-анаңыздың исми-шәриплери кимлер? Егер қайтыс болған болса, оларды қанша ўақытқа дейин еслейсиз?

—Әкем Қайыпберген (1908-жылы туўылған), анам Гүлхан (1910-жылы туўылған). Екеўиде 1984-жылдың декабринде автоавария нәтийжесинде (әкем авария пайытта, анам еки күннен соң) қайтыс болды. Қәбирлерине белги салдырдым. Әўелги гезде, хәптесине, бир рет еди. Енди еки хәптеде бир рет қәбирлерин зиярат қыламан. Қатарларына өзимди апарып жатқарғанша Ата-анамның руўхына зиярат етиўди тоқтатпайман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

251

—Миллий басшыларымыздың қандай болыўын қусейсиз?

—Әрманым — олардың кеңирек ойлап, миллет ушын жарымлы ислер қылғанын көриў. Тилекке қарсы, биразлары өзлериниң жеңил-желпи сумлыклары, руўлары, ағайын-туўғанлары, кең-кең калталары арқалы басшылық лаўазымға көтериледи де, миллеттиң бүгинги дәрежелерине дурыслы баҳа берип, оны қалайынша әлем дәрежесине көтериў ҳаққында ойламай, тек өз ағайинлерин, руўласларын, босап қалған кең-кең қалталарын қәйткенде тез-тез толтырып турыўды ойлатуғыны жанымды жейди.

252

—Өлгенлерди еске алып турыў парыз, лекин, базы инсанлардың қәбиристанға жақын жүриўден де қорқатуғынын билесиз бе?

— Мениңше, қәбирстанлардан қорқыўдың кереги жоқ. Кеше оларда бүгинги сен, мен я ол усап ана жерин қайра-қайра басып, жуўырысып жүретуғынлар еди ғой. Бул жөнинде даңқлы бабаларымыздың бири уллы аллама Нажимаддин Кубра (1145-1229), адамларға, мектеплерге қатнайтуғын оқыўшылардың жоллары қәбиристанлар арқалы өтип, болмаса, мектеплердиң әйнеклери қәбирстанлар тәрепке қаратылып салыныўы тийислилигин ескерткен. Бунын мәниси — инсан күнине бир мәртебе болсада бир күни өзиниң де усындай қәбирстанлардың бир ағзасына айналып кететуғынын еслеп жасаса, ол ҳешкимге ҳеш қашан жаманлық ойламай, пәнт бермей, қыянет қылмай өзин бәрқулла пәк тутып жасаўға әдетленеди, дегени екен.

253

—Ҳақыйқый муҳаббет барма?

—Бар, әлбетте! Тириликтиң тийкарғы фундаменти, дийўалы, төбеси, гөззаллығы муҳаббеттен ибарат. Ҳәр инсанның тириликтеги баслы жыры, қосығы, өкиниши, ҳәсирети, дүньядағы гүллән урыс қағыслардың да түп-дәреги дерлик муҳаббет себепли. Муҳаббет Инсанның мәңги соғып турған жүреги, ол тоқтаса, өмириң тоқтайды. Егер муҳаббет болмағанда «Фарҳад ҳәм Шийрин», «Ләйли ҳәм Мәжнүн», «Ғәрип-Ашық», «Ромео-Жульетта»... сыяқлы сан-санақсыз ашықлық дәстанлары көп жыллар, әсирлер даўамында аўыздан-аўызға өтермеди? Егер муҳаббет болмағанда, Италия шайыры Алигер Дантениң (1265-1321) сүйген қызы Беатричеге, Франческо Патрарканың (1304-1374)



www.ziyouz.com kutubxonasi

сүйген кызы Лаураға, Александр Пушкиннинң (1799-1837) сүйген кызы Татьянаға ашыклығы әпсаналарға айналып бүгинге шекем көп халыклардың аўзынан түспей айтылып келермеди? Азербайжанның уллы шайыры Ильяс Ибн Юсуф Низамий Генжаўидиң (1141-1203 ж.) мына косык катарлары менен айтканда:

«Мухаббетсиз киси — мисли бир музлык,
Жүз жаны болсада, ол — өликдур, өлик.

Бүгинги бизиң Каракалпакстанда Бердак атындағы сыйлыктың лауреаты шайыр Жийенбай Избаскановтың улы 19 жасар студент Роберт Избасканов пенен жәмийетлик искер Дәўлетбай Ниязовтың кызы Венера Ниязова өзлериниң мухаббетине ерисе алмайтуғынын сезингени себепли, бирге кушакласыўы менен, 1999-жылдың 24-августы күни Нөкистеги «Ащы көл»диң терең жерине бойларын таслап өлгени адамларға, кустаны ўакыя болып түйилседе, бүгинги жаслар мухаббетиниң бизиң заманымыздағы бир көриниси емес пе? ... Ўакытлар өтиўи менен келешекте бул еки жас жөнинде де жокарыдағыдай атаклы дәстан, эссе, повесть, драма дөресе тәажип емес!

254

— Айналаңызға көз-карасларыңыз хәмме ўакытта бирдей ме?

— Инсан өзин коршаған орталыктан үйренип, тәсирленип, дәрегинде, оған усаўға тырысып жасайды. Өзиң, мәселен, бир кыйлы өткен күнди, бир орыннан козғалмай турған куяшты, айды, бултларды... көрдиңбе? Мен де бәрше инсан секилли бүгин бундай болсам, ертең баскашаман. Базда бир күнниң өзинде кыялым мыңсан кубылады. Бул кубылыслар ўәделерге бийопалык дегенди аңлатпайды, инсаныйлык кубылыслар әлбетте!

255

—Өмириңизге канааетленесиз бе?

—Канаат адамның өз кейлинен, өзин-өзи баскарыўына гәрезли. Хакыйкатын айтсам, өмиримдеги есапсыз утылысларымның биразы есиме түсе хойса, әўеле өзиме, соңынан, өзгермели заманыма кахәрим артады. Базда бул жалғаншы дүньяға келгениме пушайманлыклар бойымды бийлейди де, бирден жылағым келип, хәттеки, өзиме тезирек өлим келиўин тилейтуғын минутлар да болады, соңынан басыламан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

256

—Сизиң ең сүйкимли перзентиңиз?

—Мен ушын биреўи емес, бәрше перзентлерим теңдей сүйкимли. Ал нағыз ғаррылықты сезе баслағалы маған аклықларым көбирек сүйкимлирек көринеди. Ҳеш бири маған ҳеш қарсыласпайды. Соңлықтан олар менен қыдырғанды да, дәлкеклескенди де жақсы көремен. Ҳәр бириниң «Мен Атамның баласыман», «Мен Атамның қызыман» деп маған таласқанын көрсем, өзимше, «мен бахытлы ғаррылықты бастан кеширип атырман!» деп қуўанаман ҳәм аклықларым ушын қалталарыма шәртли түрде салып жүретуғын конфеталарымды дәрриў оларға теп-тең үлестиремен.

257

—Заманлас кәсиплеслериңизге көз-қарасыңыз?

—XX әсир бизиң Қарақалпақстан ушын өзинше ояныў әсири болған секилли. Сөйтсе де, базы заманласларымның елеге шекем уйқылары дурыслап ашылмаса да, уйқылары қанып оянған киби асығыслықта шаққан ҳәрекетлер қылғаны себепли елеге шекем өз-ара шала түсинисип жасайды. XXI әсирден дәмем көп. Миллетлердиң өз айналасын, өзлерин шын мәнисинде түсинип жасаў дәўири пайда болып киятыр. Ендиги жағында қарақалпақлардың да дүньялық аренаға көтерилиў ушын шаққанласатуғынына исенемен.

258

—Өзиңизди қоршаған кең әлем менен адамзаттың айырмасы?

—Мен өзи жасаған кең әлем менен адамзатты бир-биринен айыра алмайман. Адамзат қандай болса, пүткил әлем дәл сондай.

259

—Бул дүнья лаўлаған от дегенде гәп бар. Солай ма?

—Бул анықламада да ҳақыйқатлық жоқ емес. Набада сәл надурыс ҳәрекет пенен қәдем тасланса, күтилмегенде лаўлаған оттың жалыны бетиңди шырпып кетиўи, ҳәттеки, толық өртеп жибериўи де тәәжип емес. Адамзат тарийхы бундай қубылысларды көп биледи. Инсан ҳәрқандай жағдайда да, ҳақыйқатлықтан бет бурмай жасаўға әдетленсе, өз әрманына сөзсиз жетеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

260

—Инсанның мәңгилик еки жолдасы болар-мыш. Олар кимлер?

—Бири — ҳақыйқый досты, екиншиси — душпаны. Инсан усы еки жолдасын да дурыс түсинип, қыянетсиз, ҳеш қайсысын өкпелетпей, оларғада өзи өкпелемей жасаса, өмири тынышлықта өтеди.

261

—Қарақалпақлардың өли жайластырыў дәстүрине қалай қарайсыз?

—Халқымызда «Қарызың болса бериўге асық, өлиң болса көмиўге асық» деген даналықта бийкарға айтылмаған болса керек. Сол ушын өлини көп сақламай өлген күни жерлеўге асығыў ҳәм өли шыққан үйде аўқат писирилмеўи, мениңше, дағаза қылынбайтуғын медициналық талаплардан келип шыққан болса керек. Өлини жайластырыўда усындай талапларға раўа қылған мақул.

262

—Миллетимиздиң даңқына көзқарасыңыз?

—Ҳәр бир инсан ушын оның миллети — ҳәм Атасы, ҳәм Анасы! Ата-Анасының даңқын ойламаған перзент нағыз харамзада!

263

—Неге айрым халықлардың дәстүринде ҳаяллардың жүзине пәренже тутылады?

—Ҳақыйқатында, еркек пенен ҳаял, ең әўеле көзлери арқалы табысады. Сол ушын буны қызғаншақ молласымақлардың өз ҳаялларын басқалардан қызғанатуғынын билдирмеў мақсетинде ядынан ойлап тапқан дәстүри болса керек. Пайғамберимиз ҳешбир зайыбының жүзине пәренже салдырмаған.

264

—Үй китапхананызда оғыры көп китаплар менен журналлардан тысқары жәҳән әдебиятының 200 томлығын көрдим. Сол 200 томлықтан нешеўин оқығансыз?

—Жәҳән әдебияты мисли әлем киби кеңликке ийе. Инсанға, есапсыз-өлшеўсиз жемислер бериўши ең уллы жемис дарағы. Китапханамда өзиңиз көрген 200 томлықтың ҳәр бирин қалдырмай бетпе-бет оқып үлгермегеним менен, мүмкин болғанынша, жәҳән әдебиятынан белгили түсиникке ийе болыў мақсетинде, толық оқып үлгере алмағанларымның, ең болмаса, алғы сөзлерин қалдырмастан, ҳәтте айрым пикирлердиң астыларын сызып толық оқығанман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

265

—Адамзат басып өткен өмирге көзкарасыңыз?

—Өткен хәр бир әсир түўе, хәр бир саат, күн, ай адамзат цивилизациясының өзинше бир баскышы, жаркын айнасы.

Соның ушында, халык: «өткен күниң, бүгинги күниниң тәжирийбелерге бай үлгиси, тынык айнасы....» деп бийкарға айтпаған. Бүгин өзимиз жасап атырған жәмийетимизде бурынғы тәжирийбелерге бай үлгилерди терең үйрениў аркалы қәлиплеседи, раўажланады.

266

—Инсан ушын аўыр хәм жеңил ислер?

—Аўыры хәр инсанның өзгелерден жасырын сыры, жеңили өзин дана көрсетиў ушын өзгелерге акыллар айта бериў.

267

— «Елди акыллылар бузады» деген гәпке калай карайсыз?

—Ҳақыйқый акыллы адамлар, керисинше, бузылған елди дүзейди. Ал, сиз айткан «акыллылар» өзлерин көсем дәрежесинде туткан басшыларға жағыныў нийетиндеги жалатайлардың ойлап тапканлары.

268

—Мен окыған хүжжетлерде, айырым изертлеўшилердиң анықлап, баспа сөзлерде (мысалы «Халк сўзи» газетасы, 9-апрель, 1997-ж) жазыўы бойынша: уллы Әмир Темурдың өзине ең жакын туткан төрт әскербасыларынан: Әмир Жоку—Барлас руўынан, Әмир Сайфуллин-Нөкис руўынан, Аббас Баҳадыр-Қыпшақ руўынан, Шайх Нураддин-Жалайыр руўынан екен. Олар арасында қарақалпақлар барма?

—Өзиңиз де ойлап көриңиз. Мәселен, XX әсирдеги Қарақалпақстанның халык шайыры, өз ўақтында Өзбекстан халық жыршысы деген атақ та алған, миллети қарақалпақ Садық Нурымбетов Нөкис руўынан еди. Сонда бизиң Садық Нурымбетов жокарыда аталған Әмир Сайфуллинниң қуўлыкларынан болса тәәжип пе? Ал, Оразан батырдың улы-аты әпсанаға айналған батыр Маман бий (1712-1784) хәм 1873-жылы орыслардың қарақалпақ жерине келиўине ашыктан-ашық карсы шығып катал сөзлер айтканы ушын «тентек» атанған қарақалпақ Ережеп бий де Қарақалпақлардың Қыпшақ руўынан болған ғой. Сонда Маман бий менен Ережеп тентек, уллы Аббас Баҳадырдың шаўлык-қуўлыкларынан болса танланарлығы бар ма?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақлардың XVIII әсирдеги атақлы алламасы Мурат шайық қарақалпақлардын Жалайыр руўынан. Усылай болған соң, атақлы хәзиретимиз Мурат шайықты жоқарыда аты аталған уллы шайх Нуриддинниң тиккелей шаўлық-қуўлықларынан десек, әўеле қудай, қәтелеспесек керек-аў! Сонда, мениң болжаўыма сәйкес уллы Әмир Темурдың үш әскер басшысы да қарақалпақ болғаны емеспе? Демек, усы факттиң өзи де қарақалпақлардың өз өмир жолын әзелги бәрше түркийзибанларға нөкер болыўдан баслағанына қосымша дәлил емеспе? Әлбетте дәлил!

269

—Басымда ойлар көп, қандай пайытларда жазғаным мақул?

—Өзиңиз билиңиз: Сөйтсе де, үлгили мысаллар келтирейин: бурыңғы уллылардан Әлийшер Наўайы (1441-1501) күндизинде мәмлекет ислери менен бәнт болғаны ушын түнде жазады екен.

Александр Сергеевич Пушкин (1799-1837) «Евгений Онегин»ниң дәслепки бапларын аўылында, күндиз кроватта жатып жазған.

Француз жазыўшысы Оноре де Бальзак (1798-1850) өзи жасайтуғын Париж қаласы уйқыға кетип, айналада толық жым-жыртлық хүким сүрген гезде түргелип, жазыўын баслайды екен. Және бир француз жазыўшысы Анатоль Франц (1844-1924) йош келгенде, хештеңени таңламай, дурыслы қағаз таппаса, гөне конвертлерге ямаса өзине келген хатлардың, хәр қыйлы мирәтнамалардың үстине де жаза береди екен.

Англия жазыўшысы Скотт (1771-1832) таң азанда турып халқаска дейин жазатуғын болған.

Салика исмли түркийзибан анадан туўылған атақлы жийенлеримиздиң бири, уллы орыс шайыры Василий Андреевич Жуковский (1783-1852) ат үстинде баратырғанда йош келсе, атын иркип турмастан ерде отырған халында да жазып кете береди екен.

Ал, мениң өзим, күтилмегенде басыма келген шым-шытырық ойлардан тезирек қутылып басқалар қатарында болыў мақсетинде, түн болса да уйқыға жатпай, күндиз гүллән ислеримди тоқтатып сол ойларды қағазға түсириўге асығаман.

Шынында, ес-ақылы дүзиў талант ийеси, барлық қыйыншылықтан өтиў ушын өзинше жол таўып, жақсы ойларын қағазға түсирип үлгереди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 270

—Баламның базы бир ладан, надурыс хәрекетлерине, яғный, гейде көбирек ишетуғынына жаным ашығанынан шыдамай: «балам, мени неге тыңламайсаң, сени мен жараттым ғой» деп гәп басласам, ол бирден: «Сеннен мени жаратагөр деп қашан сорандым?», «Арақты өзиң үйреттиң» дейди. Не қыламан?

—Қыйын. Неде болса балалы болғаннан кейинги дәўирде өзиңде қайсындай өзгерислер болғанына ой жиберип, өзиңди өзиң түсиниўге тырыс. Балаң еле жас гезинде өзиң мәс ҳалатта: «мә, балам, ишип көр» деп оған толы рюмкалар усынған болсаң, ендиги жағында айтқанына исендириўиң аңсат болмайды. Қәниге шыпакерлерге мүрәжәт қылып кеңес сора.

## 271

—Бул әлемди қайсындай сыпатта көз алдыңызға келтиресиз?

—Жақсылық ҳәм жаманлық, жақтылық ҳәм қараңғылық деп аталыўшы төрт сыпат пенен бирге, алагеўгим сыпатларда да көз алдыма келтиремен.

## 272

—Биреў маған «өмириңниң гилтин жоғалтпа!» деди. Өмирдиң гилти бола ма?

—Болғанда қандай! Өмирдиң гилти ақылға тийкарланған ойлар, сөзлер, ислер. Есиңде тут, ҳешқашан умытпа, өз ақылын дурыслап басқарған инсан хәр қандай қыйын шараятларда да өмирден өзине керекли жоллар таўып, қәлеген есигин ашатуғын гилтлерге ийе бола алады.

## 273

—Өмирден өкинишлериңиз көп пе?

—Ең қуўанышлы күнлеримде де, әлле нәрселерге өкинбеген пайытларым болмады десем, көте жуўап берген боламан. Қысқасы, инсан өмириниң жартысы өкинишлерден ибарат. Лекин, олардан қорқа бермей тәўекелши болып жасаў мақулырақ.

## 274

—Кишипейилликтиң баслы белгилери?

—Хәр қандай бийиклик пәстен басланатуғынын, «Бер» деўди билген инсанның «Ал!» деўди де естен шығармаўы кишипейилликке



www.ziyouz.com kutubxonasi

киреди. Онын бас белгиси — сабырлылық. Уллы бабаларымыздан Абдирахман Жәмий менен Әлийшер Науайының оғада кишипейил инсанлар болғанлығын, бүгинги самаркандлылар менен бухаралылар арасында көп-көп әпсаналар сыпатында айқын сақланып қалған. Олардың әпсаналық дәрежеде кишипейиллиликлери, жөнинде, олар жасап кеткен атақлы Самаркандқа, Бухараға зиярат қылған шет еллилер өз саяхатнамаларында таңланыў менен көплеп, жазбақта. Қәнекей, бүгинги Нөкисимиз де келешекте ақыллы даналар жасаған ушын Самарканд, Бухара киби үлгили қалалардың бирине айланса!.

275

—«Шәкирт устаздан озыўы дәркар» деген гәпти қалай түсинсе болады?

—Әпсана: Әййемги заманларда бир жас жигит аңшылықты үйрениў нийетинде елиниң атақлы аңшысына келип, оқ жай соғыўды хәм оны атыўды үйретиўин сорайды. Аңшы еринбей үйретеди. Бала үйренгеннен кейин, өзинше бир оқ жай соға сала, оғының артына бир пәр байлапты да, оқтың ушына жиңишке ғана темирден ис қағып, атқан екен, оғы устазыникинен анағурлым алысқа кетипти. Сонда устазы шәкиртиниң маңлайынан сүйип: «минекей, балам, сен устазыңнан оздың» депти.

Шәкиртлердиң устазлардан озыўлары әне усы тақылетте устаздан үйренгенлерине қосымшалар табыўдан ибарат.

276

—Дүньядағы ең уллы қалалар қайсы дәўирлерде пайда болған?

—Оқығанларым бойынша: Ефрат, Дажла хәм Ганга дәрьяларының жағалаўларындағы Шумер, Элам хәм Хинд территорияларында бизиң эрамыздан әўелги IV-III мың жыллықларда, ал Әмиўдәрья, Хуанка дәрьяларының жағалаўларындағы, Орайлық Азия, Қытай территорияларында III-II мың жыллықларда пайда болған болса, Мазамермада биринши мың жыллықта, ал Батыс Европада бизиң эрамыздың биринши мың жыллығының екинши ярымында үлкен-үлкен қалалар пайда болған.

Орта Азия территориясындағы Әмиўдәрья, Бактрия, Хорезм, Согдиана цивилизацияларын хәр қыйлы алымлар хәр қыйлы баҳалайды. Ферғана алабының территорияларында, ертеде, буннан үш мың жылдай бурын дөреген бир естелик қала Андижан областындағы «Айым аўылының» жанында. Бизиң эрамызға дейинги еки



www.ziyouz.com kutubxonasi

мыңыншы жыллардың екинши ярымында Далберзин төбе Ош хәм Қарадәрья дийқаншылық елатларының орайы болған. Орта Азияның территориясында буннан үш мың жылдай бурын пайда болған қалалар жөнинде мағлыўматлар табылыўы даўам етилмекте, изертленбекте. Сизге қосымша жуўаплар жақын жылларда бериледи...

277

—Туран, Түркстан атамалары туўралы нелер билесиз?

—Баспа сөзлерде жәрияланған ҳүжжетлерден оқығанларым бойынша, биз жасаған үлке әййемнен-ақ Туран деп аталған. Мелодий VI әсирдиң орталарында (гейпара ҳүжжетлерде 539-жылдан соң) бул үлке Түркстан деп аталған.

278

—Атлары дүньяға мәлим басшы шахслардан өзиңиз оқып билген екеўиниң ғана таң қаларлық әжайып ислерин атасаңыз?

—Биринши, Германияның Кейзери (басшысы) Вильгельм II (1859-1941). Ол корабль соғыў ислери менен шуғылланып, сызылмаларын Италияның атақлы адмиралы Бринтге жиберип, пикирлерин сораткан да, ол корабльдиң сызылмаларын хәр тәреплеме мақтап, тезлиги бойынша ҳеш корабльге жеткермейтуғынын, теңизшилердиң бул кораблъде де күтә жақсы жасайтуғынына да исендирип: «Бир ғана ескертиўим бар. Кораблиңиз суўға салыныўдан батып кетеди» депти.

Екинши, француз шайыры Никола Буала (1636-1711) оқыўшылары менен хәр ушырасыўға барар алдынан өзине пардоз берип, күтә жақсы кийинеди екен. Оның бул әдетинен жалыққан дослары, неге сонша жасанатуғынын сорағанда: «Мени көргиси келгенлер жазғанларымнан шәртли түрде кемшилигимди тапқысы келеди. Ең болмаса, кийингенимнен мин таппаўы тийис қой» депти ол.

279

—Түркий әдебий тилдиң тийкарын салыўшы уллы Әлийшер Наўайының кишипейиллигинен бир мысал айтсаңыз?

—«Дараққа канша мол жемис питсе, шақалары сонша төмен ийиледи» дейди халық даналығы. Наўайы да өзинше көп жемисли уллы дарақ. Бирақ ол парсы, тәжик әдебиятының тарийхында үлкен орны бар шайыр Фаридиддин Аттарды (1119-1230) «Жоқары сыпатлы» ата деў — менен, өзин оған қул есаплаған. Егер еле еситпеген,



www.ziyouz.com kutubxonasi

оқымаған болсаңыз, мине, сол уллы Фаридиддин Аттарды тәриплеген еки қатар қосығы:

> «Мен демекким, ол—атадур, мен уғыл,
> Ол жоқары сыпатлы шах, мен — бенде, қул».

280

—Бурын өткен уллы түркийзибан алламалар арасынан кимлерди «бул нағыз қарақалпақ болса керек» деп шамалаў мүмкин?

—Иймам Ағзамның (хижрий 80-150-жыллар) узын қос қулақлы қара қулақшын кийип жүретуғынын, уллы шайыр суфы Аллаярдың (1644-1721) Қытай руўынан екенин еслесек, екеўин де қарақалпақлардың бабаларынан деўимиз сөзсиз.

281

— «Мәмлекет халқы басшысының, ал басшы ҳаялының, ҳаялы өз гезегине баласының айтқанына жүреди» деген гәп қайдан шыққан?

—Бул әййемги дәўирдеги Афина қаласының ҳәкими Фемистокльдың «Афина халқы мениң, мен ҳаялымның, ҳаялым болса баламның айтқанына жүреди» деген гәпинен соң пайда болса керек.

Бундай басшылар бүгинги Қарақалпақстанда да аз емес.

282

—Өз өмирин Ўатанына арнаған инсанның артықмашлығы?

—Ҳәр бир инсанның Ўатаны — оның туўылып өскен мәканы, халқы, өз кәлби. ...Қысқасы бул сораўыңызға Уллы пайғамберимиз Мухаммед алейхиссаламның хәдислеринен бирин тәкирарлаў арқалы жуўап беремен: «Ўатанын қорғаў ушын қаза тапқан инсан, өз қәлегенлери арасынан жетпис адамды дозақтан да қутқарып ала алады...»

283

—Маған бир нәсият айтып кетсеңиз?

—Пайғамберимиз Мухаммед алейхиссаламның: «Қыямет күни басыңызға дөнип турғанда да, илажын таўып, өзиңизден соңғы инсанлар ушын пайдалы бир дарақ тигип үлгериңиз» деген нәсиятын ҳешқашан умытпаңыз.

284

—Жақында мен бир нашардан жол сораўға мейилленип, «жеңге» деп мүнәсибет қылған едим, ол: «Абайлаңыз, мен еле турмысқа шықпағанман»



www.ziyouz.com kutubxonasi

деди... Қысынғанымнан өзиниздей бир ақсақалға сырлассам, ол «Несин айтасан, жақынға дейин қарақалпақ қызлары еле турмысқа шықпағанының белгиси сыпатында бетине жарасып туратуғын тулымшақлар қоятуғын еди» деп гүрсинди. Оның айтқаны дурыс па?

—Дурыс! Мениң қатарларым да, өзим де бетиниң еки алмасына суп-сулыў тулымлары жарасып турған қызларға үйленгенбиз. Дәстүрде, үлкен тойдан соңғы күни, жаңа келинниң енди ҳаялға айланғанының белгиси сыпатында; оның қос тулымын жыйнап, шашына қосып өрип таслаўына арналған кишилеў той өткерилип, оған қыздың қурбы-қурдаслары, жеңгелери, келин болып түскен шаңарақ тәрепинен бийкешлери қатнасатуғын еди... Бул дәстүр, ҳақыйқаттан да, қарақалпақларға тән еди. Әттең XX әсирдиң 60-жылларынада биротала жоғалыўға қарады... Қызлардың еле турмысқа шықпағанын айтпай-ақ, сөйлеп туратуғын сол тулымшақ қойыў дәстүри қайта тикленсе, шеп болмас еди-аў!

285

—«Бурынғы қазылар шеше алмай, бизге дейин жеткен даўлар бар ғой» деген гәплер жүреди. Инанса бола ма?

—Қам сүт емген бенделерде кәте-кемшиликлер болыўы сөзсиз ғой. Буған мысал ушын мынаў бир ўақыяға қулақ салыңыз: Әллеқайда баратырған бир ғарры менен бир жигит жол-жөнекей өз-ара сөйлесип, бир-бири менен өз-ара ҳамдамласыпты да, аўқатланыў ушын жол шетиндеги бир асханаға кирипти ҳәм екеўи ушын бир табаққа аўқат салып әкелиўди буйырыпты. Есапласар пайты келгенде ғарры жас жолдасына: «Минекей, балам, аўқаттың пулын сен төлейсен. Себеби мениң аўзымда онлы тислерим болмағаны ушын дурыслап жей алмадым» депти. Сонда жигит орнынан ушып тура сала: «Жоқ, сиз төлейсиз! Себеби мениң тисим болғаны ушын узақ шайнап отырып жуттым. Ал, сиз, тисиңиз жоқлығы себепли, тилиңиз бенен жалмап-жалмап үсти-үстине жута берип, дерлик, бәрин жедиңиз!» депти...

Ақыбетинде олардың қазыға жүгиниўине туўра келипти. Қазы да дурыслап шеше алмай, басқа қазыға жиберипти, ол да шеше алмай басқа қазыға жоллапты... Бул тартысқа елеге дейин дурыслы жуўап жоқтың қасында. Сизде жуўап излеп көриңиз...

286

—Пәклик инсанды ҳәр қандай кеселликтен жазармыш ҳәм узақ жасатырмыш. Буған не дейсиз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Пәк кисиниң биринши қорғаны Құдирети күшлиниң тәнхә өзи! Буны мен өз тәғдиримде көп сынадым: Хәтте тириликтен үмитимди үздирерлик денсаўлығым төмен пайытларда да, үстимнен көп-көп жала арзалар болған. Хеш бири тексериўсиз қалдырылмаған. Пәклигим ушын олардан тек қутылып ғана қоймай, хәр сапары денсаўлығым жақсылана баслайтуғын еди. Сол арзагөйлер жеңилген соң көшеде ушырасып қалсақ, жортаға: «ойбой, шөп болып азыпсаң, бул турысында қалай ислеп жүрипсең?» дейтуғын да еди. Мен мыйығымнан күлер едим. Сол себептенбе, Құдайға шүкир, еле ислеп жүриппен. Денсаўлығым да жақсы, ал, мени сол кекейтиўшилердиң саўлықлары бүгинлиги...

282

—Сөз шеберлерин айрықша сыйлаған ел басшыларын билесиз бе?

—Бир мысал: Уллы Әлийшер Наўайы өзиниң «Хамса» сын питкерип, Султан Хусайын Байқараға оқыў ушын бергенде, Хусайын Байқара оқыған соң Наўайыны өз атына миндирип, аттың жылаўынан услап жетелеўи менен өзи султанлық етип турған Герат қаласын бир айналып шыққан хәм бундай уллы сөз патшасы менен заманлас қылғаны ушын Тәңиритаалаға шүкирлик қылатуғынын бәршеге жәрия қылып: «Наўайы Түрк тилиниң өли денесине Масих (Ийса) нәпеси менен руўх (жан) бағышлады» деген екен.

288

—Жәрдемге мүтәжлиги жоқ инсан болама?

—Инсанға хәр қандай жағдайда, мениңше, үш қыйлы жәрдем керек: тил жәрдеми, күш жәрдеми, байлық жәрдеми. Усы үшеўиниң ең қурығанда биреўине мүтәж емес инсанды бул әлемнен табыў ең аўыр мүшкил.

289

—Инсанды адастырмайтуғын өмир жолы қайсы?

—Хақыйқатлық жолы.

290

—Атақлы орыс жазыўшысы Федор Достоевский «Әлемди гөззаллық сақлайды» деген. Сизиң қосымтаңыз бар ма?

— Гөззаллықты дөретиўшилер де адамлардың өзлери. Соңлықтан, мениңше, әлемди адамлардың өз-ара руўхый бирлиги, бир-бирине, шын мәнисиндеги мехир-мухаббетти сақлайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

291

—Жерге егин егиў хәм оннан зүрәәт алыў биринши мәртебе қайсы елден басланған екен?

—Рәўиятлар менен баспа сөзлерден билгенлерим бойынша: Жерге егинлер егип олардан зүрәәтлер алыў бизиң эрамызға дейинги 4—5-жылларда Нил дәрьясының бойларында басланып, соннан пүткил әлемге тараған.

292

—Дүньяның қайсы континентлеринде адамлар узақ жасайды?

—Баспа сөз хабарлары бойынша: дүньядағы ең бийик таўлар шоққысы Непалдағы Эверест бийиклигинде. Эверест-Непал тилинде Жомолунгна делинеди. Әне, сол Эверестиң мисли аспанға тийип турғандай көринетуғын шоққыларының бири Буддалық ибадатханаға айландырылған. Усы Будда ибадатханасында жасаўшылардың хәр бири 300—400-жыл өмир көреди екен.

293

—Биринши оқ дәрилер, партлатып өртеп жиберетуғын қураллар қайерлерде исленгенин билесизбе?

—Баспа сөз хабарларына қарағанда бул ислерге тийкар салыўшы Қытайдың биринши сейсмографы Чжан Хон (78-139) деген алым болған екен.

294

—Сиз бир драмаңызды «Фамилия», «Хеопс пирамидасы» деп атадыңыз. Өзиңиз Хеопс пирамидасын көргенбисиз?

—Жоқ. Хеопс пирамидасы жөнинде бираз оқығанман. Хеопс пирамидасы бизиң эрамыздан бурынғы XXVIII әсирде Египет патшасы Хеопстиң атына исленген. Бул пирамиданың Египеттеги басқа пирамидалардан өзгешелиги — оның тырнағынан ең төбесине дейинги бийиклиги Жерден Айға дейинги қашықлықтың трилионнан бир бөлимине тең болып. оған ықлым хәм геологиялық өзгерислер кем тәсир етеди екен. Усындай хәдийселерди көп оқып билгеним ушын драмамда оған усаслықлар сезип, драмаға «Хеопс пирамидасы» деп ат қойыўдан сескенбедим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

295

—Советлик дәўирдеги базы жазыўшылар мәмлекет есабынан бийпул салып берилген жайларда жасайды. Сиз ше?

—Өз ўақтында мен де бос қалмадым. Келип көргиниз келсе айтайын: Жайымның тырнақлары республикамыздың партиялық басшыларының мраморлардан да беккем ўәделеринен қуйылып, дийўаллары сол басшылардың теңи жоқ, сулыў-сулыў сөзлеринен ғайры нағыш етип өрилген, ал төбеси мениң оларға тақыйық исенимлерим менен ызғар өтпестей етип бастырылған. Әне усындай Нөкистеги ең гөззал ҳәм бийик имарат меники! Излесеңиз, хешкимнен сорамай-ақ табасыз.

296

— Китаплары тез-тез шығып туратуғын достым бар. Ол әдебий ушырасыўларда, жыйынларда шығып сөйлесе, оқыўшыларына, халқына миннетдарлығын айтып, өзин халқының хаткери деп түсиндиретуғын еди. Соңғы гезлери оның китапларын дүканнан таппай, өзин көрип «не ушын?» деп едим, ол: «ийтиң жазыўшы болмасын!» деп қолын бир силтеп кетти. Бул неси?

—Таланты шала, саўаты кем, бирақ басшылардың үстилеринен шағым арзалары себепли китаплар шығарып жүрген сол жазыўшы бүгинги еркин заманда нарийзалық билдириўдиң жолларын табалмағаны ушын өкпешил быжыққа айланып қалса керек.

297

—Жасыңыз биразға барса да, неге күтә көп оқыўға қуштарсыз?

—Бул шексиз әлемдеги шексиз жаңалықлардан бийхабар қалыўдан қорқаман. Бүйтип көп оқыўыма себеп, ең дәслеп пединститутқа оқыўға келгенимде, айырым себеплер менен орыс тили ҳәм әдебияты факультетине кирген едим. Бирге оқыйтуғын курсласларымның бәри дерлик орыс тили ҳәм әдебиятын, орыс тили арқалы жәҳән әдебиятын меннен көп биледи екен. Ал мен қаладан узақтағы аўылдан келгеним ушын жас гезлеримде ғарры атам әлле қаяқларға барып қайтса, сол жақлардан «ақлығым ушын» деп әлле кимлерден сорап әкелетуғын қарақалпақша, өзбекше,қазақша китапларды ғана оқыўға әдетленгенмен. Пединститутқа кирген соң китапханасына бас суқсам, китаплар сан-санақсыз. Курсласларымды қуўып жетиў мақсетинде, енди орыс тилиндеги китапларды алып, әўелинде шаларақ түсинсем де, изин үзбей көп оқыўға киристим. Жазыўшы болғанымнан соң, хеш жерде тилим мүки болмасын деп бурыңғыдан да көп оқыйтуғын болдым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бүгинлиги көп оқыйтуғыныма баслы себеп: хәр бир ата өз перзентлериниң, ақлыкларының алдында жаңа-жаңа китап оқып турыў бойынша өзиниң жүзин төмен каратпайтуғын дәрежеде болыўға тырысыўы тийис ғой... Мен еле соңдай тырысқақ атаман.

298

—Көп балалы шаңаракта өз-ара татыўлықты саклаўдың усыллары туўралы айтасызба?

—Мениңше, барлық нәрсе ата-ананың өз-ара татыўлығына хәм олардың перзентлери алдындағы абырайына байланыслы. Соның менен бирге, ата-ана биргелесип, ең жасы үлкен перзентиң оннан соңғы жасы кишилери мойынлап: «әжаға» я «әжапа» дәрежесинде болыўына тәрбиялаў менен, жасы үлкениниң өзинен жас кишилерге деген мехири күшли болыў әдислерин билиўге тәрбиялаў шәрт.

299

—Тарийх туўралы пикириңиз?

—Бурында өткен даналар: «Байлығың жоғалса, хештеңе жоғалтпағаның, денсаўлығыңды жоғалтсаң да, хеш нәрсе жоғалтпағаның, егер халқыңның тарийхын, тәғдирин билмесең, бәрше нәрсеңди, хәтте халқыңа қоса өзиңди де жоғалтқаның» деп кеткен. Бунын дурыслығын адамзат тарийхы тастыйықлап келмекте.

Тарийхы нәмәлим халық — әлле кандай бийбахыт хаялдың әллекимнен хәмледар болып, жасырын туўа сала, бир қуўысқа таслап кеткен баласының әлле ким қолында ержетип, оннан өсип-өрбигенлер киби болып қалады. Хеш халық бундай халатқа түспегей!

300

—Инсанның қәдири?

—Бүгинги түсиниклер менен айтқанда, хәр бир инсан Тәңиритаала тәрепинен бул жарық дүньяға «командировкаға» жиберилген бенде. Оның белгиленген мүддети тамамланған соң қайтады. Тирикликте хәр инсанның қалби жақсылық пенен жаманлықтың өзинше бир ыдысы. Инсан кадири сол ыдысындағы затлардың кайсысы көплигинен ғәрезли.

301

—Әдепсизликтиң ең жеркенишли түри?

—Менменлик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

302

—Биринши глобус кашан хэм ким тэрепинен ислентенин билесизбе?

—Жақынға дейин, биринши глобусты 1492-жылы пайда еткен европалы Нюрнберг (немец) исимли инсан делинетуғын еди. Соңғы жыллардағы хәр тәреплеме терең илимий изертлеўлер бойынша 995-жылы, 22 жасында биринши глобусты ойлап тапқан хәм ислеген инсан бизиң жерлесимиз ал Беруний (973-1048) екен.

303

—Ислам дини тәреплдарларының тастыйықлаўлары бойынша, уллы Тәңиритааланың төрт периштеси бар. Сиз, хажы сыпатында, оларды атпа-ат хәм атқаратуғын ўазыйпалары менен қоса айтып бересизбе?

—Ислам динине байланыслы қолыма түскен базы китаплардан оқып, гейпара уламалар менен болған диний сәўбетлер пайтында билгенлерим бойынша, Тәңиритааланың биринши периштесиниң исми Жабырайыл, екиншисиниң исми — Макаил, үшиншисиниң исми — Исрафыл, төртиншисиниң исми — Әзирейил. Төртеўиде тәңхә Тәңиритааланың өзине садық. Жабырайыл Тәңиритааланың буйрығы менен адамларға жан бериўши периште, Макаил сол адамлардың жанларының пәклигин бақлаўшы периште, Исрафыл мархумларға о дүньядағы болатуғын суд күнинде, олардың пәк я напәк жасағанын дурыс анықлап хүким шығарыўшы периште. Ал Әзирейил болса, Тәңиритааланың Арчааладағы тахты қасындағы мәңгилик дарақтан жапырақлар үзилип түссе, сол жапырақларға исимлери жазылған инсанларды 40 күн даўамында таўып, жанларын алатуғын периште.

304

--Бул дүньяға артық келген инсанлар кимлер?

—Гилең күншиллер! Исенбесеңиз дана бабаларымыздан Фаридиддин Аттардың (1119-1230) мынаў еки қатар қосығына дыққат қылыңыз:

«Улым дўз татпағыл күншил нанынан,
Узақ бол күншилдиң дәстурханынан».

305

—Инсанның тирилигиндеги ең аўыр мүшкиллери?

—Буннан бир ярым мың жыл бурында Персияның уллы шахы Ану Ширбан (531—579) румлы, хиндстанлы, иранлы үш данышпанды



www.ziyouz.com kutubxonasi

алдына жыйнап: «Адам баласы ушын ең ауыр мүшкил не?» деп сорау берген екен. Сонда румлы данышпан: «Қартайғанда қайырқомсыз қалыу хәм жетпесинлик» десе, ҳиндстанлы данышпан «Кеселбентлик ҳәм қайғы хәсиретлерге толы тирилик» депти. Ал Иран данышпаны Бузуржмехир (VI-әсир) азғана ойланып: «Бәршеге мақул түсетуғын әдалатлы жақсы ислерди баслағанда, оларды ақырына жеткизиуге үлгертпей келетуғын әжел!» деген екен...

Бул уллы даналарға мениң алып-қосарым болмасада, қам сүт емген бир бенде сыпатында, ауыр мүшкил «бийперзентлик» деп қосып қойсам ба екен деп ойлайман. Өзиңизде ойланыңыз.

306

—Қарақалпақ дуутары не ушын 12 пердели?

—Орайлық Азияда, соның ишинде, түркийзибанлар арасында саз бенен ертерек шуғылланғанлар уйғырлар болған. Ески ҳүжжетлер бойынша бул дәуир Будда дининиң хәуиж алып рауажланған гезлери екен. Уйғырлардың музыкаға қуштарлығы күтә жоқары болып, бизиң эрамызға дейинги IV-III әсирлердеги Сайдияхан дәуирлеринде-ақ музыканы 12 махамға бөлген. Әуелинде 12 махам дегенде 12 айдың ҳәм инсанның 12 мүшесиниң көриниси нәзерде тутылып, солай белгиленген. Усы тийкарда Қарақалпақ дуутарының да 12 пердеси болып, 12 музыкалық сеслерге бөлиниуи де жоқарыдағы түсиниклерден келип шыққан болса тәәжип емес.

307

—Ауылдан қалаға көшип келгеннен кейинги биринши тилегиңиз?

—«Әй, Тәңиритаалам, мени бул қалада еки қыйлы машинаға: биринשиси, милицияның жабық машинасына, екиншиси, «тез жәрдем» машинасына мингизбегейсең!» деп ишимнен гүбирленгенмен.

308

—Өзиңизге өлим тилейтуғын пайтларыңыз бола ма?

—Болады. Өйткени бул дүнья маған гейде күтә тар ҳәм қараңғы сыяқланып, өзимди бул дүньяға артық туўылған инсан киби санасам, және бирде өзимди бул кең әлемниң, соның ишинде, Қарақалпақстанымның жарасығы сыпатында сезинетуғын гезлерим де болады. Қәйткен менен де, хеш бир инсан бул дүньяда мәңгилик емес қой! «Әй, Тәңиритаалам, атам дегизсең де, ботам дегизбегейсең, науқас-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лыктың ҳәм асқан ғаррылықтың төсеклеринде көп жатқызбай, еки көзимди есикке телмиртпей, аңсатырақ, туўысқанларым менен қайсындай нәўбетте туўылған болсақ, сол нәўбетте, яғный жас үлкенлигимди есапқа алып, алды менен маған өлим бергейсең» деп тилейтуғын пайытларым көп болған.

309

—Ырымшыллығыңыз бар ма?

—Бар. Атам үйреткен бир ырым: «Әлле қайдан қайтқанда, ҳәтте, өз аўылында жүрип-ақ қандай тойдан я садақадан қайтсаң да, өз үйиңе тиккелей емес, атыз беттен ямаса малхана беттен бир айналып, болмаса, есик алдында аз-маз отырып дем алған соң есигиңнен кириў керек». Усы ырым мениң де мәңгилик әдетиме айланып қалған...

Және... Пединститутты питкергениме дейин, имтихан тапсырыўға баратырғанымда қызыл көйлекли нашар көз көреки жолымды кесип өтсе, сол имтиханнан ҳеш қандай дурыслы баҳа ала алмас едим. Набада, әлле қандай әҳмийетли ислер менен бир жаққа жол алсам да, алдымнан қызыл көйлекли нашар кесип өтсе, ҳеш бир мақсетим оңына баспайтуғындай көринер еди... 1990-жылы Ҳажылық сапарға барып келгели бундай ырымларды баспүкил тоқтаттым.

310

—Қандай меҳирлиликти унатасыз?

—Ананың өз перзентине болған меҳри менен ҳеш кимниң, ҳеш-теңениң меҳирин салыстырыў мүмкин емес! Елеге шекем анамның меҳирин сағынып жасайман. Гейде изинен о дүньяғада кетким келеди. Сол ушын да, базда балаларыма: «мен өлсем, анам менен әкемниң қасына жерлеңлер» деп еслетип те тураман.

Енди ана меҳринен бир рәўият: Әййемги заманларда перзент көре алмай жүрген бир ҳаял жүкли болып, айы күни толғанда толғатып, туўады. Қараса, бөпе емес, бир жылан туўылған. Әйналасында оған жәрдемге келген ҳаяллар бирден ҳаўлығысып, жаңа туўылған жыланды әтешкир менен қысып өлтирмекши болғанында, оны туўған ана: «өлтирегөрмеңлер, абысынлар! Жақсысы, маған бериңлер! Баўырыма басып ғана жатайын» дейди. Туўған жыланы оған әпериледи. Ана жеркенбестен, қорыққастан өзи туўған жыланды алады да, көкирегине басып жатады. Жылан ананы емиў орнына шаға баслайды. Ана оның шаққанына да сес шығармай шыдап, ҳәтте кейин ийтерип те тасламай, қушақлаўы менен тым-тырыс жан тәслим етеди.

Әне, Ана меҳри!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 311

—Бир жыйналыста хәкимимиздиң хәммеге мәлим кемшиликлерин көзинше ашық айтып едим, соңынан ол мени ым менен қасына шақырып, қулағыма: «басқа районға көш» деди. Не қылсам екен?

—Әййемги Афина суды уллы Сократты (469-399) өлле қандай жалалар менен судлаў пайытында, философтың өзине соңғы сөз бергенинде, ол хеш асықпай, албыракламай сөйлеп, өзин сонаға, ал Афиналыларды үлкен хәм гөззал, бирақ семиз хәм жалқаў атқа мегзетипти де «Бундай атты ара-тура бир сона шағып, алға қарай тез-тез жүргизип турыўы лазым еди,—депти сөзиниң ақырында. — Мениң пикиримше, Қудай мени пүткил шәхәримизди гезип, хәр бириңизди уйқыдан оятып, тынбай ескертиўлер жасаўым менен бирге, туўры жолға салып турыўым ушын жиберген. Маған исениңлер, Афиналылар! Мендей соналарды табыў сизлерге аңсат болмайды. Егер сөзлериме исенсеңиз, өмиримди сақлап қаласыз. Бирақ жағымсыз сона шаққаны ушын түн уйқысынан оянып, ғәзеп атына минген Афиналылар, хәзир мени ап-аңсат урып өлтириўиңиз де мүмкин. Ондай қылсаңыз, сизлер Тәңритааллаңың алдына биротала қайтқаныңызға дейин қалған өмирлериңизди ғамуў-ғәплетте өткересиз». депти.

Буннан соң Афиналылар Сократты жазадан қутқарыпты... Бәлки сизге «Көшип кет!» деген Хәкимиңиз уллы Сократтың даналықларынан бийхабар болса керек... Таўып апарып көрсетиңиз. Енди оқыса да, түсинеди.

## 312

—Тарийхқа хәмме емес, ақыллы шахслар өзгерис киритер-миш? Инанасызба?

—Тап усы тәқилеттеги сораўларға жуўап табыў мақсетинде бир алым, Француз жазыўшысы Андре Моруаға (1885-1967): «Айтыңыз, тарийхый раўажланыў жолларына Юлий Цезарь көп өзгерис киргизген бе, я Наполеон көп өзгерис киргизген бе?» деп сораў бергенде, Андре Моруа көп ойланбастан: «Хақыйқый цивилизация басланғалы тарийхшылардың өзлеринен гөре көбирек өзгерис киргизгенлерди мен билмеймен» — депти.

Андре Моруаның усы жуўабы маған да унайды. Хақыйқатында, бизиң Қарақалпақстанда да қаншелли тарийхшы болса, тарийхымыз соншелли қайшыласқан пикирлер менен қарама-қарсылықларға толы. Бир изге түскен тарийхымыз енди жазылса керек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 313

—Дүньяда биринши музейлер қашан пайда болды екен?

—Адамзат пайда болыў менен олардың дүньяда жасаў, күнелтиў мақсетинде қолдан ислеген нәрселерин этияжлап сақлап қоятуғын орынлары — биринши музейлерге тийкар салса керек. «Музей» атамасы греклердиң «Музеум» (гөззал буйымларды сақлайтуғын жайы, яғный «склад») деген сөзинен келип шыққан. Ең биринши музей Грецияның Геликон деп аталған таўларының етегинде (хәр қыйлы түрдеги естеликлерди сақлайтуғын мәкан) пайда болған. Бул орында елеге шекем хәр бес жылда бир мәртебе, ең жақсы исленген затлар хәм хәр тараўдын шеберлери арасында жарыслар өткерилип турыўы дәстүрге айналған. Оған хәтте шайырлар да, сүўретшилер де, усталар да, қулласы, қолы гүл шеберлер де қатнасып, өзлери тапқан, ашқан жаңалықларын көпшилик алдында көрсетиўди үрдиске айландырған. Бара-бара сол жерге қонсы мәмлекетлердиң де шеберлери келип, өзлери ислеген ғайры-нағыс гөззал нәрселерин көрсетип турады екен.

XV әсирге келип ең гөззал шеберликлерди өз алдына бөлек жайларда сақлап, дуйым журтқа көрсететуғын музей Италияда ашылған.

Бундай музейлер XVI—XVII әсирлерде Францияда, Англияда, Германияда избе-из пайда бола баслаған.

XIX әсирге келип дүньяның басқа да мәмлекетлеринде музей салыў ислери айрықша үрдиске айналып, 1852-жылы Москвадағы Эрмитаж, 1873-жылы Москвадағы тарийх музейи, 1892-жылы Третьяков галереясы пайда болған. 1870-жылы Ташкентте Өзбекстанның тарийхый музейи жүзеге келген. Соннан баслап Орта Азияда баслы музейлер пайда болғанлығы тән алынып, изли-изинен жаңа-жаңа музейлер ашыла баслады...

Қарақалпақстанда биринши музей 1929-жылы пайда болды.

## 314

—«Садизм» термининиң келип шығыўы хаққында еситкенбисиз?

—Адамзат тәғдириндеги жаўызлық хәрекетлерин, тыйықлар менен шабысыўды спорт жарысы деп уғыныў, айырым хүкимдарлардың мәдений дем алыслары сыпатында өткерилген гезлери де болған. Мәселен, бизиң эрамызға дейинги III әсирлерде-ақ әййемги Римде пайда болған Гладиаторлардың гүреслеринде қарсыласларын өлтириў айрықша мәртлик есапланып, бул гүресте жеңилгенлер гүрес майданында қылыш пенен шаўып өлтирилетуғын да болған. Рим импера-



www.ziyouz.com kutubxonasi

торы Тит бундай гүрес тамашасын көп күнлер даўам еттириў менен, қызығына қарап, ўақыт өткереди екен. Онын дәўиринде 123 күнде он мың гладиатордың басы кесилгени жөнинде әпсана секилли хүжжетлер де бар екен.

Ўақыттың өтиўи менен бундай жаўызлықлар хәр қыйлы түс алады. 1740-1814-жылларда жасап, тәнҳә өзиниң минез-қулқына тән ең аўыр жаўызлықларды, рехимсизликлерди, уятсыз бузықлықларды өзинше көркем сөзлер менен қағазға түсирип, шебер жазыўшы деген даңқ шығарған француз жазыўшысы Маркиз де Сад исимли инсан болған екен. «Садизм» түсиниги соның атына байланыслы келип шыққан. 200 жылдан бержағында «Садизм» термини бар. Европаның жаўызлық көрсетиўши көп фильмлеринде сол «садизм»ге тийкарланған. Мәселен, казақ шайыры Мухтар Шахановтың хүжжетлерге тийкарланып тәриплеўи бойынша XVII әсирде жасаған қанхор хаял Венгер графинясы Елизаветта Батор, жасарыў мақсетинде, жас қызлардың канына толы ваннада шомылыўды әдетке айландырып, хәр сапары қосыўысына қан толтырып уртлайды екен. Бул садизм.

Айта берсек, жаўызлықтың түри көп. Қудай сақласын! Сол ушын хәр бир инсан динниң адамға мехирли тағлыйматларына исенип, инсанға инсанның мехирли болыўы жөниндеги тәжирийбелерге тийкарланған даналықларды яд тутып жасағаны мақул.

315

—Ең әййемги адамлардың жасаған орынлары жөнинде не билесиз?

—Егер мен оқыған хүжжетлер ҳақыйқый болса, буннан бир ярым-еки миллион жыл бурын жасаған ең әзелги адамның сүйеги, 1959-жылы Шығыс Африканың Олдувий дәрьясынан табылған. Буннан тысқары бизиң дәўиримизден 500-600 мың жыл бурын жасаған адамлардың излери Қытайдың территориясынан табылған. Олардың жасаған дәўирлерин алымлар «Синонтроп» деп атайды. «Синонтроп» дәўирлериниң адамлары, тийкарынан, үңгирлерде жасаған. Биринши отты да солар тапқан.

316

—Ең түпкиликли бабамыз Адам ата бул дүньяда неше жыл жасады екен?

—Рәўиятларға исенсек Адам ата менен Хаўа ана 1040 жыл бирге жасап, 41 перзентли болған. Сол перзентлеринен бир неше мыйақлықлар көрген. Ал, Қарақалпақлардың Қоңырат руўынан шыққан



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хорезмниң хүкимдары Абылғазы Бахадыр ханның жазыўы бойынша, Адам ата өзиниң ул-қызларынан қырық мың аклықлар, шаўлықлар, қуўлықлар көргеннен кейин мәңгилик дүньясына қайткан...

## 317

—Инсан бирден катты қуўанса да, бирден катты қыйналса да көзлеринен жас шыққаны неси?

—**Рәўият**: Тәңиритаала Жабрайыл периштеге адам соғыўды буйырып, керекли нәрселерин жетерли муғдарда өлшеп бергеннен кейин, ол топырақ пенен суўды араластырып қараса, ылайы сәл қаттырақ сезилипти де, және суў излепти. Бирақ Тәңиритаалаға бул жағдайды айтыўға тартыныпты да, барлық перииштелерди айналасына жыйнап, өзиниң хәм олардың көзлеринен аз-аздан көз жас шығарып, ылайға араластырыпты.

Тәңиритааланың өлшеминен тысқары бәрше зат денеге аўырлық етип турады. Сол ушын да, инсан аса қуўанғанда, ямаса аса қыйналғанда көзлеринен төгилетуғын жас — Тәңиритааладан бийрухсат биринши адам денесин жасаўға муғдарынан зыят қосылған сол көз жаслардың ақыбети екен.

## 318

—Айырым халықларда, атап айтқанда, Хиндстанда, өлген адамның денеси не ушын өртеледи?

—**Рәўият**: Тәңиритааланың буйрығы менен ылайдан адам сүлдери соғылып болынғаннан кейин, оған жан киргизиўи керек болып, бул истиде, Тәңиритаала өз периштелерине тапсырады. Бул буйрық бойынша олар адам сүлдериниң ишине жанды киргизейин десе, жан кейнине шегинип: «Мен буның ишине кирсем, ол алды менен мени қыйнап, күтилмеген азапларға гирифтар қылады. Кирмеймен!» деп өжетленип турып алады. Периштелер қайтадан Тәңиритааланың алдына шағынып барайын десе, Уллы қудирети күшлиниң хәмирин тәрк еткен сыпатында катты жазаланатуғынын билип, жанды хеш жаққа қашырмастан, оның айналасына лаўлатып отлар жағады да, сол лаўлаған жалынлар менен қорқытып, оны адамның геўдесине киргизген екен...

Хиндлер дининде адам өлгеннен кейин, оның денесин өртеўдеги мақсет — бенде денесинен шығып аспанға, Тәңиритааланың алдына ушып кеткен өз жанының изинен, отлы түтин болып ушып барсын, деген мақсетте өртеледи екен. Әне, усылайынша жансыз денени өртеў айырым халықлар ушын диний дәстүрге айналған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен бундай дәстүрди Ҳиндстанның Дели қаласында өз көзим менен көрдим. Өлгенлерди өртеў ушын арнаўлы орынлар исленген. Мархумның денесин өртеп атырған пайытта оның ең жақын жан ашырлары бир қапталда, даўыс қосып, ҳәсиретли қосықлар айтып отырады екен.

319

—Тәңиритаала өз буйрығы менен жаратқан Адам Ата менен оның қабырғасынан жаратылған Ҳаўа Ананың әўладларын не ушын мәңги жасайтуғын емес, белгили жыллардан соң өлетуғын етип жаратқаны жөнинде ҳештеңе билмейсиз бе?

— Бир рәўият айтайын: Жетинши аспанда Аршаалада отырған Тәңиритаала адамды ылайдан соғыў керек деген шешимге келгеннен кейин, Жабырайыл периштеге жерден топырақ әкелиўди тапсырған екен. Жабырайыл жерге түсип ең ҳасыллар орыннан топырақ ала баслағанда, Жерге бирден тил питип: «Әй, Жабырайыл, абайла! Өз топырағымнан соғылған Тәңиритааланың адамы ертеңги күни мениң үстимде олай-булай ўайраклап жүриў менен, көгертип қойған бәрше өсимликлеримди басқылайтуғыны аздай, денесинен бөлип шығарған гүллән патаслықларын да үстиме таслайды. Сол ушын топырақ бермеймен!» дейди. Жабырайыл перишт ың-жыңсыз Тәңиритааланың қасына қайтып, жерден еситкенин сол турысында баян етеди. Қүдирети күшли Тәңиритаала өз пикиринен қайтпай, енди Макаил периштени жумсайды. Макаилда жерге түсип бос қайтып, Жабырайыл периште айтып келген сөзлерди Тәңиритааланың алдында тәкирарлайды. Енди Тәңиритаала бираз қәҳәр менен топырақ ушын Әзирейил периштени жумсайды. Ол төменге түсип ҳештеңеге итибар қылмастан, бир бийик төбеден өзине керекли топырағын алады да, бирақ Жерден рухсатсыз-ақ алғанын ескертип Тәңиритааланың алдына әкелип қояды.

«Оо, Әзирейли, —депти пүткил әлем ийеси Тәңиритаала. — Мен сени Жер менен жақсы тил табысып оның келисими менен топырақ әкелер деп исенген едим... Енди неде болса, бул топырақтан адам соқтыраман. Лекин, соғылған адамымыз жер үстинде мәңги жасай алмайтуғын болады. Себеби, ийесинен келисимсиз алынған ҳәр қандай нәрсе өз ийесине ың-жыңсыз қайтарылыўы тийис. Мине, сен әкелген топырақ адамға айналған соң белгили мүддетте жасағаннан кейин өз орнына қайта апарылып қойылыўы шәрт. Солай етип, бийруқсат алынған ҳәр нәрсе ийесине қайтарылса ғана дүньяда пәклик ҳүким



www.ziyouz.com kutubxonasi

сүреди. Сол ушын енди топырақтан соғылатуғын биринши адамымыз ғана емес, соннан дөреп, өсип-өрбиген әўладлары да ата жолын тәкирарлап, қайтадан топыраққа айналатуғын болады...»

Әне, адам баласының бул дүньяда мәңги жасамайтуғынының мәниси усы екен.

320

—Хажы сыпатында, Құранда неше сүре барлығын хәм бәрше мусылманлардың жүзин Каабаға қаратып намаз оқыўы қайсы жылдан баслағанын айта аласыз ба?

—Құранда 114 сүре бар. Олардан пайғамберимизге Меккеде 86 сүре, Мадинада 28 сүре нәзил етилген.

Бәрше мусылманлардың жүзин Каабаға қаратып намаз оқыўы пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссаалам Мәдинаға келген соң еки жылдан кейин, 624-жылдан басланған.

321

—Қайсындай алымлар көп қәтелеседи?

—Өзи тәжирийбе ислемей-ақ китаплардан оқып ядлаған илим-билимин жан сезимлерине толық синдирместен, мақтаншақлық пенен шуғылланатуғын алымлар.

322

—Сыртлай қарағанда дени саў адамларда болатуғын ең аўыр кесел?

—Даңқ кесели. Бул кесел хәм аўыр, хәм жуқпалы болады.

323

—Адам тәбиятына хайўаншылық тәңлигине инанасыз ба?

—Инанаман. Егер адам тәбиятында хайўаншылық болмағанда, күнделикли сөзлик фондымызда «теңсизлик», «әдалатсызлық», «урды», «өлтирди», «зорлап алды», «урлады»... дегенге усас сөзлер болмас еди.

324

—Инсанға ең зәрүрли еки күш?

—Биринщиси — Адам, екиншиси — Ўатан! Усы екеўисиз хеш бир инсанда күш түўе тирилик те болмайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

325

—Бурынғы СССР басшыларының өмиринен есте таң қаларлық ҳәм күлкили ўақыялардан бир мысал келтире аласыз ба?

—Биринши күлкили ўақыя — бурынғы СССРдың 60-70-жыллардағы биринши басшысы Леонид Брежнев тез-тез жаңартып туратуғын Советлер Союзы маршалының байрам липасларын айтпағанның өзинде, төрт мәртебе «Советлер Союзының Қаҳарманы»ның төрт алтын жулдызы, бир «Социалистлик Мийнет Қаҳарманы»ның бир алтын жулдызы, бир Жоқары дәрежели «Жеңис» ордени, сегиз Ленин ордени, еки Октябрь революциясы ордени, еки «Қызыл байрақ» ордени, бир Богдан Хмельницкий ордени, бир I дәрежели «Уллы Ўатандарлық урыс қатнасыўшысы» ордени, бир «Қызыл жулдыз» ордени, он сегиз СССР медаллары, еки алмас көзли маршал жулдызынан тысқары, шет мәмлекетлердиң қырық еки ордени, жигирма тоғыз медалы менен наградланған еди. Оны телевизордан көргенде өзинше мырс етип бир күлмейтуғын инсан болмас еди.

Тилекке қарсы, күлерлик ҳәм жыларлық жағдай Нөкисте де жүз берди.

XX әсирдиң 70-жылларында Нөкис қаласының жанындағы «*Шорша*» қәбирстанының дәл ортасынан көп қәбирлер тегислениў арқалы, «Коммунистлер қәбирстаны» деген жаңа атамада орынлар ашылып, басшы коммунистлерден өлгенлерди әне сол қарağа өз алдынан жерлеў басланды.

Нөкистеги Бердақ атындағы университеттиң туалети салынып питкерилгенде, сол гезде Қарақалпақстанда дәстүрге айналған әдетлер бойынша, сол ўақыттағы Қарақалпақстанның биринши басшысы үлкен салтанатлы мәжилис өткерип, туалеттиң есигиндеги қызыл лентаны тәнҳә өзи кести...

326

—Бул дүнья маған гейде оғыры кең, гейде оғыры тар көринеди. Неге?

—Бул дүнья сизге қанша дәрежеде өзгермели болып көринсе, басқаларға да дәл сондай. Лекин, бул дүнья көзлериңе тар көринсе де, кең көринсе де, сиз өзиңизди оны белгили дәрежеде өзимде сәўлелендирип турған айнаман деп уғыныўыңыз дәркәр. Себеби қайсы кисиге дүнья қайсындай тақылетте көринсе, ол оны өзинде солай сәўлелендиргени.



www.ziyouz.com kutubxonasi

327

—Биреўлерди алдасам, кеўлим шадланады. Бул қалай?

—Сизге усас насаз инсанлардың дүньяда көплиги себепли бул дүнья жалғаншы дүнья деп ат алғанын енди түсиндим!

328

—Жек көретуғынларыма жаманлық тилеймен. Дурысқой-ә?

—Бул мақтанарлық ҳал емес, барып турған ақмақлық. Инсандағы ең ағла пазыйлет — жырылып баратырғанды сүйеў. Бул өткинши дүньяда хәр бир инсан ең ағла пазыйлет ийеси болып жасаўға умтылып жасаўы тийис. Сонда ол бахытлы! Заман да бахытлы!

329

—Бир достым бар. Өзи қақпаштай арық. Сонда да тынымсыз әлле нәрсе менен шуғылланғаны шуғылланған. Базда оған «Әй достым, бунша неге тынымсызсаң?» десем, ол: «Әй, достым, алдымызда мәңгилик дем алыс күтип турыпты ғой...» дейди. Оған не десем болады?

—Ес ақылы пүтин бөрше инсанлар сизиң сол достыңызға усаўға, яғный мийнеткеш болыўға тырысып жасайды. Оған кесент бермең!

330

—Мен бул өмирден онша маза таппайман. Сонда мени ким десе болады?

—Бәрҳа қайнаўытлап турған бул өмирден азда болса ләззетлениўди билмеген инсанды бул кең дүньяның денесине түскен жеги десе болады.

331

—Бул дүньяны бизден бурын гөззалландырып кеткенлер неге кем еске алынады?

—Шынында бул дүньяға кимлер келип кеткен болса, бәриниң де белгили дәрежеде бул дүньяны гөззал қылыўға қосқан үлеси бар. Сол ушын бәрше адамзат әзелден-ақ қыялларында өз-ара тил табысып: «бул дүньяны дөреткен де, оны хәр заманға ылайық гөззал қылып турған да, бир Тәңритааланың өзи!» деўге келискен. Усыған сизде, бизде исенсек бәршеге теңлик хәм жеңил!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 332

—«Адамның жаны тастан» деген гәптиң астында не бар?

—Хәр қандай қыйыншылықларға төзимли мақлуқат — адам-ғой...

Грек әпсанлары бойынша. Пүткил әлемде адамлардың өз-ара нәпәклик жолларға берилип кеткенине қәхәрленген Қудай (Зевс) жер жүзин суўға (бизинше «топан суўы») бастырады. Бирақ, адамзат арасынан ең пәк нийетли Прометейдиң Девкалион деген улы менен келини Пирра биригип сандық соғады хәм оның ишин азық-аўқатларға толтырады да, сол сандыққа кирип иштен иледи. Бир неше жыллардан кейин суў қайтады. Девкалион менен Пирра сандықтан шығып Қудайға (Зевске) бас ийип, шүкирлик етеди. Зевс өз гезегинде олардың қандай тилеклери барлығын сорайды. Ерли-зайып ойланып турмастан дүнья жүзин адамларға қайта толтырыўды өтинеди. Бул тилекти Қудай (Зевс) қабыл етип, олардың хәр бири майда-майда таcларды оғыры көп муғдарда жыйнаўы кереклигин кеңес етеди. Олар Зевстың бул буйрығын қабыл етип, өзлеринше, енди жеткиликли шығар-аў деген муғдарда майда таслар жыйнағанынан соң, Зевс жас ерли-зайыпты алдына шақырып, хеш қайсысы артына қарамастан, сол жыйнаған тасларын ийинлериниң үстилеринен арқасына қарай таслаўды буйырады. Олар Қудайдың бул буйрығын дәл бәржай қылады. Нәтийжеде Девкалионның ийни үстинен артына таслаған тасларынан еркек жыныслылар, ал хаялы Пирраның ийнининң үстине артына таслаған тасларынан хаял жыныслылар пайда болып, дүнья адамларға толыпты.

Әне усы ўақыядан кейин пайда болған гүллән адамзат, өзлеринше «инсанның жаны тастан» деген мәңгилик рәўият дөретип қалдырған...

## 333

—Хеш бир инсан бул дүньяны кем түсинетуғынын неге мойынлағысы келмейди?

—Менде хайранман. Бирақ, усы тақлеттеги сораўға Уллы Ибн Сино: «Хәрким өзиниң бул дүньяны кем билетуғынын билдирмеўге тырысып, бул сырын өзи менен о дүньяға алып кете береди...» деген екен. Ол, мениңше оғада дурыс айтқан.

## 334

—Биреўлер әллекимлерди «бул қараңғы адам» десе, екиншини «бул жақты адам» деседи. Мәнислерин түсиндиресиз бе?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Ким eң әўеле өзинен өзи кемшилик таба билмесе, ол өзине де, айналасына да қараңғы, ал ким хәр исин терең ақыл менен баслап, оннан өзине де, басқаларға да пайда келтирсе, ол жақты адам.

Ал қайсы адамның қараңғы, я жақты екенин сырттан бақлағанлар жақсы биледи. Өзиңиздиң қандайлығыңызды билгиңиз келсе, өзиңизге жақынларыңыздан хәм душпанларыңыздан сораңыз.

335

—Бүгинги күнде де үлги боларлық Шығыс поэзиясынан қандай усылларды еслейсиз?

—Қарақалпақлардың арғы бабаларынан болған Қарақанлар хүкимдары Таўғаш, Буғра ханға саўға қылыў нийетинде Юсуф Хас Хажибтиң 1069-1070-жылларда жазып тамамлаған «Кутадғу билиг» китабынан бүгинги түсинигимиз бойынша, дидактикалық усылды, Абулқасым Фирдаўсийдиң (934-1025) «Шахнамасы» нан қахарманлық дәстан үлгилерин, Низамий Генжаўийдиң (1141-1203) поэзиясынан ышқы-романтик поэзияның үлгилерин, ал Имам Ағзамның (80-150 хижрий) дөретпелеринен ислам дининиң философиясын түсинип алатуғынымызды дәлиллеп отырыўдың кереги болмас. Ал уллы Әлийшер Наўайы (1441-1501) жоқарыда аталған әдебий усыллардың бәринен, өзинше, хәр тәреплеме үйренип, жәхән ушын үлги боларлық шығармалар дөретип кетти. Сол ушын да қарақалпақ әдебиятының классиги Бердақ шайырдың (1827-1900), тийкарынан, «Наўайыдан саўат аштым» деп ашықтан-ашық мойынлаўы бизге үлкен ибрат.

336

—XX әсирде қарақалпақстанлыларға хажылықты баслап берген еки хажының биреўи болғаныңыз ушын, Тәңиритааладан пайғамберлерге неше нама (хат-хабар), неше китап түскенин, олардан қайсылары даңқлы екенин өз аўзыңыздан еситким келеди?

—Дәл жуўап табыўым қыйын сораў бердиңиз. Неде болса, шамам келгенше жуўап бериўге тырысаман. Мениң хәр қыйлы хүжжетлерден оқып билиўим бойынша: Адам атаға он нама, Шис пайғамберге елиў нама, Идрис пайғамберге отыз нама, Ибрахим пайғамберге он нама түскен. Сондай-ақ Тәңиритааладан 104 китап түсирилген. Солардан төрт китап ғана дүнья халықлары арасында кеңнен ен жайған. Сол төрт китаптан: «Таўрат» Муўса пайғамберге, «Забур» Дауд пайғамберге, «Инжил» Ийса пайғамберге, «Құран» Мухаммед әлейхиссаламға түсирилген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

337

—Жасыңыз биразға барса да, билими терең, талабы күшли бүгинги оқыўшыларымыздың күткениндей шығармалар дөретиўден гүдер үзбедиңиз бе?

—Халқымызда «Наүмит-шайтан» деген даналық бар ғой. Оның үстине, маған дейин өткенлер туўралы мынадай фактлер мениң де үмитимди үздирмейди:

Омар Ҳайям (1040-1123), Шекспир (1564-1616) өмирлериниң ақырларына дейин ойланыўдан, жазыўдан тынбаған.

Галилей (1564-1642) 71 жасында «Жер қуяштың әтирапында айналады» деген теорияны ашқан.

Гете (1749-1832) 80 жастан өткенде «Фауст» ты дөреткен.

Микеланджело Римдеги Святой Петр Храмында скульптуралар композициясын ислегенде 89 жаста болған.

Ньютон (1643-1727), Вольтер (1694-1778), Кант (1724-1804) соңғы демине дейин тынбай ислеген.

Чарльз Дарвин (1809-1889) 60 жастан өткенде «Адамның пайда болыўы» деген китабын жазған.

Лев Толстой (1828-1910), Бернард Шоу (1856-1950), Менделеев (1834-1907), Циолковский (1857-1935), Эйнштейн (1879-1955) өмирлериниң соңғы күнлерине шекем ҳеш қандай тыным билмей өз дөретиўшиликлерин даўам еткен.

Ҳәтте, Андрей Платонов (1899-1955) бир гезде есик қараўылы, композитор Бетховен (1770-1827) қулағы гереӊ болса да, шайыр Байрон (1778-1824) ақсақ болса да, мийнет етиўди ҳаслан тоқтатпай, ең атақлы шығармаларын дүньяға келтирген. Мен бул уллылардың саялары шелли болмасам да, жаңа шығармалар дөретиўден елеге шекем гүдер үзген емеспен. Ойланыўды, жазыўды даўам етип атырман.

338

—Сиз өлип кетсеңиз қуўанатуғынлар да болатуғынына ой жибересиз бе?

—Уллы орыс әскербасысы Суворовтың (1730-1800) мынадай бир ҳәрекетин есиме салдыңыз. Суворовтың басын кесип әкелиў ушын французлардың Россияға жиберген жансызы қолға түсип, оның өлимге буйырылғанын Суворов еситеди де, сол жансызды азат еттиреди ҳәм оған: «Елиңиз Францияға жетип барып жәриялаңыз, азмаз шыдасаңыз, елиңизге өзим-ақ бараман» деп қалады.

Солай етип, арадан көп өтпей-ақ Суворов французлардың Нови қаласына топылады. Оның күшин сезген французлар қорқып қашады. Сонда Суворов баяғы жансызды таптырып: «көрдиң бе, мениң басым французларға керек емес екен! Бәри тым-тырақай қашты. Бар, сенде кете бер, тири бол!» дейди.

Набада мениң өлимиме қуўанатуғынларды билсем, оларға: «егер маған өлим тилеў сизлерге узақ өмир беретуғын болса, мейли, узақ жасай бериңлер. Бирақ мениң соңғы демиме дейин ойлаў, жазыў уқыпларым сақланса, сақлай билсем, бәрибир, меннен соң қанша көп жасасаңыз, мени сонша оқыўға мәжбүр боласыз», деймен болғаны.

339

—Мухаммед әлейҳиссаламның ҳәдислеринен әззилерге, ҳаялларға ғамхорлық қылыў жөнинде есиңизде қалғанларынан еки-үшеўин тәкирарлайсыз ба?

—Жақсы. Пайғамберимиз үш исти, яғный:

1. Кем кеўиллилерге меҳирли болыўды;

2. Ата-анасына ҳүрмет қылыўды;

3. Өзиниң қол астындағыларға бәрҳә жақсылық қылыўды бәржай келтирген инсанларға Тәңиритаала ырза болып, оларды жәннетке тиккелей киргизетуғынын ескерткен екен...

Пайғамберимиз өз ҳәдислеринде және мыналарды ескертеди:

«Тәңиритааланың күшсиз халқы болған ҳаялларды урмаңыз».

«Тәңиритааланың алдында ҳадал нәрселердиң ең душпаны, ең ғарғыс урғаны—ҳаялды талақ қылыў».

«Бир адам бир бийтаныс кисини, я бир ҳаялды алдаса, ол бизден емес».

«Ер менен ҳаял бир-бирине меҳир-муҳаббет пенен қараса, бир-бирине садық муҳаббет қылса, бәрше гүналары бармақ араларынан төгиледи».

«Жәннеттен дәметкен инсанлар өз Аналарын бәрҳа разы қылып жасасын».

«Некениң ең қайырлысы — жеңил ҳәм сыпайы түрде тезлик пенен болып өткени болып есапланады».

340

—Қарақалпақстанға биринши келген инсан бирден нелерди байқайды деп ойлайсыз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Қарақалпақстанға биринши келген инсан, мениңше, бизиң Ўатанымызда өзбеклердиң жемисли бағларының, қазақлардың кең-кең жайлаўларының, түркменлердиң отарларының, қырғызлар менен тәжиклердиң таўларының, оларға қосымша, мусылманлардың исенгишликлериниң бәрше көринислерин бирден-ақ байқаўы сөзсиз.

341

—Шығарма жазыўға кирисер алдындағы ҳәм жазыў пайытындағы кейпиңиз?

—Бундай сораўлар маған көп берилген. Тәкирарлаў болса да, әўеле өзиме дейинги өткенлердиң айырымларының айтқанларын тәкирарлайын:

Француз жазыўшысы Г. Флобер (1828-1880): «жазыўды басласам, қасымда биреў азаннан кешке дейин бақырып турса да, маған кәр етпейди» дейди екен.

Лев Толстой (1827-1910): «мен гәплерди даўыслап сөйлеп отырып писиремен. Ким бундай қылмаса, мейли. Бирақ бул әдет әўелги гезлери шаңарақ ағзаларын алдында уяттай түйилсе де, соңынан олар да көнлигип кетеди екен» депти.

Өзбек жазыўшысы Айбек (1905-1968) жазыўды баслар алдынан жазатуғын бөлмесине кирип, арман-берман тынымсыз жүрип, гә қолларын муштлап, гә басын услап, түрли қылықлар қылып, өзинше сөйленип, қаҳарманларының образларына кирип болғаннан соң, жазыўды баслайды екен...

Бәлким, меңде де усыларға тәқаббыл қылўалар бар шығар. Оларды өзим емес басқалар дурысырақ сезсе керек.

342

—Илим-билим ийелегенлердиң бәри де халқына теңдей пайдалыма?

—Ҳақыйқатында, илим-билим халыққа хызмет етиў жолында ойлап табылған тәжирийбелердиң нәтийжеси. Сол ушын Қарақалпақстанның өзинде диссертация жақлаўлар иске асырылатуғын болғанына қуўанбаған бирде қарақалпақ болмады десем асыра силтеген болмайман. Әттең, айырым адамлардың сәтсизликке ушыраса «Я Тәңиритаала, өзиң яр болагөр», деседе өз мақсетин иске асырғаннан соң кимге сыйынғанын умытып кететуғыны яңлы, қарақалпақстанлы айырым илимпазлар ойлаған илимий атағына ерисип алса, тамам, илимниң не екенин, оның халқына қандай пайдасы барлығын есинен биротала



www.ziyouz.com kutubxonasi

шығарады. Ал, өзинин атағына сай ақыл-парасаты, даналығы кем гейпара алымларымыз, жерин шүдигарлап болып оған тұқым себе алмаған дийқанға мегзесе, және биреўлери, билимлилигин көрсетиў мақсетинде өзиниң ана тилин менсинбей, өз ўатанында да өзге тилде сөйлейтуғын ладанларға мегзеп қалады.

Не болсада, Тәңиритаалам алымларымызға инсап бергей.

343

—Басшы лаўазымдағылар менен араңыздағы қарым-қатнаслар хаққында айтсаңыз?

—Сиз ойлағандай хәм күткендей хеш нәрсе айта алмайман. Бирақ өтмиштеги жерлесимиз, уллы Хорезм шайыры Уллы Палўан Махмудтың (1247-1322):

—«Дарвиш ила шах булса агар улфат

Бу шаҳ бахту эрур, дарвиш учун кулфат»... («Егер шаҳ пенен дәрўиш жақсы мүнәсибетте болса, бул шаҳқа бахыт, дәрўишке артық машқала») деген қосық қатарларын жаслығымда атамнан еситип, соңынан өзим таўып оқыған едим. Бул даналық, неликтенде, ақылымды бийлеп, жоқары лаўазымдағыларға қарай табанымды онша тарттырмайды.

344

—Сизиң базы шығармаларыңыздан бәрҳә мин табыўға тырысатуғынларға көзқарасыңыз?

—Бизиң эрамызға дейинги 480-400-жылларда жасаған Қытай философы Мо Цзыдың өз қарсыласлары жөнинде айтқан мынаў пикири менен жуўап беремен: «Өзге философлық мектеплер тәрепинен мениң философлық жолларымды бийкар етиўге урыныўшылар, мәйек пенен тасты урып сындырғысы келгенлердиң хәрекетлерин қылады. Олар қайдан, қандай мәйек таўып урса да, бәри бир тас жарылмайтуғынын уғынбайды».

345

—Адамзат жәмийети бираз дәрежеде бузылып баратырғанға мезгемейме?

—Бул сораўыңыз бенен уллы шайыр бабамыз Бердақтың «Бул дүнья дүнья болғалы, патша әдил болған емес» деген қосық қатарын есиме салдыңыз.

Хақыйқатында, адамзат жәмийети қандай дәрежеде бузылғандай болып көринген менен, бәрине мәмлекетлердиң басшылары, патшалар, ханлар, президентлер айыплы. Биреўдиң жери екиншиге зүрә-



www.ziyouz.com kutubxonasi

этли, биреўдиң хаялы екиншиге қыз киби, биреўдиң лаўазымы екиншиге күтә пайдалы көриниўлери де әййемнен киятырған қубылыслар. Арал теңизиниң бүгинги машқалаларын шешиўде алды менен, түркийзибанлардың өзлери бир пикирге келе алмағаны да, ескi қубылысларының көринислери. Сол ушын қорықпаңыз. Адамзат жәмийети ҳәзир ҳәр қашанғысынан ойшыл. Егер басшылар ойшыл инсанлар менен есапласып, мәсләҳәтлесип жасаса, елеберин жақсы болады. Уллы ал-Фарабий айтқандай, басшыларда хош билимлик ҳәм парасатлылық, ҳәмме исти есте сақлаўшылық, кеширимлилик, ҳәр бир истиң шегин билиўшилик, ҳадаллық, ҳарамылықларға нәпрет, жоқары адамгершилик, әдалатпаразлық, қатты қоллық сыяқлы сыпатлар сақланса, адамзат ҳеш қашан бузылмастан, дүньяны кемкем гүллендире береди.

346

—Мухаммед пайғамбердиң шығысы араб болып ислам дини де араблардан таратылғаны ушын ол өз тағлыйматларында арабларды басқалардан үстем қойса керек-ә?

—Мухаммед әлейҳиссаламның ондай қылықлары жөнинде еситпедим де, оқымадым да. *Бирақ онық мынадай тағлыйматын билемен:* «Әй, инсанлар! Раббиңиз бирдур, Атаңыз бирдур. Ҳәммеңиз Адамның балаcысыз. Адам болса топырақтан жасалған. Тәңиритааланың қасында, оның ҳәмиринен шығынбағанларыңыз қәдирлисиз. Арабтың араб болмағанларға... үстемлиги жоқ. Тәңиритааланың ҳәмирин ким тутса сол үстиндур!».

Мине, Мухаммед әлейҳиссалам усындай пикирлери менен пайғамбер-дә!

347

—Инсанлар бир-бириниң копиясы, деген пикирге қалай қарайсыз?

—Ҳақыйқатында, инсанлардың сыртқы көринислери, жүрис-турыслары, даўыслары, ҳәрекетлери, ҳәттеки күлгенлери де, жылағанлары да усаслығы дурыс. Бирақ ҳәр инсанның тәғдири, ойлары басқаларда ҳеш қайталанбайтуғын, көринбейтуғын қубылыс. Ҳеш бир инсан өзинен басқа екинши инсанның қыялына нелер келип, нелер кетип атырғанын ҳешқашан дурыслы түсинбейди. Егер түсингенде *«бул дүнья жумбақ» деген сөзлер айтылмаған болар еди.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

348

—Бул дүньяда қуўанышлар көп пе, я қайғылар көп пе?

—Дүньяны қай дәрежеде түсиниў хәр инсанның кейпинен ғәрезли. Әлле ким әлле нәрседен қуўанып жүрсе, оған әйнала қуўанышқа толып турғандай, ал кимниң басына қайғы-хәсирет түссе, оған әйнала қайғы-хәсиретке толып кеткендей түйилетуғыны тәбийий қубылыс. Сол ушын кескин жуўап бере алмайман.

349

—Патшаларға, президентлерге, ел басшыларына барлық нәрсе жеткиликли. Сол ушын олардың күнделикли турмыстан хәсирет шегетуғын күни болмаса керек-ә?

—Мениң ойымша, бәрше инсанлардан гөре оғыры көбирек хәсирет шегип жасайтуғынлар: патшалар, президентлер, ел басшылары... Өйткени олар өз қол астындағы хәр бир инсанның тәғдирине жан ашытыўдан тысқары, тәнхә өзлери отырған тахтты сақлап турыў мәселеси бир демге де еслеринен шықпайды. Бирақ олардың қарапайым халықтан бир айырмасы — ишки хәсиретлерин көбирек өз ишинде сақлай билиўинде.

350

—Базылардың «топыраққа айлан» дегени менен Хожа Ахмед Яссаўийдиң бир қосығында «топырақ бол!» дегенинде қандай айырма бар?

—Ким биреўге «топыраққа айлан!» десе ғарғаныўы, яғный «өл!» дегени. Ал Хожа Ахмед Яссаўийдиң «топырақ бол!» дегени— «кишипейил бол!» дегени.

351

—Өткен дәўирлерде дөретилип бизиң заманымызға жеткен көркем шығармалар жөнинде ойларыңыз?

—Барлық заманлар ушын теңдей хызмет ететуғын дана шығармаларды тарийх аз билмейди. Сөйтсе де, хәр қандай заман, дәўир өзгерсе, оның қурал-таслары әпиўайы кесеклерге айналғаны янлы, өз дәўирлерин де мақталып жүрген базы шығармалар бас пүкил итибардан шығып қалады. Өйткени жаңа заман өзи ушын жаңаша қурал тасларын дөретеди. Соңғы таза таслар менен урылған бурынғы кесеклер майдаланса да, олардан соңғы тасларға шаңлар жуғады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ески заманлар менен дәўирлерден бүгинги заманға өткен пикирлер, көркем шығармалар, деп мақтаныш тутып жүргенлеримиздиң барлығы дерлик, соңғы таза тасларға жуғып қалған шаңлар киби қубылыслар.

352

—Түркийзибанлар арасында сан жағынан қайсысы көп?

—Бүгинги есап бойынша Түркияның халқы көп. Бөри 65 миллионнан асламырақ. Бар территориясы 779452 квадрат километр. Гүллән халқының 54 пайыздан көбиреги қалаларда жасайды. Орайы — Анкара. Орайында үш ярым миллионнан аслам адам жасайды. Түркияда дерлик бәрше түркийзибан халықлардың айырым кәбилалары, қәўимлери, руўлары бар. Олардың арасынан өзбеклерде, қазақларда, қырғызларда, түркменлерде, қарақалпақларда... өзлерин «түркистанлылармыз» десип, өз-ара татыў жасайды. Екинши орында Өзбекстан...

353

—Әмиўде суў кемейип, Арал теңизи биротала қурып баратырғаны жөнинде ашық ойларыңызды билгим келеди?

—Сиз тилге алған бул жағдай бир Қарақалпақстанның ғана емес, пүткил дүньяның машқалаларын арттырмақта. Мен бул жөнинде өткен әсирдиң екинши ярымынан бержағында, өзимше, күтә көп ойланаман. Гейде жылап бир Тәңиритааладан кәрамат сорайман... Хеш-бир кәраматты сезе алмай өз-өзинен жүрегим суўлап, көзлериме жас қуйылады. Ал, түнде әли төсекке киргенимнен кейин де жаныма тынышлық жоқ, көбинесе уйқым келмей, халқымның өтмиши, өз мәканларынан талай-талай мәртебе посқанлары есиме түседи...

Бабаларымыздың өтмиштеги көп-көп посыўларына баслы себеп — олардың гүллән түркийзибанларды қорғаўшы биринши нөкерлер болғанлығы деген жуўмақларға келсем, нөкерлигимиз, бүгинде өзгермеген сол нөкер-минезлигимиз ушын ғарғысқа ушырамадықпа екен, депте кәўипсинемен.

Нөкерлигиниң әзелий белгиси сыпатында арғы бабаларымыздың басларына кийдирилген қара қалпақты, хәтте әўладлары да басынан тасламай кийгени ушын да, әйналадағы хәр қыйлы сыртқы душпан көзлерине еледе қәўипли жаў нөкер киби көрингенимиз ушын да, оларға сырттан күтилмеген шабыўыллар көбейип, бабаларымыздың жазықсыз-ақ қонысларынан көшиўлерине мәжбүр қылына бергенин көп-көп тарийхый әпсаналар, рәўиятлар тастыйықлайды... Лекин, бүгинги Арал, Әмиўдәрья машқалалары есиме түссе, өтмиштеги



www.ziyouz.com kutubxonasi

аўыр-аўыр жағдайлар және тәкирарланажақпа деп те гүманланаман өзимше.

Деген менен, халқымызға Тәңиритаала руўхый күш берип, бүгинлиги халқымыз ғәрезсизликке ерисип, еркин жасаўды жаңа баслағанда суўдың кемейгени «Тәңиритааланың қайсындай ғарғысы!» деп, бул сораўға жуўап таппай, жан сезимлерим қайта-қайта сергизданлыққа түседи. «Тәңиритааланың алдында қандай гүналар ислеп, оның қандай ғарғысларына ушырадық екен?» деп көп тарийхый қыян-кестилерди көз алдыма келтиремен.

Көп-көп посыўлардан соң қарақалпақ халқын өзиниң әзелий ана журты — Нуўх әлейҳиссаламның кемеси келип тоқтаған Арал бойларына, қайта баслап келген өзиниң сүйикли, дана перзенти, аты әпсанаға айналған Маман бий Оразан батыр улының қәбири Әмиўдәрьяның душшы суўы Аралға қуйып, теңиздиң ашшы суўы менен ақ көбик болып араласқан жеринде қалғанын бүгинге дейин ҳеш бир қарақалпақ перзенти есине алмағаны, ондай кәраматлы орынды излемегени ушын Тәңиритаалам ғарғап, буларды және тентене қылайын деген ой менен суўымызды жорта азайттыма екен дегенде түпсиз қыялға берилемен.

Хорезм халқы менен туўысқанлықты, тәғдир бирлигин мәңги сақлап қалыў нийетинде ҳәтте жанын қурбан етиўге таяр Айдос баба уллы Хорезм ханына бас ийип қарақалпақларға ханлық ушын бул әдиўли уллы инсанды ҳүрмет етип, оған естеликлер орнатыў орнына «Айдос сатқын» деп бәләәтлеўден басқа усыл таппай, ең болмаса, бүгинги ғәрезсиз заманымызда оның атына жақсы сөзлер айтыў менен оның «Айдос қаласын», «Айдостың мәсләҳәт төбесин» реконструкция қылайық деген усыныслар ҳеш кимниң аўзынан шықпағаны ушын Қудай бизлерди ғарғадыма екен дегенде зәҳәрли қыял келеди басыма.

Болмаса буннан 14 әсир бурын Ўатанымыздың даңқын шығарыўға себепкер болып, парсый еллерде исламды ендирип атырған ҳәзирети Әлийге нөкерлик хызметке барып, оның хызметинде жан берген Султан Ўайыс Қараний исимли бабамызды уллы ҳәзирети Әлий тәңкә өзи минген дүлдүли менен Ўатанына әкелдирип, бизиң Қаратаў алабында қалған анасының қасына қойылған даңқлы қәбири ҳәм қәбирстанына бүгинги ғәрезсизлигимизден пайдаланып, мәмлекетлик көзқараслар менен дурыслы баҳа бере алмағанымыз ушын Тәңиритаала ғарғысына тап болып, бүгинлиги суўымызды кемейтип атырған жоқпа екен, дегенде узын-шубай қыялларға берилемен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сондай-ақ «Мәдинада Мухаммед болса, Түркистанда Хожахмед» деп атанған уллы бабамыз Яссаўийдиң даңқлы шәкирти Сулайман Бақырғаний сыяқлы бабамыздың (Ҳәким атаның) ҳәм оның әдиўли ҳәм кәраматлы уллы Уббы Хожаның, (соңында «Ўбби Хожа бала шейит» деп аталған) қәбирстанынада таўап қылып, олардың ҳүрметине бүгинге дейин бир рет бас иймегенимиз ушын усылай болып атырма...» депте уйқысыз түнлер өткеремен...

Айта берсек уллы-уллы бабаларымыз, даңқлы аналарымыз оғыры көп. Кусхана таўының үстиндеги «Тасқырман» деп аталған мәканды зыярат қылдық па? «Қырққыз қаласы», я «Пайғамбер қыз» қәбирстаны, болмаса «Айдос қала», «Ерназардың қыр қаласы»,... сыяқлы жүзлеген мухаддес орынларды зыярат қылып турмағанымыз ушын да Тәңиритаала бизди ғарғаған болса да, тәәжип емес!

Ҳақыйқаттан да уллы қүдиретли күш ийеси болған Тәңиритаала алдында гүналарымыз көплигинде бийкарламайман. Мойынласақ, кеширим сорасақ, Тәңиритаала кеширеди ғой депте исенемен...

Деген менен, Қүдиретли күшлиниң жазалары да, инсанларды сынайтуғын усыллары да есапсыз. Бизиң аз санлы халқымызды ғарғап, шетинен кесел берип қырыў қолынан келмейме? Келеди. Лекин, уллының уллы меҳири бундай ислерге жол бермей, бул халық ойлансын, шүкирликке келсин, деп суў тансықлығын пайда еткени ушын гейде түсимде «Суў, суў...!» деген өз даўысымнан сескенип оянаман

Әне, усылай жан тебиренислерине түсип жүргенимде, Тәңиритааланың бизлер ушын әдейи таңлап жиберген жердеги саяларынан есапланған Президентимиз көп ҳәсирет шегип атырған Қарақалпақстанға 2002-жылдың 2-майында келип, буннан мың жыллар бурын өзиниң еле бирикпеген халқын 40 жыл изине ертип жүриў арқалы апатшылықтан қутқарған Муўса пайғамбердиң ҳүрметине исми Муўса деп аталған бир ойшыл қарақалпақ перзентин биринши басшылық лаўазымға отырғызып кеткен еди. Әне, соның кәраматыма, арадан еки ҳәпте өтпей-ақ Әмиўдәръяға суў келди!... Әй Тәңиритаалам, бул ислериң бизлерди кеширгениңниң басы болғай!!

354

—«Әдепнама» оқыўлығының дүзилиси жөнинде пикириңиз?

—Бүгинги оқыўлық маған унамайды. Мениң ойымша, әййемнен киятырған тәжирийбелер бойынша «Әдепнаманың» баслы бағдары Адам ата, Шис, Идрис, Ибраҳим, Муўса, Ийса, Даўыт... Мухаммед әлейҳиссаламның ҳәдислери ҳәм рәўиятларынан тыскары «Қалила



www.ziyouz.com kutubxonasi

хәм Димна», «Кабуснама»... сыяқлы көплеген даналық китапларға сүйенип, тек Шығыс пенен ғана шекленбей, жәҳанниң көп-көп дана әпсаналары менен рәўиятларын дөреткен уллы-уллы инсанлардың өмир жоллары менен толықтырылыўы тийис. Солай исленгенде «Әдепнама» бүгинги хәм енди́ги жас әўладларды, бул кең әлемниң қаяқтан сағa алғанына, пүткил әлем даналықларының тырнағы қайерде екенлигин дәлиллеўлерине хәм жас әўладтың ақыллы инсанлар болып қәлиплесиўине шексиз көп-көп жәрдем бериўши оқыўлық болар еди.

«Әдепли инсан тәўипке усайды» дейди халық. Егер дурыслы «Әдепнама» дүзилсе, келешегимиз өмирдиң көп-көп кеселликлеринен емленеди. Жәҳән дәрежесинде ойлайтуғын билимлилер көбейеди.

355

—Сизинше, «Ўақыт» деген не?

—Ўақыт — бул күтә көп қырлы түсиник. Оның өлшеми де хәр қыйлы. Биреўлер саатты, минутты, ҳәтте күнди, хәптени, айды, жыл мәўсимлерин, хәтте жылды өзлеринше ўақыт өлшеми деп есаплайды. Олай болса, бизге дейинги өткен ўақытты қалай өлшеп, қалай баҳалаў мүмкин?

Бир адамның өмирине баҳа бериўде, балалық, жигитлик, егеделик, ғаррылық дәўирлери деген теңеўлер де айтылады. Бул дәл түсиник бере ме?

Усы көзқарастан «Ўақыт» сөзиниң мәнисин түсиндириў оғыры мүшкилли ис. Дүньяда жасаған гүллән инсанлар ушын саатлар бар болғаны янлы хәр кимниң өзинше ўақыт өлшеми бар. Көбинесе, адам өмирин оның туўылғанынан өлгенине дейинги аралық деп белгилейди. Бул да дәл емес, себеби хәр инсанның «ўақыт», «ўақыттан пайдаланыў» деген түсинигине сай келмейди.

Инсан қанша дәрежеде бахытлы болса, оған ўақыт сонша дәрежеде тез өтип атырғандай, ал бахытсыз болса, оған ўақыт хаслан өтпей атырған секилли түйиледи.

Ўақыт түсинигине өз ўақтында Гомер, Гераклит, Платон, Сенека, Аристотель сыяқлы уллы ойшылар да жуўап излеген, лекин, хәр бириниң түсиниги өзинше. Уллы философ, христиан геологи Аврелий Августин (254-430): «Егер меннен адамлар ўақыттың не екенлигин сорамаса, өзимше ўақыттың не екенлигин билетуғынға усайман. Ал ўақыттың не екенлигин басқаларға түсиндириўге ыңғайлассам, оның не екенлигин өзим де билмейтуғынымды түсинип қаламан» деген екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Басқалар секилли мен де Уллы Аврелий Августинниң түсинигинен асырып ҳештеңе айта алмайман. Бир айтарым, менинше, ўақыт — бул сениң менен бизиң тирилигимиз. Тирилигимиздеги ўақыт өзимиздики, ал өлсек, әлбетте, соңғылардики... Демек ўақыт даўам етеди. Оны қәдирлеў дурыс пайдаланыў ҳәрбир инсанның бас ўазыйпасы болыўы шәрт.

356

—Өтмишимиздиң көп қырралары кеңирек ашылған бүгинги дәўирде пүткил Шығыстың хаял-қызларына тән қандай қубылысларды байқайсыз?

—Тек ғана Шығыстың хаял-қызлары емес, улыўма хаял-қызлар, аналар ҳаққында ең жақсы гәплер айтыў, Тәңиритааланың буйрығы нәтийжесинде, уллы пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссаламның бас көрсетпелеринен есапланады.

Ҳаял бар — дүнья бар, хаял бар — тиришилик бар, хаял бар өсип—өрбиўшилик бар, келешек бар, ҳаял бар — гөззаллық бар... Әне усы кең түсиниклерден Шығыстың ҳаялларын, соның ишинде, тек қарақалпақ ҳаялларын, бөлип мақтаныш тутып сөйлеў әдилликке жатпайды деген қыял басыма келсе де, өзимше, ойланаман. Билесиз, пүткил кең әлем алты континентке бөлинип, ҳәр континентте адамзаттың күн көрислери, жасаў тәжирийбелери хәр қыйлы дәрежеде болғанлығын көз алдыма келтириў менен, Шығыс ҳаяллары жөниндеги сораўыңызды дыққаттан шығармай, Европа континентиниң уллы ҳүкимдар хаяллары, әййемги Палмираның ҳүкимдары Зиновья, Испанияның короли болған Изабелла, армиян гөззалы Тамара сыяқлы бир неше дана ҳаяллардың атларын атап, олар қатарында өзимиздиң массагетлер ҳүкимдары Тумаристиң (Тумарлының) теңсиз уллы ерликлери ушын, көп даңқлы ислерине байланыслы «Қырық қыз» деген ат пенен пүткил уллы дәстан дөретилген Гүлайымды, Сак қызлары Зарина ҳәм Олетиданы мақтаныш сезимлери менен тилге алып, өзимше былай дегим келеди:

Қәйткен менен де, сол дәўирлердеги Европада атлары мақтаныш пенен тилге алынатуғын хаял-қызлар бармақ пенен санарлық. Ал Шығыс ҳаял-қызлары Тәңиритааланың руўхын өзлеринде көп сезиниў арқалы, ең әдаўатлы заманларда да ерлер менен тең атларға минип, «амазонкалар» деген лақаб пенен өз мәканларын, адамзат дүньясының пәклигин, теңлигин қорғап турыўдағы ең баслы күш болған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

VIII әсирде жасап өткен басралы шайыр Рабия ал-Адебиянын (719-801) бир қолына суў толы мыс қумған, екинши қолына лаўлап от жанған шырақ көтериў менен аўыллардан аўылларға, қалалардан қалаларға жүрип: «Әй, инсанлар, егер сизлер дозақтан қорқып, исламды қабыл етсеңиз, мине, суў қуйып, дозақты өширемен, егер, сизлер бейиштен дәметип исламды қабыл етсеңиз, мине, бейишке от беремен. Нендей шешимге келсеңиз де шын қәлбиңиздиң буйрығы бойынша қылыңлар!...» деп аўыллар менен қалалар арасындағы тынымсыз сүрен таслап жүргени, тарийхтан мәлим. Бул хаял бүгинги күнимизде де бәршеге үлги емеспе? Рабияның инсанды өзиниң қәлб буйрығына шақырыўшы оғада батыл хәрекетлери, ислери бүгинги күни де пүткил әлемге үлги қылып тутылса, не деген саўаплы ис болар еди. Егер бундай Шығыс хаял-қызлары менен мақтаныўды ким кәлемесе, және бир мәртебе олардың есине салайын: Өтмиштен уллы-уллы ойшыллардың көпшилиги дерлик шығыс хаялларынан туўылған. Олардан: Орта әсирлердеги, IX-X әсирлердеги мусылман халипалары, тийкарынан, түркийзибан аналардың перзентлери. Сондай-ақ Әмир-Темурдың зайыбы Сарай Мүлк ханымнан (Бийбиханымнан 1341-1406) баслап, тек ғана Темурлар әўладларына дәрек, Гераттан Шахрух мырзанын (1377-1447) қостары Гәўхаршад бегим (1379-1457), Халил Султан Мырзаның (1384-1411) сүйикли қостары Шад Мүлк Хатын (1387-1411), Хусайын Байқараның (1438-1506) қостары Хатиша Бегим (1451-1511), Захриддин Мухаммед Бабурдын (1483-1536) қызы Гүлбадам Бегим (1523-1603), Шах Жаханның (1592-1668) қызы Жахан Ара Бегим (1614-1681), Аврангзев Ахамгирдиң (1618-1707) қызы Зебуниса Бегим (1639-1702) усаған даңқлы хаяллардың атларын атаўдың өзи де көп нәрсени аңлатпайма? Аңлатады. Ойландырады. Мақтандырады. Ал XIX әсирдеги батыр, қырғыз хаялы Құрманжан датқа ше?...

Енди гәпти соза бермей Шығыс хаялының әдеп-икрамлылығын белгилеўши бир әпсана:

Нурлы исмли бир түркийзибан хаял жазықсыз-ақ өлимге хүким етилип, өлим майданына қарай айдалып баратырғанында, ол җәлладқа: «берекет табыңыз, маған бир ийне сабақ бере турыңыз» депти. Жәлләт жекириниўшилик пенен «Оны не қыласыз?» дегенде, ол: «Қазының алдында дизе бүгип отырғанымда балағымның дизеси жыртылған екен. Тигип алайын. Өлим минберине жыртық дизе менен шығыў уят ғой» деген екен...

Усының өзи де, Шығыс хаялының хәтте өлип баратырғанда да ийбелилигин сақлап қылыўынан бир мысал емеспе?...



www.ziyouz.com kutubxonasi

357

—Сиз түркийзибанлардың биригиў тәрептарысыз. Бул жөнинде Шыңғыс Айтматов та Сизге өз әрманларын жазған. Түркийзибанлар жөнинде орыс алымларының ужыбатлы пикирлеринен бирин еске алсаңыз?

—Шығысты изертлеўши орыс алымы А. А. Боровкова: «түркийзибанлар тарийхын хәм мәдениятын билмей турып, дүнья мәдениятын хәм тарийхын үйренип болмайды» деген. Усы гәпти еслеген сайын Шыңғыс Айтматовқа даўыс қосып, егер де түркийзибанлар өз-ара алаўызлығы себепли майда-майда мәмлекетлерге бөлинбегенде, бул дүньяны гөззалық тәрепке бурыў кереклигине ғана емес, пүткил әлемде тек парахатшылық хүким сүриўине үлес қосып, өзлериниң ағла әрманларын иске асырып та жасаған болар еди, дегим келеди. Әттен, уллы Әмир Темурдан кейин түркийзибанларды, шын мәнисинде, өз-ара бириктиретуғын шахс дүньяға келмей атырғаны өкинишли!

358

—Ғаррылықты қалай сезинип атырсыз?

—Грек философы данышпан Аристотельдиң (384-322): «Жаслық есерликтиң бир түри, оннан емленсе болады, ал ғаррылық өзинше бир кесел, оған өлимнен басқа дәри табыў қыйын» деп айтқан даналығының хақыйқый дурыслығын енди түсинип атырман.

359

—Бүгинги хаял-қызлардағы қандай хәрекетлер Сизге жақпайды?

—Базы хаял-қызлардың айналасындағы еркеклердиң ақыл-заҡаўатына емес, сыртқы көринислерине қарап-ақ оларға бирден мухаббетлерин билдиретуғын әдетлери маған жағыңқырамайды.

360

—Инсанның өзине өзиниң душпанлығы болама?

—Болады. Өзине өзиниң душпанлығы әллекимлерге жағыныў нийетинде айтқан өзиниң өтириклерине соңында өзиде исенгени менен шекленбей, басқаларды да инандырыўға тырысыўларында да көринеди.

361

—Бир қызға гәп айтпақшы болсам, ол: «Дипломың болмаса керек, диплом алып болып сөйлес» дейди. Онша түсинбедим?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Түсиниўге тырысыңыз: Сол қыз, мениңше, сизиң биринши мүнәсибетлериңизди көрип көп оқыған, билим алған жигитти сизден гөре интизамлырақ, сабырлырақ болады деп исенсе керек.

362

—Ушырасқыңыз келмейтуғын таныс-билислериңиз барма?

—Бар. Тек өзин ғана пәк, ақыллы санап, ҳәтте ҳақыйқый досларына гүманлы қарайтуғын инсанлар менен онша ушырасқым да, сөйлеским де келе бермейтуғын әдетим жоқ емес.

363

—Бир алымға шәкирт — аспирант едим, түсине алмай жүрмен?

—Әпсана: Шиблий шайхқа орынсыз әлле қандай жаманлық қылыныпп, ол сол жаманлықты умытыў нийетинде, қолына бир қысым тас алып өзинше ойланыў менен, қолындағы тасларын бирим-бирим санаған болып отыр екен. Бир топар шәкиртлери келип: «Устаз, бизлер сизди шын кәлбимизден сүйетуғынымызды билдириўге келдик» депти. Сонда Шайх қолында қалған тасларды оларға бирим-бирим ата баслайды. Шәкиртлери буған ашыўланып:

«Устаз, ҳүрметти билмейди екенсиз? Егер шайх сыпатында бизге үйреткенлериңиз дурыс болса, неге өзиңиз сабыр-тақат қылмайсыз?» — депти.

«Оо, айналайынлар,— депти Шиблий шайх.— Мени шыннан устаз санап, жақсы көретуғыныңыз ҳақыйқат болса, мениң үстиңизге атқан тасларыма неге шыдамайсыз?»

Мине, усы тақылетте, сиз өз устазыңызды мойынласаңыз, оның сизге атқан тасларына да шыдайтуғын боласыз.

364

—«Қытай дийўалы» ҳаққында билгенлериңизди айтсаңыз?

—«Қытай дийўалы»н өз көзим менен көрмесем де, оқығанларымнан өзиме исенимлирек түйилген биреўин айтайын:

Бизиң эрамызға дейинги VIII әсирде Ван деген патша болып, ол Сарайда ҳәр қыйлы қызықлар өткериўди жақсы көреди екен. Бир күни ол сүйикли хаялы Бао Сы ды таңландырып, ўақтын шад етиў арқалы күлдириў нийетинде патшалығын қоршаған қараўылханалардың бәрине лаўлатып от жағыўды тапсырыпты. «Бул не? Не болып қалды?» десип ҳәмме ел басшылары нөкерлери менен патшаға



www.ziyouz.com kutubxonasi

келипти. Караса, аманлык. Бирак хаялы Бао Сы бул жағдайға таңланып мырс-мырс күлипти. Усы ўақыядан бираз ўақыт өткеннен кейин патшалыкка хақыйкаттанда жаў топылады. Патша хәммени хабардар қылыў нийетинде бәрше қараўылханаларына хабаршылар жоллап, лаўлаған отлар жақтырады. «Бул, патшаның өткен сапарғы киби дәлкеги» десип, хеш қайсысы келмепти. Патша жеңиледи...

Бул ислерден сабак алған соңғы патшалар енди ойлана баслайды.

Сол гезде Қытай майда-майда ханлықлар менен князликлерден ибарат екен. Хәр кайсысы өз елин дийўал менен қоршаўды баслайды. Бирак бул дийўаллар бәрше Қытай мәмлекетинин бирлигине, аманлығына онша жәрдем бермейди. Шабыўылларда хәр топар өзинше жеңилип қала береди.

Бизиң эрамызға дейинги III әсирде Цино деген патша өзине дейингилердиң қәтеликлеринен жуўмақ шығарып, елди хақыйкый дәрежеде бириктиреди. Ал буннан соң өзин «Цинь-Ши-хуанди» деп атайды. Бул «Цинь елиниң биринши патшасы» дегени екен. Ол енди барлық майда-майда ханлықларды, князликлерди қосып, пүткил елди дийўал менен қоршаўды баслайды. Усы максетте патша өзиниң, Мэнь Тянь деген әскер басшысына 300 мың ләшкер менен мәмлекеттиң сыртын қоршайтуғын дийўал қурыўды тапсырады. Сөйтип Мэнь Тянь өз патшасының буйрығын орынлаў ушын, хәттеки, бәрше туткынларды да, қулларды да иске салады. Қыста да тынбайды. Таўларда, адам жүре алмайтуғын орынларда, таў текелердиң (козел) шақларына да таслар, гербишлер байлап Қытай дийўалының қурылысына карай қуўады.

Ески Қытайдың жазба хүжжетлери бойынша Қытайлың сол дәўирдеги хәр он адамынан үшеўи усы қурылыска катнаскан. Көп қыйыншылыкларда, аўкатлар жетпей, көп адамлар өлсе де, қурылыс даўам еттирилген. Цинь Ши-хуанди өлгеннен сон да, қурылыс ислери тоқтатылмаған.

Қытайдың уллы дийўалын кытайлылар Вэндичан-чэн деп атайды. Бул «он мың ли» (узынлық өлшеми) дегени. Узынлығы, хәзирги шама менен 4,5 мың км, орташа бийиклиги 6,5 метр, гейпара орынларда бийиклиги 10 метрге жетеди. Дийўалдың ени 6,5 метр, үстинен арбалар еркин жүргизиле берген.

Хәр 100, 120 метр аралыкка бир караўылхана (башня) салынған. Оларда күни-түни қараўыллар турған. Бәри болып 60 мың қараўылхана (башня) салынған. Қараўылханадағылардың биреўи сырттан жаўлар киятырғанын көрсе, жылдам от жаккан, оны көрип басқалары да өз қараўылханаларына отлар жаккан...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Рәўиятларға қарағанда Қудайдың хәмири менен Цинь Ши-хуанди диййал қурылысында ислеўшилерге күш беретуғын дуўагөйликке де ийе болған. Ол, солай етип, базы орынларда, таўлардың қыснақларына да дәрўазалар ислетип, оларда әскерий гарнизонлар, қалалар менен саўда орынларын да қурдырған.

Қытай диййалы ылайдан, гербишлерден, таслардан салынған. Оның әўелги 60 мың башнясынан (қараўылханадан) бүгинге дейин 20 мыңдайы сақланған деседи.

365

—Халқының көплиги бойынша дүньяда биринши орынды ислейтуғын Қытай мәмлекетинде ядро қураллары пайда болған ба?

—Адамзат жәмийетлериниң раўажланыўының орны гиреўли Қытай мәмлекети әлллекимлерге аўзын ашып отырған жоқ. 1984-жылы-ақ биринши рет ядро қуралларын сынап көрген.

366

—Бүгин мәкемеге басшылық лаўазымына бекитилдим. Қәйтсем жәмәәтиме унайман?

—Қолына балта услаған адамлардың бәрин қассап, қолына дуўтар услағанлардың бәрин бақсы, қолында қағаз-қәлеми бар адамлардың хәммесин оқыўшы ямаса арзагөй деп ойлама. Үнсизликте, өз жумысын дурыс ислеп атырғанларға кесент келтирмей, өзиңди кем-кем бийикке шығып баратырған киби сезинбей, керисинше, тереңирек шуқырға түсип баратырған киби сезинип ақыл-парасатлы ойларға толы терең билимлер менен ис басласаңыз, жәмәәтиңиз унатса керек.

367

—Бурынғы Хорезм ханлығының даңқы туўралы оқығанларыңыздан сизге айрықша унаған бир факт?

—XIII әсирде Хорезм патшалығының орайы ески Гүргенж шәҳәрине келген араб саяхатшысы Якубтың, 1939-жылы Москвада басылған «Түркмен хәм Түркменстан тарийхы» деген китаптың биринши, томында басылған мынаў пикири, яғный, «Мен Хорезмдеги шелли: көп санлы адамлар жасайтуғын мәканды хеш жерде көрмегенмен... Дүньяда гөззаллығы, байлығы бойынша Хорезмнен асатуғын ел бар деп те ойламайман»... дегени өзиниң хақыйқатлығы менен бизинде ата-бабаларымыздың мәканы болған Хорезм ушын мақтаныш сезимлеримди асырып жиберди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

368

—Қарақалпақстанда руўхыйлық мәселелерине дыққат қалай?

—Тилекке қарсы, руўхыйлық мәкемесиниң басшылығы лаўазымына халқымыздың руўхый дәрежелерин хәртәреплеме көтериўге хызмет етиў орнына өзинен жоқары лаўазымлағылардың қас-қабағына қарап ислер жүргизетуғын жүзегөй, жорта күлиўге арсынбайтуғын басшылар бир-бирин аўмастырыўын даўам ете берсе, халқымыз руўхы советлик дәўирдеги дәрежесинде қалып қояма деп қорқаман.

369

—Түркийзибан мәмлекетлердиң хәр бирин пайда еткен қәўимлер, руўлар, топарлар хәзир де, сол өзлери пайда еткен миллетлер менен бирге жасайды деп исенесиз бе?

—Бул көп түсиндириўди талап ететуғын сораў. Өйткени есапсыз жаўгершиликлер, ишки өз-ара урыс-қағыслар себепли түркийзибан миллетлерди, мәмлекетлерди пайда етиўде үлеси бар қәўимлердиң, руўлардың, топарлардың биразлары соңында, хәттеки, өзлери пайда еткен миллетлер, мәмлекетлер менен де тил табыса алмай, Батыста Эгей теңизине, Қублада Хинд океанына, Шығыста Тыныш океанына, ал арқада Арқа муз океанына дейинги аралықлардағы хәр қыйлы мәмлекетлерде шашырап, көп жағдайларда, хәтте өз қәўимлеслери менен өз-ара дурыслы түсинисетуғын тил табыса алмай жасайды ғой...

370

—Спорттың қайсы түрине қатнасқан мақул?

—Дәл бир нәрсе деўге сизиң неге уқыбыңыз барлығын жақсы билмеймен. Сол ушын кеңесим: набада, «Ақыллылар жарысы» пайда болса, биринши гезекте, сондай жарысқа қатнасқан мақул. Жеңип шықсаң, бирге ислескен жәмәәтиңиздиң ғана емес, халқымыздың өлшеўсиз сыйлықларына миясар боласыз.

371

—Базы түркийзибан халықлар өзлериниң миллетинен шыққан айрым тарийхый шахсларын, мәселен, башқуртлар Салаўат Юлаевты, қазақлар XIX әсирде өткен атақлы үш бийди: Әйтеке бийди, Қазыбек бийди, Төле бийди, Өзбеклер XIV әсирде дүньяға даңқ таратқан уллы Әмир Темурды, қырғызлар батыры Манасты, түркменлер хәзирги президенти Ниязовты уллы пир тутып жасайды. Ал, қарақалпақлар ше?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Ҳәр бир қарақалпақ, мениңше, аты әпсана Маман бийди, Айдос бабаны, Ерназар алакөзди, Аллаяр Досназаровты бир-биринен жасырын халда пир тутады.

372

—Қашан ҳәм қалай өлийди кәлейсиз?

—Тәңиритаалам қай ўақытта жанымды алыўды қәлесе, сол демде-ақ тайынман. Лекин, баслы әрманым — халқымның, ҳақыйқый мәнисинде, өзин-өзи, дүньяны кеңнен түсинип, дүньяның бирликли, бахытлы халықлары қатарынан орын алыўына тәнҳә мениң өлимим кең жоллар ашатуғынына исенсем, бүгин-ақ өлийге таярман.

373

—Инсанды бийтанысларына бирден сүйкимли, я жеркенишли етип көрсететуғын ислери?

—Ислери емес, тили, яғный аўзынан шыққан сөзлери.

374

—Жазыўшыны еркин инсан десе бола ма?

—XIX әсирдиң басында өткен орыс шайыры А.С. Козляков «Жазыўшы мәңгиге судланыўшы инсан, оған тек ўақыт ғана ҳүким шығарады» деген екен. Мен де усы пикирдемен.

375

— Инсан биринши гезекте, қандай күшлерге бас ийип жасаўы тийис?

— Диний рәўиятлар бойынша тийкарынан, жети күшке:

1. Жалғыз Тәңритаалаға; 2. Тәңритааланың периштелерине; 3. Тәңритаала тәрепинен нәзил етилген төрт китап: Таўратқа, Забурға, Инжилге, Қуранға; 4. Тәңритааланың пайғамберлерине; 5. Қыянет күни сөзсиз келетуғынлығына; 6. Жақсылықтың да, жаманлықтың да тек Тәңритааладан екенлигине; 7. Өлгеннен соң басқа адам болып қайта туўылатуғынлығына.

376

— Адамлар неге сатиралық газета-журналларға көп қызығады?

— Гейпара адамлар өзинен басқаларда қәте-кемшиликлердиң көплигин көбирек, билип хөз етиў менен оларға усамай жасаўды



www.ziyouz.com kutubxonasi

күсегени ушын көп оқыйды. Биракта француз жазыўшысы Вальтер (1694-1778) «сатира адамларды дүзетиў орнына қәлб кәхәрлерине от таслап, тентеклеў басшылардың ғәзебин оятады» десе, уллы орыс сыншысы Белинский (1811-1848) өз мақалаларында «адамлар Пушкиннен (1799-1836) гөре Крыловка (1769-1844) көп қызығып, оның хәр китабын еки-үш айлығына сатып алады» деў менен, келешекте Крылов әдебият оқыўлығынан шығарылып, қәлби кең Пушкин оқыўлықларда мәңги қалатуғынына ҳақыйқый исеним билдиреди. Ал, мен бул мәселеде пикир айтыўға хәзирше әззимен.

377

— Қайсындай инсан тыныш жасайды?

— Өзи жасаған мәмлекеттиң заң-нызамларын оқып-билип, өз ҳуқықын дурыс түсиниў арқалы өз дәўириниң заң-нызамларын ҳаслан бузбайтуғын инсан тыныш ҳәм жақсы жасайды.

378

— Инсан неше жаста өлсе, өзин бийәрман есаплайды?

— Францияның терең ойшыл жазыўшысы Жан-Жак Руссо (1712-1778): «адам неше жүз жасқа шығып өлсе де, өзин туўыла сала өлгендей сезинеди» депти. Буған сөз қосыўым қыйын.

379

— Гейпара ушырасыўларда айрым шайырлар қосықларын оқыса залда шаўқым пайда болады. Неге?

— XX әсирдиң басындағы уллы орыс шайыры Владимир Маяковский өзиниң оқыўшылары алдында айрықша берилип, қосық оқып турғанында, тыңлаўшылардан бири шошаңлап, қайта-қайта орнынан түргелип хәрқыйлы ҳәрекетлери, қасындағыларға сыбырланыўлары менен, шайырдың оқыўына ҳәм залдағылардың тынық тыңлаўына кесент келтире берипти. Сонда Маяковский шыдамай, әстелик пенен оның қасына барып, үлкен алақаны менен төбесинен төмен қарай қатты бир нуқыпты...

Усыннан соң арадан бир жыл өтпей-ақ тәғдир тақазасы менен, Владимир Маяковский қайтыс болады. Әне сонда шайырды еске түсириўге арналған үлкен жыйналыста, сол сапары оны дурыслап тыңламаған адам нәўбетсиз-ақ сөзге шығып:

—«Дослар, басқаларды емес, мени тыңлаңлар ҳәм сөзлеримди мәңги есте сақлаңлар!—депти.—Себеби мен дүньяда теңи жоқ уллы



www.ziyouz.com kutubxonasi

шайыр Маяковскийдиң кэраматлы алақаны төбеме тийген, бахытлы инсан мен боламан...» — деп мақтанышлы сезимлер менен Маяковскийди шексиз дэрежеде мақтап сөйлеген екен.

Бәлким, хәзирги шыдамсызлар Маяковкийдиң алақаны төбесине тийген сол инсанға усағысы келетуғын шығар.

380

—Қайсындай инсанға күш керек?

—Өтмиштеги бабаларымыздан аты әпсана Маман бий «Күш ақыллыға керек» деў менен өтсе, Айдос баба: «Күш әззиге керек», ал Ерназар алакөз: «Күш күшлиге керек» деў менен өткен екен. Менинше, үшеўиники де дурыс. Күш бәршеге де керек!

381

—Қуяш неге биреў, Ай неге биреў?

—Қуяш та, Ай да Тәңиритааланың инсанларға еки қыйлы символикалық көринислери. Егер Қуяш, Ай көп болғанда, Тәңиритаала өзиниң қәдирин жоғалтар еди.

382

—Қарақалпақларда нақыл-мақаллардың көплигине себеп не?

—Түркийзибанларды нөкерлигигине байланыслы соңында сыртқы душпанлардың аса күшлери, жаўызлықлары себепли көп-көп посыўшылықты бастан кеширген халқымыз өзлериниң батырлығын тәрийплеўши көп-көп әпсаналарын, рәўиятларын, дәстанларын, басып шығарыў имканияты болмағанлығы ушын оларды ядта сақлап жүриў мақсетинде, өзлеринше, оғада қысқартып, даналық нақылмақалларға айналдырыўға мәжбүр болған.

Егер дыққат берсеңиз, сол ески посыўшылық дәўирлерден бүгинги бизге жеткен хәр бир нақыл-мақал, бүгинги гейпара жазыўшысымақлардың повесть, романларынан анағурлым абзалырақ.

383

—Сөйлескен адамыңның насазлығын қалай аңғарса болады?

—Сөйлесип отырғанда оның әллеқандай кемшилигин жүзине айтсаң, мойынлаў орнына, сеннен де өзиникиндей кемшиликлер табыўға тырысыўлары бойынша.



www.ziyouz.com kutubxonasi

384

—Романларыңызда жазғанларыңыздан тысқары, аты әпсана Маман бийдиң, Айдос бабаның, Ерназар алакөздиң ҳәсиретли өлимлерине тийкарғы себеплер неде екенлигин қысқа-қысқа айтып бересиз бе?

—Маман бий өз дәўириниң талабына сай халқының алдына шықты, бирақ халқы оны толық түсинбеди.

Айдос баба халықының талабына сай, оның изинен ериўге тырысты, әттен халқы, бий бабаның ҳәдден тыс даналықларын тезлик пенен уғынып үлгермеди.

Ерназар алакөз халқы менен бирге аяқ қоса алса да, дәўири менен тең аяқ қоса алмады.

385

—Қандай қызға үйленсе болады?

—Ақыл ҳәм кишипейиллилик жигиттиң де, қыздың да өмир айнасы. Қыздың жүзине қарап емес, оның өмир айнасына көбирек үңилинкирегеннен кейин үйленсеңиз, жаңадан көтерилген шаңарағыңыздың бахытлы болыўына әкеледи.

386

—Шығыс ҳәм Батыс әдебиятларының айырмалары?

—Мениңше, Шығыс әдебиятының қаҳарманларына тән қубылыс олар дана нәсиятларды, ақыллы пикирлерди көбирек айтады. Ал батыс әдебиятының қаҳарманларына тән қубылыс ақыл-нәсиятларды келтирип шығаратуғын ислерди көбирек иске асырыўға ҳәрекет қылады. Усы еки сыпат теңдей терең үйренилип дөретилген көркем шығарма оқыўшыға көбирек жағады.

387

—XIX әсирдиң екинши ярымында Әжинияз:

«Ай-әлифким, ақ йузиңдур айни әлем әнўары,
Бе-белиңдур қыпша, дилўар, көзлериң шахла ўәли,
Те-тисиңдур дана-дана-ләблериңниң паллары,
Се-сорып шийрин ләбиңнен жанадурман, әй пәри»,

—деп қосық жазса, XX әсирдиң басында өткен Құлмурат шайыр: «Көзлериңниң күлиши...» деп қосық жазған... Оларға қарап бүгинги қарақалпақлардың сөйлеў тили дем де өзгерип кеткен деймиз бе?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Бул жағдайлар қарақалпақлардың өз-ара сөйлеў тилиниң өзгергенинен емес, Сиз ҳәзир атаған шайырлардың жасаған дәўирлериндеги оқыған әдебий китапларының тәсири.

388

—«Жаман қылўаларың — алдыңа түсетуғын көлеңкең» деген гәп дурыс па?

—Мениңше, дурыс. Бир мысал: кеше тойдан қиятырғанымызда, көшеде жағылған шырақлардың нурлары артымыздан түсип, көлеңкемиз алға өтти. Бәримиз де албырақластық. Бир жолдасымыз көлеңкесинен жолды дурыслап көре алмай, сүрнигип жығылды. Адамның басқаларға қылған жаманлықлары, жаман мүнәсибетлери, жаман әдетлери әне усы жағдайға тәқаббил, бир күн болмаса, бир күн алдыңнан шығып, оны сүрниктирип ғана қоймай, сөзсиз жығады да.

389

—Мен жатарда оқыў ушын алған китабым қызық шықпаса, тез уйқылап қаламан. Сиз ше?

—Менде басқаша. Жатарда оқыў ушын алған китабым мени қызықтырмаса, түни менен кирпигим илинбейди, ал қызықсындырса, қуныға кетип, қай ўақытта уйқыға кеткенимди билмей, азанда сол китап бетимди жаўып, бас ушымдағы шырақ еле жанып турғанын көремен...

390

—Ана тилимиз кем-кем өзиниң әҳмийетин жоғалтып баратырғанын сезесиз бе?

—Ҳаўлықпаңыз. Пүткил дүньяда 1200 тилде сөйлейтуғын көпшилик халықлардың саны, бизлерге усап, бир миллионға жетпейди. Оның үстине, мәселен, Америкада «Америка тили», Белгияда «Белгия тили», Чилиде «Чили тили», Аргентинада «Аргентина тили», Мексикада «Мексика тили» деген тиллер болмаса да, сол мәмлекетлер дүньяға кеңнен даңқ таратып жасап атыр ғой. Ал даңқлы Швейцарияның бир (арқа) бөлеги француз тилинде, және бир бөлеги (Тичинода) италиян тилинде сөйлесе, немецше сөйлейтуғын ўәлаятлары да көпшиликти қурайды. Сол Швейцарияның Граубюндон ўәлаятының орайы 6 тилде сөйлеседи, сол 6 тилде оқыў қураллары да шығарылады.

Мынаў фактлерге де қулақ салыңыз: Папуа-Жаңа Гвинея мәмлекетинде 867 тил бар екен, этникалық жақтан усыншама көп тилли



www.ziyouz.com kutubxonasi

мәмлекетте сонша тиллердиң хеш бири мәмлекетлик тил деп мойынланбаған. Бул елде тил жөнинде мәселе қойыў да мүмкин емес екен.

Жоқарыда аталған мәмлекетлер менен өзимизди салыстырып, Тәңиритаалаға мың кәтле шүкирлик етиўимиз тийис: Миллетпиз, өз атымыз бенен мәмлекетпиз. Усыларды еслеген хәр бир қарақалпақ киби, мен де өз миллетимниң тилинде сөйлегеним хәм жазғаным ушын ада болмас мақтаныш сезимин де жасайман. Қорықпа, ана тилимиз жоғалмайды.

391

—Билесиз бе, бир гезлери түркийзибанлар араб тилин қүдиретли тил, гөззал баянлаў тили, илим тили деп баҳаласа, парсы тилин күтә шийрин тил, поэзия тили деп баҳалаған, ал өзлериниң ана тилин, яғный түркийзибанлар тилин күнделикли өмир тили, әскерий тил деп есаплаған. Мине сол «Күнделикли өмир», «әскерий тил де» 300 миллионнан аслам халық 26 дан аслам диалектте сөйлейди. Қарақалпақ тили де солардың бири. Егер сол 26 тилдиң биреўин барлық түркийзибанлар ушын улыўма орталық мәмлекетлик тил етип қабыл еткенде болмас па еди?

—Болар еди! Әзелинде, түркийзибанлардың бәри бир тилде сөйлесип жасаған ғой. Өз ўақтында Әлийшер Наўайы бәрше түркийзибанларды теңдей түсинген. Әттең, соңғы әсирлерде, хәр қыйлы күтилмеген себеплерге байланыслы, әзелги маканларынан посып, басқа орынларға мәжбүрий көширилген хәр қәўимниң диалекти барабара өз алдына миллий тил сыпатында қалиплесип, хәр қәўим өзлерин миллет, мәмлекет деп тастыйықлаў менен жасаған... Олай болмағанда да жасаў мүмкин еди. Билесиз бе хәзир Хиндстанда 500 ге жақын диалектте сөйлейтуғын қәўимлер, бир неше әсирлердиң бержағында, биз түркийзибанлар секилли, бөлинип кетпестен-ақ, бәршеси бир пүтин мәмлекет болып жасап киятырғаны пүткил әлемге аян.

392

—Өз Ўатаныи жетерли билмеген инсан басқа мәмлекетлерге дурыс баҳа бере ала ма?

—Уллы немец жазыўшысы Иоганн Вольфганг Гете (1749-1832) өз ўақтында бул сораўға жуўап берип: «өзиниң ўатаныи жақсы билмеген инсан өзге журтқа баҳа бериўде алжасады» деген екен. Бул даналық елсберин өз мағанасын жоғалта коймас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

393

—Ўатанның қәдири жөнинде пикириңиз?

—Ата-бабаларымыз әўладларына бәрха: «Ўатан — жайнамаз киби мухаддес» деп үйреткен. Буннан қысқа хәм дәл жуўап табыў қыйын.

394

—Перзент ушын гүллән Аналар теңдей жан ашыта ма?

—Әлбетте! Солай болса да, анекдот секилли бир әпсана айтайын: Жалғыз баласы кеселленип аўыр халатта жатырғанда анасы шыдамай: «Әй, Тәңиритаалам, мениң жалғызыма мехир салагөр. Оның жанының орнына өзимниң жанымды алыўға Әзирейлинди жиберсең, қайылман» деп қайта-қайта айтып жылай берипти. Тап усындай гезде есиктен жылт етип кирген Әзирейлиге көзлери түскен Ананың бирден хүрейи ушып хаўлыққанынан: «Әй, Әзирейли! Алжаспа! Саған кесел керекпе я, саў керекпе? Кеселди жанын алсаң, әне көрпениң астында!» деп орнынан түргеле сала есикке қарай қашыпты...» Бундай аналар күтә-күтә сийрек ушырасса да, болатуғыны өкинишли.

395

—Устаз хәм шәкирттиң үлги аларлық мүнәсибетлери жөнинде не дейсиз?

—Бизиң эрамызға дейинги 551-479 жылларда жасап өткен уллы Қытай философы Конфуцийдиң сүйикли шәкиртлериниң бири Цзи Гунды қатар-қурбылары марапатлап: «сен устазыңнан алға өтип кеткен алымсаң», дегенде ол бирден: «Жоқ! Егер даналықты дийўал менен теңгерсек, мен адам бойлы дийўалман, ал устаз Конфуцийдиң бийиклиги бир неше жүз гезлик бийик дийўал. Мениң үстимнен секирип өтиў мүмкин. Ал устазымның бийик дийўалының дәрўазасын таппағанлар, дийўалдың аржағында нендей гөззал даналықлар барын түсинбей-ақ бул өмирден кетиўи мүмкин» деген екен. Устазға, бундай мүнәсибетлер мақтарлық.

396

—Байлық, жарлылықтың айырмалары неде?

—Байлық — қолыңыздағы бар мал-дүньяңды, жасырып жыйнаған пулларың деп бахалаў онша дурыс емес, байлық, тийкарынан, барына қәнәәтте! Мал-дүньясы асып-тасып атырса да, қәнәәтлениўди ким билмесе, ол мәңгиге жарлы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

397

—Иши қара инсанлар да болар-мыш. Олар қайсындай болады?

—Өзгелердиң басларына түскен хәсиретли мүсийбетлеринен, алжасықларынан жаны ләззет табыўшылар нағыз иши қаралар!

398

—Бердақ шайырдың есте қаларлық даналықларынан екеўин айтып бересиз бе?

—Биринписи: хан Бердақ шайырды алдына шақырып: «Сиз сарайда ислеп қаласыз ба?» дегенде, ол: «патшалар, ханлар мисли қуяш, бәрхә қуяшқа қарап ислеўге көзлерим әззи» депти. Екиншиси: бир күни қарақалпақлардың бас қазысы хәр үлкениң қазыларын жыйнап айналасына отырғызыпты да, елиндеги атақлы шайырлардың хан хәм қазылар туўралы шығарған қосықларын сыннан өткермекши болыпты. Қосығы унамағанларға да жазбағанларға да он дүрреден урғызып, есиктен шығарта берипти... Я ханды, я бир қазыны тәрийплеп қосық жазғысы келмеген Бердақ шайыр орнынан тура сала, бас қазының алдына барып, дизелерин бүгипти де, оның шапанын алақанлары менен сыйпалаған болыпты да: «Оо, уллы қазымыз, айналаңыз не деген патас!» депти хәм ақырынлап түргелип есиктен зып берипти.

399

—Мәңгиге көз жумар алдыңызда «Сизди бәрше мөминлер киби бөзге орап жерлейик пе, ямаса өмиринше халқымыздың руўхый жалаўын көтериў арқалы көп ғана хүрметли атақларға ийе болған жазыўшы сыпатында, мәмлекетимиздиң бир жалаўына орап жерлейик пе?» деген сораў берилсе, қайсысына қайыл болар едиңиз?

—«Бәрше мөминлер қатарында мени де бөзге ораңлар! Тирилигимде бәрқулла хәм кәлбимде, хәм төбемде болған халқымның мәмлекетлик жалаўы хеш қашан жер астына түспесин!» деймен, сөзсиз!

400

—Сиз ушын адамлар нешеге бөлинеди?

—Екиге. Бири өзинен басқаларды өзине теңгерип, дурыс түсинетуғынлар, екиншиси өзинен өзгени түсиниўге қызықпайтуғынлар.

401

—Инсанның күлмеўи тийис мәкан жайлар бола ма?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Мухаммед әлейхиссалам: «биринши, мазарстанда, екинши, табыттың изинен ерип баратырғанда, үшинши, мешитте, төртинши, құран оқылып атырғанда, бесинши, илимнен гәп болып атырғанда күлмеңиз...» деген екен. Мен де Мухаммедтиң үмметимен.

402

—Қандай тағам мазалы?

—Қарының аш болған пайытта табылған тағам.

403

—Мухаббеттиң теңи хәм қарсыласы не?

—Мухаббеттиң теңи, мениңше өзиндей ғана мухаббет. Ал, қарсыласы жөнинде әййемги грек алымы Эмпедокл (бизиң эрамызға дейинги 490-430) «барлық ўақытта мухаббетке қарсы бир нәрсе — еки ортада күтилмегенде көтерилген адаўат!» деп күйинген екен.

404

—«Басқаға не қылсаң, алдыңа сол келеди» деген даналыққа бир мысал?

—Персия патшасы Ануширбан (531-579) былай деген екен: «Бир аўылдың ортасынан атлы өтип баратырғанымда бир адамның, жазықсыз бир ийтти урып, аяғын сындырғанын көрдим. Соның арасында сол киси мени таный сала, сәлем берип, кеширим сораўға атымның арт жағынан киятыр еди, оны мениң атым теўип, аяғын сындырды. Соған ашыў менен атқа бир қамшы урып едим, ол бирден секириўи менен алдындағы тасқа дүгип, өз аяқларын сындырып алды...».

Өмирде бундай мысаллар көп.

405

—Базы уллы алымлардың, шайырлардың, музыкантлардың өмирлеринен киси таңланарлық фактлер айтып бересиз бе?

—Әлийшер Наўайы (1441-1501) тоғыз жасында-ақ жуп қатар қосығы менен Лутфийди (1366-1465) таң қалдырған.

Шайыр, әдебиятшы, сазенде, алым Хысраў Дехлавий (1253-1325) 8 жасында-ақ жақсы қосықлар жазып атақлы шайырлардың дыққатына түскен.

Рудакий (866-941) анадан соқыр болып туўылса да, 8 жасында-ақ Қуранды ядтан билип, қосықлар дөрете баслаған. Өзи хош хаўазлы болып қосық та айтқан, саз да шерткен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Уллы грек алымы Аристотель (384-322) бир жипти шийе-шийе түйип, жумбаршақлаўы менен шәкиртлеринин алдына таслапты да, «шешинлер» депти. Ҳеш ким шеше алмайды. Соннан бир шәкирти қолына қылыш алыпты да, түйинди кесип-кесип устазының алдына таслайды. Әне, бул шәкирти Искендер Зулхарнайын (356-323) екен. Сонда Аристотель оған: «Сен келешекте патша боласаң, бирақта...» депти. Ақыры Искендер Зулхарнайын патша болып, қылыштан көп пайдаланған. «Бирақта...» деп изин айтпағанының мәниси—жаслай өлесең демекши екен. Солай етип Искендер Зулхарнайын 33 жасында дүньядан кеткен...

Дүньяда 800 мың адам Вильям Шекспирдиң (1564-1616) аты менен күн кеширеди. Олар, тийкарынан, Шекспирди изертлеўшилер, аўдарыўшылар, композиторлар, артистлер, китапларын сатыўшылар, өнергенлерин түплеўшилер ҳәм т.б.

Дүньяда ең көп, яғный 681 роман жазған англиялы Барбара Картленд (1902-жылы туўылған) деген хаял. Ол бир жылда (ең рекорд жылы) 19 роман дөреткен. Китапларының тиражы 650 миллионнан асады...

Ҳәзирше билгенлерим усылар.

406

—Бир ўақыяның яки ҳәдийсениң белгили жыллардан кейин дәл сондай болып тәкирарлағанлықлары жөнинде еситкенбисиз?

—Баспа сөзлерден оқығанларым бойынша:

Мәселен, Линкольн 1860-жылы АҚШ тың биринши Президенти болып сайланған болса, 1960-жылы Кеннеди сайланған. Арасы саррас 100 жыл. Екеўи де тап жума күни өлтирилген.

Линкольн өлгеннен кейин оның орнына Жонсон исмли адам Президент болса, Кеннедидиң өлиминен соң да Жонсон исмли адам оның орнына Президент болған. Екеўи де АҚШ тың Қубла штатынан, демократлар партиясының ағзалары. Президентликке дейин екеўи де сенатор болған.

Линкольнның орнына Президент болып сайланған Жонсон 1808-жылы туўылған болса, Кеннедидиң де орнына болған Жонсон 1908-жылда туўылған. Аралары саррас 100 жыл. Линкольнди өлтирген Уилс исмли адам 1829-жылы туўылған болса, Кеннедиди өлтирген деп есапланған Освальд исмли адам 1929-жылы туўылған. Аралары саррас 100 жыл.

Бул еки айыпкер де суд болғанға дейин-ақ өлтирилген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Линкольннин Кеннеди исмли секретары болып, Президенттиң өлиминен бир күн бурын «ертең театрға бармаңыз» деп ескерткен екен. Ал Кеннедидиң Линкольн исмли секретары болып, ол да Президенттиң өлиминен бир күн бурын Даллас ўәлаятына баратуғын сапарын соңға қалдырыўды сораған екен.

Ал енди саррас 129 жылдан соң қайталанған хәдийселерге қулақ түриниз:

Россияға қарсы урыс ашқан Наполеон Бонапарт 1760-жылы туўылған болса, саррас 129 жылдан кейин 1889-жылы Адольф Гитлер туўылған.

Наполеон 1804-жылы 44 жасында хәкимият басына шықса, Гитлер де 1933-жылы 44 жасында хәкимият басына шыққан. Арасы саррас 129 жыл.

Наполеон Россияға 1812-жылы 52 жасында хүжим жасаған болса, Гитлер де Россияға 1941-жылы 52 жасында хүжим баслаған. Аралары саррас 129 жыл. Екеўи де Россияға қарсы урыста жеңилип, шерменде-шиликте өлген.

407

—Мен сизиң деретиўшилигиңизди тәрийплеп жазбақшы едим. Кеңесиңиз керек?

—Сиз тақылеттеги бир адам Станиславскийге келип: «Мен сизиң системаңыздан бираз нәрсе үйрендим, енди жазбақшыман...» деп кеңес сорағанда ол: «жақсы екен, бирақ мениң өзим 40 жылдан бери өз системамды толық көз алдыма келтире алмайман» деген екен. Хәзирше мениң де сизге усы таклетте жуўап бериўиме туўра келеди.

408

—Сизиңше, бул дүньяда хақыйқатшыллар көппе я ғәрремлик қылыўшылар көп пе?

—Жер шарының өз көшеринен тайынбай аман турғанына қарағанда, сөзсиз, хақыйқатшыллар көп!

409

—Биреўге ишки сырымды айтып салғаным ушын өкиништен гейде жолымды таппай қаламан?

—«Неге айттым?» деген пушайманнан гөре, «неге айтпадым?» деп өкинген абзалырақ екенин енди түсинипсиз. Шыдай бериңиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

410

—Қалайынша хеш кимнен сескенбей жасаў мүмкин?

—Ким тек хақыйқатлық тәрепинде болып, жақсылықларға исенсе, сыр саклай билсе, хеш кимнен дәметпесе, өсеклер менен шуғыллан-баса, тек ҳадал мийнети менен хадаллықта жасаса ол хеш кимнен, хәттеки, Тәңиритааланың өзинен де сескенбей жасай алады.

411

—Ҳәр бир рәўият адамлар ушын үлги деген гәп бар. Лекин, бир рәўиятта, жылан басын емес, қуйрығын алға қаратып жылысыўы менен отқа түскенин сезбей қалғаны жөнинде рәўият еситтим. Бунда не үлги бар?

—Булда күтә жақсы рәўият. Буны еситкен инсан хеш ўақытта арты менен алға қарай жүрмейди яғный өмирдеги өз тәжрийбесине кери ислер қалмайды.

412

—Саў менен соқыр ийинлесип баратырғанда теннен сүрниксе қайсысы айыплы?

—Әлбетте, саўы!

413

—«Күлме маған күлким келер саған» деген гәп бар. Буның мәнисин түсиндиресизбе?

—Жас гезимде жолдасларым менен мектептен қайтып киятырғанымызда бир кемпир мисли оқ жай киби ийилип, хасасына сүйенип киятыр екен. Бизлердиң артымызда қол усласып киятырған бир қыз бенен бала оны көриўден-ақ өз-ара мырс-мырс күлисти де: «Мынаў кемпир оқ жай менен оғын қайдан сатып алды екен?» — дести.

Буны еситкен кемпир хасасына ийегин тиреп турып: «балаларым, асықпаңыз, меникиндей оқ жай да, оғы да сизлерге еле бийпул бериледи» деди. Қыз бенен жигиттиң күлкиси бирден тыйылды да, бир-бириниң қолтығынан өткерген қоллары да жаздырылып кетти. Соннан бери 60 жыл өтти... Бир жола сол мектеплеслериме ушырасып қалдым. Олар оқыўды питкергеннен соң қосылып, жаңа шаңарақ көтерген де еди. Әттең, енди көргенимде екеўи де хасаға сүйенисип, оқжайдай ийилисип киятыр.

Сиз хәзир ғана айтқан гәптиң мәниси усы болса керек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 414

—Пул хаққында көп ойлайман. Неге?

—Қапа болмаңыз, пулы жоқлар қалай пул табыў хаққында, ал пулы көплер пулларын қалайынша аман сақлаў ҳәм нелерге ысырап етиў хаққында ойлайды. Демек, пул жөнинде ойламайтуғын инсан кемде-кем, ҳәтте жоқ десем де қәтелеспеймен. Ҳаўлықпаңыз.

## 415

—Әкеси баласына көбирек жан ашырма, ямаса, баласы әкесинеме?

—Бир әпсана бойынша, әкеси менен баласының әлле қандай гүналары ушын қазы екеўине де елиў-елиўден дүрре урыўға буйырып: «Елиў дүрре әўеле әкеге урылсын» депти. Әке баласы алдында сыр бермеў нийетинде елиў дүрре тамам болғанша үнсиз шыдап жатады... Ал баласына нәўбет келип, оған ҳәр дүрре урылған сайын әкеси «ах,үх, ах, үх...» дей берипти. Сонда қазы әкеден: «Ҳаў, өзиңди урғанда үнсиз шыдаған един, балаңа ҳәр дүрре урған сайын бунша неге гүрсине бересең?» деп сорапты. Сонда әке: «Әўелги елиў дүрреңиз мениң сыртқы денеме урылған еди, ендиги елиў дүрре мениң жүрегиме урылып атыр» депти...

Әне енди өзиңиз ойланып, жуўмақ шығара берерсиз.

## 416

—Бурынғы СССР дәўиринде мийнет қаҳарманы атағын алыў қыйынба еди?

—Мәмлекетлик тапсырмаларды дурыслап орынлай алмаған менен жоқарыға мағлыўмат бериўде есабын таўып цифрларды асырып көрсетиўдиң сырларын жақсы билгенлерге күтә аңсат еди.

## 417

—XXI әсирден нелер күтесиз?

—«Адамзат ушын, соның ишинде, қарақалпақлар ҳеш қашан суўсызлықтан албырамайтуғын, поспайтуғын, айналадағы мәмлекетлер өзлерине тең көрип есапласатуғын бахытлы әсир болады» деген исеним менен жасайман. Сөйтсе де уллы орыс шайыры Александр Блоктың XX әсир босағасында турып: «XX әсир цивилизациялық жабайыланыў әсири болады» деген гәпи есиме түседи де, бүгинги адамлардың күнелтиў шараятларын, кейип-қарахтларын, бир-бирине мүнәсибетлерин, хаял-қызлардың үйлеринде ҳәм көшелерде өзлерин



www.ziyouz.com kutubxonasi

тутыўларын, кийиниўлерин базарлар, гилен майда-шүйде затларды сатыўшыларға толып кеткенин хәр көрген сайын «Александр Блок өз пикирин бир әсир ерте айтпады ма екен?» деп қорқаман да.

418

—Бүгинги күнде жасырып болмайтуғын бәршеге аян бир факт: Батыстың тәрепдарлары «Батыстан үйрениў хәм оннан үлги алыў керек» десе, Шығыстың тәрепдарлары «Шығыстан үйрениў хәм Шығыстан үлги алыў керек» деседи. Сизиң пикириңиз?

—Үйрениў, үлги алыў мәселелеринде Шығыстан да, Батыстан да, соның менен бирге, көп санлы халықлардың да, аз санлы халықлардың да, өзиншеликлерин дыққат пенен үйрениў арқалы, үлги алыўға турарлық нәрселер табыўға болады. Лекин, хәр бир инсанның өзинше жасаў, үйрениў, үйретиў қәбилетлери барлығы киби, хәр бир миллеттиң өзине тән миллий қәбилетлери бар. Биз, қарақалпақлар, шығыс қәбилетлеринде өсип тәрбияланған халықпыз. Әўладларымыз өз бабаларының жолларына садықлықты беккем сақлаған халда тек Батыстан я Шығыстан емес, пүткил дүнья дәрежесиндеги гүллән мәмлекетлерден үйрениўди хеш қашан тоқтатпас деген исенимде жасайман.

419

—Аспандағы қуяш, ай, жулдызлар, жер бетиндеги гүллән тиришлик Қудирети күшли Тәңиритааланың хәмири менен басқарылады. Сизиңше, бул жақты әлемде Тәңритаалаға да бағынбайтуғын күш бар ма?

—Ондай бир күш бар — ол хәр инсанның қәлби! Ойлансаңыз, Адамзат бинә болғаннан бержағында бәрше күшлер, хәтте, бәршени жаратқан Тәңиритааланың өзи де, тәңҳә, өзи жаратқан адамларының қәлблерин теңдей қылып белгили бир бағдарға теңнен бура алмай киятыр ғой. Бул жағдай еле берин даўам етсе керек.

420

—Жетпис жастан өткели қандай әрманыңыз бар?

—Гейде айналама қарасам, бурынғы қәдирдан теңлеслеримниң көпшилиги дерлик мәңгилик дүньясына кеткен. Базда ойланып отырғанымда сол досларымның үн қосып мени де өзлерине шақырысып атырғанын еситкендей болсам да, өзимше, жазыўшылығым менен



www.ziyouz.com kutubxonasi

бəнтлигимди бəхəне кылған секилли, хештеңе еситпегенсиймен. Сөйтсе де тең-курбыларсыз жасаў кыйын екен. Сол ушын енди көп кешикпей сол кəдирданларымды көп телезитпей олардың катарларына косылыўды да əрман ететуғын пайытларым болады.

421

—Жаслығыңызда жас үлкенлерден ескертиўлер алған гезлериңиз көп болды ма?

—Аз болмаған. Бир жола, төртинши класс гезимде, бир күнде үш пəннен айрықша деген баҳалар алғаным ушын куўанышым койныма сыймай, желпəррикке айланып үйге кайтып киятырғанымда, жөнекей, бир жас үлкенге сəлем бериўди умытыппан. Ол еки адым тусымнан өтти де «Əй, ладан бала!» деди. Оған бирден ашыўланып жол шетинде жатырған муштай таска жакынлап едим, ол: «Əй, ладан бала, ғарры атаның бир ескертиўин көтере алмайтуғын өзи бола тура, аякларың астындағы муштай тасты калай көтересең?» деди. Сонда ғана өзиме келип, үнсизлик пенен оған кайрылып сəлем бердим, кол алыстым хəм кеширим сорадым. Буннан кейин жас үлкен аталарға жолыксам, сəлем бермей өтпеўди өз өмириме мəңгилик үрдис етиўге тырысып жасадым.

422

—Жакында бир достыма: « мен əрмансызбан, себеби хеш кимнен карыз алмай жасап жүрмен» десем, ол: «бийкар!» деп колын бир силтеди де кетти. Оған не десем болады?

—Сиз сол достыңызға өкпелемеңиз. Хəтте бул жарык дүньяға келгениңиз ушын да карызларыңыз оғада көп. Əўеле кудирети күшли Тəңиритаалаға, екинши, сизди дүньяға келтирип камалға жеткерген анаңыз бенен əкеңизге, өзиңизге тəлим-билим бериўши муғаллимлериңизге, сизди коллап куўатлаўшы туўыскан-туўғанларыңызға, досларыңызға айта берсем куяшка да, айға да, жулдызларға да миннетдар екенлигиңизди умытпай жасаңыз.

423

—Шадлығына шадланғанларды көриўден артык куўаныш жок кой-ə?

—Əлбетте! Соның менен бирге шадлығына шадланбайтуғынларды көриў-əм, өзинше лəззетли. Себеби сонда кəте-кемшиликлериң жөнинде ойланасаң, оларды, өзинше, дүзетиў жолларын излейсең. Өзинен өзи кəте-кемшилик излеген инсан сөзсиз табады!



www.ziyouz.com kutubxonasi

424

—Қарақалпақлардың мәкән-жайын нелерге қыяслайсыз?
—Жән-жағы хәремсиз жемисли бағларға!

425

—Жаңадан шығарма баслар алдындағы кейпиятыңыз?

—Жазылажақ ўақыяларды еслеп бир неше рет қыялымнан өткерсем, өзимди мисли ертеклердеги киби үш жолдың бәндиргисинде турғандай, сезинемен. Сол жоллардың биринщиси, «мынаў жолдан жүрсең, мақсетиңе жетесең хәм аман қайтасаң»; екиншиси, «мынаў жолдан жүрсең мақсетиңе жетиўиң де, аман қалыўың да гүман», ал үшиншиси «мынаў жолдан жүрсең мақсетиңе жетсең, бирақ аман қалыўың күтә гүман» деп қулағыма сыбырлап турғандай албырақлайман хәм сол даўыслар қулағымнан семген соң ғана тәўекел етип биреўин таңлайман. Соңында, бири унамаса екиншисине өтемен, жазып питкергенимнен соң олда унамаса, үшиншисине өтемен... Сөйтип жүрип биреўинде тоқтайман. Ақыры қайсысында тоқтағанымды өзимде жар-тыўлы билмеймен, лекин, талғампаз оқыўшыларымның баҳаларына исенемен.

426

—Адамның руўхый күши неде?
—Келешекке беккем исенимде.

427

—Қалай болып өлиўди әрман етесиз?

—Мениңше, өлимниң еки түри бар. Биринщиси, денесиниң мәңгиге хәрекетсиз қалыўы. Буннан соң сөзсиз топыраққа араластырыласаң. Екиншиси, руўхый өлим. Бунда гүллән мүшелериң хәрекетте болады, бирақ сениң тирилигиң менен хеш ким санаспай, хәр күни өлимиңди сезиў менен жасайсаң. Мен: «Әй қудирети күшли Тәңиритаалам, маған екиншисин бере көрме!» деген тилекке қосымша, «перзентлерим, ақлықларым алдында ақылдан алжастырмай тәбийий өлим берегөр» деп өзимше дуўа қылып жүремен.

428

—Қарақалпақлар, түркийзибан бабалардың қайсысынан бөлинди екен?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Әпсаналарға сүйенсек, биз әзелги Түрк исимли бабадан тиккелей өрбигенбиз. Түрк баба: «сизлер бәрше түркийзибанларды қорғаўшылар боласыз!» деп тәңхә өз қолы менен басларына қара қалпақлар кийгизилгени себепли бизиң бабаларымыз қарақалпақлылар деп атанған ҳәм өзлериниң өмир жолларын бәрше түркийзибанларды қорғаўшы нөкерликтен баслаған.

Ал, ХХ әсирдиң 60-жылларында бир топар ноғайлар менен гезлесип, сөйлескенимизде, олардың тили бизикине күтә усаслығына таңланып, оларға «я сизлер ноғайлар емес, қарақалпақларсыз, болмаса, бизлер қарақалпақлар емес, ноғайлармыз» десип күлискен едик. Ал соннан, онлаған жыл өткеннен соң Батыс Қазақстанда «Қарақалпақ таўы» деп аталған таўлардың етеклеринде жасайтуғын қазақлар менен ушырасып, оларға да «хаў, сизлер қарақалпақларсыз ба, я бизлер қазақлармыз ба?» дегеним бар. Соннан кейин 80-жыллардың басында Сурхандәрья ўәлаятына барғанымда, ондағы «Байсын», «Жийдели», «Қоңырат» деп аталған мәкан жайларды, аўылларын аралап базы үйлерине кирип, олардың да дәл бизлерде бар гүләән руўлардан туратуғынына таңланғаным аздай, бәрше көйўаны ҳаялларының үсти кийимлери, бас ораўлары ХХ әсирдиң 40-жылларына дейинги қарақалпақ ҳаялларының кийиниўи, бас ораўларын дәлме-дәл көз алдыма келтиргенине ҳайран қалғаным ушын, және өзиме-өзим инанбай, дус келген төрт үйине кирип, көрпе-төсек жыйнаўларын да көрип ушырасыўларда жыраўларын тыңлаған соң болған әдебий ушырасыўды: «Әй, сурхандәрьялылар, сизлер нағыз қарақалпақларсыз, болмаса, биз қарақалпақстанлылар, нағыз өзбеклермиз!» деп гәп баслағанымда, жыйналғанлар дуў қол шаппатлап «бизлер қарақалпақлармыз!» десип бир неше минут түргелип турғанын ҳеш умыта алмайман...

Соң ойлансам, түркийзибанларға нөкерлиги себепли бизиң айырым бабаларымыз хәр қәўимди қорғаўшылар сыпатында олардың арасында жасап қалыўы нәтийжесинде, бүгинги қарақалпақларды еслететуғын әўладлар олардан өсип-өрбигенлер болса керек.

429

—«Бир адамда еки адам бириккен» деген де гәп бар. Бул қалай?

—Мениңше, бул дурыс анықлама. Бул гәпте нәзерде тутылған еки адамның бириншиси сол адамның өзи, екиншиси оның халқы. Кимде-ким өзинде халқын, халқында өзин көрсете билсе, нағыз ҳүрметли инсан!



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Әкеңиздиң ата-анасын, туўысқан-туўғанларын билесиз. Ал анаңыз Гүлханның ата-анасын, туўысқанларын билесиз бе?

—Толық билемен деп мақтана алмасам да, есимде барларын айтайын:

Анамның әкеси Донды улы Жақсымурат деген адам. Күтә жас гезимде оны көп көргенмен. Дийқан еди. Руўы баймақлылырдың «Үйеш» деген тийресинен еди. Анасы Үзилдик исмли соқыр кемпир еди. Үйине барсам мени қойнында алып жатып, хәр сапары бойымның қанша өскенин қарысы менен өлшеп билер еди. Өзи қарақалпақлардың хожаларынан еди.

Жақсымурат исмли дайы атам менен Үзилдик кемпирдиң Сейтмурат, Султамурат, Қалмурат (Қалбай) исмли уллары, Хамзада, Бийбихан, Сулыўхан, Гулхан (мениң анам) исмли қызлары болған:

**Сейтмураттан**: Меңлимурат (1927-1980), Жәдигер (1932) уллары қалған. Меңлимураттан қалған перзентлер Қанлыкөл, Нөкис районында, Жәдигер хәзир өз балалары менен Қоңыратта жасайды.

**Султамураттан**: Муратбай, Шийрин, Дәмехан, исмли ул-қызлары қалған. Бәри де тири, Нөкис районында.

**Қалмураттың** (Қалбайдың) қалған Тилепбай, Қурбанбай исмли перзетлери хәзир Қанлыкөл районында жасайды.

**Хамзада** қарақалпақтың найман руўының жигитине турмысқа шығып, олардың: Бекбаўлы (1924-1998), Шымберген (1928-1986) исмли перзентлер қалып, олардан өсип-өрбигенлер хәзир Қанлыкөл районында жасайды.

**Бийбихан** Жаббарберген исмли тоңмойын баймақлыға турмысқа шығып, олардан: Қалила, Ибадулла (бул екеўиде 1941—45-жыллардағы урыста қазаланған), Нурабулла (1927-1992) исмли уллар, Карима (1924-1976), Рахима (1929-1982) исмли қызлар туўылған; Нурабулладан, Кәримадан, Рахимадан өсип-өнген перзентлер Шоманай, Нөкис районларында, Нөкис қаласында жасайды.

**Сулыўхан** тийекли руўынан Рейм исмли жигитке турмысқа шығып, олардан: Пирназар (1934-1993) исмли бир перзент қалып, оннан өсип-өрбигенлер хәзир Нөкис районында жасайды.

Ал, Жақсымураттың ең кенже қыз перзенти **Гулхан** тоңмойын баймақлы руўынан Қайыпберген исмли адамға турмысқа шығып, олардан өсип-өнген перзентлер: мен хәм басқа туўысқанларым жөнинде бурын айтқанман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

431

—Өзиңиз күтпеген шараятта қуўанышлар жүз берген пайытлар болды ма?

—Талай мәртебе болды. Соннан күтә таңланарлық биреўин баян етейин: 1961-жылы «Қарақалпақстан» баспасына директор болып ислеп жүргенимде «Совет Қарақалпақстаны» (ҳәзирги «Еркин Қарақалпақстан») газетасы мен жөнинде күтә зәҳәрли, адамгерлик намысыма тийетуғын фельетон басты. Арадан бираз ўақыт өткен соң фельетон авторларының талаплары бойынша Ташкенттен тексериўшилер шақыртылды. Солайынша Ташкенттен бир топар тексериўши адамлар келип жүргизген ислеринин жуўмағы бойынша газетасында сол фельетонды бастырған бас редактордың өзи лаўазымнан босатылып, оның орнына бас редактор лаўазымына мен тастыйықландым. Әне бул ўақыя мен ушын күтилмеген қуўаныш еди.

432

—Туўылған Ўатаныңыз туўралы нелер ойлайсыз?

—Менинше, бул кең әлемде өзи туўылған Ўатанының ышқысы менен жасамайтуғын инсан болмайды. Солардың қатарында менинде Ўатаныма деген ҳақыйқый ышқым — республикамды тез-тез аралап турыўға өзимди көп-көп мәжбүрлейди. Егер мен машинада қубла районларды араласам, ўатанласларымның бирлик ҳәм билгирлик пенен ислеген тынымсыз ҳадал мийнетлеринин нәтийжелерин көрип, өзимди бул дүньяның өзинше бир бейишинде жасап атырғандай сезинемен. Ал арқа районларды машинада емес, самолетте араласам, туўылған ўатанымның кеңлиги қәлбимди шексиз ушқындырып, келешектеги әўладлар еркин жасайтуғын қанша-қанша мәкан жайлар күтип турғаны ушын қуўанып, самолеттен шыға сала өзим-ақ аспанға ушып жүрежақ кейипке берилемен.

Ал, қәбирстанларға көзим түссе, тарийхта ҳәр қыйлы себеплер менен өз ўатанынан посып, Азиядан Европаға, Европадан және өз Ўатаны Азияға қарай талай мәртебе сандалыўға мәжбүр болған бабаларымыз көз алдыма келеди. Олардың ҳәрқандай қыйын жағдайларда да өз әўладларының ғамын ойлаў менен есапсыз азап-ақыретлердиң гүллән түрлерине, көп-көп қан төгиспелерге төтепки бериўлер арқалы, әзелги кең мәканын қайта ийелей билгени ушын ҳүрметлерин бәржай келтириў мақсетинде ҳәр бир қәбирлерге бас ийеменде өзимше жылап-жылап аламан да, изинен руўхларына Қуран оқыйман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Солай болса да, ата-бабаларым сонша азаплар менен мийрас қылған усыншелли кең ўатаныма мәңги суўсызлық қәўпи дөнип турғанын сезинемен де: «Әй, Қүдирети күшли Тәңиритаала! Муҳаммед пайғамбердиң ислам динин пайда етиў арқалы қалайынша өзиниң кең-кең қумлықлар басқан ўатанын пүткил адамзат бас ийиўге келетуғын кәраматлы мәкан-жайға, ал жалғыз ғана Әби-зәм-зәм қудығының суўын бәрше ислам дининдегилерге теберик суўға, қурма бағларының жемислерин қалайынша теберик жемислерге айландырғанын ишинен дурыс уғынып, өзиниң халқы, ўатаны ушын әжайып усыллар табатуғын ақыллы, дана басшы тап усы сапары келген басшы болғай дә!», деген ишки тебиренисли тилеклерим ҳәм шексиз үмитлерим менен жасайман.

433

—Ҳайўанлар ҳаққында биринши китап қашан жазылғанынан хабарлымысыз?

—1250-жылы-ақ Италия алымы Альберт Велин... исмли шахс тәрепинен жазылса да, 222 жылдан соң, яғный 1472-жылы биринши рет Римде басылып шыққан.

434

—Сизиңше басшылар неше қыйлы болады?

—Мениң пәмимше, тийкарынан, еки қыйлы. Бириншилери, басшылық лаўазымды ийелеўден тәнҳә өз даңқын, өз шаңарағы бай болыўын ойлап ис жүргизетуғын-лар, екиншилери, өзи басшылық еткен жәмәәттиң, халықтың даңқын ойлап ислер жүргизетуғынлар. Халыққа биринишлери емес, екиншилери жағады.

435

—Туўылыў ҳәм өлим жөнинде ойларыңыз?

—Бул екеўи де ҳеш бир инсанның емес, бир ғана уллы күш ийеси Тәңиритааланың өлшемли иси. Өлим — бул жаңа туўылған инсанға орын босатыў. Туўылыў — бос орынды ийелеў. Ал, пүткил дүньялық есап-санақ бойынша өлимнен туўылыўы көбирек. Дүньяның бәрше ўақытта натынышлығына әне усы туўылыўлардың көплиги себепкер деген де болжаўлар айтылады. Бундай өсеклер айтылыўына себеп Тәңиритааланың өзи кең етип жаратқан бул әлем, жаңадан пайда болған ҳәр бир инсанға, неликтен де, бәрҳә тар көринеди ғой...



www.ziyouz.com kutubxonasi

436

— Нанды қалай тәрийплесе болады?

— Тәңриталааны, ол пайда еткен кең әлемди толық тәрийплеў мүмкин емеслиги яңлы Нанды тәрийплеў оғыры аўыр мүшкил. Нан — бул жан! Әййемги Мысыр мәмлекетинде Қуяш, Алтын, Нан деген сөзлерди жазғанда бир-биринен айырып түсиндиретуғын белгилер менен емес, өз-ара теңлестириў мақсетинде бир ғана белги менен, яғный дөңгелекти салып, ортасына бир ноқат қойып, жазатуғын болған.

437

— Берунийдиң даналықларынан өзиңизди ҳайран қалдырған биреўин айтсаңыз?

— Берунийдиң даналықларынан ҳайран қалдырмайтуғыны жоқ. Бир жола Султан Махмуд Ғазнавий төрт есикли сарайда отырғанында, Берунийди сынаў мақсетинде алдына шақырыпты да, «Қәне, дана алым, айтыңыз, мен ҳәзир мынаў төрт есиктиң қайсысынан шығаман? бирақ дәл жуўбаңызды бир қағазға жасырын жазып бериңиз!» депти. Беруний азмаз ойланып алыпты да, өз болжаўын ақ қағазға жазып, патшаға усыныпты. Махмуд Ғазнавий қағазды көпшигиниң астына тығып қойыпты да, хызметкерлеринен биреўин шақырып, тазадан бесинши есик аштырыпты ҳәм соннан шығыпты. Буннан соң Берунийди уялтыў мақсетинде көпшигиниң астына қойған қағазды алып оқыса, Беруний: «Сиз бул төрт есиктиң ҳеш қайсысынан шықпайсыз, бесинши есик аштырып шығасыз» деген екен.

Султан Ғазнавий оның бул даналығы ушын алдына қайта-қайта бас ийипти...

438

—Сыртыңыздан мақтағанлар жөнинде еситсеңиз қандай кейипте боласыз?

—Бизиң эрамызға дейинги 427-343-жылларда жасап өткен грек алымы Афлатунге (Платонға) бир досты келип: «Әй, Афлатун, бүгин сизди пәленше, төленшелер көп мақтады...» деп олардың атларын айтқанда, Афлатун қапаланып: «Сол пәленше төленшелер... мақтаған болса, мениң дурыслы алым болмағаным», депти. Бул дана жуўап мен түўе басқаларға жол көрсетер жулдыз киби ғой.



www.ziyouz.com kutubxonasi

439

—Қандай тағамларды унатасыз?

—Бәрше әпиўайы инсанға қандай тағамлар унаса, маған да солар унайды. Лекин, Иранның уллы тәўиплеринен бири Мухаммед Закария (854-932) шәкиртлери менен аўқат жеп отырғанда, есиктен кирген бир дийўана оның бетине қарап күлген екен, Закарья аспазына дәрриў тәўирлеў тағам писириўди буйырыпты. Сонда шәкиртлери «бурын бундай тағамды жемес едиңиз» дегенде, ол: «абайладыңыз ба, бул дийўана маған бүйтип күлмес еди. Не жеп отырғанымды көзи шалды да: «Оо, сиз де меникиндей тағам жейсиз екен ғой» деген мәниде күлди. Енди сизлерге айтарым, тапсаңыз аянбай ишип-жеўиңиз де керек!» деп жуўмақлапты Мухаммед Закария.

Усы әпсаналық ўақыя жөнинде оқығанымнан соң үйимизде тағам буйырар алдынан мен де уллы тәўиптиң сол гәпин есте тутыўға тырысатуғын болдым.

440

—Қарақалпақлардың өмир жолындағы хәрқыйлы посқынлықларға кимлерди бас айыпкерлер деп есаплайсыз?

—Мениңше, баслы айыпкерлер төртеў. Олардың биринши, руўшыллықлары, екинши халқының иштен биригетуғын, ақылына, күшине исенбеўши ел басшылары, үшиншиси сатқынлар, төртиншиси, көзлерие өз Ўатаны бәрҳа тар, байлықлары мудамы аз көринетуғын сырт елли жаўызлар.

441

—Швецияға бармақшы едим, не дейсиз?

—Ескертерим: Швецияда он адамның биреўиниң фамилиясы Андерсон. Оған таңланбай, қайсы Андерсон менен ушырасып танысқаныңызды умытпаўға тырысыңыз.

442

—Базы миллий алымларымыздың, хәтте миллий академиклеримиздиң халық аралық форумларда баска олардың бүркитлери арасында шымшықлар киби отыратуғыны неси?

—Тийкарғы билимлери шымшықлар дәрежесинде болған алымларымызға бүркитлердиң кеби қайжол менен желимленип жабылса да, бәрибир, олар өзлери қонып үйренген шақаларына қонады-дә!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 443

—Кандай жағдайда халық тарийхтан умытылыўы итимал?

—Хәр сапары жаңадан келген басшылары сол халықтың өтмишин тереңнен үйренип, бүгинин дурыс түсиниў арқалы оның ертеңин уллы кылыў жолында дүньялық тәжирийбелерди де хәр тәреплеме изертлеп, үйрениў жолы менен тыянақлы хәм диянатлы ислер жүргизбей бара берсе, хәр кандай халық та айналасындағылардың итибарынан шетте қалады хәм әсте-әсте умытылады.

## 444

—Қарақалпақстанның ең пәк жерлери қайерлер?

—Бәрше халықлардың анықламалары бойынша, адамларының өз Ўатаны ушын қанлары тамған жерлер ең пәк жерлер деп аталады. Усы көз қарастан қарағанда, бизиң кең мәканымызда нәпәк бир сантиметрде жер жоқ!...

## 445

—Бизиң эрамыздың 2000 жыллық дәўирин де урыслар менен неше жыл өткенин, оларда қанша инсанлар қаза тапқаны жөнинде мағлыўматлар билесизбе?

—Мен оқыған хүжжетлерде, Мелодийден 3500 жыл бурыннан баслап, бүгинге дейин, яғный 5500 жыл даўамында тек 292 жыл ғана урыс-қырғынларсыз өткен. Ал урысларда қурбан боғанлар жөнинде айтар болсақ, бир мысал: 1939-1945-жыллар арасындағы екинши жәхән урысында, шама менен, 55 миллион адам қурбан болған, солардан 25 миллион адамы бурынғы СССРдың пуқаралары.

## 446

—Сиз бурынғы СССР гезинде депутат сыпатында үйренген болсаңыз керек, әскерий Қураллы Күшлер қайсы мәмлекетлерде көп?

—1989-жылы бурынғы СССР мәмлекетиниң Қураллы Күшлеринде 4 миллион 258 мың әскер болса, дүньядағы ең халқы көп мәмлекетлерден Қытайда бәри болып үш миллион 200 мың, бурыңғы СССР халқы дәрежесинде халқы бар АҚШ та еки миллион 138 мың, ал оннанда аз санлы Уллыбританияда 317 мың 800 әскер болған.

Сондай-ақ бурынғы СССР 1980-жылларда 375 суў асты кемесине (соннан 127 атом суў асты кемеси) ийе болса, АҚШ та 92 атом суў асты кемеси болған. СССР тарқағаннан кейинги дәўирде кандай өзгермелерге ушырағанын жетерли үйрене алмадым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

447

—Дүньяда ең қысқа урыс, сондай-ақ, ең узақ даўам еткен урыс қайсы мәмлекетлер арасында болған?

—Баспа сөз мағлыўматлары бойынша, ең қысқа урыс 1896-жылы 27-август күни Уллыбритания менен Занзибар (ҳәзирги Танзанияның бир бөлеги) мәмлекети арасында басланып, тек 38 минут-ақ даўам еткен. Ал жер жүзиндеги ең узақ даўам еткен урыс Англия менен Франция арасында 1337-жылы басланып, 1453-жылы, яғный 115 жылдан соң тоқтаған.

448

—Әййемги әскерий қурал-жараклар қайсы әсирлерде пайда болды екен?

—Әййемги тарийхты изертлеўшилер, буннан еки жүз мың жыл бурын исленген ағаш найзаны 1911-жылы Англияның территориясынан тапқан екен.

449

—Инсанның өмиринде қандай өкинишлер аўыр?

—Өмири түўе, ҳәр бир өткен күнинде, ең болмаса бир өкиниши жоқ инсан болмаса керек! Тилекке қарсы, ҳәр бир өкиниш мудамы ең, баслы өкиништей болып түйиледи. Бара-бара инсан бәринеде көнлигеди. Сөйтсе де, инсан ушын ең баслы өкиниш — кеше ғана өз шаңарағын, ўатанын гүллентиў нийетинде жүрген бир туўысқаның күтилмегенде бирден қазаланыўы. Оның үстине өлиниң бир жыллық ас-абаты берилгеннен кейин оғада тез умытылатуғыны өз алдына өкиниш. Деген менен бул ҳәммеге теңдей өкиниш.

450

—Инсанның бийабрай болып қалыўына не себепкер?

—Биринши нәўбетте, ашкөзлиги, күтә шексиз нәпсиқаўлығы.

451

—Қарақалпақлардың жан сезимлериндеги миллий өзгешеликлериней тек үш белгисин атасаңыз?

—Биринши, бабалары бәрше түркийзибанларға нөкерликтен өмир жолларын баслағаны ушынба, жәмәәт ортасында әллеқандай бир тартыслы мәселени шешиўде, пикир билдиргени ушын басы кесиле-



www.ziyouz.com kutubxonasi

туғынына көзи жетсе де, сол тартыслы мәселе бойынша өзи билген шынлықты ишинде бүгип қалмаўшылығы, екинши, әллекимниң бир кемшилигин сезсе, оны сол адамның жүзине тиккелей айтып салыўға тартынбаўы, үшинши, хәр қандай шараятларда да ҳаял-қызларының еркеклерге шәртли түрде өз орнын бериў әдетлери.

452

—Көпшилик инсанларға тән ең надурыс әдет?

—Ең надурыс әдет — тәнҳә өз көзи менен көрмеген, түсинбеген нәрсесин қулағының еситкени бойынша тастыйықлаўшылық.

453

—Өзиниң саясынан қорқатуғын инсан, демектин мәниси не екен?

—Әўеле бир мысал: мениң жас гезимде суў бойына ийтимди ертип барсам, ол суўда өз сәўлесин көре қойса, оған үретуғын еди. Бунның себеби, ол сол сәўле өзинике екенин түсинбейди. Сол тақылетте инсанда гейде өзин өзи дурыс түсинбесе, өз хәрекетлеринен қорқып жасайды. «Өзиниң саясынан қорқып жасайтуғын адам», демектиң мәниси де, мине, усындайлардан келип шыққан болыўы сөзсиз.

454

—Тәңиритаалаға жәмленгенлик түрде исениўшилердиң ҳәм исенбеўшилердиң революциялары жөнинде айтсаңыз?

—XVIII әсирде дүньяға даңқ шығарған еки революцияның бири — француз революциясының қатнасыўшылары Тәңиритааланың барлығына исенбей, динди ашықтан-ашық бийкарлаўшы хәрекетлери ушын жеңилген. Ал оннан соңғы Америка революциясының қатнасыўшылары Тәңиритааланың барлығын ҳәм оның диниң бийкарламағаны ушын жеңиске ерискен.

Енди XIX әсирден бир мысал — 1917-жылғы «Октябрь революциясы» деп аталған революция, белгили дәрежеде жеңис тапса да, өзиниң раўажланыў жолында Тәңиритааланы, оның динлерин бийкарлаўшы ҳәм мәңгиге умыттырыўшы сиясатлар тутқаны ушын 70 жылдан кейин өз-өзинен тарқатылып биротала сапластырылды.

455

—Бизиң Түркстан деп аталыўшы ўатанымызда туўылып өз исимлери менен пүткил дүньяны таң қалдырған уллы алламалардан қайсыларының атларын ядтан айта аласыз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Адамзат дүньясында биринши мәртебе кеселликлерди дәри-дармақлар менен емлеўши тәуип-врач Ибн Синоны (990-1037), биринши алгебраны пайда еткен Муўса Хорезмийди (783-849), биринши глобусты пайда еткен Берунийди (973-1449), түркий әдебий тилге тийкар салған уллы шайыр Наўайыны (1441-1501)...

456

—Инсан ушын теңи жоқ меҳирлер қандай?

—Биринши, Тәңиритаала меҳри, екинши, Ана меҳри!

457

—Бизде салыгершилик жақсы раўажланады. Соған қарағанда, дүньяда салыгершиликти қарақалпақлар биринши басламағанба?

—Археологлардың изертлеўлери бойынша, буннан алты мың жыл бурын егилген салы атызлары Шығыс Қытайдың Сучтаў деген ески қаласының астыларынан табылған. Бул Япониядан табылған салы атызларынан да үш ярым мың жыл бурын егилген екен. Әўелги гезлери салы атызлары қудықлардан тартып алынған суўлар менен суўғарылатуғын болған...

458

—Инсан-инсанға айна демектиң мәниси не?

—Ҳәр бир инсан өзгелерде қандай гөззалық, жақсы үрп-әдетлер көрсе, оларды өзинде де пайда етиўге тырысып, ал жаман үрп-әдетлер көрсе, олардан безиўге ҳәрекет қылыўы ушын айналасындағы адамларды бәрҳә үйренип жасайды. Сол ушын олардың өзлери инсан инсанға айна деген нақылды дөреткен.

459

—«Алдында айыбы жоқ кисиге жаманлық қылсаң, сол жаманлығың өзиңе қайтады» демектиң мәниси не?

—**Әпсана**: Бир саўдагердиң ҳаялы узақ еллерге кеткен ерин күтиў менен күтә жалығып, иси еригип отырғанында, есигине келип нан сораған аш дәрўишке жортаға пәнт берип, үстинен өзинше күлиў нийетинде жылдам еки шөректиң ортасына зәҳәр салады да, әстен ғана мыйығынан күлиўи менен оған услатады. Ҳештеңеден бийхабар дәрўиш, сақыйлығы ушын ҳаялды қайта-қайта алғыслаўы менен нанларды сол турысында қойнына салып, кете береди. Соннан ол



www.ziyouz.com kutubxonasi

жолда ашлықтан жүре алмай, өткенлерге қолларын жайып нан сорап турған бир адамды көрип, қойнындағы нанды ала сала сол турысында оған услатады. Аш адам асығыслық пенен нанды аўзына тығып жутыўы мәттал, бирден буўлығып-буўлығып, қәпелимде жан тәслим етеди. Не қыларын билмей, оның басында албыраклап турған дәрўиш, ҳәзир ғана өзи шыққан аўыл тәрептен атлы шаўып киятырған бир ҳаялды көреди. Абайлап қараса, бағана оған нан берген сақый ҳаялдың өзи. Ҳаял дәрўиштиң қасында өлип жатырған адамды көриўден ҳуўшынан кетип, атынан қулайды. Дәрўиш ҳаялға тез ғамхорлық етип, ол есин жыйнаған соң ҳал-аўҳалын сорастырса, алыс елатларда саўда қылып киятырғанда жолда тоналып, ҳәтте, жеўге де ҳештеңесиз қалғаны ушын ашлығы себепли дәрўиш берген нанды жутыўдан өлип, ҳаял менен дәрўиштиң көз алдында жатырған бул адам мынаў ҳаялдың ери екен. Ҳаял бирден: «Буны сен өлтиргенсең!» деп дәрўишти аяўсыз урып өлтириўге нийетленеди. Сонда дәрўиш: «айыбым жоқ, ол ашлықтан нан сорап еди, мен аяп, өзиңиз сақыйлық пенен маған инам еткен наныңызды оған бердим, болғаны...» дейди. Ҳаял маңлайына қос қоллап урып өлиниң үстине жығылады...

Әне, айыбы жоқ адамға ислеген жаманлығыңның алдыңа келиўи, деген усындай болса керек.

460

—Әлийшер Наўайының не ушын үйленбей өткени туўралы оқымадыңызба?

—Мениң оқығанларым бойынша: бир күни шаҳ, Әлийшер Наўайыны излесе, ол сарай бағманының Гүлий исмли сулыў қызы менен бағда сөйлесип отыр екен. Шаҳ буған қәҳәрленип Наўайыны бул қыз бенен екинши рет ушырасыў имканиятынан айырыўшы буйрық береди. Қыз шаҳтың бул қылўасына шыдамай, Наўайыға келеди де, бүйтип айралықта жасағанша екеўи бирге зәҳәр ишип өлиўди усыныс қылады. Әлийшер бирден-ақ келиседи. Сөйтип қыз сарайдан жасырын түрде еки кесеге зәҳәр қуйып әкеледи де, бириншисин Наўайыға усынады, ол өз ўәдесине ылайық иркилместен ишип қояды. Ал екиншисин қыздың өзи ишиўден-ақ әсте-әстелеп ҳуштан кете баслайды. Сонда Наўайы оған: «ҳаў, жаным, маған ҳештеңе қылмады ғой, саған не болды?» деп албыраклай баслағанда, Гүлий: «аҳҳ, сүйиклим, бул дүньяда ким өзиниң сүйгенине зәҳәр береди? Сениң пайыңды да өзимниң кесеме салған едим. Сүйгеним, сен жасап қал...» деп сол демде жан тәслим етеди...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Усыннан кейин Наўайы қанша дәртлер шегип, қанша узақ-узақ ойланса да сол сүйгенине садықлығын сақлап, хеш қашан үйленбеген...

461

—Батыс Европаның кинофильмлерине қызығыўшылардың көплиги жөнинде не дейсиз?

—Батыс Европаның кинофильмлеринде зорлық-зомбылықлар, урлық-ғарлықлар, қыйнап өлтириўшиликлер көп болады. Тилекке қарсы, бүгинги тамашагөй жаслар арасында, өзинен басқалардың бастан кеширген азап-ақыретлерин, қыйналып өлиўлерин тек оқып, еситип ғана қоймай, көз бенен көриўге қызығыўшылар кем-кем көбейип баратыр. Бул жөнинде, өзимше, көп ойланып, жасларымыздың бундай бағдарда тәрбияланып атырғаны ушын олардың келешегинен қорқаманда.

462

—ХХ әсирде Қарақалпақстанның тәғдиринде жүз берген қайсындай ҳәдийселер есиңизде?

—1924-жылы қарақалпақлар Хорезм республикасында автоном область болып, бир жылдан соң, 1925-жылы Қазақстанның қол астына өткерилди. 1930-жылы оннан қайтып алынып, Россияның қол астына өткерилди. ал 1936-жылы Қарақалпақстанға «Автоном республика» статусы берилип, Өзбекстанға өткерилди... Ал, 1991 жылдың декабринен бержағында Өзбекстанның қарамағында ғәрезсиз республика.

463

—Қарапайым инсанға кеңесиңиз?

—Инсан қарапайым ба, үлкен ҳәмелдар ма бәри-бир, қайсы исте де онша екилене бермей сумлықсыз тәўекелши болса, оның қол урған іслери жақсы нәтийже береди. Қайсы инсанның пулы көбейсе, ол биринши нәўбетте камбағалларға, жетим-жесирлерге қайырсақаўатлы инсанға айланса, шексиз бахыт ийеси болады.

464

—Сизиңше, қайсындай мәмлекетте халық көп сарсылады?

—Әри жеңил минезли, әри парахор, өзимшил, билими шала, ақылы сайыз, пәми келте, оның үстине меҳири қатал басшы басқарған мәмлекетте халық арасында үнсиз көп сарсылатуғынлар көбейеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Ислам ҳәм Еврейлердиң Иудаизм динлеринде бир-бирине усас байрамлар жөнинде айта аласыз ба?

—Дәл айтыўым қыйын, сөйтсе де, сораўыңыз жуўапсыз қалмасын:

**ИСЛАМ БОЙЫНША**: АЛ-МИРАЖ (көтерилиў): Бул Мухаммед пайғамбердиң Меккеден Иерусалимге барып, оннан Бураққа (ушатуғын атқа) минип Тәңиритааланың қасына-Аршаалаға барғанын байрамлаў.

**РАМАЗАН.** Мусылман календарының 9-шы айы. Бул айда Тәңиритааламыз Мухаммед алейҳисааламға биринши нәзил (хабар) түсирген. Бул айда ораза тутылады.

**ЛЕЙЛЯТ-АЛЬ КАДР.** Бул күн рамазан айының 27-ши сәнесине туўры келеди. Бул күни Тәңиритааладан Мухаммед алейҳисааламға Қураны Кәрим түсирилген. Мусылманлар усы 27-сәне ақшамында Қуран оқып, Тәңиритааладан дурыслы тилек тилеў менен түнди уйқысыз өткериўи керек.

**ИД АЛЬ-ФИТР.** Ораза питкеннен соңғы байрам. Бул байрамда жан басына питир бериў, қәбирстанларды зыяратлаў, қоңсы-қобалар менен сыйлық-саўғалар алысыў болады.

**ИД-АЛЬ-АДХА.** Бул байрам Ибраҳим пайғамбердиң улы Исмайылды, яғный Иудаизм ҳәм христиан динлеринде айтылыўынша, Абрамның улы (Исахты) Тәңритааланың жолына қурбанлық қылыўға апарған қурбанлық байрамы.

**ИУДАИЗМ ДИНИ БОЙЫНША**:

**ПУРИМ** — бул еврейлердиң тарийхында «қутқарылыў байрамы» деп есапланған. Бул байрамның пайда болыў себеби, бизиң эрамызға дейинги 450-жылда Персия патшасы еврейлерди қырыў мақсетинде «пур» («шек» деген мәниде) таслатады. Усы күни патшаның Эстер исмли еврей ҳаялы бир усыл таўып, ерин бул нийетинен қайтарады ҳәм еврейлерди қырылыўдан аман сақлап қалады. Сол ушын бул күн ҳәр жылы байрам сыпатында белгиленеди. «Пурим» байрамы ҳәзирги есап пенен, ҳәр жылдың 23-мартына туўра келеди. «Пурим» Персиядан Арқа Батыс Индия ҳәм Эфиопияға шекемги аралықта байрамланады.

**ПАСХА.** Бизиң эрамызға дейинги XVI әсирде Мойсейдиң (Муўса пайғамбердиң) басшылығында еврейлердиң Египет пираўынларының қуллығынан қутылған байрамы. Бул байрам мусылманлардың оразасы сыяқлы, бирақ оннан өзгешелиги еврейлердиң базы аўқатларды ғана жемей жеңил-желпи аўқатлар жеў менен ораза тутыўына рухсат етиледи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

**ШАВУАТ БАЙРАМЫ.** Бунын пайда болыўына себеп, еврей халқын Египет патшалығынан биротала ажыратыў нийетинде Муўса пайғамбер оларды 40 жыл изине ертип жүрип, Синай таўларының бийик шоққысына көтерилгенде, өзин Египеттиң қулы деп мойынлайтуғынлардан қалған ең соңғы «еврей қул» қайтыс болады. Усыннан кейин Муўса пайғамберге Тәңиритаададан Таўрат китабы, 10 тағлыймат (нәсиятнама) қоса түсириледи. Еврейлер бул Шавуат байрамында түни менен уйқыламай, сол 10 тағлыйматты (нәсиятнаманы) қайта-қайта оқып тәкирарлаўы менен таң аттырады.

Енди, сол 10 тағлыйматты (нәсиятнаманы) тыңлаңыз:

1. Қудай биреў. Оған тек ғана бас ийиў лазым.
2. Тирилердиң сүўретлерин соғыў, оларға бас ийиў қадаған.
3. Бир ғана Қудайдың аты менен ант етиў мүмкин.
4. Шемби күнин хүрмет етип, сол күни барлық ғалма-ғалларды тоқтатыў керек.
5. Ата-аналарыңызды хүрмет етиў лазым.
6. Адам өлтириўши болмаў керек.
7. Өзгелердиң көзлеринше ышқы-мухаббет пенен шуғылланбаў керек.
8. Урлық етпеў керек.
9. Жалған гүўалық бермеў лазым.
10. Кисиниң затына хеш қашан қыянет етпеў керек.

466

—«Тыйықтан өлгенлер бейишке киреди» миш. Солайма?

—Айырым моллаларға инаныўдан бурын, пайғамберимиз Мухаммед әлейхиссаламның мынаў хәдислерин тыңлаңыз: «Бир күни еки мусылман урысып, бири екиншисин өлтиреди. Сонда базылар қылыштан өлген адамды аяп: «Бул бийшара бейишке баратуғын болды» дегенде, пайғамберимиз: «Жоқ, бул өли дозаққа апарылады. Себеби, егер, ол анаўсынан күшлирек болғанда, қарсыласын өзи өлтирген болар еди. Уғыңлар, набада еки мусылман бир-бирине бийрехимлик пенен қол көтерсе, екеўи де дозақый болады» деген екен. Енди өзиңиз ойланып жуўмақ шығарарсыз.

467

—Инсанлар арасында жәннетке сораўсыз киргизилетуғын тайпалар болар-мыш. Солайма?

—Пайғамберимиздиң хәдислеринде:



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Зайыбына меҳрибан болған, ата-анасының дуўасын алған, қол астындағыларға жақсылық қылған инсанлар жәннетке сораўсыз киргизиледи» делинген.

Соның менен бирге:

1. «Ата-анасын ренжиткенлер; 2. Араққорлар; 3. Кисиге бергенин миллет ететуғын инсанлар жәннетке киргизилмейди»... деген рәўиятлар да бар.

468

—Инсанның тириликтеги ең баслы ўазыйпалары жөнинде айтсаңыз?

—Биринши, дүньяға келтирген ата-ананды умытпай, олардың ислеп үлгермегенлерин даўам етиў, екинши, адамзат дүньясының бурынғысынан тығызырақ хәмдәмласыўына үлесинди қосыў, ушиншиси, қартайып халдан кеткеннен соң жасларға орын босатыўға асығыў...

469

—Жақсылық қылынбаўы керек инсанлар бола ма?

—Пайғамберимиз Мухамммед әлейҳиссаламның ҳәдислеринде айтылыўынша, мынаў үш тайпаға жақсылық қылмаған мақул.

1. Жалқаўларға. Олар жерге шашқан тұқымынды өсирмейтуғын кебирликлерге усайды.

2. Арсыз ҳәм уятсызларға. Олар қылған жақсылықларыңыз ушын сизге миннетдар болыў орнына «меннен қорқып жақсылық қылып атыр» деп ойлайды.

3. Ақылсыз ақмақларға. Олар ҳеш нәрсениң парқына баралмайды.

470

—Бердақ шайыр «Шар китаптан саўат аштым» деген. Бул қандай китап?

—Чар китаб-«Чохор китоб» (ҳақыйқат китабы). «Чар китап», атынан көринип турғанындай, төрт китаптан ибарат, биринши ҳәм төртиншиси назмде (қосық пенен), екинши ҳәм үшинши китаплар насырда (қара сөз бенен) жазылған.

Оның өзбекшеге аўдармасын 1992-жылы «Шолпан» баспасы «Чар китоб» деген ат пенен басып шығарды. Ол 70 бәйт, 12 бaптан ибарат.

Бул китап әййемги Туран, Иран, Ҳиндстан, Пакстан, Қытай, Қашқар ҳәм басқа да көп мәмлекетлердиң мусылманлары ушын әсир-әсирлерден бери сабақлық сыпатында пайдаланылып келинбек-



www.ziyouz.com kutubxonasi

те. Оны толық үйренип билген киси дин илиминиң тийкарын түсинген болып есапланады. Китапта, тийкарынан, инсанның минез-қулық қағыйдалары, пәклиги, намаз, закат, ҳаж ислери жазылған.

Бул китапты Шараф ҳәзиретлери Хожа Ориф ар Ревхорийдиң (1222 ж.) китабынан 78 жыл соң, яғный 1300-жылларда жазған.

«Чохор китаптың» төртиншиси Фаридиддин Аттардың (1119-1230) «Панднама» китабын өз ишине алады.

471

—«Бул жақсы адам» деген атаққа ерисиўим ушын нелер қылыўым тийис?

—Бул сораўға пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссалам «Сизлердиң жақсыларыңыз: бул дүньяның ғалма-ғалы деп ақыретти, ақыреттиң ғалма-ғалы деп, бул дүньяның ғалма-ғалларын тәрк етпейтуғынлар ҳәм өз ғалма-ғаллары менен басқаларға мәлеллик келтирмейтуғынлар» деп жуўап берген екен.

472

—Әдеп-икрамлылық үйрениўдиң усыллары жөнинде кеңес берсеңиз?

—Персия шайыры Шайх Саадийдиң (1203-1292) жазыўына қарағанда, Ҳәким Улықпаннан: «Әй, Улықпан, сонша әдеплилик қағыйдаларын кимнен үйрендиңиз?» деп сорағанда: ол «әдеплиликти әдепсизлерден үйрендим, яғный, олардың халық нәпретленетуғын ислерин көрип, сол ислерди ҳеш қашан қылмаўға тырыстым» деген екен. Бул ҳәммемизге де сабақ боларлық гәплер.

473

—Ҳәдис илимин раўажландырыўда үлес қосқан Орта Азиялы уллы алламалардан билгенлериңизди атасаңыз?

—Ең бириншиси, Имам Исмайыл-ал-Бухарий (810-869), екиншиси ислам әлемине машҳур «ал Жомас ас-Сахих» (Сахих - «исенимли») деген китапты жазған имам Муслим ибн Хаттат (819-874).

Ал ҳәдислерди арнаўлы бапларға бөлип топлаўға үлес қосқан уллы алламалар:

Имам Абу Иса Мухаммед ат-Термизий (824-892)

Имам Абу Даўыт Сулайман Сижистаний (817-888)

Имам Ахмад ан-Насафий (830-915)



www.ziyouz.com kutubxonasi

Имам Абу Можже ал Казвиний (834-886)

Усындай уллы алламалар себепли «Шығыс—дүнья илиминиң тырнағы» десек ҳеш кәтелеспеймиз.

474

—Халқымыздың өзине ҳәм бәрше түркийзибанларға пидайылығы туўралы азғана айтсаңыз?

—Ҳақыйқатында, халықтың раўажланыўы барысында кәте-кемшиликлерди дурыс сезип, оларды өз ўақтында айтып турыўдың өзи де үлкен патриотлық! Мен, уллы түркийзибанларға нөкерликтен өз өмир жолын баслаған жаўынгер халқымның бүгинги күнде аз санлы болып қалғанына ой жиберсем, түркийзибанлар өз нөкерлерин өз ўақтында қоллап-қуўатламады ма екен ямаса олардың патриотлары кем болды ма екен, деп күтә көп ашынаман, ишимнен күйинемен. Соның менен бирге, халқымның қаналас туўысқанларына шыннан берилип, олардың тәғдирлерине сақ болыў жолында көп қурбанлар бериўи нәтийжесинде азайғанын еслесем, халқымның пәклиги ушын ишимде әллеқандай жубаныш пайда болып, ўазыйпаларына садық бабаларымның руўҳына қайта-қайта дуўалар қыламан. Ал уллы пайғамберимиздиң: «Кимге мүлайымлықтан несийбе берилген болса, оған жақсылықтан да несийбе берилген болады, ал ким оннан маҳрум етилген болса, ол жақсылықтан да маҳрум болады» деген нәсиятын еслесем, «Тап усы нәсиятлар тийкарында ислер жүргизилгенде, бүгинге дейин бизиң түркийзибанлар да дүньядағы ҳәм бирликли ҳәм көп санлы бахытлы халықлардың қатарында болар еди-аў» деген ойларға берилгенимде, неликтен де, көзлеримде және де ериксиз жас пайда болады.

475

—Халқымыз тарийхына терең нәзер тасласақ, бәрше дәўирлерде де Хорезмниң даңқы — қарақалпақлардың даңқы болыпта, бир биринен айрылмай баҳаланып келинген. Бул даңқларға себепкер бабаларымыздан ядыңызда мәңги сақланғанларын атасаңыз?

—Ондай уллы бабалардан баслылары: Мухаммед Муўса ал-Хорезмий (783-849), Абу Райхан ал-Беруний (973-1048), Абу Али ибн Сино (980-1037), Сулайман Бақырғаний (Ҳәким ата XII әсир), Абдул Касим Махмуд ибн Омар ибн Ахмед аз Замахшарий (1075-1221), Пахлаван Махмуд (1247-1325), Абулғазы Баҳадыр хан (1603-1664), Мурат шайых (1683-1751), Оразан батыр улы аты әпсана Маман бий (1712-1784), Айдос баба (1754-1827), Ерназар алакөз (1806-1856)...



www.ziyouz.com kutubxonasi

476

—Адамзатты тәрбиялаўда үлеслери бар уллы зиялылар арасынан есиңизге түскенин ойланбастан айтсаңыз?

—«Зиё» — «нур» деген сөз. Дүньяда пүткил кең әлемге нүр таратыўшылардан ең әўелгиси ҳәзирети Адам ата әлейҳиссалам, ҳәзирети Нуўҳ әлейҳиссалам, бизиң эрамызға дейинги XVIII әсирде жасаған Ибраҳим пайғамбер, бизиң эрамызға дейинги XVI әсирде жасаған Муўса пайғамбер, XI-X әсирлерде жасаған Даўыт пайғамбер, 562—515-жылларда жасап өткен Зардуштий, 623—544-жылларда жасаған Сидухартки Гаутама Будда, бизиң эрамыздың басында (1-33) жасаған Ийса пайғамбер, бизиң эрамыздың 570-632-жылларында жасаған Мухаммед пайғамбер...

477

—Жақсыларға жаманлық қылғанлардың исмлери сол, жақсылар қатарында тең аталып жүреди дегенге исенесиз бе?

—Исенбейин десем, уллы композитор Моцарттың даңқын дүнья қанша дәрежеде билсе, оны өлтирген арсыз Сольериди, уллы шайыр Пушкинди дүнья канша билсе, оны өлтирген уятсыз Дантести, уллы шайыр Лермонтовты дүнья қайсындай дәрежеде билсе, оны өлтирген намыссыз Мартыновты өзлери өлтирген уллылар менен тең еслейтуғыны күтә ашынарлы!...

Тәңиритааладан бир өтинишим: «ендиги жағында Сольери, Дантес, Мартынов сыяқлы жаўызларды дүньяға келтирмегейсең!».

478

—Түркийзибан халықлардың тарийхына тийисли ески китаплардың түп нусқаслары қайерлерде сақланғанынан хабарыңыз бар ма?

—Мениң баспа сөзлерден оқып ҳәзирше билгенлерим: «Огузнама» (VIII-XIV әсир), «Бабурнама» (XV әсир), «Тарийхы Абылхаир» Парижде ҳәм Лондонда. «Қоркыт ата китабы» (IX әсир) Ватиканда; «Кодекс Куманикус» (XIV әсир) Венецияда; Юсуп Хас Хожиб Баласугинниң «Кутадгу Билиг» (XI әсир) китабынан 60 бет Гератта; Махмуд Қашғарийдиң «Девану луғат ат-турк» (1074), Хожа Ахмад Яссаўийдиң «Деванаи Ҳикмат» (XII әсир) китаплары Стамбулда сақланады екен.

479

—Орта Азияда қағаз қашан шығарылған?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Баспа сөз хабарларынан ядымда қалғанлары: Орта Азияда биринши қағаз устаханасы 751-жылы Самарқанд қаласында пайда болып, иске қосылған.

1420-1470-жылы Кашмирдиң ҳүкимдары Зайнул Обин Самарқандтан қағаз ислеўши усталар әкеткен. Самарқандтың қағаз ислеў устаханасы 1450-жылы Ахрар Валийдиң мүлкине айландырылған.

1520-жылы Самарқанд қағаз устаханасы Қарасуў бойында жайластырылып, оның күши 7-8 дигирман күшине жеткерилип, қағазының жақсы сыпаты бойынша дүньяға мәлим болған.

1715-1720-жылларда қағаз устаханалары Қоқанд, Ташкент қалаларында пайда болады.

1918-жылы Бухарада 40 жумысшы ислейтуғын устахана дүзилип, ол 1992-жылға шекем пул қағазларын ислеген.

1932-жылы Ташкентте Өзбекстан қағаз комбинаты (фабрикасы) иске түсирилген.

1988-жылы Ангренде картон ислейтуғын фабрика пайдаланыўға берилген.

1995-жылы Ташкент қағаз фабрикасы қурылды.

1997-жылы Наманган қағаз фабрикасы иске түсти.

480

—Дүньяда биринши қағаз пул қашан пайда болды екен?

—Ең биринши қағаз пул 812-жылы Қытайда басылып шыққан, ал 970-жылдан соң, қағаз пул дүньяға кеңнен таралған.

481

— «Газета» сөзи орыс сөзиме?

— Жоқ. «Газета» сөзи италиян тилинен алынған. Оның тийкарғы себеби XVI әсирде Венецияда пул орнына майда мыс теңгелер жүргизилип, сол мыс теңгелер «газета» деп аталған. Биринши мәртебе «Письменная известия» («Жазба хабарлар») басылып шыққанда, оның баҳасы бир мыс теңгеге, яғный бир «газета» ға баҳаланған. Сөйтип ўақыттың өтиўи менен теңгениң аты басылымның атына айналып кеткен.

482

—Соңғы жыллары «Қырық қыз» дәстанының авторы Жийен жыраў екен, Қурбанбай жыраў екен... деген шамалаўлар көп айтылады. Бул жөнинде сизиң пикириңиз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—XX әсирдеги атаклы француз жазыўшысы Луи Арагон Французлардың «Роланд ҳаққындағы дәстан» ын («Песня о Роланде») «Қырық қыз» дәстаны менен теңгергени пүткил дүньяға мәлим. Соған қарағанда, бул еки дәстанның да пайда болыўы бир дәўирге туўра келиўиде итимал. Себеби бул дүньядағы адамзат, мәмлекет тәғдирлеринде, бир-бирине усас ўақыялар жүз берип туратуғынын ҳеш ким бийкарлай алмайды. Сол себепли мен екеўин де оқыдым...

Әўеле «Роланд ҳаққындағы дәстан» ның тарийхый негизине жүгинейик: Французлардың бул дәстаны 778-жылғы Ронсеваль ущельесинде (шуқырлығында) французлар менен Испания арасында жүргизилген қатал саўашта уллы Карл ләшкерлериниң дәўжүрек батыры Роланд басқарған топардың гүресин сүўретлеўге бағышланған. Бул дәстанның бизиң дәўиримизге жеткен биринши қолжазбасы, ўақыяның өзинен, шама менен, 400 (төрт жүз) жыл соң, 1170-жылларда пайда болған. Усылай болғаны ушын сол ўрыстан соңғы 400 жыллық дәўирлердиң ҳәр қыйлы жағдайлары, адамлардың өмирге жаңаша көз-қараслары бир нешше формаларда аз-азлап дәстанға кирип бара бергени даўсыз, әлбетте. Бул шығармада патриотизм идеялары, монументаль образлар күшли көрсетиледи. Ал, «Қырық қыз» ға Луи Арагонның тәнҳә көз-қарасын еслесек: «Гөззал Гүлайым—бул Роланд, Оливье—бул Арыслан, Отбасқан образлары менен үнлес»... Усыларға тийкарланып «Қырық қыз» дәстанының тийкарғы ўақыялары да VIII-IX әсирлерге тийисли десек бола ма? Мениңше, сөзсиз болады. Мәселен, тарийхта VI әсирде биринши рет гүллән түркийзибан қәўимлерди бир патшалыққа бириктирген Бомин шахтан соң, оның иниси Истомин шах та ҳәкимиятты қолларында тутып тура алмағаны, ал VIII әсирге келип, Элтараш шах түркийзибанларды екинши рет қайта бириктергени мәлим. Әттең, ол да узақ даўам етпей, патшалық тарқатылғаны себепли көп қәўимлер ҳәм қабилалардан ибарат өжет минезли, адыр, жаўынгер түркийзибанларды қайта бириктириў ислерин өңшең түркийзибан ҳаяллар қолға алған болыўы да итимал. Өйткени, бул дәўирде уллы пайғамбарымыз Муҳаммед әлейҳиссаламның, «егер ата-анаң теңнен шақырып қалса, биринши рет анаңа бар... екинши рет шақырса да... үшинши рет шақырса да әўеле анаңа бар... оннан соң әкеңе...» деген тәғлыйматлары шығыс мусылманларында, әсиресе түркийзибанлар арасында күтә кеңнен таралып, ҳаял-қызлар күтә жоқары баҳаланған гезлер болып, әне усыларға байланыслы ҳаяллар оғыры йошланған ҳәм көп-көп мәртлик ислерди жалпыламай баслаған пайытлар еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тап усы дәўирде Иракдың Басра қаласынан шыққан шайыра ҳаял Раббия ал Адабия (719-801) айрықша мәртлик пенен бир қолына лаўлаған отлы шырақ, екинши қолына суў толы қуман көтерип: «Әй, инсанлар, егер сизлер дозақтан қорқып, исламды қабыл етсеңиз, мине, суў қуйып, дозақты өширемен, егер, сизлер бейиштен дәметип исламды қабыл етсеңиз, мине, бейишке от беремен. Нендей шешимге келсеңиз де шын қәлбиңиздиң буйрығы бойынша қылыңлар!...» деп аўыллар менен қалалар арасында тынымсыз сүрен таслап жүргени де тарийхтан мәлим.

Бул жағдайлардың ҳәммеси де өз ўақтында Туран еллеринде тезлик пенен тарап, жасларды, соның ишинде, әсиресе ҳаял-қызларды күтилмеген мәртликлер көрсетиўге илҳамландыратуғын жағдай болғаны сөзсиз...

Және бир ҳүжжетке итибар қылайық: XI әсирдеги уллы Хорезм шахтың сарай шежирешиси лаўазымын атқарған Абуль Фазл Байгахийдиң (995-1086) сөзлери менен айтқанда, «Қарақалпақ гвардиясы» ның тийкарын салыўшы қубылыс усы «Қырық қыз» дәстанынан кейин басланған болса ше? Мениңше, солай болған!

Ал «Қырық қыз» дәстанындағы айырым ҳәдийселердиң, пикирлердиң бизиң дәўиримизге жақынлығы сезилетуғынына ой жиберетуғын болсақ, дәўирлер өтиўи менен дәстанның аўыздан-аўызға өтиўи нәтийжесинде ҳәр әсирдиң шайырлары менен дәстанды жырлаўшылары, өз заманларының базы машқалаларын да оған киргизип, толықтырып бара бергени де тәбийий қубылыс. Сондай-ақ XVIII әсирдеги қарақалпақ шайыры Жийен жыраў да дәстанға өз халқының айырым машқалаларын қосып жырлаған болыўы да сөзсиз. Оның үстине, «Қырық қыз» XX әсирдиң орталарында Қурбанбай жыраўдан жазып алынғанын, бирақ ол да бул дәстанның түп-тийкарын сақлаў менен, оған өз заманының тыңлаўшылары ушын керекли деп есаплаған ўақыяларды өзинше киргизгенин де дыққаттан шығармаўымыз тийис...

Ал базы түркийзибан мәмлекетлердиң территорияларында «Қырық қыз» атамасы менен естеликлер барлығын көз алдымызға келтирсек, «Қырық қыз» дәстанының түпкиликли енедәрек ўақыясы ертеде VIII-X әсирлерде болып өткен, деген исенимде тоқтаймыз. Бәрше түркийзибанлар еле бир-биринен толық айырылысып болмаған дәўирде пайда болған биринши миллий дәстанларымыздың бири «Қырық қыз» деп түсинсек, я өтмиш дәўирге, я бүгинимизге қылаплық қылған болмаймыз, мениңше.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Егер түркийзибанлар — өзбеклер, қазақлар, қырғызлар, түркменлер, әзербайжанлар, татарлар, башқуртлар, қарақалпақлар... деп аталатуғын миллий мәмлекетлерден ибарат десекте, бәри бир, ҳәр дәстан әўелинде белгили адамлар, қәўимлер тәрепинен дөретилетуғынына ақыл жуўыртсақ «Қырық қыз» дәстаны, менинше, өзлериниң өмир жолын түркийзибанларға нөкерликтен баслаған жаўынгер қарақалпақлар деп аталған қәўим ўәкиллери тәрепинен дөретилген. Усы себептен «Қырық қыз» дәстаны бизиң жаўынгер халқымыздың ана дәстаны болып дүньяға келген, деп тастыйықласақ, басқа түркийзибанлардан ҳеш қандай даў шықпайтуғынына да толық исенемен.

Усындай жуўмақ шығарылса да, бир өкинишлиси, қайсы халықтың қәлиплесиўи қаншалық ертеректе жүз берген болса, сол халық ҳаққында ҳақыйқый ҳүжжетлер сонша кем табылатуғыны да тәбийий...

«Қырық қыз» дәстанын жырлаўшылардан, бүгинлиги бизге аты мәлим Жийен жыраў екенин тастыйықлап XVIII әсирге ийек артқанымыз бенен дәстанның тийкарғы дөретиўшисин табыў мүшкил. Мәселен «Роланд ҳаққындағы дәстан» нын изинде ҳәтте Туральдо деген адамның исми жазылып қойылғанына қарамастан, француз изертлеўшилери тәрепинен Туральдо дөретиўши автор сыпатында мойынланбайды екен. Оның үстине бәрше түркийзибанлар ушын устаз шайыр, алым, XI әсирде жасап өткен Юсуф Хос Хожибтиң уллы дөретпеси «Кутадгу билиг» те яғный «Саадатқа (бахытқа) баслаўыш билим» де:

Атымны билмесинлер, өзимни көрмесинлер,
Излеп тапмасынлар, сөзимни тугатайин...
Чаендек чақадылар, чибиндек сорадылар,
Көпекдек қападылар, қайсы бирини урайын...»

дегениндей, «Қырық қыздың» тийкарғы дөретиўшиси өзиниң заманында өз атын сыр тутқан болса да, тәәжип емес.

Ҳақыйқатына келсек, бул уллы дәстан, мениң ойымша, нөкерлик ўазыйпасына мәңги садық болып жасаған жаўынгер қарақалпақлар арасынан шыққан бир дана шайырдың өз дәўириниң ҳақыйқатлығына сүйенилип пайда еткен уллы дөретпеси.

Усы кәрада, неликтен де, қәлбимди әлле қандай мақтаныш сезимлери бийлеп: «Айтыңшы, ҳаял-қызлардың жаўынгерлигин, Ўатанына болған меҳир-муҳаббетин жырлаўшы «Қырық қыз» киби дәстан Европаның қайсы елинде бар?» дегим келеди...



www.ziyouz.com kutubxonasi

483

—Уллы шайх Сайидо Насафий (XVII әсир) өз ўақтында «Дүньяның бәрше адамлары нур излеп жасайды, лекин олар нурды әўеле өзлеринен емес, басқалардан излейди. Усы жол менен ким қанша излесе, ол нурдан сонша қашықласады» деген екен. Буны қалай түсинсе болады?

—Шайх Насафийдиң бул пикири, Ийса пайғамбердиң «Өликти тирилтиўге қүдиретим жеттидағы, ал ақмақты дүзетиўге илажым болмады» дегенин тастыйықлаўшы оғада дурыс пикир. Ҳақыйқатында да кимде-ким өтмиштеги уллы алламаларымызды оқып, оларды ҳәр тәреплеме үйренсе, нурды әўеле басқалардан емес, тәнҳә өзинен излеўдиң мәнисин терең уғынар еди.

Усы кәрада уллы алламаларымыздан бириниң мәңгилик халық даналығына айналған мынаў тәлийматына дыққат бериңиз: «Ҳәр инсанның қәлбинде төрт қыйлы нур бар. Соның менен бирге, сол төрт қыйлы нурдың төрт қыйлы душпаны да бар. Олар инсан кәлбинде мынадай тақылетте жайласқан:

Биринши - ақыл нуры, оның душпаны ғәзеп;

Екинши - илим нуры, оның душпаны тәкаббырлық;

Үшинши - қәнәәт нуры, оның душпаны ашкөзлик;

Төртинши - сақыйлық нуры, оның душпаны бәрҳә өзгелерден дәме етип жасаўшылық...»

Мен сизге буннан артығырақ түсиник бере алмайман. Ендиги жағы өз еркиңизде.

484

— «Ваххабизмниң» шығысы жөнинде айтасыз ба?

— Бул өзинше диний ағым (бағдар) жүргизбекши болған Муҳаммед ибн Абдаль-Ваххабтың (1703-1787) аты менен байланыслы болса да, оның төркини исламның төрт мазхабынан бири имам Ханабалий (VII-VIII әсирлерде) мазхабынан басланады. Имам Ханабалий өз ўақтында «исламды тазалаў керек» деген пикир менен жасаған. Ол бул пикирлери ушын аўыр жаза тартқанда да өзиниң пикиринен қайтпаған.

XVIII әсирде Арабстанда қайта пайда болған бул диний ағым ҳәзир Сауд Арабстанында арнаўлы идеология сыпатында жүргизилген менен, ҳақыйқатлық буннан қашық. Себеби «Ваххабизм-байлықтан қашыў, әллекимлердиң себебинен байыўға қарсылық» деген менен,



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Ваххабизм» өзи туткан жолға карсыларға экстремистлик усыллар менен соққы бериўди мақсет етеди. Ҳәзирги күнде Кавказда бул диний усыл тийкарғы қуралға айланған. Бул әлбетте зыянлы!

485

—Туўысқанлардың өз-ара қарым-қатнасына байланыслы кеңесиңиз?

—Қысқасын айтсам, түркийзибанлардың арасындағы түсиниксиз сырларды ғана емес, пүткил әлемниң түсиниксиз сырларын да басқа жақтан ямаса әллекимнен емес, ҳәр ким тек ғана өзинен излеўи тийис. Усының менен бирге, сизге Уллы пайғамберимиз Муҳаммед әлейҳиссаламның ҳәдислеринен екеўин тәкирарлайын. Биринщиси: «туўысқан-туўғанларыңыз бенен қарым-қатнасыңыз жақсы болсын. Олар саған жақын жерде я алыста жасай ма, парқы жоқ, ең баслысы, бир-бириңизге меҳир-муҳаббетиңиз бузылмасын», екиншиси: «билиңиз, қәлбиңизди бес нәрсе бузады. Олар: орынсыз көп жеў, көп уйқылаў, бийорын көп күлиў, бәрқулла дүнья арттырыў ғамында жасаў, ҳарамнан жеў».

Мине усы нәсиятларды есте тутып жасасаңыз, сонда туўысқанлар арасындағы бирлик ҳаслан бузылмайды.

486

—«Ҳақыйқый дурыс тилекти ғана Тәңитаала иске асырады» деген гәп бар. Кеңрек түсиндиресизбе?

—Әпсана: Ерте заманларда Хорезм шаҳларынан бири қырық мәртебе үйленип, ҳәр үйленгенде ол : «әй, Алла, бир перзент бер» деп налынса да, ҳеш биринен перзент көрмепти. Шыдамай қырық биринщисине үйленген соң, арадан көп өтпей-ақ, жас келиншектиң ҳәмиледарлығы билинипти. Буған шаҳ шексиз қуўанып, үлкен тойға таярланады.

Ҳаялдың айы, күни толып жас босанған екен, адам баласына усамайтуғын тулып секилли бир нәрсе туўылыпты. Шахтың қәҳәри келип, ҳаялды өзи туўған сол тулып секилли нәрсеси менен қосып дарға асыўға буйрық бермекши болғанында, бас кеңесгөйи шаҳтан рухсат алып, былай депти:

—Уллы шаҳым! Сиз бул ҳаялыңызды дарға аспастан бурын өзиңиз, бас ўәзириңиз ҳәм усы ҳаялыңыз бенен үшеўиңиз бас қосып, туўылған тулыпты ортаңызға жатқызыңлар да, ҳәр бириңиз өз қәлбиңизде бәршеден жасырын нендей сырларыңыз болса, бир-бириңизге жүзбе-жүз отырып ҳеш қыпсалмастан сол сырларыңызды ашықтан-ашық айтысасыз, деген тилегим бар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Сонда не болады? — дейди шах.

—Билесиз, Тәңиритаала бәрше ўақытта ҳақыйқатлықты, дурыс тилектиң тәрепдары. Ҳақыйқатлық ортаға түссе, Тәңиритаала, бәлким, бир кәрамат көрсетер деген үмитим бар, уллы шаҳым!

Шах оның кеңеси бойынша тезлик пенен бас ўәзирин, тулып туўған ҳаялын айналасына моллам дөгерек қылып отырғызады да, бас кеңесгөйдиң өтинишин ортаға салады. Олар буған келиссе де, ҳеш бири ишки жасырын сырын биринши айтыўға жүрексинбей, бир-бирине «Сиз басланыз... сиз басланыз...» деседи. Шах шыдамай гәпти биринши баслаўға мәжбүр болады.

—Билесизлер,— дейди ол аўыр гүрсинип.— Мен үлкен бир елдиң шаҳыман. Гүллән нәрсем жеткиликли. Соған қарамастан, қәлбимде барлық ўақытта ҳәммеден жасырын мынадай бир сыр турады: Еки адам даўласып алдыма келгенде, олардың қайсысының қолында бир алма көрсем, сол алмасын маған берер, деген дәме менен, оның гүнакар екенлигине көзим жетсе де, сол алмасы бардың тәрепин тутқым келеди...

Шах сөзин ада етиўден тулып әсте-әсте қыбырлайды.

Нәўбет бас ўәзирге бериледи:

—Билесиз, уллы шаҳым, мен сизиң бас ўәзириңизбен. Бәрше ислеримди сизиң атыңыз бенен жүргизип, пүткил елимизге не қыламан, кимниң үстинен қандай ҳүким шығараман десем, өз билгенимди иске асыраман. Сиз мениң бул сырларымнан түк бийхабарсыз да. Соған қарамастан, мениң қәлбимде шешилмес түйин киби: «неге өзим шах емеспен?» деген бир әрман турады. Сол ушын ҳәр күни бес ўақытлы намазымнан соң: «Әй, Тәңиритаалам, бул шаҳты тезирек алагөр, орнына мени ғана шах қылагөр» деп дуўа қыламан...

Ортада жатырған тулыпта инсан зүриятына тақаббил он еки мүше пайда болып, жаңа туўылған бөпеге айналады.

Нәўбет ҳаялға жетеди:

— Әй, уллы шаҳым, кеширесиз! Билемен, сиз мени күтә жақсы көресиз. Сиз меннен бурынғы қырық ҳаялыңызды бир төбе, мениң бир өзимди бир төбе деп түсинесиз. Соған қарамастан, ҳәр күни кеште, уйқыға жатар алдынан, калима-шадат қайтарып болып, көзлерим уйқыға кеткенше, азанда бисмилла деп орнымнан турғаннан баслап күни менен: «Әй, Тәңиритаалам, усыннан шах тезирек қаза тапса, соннан соң мен тоғайларда мал бағатуғын бир шопанға тийипақ, бир басқа бир бас болып жасасам, саған ырзаман! Әне, усыған имканият туўдырагөр, Тәңирим!» деген тилек тилеп жүремен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хаял сөзин ада қылыўдан ортадағы бөпе шыр-рр етип жылап, аўдарылып, түседи...

Үшеўиниң де жүзлеринде теңнен Төңритаалаға разышылық билдириўши қуўаныш излери көринеди. Бирақ шаҳ бөпениң қыз екенин абайлапты да, өзинше бир гүрсинипти.

Сонда оларды тыңлап қапталда отырған бас кеңесгөй гәпке араласады:

—Әй, уллы шаҳым, мине ҳақыйқатлықтың күши! Енди гүрсинбеңиз. Сиз қүдирети күшлиден бәрҳәма« бир перзент берегөр», деп сораныпжасадыңыз. Мине, ол сизге бир перзент берди. Қыз да перзент ғой! Әзелден Тәңириме ишки қәлиб тилегиңизди ашық айтып, «маған ул берегөр» деп сорағаныңызда, ол, бәлким, ул берген болар еди!

Шаҳтың көзлеринен жас айланып, бас кеңесгөйге бас ийипти.

Усыннан соң шаҳ та, бас ўәзир де, қырық биринши хаялы да өз қәлблеринде бир-биринен түўе, пүткил елинен жасырын бир де сыр сақламай, дурыс тилек тилесип, ақыбетинде, сол шаҳ көп уллы, қызлы болып, пүткил ели менен бахытлы дәўран сүрипти...

Ҳақыйқатлықтың ҳәм дурыс тилектиң нәтийжеси деген усы болса керек!

487

— Орта Азияның ҳаял-қызларына бурынғы ҳәм ҳәзирги мүнәсибетлер?

—Әўеле, XIX әсирдиң 70-жылларында францияды алым Бурдан ханым деген ҳаялдың Түркистан ҳаял-қызларының тәғдирин изертлеўге келип, аўыл ҳәм қалаларды аралап жазған мақалаларына дыққат бөлсеңиз: «Бизиң Европаның «мәдениятласқан» деген аты бар ҳаяллары,— деп жазады Бурдан ханым.— Мениңше, әдеп-икрамлылықты, ийбе сақлаўды ҳәм басқа да көп үрп-әдетлерди, европалылардың көзлери менен бүгинге дейин «жабайы» деп есапланып келинген, түркистанлы ҳаяллардан үйрениўимиз лазым. Лесгафт, Дидролардың көзқарасларынан пүткиллей бийхабар Түркистан ҳаялларындағы әдеп-икрамлылық жолларын терең үйренип, бул мәселелер бойынша бизиң француз ҳаяллары ушын қолланбалар жазса арзыйды...»

Ал, ҳәзирги мүнәсибетлерге келсек, атлары әлемге даңқлы ҳаял-қызларымыз дүньяның ҳеш бир мәмлекетиниң ҳаял-қызларынан анаў я мынаў дәрежеде кем, я билимсиз, я ақылсыз емес деў де жеткиликсиз. Керисинше, ҳақыйқый әдеп-икрамлық бойынша Францияды алым Бурдан ханым таңланған дәўирдегилерден де жоқары әдеп-икрамлы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

488

—Еркеклер неге көбинше сулыў хаялларға қуштар?

—Усыған қарап мен еркеклердиң ышқы-сезимлери жүрегинде емес, көзлеринде болса керек, деген ойға берилемен!

489

—Ҳажысыз, айтыңыз: Оразада умытқанымнан тамақ жеп қойсам ше?

—Өзиң адам болғаның менен асқазаның қасқыр. Абайсызда топылған қасқырдан қутылыў ушын ислеген базы ислериңди Тәңири-таалам кеширсе керек.

490

— Әййемги грек алымы Пифагордың (570-500) адамларға он нәсияты бар дейди. Есиңизде болса тәкирарласаңыз?

—1. Өзиңнен зор менен урыспа. 2. Өжет пенен тарыспа... 3. Қызғаншақ пенен отырыспалас болма. 4. Ладан менен айтыспа. 5. Еки жүзли менен дос болма. 6. Өтирикши менен қарым-қатнас қылма. 7. Сықмар менен көп әңгимелеспе. 8. Иши тар ҳәм қызба менен шарап ишпе. 9. Ҳаяллар менен көп отырма. 10. Өз сырыңды басқа инсанға айтпа.

491

—«Самарқанд сайқали», «Бухарайы шәрип» демектиң мәнилери не?

—«Сайқал» — «гөззаллық, нағыслылық» деген мәнилерди аңлатады. Ҳақыйқаттан да, Самарқанд гөззал, нағыслы реңлери менен жер жүзиниң саяхатшыларын лал қалдыратуғын қала. 1218-жылы Самарқандқа Қытайдан келген Елюй Чу исимли саяхатшы: «Самарқанд хумларының қақпақларын ашсаң, әжайып шараплар жыбырласып турады. Бул шәҳәрдиң суўларына тор тасласаң тап-таза балықлар оралып шығады. Шарап ислеўшилери менен дийқанлары салық төлемейди. Самарқандлылар әлле қандай жаман нийетлилерден қәўип етип, набада урыс болып қалама деген ой менен, қаланың сыртын айландыра кәндеклер қаздырған. Суўлы арналарында бәлент-бәлент қайшылар да көп» деп жазып қалдырған екен

«Шәрип» — «Қуўатлаўшы» деген мәнини аңлатады. «Бухарайы шәрип» демектиң мәниси «Бухара ислам дининиң қуўаты» дегени. Ҳақыйқатында да, Бухара дин ҳәм илим орайы сыпатында бир гезлери Бағдад пенен жарыса алатуғын қала болған... Ҳәзир де солай!



www.ziyouz.com kutubxonasi

492

—Махмуд аз Замахшарий жөнинде билгим келеди?

—Өзи түркийзибан бола тура араб тилиниң сөзлигин дүзген уллы ойшыл. Толық исми-шәрипи Абдул Қасым Махмуд ибн Омар ибн Ахмад аз Замахшарий. Ол Хорезмниң Замахшар шәхәринде 1075-жылы туўылып 1121-жылы қайтыс болған. Оның гүллән ислери, илими, билими бәрше түркийзибанлар ушын, соның ишинде, қарақалпақлар ушын да уллы мақтаныш!

493

—XX әсирдиң 80-жылларындағы есап бойынша дүньяда Еврей миллети 13 миллионнан асламырақ адамнан ибарат. Соған қарамастан, дүньяның қайсы мәмлекетинде әдебият, мәдeният жоқары дәрежеде раўажланған болса, сол раўажланыўларда еврей миллетине тийисли шахслардың излери бар. Аз санлы бизиң қарақалпақлар, ең болмаса, өзлери жасаған Орта Азияда неге сондай даңқ шығара алмайды?

—Бул мәселе, ҳақыйқаттан да, бүгинги бәрше қарақалпақларды хәр тәреплеме ойландырып, XXI әсирдеги әўладларымыз жоқары билим ийелери болыўға толық ерисиў менен пүткил, әлемге даңқлы халықлардың бирине айланады деген үмит пенен жасайман...

494

—Урылардың да пәклери болар-мыш, бул қалай?

—Шынында «ууры», «урлық» деген түсиниклердиң өзи барып турған напәклик хәм оңбағанлық. Деген менен, **бир рәўият** еситиңиз:

Бәрше түркийзибанларға аты айғақ болған бир уры қалай болмасын, түркий патшаның ғәзийнеханасына урлыққа түсиўди әрман етеди. Лекин, қараўылларының көплиги себепли ғәзийнеханаға кириўге имканият таппай: «жердиң асты менен болса да кириўим керек», деген жуўмаққа келеди де, ол қаланың сыртынан баслап ғәзийнеханаға дейинги аралықтағы жайлардың астынан жасырын түрде өзине жол қазыўға кириседи. Алты ай ма, бир жыл ма тынымсыз мийнет пенен ойлаған мақсетине жетип, түн ярымында ғәзийнеханаға кирсе, бир шетте әлле нәрсе жылтырап турыпты. Оның не екенин анықлаў ушын тили менен жалап көреди. Усыннан соң өкинишли түрде басын шайқаўы менен ғәзийнеханадан хеш нәрсе алмастан, өзи қазған жол менен тикке изине қайтады. Ертеңине патша ғәзийнеханасына жер астынан жол қазып уры түскенин, бирақ оның хештеңе алмағанын



www.ziyouz.com kutubxonasi

еситип хайран болады. «Неге алмаған?» деп, ўәзирлерине қайдан болса да, сол урыны табыўды буйырады. Көп-көп машақатлардан соң уры табылып, қоллары кисенленген ҳалда патшаға айдап әкелинеди.

—Әй, уры, — дейди патша бираз мүлайымлықта. — Сонша күнлер жасырын жер астынан жол қазып ғәзийнеханаға кирипсең... Ең болмаса, сонша мийнетиң ушын неге ҳештеңе алмадың?

—Уллы патшайым,— дейди уры албырамастан.— Ғәзийнеханаға кириўден жылтырап турған бир нәрсеге көзим түсти. Бул мен көрмеген қайсындай гәўҳар екен деп, анықлаў мақсетинде, оны тилим менен жалап едим. Ол дуз екен. Дузынан дәм татқан үйден урлық қылыў-барып турған оңбағанлық! Сол ушын да ҳештеңе алмастан, өзим қазған жер асты жолым менен ғырра изиме қайттым...

Патша оның пәклигине, ақылына таңланып, қолларынан кисенди алдырады да, ийнине зер жағалы шапан жаўып, сол урыға өзиниң ғәзийнеханасын басқарыў лаўазымын тапсырыпты.

495

—Ҳақыйқый теңлик адамлар арасында бар нәрсе ме?

—Әлле кимниң ҳақыйқатлық барлығына толық исенгени жөнинде еситпедим. Бирақ, ҳәр бир адам баласы бәрҳә ең жақсы күнлерди, ҳақыйқатлық ҳүким сүриўин күтип жасайды. Ҳәтте, XX әсирде, бурынғы СССР дәўиринде де, «бизде ҳәмме теңликте жасайды» деген уранлар-әм аўызларда қайта-қайта тәкирарланғаны болмаса, адамлар ҳәм халықлар арасында ҳақыйқый теңлик болмағаны ушын, сол мақтаншақ СССР мәмлекети тырнақлары шириген мисли гөне там киби өз-өзинен унырап қулады ғой.

Теңлик деген нәрсе тек о дүньяда болса керек. Енди пүткил жәҳән әдебиятының уллы шайыры Абдурахман Жәмийдиң (1414-1492) жүрек төринен шыққан мынаў қосық қатарларын оқып берейин:

Бир күнде қаламыздан тек еки адам,
О дүньяға кетти-ушып кетти жан.
Бири тажы-тахтын таслады кетти,
Бири ылашығын қалдырып кетти.
Бирин атлас-шайыларға ораңы, көмди,
Бирине бөз зорға табылып, көмилди.
Бийопа дүньяда шегип аҳыў-зар,
Екеўи жерленди қатарма-қатар.
Арадан өткерип, бир неше жылды,
Олардың қәбирлерин зыярат қылдым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көрдим, екеўи де ширип кетипти,
Сүйеклери жерге кирип кетипти.
Мың-мың ойлансам да уқладым ҳасла,
Қайсысы шаҳ еди, қайсысы гада?»...

Әне, адамзат ушын теңлик!

496

—Мен бул дүньяға не ушын келтирилгенимди түсинбеймен. Кеңес айтасызба?

—Тиришилигиңизде умытпаңыз: Ҳәр инсан бул аласапран дүньяны өзине дейингилерден гөре жақсылап жоқары дәрежеде гөззал қылыўға үлес қосыў ушын келтириледи. Дүньяны гөззал қылыў ушын тарийхты көп үйрениў керек. Бул ушын сабыр-тақаат, терең билим, наятый пәклик, жан аямай гүресиў жолларын үйрениў, меңгериў керек.

497

—Адамның жақсы жасаўы ушын ең керекли нәрселер нелер?

—Денсаўлық, даналық, өзиңди өзиң басқара билетуғын ақыл, ҳақыйқат дослар керек. Бундай болыўы күтә қыйын. Сол ушын Тәңиритааладан даналық тилеў менен өзиңе дейингилер айтып ҳәм жазып кеткен, заманласларың айтқан даналықларды тынымсыз үйренип, оларды ҳәр күнги өмириңде пайдаланып жасаў керек. Даналыққа ериссең, жеңилмес күшке ийе боласаң. Сонда ҳәмме сениң бул дүньяға кереклигиңди түсинеди.

498

—Халқымызды базда апатшылықларға гириптар қылатуғын ҳәсиретли жағдайлардан екеўин айтсаңыз?

—Биринши, дәрьяның қуяр аяғында жасағанымыз. Суў ҳәдден тыс тасыса, елатларды басып, ал суў ҳәдден тыс кемейсе, жаңа мәканлар излеўге мәжбүр қылып, халықтың тентенесин шығарады. Бундай жағдайларды ата-бабаларымыз көп мәртебе бастан кеширген. Екинши, халықтың апатшылыққа ушыраўына жасы үлкенлеримиз бенен жасы кишилеримиздиң, миллий басшыларымыз бенен халқымыздың араларындағы мүнәсибетлердиң базда күтә қопаллығы, ҳәр кимниң халықтың емес, қарабасының бахтын ойлап ҳәрекет қылыўы. Қарақалпақлардың тарийхын терeңирек үйренсеңиз усыларды дәл түсинесиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

499

—Дүньяда ерлери, ҳаяллары сан жағынан тең болып жасайтуғын, өлетуғын, туўылатуғын еллер де бар ма екен?

—Дүньяда таң қаларлық ўақыялар есапсыз ғой. Швециядағы Руни көлиниң қубла тәрепиндеги Осжо аўылында еркеклер менен ҳаяллардың саны 1963-1964-жылллардағы есаплар бойынша тeңдей. Мәселен, 1964-жылдың 1-январындағы мағлыўматлар бойынша бул аўылда 1117 еркек, 1117 ҳаял жасаған. 1963-жылы 22 ул, 22 қыз туўылған, 6 еркек, 6 ҳаял өлген.

500

—Абу Шукур Балхий (915-жылы туўылған): «Кимде-ким уллы Таўратты, Забурды, Инжилди, Құранды оқығаннан кейин өзине үлги қылып алған 8 пайдасын толық қуўатласа, ол да Тәңритааланың жоқарыда аталған төрт китабына хызмет қылып, оларды мойынлаған болады» деген екен. Сол 8 пайдалы нәсиятты Сизден тап ҳәзир еситсем мейли ме?

—Еситиңиз:

1. Қанша дәрежеде қәдирли достың, сүйген зайыбың болса да, ол сениң менен бир қәбирге кирмейди. Сонлықтан, әўеле өзиң жақсы бол, өзиңе исен, өзиңниң өзгелерге қылған меҳириң, жақсылықларың қәбириңди жақты қылады.

2. Барлық бәламатлардан аман болыўың ушын нәпсиңди тыйып жасаўың лазым.

3. Қанша дүнья жыйнасаң да, бәри бир, артыңда қалады. Сол ушын артық-аспай дүньяңды кәмбағал-бийшараларға үлестирип турғаның абзал.

4. Күшим көп, күшлимен деп өзгелерге азап бермей, бар күшиңди адамзат ийгилигине сарыплаўға әдетлен.

5. Ҳеш кимнен ҳеш нәрсени қызғанбай, басқалардың байлықларын көпсинбей жасаў парыз.

6. Адамлардан гүман етпей жасаў керек. «Гүман ийманнан айырады» деген даналық бийкарға пайда болмаған.

7. Гейпара адамлар дүнья жыйнайман деп желип-жортыў менен, өзгелердиң ҳақысын жейди. Ондайлардан қашып жасаған дурыс.

8. Гейпаралардың ағайинлерине, байларға, ҳәмелдарларға исенип жасаўы арқалы, алды менен өзлерин-өзлери тойдыратуғын, өзин-өзи сүйип, өз пулына исенетуғынларға арқа сүйеп жасайтуғынлығын сизде әдетке айналдырмаңыз...



www.ziyouz.com kutubxonasi

501

—Мустақыллық-ғәрезсизлик ата-бабаларымыздың жолларына садықлықты талап еткени ушын, бабаларымыз дәўириндеги ҳәр жылдың, хәр айдың атамаларын билиўиме жәрдем етсеңиз?

—Меннен бурынғы қариялардан еситиўимше, жыл басын Тышқан дейди екен. Не ушын олай болғаны жөнинде әпсаналар көп. Керек десеңиз жыллардың избе-излиги былайынша болған: Тышқан, Сыйыр, Барыс, Қоян, Улыў, Жылан, Жылқы, Қой, Мешин (маймыл), Таўық, Ийт, Доңыз (бизде «қара кийик»). Әне усылайынша саррас он еки айдан соң Тышқан қайта басланады, және сол избе-изликте даўам етеди. Мине быйыл, 2003-жыл, Қой жылы.

Ал енди ай атлары:

1. Ҳамал айы. Ҳәзирги ай атлары бойынша 21-марттан—20-апрель аралығы;
2. Сәўир айы. 21-апрель — 21-май аралығы;
3. Жаўза айы. 22-май — 21 - июнь аралығы;
4. Саратан айы. 22-июнь — 23-июль аралығы;
5. Ҳәсет айы. 24-июль — 23-август аралығы;
6. Сүмбиле айы. 24-август — 23-сентябрь аралығы;
7. Мийзан айы. 24-сентябрь — 23-октябрь аралығы;
8. Ақыраб айы. 24-октябрь — 22-ноябрь аралығы;
9. Қаўыс айы. 23-ноябрь — 21-декабрь аралығы;
10. Жәддий айы. 22-декабрь — 20-январь аралығы;
11. Дәлиў айы. 21-январь — 19-февраль аралығы;
12. Хут айы. 20-февраль — 20-март аралығы.

12 ай өткен соң қайтадан және Ҳамал айы басланып, усы көрсетилген избе-изликте даўам ете береди.

502

—Мухаммед пайғамберден соңғы үшинши ҳалип Оспанның жазған Қураны елеге шекем сақланған деседи. Ол жөнинде не билесиз?

—Көп изленип оқыўлардан соң мениң билгеним — Орыслар 1868-жылы Самарқандты жаўлап алғаннан кейин әскерий олжа сыпатында халипа Оспан тәрепинен жазылған мусылманлардың ең қәдирли китабы болған Қуранды Петербургқа алып кеткен. Сол ҳәзир де Петербургта сақланады екен...



www.ziyouz.com kutubxonasi

503

—Жазыўшының ҳақыйқый талантлығын қалай билсе болады?

—Дөреткен шығармаларынан. Шынында, ҳәр бир инсан өзинше есапсыз көп сырлы, көп қырлы жумбақларға толы бир әлем. Өз әлеминиң гилти сол инсанның өзинде. Бул жағдайлардың ҳәммесин жазыўшы әўеле тәнҳә өзинен излейди. Дурыслап табылмаған жағдайларда ғана басқаларды изертлеп, барлық билгенлерин бас қаҳарманларында бөлип-бөлип көрсетиўге тырысады. Олар ҳақыйқый теңеўлер, ҳәдийселер арқалы көркемлик пенен тәрийпленбесе, шығарма дурыслап оқылмайды. Шығармасы оқылмаса, автордың, әлбетте, талантсызлығы, шала саўатлылығы, ...

504

—Адамлардың мий қурылысларында бир-биринен айырмалар болама екен?

—Белгили нейро-биолог Пол Бриссаның изертлеўи бойынша, еркеклердиң орташа мийи 1325 грамм, ҳаяллардың орташа мийи 1144 грамм болады. Бул сәнелер де қатып қалған сәнелер емес. Мәселен, жоқарыдағы сәнени айтқан Пол Бриссанның өзи өлгеннен кейин оның мийин өлшеп көргенде, 1464 грамм шыққан. Тексериўлерге қарағанда, уллы орыс жазыўшысы Иван Сергеевич Тургеневтың (1818-1884) мийи 2012 грамм, уллы орыс алымы физиолог Иван Петрович Павловтың (1849-1936) мийи 1653 грамм, уллы орыс алымы, химик Дмитрий Иванович Менделеевтиң (1835-1907) мийи 1571 грамм, атақлы Француз жазыўшысы Анатоль Франстың (1844-1924) мийи 1252 грамм болған...

505

—Жазыўшылар аўқамының баслығы лаўазымына келгениңизден кейин талантлы шығармалары менен сизди бирден қуўантқан жас талантлылар болды ма?

—Көп болды. Бирақ биринши келген студентлерден Бахтыяр Генжемуратов пенен Патийма Мырзабаева көбирек есимде қалды.

Бахтыяр Генжемуратов инсанның жүзи қайда бурылса, өмир таянышлары күтилмеген тәрепке өзгеретуғынын дәлиллеўши терең философиялы мәниге ийе, бирақ, оғыры әпиўайы мынадай қосық қатарларын оқыў менен өзин таныстырды:



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Арқаға қарасам, Шығыс оңымда,
Қублаға қарасам, Шығыс солымда...»

Ал, XX әсирдиң 80-жылларында Қарақалпақстанда миллионыншы перзент туўылды десип салтанатлы гәплер көбейип атырған гезде жас студент Патийма Мырзабаева әллеқандай батыллық пенен жазған мынаў қосығын оқыды:

«Миллионыншы бала туўылды» десип,
Бир ел қуўаныштан қақпағын қақшыр...
Бир шет еллик келип сорады меннен,
Ким туўылып атыр, бул қайсы халықтан?»
Мен сонда егленбей былай дегенмен:
Миллион дәртли Қарақалпақтан!...»

Абайладыңызба сол жыллары «Миллион дәртли қарақалпақ» деп айтыў ҳеш кимге аңсатқа түспес еди... Бирақ жас шайыр қыз батыл түрде айтты...

506

—Адамның өмирбаяны, оның бул жумбақ дүньяда из қалдырыўларына тәсир етеме?

—Әлбетте! Бирақ инсанның өмир баяны оның қашан, қайерде, қандай шаңарақта, қайсы миллеттен болып туўылғанынан, қандай билим алғанынан, ямаса қәйтип өлгенинен ғана ибарат емес. Ҳәмме туўылады, оқыйды, ислейди, өледи... Ал адамның өмир баяны оның өз заманласлары, келешеги, жәмийети, миллети ушын ислеген әдиўли ислериндеде қыдырылады. Егер, инсан барлық патриотлық ислеринде пәк жол тутқан болса, ол ҳәттеки көзлеринен айырылған жағдайларда да, ҳеш қашан жолларынан алжастырмайтуғын мәңгилик излер қалады.

507

—Ақылдың өлшеў тәрезиси бола ма?

—Ақылдың өлшеў тәрезиси — халық. Халқыңа сүйикли болып, келешек әўладлар ушын үлги тутарлық айрықша ислериң ҳәм тек дурыслықты тәрийплейтуғын тилиң бойынша ақылың өлшенеди.

508

— Бүгинги жасыңызға шекем жазыўшылыққа қанша ўақтыңыз кетип, жумыс пайытларында жүрегиңиз, қан айналыў ағзаларыңыз қалай ислеп турғаны жөнинде айта аласыз ба?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әлбетте, дәл айтыўым мүмкин емес. Бирақ, адамлардың өмир жолларын изертлеўши алымлардың жазған китапларын таўып оқысам: Ким 70 жыл жасаса, оның 23 жылы уйқыға, 13 жылы хәр қыйлы сөйлесиўлерге, 6 жылы аўқатланыўға, 1,5 жылы жуўыныўға жумсалып, усылардан аўысқан 26,5 жылы адамның күн көрис ғалма-ғаллалары на, өзинше ойлы хызметлерине кетеди екен. 70 жылда адамның жүреги 3 миллиард мәртебе урып, 250 миллион литр қанды хәрекетке келтиреди екен...

509

— Дүнья жүзи бойынша бир минутта неше мәртебе телефоннан сөйлесиўлер болып, сол бир минутта неше шаңарақ тазадан пайда етилип, нешеси бузылады... екен?

—Баспа сөз жаңалықларына қарағанда, дүньяда бир минутта телефонлардан орташа 280 мың мәртебе сөйлесиўлер болып, сол бир минутта, орташа, 68 шаңарақ тазадан қурылып, 6 шаңарақ бузылады хәм 108 адам өлип, 114 бөпе дүньяға келеди, туўылғанлардан алтаўы егиз болып туўылады екен.

510

—Дүньяда неше түрли тил бар екен?

—Изертлеўшилердиң анықлаўы, баспа сөзлерде жәриялаўлары бойынша 6 мың тил бар. Солардан 13 тилдиң хәр биринде 50 миллионнан аслам адам сөйлейди. Сол 13 тилде сөйлейтуғын халықлардың улыўма саны 1 миллиард 670 миллионды қурайды екен. Егер дүнья халықларын 6 миллиард деп алсақ қалған 4 миллиард 330 миллион адам 5870 тилде сөйлейтуғын болғаны ғой!

511

— Адамлары еки қолы менен де тендей жазыўға үйретилетуғын мәмлекет бар-мыш. Инанса боларма екен?

—Инана бериңиз. Японияда балалар еки қолы менен тең жазыўға үйретиледи.

512

—Дүньяда миллий алфавитлери (хәриплери) ең көп қайсы тил?

—Баспа сөздиң хабарларына қарағанда, Комбоджалылардың тилинде алфавит 72 хәриптен ибарат екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

513

—Дүньядағы ең көлемли ҳәм салмақлы китаплардан хабарыңыз бар ма?

—Ҳүжжетлерден оқығанларыма тийкарлансам, әййемги дәўирлерден бизиң дәўиримизге жеткен ең аўыр китап Қытайдың Буддалық монастырында сақланады екен. Сөзлери тасларға жазылған бул китап 14300 беттен (тастан) ибарат болып, салмағы 115 тонна екен. Оған 35 миллион иероглиф жазылған. Бул китапты питкериўге 605-жылдан 1644-жылға шекемги мың жылдан артығырақ ўақыт кетип, оны жазыўға 16 мың монах қатнасқан.

514

—Ең көп шығармалар жазған ҳәм бастырып шығарған жазыўшыларды билесизбе?

—Ҳәзирше дүньяға мәлим Англиялы ҳаял жазыўшы Уруса Блом (1893-1984). Оның ең биринши «Тигр» («Жолбарыс») деген роман ертеги 1900-жылы басылған гезде, өзи еле жети жаста екен. Ол 1984-жылы 91 жасында қайтыс болғанына шекем 600 роман дөретип кеткен. Оннан соңғы орында орыстың сөз шебери, жазыўшы Владимир Иванович Даль (1801-1872). Ол төрт томлық «Толковый словарь» дан (сөзликтен) тысқары, 145 повесть ҳәм гүрриңлерден тысқары «Матросские досуги» («Матрослардың бос гезинде») деген топлам ушын 106, ал «Солдатские досуги» («Әскердиң бос гезинде») деген топламы ушын 62 атамада ҳәр қыйлы тарийхый дәреклер жазып, мыңлаған ертеклерди, 30 мыңнан аслам нақыл-мақалларды қайта ислеген.

515

—Орта Азияның биринши географиялық картасы қашан исленген?

—Орта Азияның биринши географиялық картасы бизиң эрамыздың 2- әсириндеги Грецияның географияшысы, карта ислеўшиси Клавдий Птолемей тәрепинен сызылып, ол оны өзиниң «география» деп аталған мийнетине киргизген.

516

—Бүгинги Қарақалпақстанның территориясы Өзбекстанның неше пайызын қурайды? Республикамыздың халқы қанша?

—2000-жылғы есап бойынша Қарақалпақстанның гүллән территориясы 164,9 мың квадрат километр болып, Өзбекстанның 37,8 пайызын қурайды. Халқы, ҳәзирше, бир ярым миллион әтирапында.



www.ziyouz.com kutubxonasi

517

—Адамның басқа жанлы мақлуқлардан тийкарғы айырмасы тили, ақылы екенин билемиз. Булардың бөтен айырмаларын билесизбе?

—Адамның денесинде де температура ҳәр қыйлы. Мәселен, орташа есап пенен қолтық асты температурасы 36,9 градус болса, бүйрегиниң (бауырының) температурасы 41,3, ал өкпесиниң температурасы 35,2 градус болады екен. Инсан әне усы белгилери менен де басқа жанлы мақлуқатлардан ажыралады. Ал, басқа жанлы мақлуқатлардан: жарғанаттың температурасы 32, кирпитикендики-35, жылқыныки 37,7, пышықтики-39,3, ешкиники-40, тауықтыки-41, ғарғаники-42 градус болады екен.

518

—Дүньяда динлер көп. Қайсысына қанша адам исенетуғынын билесизбе?

—2000-жылғы мағлыуматларға қарағанда **насраний (христиан)** динине шама менен, бир миллиард 62 миллион адам исенсе, екинши орында ислам дини турады. Оған 600 миллионнан асламырақ адам исенеди.

Үшиниши орында **индуизм** дини, оған 460 миллионнан асламырақ адам исенеди. Бул диндегилер, тийкарынан, Ҳиндистанда жасайды. **Будда** динине 250 миллион адам исенеди. Олар, тийкарынан Қытай ҳәм Японияда жасайды. **Зардуштий** (зарострizm) динине де 250 миллионға шамалас адам исенеди. **Конфуцизмге** 153 миллион, **синтоизм** динине 32 миллион, **даосизмге** 20 миллион, **яҳудийлер** (еврейлер) динине 17 миллион адам исенеди екен.

519

—«Ышқы», «муҳаббет» сөзлери қайдан шыққан? Қартайған адамлар да ышқы муҳаббетке бериле ме?

—Қуранда ышқы ҳаққында сөз жоқ. Ышқы деген сөзди биринши мәртебе араб шайырасы суфы Рабия ал-Адабия (719-801) қолланған.

Философ Зеноннан (490-433) «даналар-әм муҳаббетке бериле ме?» деп сорағанда, ол: «Әлбетте! Өйтпегенде, дүньядағы сулыулардан бахытсыз инсан болар ма еди? Өйтпегенде, сулыуларды тек ақмақлар ғана сүйер еди» деген екен. Муҳаббет ҳеш қашан картайыуды билмейтуғын өмир қубылысы. Ал, қартайғанында муҳаббет пайда болған адам, бир аяғы базарға барыуды қәлеп, екинши аяғы базардан кепинлик бөз алып қайтыуды қәлеп турған кимсеге мегзеп жасайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

520

—Жазыўшылардың тәнха өзлерине тән ышқы-мухаббет жөнинде айтасызба?

—Жазыўшыда жасырын сыр болмайды. Ол өз муҳаббетин өзи жазған шығармаларында хәр кимлердиң образларында хәр қыйлы үлгиде айқын көрсетиўге тырысады. Елиў жастағы жазыўшылардан бири маған мынадай ўақыя айтып берген еди:

«Жақында, — деди ол —маған бир жас қыз келип, китапларымды көп оқығанын, сөйтип мени сүйип қалғанын айтты. Мен оны сынап көрейин деген пәм менен: «айналайын, мениң қызымдайсыз ғой», дедим. Ол еситпегенсип, мени бирге аўқатланыўға мирәт етти. Аз ғана ойландым да, көндим. Асханада отырып, пулын төлеўге нәўбет келгенде, официант бизиң жегенимизден үш есе артық баха айтты.

«Таңланбаңыз, —деди мениң таңланғанымды аңлаған офицант, —қызыңыздай адам менен бәзим қурып, пулына келгенде буншa неге сықмарлық етесиз?

«Сиз өйдемеңиз! —деди қыз оған. — Бул мениң асыраўға алған баламның жорасы. Пулды өзим төлеймен, — деп ол қалтасынан пул шығарып столға қойды да: — Мә, дәлкек қылмай тийисли пулыңызды санап алыңыз»...— деди.

Сыртқа шығыўдан қыз мениң шығанағымнан қолын өткерип алды да:

«Қысынбаңыз! Мен сизди бузыў нийетинде емеспен. Маған үйлениң деп те зорламайман. Әттең, мен сизди сүйип қалғанман. Уллы Испан жазыўшысы Сааведра Мигель Сервантестиң (1547-1616) муҳаббет жөнинде: «егер, биреўди биреў сүйсе, сүйгенине әпиўайы мыс-мисли алтын, жарлылық -мисли байлық, жылт еткен ушқын-мисли от болып көринеди екен» депти. Сиз де маған сондайсыз.

Мен де жуўапсыз қалмай орыс шайыры Михаил Лермонтовтың (1814-1841) сөзи менен «муҳаббет мысалы жалынлаған от, оны отынсыз қалдырсаң өшеди» деп едим, қыз мениң қолтығыма тығылыңқырады».

Әне, ышқы-муҳаббеттиң усындай көринислери болады.

521

—Ер менен хаял қосылған биринши шаңарақ қашан пайда болды екен?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Халық арасында кеңнен мәлим әййемги рәўиятлар бойынша Тәңиритаала әўеле Адам атаны, соң оның қабырғасынан Ҳаўа ананы жаратқан. Олар өз-ара бир-бирин жақсы көрип, биринши шаңарақты тиклеп, оғада көп-көп перзентлер көрген. Ал бул ўақыяға неше мың, неше миллион жыл болғанын ҳеш ким үзил-кесил айта алмайды. Ал «Сырлы әлем» журналының 1998-жылғы №5 санында жазыўы бойынша: Қытайдың биологи Чжан Юн исмли алым Пекинде болып өткен халық аралық геология конгресинде, әййемги дәўирлердиң тарийхын изертлеўлер бойынша Гунжоу деген ўәлаятында жүргизилген қазылма жумысларының нәтийжелерине сүйенип: «Биринши шаңарақ (семья) буннан 620 миллион жыл бурын пайда болған» деген жуўмаққа келген.

Европалы ҳаяллар бундай сәнелердиң анықланыўын Қытай илиминиң утысы деп баҳа берипти...

522

—Сүйгенине гүл усыныў қашан пайда болған?

—Әййемги дәўирлердиң тарийхын изертлеўши Эрик Тринкхаўс деген алым Ирактағы қәбирстанлардан бир қәбирди ашқанда, ондағы марҳумның буннан 100 мың жыл бурын қойылғанын ҳәм оған қоса үйге керек буйымлардан тысқары, қушақ-қушақ гүллер қойылғанын анықлаған. Демек, сол заманлардан-ақ сүйгенине гүллер бериў дәстүр болған болса керек.

523

—Жылысатуғын музлар, күтә бийиктен төменге сарқырама суўлар ҳәм күтә жоқары бийикте суў сақлағышларда болармыш?

—Греландияға барған саяхатшылар 168 метр бийикликтеги таўлар киби музлардың орнынан көшип баратырғанын көрип турып сүўретин де түсирген.

Венесуэладағы Анжел фолз сарқырамасы 979,6 метр бийикликтен төменге қарай ағады екен.

Американың Аризона штатындағы «фонтанлар төбелиги» деп аталған төбешикке қурылған суў сақлағыштан фонтанлар минутына 26460 литр суўды 170,8 метр жоқарыға көтереди екен.

Орта Азиядағы ең бийик деп есапланатуғын Ферғанадағы Арыслан бап сарқырамасы 80 метр бийикликтен төменге ағады екен



www.ziyouz.com kutubxonasi

524

—Дүньядағы ең бийик шоққы қайерде екен?

—Гималай тауларындағы Джомолунгма шоққысы. Оны Англия геодезистлери өзлериниң басшысы англичан Джордж Эверестиң аты менен (1856-жылы) «Эверест» деп атаған. Соннан соя бурынғы Джомолунгма шоққысы «Эверест шоққысы» деп аталады.

525

—Қазақстанның территориясында теңизлер көп-миш. Бул қалай?

—Қазақстанның территориясында ҳәр бири Арал теңизиниң көлеминдей 17 теңиз бар екен. Бирақ олардың географиялық карталарда көринбеуиниң себеби, сол 17 теңиздиң ҳәммеси де жердиң астында екен.

526

—Дүньяда тармақлары көп қайсы дәрья екенин айтасызба?

—Дүньяда тармақлары ең көп дәрья Россияның Енисей (бизиңше, Анасай) дәрьясы. Оның узынлығы бес мың километрден ибарат болып, жөнекей киши-киши 196620 сайлар, өзеклер ҳәм майда-майда 126360 көл пайда етип ағады.

527

—Шахмат ойыны ҳәм оның дүнья жүзилик чемпионларын билесизбе?

—Шахмат әййемги ойынлар қатарына киреди. Уллы-уллы шахлар да, патшалар да, әскербасылар да ойнаған. Лекин, дүньялық чемпион атақлары ушын жарыслар XIX әсирде басланады. 1886-жылы өткерилген жарыста Вильгельм Стейниц исмли адам биринши рет жәҳән чемпионы болған. Оннан соң, бизиң дәуиримизге дейинги ҳәр қыйлы жарысларда: Эммануmeль Ласкер, Хоссе Рауль, Капабланка, Александр Алехин, Макс Эйва, Михаил Ботвинник, Василий Смыслов, Михаил Таль, Тигран Петросян, Борис Спасский, Роберт Ожеймс Фишер, Анатолий Карпов, Гарри Каспаровлар болды.

528

—Ишетуғын чай биринши қашан, қайсы елде пайда болғаны туўралы еситкенбисиз?

—Тәуиплер тәрепинен 1610-жылы Голландияның Ява тауынан «Қудайдың ем шөплери» деген ат пенен көп шөплер жыйналып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

биринши рет Европаға әкелинген. Шөплерди әкелиўшилер, әўелинде, науқаслардың күндиз де, кеште де 40-50 стаканнан ишип турыўы кереклигин умыттырмай, хәр сапары «чай ишиўди умытпаңыз» деп ескертеди екен. Соннан баслап олар «чай» деп аталған.

529

—Инсан ушын ең қыйын ислер?

—Инсанның өзин-өзи түсиниўи, жасырын сырларын ишинде сақлай билиўи, жалаларға төтепки бериўи, бос ўақытларынан дурыс пайдаланыўы, күншиликке берилмеўи сыяқлы ислер...

530

—Дүньядағы ең бийик турақ жай хәм ени оғыры үлкен көпир қайерлерде салынғанынан хабарыңыз бар ма?

—Дүньядағы ең бийик жай Чикагода 70 этажлы етип салынған, оның бийиклиги 196,7 метр екен. Ал дүньядағы ең енли көпир Австралияның Сидней портына салынған, оның ени 51,8 метр болып, үстинен еки темир жол рельслери, 8 автобуслар жолы менен бирге велосипедлер ушын да жол бар екен.

531

—Сыртқы көриниси хәм минези таңланыўшылық пайда ететуғын хаяллар жөнинде не билесиз?

—Және оқығанларым бойынша: XX әсирдеги хаяллар арасында Қытайлы Сан Чанг Лин хаялдың бойы 2 метр 40 сантиметр болса, Голландиялы Полин Мигера деген хаялдың бойы тек 59 сантиметр екен.

Америкалы Пери Уошиптен деген хаялдың белине қушақ жеткиссиз, ал салмағы 399,1 килограмм болса, франциялы артисткалардан Полер (1881-1939) хәм Гренджжерлер (1905-1992) исмли хаяллардың хәр бириниң беллериниң қыпшалығы 33 сантиметр болған.

Судан мәмлекетинде ерге шыққан хаял ана болғанға дейин үйиндеги анасы менен сөйлеспейди екен.

532

—Жазыўшылардың, алымлардың, соның ишинде, өзиңиздиң де, орта есап пенен суткасына қанша уйқылайтуғыныңызды анықладыңыз ба?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Оқып билгенлерим бойынша: Немец шайырлары Иоганн Гете (1749-1832), Иоганн Шиллер (1759-1805), орыс алымы, невропотолог Владимир Михайлович Вехтеровлардың (1857-1927) хәр бири суткасына бес сааттан, Америка алымы Томас Алва Эдисон (1842-1931) 2-3 саат уйқылайды екен. Ал мен суткасына 5-6 саат уйықламайман.

533

—Бир сааттың 60 минутқа, бир минуттың 60 секундқа теңлигин қашан·хәм ким анықлағанын билесизбе?

—Бул нәрсе эрамыздан көп-көп әсирлер бурын Шумерлер тәрепинен анықланған. Олар көп жыл көп есаплаўлар жүргизип, жыл айналысы 360 күнге тең, бир саат 60 минутқа, бир минут 60 секундқа тең болатуғынын билген. Олардың есаплаўларына айтарлықтай өзгерислер елеге шекем киритилмеген.

534

—Ғаррылық жөнинде не дейсиз?

—Уллы француз философы Вольтер (1694-1778): «Ғаррылық ақмақлар ушын аўыр жүк, ладанлар ушын қыс, илим-билимлерге ийе ақыллы адамлар ушын гүз, яғный, өмириниң зүрәәтин жыйнаў пайызы» деген екен.

Ал, мениңше, ғаррылық инсанға қайта келген, лекин келешеги жоқ балалық.

535

—XX әсирде Қарақалпақстан халқының руўхыйлық аңына шын қәлби менен хызмет етип, оны және де байытыў ушын шын берилип ат салысқанлар арасынан тәнха өз көзқарасыңыздан хәзирше маған төрт-бесеўиниң атларын, ойланбастан атай аласыз ба?

—Төрт-бесеўи менен шеклениў надурыс. Сөйтсе де, сораўыңыз бойынша айтайын: Олар, мениңше, басшылардан Аллаяр Досназаров, жазыўшылардан Сейфулғабит Мәжитов, Мырзағалий Дәрибаев, алымлардан Нәжим Дәўқараев, артистлерден Гүлхан Ширазиева.

536

—Инсан өмирин не менен өлшесе болады?

—Инсанның өмирин — оның неше жыл жасағаны менен емес, дос яранларына, жәмийетине, заманына, халқының келешегине қандай ибратлы servлер қалдырғаны менен өлшесе болады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

537

—«Садақаны саўда бер» демектиң мәниси?

—Пайғамберимиздиң ҳәдислеринде: «инсанның садақаны саў гезинде бергени мақул, өлер алдында берилген садақаның пайдасы кем делинеди. Усы пикирди адамлар өзлеринше: «садақаны саўда бер» деп қысқартып алса керек.

538

—Инсан денесиниң қайеринде микроблар көп сақланады екен?

—Тырнақларының астында. Себеби қолларының тырнағы суткасына 0,086 мм өссе, аяқлардың тырнағы 0,004 мм өседи. Қолға жабысқан микроблардың 95 пайызы тырнақлардың астында сақланады. Тырнақлар астындағы кирдиң бир граммында 380 миллион микроб болады екен.

539

—Миллий тарийхымызда Ерназар алакөз бенен Ерназар кенегестиң айырмалары?

—Олар өз халқын бирликли, бахытлы ханлық әтирапында топлаў жолында бир-бирине альтернатив ислер жүргизген уллы шахслар.

540

—Келешегимди билип-көрип жасағым келеди?

—Ойланып жасаған инсан ушын оның келешеги — узын-шубай тунелдиң арғы шетинде көринетуғын емески жарық янлы. Оны анықлаў, әлбетте, күтә аўыр машқала. Сол ушын Тәңиритааладан кәрамат соранасыз. Басқасын билмеймен.

541

—Гейпаралар балаларға «топырақты патасламаңлар?» деп кейиснама қылады. Түсинбеймен.

—Түсиниңиз. Топырақ бүгин аяқларыңның астында болғаны менен ўақыт өтиўи менен ол сениң мәңгилик төсегиңе ҳәм жамылатуғын көрпеңе айнғлады.

542

—Әййемги дәўирлердиң базы ҳаяллары не ушын «амозонкалар» деп аталады?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Мениң оқып билгенлерим бойынша, «амозонка» сөзи еки түрли мәниге ийе. Биринде: ат минген шабондоз хаял түсинилсе, екинши мәнисинде: ҳаяллар ат мингенде кийетуғын кийимлери нәзерде тутылған. Әпсаналар бойынша амозонкалар киши Азия теңизиниң қурғақлықларында жасаған. Олар тийкарынан, басқа қәўимлердиң ерлерине турмысқа шығып, ер балалар туўса, оны өзиниң ата-анасына қайтарып берип, қыз бала туўса, өзлери сақлап, атларға миниў ҳәм урысларға қатнасыў әдислерин үйретип тәрбиялаған. Амозонкалар жөнинде әпсаналар көп. Әййемги дәўир тарийхшыларынан Геродот (490/480-425) ҳәм Диодор бизиң әййемги бабаларымыз болып есапланатуғын Сак, Массагет, Сармат қабилаларында ҳаяллар жоқары орын тутып, жоқары ҳүрметлерге сазаўар болып жасағанын көп дәлиллер менен тастыйықлайды. Уллы батыр анамыз Тумарис (Тумарлы) ҳаққында бираз мағлыўматлар жазып қалдырған.

Бизиң дәўиримиздеги тарийхшы Жданконың анықлаўлары бойынша, Сырдәрьяның төменинде, Арал бойларында, саклардың қәбирлеринен ҳәр қыйлы әскерий қурал-жарақлар табылған. Ал эрамызға дейинги VI әсирлерде Арал теңизиниң бойларына Скиф қәўимлериниң елшилик тапсырмасы менен жиберилген Валентинниң жазыўы бойынша, Арал бойларындағы қабилалардың жартысын дерлик Аққағаз деген ҳаял басқарып турған екен.

Билесиз, бизиң «Қырық қыз», «Қыз палўан», «Гүлистан» ҳәм басқа да дәстанларымызда атақлы ҳаяллар бас орында көрсетиледи. Бул фактлер бизиң аналарымыз жөнинде «Бурын төрт кереге арасында қысылып жасаған...» деген пикирлерди толық бийкарлаў менен, бүгинги қарақалпақлардың арғы бабалары, ҳақыйқаттан да түркийзибанларға нөкерлик хызметин атқарған дәўирлерде, олардың ҳаяллары да «амозонкалар» деген лақап пенен түркийзибанлардың нөкерлери болғанын дәлиллейди.

543

—Менинше, ҳәр халықтың гимни сол халықты ең қысқа образлы сөзлер менен сыпатлаў, бүгинине ҳәм келешегине болған руўхый күшин көтермелеў арқалы халықтың өзине өзиниң коллективлик анты. Бизиң халқымыздың бүгинги гимни қалай деп түсинесиз?

—Ҳақыйқатынан келгенде, миллий гимнниң текстин дөретиўши шайыр ҳәттеки, сол миллеттиң өзинен болыўы да шәрт емес. Ең баслысы, шайыр гимнниң ҳәзир сиз айтқан бас ўазыйпаларын, сол миллеттиң руўхын дурыс түсинетуғын болыўы шәрт. Мениң бул



www.ziyouz.com kutubxonasi

пикириме қарсылық билдиргиңиз келсе, мысаллар менен тастыйықлайман: XX әсирдиң басында Қытайдың гимнин Бенетект деген инглис шайыры жазған. 1918-жылы Югославия дүзилгеннен кейин Сербия ҳәм Черногорияның гимнин Даверин Ежко деген чех шайыры дөреткен. Японияның гимни Франц Энкерт деген немец шайыры тәрепинен жазылған. Тайланд гимниниң авторы француз болған...

Тилекке қарсы, бизиң миллий гимнимиз өз миллетимиздиң ўәкили тәрепинен жазылыўына қарамастан, тексти гимнге емес, жасалма үлгидеги әпиўайы қосықты еслетеди.

544

—Аты әпсана Маман бий, дана Айдос баба, палўан батыр Ерназар алакөз ҳәрқыйлы дәўирлерде жасаса да мақсетлери бир емес пе?

—Бир! Олар қарақалпақ халқын пүткил адамзаттың кең гүзарына әкелип қосыўды мақсет етеди. Әттең, мақсетлерине ерисе алмайды. Буған өз халқының ишки руўшылық иллетлери, алаўызлықлары себеп болған...

545

—Инсан ушын Тәңиритаала нешеў?

—Екеў. Бириншиси ҳеш қашан өзгермейтуғын Құдирети күшли Тәңиритааланың өзи. Екиншиси, инсанлар жәмийетин мисли жыл мәўсимлери, ҳаўа райы киби өзгертетуғын жаңа басшысы. Биринши-си, инсаниияттың тек төбесинен бақлайды ҳәм ҳештеңе талап етпейди, ал екиншиси көбинесе қол астындағылардың қолларына, қалталарына қарап ислер қылады.

546

—Әййемги сүўретшилердиң мийнетлеринен ең әзелги күйинде сақланып бизиң дәўиримизге жеткенлери жоқ шығар-ә?

—Бар. Қытайдың Сиянь қаласына жақын жердеги бир қәбирстанында, әййемги Қытай мәмлекетиниң сановниги қойылған қәбирден, буннан 1100 жыл бурын жипекке исленген Будданың сегиз қоллы сүўрети табылған. Сонша жыллардан бери оғада жақсы, таза, ең әўелги күйинде дерлик сақланған бундай сүўретке Будданың сөзлери әййемги Санскрит ҳәриплери менен жазылғаны да анықланыпты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

547

—Бир таңланарлығы — бүгин мен базардан өзиме хаса таппадым буған не дейсиз?

—Хеш қысынбаңыз. Жақында Лондон қаласында хаса сатыўшылардың аукционы болған. Сол аукционға дүрмини, компасы, шегилген папиростың қалдығын салатуғыны, суў сақлағышы, ысқырғышы бар, мисли қылыш тақылетте оғада көп түрдеги хасалар сатыўға шығарылыпты. Пулың болса, кәлегиниңди алдырыўға да болады...

548

—Дүньяның айырым мәмлекетлеринде хырқыйлы ырымларға, кәраматларға исениўшилик кәлиплескен деген гәплер еситтим. Сизше?

—Мен еситпедим, баспа сөзлерден оқыдым: 1941-жылдың 15-июнинде бир комиссия дүзилип, сол комиссияның ағзалары тәрепинен 21-июнь күни Әмир Темурдың Самарқандтағы кәбири ашылып, сүйеклерин басқа жаққа алып кетиў нийетинде майдалатылған екен. Уллы Әмир Темурдың кәраматынан ба, тап усы күни, яғный 1941-жылдың 21-июнинде Гитлер басқарған Германия сол гездеги СССР мәмлекетине қарсы урыс ашты...

1942-жылдың декабринде Әмир Темурдың сол бөлшекленген сүйеклери қайтадан орнына қойылған екен, және оның кәраматы болса керек, сол 1942-жылдың 16-20-декабрьлеринде СССР мәмлекетиниң ләшкерлери Сталинград қаласында гитлершилерге қатаң соққы берген.

Енди буннан ертерек жүз берген хәдийселер:

1922-жылдың ноябринде Англия археологи Хауард Картар исмли алымның басшылығындағы экспедиция бизиң эрамызға дейинги XIV әсирде жасаған Мыср Фараоны Тутанхамонның кәбирин ашып, 40 тоннаға жақын хәр қыйлы алтын буйымларға қосып саркофагты да әкеткен екен. Бул ўайраншылықтан соң, Фараон Тутанхамонның кәраматынан ба, бир жылға жетпей-ақ сол экспедиция ағзалары толығы менен өлип питкен.

Және:

1978-жылы Польшаның королы болған Хазимирдиң кәбирин ашқан бир топар Польша алымлары күтилмегенде апатқа ушыраған.

Хақыйқатында, хәр қыйлы ырымлар мың-мың жыллардан бери адамлардың психологиясында жасаўын даўам етпекте. Мәселен, Арқа



www.ziyouz.com kutubxonasi

Американың тоғайларында жасайтуғын аңшылар қабиласы аңға шығар алдынан хәр қандай буйымларға, өсимликлерге сыйынып шықса ғана жолы болар-мыш.

Австралияда да көп адамлар хәр қыйлы буйымларға, өсимликлерге сыйынса, ислери раўаж табар-мыш. Сол ушын да олар өзлери сыйынған ҳайўанды, я өсимликти: «бизиң бабамыз, атамыз, болмаса, әкемиз, я ағамыз, я үкемиз» деп қолдан жасайды екен. Сол Австралиядағы жергиликли халықлардың бир кәўими әлле кимди өзине душпан деп санаса, ушы жонылған ағашты, я пышақты қолына алып, оның ушын сол душпанының үйи тәрепке қаратып турып тилек тилесе, сол душпаны аўырыўға шатылады, болмаса, бир кесапатқа ушырайды екен.

Арктика эксимосларының арасында теңизлердиң күшлерине исенип зикир салыўшылық (шаманлық) әдетлери еле ҳүким сүреди..

Қубла Африканың адамлары жаңадан басланған исиниң нәтийже бериўи ушын өз денелерин хәр қыйлы реңлерге бояў менен, хәр қыйлы өсимликлерди, жемислерди, ғозаларды денесине тағып алып, қудаға сыйыныў әдетлерин бүгинге дейин даўам еттирип жасайды екен.

Маланезияда ери өлген ҳаяллар матам тутыў мүддети питкен соң, еринин қәбирин ашып, оның геллесин өзи менен алып жүрсе, я үйинде айрықша ҳүрметли орында сақласа, иси келисип кете беретуғын әдетлери бар екен...

549

—Балалар кем туўылып, адамлары аз қазаланатуғын хәм халқы сийрек жайласқан мәмлекетлер барма?

—Балалар оғыры аз туўылатуғын үлке —Батыс Берлин. Ол жерде бир мың адамға орта есаптан 10,6 бала туўылады екен.

Адамлары ең аз өлетуғын мәмлекет Исландия. Ҳалқы ең сийрек жайласқан мәмлекет Австралия, онда мәселен, бир квадрат километрге бир адам туўра келеди екен.

550

—Қәйткенде мәдениятлырақ көринемен?

—Бул ушын тилиңди, нәпсиңди жылаўлап, қәбирстаннан басқа орынларда көп көз жас төкпеўге хәм хәсиретли инсанлар қасында өзиңди шадлы көрсетпеўге тырысып жасап көр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

551

—Дүньяда түйе таўықлар бойы дәрежесинде жылқылар болармыш. Олар қайсы еллерде бар екен?

—Бойлары таўықтан сәл бийиклеў, ал салмағы 36 килограммнан аспайтуғын жылқылар тек Аргентинада болады екен.

552

—Бурынғы СССР дәўиринен есиңизде қалған унамсыз хәдийселерден бирин айтасыз ба?

—Бурынғы СССР гезинде областьлық партия комитетиниң биринши секретары республикамыздың биринши басшысы болып есапланатуғын еди. Бир жола, әлле қандай жумыслар менен оның қабыллаўханасында отырғанымда, биринши басшының сол гездеги билимлендириў министрине кийлигип: «Қарақалпақстанда барлық көрсеткишлери бойынша хәмме үлги аларлық хәм таңланарлық дәрежеде жоқары! Енди мен сениң пәмсизлигиң ушын жоқарыдан, «Қарақалпақстан мектеплеринде оқыўшылардың үлгериўлери күтә төмен?» деген ашшы сөз еситип ғана қоймай, сен ушын өз лаўазымымнан босатылыўым керек пе? Аңсаты гәпти көп созбай мендеги мағлыўматыңды тез әкетте, жүз пайыз үлгериў болды деп әкел, болмаса хәзир-ақ министрликтен босатыласаң!» деген кәхәрли бүйрықты еситкенимди еле умыта алмайман.

553

—Адамлардың бир-бирине усаслығы неде?

—Келешегинен үмитинде.

554

—Сыр сақлаўда хаял менен еркектиң айырмасы?

—Хаял басқалардың сырынан гөре тәнхә өз сырын сақлағыш болады, ал еркек өзиникинен гөре басқалардың сырын сақлағыш болады.

555

—Пайғамберимиз Мухаммед әлейхиссаламның жеңил дәлкек-күлкилерге көз-қараслары жөнинде рәўиятлар билесиз бе?

—Рәўиятларға қарағанда, пайғамберимиз Мухаммед әлейхиссалам бир жола қатар-қурбылары менен отырғанында, кәпелимде хаяллардың еки қабат болыўы, туўыўы туўралы әңгиме қозғалып, бул



www.ziyouz.com kutubxonasi

ўазыйпаның хаяллар ушын күтә аўырлығы хаққында хәр қыйлы гәплер баслағанда:

—«Ғам жемеңизлер,— депти пайғамберимиз.— Хаял туўатуғын демде Тәңиритааланың бир периштеси келип алдың ашады, бала туўылғаннан кейин екинши периште қайтадан жаўып, әўелги қәлпине түсиреди».

Жәмәәт ағзаларының бири, мыйығынан күлип:

—«Уллы пайғамберимиз, мениң хаялым туўып еди. Оған Тәңиритааланың биринши периштеси келиптидағы, екинши периштеси келиўден умытыпты» —деген екен. Отырған жәмәәт бирден дуў күлисипти.

Сонда Мухаммед әлейхиссалам соңғы сөйлеген адамды нәзерде тутып:

—«Халайық, жәмәәтти бийазар күлдирген бенделерге де бейиштиң есиги кең ашылады. Мине, сиз ушын да бейишке жолыңыз кеңейди» — депти.

556

—Көп адамлар «бизиң заманымызда өзинше тарийх» деп сөйлейди. Солайма?

—Әлбетте, солай. Хәттеки хәрбир өткен күн тарийх.

557

—1952-жылы атаңыз қайтыс болғанда, ислам дининиң талабына муўапық өлиниң хүрметине қуран шығартқаны ушын оның жалғыз улы — сизиң әкеңиз Қайыпберген диншилликте айыпланып, үш күн қамалғаны жөнинде еситкенбиз. Әне сондай руўхта динге қарсылық бурынғысынанда бетер хәўиж алып турған 1984-жылда автоавариядан қайтыс болған әкеңиз бенен анаңызға тийисли мусылманлық талапларды орынлаўдан қорықпадыңыз ба?

—Әке менен ана өз перзентлери ушын қайсындай бәле-қадаларға қайыл болмайды дейсиз. Әкем менен анамның тири теңлеслери мархумларға қандай хызметлерди мүнәсип десе, соларды ислеўге тырыстым. Бирақ бәри әкем менен анамның маған болған мехирлериниң бир тамшысындай жоқ еди. Қолымнан келгенлерин ислеўге қалай талаплансамда, бәри бир, бойымдағы әллеқандай қорқыныш бийлегени себепли, сол гезде ата-анамның кәбирлери үстине салдырған естелик гүмбезге бүгинги мустақыллықтан кейинги көзлерим менен қарасам, қыялымдағыдай болып исленбегенине өкиништен хәр сапары



www.ziyouz.com kutubxonasi

көзлериме жас аламан да: «бул дүньяда мәңгилик инсан жоқлығы киби, бул турақсыз дүньяда бир Тәңиритаалаға, оның пайғамберлерине де инсанлардың қәлблеринен тысқары арнаўлы естеликлер салынбаған ғой. Мениң ата-анамды да өз перзентлери, соңғы әўладларының хәр бири өзлериниң қәлблеринде сақлап, ара-тура хүрметлерине қуран тилаўат қылып турса да, жеткиликли ғой,» деп өзимди жубатаман.

Булардан тысқары кеўлим ырза бир ис әкем Қайыпбергенниң әкеси мениң атам Хәкимниязлың кәбирин де таўып белги қойдырдым.

558

—Айырым жазыўшылар «бул шығарманың мазмунын түсимде көрип жазғанман» дейди. Инанса бола ма?

—Қайсы иске, ҳақыйқый мәнисинде, қызығып кириссең, сол жумыс хәтте түсиңе енетуғыны да сөзсиз. Әттең «түсиме енди» деп мақтаныўшылардың биразларының дөреткен шығармаларын оқысаң, түсине кирмек түўе, ол жөнинде оңында дурыслап ойланбағанына көзиң жететуғын пайытларда тәкирарланып турады.

559

—Инсандағы мәртликтиң, нәмәртликтиң биринши белгилери?

—Мәртликтиң белгиси ўәдеге опадарлық, нәмәртликтиң белгиси ўәдеге бийопалық!

560

—«Өлдиң мамай қуўрадың» деген гәпке қалай қарайсыз?

—Уллы Гомер өз ўақтында «өлилер тирилердиң ақыл хәм күш жумсаўы арқалы ғана тирилер қатарында жасайды...» деген екен. Бунда, әлбетте шынлық барлығына инансамда, өз өмиримнен бир мысал: мен әкем менен анамның диўалға илиўли үлкен сүўретлерин ақлықларыма көрсетип: «булар мениң әкем хәм анам!» десем, өзлерин тирилигинде көрмегени ушын олар инанып жарымайды. Сонда шаўлықлар қалай инанады? «Өлдиң мамай қуўрадың» деген усы болса керек.

561

—Бул дүньяда не өкинишли?

—Адам баласы күтә ақ көкирек, кеңпейил болып туўылса да, қартайғанда сумлықлы болып өлетуғыны.



www.ziyouz.com kutubxonasi

562

—Қайсындай инсанларды өзиңизге дос санайсыз?

—Жекке дослықлар өз алдына, әлбетте. Бирақ кимде-ким, тәнҳа маған жақсылықлар қылмаған менен, Қарақалпақстанымызға әллекандай жақсылық қылса яки қылатуғын болса, оның сыртынан, мениң достым деп мақтанып жүретуғын әдетим бар.

563

—Талантттың 99 пайызы мийнет деген түсиникке қалай қарайсыз?

—Бул анықлама орыс жазыўшысы Максим Горький тәрепинен айтылған. Мениңше, жазыўшыда 99 пайыз талант болмаса қыйын. Себеби, бир пайыз талант пенен күни-түни тыңбасаңда жартыўлы ҳештеңе шықпайды ғана емес, ҳәтте кисини түңилдиретуғын бас-аяқсыз былшылдылар пайда болады.

564

—Сиз Шығыс илими менен билимин, даналықларын айрықша нурлы деп мақтайсыз. Нурға қарсы қараңғылық жөнинде бир мысал айтып бересиз?

—XI әсирде жасап өткен уллы даныщпан бабаларымыздан Абу Али Хасан ибн Али Исхақ Низамулмулк исмли инсан пүткил Шығыстың, соның ишинде, түркийзибанлардың көп-көп даныщпанлығын бойына сиңирип, сол ушын да, халыққа аса пайдалы көп ислер қылған ўәзир. Оның гүллән дана кеңеслерине сүйенип, айналаға даңк жайған ҳүкимдар Мәлик шах, ақырында, сол уллы ўәзирин сарайдан қуўыўы менен шекленбей, ҳәкимияттың жалланба адамлары тәрепинен өлтиртилгенине тарийх гүўа. Ол былай:

Сол уллы Абу Али Хасанның лақабы «Низамулмулк» болған.Бул лақаб «барлық мүликлерди, ислерди тәртипке салыўшы дана» дегенди аңлатады екен. Уллы Низамулмулк ҳәзирги Наўайы ўәлаятының Нурата районы территориясында туўылған. Салжук Лухманның әўладларынан Алп Арысланның дәўиринде сарайға жумысқа алынып, Алп Арысланның өлиминен кейин оның 17 жасар улы Малик шах тахтқа отырғаннан кейин де оған қәлыс хызмет етип, патша сарайында 30 жыл ўәзирлик лаўазымын атқарған. Оның әдил кеңеслери нәтийжесинде жас Малик шах даңқ шығарып, Бағдад, Нишафур, Герат, Балх, Марыда бир неше мешитлер қурдырған. Ҳәттеки, Бағдадтағы медресеге «Низамия!» деген ат та берилген. Низамулмулктиң айрықша



www.ziyouz.com kutubxonasi

ақыллы кеңеслери менен Малик шах сырт еллерден келетуғын саўдагерлерден алынатуғын бажы пулларды да тоқтатыўы арқалы, елинде саўда-сатық күшейип, затлар арзанласып, халықтың күн көриси әбден жақсыланады. Бул ушын пүткил халық өз патшасына ырза болып, нәтийжеде ол әлемге мақтанышлы даңқ жаяды. Әттең, патшалықтағы иши тар, сумлық ийелери Низамулмүлкти шахқа жаманлаўға усыллар таўып, ақыбетинде Малик шах өзиниң исенимли дана ўәзири Низамулмулкти сарайдан қуўады.

Низамулмүлк, найлажлықта Бағдадқа бас алып кетип баратырғанда, ҳәзирги есап пенен, 1092-жылдың 14-октябринде жаўыз нийетли адамлар тәрепинен өлтириледи...

Қалай болса да, дананың ислери мәңгилик. Низамулмулктиң изинде «Сияр ул-мулк» деген китабы қалады. Бул китап соңғы әўладлардан әўладларға өтип, айырым ақыллы ҳүкимдарлар тәрепинен елеге дейин пайдаланып келмекте. Низамулмулкти өзиниң ҳүкимдарлық гезинде оғада дурыс баҳалаўшы Әмир Темур болған. Оның өз түзиклеринде жазыўы бойынша, Низамулмулк бир сапары ҳажға барыўды нийет еткенинде, бир уллы әўлийе оған: «Малик шах мәмлекетиниң хызметинде болып, оның әмелге асырған қайырлы ислери арқалы Тәңиритааланың бенделерине жеткерген жәрдемлериниң өзи ҳаж қылыў менен барабар», деп жазған екен...

565

—Инсан ушын тилсиз жаўлар?

—От апаты ҳәм суў апаты.

566

—Сырттан келген хабарлардың сиз ушын ҳәсиретлиси хәм қуўанышлысы?

—Ҳәсиретлиси — тек жақынларыңнан ғана емес, әллеқайсы инсанның өлими ҳаққында еситилген хабарлар, қуўанышлысы — таныс-билислериңниң ғана емес, әллеқайсы инсанның болсада перзент көргени жаңа шаңарақ көтергени ҳаққында еситилген хабарлар.

567

—Адамзат тарийхында гейпара миллетлердиң тарийхтан биротала жоғалғаны жөнинде оқығанман. Бундай пәлекет бизиң аз санлы ҳалқымыздың басына да дөнбеспе екен?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Ҳәзирше қәўиплер сезилмейди. Менинше, миллет еки жағдайда жоғалады: биринши, тәбияттың аяўсыз апатшылығына гез келсе, екинши, миллеттиң өз арасынан шыққан басшылары тәнҳә қарабасларының ғамы ушын сатқынлық дәрежелерге өтсе.

568

—Орта Азияда биринши орыс мектеби қашан ашылған?
—1866-жылы Ташкент қаласында ашылған.

569

—Миллетти қандай күш сақлайды?
—Ҳәр миллеттиң ишки бирлиги ҳәм оның өзге миллетлерге деген өкпе-гийнелерге, гуманларға ҳеш қашан жол коймай, жан сезимлеринде тек адамгершиликке тийкарланған меҳирди мәңги сақлай билиўи.

570

—Сатқынлықтың пайда болыўына себеп?
—Қайсы инсан тәнҳә өз өмириниң қыйыншылықларына өзи себепши екенин дурыс түсинбей, тек айналасындағылардан гуманланып жасай берсе, соңында сөзсиз сатқынға айналғанын өзи де сезбей қалыўы итимал.

571

— Гейде миллетимди өзгертсем бе екен деген қыял басыма келеди. Неге?
— Бундай ой ең нәмәрт, ҳәдден тыс өзимшил адамлардың басына келеди. Өз миллетин өзгерткен инсанды оның өз миллети түўе, жаңадан ағзалығына қабыл еткен миллетиң өзиде оған ҳеш қашан да исеним билдирмейди. Және ескертемен, инсан ушын дүньядағы биринши бахытсызлық — өз миллетин сатыў, өзгертиў.

572

—Тәңиритааланың биреўлигин мойынлаўым шәртпе?
—Шәрт. Олай болмаса Тәңиритааланың садық елшиси Муҳаммед әлейҳиссаламның ҳәдислериндеги «Әй, адамзат, бәршеңиздиң түп атаңыз биреў» деген илаҳий көрсетпеге қарсы келесиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

573

—Халқымды, өзимше, қанша сүйсем де, ол мени я мен оны сирә дурыслы түсинбеймиз?

—Халқыңды сүйиўден шаршама. Сонда оның сени, сениң оны дурыс түсинисетуғын ўақыт сөзсиз келеди.

574

—Көшеде адамларды сыртларынан бақласам, бәри дерлик бир-бирин елестирмей, кимлер тез-тез, және кимлери терең ойларға шүмип... жүреди. Ҳайранман?

—Ҳайран болмаңыз. Инсан жолда, көшелерде түўе, той, мерекелерде де, ҳәттеки, уйқыда жатырып-әм өзиниң ҳәм миллетиниң, ҳәтте бул дүньяның тәғдирлерин, олардың түсиниксиз ғалма-ғалларын түсиниў нийетинде ойланбай жасай алмайды.

575

—Бәршемиз жасап атырған бул жарық дүньяға өз баҳаңызды билдирсеңиз?

— Уллы француз философы Вольтер (1694-1778): «Бул жарық әлем бир қамаққана, ал онда жасаўшылар ҳәр қыйлы мүддетке гириптар етилген жынаятшылар, деп баҳалаў, ҳәр адамның өз пикири, онда мәңгилик ойын-заўықларға жай бар деп қараў — бул қыялпаразлардың надурыс пикири. Жер, адамлар, ҳайўанлар Тәңиритааланың тәртиби бойынша қандай болыўы тийис болса, олар дәл сондай, деп түсиниў — бул дананың ойлаў әламаты», деген екен. Вольтер бул пикирлерди бүгинги ҳәммемиз ушын әдейи айтып кеткендей түйиледи.

576

—Бул дүньяны бузатуғын бас күш — Тәңиритаала екенине исенесиз бе?

—Жоқ. Бул дүньяны бузатуғын бас күш — адамлар! Әсиресе, өзиниң ерискенлерине бийқанәәт басшылар бузады .

577

—Өтмишти үйрениўдиң әҳмийети?

—Өтмишти қанша көп үйренсең, бүгиниңди ҳәм ертеңиңди айқынырақ көриў ушын тәбийий қуяш нурына қосымша қәлбиңде сонша көп нур пайда етесең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

578

—Сизди көп ойландырса да өзиңиз жуўабын таппайтуғын сораўлардан бирин айтыңыз?

—Перзентлерди аналар туўады, бирақ олар басқа биреўге өзлерин таныстыратуғын пайтта неге анасының емес, әкесиниң атын айтыўына нелер себепкер екенлигине ҳәзирге дейин исенимли жуўап таппайман.

579

—Ислам дининиң бәрше мусылман инсанларға пайдалы еки тәлийматын айта аласыз ба?

—Биринши, бес ўақыт намаз оқыў кереклиги хаққындағы тәлийматы. Бул тәлийматты орынлаған инсан күнине бес мәртебе денесиниң ең жуқа жерлерин жуўыўы арқалы экологиялық шараяты жасаўға қыйынлық туўылатуғын еллерде кеселшиликти кемейтеди.

Екинши, арақ ишиўди қадаған етиў тәлийматы. Буны мен кеңнен түсиндирмей-ақ, арақты көп ишиўдиң ақыбетлерин күнделикли өмир, телевидение көрсетип келмекте ғой!

580

—Мен бүгинги заманыма наразы кейиптемен. Буған не дейсиз?

—Бундай наразылықлар Пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссаламның дәўиринде де болған. Сол ушын ол ҳәдислеринде Тәңиритаала: «Базы инсанлар заманына налынып, маған азар жеткереди. Биреўиңиз-әм заманыңыздан налымаңыз. Себеби, мен заманның ийесимен. Күндиз ҳәм түнди алмастырып ҳәрекетке келтирип тураман, егер кәҳәрленсем тоқтатаман» деди — деген екен. Мениң сизге ескертерим налынбаңыз, өзиңизди тек жоқарыда ҳәм тоқлықта көриўди әрман ете бермей, пәклик пенен мийнетлер қылыўға әдетлениңиз. Пайғамберимиз және бир ҳәдислеринде: Тәңириталаада мынадай күш те бар: Кимде-ким нәпәклик жоллар менен жоқары көтерилсе, оны қайтадан пәске түсирип қояды... депти.

Пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссаламның бәрше ҳәдислерин үйрениўге ҳәм исениўге тырысып жасаўға әдетлениңиз...

581

—Қарақалпақстан Республикасының өз өтмишине ҳәм бүгинги күнине итибары қалай?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Онша қанаатлендирмейди. Республикамыздың сонша кең жеринде ата-бабаларымыз өзлеринен нендей кәраматлы естеликлер қалдырмаған дейсиз... Елеге дейин олардың орынлары толық изертленип, тийисли жуўмақлар шығарылмағаны ишимде бәрҳә от жағады.

Үйрениў ендиги жағында-ақ кеннен қолға алынса да, шеп болмас еди. Егер тарийхымыз ҳәр тәреплеме терең үйренилсе, бүгинги жас перзентлеримиз өзлериниң ата-бабаларының да адамзат жәмийетинен ҳеш қашан бөлинбегенин сезип, исенип, дүньяны еледе кеңирек үйрениўге талапланып, пүткил жәҳән менен бәрҳулла жарысып жасаўға бар күшлерин салып жасар еди...

582

—Набада ҳаял болып туўылғаныңызда өзиңизди қалай сезинер едиңиз?

—Ҳәр сапары айнаға қарағанымда бул дүньядағы гөззаллық тымсалы болған ҳаяллардың қатарына мендей бөтбешерди Тәңиритаалам неге қосып жаратты екен, деген дәрт пенен ишқысталықта, Тәңриталаама наразылық пенен жеккеликте қалған болар едим. Сол ушын ҳаял болып туўылмағаныма шүкир.

583

—Өлиўден қорқасыз ба?

—Тәбийий өлимнен емес руўхый өлиўден қорқаман.

584

—Басқа түркийзибанларға қарағанда қарақалпақлардың аўызеки әдебиятында батырлық дәстанларының саны көбирек болыўына себеп неде деп ойлайсыз?

—Бул дәстанлар қарақалпақлардың бир орында көп жыллар жасай алмай көп әсирлер даўамында бәрше түркийзибанлардың тәғдирлерине сақ нөкерлик лаўазымын да турақлылық таппағанының айқын дәлиллери сыпатында келешек әўладлар ушын дөретиле берген ғой.

585

—Қарақалпақлар генже халықлардан деген-әм болжаўлар барлығын билесиз бе?

—Нуўҳ әлейҳиссаламның уллы кемеси тоқтаған Арал бойларында, Нуўҳ әлейҳиссаламның үшинши улы Ефастан дөреген уллы Түрк



www.ziyouz.com kutubxonasi

исмли бабамыздың биринши перзентлери қатарында пайда болып, усы мәканда мәңгилик Ўатан қылып жасап қалған қарақалпақлардың намысын қорлағанларды ҳақыйқый инсанлар сыпатында түсингим келмейди. Ким не ойласа мейли, ким Нуўҳ әлейҳиссаламнан соң пайда болған адамзат өмирин толық үйренип жетисе, ҳақыйқатлықты дурыс түсинетуғын дәреже жететуғынына исенемен.

586

—Түркийзибанлар өз аналарын күтә ҳүрметлейди. Ал, өзге аналарды ше?

—Бул жөнинде тарийхый дереклер де, ҳәр қыйлы мысаллар да көп. Мәселен, буннан 750 жыл бурын өткен хорезмли уллы шайыр Палўан Махмудтың бир жола аты пүткил дүньяға даңғара ҳинд палўаны менен гүресиўи керек болады. Ҳинд патшасы өз палўанын алдына шақырып, егер хорезмлиден жығылса, ойланып отырмастан өлтиретуғынын ескертип қойған еди.

Палўан Махмуд гүреске бел байлап, Ҳиндстан шегарасына киргеннен кейин, жол бойында жылап отырған бир анаға көзи түсип, оған өз елиниң дәстүри бойынша ийилип, сәлем береди ҳәм неге жылап отырғанының мәнисин сорайды. «Әй, балам, күтә ҳәсиретлимен,— дейди ана. — Мениң жалғыз улым Ҳиндстанда арқасы жерге тиймеген палўан еди. Енди оның хорезмли палўан менен гүресиўи керек болыпты. Еситиўимше, Хорезмниң палўаны оғыры күшли деседи. Егер мениң балам сол хорезмлиден жығылса, патша оған «сен пүткил Ҳиндстанның даңқын аяқ асты қылдың» деп өлтириўге ықырар етипти. Жалғыз перзентимниң өлетуғыны көз алдыма келип, жылап отырман».

Ананың бул сөзлерине баўыры ериген Палўан Махмуд: «Жыламаңыз, ана! Сизиң балаңыз күшли. Хорезмлини жығады» деп тәселле айтып кетеди.

Ертеңине ол ҳинд палўаны менен гүрес баслағанда, өзиниң оннан бир неше барабар күшли екенин сезсе де, кеше жол бойында жылап отырған ана көз алдына елеслеп, сол анаға меҳири ушын ҳеш кимге билдирместен бир уўытын таўып, дизе бүгеди де, жығылған болады.

Гүрес майданына ҳинд палўанының анасы да келген екен. Хорезмли Палўан Махмудты сол жерде танып, бундай меҳирли адамға бир қудадан пайғамберлик қәбилет бериўди тилеп, бәрше аламанға жар салады.

Ана тилегин Тәңиритаала қабыл етип, Палўан Махмудты пайғамберлик дәрежеге көтергени ҳаққында аспаннан саза жибереди... Сол пайыттан баслап, Палўан Махмуд пайғамбер деп мойынланады...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бүгинлиги Хорезмниң Хийўа қаласына келген саяхатшылар пайғамбер деп тән алынған Палўан Махмудтың кәраматлы кәбирин зиярат етип сыйынбаса, өзлерин түркийзибанлардың Хорезм деп аталған бир елине келдик деп есапламайды екен.

587

—Ақлықларыңыз бенен араңызда жүз берген өзгерислер?

—Бул өзгерислер соңғы гезде көбирек телефонға байланыслы сезиледи. Илгери жыллары мен оларға: «Телефонға жақынлай берменлер», дейтуғын едим. Енди олардың хәр бири маған: «Ата, телефонды көп бәнт қыла бермеңиз маған звонить етеди...» десетуғын болды.

588

—Айырым инсанлар ушын үш әрман бар мыш. Оларды атасаңыз?

—Биринши жоқары лаўазым, екинши бийесап дүнья-мал, үшинши даңқ.

589

—Бүгинги хаял-қызларымыз хаққында китап жазғым келеди. Кеңесиңиз?

—Хаял-қызлар хаққында қанша көп жазылса, мен де шын кәлбим менен қуўанаман. Себеби олар аналар. Аналар миллеттиң хәм сағасы, хәм тәрбияшысы. Хаял-қызлар хаққында жазыўдан бурын пайғамберимиз Мухаммед әлейхиссаламның хәдислерин асықлай оқып шығыңыз. Сизге, ядымда барларынан айтайын:

«Хаялларға ең қымбатлы әзиз киси — ери».

«Хәр бендеге ең қымбатлы әзиз киси — Анасы».

«Тәңиритааланың күшсиз халқы болған хаялларды урмаңыз».

«Кайсы адам, бир хаялды алдаса, ол бизден емес».

«Ер менен хаял бир-бирине мехир-мухаббет пенен жасаса, бир-бирине садық жасаса, барлық гүналары бармақ арасынан төгиледи».

«Жәннеттен дәметип жасаған адам, аналардың зейнине тиймей жасасын»...

590

—Биреў өлсе, адамзат әлеми бир адамға кемейеди деп ойлайсызба?

—Жоқ. Хәр инсанның өлими менен оның орнына заманына ылайық туўылатуғын инсанға бир орын босайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

591

—Егер әллекимлерден «сиз қайта туўылсаңыз, қайсындай кәсипти таңлар едиңиз?» деп сорасаңыз, көбиси «бүгинги кәсибимди және таңлар едим», дегенди жақсы көреди. Ал сиз ше?

—«Бул дүньяда келип кеткен инсан, ўақытлар өтиўи менен басқаша инсан болып қайтадан туўылады-мыш» деген рәўиятты да көп еситкенмен. Егер, мен қайта туўылсам, бүгинги халымды тәкирарлаўды хеш қандай әрман етпеймен. Мениңше, ертеңги дүнья адамлары хәзиргидей алаўызлықта жасамай, өз-ара тил табысып биригетуғын болады. Әне, сол бирликли адамлардың аяқ кийимлерине ултарақ болып-ақ қайта туўылсам да, Тәңиритаалаға ыразы болар едим.

592

—Хәзирги адамлардың китап оқымай, телевизор көриў менен қанаат табатуғынын сезесиз бе?

—Сеземен! Бурынғы СССР дәўиринде, телевизордан көрсетилетуғын хәр қыйлы салтанатлы мәжлислерден басшылардың узын-шубай ўәделер берип сөйлеўлеринен жалыққанлар көбирек китапқа үңилетуғын еди. Енди көрсетиўлердиң қызықлы түрлери көбейгени ушын ба ямаса техникалық прогресслерге толып-тасып атырған заманға бейимлесиўге бет бурдыма, телевизорға үңилиўшилер көбейди. Мениңше, бул да адамзат өз санасының кемислерин толтырыўға асыққанлығының бир белгиси. Сөйтседе, китап оқыўға әдетленген жақсы. Себеби китап мисли уйқыдағы ақыллы адам. Ондай адамларды таўып тез-тез уйқыларынан оятып, ойларын тыңлап турыў жақсы.

593

—Биринши басшысы өзгерген жәмәәттиң кейпине баханыз?

—Биринши басшының өзгергени, хаўа райының, жыл мәўсиминиң өзгергени киби бир қубылыс. Адамлар көбинесе бәхәр я жаз келиўин күтеди. Әттең, биринши басшы көбинесе, я гүз, я қыс киби келеди.

594

—«Әллеким шекеңе урса, оған екинши шекеңди де тут» деген нәсиятқа не дейсиз?

—Бул нәсият — әллеқайсы инсанды, я бир миллетти қор қылатуғын дәрежеге түсирмеўи тийис. Бирақта сол уратуғын да, оған шекесин тутатуғын да, өз тәғдирин миллетиниң хәм адамзаттың тәғдиринен бөлип алмай, қәлбинде миллетиниң бай руўхын беккем сақласа, ақыбети парахатшылықтың хәм алға раўажланыўдың гиреўи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

595

—Кәсиплеслериңизде ладанлык сезесиз бе?

—Баслы ладанлық — дәмегөйлик нийети менен кәлем услаў. Ондайлар, мениңше, хақыйқый талантқа ийе жазыўшылар емес, жалланба қулларға, күнликшилерге айналғанлар!

596

—Қарақалпақстанның аты әлемге мәлим қалалары бар ма?

—Әлбетте бар. Мәселен, Қоңырат қаласы жөнинде буннан бир әсирге шамалас бурын қарақалпақ елине келген, миллети башқур Заки̇й Валийдий Тоған исмли шығысты изертлеўши алым өзинин «Естеликлер» атлы китабында жазғанына дыққат бериң: «...Қоңырат кишкене қала болыўына қарамастан, Германияның Гамбурги, Англияның Манчестри, Қытайдың Шанхайы сыяқлы қала!...».

597

— Өз шаңарағыңыздың ағзалары сизди дурыс түсинбесе, көп оқығанды, жазғанды тоқтатар ма едиңиз?

— Бир мысал: уллы орыс жазыўшысы Лев Толстойдың өмирлик зайыбы Софья Андреева ери туўралы билгиси келгенлерге гейде: «Лев ғырт жилли...» депте айтады екен. Лев Толстой усыны билсе де, жазыўшылығын тоқтатпаған ғой... Сонда мен киммен?

598

—Базы еркеклер ҳаяллар секилли боянғанды жақсы көреди. Сиз ше?

—Инсан өзин жасалмалылық жол менен, айналасындағыларды алдағысы келетуғынын жақтырмасам да, басқаларды өз келбетинен жеркендирмеўге тырысатуғынларды шеп көрмеймен. Ал, өзим сақалмуртымды көп өсирмеўге тырысқаным болмаса, денеме ийисли суў сеўип, я азанда кийимлериме утюг басып, аяқ кийимлеримди майлап кийген мақлуқ емеспен. Ўақыт та таппайман, тапсам қызықпайман да.

599

—Билимниң көплиги аўыр жүк пе?

—Жоқ. Бирақ усындай түсиник, ҳақыйқаттан да, көп оқып, көп изленип, дүньяны кеңирек түсингенлердиң басқалар тәрепинен дурыслы түсинилмегени себепли ямаса сол көп оқыйтуғын билимли адамлардың базы жәмәтте тәнхә өзлерин журттан асқан дана көрсетиў мақсетинде ««менмен»сирейтуғын әдетлери ушын айтылса керек-аў.



www.ziyouz.com kutubxonasi

600

—Шайырларға делбелик тән деседи. Солай ма?

—Бул, мениңше, айырым талант ийелериниң хешкимнен тартынбай, өз пикирлерин ашық айтыўларын күнлеўшилер тәрепинен айтылса керек. Еркин пикирлейтуғын шайырлар жөнинде унамсыз пикирлер ҳәттеки ислам дини жаңа пайда болған гезлерде де болған. Бирақ оларға қарамастан, пайғамберимиз Мухаммед алейҳиссаламның өзи исламды еӊ жайдырыўда хызмет еткен шайырларға базда үстиндеги шапанын шешип беретуғын да болған...

601

—Өзиме өзим түсиниксизбен. Не қылайын?

—Бизиң эрамыздан төрт жыл бурын туўылып, эрамыздың 65 жылында қайтыс болған Уллы Рим жазыўшысы Сенека: «айыпкер жазадан қутылса да, оның қорқынышларынан қутыла алмайды» десе, әййемги грек философы Пифагор Самосский (570-500): «ҳәр күни азанда ояныўдан, өзиңе өзиң: «бүгин не қылыўым керек?» деген сораў берип, кеште уйқыға жатар алдында, өзиңе-өзиң «бүгин мен не ислеп үлгердим?» деп сораў бер» деген екен. Уллы даналардың бундай нәсиятларын есте тутып ҳәм ҳәр күнги өз өмириниң тәжирийбелери бойынша шығарған жуўмакларыңды көз алдына келтириў менен ойланып жасаған мақул.

602

—Бир отырыспада бир шыпакер, сизди «аўыр кеселликлерди басынан кеширген жазыўшы» деди. Ырас па?

—Ырас. Деген менен, Инглис жазыўшысы Даниэль Дефо (1660-1731) ҳәтте басына қан қуйылған кеселден кейин де, пүткил дүньяға данқлы «Робинзон Крузо» шығармасын дөреткен екен. Усы пикирди жас гезлеримде оқығаным ушын ба, мен де: «егер халқымның тәғдиринен дурыслы шығармалар дөрететуғын болсам, анаў-мынаў кеселликлерге қул болып төсекте жата берместен, үзликсиз мийнет етемен!» деп өзиме-өзим ант берип тынымсыз излениўге, қәлем тербетиўге тырысқанман. Базда жаңа шығармам баспа сөзде жәрияланыўдан, базы оқыўшыларымның жазған хатлары маған жаңа дәри-дәрмақ секилли тәсир ететуғын еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

603

—Менделеев хәтте түсинде де таблицалар дүзетуғынына карамастан, сәл бос ўақыт тапса, чемодан соғыў менен, ал шайыр Владимир Маяковский түсинде де сөйленип косықлар дөреткени менен шекленбей, бос ўақыт тапса, айнаға карап маңлайына гүбелеклердиң сүўретлерин салыў менен шуғылланады екен. Сизиң әдетлериңиз?

—Аз санлы халықлардың жазыўшыларына тек ғана көркем шығармалар дөретиў аркалы күнелтиў қыйын. Соның ушын, мен, көбинесе журналистлик пенен де шуғылланаман.

604

—Бизиң эрамызға дейин-ақ даңқлары әлемге мәлим Софоклыдей (496-406), Сократтай (469-399), Аристофондай (445-385), Аристотельдей (384-322), Архимедтей (287-212) даналарды, Искендер Зулкарнайындай (356-323) әскербасыны дүньяға келтирген Греция бүгинлиги неге дүньяның хәр тәреплеме раўажланған мәмлекетлери қатарында тилге алына бермейди?

—Тез хәм дәл жуўап табылыўы күтә мүшкилли сораў бердиңиз. Келешекте усындай сораўлар болмаўы ушын пүткил елимизге: «ертеңги әўладларымыз бүгинги бизлерден де зор билимли, дана, бахытлы болыўы тийис хәм солай болады!» деген шақырық ортаға тасланыўы бүгинги жас әўладты алдаркатыў емес, хақыйқый шақырық! Хәмме буны дурыс түсинсе, келешегимиз бахытлы болатуғыны сөзсиз.

605

—Бул дүньяда мәңги тири жасаў жоқ. Сиз өзиңизге дейинги уллы ойшыллардың, кайсылары калай өлгенин айтып өзиңиз қайсысының өлимин тәкирарлағыңыз келетуғынын айтсаңыз?

—Кам сүт емген бенлениң бәрше қәлегенлери, күткенлери иске асырыла бермейди ғой. Мәселен, әййемги грек философларынан Сократ (464-399) өмириниң соңында зәхәр ишип өлиўге мәжбүр болса, уллы Диоген (404-232) ишимликлерден босаған бочканың ишине кирип жасағанды макул көрип, әйне сол бочкада қаза тапқан. Александр Пушкин 37 жасында өз намысын қорғаў нийетинде дуэлде қайтыс болған... Лев Толстой 82 жасында хаялына ашыўланыўы менен үйинен шығып, темир жол станциясында қайтыс болған...

Енди шығыс алламаларынан Фаридиддин Аттарды (119-1230) жөнинде:



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол алып сатарлық пенен шуғылланатуғын әкеси Ибрахим қайтыс болғаннан кейин, ата кәсибин даўам еттирип отырғанында алдына келген бир дәрўиш өзине оның итибар қылмағаны ушын, Фаридиддин Аттарға:

«Әй, хожа, сен қәйтип өлесең?» депти. Сонда Фаридиддин оған дыққат аўдарып: — «сен қәйтип өлсең, менде сондай өлемен-дә!» — деген екен, дәрўиш: «жоқ, сен мендей болып өле алмайсаң» — депти.

«Не ушын?» депти Аттар.

«Себеби сениң жүгиң аўыр, мал-дүньяң көп, оларды көзиң қыймайды да. Ал мениң жүгим жоқ, өлимим аңсат» депти де, ийниндеги қоржынын жерге таслай сала, шалқасына жатып сол жатысында көп узамай жан тәслим етипти...»

Фаридиддин Аттар бул жағдайға таң қалып, оны жерлегеннен кейин, өзи де барлық ислеринен ўаз кешиптиде, дәрўишлик жолына түсип, сол жолда қаза тапқан екен...

Ал, Хорезмге монголлардың шабыўылы болғанда, ески Ургенч қаласының дәрўазасын қорғап турған шайых Нәжиматдин Кубраны (1145-1229) монгол нөкерлеринен бири тутып алып, дәрриў атына сүйретип баратырғанда, бир мехирли адам, уллы алламаны танып өлимнен қутқарыў нийетинде «Әй, монғол, саған мың динар берейин. Бенденди маған сат» дейди. Монғол нөкери келисиўге мейиллентенде, ат сүйреткисиндеги Нәжиматдин Кубра тилге келип: «Әй, монғол, сатпа! Бул арзанға сорап турыпты» дейди. Усыннан кейин монғол оны қайтадан атына сүйретип баратырғанда, арбасына сабан тийеп киятырған биреў жолығып: «Әй, монғол, бенденди маған сат, мынаў арбадағы сабанымды беремен» дейди. Сонда сүйреткидеги Нәжиматдин Кубра тилге келип: «Әй, монғол, енди сат! Буннан артығына мени хешким алмайды» дейди. Мың динарға сатылмай, соңында бир арба сабанға сатылыўды қәлеген дана Нәжиматдин Кубраға монғол нөкериниң қәхәри қайнап, тап сол жерде-ақ оны қылышы менен шаўып өлтирген екен.

Елин тоз-тоз қылған душпанының қалтасына көп пул болып түспеўин нәзерде тутқан Нәжиматдин Кубраның бул өлими — маған да, ҳақыйқат үлги аларлық өлим болып түйиледи.

Ал уллы француз жазыўшысы (ҳақыйқый өз аты Чари) Франсуа Аруз (1694-1778) 84 жасында өзиниң жазған пьесасын театрда тамашалап отырғанында, тамашагөйлердиң гүркиреген узақ қол шаппатлаўларына аса қуўаныштан, сол орнында жан тәслим еткени сыяқлы өлим келсе де, өкинбеймен. Егерде өлгенимнен соң ата-анамның қасына жерленип, ата-анам тәрепке жүзимди қаратып, оларға қолларымды қаўсырып басымды ийип турған кишилеў бюстим орнатылса, «бийәрман жасап кеттим!» деп сөйленип жатар едим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

606

—Инсандағы қалби тарлық хәм ақылсызлықтың көринислери?

—Душпаны түўе достының да бахытларын қызғаныўшылық, быжықлық, азғана оқығанлары хәм әллекимнен еситкенлери менен өзин билгиш көрсетиўге талапланыўшылық, билими сайызлық, көргенсизлик, қысқасы, өз ойларына күши жетпеўшилик...

607

—Қандай исенимлер инсанда күш пайда етеди?

—Тәңиритааланың барлығына, өзи жасаған кең әлемниң мәңгилик-лигине, өтириклердиң өмири келтелигине толық исеним.

608

— Гүманшылман. Неге?

— Қайсы инсан бул дүньяның сырлары хәм өз досларының минез-қулықлары жөнинде қанша сайыз түсиникке ийе болса, ол сонша дәрежеде гүманшыл. Хәтте өзи-өзине де гүман менен қарайды. Бул тири инсан ушын аўыр кесел, дәрт. Тез емлениўди басланыз!

609

—Қәйткенде сүйикли, сабыр-тақатлы көринемен?

—«Таныған жерде бой сыйлы, танымаған жерде тон сыйлы» деген нақыл бийкарға дөретилмеген. Сыртқы көринисиң бираз гөззал болып, қасына келген бийтаныс инсанға да күлеширай менен мехир-лиликтиң излерин көрсете бил. Ал тирилигиң ушын шүкирликте, бар тапқанына қанәәтлиликте, кемсөзлиликте, азда болса сабыр-тақатлылығыңызды аңлатыўға себеп болады.

610

— Ушырасқанлар арасынан жақсыларды бирден түсиниў мүмкин бе?

— Бул күтә қыйын. Себеби, өзинше айналасындағыларға, жақсы көриниўге тырыспайтуғын инсан жоқ. Сол ушын да әййемги юнон философы Диогенниң (400-327) күндиз-ақ қолына шам услап жүр-генин көргенлер: «не излеп жүрсиз?» дегенде, ол: «жақсы адамларды излеп жүрмен!...» деп жуўап бергени әнейилик пенен әўладтан-әўладқа өтпеген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 611

—Кеселликлердиң ең мүшкиллиси?

—Мүшкилли емес кесел жоқ. Сөйтседе ең ауыры тилден қалыў, көзден қалыў.

## 612

—Инсанды сайызға шығаратуғын қылўалары?

—Өсекшилик, Мухаммед пайғамбер «Инсанның бирғана өсек гәпи мисли жалын киби өзиниң барлық жақсылықларын өртеп жибереди» деген екен.

## 613

—Әкем өз мәкемесиниң жоқары лаўазымына сайланыпты, енди мен өзимди қалай тутсам болады?

—Әкең бир мәмлекетке патша болып сайланса да, өзиңди бурын қандай кишипейил тутқан болсаң, сондай тута бер.

## 614

—Инсанды дурыс тәрбиялаўдағы баслы илим?

—Биринши, дин илими. Ким белгили бир динди мойынламаса, ол қәлпеки жасайды. Екинши, сөйлеў илими. Ким дурыслы сөйлей билмесе, ол шынықтырылмастан тайғақ муз үстине жиберилген спортшыларға мегзейди.

## 615

—Инсанды басқалардың хүрметине сазаўар қылатуғын, базда мәжбүрий өлтиретуғын иллетлер?

—Инсанның тек өзинен зорларды емес, әззилерди де, қамбағал-ларға да тең хүрмет көрсете билиўшилиги, өзин хүрметлерге сазаўар қылады.

Ал, кисини тирилей өли дәрежесинде жасататуғын иллет, тәғдиринде жүз берген хәсиретлерге төтепки бере алмаслық, менменлик, шыдамсызлық, күйгелеклик, өсекшилик!...

## 616

—Бүгинги Қарақалпақстан ушын сиз сезетуғын үш машқала?

—Биринщиси суў, екинщиси экология, үшинщиси, миллий бирликтиң кемлиги.



www.ziyouz.com kutubxonasi

617

—Бул дүньяны ашыўдың гилти қайерде екенин билесиз бе?

—Ҳәр инсанның өз қәлбиндеги билиминде.

618

—Гейде сизинде кейпиятларыңыз бузылатуғын гезлер бола ма?

—Бул кең әлем бизлерге дейин-ақ ҳәр қыйлы даналықларға толы, Тәңиритааладан нәзил етилген гүллән диний китапларды айтпағанның өзинде Сократ, Аристотель, Данте, Омар Ҳайям, Наўайы, Шекспир, Мақтымқулы, Бердақ... сыяқлы жүзлеп, мыңлап уллы даналар соңғы әўладларға қанша-қанша даналықлар, рәўиятлар, ҳикметлер толы китаплар жазып қалдырған. Әне, усыларды көз алдыма келтирип «Әй, Қайыпбергенов, ойлан, сен бул уллылардың қайсысына тақаббил жаңалық дөреттиң?» деген сораўға дурыс жуўап табалмай, кейпим түсетуғын гезлерим оғыры көп болады.

619

—Бул дүнья ушын сиз, кимсиз, мен киммен?

—Сизди де, мени де бул дүнья ушын ушы шығарылмаған топыр қәлем менен сызылғаны ушын тез өшетуғын сүўретлер ямаса көшпели еспе қумның түйиртпеклери десе де болады. Бир күни хешкимге нәмәлимликте өшемиз, я тегераң ескен жел менен әлле қаяқларға нәмәлим ушып көзлерден ғайып боламыз.

620

—Бизиң заманымызға дейин жасаған түркийзибанлардың тиллерге мүнәсибети қандай болған?

— Бизге дейинги Түркийзибанлар өз айналасындағы мәмлекетлер менен жақсы қарым-қатнас қылып жасаў ушын, тийкарынан, үш тилди жақсы билген. Биринши, өзлериниң тилин, күнделикли өмирде сөйлеў тили, әскерий тил, сиясат тили деп билсе, екиншиси араб тилиң қудиретли илим тили, ал үшиншиси, парсий тилин поэзия тили деп мойынлаған.

621

—Күнде жуўынып жүрсемде базы досларым мени патаслықта айыплайды. Себебин түсинбеймен?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Күнде жуўыныў бул денеңнин тазалығы ушын керек. Дослар менен анық карым-катнас ушын қәлбинди таза тутыў — бәрше тазалығыңнан ағла!

622

**—Жоллардан өткенлерге қол жайып күнелтетуғын үш адамның бир жерде турғанын көрип бар пулымды биреўине ғана берип едим, калған екеўи пул алғанға жаман көзлери менен карады. Не қылыўым керек еди?**

**—«Дийўананың душпаны дийўана, байдың душпаны бай» деген даналық бар ғой. Илажың барынша, үшеўине тең бөлип бериўиң керек еди.**

623

**—Басшылық лаўазымда ислегенлердиң да хәсиретли күнлери бола ма?**

**—Егер басшылық лаўазым гүрсисинде отырыўдан киси кешеги күнин бирден умытып, марапатшылардың жылтырақ сөзлерине исенсе хәм дәмегөйлик пенен дүнья жыйнаў жолына түссе, ондайлардың босатылғаннан соңғы хәр бир күни ғана емес, хәр сааты, хәр минуты, хәр деми хәсиретке айналады.**

624

—Инсанға тән, ең мүшкилли бир ғана кемшиликти атасаңыз?

**—Өзинен басқаларды «мен дәрежесинде түсинбейди» деген исеним.**

625

**—Адамлар бир-бирине хабар жеткериўге ойланылмай қолланылатуғын сөзлердиң тәсирлери жөнинде не дейсиз?**

**—Ийса пайғамберге түсирилген «Инжил» китабының биринши гәпи «Әўеле сөз пайда болды...» деп басланыўының өзинен-ақ, инсан өз жуўапкершилигин дурыс уғыныўы тийис деген мәни турыпты. Демек, бәрше кәраматлардан да күшли хәм сол кәраматларды пайда етиўши күш — сөз! Сол ушын да дүнья халықларының барлық тиллеринде: «инсанның хәр қандай хәсиретин умыттыратуғын күш те сөз» деп әнейилик пенен айтылмағанын дәлиллейтуғын әпсаналар, рәўиятлар, хикметлер хәр бир халықта есапсыз. Енди мен гүўасы болған бир жағдай: 1941-45-жыллардағы Гитлер Германиясы менен**



www.ziyouz.com kutubxonasi

болған урыс дәўиринде, 1943-жылдың жазында, мениң анамның туўысқан апасы Бийбихан исимли кемпирдиң үлкен улы «Қалийла қахарманларша қазаланды» деген хабар келип, буны аўыл кеңес басшылары анаға хабар етиў алдынан, оны бул хәсиретке таярлаў мақсетинде Есимбет деген адамды бурынырақ жибереди. Ол кемпирге келип, «ана, үлкен улыңыз Қалийла Қахарман болыпты!..» дейди, Кемпир қуўаныштан қорасындағы жалғыз сыйырын қазығынан шешип, «Сүйиншиге!» деп Есимбетке бас жибин услатады. Есимбет « буны бир өзим алғаным уят болар, Қалийла елдиң ер азаматы еди, оның сүйиншисин пүткил аўыл жесин!» деп, сыйырды әкетпестен сол үйдиң қорасында сойыўға кириседи. Бийбихан апа Есимбеттин бул исине қуўанып, «хәмме аўыл менен бөлисип жейжақ екен» деген ойда тезлик пенен сойған сыйырдың гөшлерин салыў ушын барлық ыдысларды айналасына әкелип қояды. Соның арасында аўыл кеңес баслығы келеди. Қараса, Есимбет сыйырды сойып атыр. «Хә, бийшара ана мәрт екен. Онша жыламай, қара асына сыйырын сойдырып атыр» деген ой менен «ха, Бийбихан апа, тәғдирге қарсы не шара? Биринши улыңыз әдиўли Қалийла ел ушын қахарманларша қаза таўыпты. Ийманын берсин!» дегени сол, кемпир гәптин төркинин бирден түсинип, қапталына ессиз қулады хәм зир-зир қатып, жан тәслим етти... Әне солай, бир хәсиретли хабарды еки түрли сөз бенен айтыўдан да көп нәрсе ғәрезли.



—Сиз бенен бир ушырасыўда Қураны кәримди әўеле орыс тилинде, соң өзбек тилинде оқығаныңызды мойынлаған едиңиз. Мухаддес Қуранда пайғамберимиз Мухаммед әлейхиссаламнан басқа қайсы пайғамбердиң атлары аталады? Олардан қайсылары бул дүньяда неше жыл жасап өткени туўралыда билгенлериңизди айтып берсеңиз?

—Мухаддес Қураны кәримде 25 пайғамбердиң атлары аталады. Олар Тәңиритааланың биринши мехири түскен Адам әлейхиссаламнан басланады. Соннан кейин: Идрис әлейхиссалам, Нуўх әлейхиссалам, Худ әлейхиссалам, Салих әлейхиссалам, Ибрахим әлейхиссалам, Лут әлейхиссалам, Исмайыл әлейхиссалам, Исхақ әлейхиссалам, Якуб әлейхиссалам, Юсуп әлейхиссалам, Шуўайб әлейхиссалам, Айюб әлейхиссалам, Зулкафл әлейхиссалам, Муўса әлейхиссалам, Хорун әлейхиссалам, Даўыд әлейхиссалам, Сулайман әлейхиссалам, Ильяс әлейхиссалам, Аляса әлейхиссалам, Юнус әлейхиссалам, Закарья



www.ziyouz.com kutubxonasi

әлейҳиссалам, Яхье әлейҳиссалам, Ийса әлейҳиссалам, Мухаммед әлейҳиссалам.

Бул уллы пайғамберлердиң атларын Мухаддес Қураннан оқығанымнан тысқары қолыма түскен айырым китаплардан да оқығаным бар. Әттен, ҳеш биринде бул пайғамберлердиң жасап өткен дәўирлери, неше жыл жасағаны жөнинде үзил-кесил айтылған пикирлерди ушыратпадым. Деген менен, базылары жөнинде азмазлап билгенлерим: Мәселен: Муўса әлейҳиссалам бизиң эрамызға дейинги 13-12-әсирде, Даўыт әлейҳиссалам бизиң эрамызға дейиги 11-10 әсирде жасаған екен. Олардан тысқары оқып билгенлеримнен: Идрис әлейҳиссалам 82 жыл, Нуўх әлейҳиссалам 950 жыл, Ибраҳим әллейҳиссалам 170 жыл, Исмайыл әлейҳиссалам 137 жыл, Исхақ әллейҳиссалам 180 жыл, Айюб әлейҳиссалам 93 жыл, Ийса әлейҳиссалам 33 жыл, Мухаммед әллейҳиссалам 63 жыл жасап өткен. Бул уллы пайғамберлердиң баслы мақсетлери көп Қудайлыққа қарсы гүреслер арқалы дүньядағы бәрше инсанлардың исениўи тийис Тәңиритааланың жалғыз екенлигин мойынлатыў. Ал баслы ўазыйпалары, тийкарынан, үш бөлимнен ибарат:

Биринши, бәрше инсанларға бир ғана Тәңиритаалаға исендириў ушын ислер жүргизиў;

Екинши, бәрше инсанларға қыямет күни барлығын, ҳәр ким өзиниң бул дүньяда қылған ислерине ылайық баҳаланып, Жәннет ҳәм Дозақтан жай алатуғынына исендириў;

Үшинши, бәрше инсанларға, олардың о дүньядағы ҳәм бул дүньядағы ләззетке ерисиў жоллары тек Тәңиритааланың аты менен байланыслы екенин түсиндириў!

627

—1990-жылы сиз Меккеге хажылық сапар қылғанда да жазыўшы сыпатында күнделик те жазған болыўыңыз итимал. Саудия Арабстаны жөнинде кеңирек айтып бересиз бе?

—Қолым жазыўға келип, көзлерим көрип турса, күнделик жүргизетуғыным сыр емес. Күтә қысқа жазаман. Ал сизиң сораўыңызға тәкаббил сораўға бурында жуўап берген болыўым мүмкин. Солай болса да, ҳәр қыйлы баспа тараўларында басылған китаплардан оқып, аўызеки Рәўиятлардан, әпсаналардан, ҳикметлерден еситип соң 1990-жылы өзим барып анықлаўым бойынша Ҳажылық сапар Саудия Арабстанының Мекке қаласынан басланады...



www.ziyouz.com kutubxonasi

...*Араб еллеринде көп жыллар өз-ара хәр қыйлы урыслар болып*, нәтийжеде, 1902 жылда Абдулазиз ибн Сауд исмли адам мәмлекет басына шыққан екен. Соннан 1932-жылға келип, мәмлекетке «Арабия ас Саудия» яғный «Сауд Арабстаны» деген ат бериледи.

Мәмлекет ислам дининиң талап еткен нызамлары бойынша басқарылады. Басқа мәмлекетлер сыяқлы өз Конституциясы жоқ екен. Мәмлекет басшысын патша деп атайды. Басшылық атадан балаға, яғный, әўладтан әўладқа өтип бара береди. Патша «Еки Мешиттин хызметкери» деген атаққа ийе болады. Бул еки мешиттиң бири: Меккедеги Масжид-ул Харам, екиншиси, Мадинадағы Масжид ун-*Набий*.

Мәмлекеттиң территориясы 2,15 миллион квадрат километр, яғный Арабстан ярым атаўының 80 пайызын қурайды. Халқының саны 18 миллион әтирапында, орайы Ар Риед, 13 ўәлаяттан ибарат. Тийкарғы байлығы нефть. Саудия Арабстанынан шығатуғын нефть пүткил дүньядағы шығатуғын нефтьттиң дерлик оннан бирин қурайды.

Территориясының көпшилиги қумлық. Соған қарамастан, Голландиядан қум сатып алатуғын дүньядағы бирден-бир мәмлекет Саудия Арабстаны. Қумлары, тийкарынан, дузлы болады екен.

Бәрше мусылманға аян: ислам дини бойынша хәр бир мусылманнан бес нәрсе талап *етиледи: биринши, ийманды (пәкликти) сақлаў*; екинши, намаз оқыў; үшинши ораза тутыў; төртинши, малдан-бастан закат бериў; бесинши, имканиятың болса Кабаға хажылық сапар қылыў...

Хажылар әўеле Меккедеги Масжид ул Харамды, соңынан Мадинадағы Масжид ун-Нәбийди зияратлап сапарын жуўмақлайды.

Байтуллах деп аталған тийкарғы кәраматлы жайдың (Каабаның) есиги 286 килограмм алтыннан исленген деседи.

Хажылыққа келген мусылман Каабаны жети рет айланғаннан кейин, оның шығыс тәрепинде турған қара тасты (араби Хажар ул-Асвадты) сүйеди. Каабаның бир қапталында Обизәм-зәм булағы бар. Оның суўы кәраматлы, айырым кеселликлерге даўа. «Обизамзамның суўына жуўылған өлиниң руўхы тазарып, гүналары кеширилип, ол ушын бейишке жол ашылады» деген де рәўият бар...

Соңында хажылар шайтанларға тас атыўға жолланады. Олар кәраматлы Каабадан әдеўир шетте, мисли гүнгара печь үлгисинде салынған үш минәрет. Хажылар жеңекей Мина таўынан 42 тастан терип алып, олардың (Сол гүнгара печь үлгисиндеги үш минәреттин) яғный шайтанлардың биринщисине 7, екинщисине 14, үшиншисине 21 тас атады...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сауд Арабстанның барлық мәмлекетлерден өзгешелиги — оның гүллән территориясында арақ хәм басқада кейип көтериўши ишимликлер ишиў қадаған. Набада әлле кимнен ишкиликлер табылса, ол қатты жазаланады. Соның менен бирге, оқ атар қураллар, ибрит (еврейлер) жазыўындағы китаплар, хүжжетлер Сауд Арабстанының мәмлекетлик шегарасынан ишке өткерилмейди...

628

—Жазыўшы менен әдебиятшы алымның айырмасы неде?

—Жазыўшы қыялында писке ўақыялар, шығарма дөретиўши, әдебиятшы бар китаплар тийкарында, китап дөретиўши.

629

—Адамның көленкеси еки қыйлы болар-мыш. Қалайынша?

—Биринsocиси, қуяшлы күни адамның өзи менен жарысыўшы сыпатында айналасынан қалмай оияқ-буяғына шығып жүретуғыны тәбийий көленкеси болса, екиншиси, көзге көринбеген жағдайда бәрха өзи менен бирге жүретуғын көленке. Екинши көленке инсанның өзи күтпеген, билмеген жағдайларда жанын алады. Оның аты жан алғыш — Әзрейил..

630

—Буддизм дининдеги Будда Қудайдың атыма я пайғамбердиң аты ма?

—Хеш бир динге толық қәнийге емеспен, әлбетте. Бирақ хәр қыйлы газеталардан, журналлардан, китаплардан оқып, буддизм динийдеги базы адамлар менен ушырасып сөйлескенлеримнен анықлағанларым:

Буддизм дининиң тийкарын салыўшы кәрамат ийеси Сидд Хартки Гаутама Будда делинеди. Будданың тийкарғы исми — Гаутама. Ал Будда оның лақабы.

Гаутаманың карапайым адамларға жақсылық етиў жолында өз басынан кеширген гүллән сергизданлықларын, шыдамлылығын есапқа алып, Қудай оның қәлбине өз нурын қуйған. Сол себепли «Будда» сөзи «Нурланған» — «барлық илимге жетик» дегенди аңлатады екен. Гаутама Индияда, оғыры бай шаңарақта, бизиң эрамызға дейинги 623-жылы туўылған. Бирақ жасынан-ақ оның жан сезимлерин адамзат арасындағы теңсизликлер көп қыйнап, 29 жасында үйинен биротала



www.ziyouz.com kutubxonasi

бас алып кетеди де, таўлар араларында, шөлистанлықларда жасайды. Инсансыз дүздиң барлық азапларына, шөлге, ашлыққа шыдап күнелтеди. Усылайынша, арадан жети жыл өткенде, ол өзинде әлле қандай руўхый күш сезип, өз қәлбинде пайда болған адамгершилик тәғлийматларды халық арасында ен жайдырыўға кириседи. Оның тәғлийматлары өзинс дейинги Ҳиндстанда ҳүким сүрген Брахманизм дининиң: «бай, әзелден бай болып, жарлы әзелден жарлы болып туўылады, инсан өз тәғдирине көнлигиўи керек», деген тәғлийматларына қарсы: «бәрше инсан тең туўылады... рети келсе, бай жарлы, жарлы бай болыўы мүмкин» деген идеяны тарқатыў менен бирге, «инсанды Қудайлар-әм, байлықлар-әм жәмийетте тутқан жоқары орынлары-әм азаплардан қутқара алмайды. Инсан өз руўхын тәрбиялаў арқалы бәрше азаплардан қутыла алады»... деген идеяны ортаға салады.

Усылардың тийқарында Будда Гаутама өзиниң тәрепдарларына, шәкиртлерине мынадай оң тәғлийматты иске асырыўды кеңес етеди:

1. Бәрше жанлы мақлуқатларға азап бермеў.

2. Ар-намысын ҳәм өзгелерге сыйласықты сақлаў.

3. Жалған сөйлемеў.

4. Урлық-ғарлыққа жол қоймаў.

5. Мәс ҳалға түсиретуғын ишимликлерди ишпеў.

6. Аса тойып аўқат жемеў.

7. Орынсыз салтанатларға қатнаспаў.

8. Қымбат баҳалы тағыншақлардан, артық-аспай зийнетлерден пайдаланбаў.

9. Жумсақ пәр көпшиликлерде уйықламаў.

10. Күтә қымбат баҳадағы затлардан саўғалар алмаў.

Бул тәғлыйматлар Ҳиндстан халқы арасында әсте-ақырын ең жайып, оннан кем-кем Шығысқа: Монголия, Қытай, Япония еллерине шекем тарқалады. Бул еллерде Будда дини ҳәзир де ҳүким сүреди. Айрым мағлыўматлар бойынша, дүньяда 260 миллионнан аслам инсан Будда390 дининде. Базы ҳүжжетлерде жазылыўынша, Будда пайғамберлик дәрежеге жетип қайтыс болған...

631

—Көп аўылласларым мени танымайды. Не қылсам екен?

—Ең әўеле өзиң бәрше аўылласларыңды таныўға тырыс. Ҳәр бири менен тәнҳа көрисип, сөйлесип, сырласып турыўға умтыл. Сонда изи гүлала гүлге айналып, мақсетлериң иске аса баслайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 632

—Музыкаға қызығыўшылығыңыз қалай?

—Қызығаман, бирақ жартыўлы түсинбеймен. Буны мойынлаўға уялып жүргенимде, француз драматурги Бомаршениң: «айтыўға арзымайтуғын нәрселердиң музыкаға айналғанын жек көремен», ал француз тарийхшысы Теофоль Готьениң: «қумар ойынды, хаялды, музыканы сирә түсинбеймен» деген пикирлерин оқығаным бар. Уллы шайыр Виктор Гюгоның қосықларына музыка жаздырыў күтә қыйын болған, себеби ол «қосықтың тексти биймәни музыканың астында түсиниксиз қалып кетеди» депти.

Наполеон Бонапарт жарадар нөкерлери ушын емлеўханада музыка шерттириўге буйрық берсе де, өзин музыкадан аўлақ тутады екен... Мен де солар киби қам сүт емген бендемен ғой.

## 633

—Көбинесе қағазға қарамай сөйлеў шешенлигиңиз әзелден бар ма?

—Пединститутты питкерип, «Әмиўдәрья» журналында ислеп қалғаннан соң, көп өтпей, еки жүзлеген адам қатнасқан жыйналыста сөйлеўге тийис болдым. Биринши гәпти баслағаным, даўысым кем-кем бузылып, жылап баратырған секиллимен. Зал маған дуў күлисип, қол шаппатлады. Соннан соң үнсиз минберден түстим де, биротала үйиме қайтып, не қыларымды билмей китаплар ақтарғанымда, әййемги юнон ораторы, сиясатшы Демосфенниң еркин сөйлеўди үйрениў мақсетинде, өзине төле қазып алып, соның ишинде жалғыз өзи еркин сөйлеўге қалайынша таярланғанын оқып қалдым да, оған еликлеп, жатақ жайымда хеш кимсиз жағдайда, гейде қаланың сыртына шығып кетип, өзимше еркин сөйлеўди үйрениўге киристим...

## 634

—Отпараслық, яғный Зардуштидиң (592-515) дини, оның тәлийматлары жөнинде билесиз бе?

—Билиў қайда, бирақ аз-азлап оқығанман. Баспа сөзлерде кең тарқалған пикирлерге қарағанда, Қудайдың өз пайғамбери деп есапланған Зардушти буннан 2500 жыллдай илгери дүньяға келип, өзиниң диний тәлийматларын тараткан.

Көплеген хүжжетлер бойынша Зардушти Хорезмде, және биреўлеринде Самарқанд әтирапларында, ал үшиншилери бойынша Иранда туўылған. Ең баслысы, Зардушти Туран жеринде туўылғаны анық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ўатанласымыз Берунийдиң (973-1048) жазыўлары бойынша Зардушти Будда сыяқлы жас гезинде-ақ дүньяны тәрк етип, сайыллық жолына түскен.

Ол усылайынша хақ нийет пенен жүрген гезлеринде Қудай оны көрип, сүйип, бир китап түсирген. Усыннан соң ол бетлери жазыўларға толы бир буўат қағазды қолында услап патшаға көрсетиў ушын оның есиги арқалы емес, дийўаллары арасынан киреди.

Шырт уйқыда жатырған патша дийўал шаўқымнан оянып, Зардуштиге көзи түсиўден, оған кәҳәрленеди... Зардушти оны жубатыў мақсетинде, Қудайтаалададан китап түскенин айтқанда, патша исенбей, бул өтирикшиниң төбесинен мыс қайнатып қуйыўды буйырады. Зардушти сыпт етпей бул буйрыққа шыдап, қолына китабын услаўы менен аспанға қарап: «Әй, Қудайым, мениң қолымдағы китабым сеники болса, мени қайнатылған мыс азабынан өзиң қутқарагөр!» деп сыйынады. Зардуштидиң өтиниши қабыл болып, еритилген мыс еритиндиси оған зәлелсиз үстинен жерге ағады.

Әне, сол китап «Авесто» екен. Оның әўелги пайда болыўы 21 китаптан, 350 мың сөзден ибарат болып, Иран патшасы Дороның сарайында 12000 сыйыр терисине алтын ҳәриплер менен жазылған. Әттең, Александр Македонский (Искендер Зулқарнайын) бул китаптың бестен төрт бөлегин өртетеди. Усыннан соң юнон нөкерлери өртелген китаптың күлине таласып, күл арасындағы көп алтынларды терип әкетеди. Китаптың жандырылмаған бөлегин Искендердиң тәнҳа өзи алып кеткен.

Солай етип, бул китаптан бизиң дәўиримизге 83 мың сөз келип жеткен, деген тастыйықлаўлар бар.

Ал, базы бир тарийхый ҳүжжетлерде Самарқандта «Авесто»ның ҳәм бир бөлек жазыўлары сақланып, оның айырым бетлеринде реҳимсиз Александр Македонскийдиң атына нәлет сөзлери жазылған, делинеди.

Әййемги ҳүжжетлерде «Авесто» китабы, тийкарынан, бул дүньяны пайда еткен, бирақ бир-бирине қарама-қарсы еки уллы күштиң — Жақсылық, яғный әдиллик қудайы Ахурамазда ҳәм Жаманлық — яғный ғазабат Қудайы Ахиромонның бирликтеги китабы депте айтылады. Солайынша «Авесто» да уллы еки қудай арасындағы гүреслер. яғный инсан тәғдирин қәлиплестириўдиң уллы-уллы еки қыйлы тәлийматларының жарысы өз орнын табады.

Зардуштидиң бул унамлы ислерин унатпаған патша оған жаманлық қылып, 42 жасында елден шығарып жибереди... Зардушти 77 жыл жасаған делинеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Авесто» жөнинде тек бир теңеў айтыў менен шекленсек былай:

Ғазабат қудайы Ахиромон дүньяға хәр қыйлы 9999 кеселликлер жиберсе, Әдиллик Қудайы Ахура Мазда оларды емлеўге 10 мың түрли дәри-дәрмаклар жиберген. «Авесто» бойынша адамзат екиге бөлинип, бир жағы Ахура Мазда тәрепин тутса, екинши жағы Ахиромон тәрепинде болып, гүрес еле даўам етпекте: Ахура Мазда тәрепиниң нийети бир-биреўге мехир, парахатшылық, тынышлық, абадан өмир инам етиў; ал Ахиромон тәрепиниң нийети: талас-тартыс, урыс-қағыс, ашкөзлик, қыткершилик, бир-биреўди талаўшылықты қоллап-қуўатлаў.

Хәр заман, хәр дәўирдиң уллы даналары «Авесто»нын мазмунлары бойынша хәр қыйлы көз-караслар билдириўин даўам етпекте. Немец шайыры уллы Гёте Европаның Ийса пайғамберден соң Зардуштиди мойынлағанын жазса, Шығысты тән алған Гёте менен Шығысты тән алмаған Гегель аралығындағы жағдайды терең үйренген философ Ф. Ницше Зардуштиди «Жоқары қүдиретке ийе адам» деп мойынлаған.

Зардушти пайғамберлиги хаққында дүньяда хәр қыйлы көзқараслар көп. Ең баслысы, қайсы инсан «Авесто» китабын оқып, өзинше жуўмаққа келсе, оны, мениңше, Қүдирети Күшли Қудайдың өзи де шеп көрмейди.

Соның менен бирге, көп ғана алымлардың изертлеп илимий тастыйықлаўлары бойынша, «Авесто» идеяларын Маўарауннахр халықларының мәмлекетлик мафкурасы (идеялогиясы) деседе болады.

«Авесто»ны үйрениў, тийкарынан, үш дәўирге бөлинген.

1. Әййемги дәўир авестошылығы. Бунда әййемги Юнонлар, Римлилер, Яхудийлер, Шамлылар өз дәўирлериниң бийик ой-пикири деп санаған.

2. Орта әсир Шығыс авестошылығы. Оның орайлары деп Бухара, Хорезм, Хорасан саналады. Уллы алламалар Фирдаўсий (934-1025), Беруний өз әсирлериниң уллы авестошылары болған. Усы тийкарда тасаўиф илими раўажланған.

3. Жаңа дәўир авестошылығы 18-әсирден басланады...

«Авесто» көп тиллерге аўдарылған. Оны орыс тилине аўдарыўшылар Шығыстың изертлеўшилери Е. Бертельс, И.Багинский болған. Оны таўып оқыў хәм белгили жуўмаққа келиў хәр инсанның өз еркинде... Ким оқып үйренсе, өзине нәмәлим көп тарийх тәлийматларынын сырларын ашады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 635

—Адамзаттың демографиялық раўажланыўы процесси жөнинде не билесиз?

—Көп оқысаң, көп билесең. Гейде көп оқыў да зыянлы сыяқлы. Себеби базы алымлардың әллеқайсы пикирлерине қосылыў, онша жақсылыққа да әкелмейди. Сөйтседе, сизиң сораўыңыз бойынша ҳәзирше билгенлерим:

Биринши: Демографлық алға секириў неолит әсирине туўры келеди. Бул дәўирде адамзат 5-10 есеге көбейип, дүньядағы адамлар 50 миллионға жеткен. Олардың жасаў шараятлары да жақсы болған. Тарийхшылар бул дәўирди «Алтын дәўир» деп атайды. Себеби адамзат арасында теңлик ҳүким сүрген-бийм.

Екинши: Раўажланыўы, яғный, алға секириў XVIII-XIX әсирлерде жүз берген. Бул дәўирде адамзаттың ден саўлықты сақлаў билими раўажланған: Дийқаншылық ҳәм қол мийнетин кемейтиў, санаат раўаж тапқан. Ҳәр қыйлы жеңил кәсиплер пайда болған.

Үшинши: Раўажланыўы XX әсирге туўра келеди. Бул әсир екинши жер жүзлик урыс пенен басланғанына қарамастан, илим, пән, техника жақсы раўажланған, қол мийнетин қысқартыў бас ўазыйпаға айналған.

Нәтийжеде, XX әсирдиң 20-жылларында адамзаттың саны 2 миллиард болса, 50-жылларда 3 миллиард, 90-жылларда 5 миллиард, ал, XX әсирдиң ақырына келип адамзаттың саны 6 миллиардқа жетти. Буған себеп илим ҳәм техниканың, жақсы жасаўдың жоллары бираз ҳәўиж алып кеңейгенлиги.

Әне, усылай бара берсе, XXI әсирде адамзат жоқарыда келтирилген сәнелерден де көп дәрежеде раўажланатуғыны сөзсиз.

## 636

—Дүнья адамлары неше түрли мақсетте жасайды деп билесиз?

—Дүньяда неше миллиард адам болса, сонша миллиард мақсетлер барлығына даў жоқ.

Солай болсада ҳәр адам еки нәрсени мақсет етеди. Бир топары жасаў ушын аўқат жейтуғынлар болса, екиншилери аўқат жеў ушын жасайтуғынлар топары... Сизде өзиңиздиң қайсы топарға киретуғыныңызды ойлап жасасаңыз бираз нәрсеге түсинесиз.

## 637

—Қандай артистлерди унатасыз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Қайсы миллеттен болса да өз кәсибин шексиз сүйип, тамашагөйлердиң талабына сай ҳалда, биринши нәўбетте, өз миллетиниң данқын көтериў ушын жанын пидә қылатуғын ҳақыйқый талант ийелерин жақсы көремен.

638

—Ата-анаға мүнәсибетлер жөнинде не дейсиз?

—Бундай сораў бериўдиң өзи гүнә! Бирақта базы данқпараз парахорларға усап ертеректе қазаланған ата-ананың басына үлкен естелик жай салыў мақсетинде, оның әйналасындағы бийгүнә қәбирлерди тегислетип жибериў ата-анана ҳүрмет емес, керисинше, еки дүньяң ушын да жүзикаралық.

639

—Қәбир басларында, садақаларда, аўқат жеп болған соң қуран тилаўат қылынғанда хәр бир молланың ҳәр қыйлы қирәәтлер менен оқығаны неси?

—Ҳәр кимниң өзиншеллигин бийкарлаў да жақсы үрдис емес. Уллы алламалардың айтыўы бойынша, Қуран араб тилиниң жети шеўасында (диалектинде) жазылған. Қайсы молла қайсы шеўада жазылған Қураннан оқып үйренген болса, сол шеўада оқыйтуғын болыўы итимал.

640

—Ҳажы сыпатында еситкен болсаңыз, Жәннет пенен Дозақтың кирер дәрўазалары жөнинде айта аласыз ба?

—Жәннет ҳәм дозақ ҳаққында тақыўа аталардан көп рет еситкенлерим ҳәм қолыма түскен айырым китаплардан оқығанларым бойынша Жәннетте сегиз дәрўаза, Дозақта жети дәрўаза бар екен.

**Жәннеттиң дәрўазалары:**

1. Алланың пайғамберлери, шейитлер, пәк ҳәм сақый инсанлар киргизилетуғын дәрўаза;
2. Намазханлар киргизилетуғын дәрўаза;
3. Өз ўақтында закат берип туратуғынлар киргизилетуғын дәрўаза;
4. Ахли маъруф, нахий мункар қылған мөминлер киретуғын дәрўаза;
5. Нәпсин жылаўлап жүретуғынлар киретуғын дәрўаза;
6. Ҳажылыққа барғанлар менен Хумра қылғанлар киретуғын дәрўаза;
7. Мужахидлар киретуғын дәрўаза;



www.ziyouz.com kutubxonasi

8. Тақыўадарлар ҳәм ата-анасын ырза қылып жасағанлар киретуғын дәрўаза.

Жәннетте бир салмадан тынық суў, екинши салмадан айнымайтуғын суў, үшинши салмадан шарап, төртинши салмадан таза пал ағып турады екен. Жәннетке кирген еркеклер 33 жасар, ҳаяллар 16 жасар ҳалатларға түсириледи екен.

Ал енди **дозақтың дәрўазалары**:

1. Ховия деп аталған дәрўаза. Ол ең шуқырлықта болып, оннан мунафиқлар, Фирьаунға усайтуғын нағыз кәпирлер киреди екен;

2. Жаҳим — деп аталған дәрўаза. Оннан мушрықлар киритиледи екен.

3. Сахар — деп аталған дәрўаза. Ол диннен шыққан муртадалар киргизилетуғын дәрўаза.

4. Лазо — деп аталған дәрўаза. Оннан Иблис шайтан ҳәм олардың дослары және мажуслар киргизиледи екен.

5. Хутама — деп аталған дәрўаза. Оннан Тәңиритааланың ҳәмирине бойсынбаған кәпирлер киргизиледи екен.

6. Саир — деп аталған дәрўаза. Оннан Тәңиритаалаға шек келтиргенлер киреди екен.

7. Жәҳәннем — деп аталған дәрўаза. Оннан ҳәр қыйлы гүналар, ғыйбатлар қылып, соңынан тәўбеге келмеген мусылманлар киреди екен.

Ал, Тәңиритааланың өз бенделерине меҳири соншелли, қәлбинде Тәңиритаалаға исеним болған бенделер аўыр алжасықлары ушын дозаққа түсирилген менен, онда мәңги қалдырылмай, жазасын өтеп болғаннан кейин, жәннетке өткериледи екен. Ал, Тәңиритааланың бирлигин, оның елшисин ҳеш қашан мойынламаған кәпирлер дозақта мәңгиге қалады екен...

641

**—Көп диндарлар Қудирети Күшли Қудайымның 99 аты бар дейди. Оның үстине бизлер гейде Аллатаала, гейде Қудайтаала, гейде Тәңиритаала деймиз. Булар да сол 99 атқа кире ме?**

— Бирден ескертейин: Қудирети Күшлимизди ҳәр халық өз ана тилинде өзинше атайды. Мәселен, араблар «Аллатаала!» десе, парсы тилиндегилер «Қудайтаала!», Түркийзибанлар, соның ишинде, бизлер де, «Тәңиритаала!» деймиз. Орыс тилинде «Бог» делинеди. Бул атамалардың мәнилери теңдей. Ал арабша «Аллаға», парсыша «Қудайға», Түркийзибанларда «Тәңирге» қосылып айтылатуғын «таала» сөзи «уллы», «жоқары», «бийик» деген мәнини аңлатады. Ал енди сизиң



www.ziyouz.com kutubxonasi

сораўыңызға толық жуўап излеп, қолыма түскен ҳүжжетлерди оқысам, Қүдирети Күшли Тәңиритааланың атлары, ҳақыйқатында, тоқсан тоғыз екен. Уллы пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссалам: «Аллатааланың тоқсан тоғыз атын толық тәкирарлаған бенде, әлбетте, жәннетке киреди» деген. Сол ушын, кәне, бирге тәкирарлайық:

1. Аллаҳ — Тәңири, Маъбуди бар ҳақ, дегенди аңлатады.

2. ар-Рахман — өте меҳрибан, дегенди аңлатады.

3. ар-Рахим — күтә реҳимли, дегенди аңлатады.

4. ал-Малик — патша, дегенди аңлатады.

5. ал-Қуддус — нуқсанлар жоқ, дегенди аңлатады.

6. ас-Салам — апат ҳәм бәлелерден аман, дегенди аңлатады.

7. ал-Мөхмин — аманлық ҳәм аманлық бериўши дегенди аңлатады.

8. ал-Муҳаймин — ийелеп, орап алыўшы, дегенди аңлатады.

9. ал-Азиз — иззетли ҳәм қүдирет ийеси, дегенди аңлатады.

10. ал-Жаббар — бенделериниң ислерине жаңалықлар ендириўши, дегенди аңлатады.

11. ал-Мутаккабир — үлкенлик жарасатуғын күш, дегенди аңлатады.

12. ал-Халық — жаратыўшы, халық етиўши, дегенди аңлатады.

13. ал-Бориъ — инсанды жаратыўшы, халық етиўши, дегенди аңлатады.

14. ал-Мусаввир — мақлуқатларға, бәрше тири затларға түр, түс, рең бериўши, дегенди аңлатады.

15. ал-Ғаффар — бенделериниң айыпларын, кемшиликлерин, гүналарын әшкара етпей жаўып турыўшы, кешириўши, дегенди аңлатады.

16. ал-Қаҳҳар — бәршени бойсындырыўшы жеңимпаз, дегенди аңлатады.

17. ал-Ваҳҳаб — ҳәр шаңарақка зәрүрли нәрселердиң мутқа инам етиўши, дегенди аңлатады.

18. ар-Раззах — бәрше тири жанзатлардың ырысқысын жеткерип бериўши, дегенди аңлатады.

19. ал-Фаттах — ҳүким етиўши, алғыс-ғәзийнелерин кең ашыўшы, дегенди аңлатады.

20. ал-Алий — билиўши, жаңа илим ийеси дегенди аңлатады.

21. ал-Қабыз — кимлердендур ырысқын қыйыўшы, өзиниң қабызына алыўшы, дегенди аңлатады.

22. ал-Ўосит — кимлергедур кең ырысқы бериўши, руўх бағышлаўшы, дегенди аңлатады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

23. ал- Ҳафиз — кәпирлердиң мәртебесин түсириўши дегенди аңлатады.

24. ас-Рафиъ — мөминлердиң мәртебесин көтериўши дегенди аңлатады.

25. ал-Муйиз — қәлегенлерин әзизлеп, қәдирли қылыўшы дегенди аңлатады.

26. ал-Музилл — қәлемегенлерин қор-зар қылыўшы дегенди аңлатады.

27. ас-Самиъ — ашық хәм жасырын гәплеринди, келеңкели, сырлы пикирлерди хәтте қәлблерге келген ой-туйғыларды билиўши хәм еситиўши дегенди аңлатады.

28. ал- Басир — ҳәмме жасырын ҳәм ашық нәрселерди де көриўши дегенди аңлатады.

29. ал-Ҳакам — шешиўши, ҳүким етиўши дегенди аңлатады.

30. ал-Адл — күтә әдалатлы дегенди аңлатады.

31. ал-Латиф — бенделерге сездирмей өз қайыр-сақаўатын инам етиўши дегенди аңлатады.

32. ал-Хабир — ҳәмме жасырын ҳәм ашық ислерде хабардар дегенди аңлатады.

33. ал-Ҳалим — жазалаўға асықпайтуғын, сабырлылық пенен жақсылық қылып турыўшы дегенди аңлатады.

34. ал-Азим — уллы, бийик, үлкен дегенди аңлатады.

35. ал-Ғафур — гүналарды жасырып, жаза бермей турыўшы дегенди аңлатады.

36. ат-Шакур — азырақ ислерине де көп сыйлық бериўши дегенди аңлатады.

37. ал-Олий — уллы мәртебели, бийик дәрежели дегенди аңлатады.

38. ал-Кабир— үлкен, ҳәмме тараўда жоқары, дегенди аңлатады.

39. ал-Хафиз — өз панасында сақлаўшы, дегенди аңлатады.

40. ал-Мухит — материаллық ҳәм руўхый жақтан қуўатлаўшы, дегенди аңлатады.

41. ал-Хасиб — ҳәр бир истиң питиўине өзи қайырқом, дегенди аңлатады.

42. ал-Жалил — бәрше сыпатлары кемиссиз уллы қүдирет ийеси, дегенди аңлатады.

43. ал-Кәрим — жарылқаўшы, сақаўатлы, кешириўши, дегенди аңлатады.

44. ар-Раҳиб — ҳәмме нәрсени сақлап, өз дыққатына алып турыўшы, дегенди аңлатады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

45. ал-Мужиб — дуўаларды қабыл етиўши, дегенди аңлатады.

46. ал-Васиъ — мүлки, рахмети, қүдирети кең болған күш, дегенди аңлатады.

47. ал-Ҳаким — хикметлер ийеси, сырлы ҳәм нәзик илимлерди билиўши, дегенди аңлатады.

48. ал-Вадуд — дос, тилеклес, дегенди аңлатады.

49. ал-Мажид — тағамлары ҳәм инәми шексиз, дегенди аңлатады.

50. ал-Бони — пайғамберлер жибериўши, өлгеннен кейинде қайта тирилтиўши, дегенди аңлатады.

51. аш-Шаҳид — ҳәмме нәрсени билип, көрип турыўшы, гүўа, дегенди аңлатады.

52. ал-Ҳақ — хақыйқаттан да бар күш, дегенди аңлатады.

53. ал-Вакил — ҳәмме servicesлерди өз жуўапкершилигине, кепиллигине алыўшы, дегенди аңлатады.

54. ал-Кавий — ҳақыйқый қуўат ҳәм қүдирет ийеси, дегенди аңлатады.

55. ал-Матин — қуўатлы, төзимли, дегенди аңлатады.

56. ал-Валий — досларына дос, мәдәткар, дегенди аңлатады.

57. ал-Хамид — улығлаўға, хүрметлеўге, мақтаўға ылайықлы, дегенди аңлатады.

58. ал-Мухсий — бәрше маклукатлардың ҳәм жанлы-жәниўарлардың есап-санағын жақсы билиўши, дегенди аңлатады.

59. ал-Мубдиъ — жоқтан бар қылыўшы, жаратыўшы, дегенди аңлатады.

60. ал-Муид — өмирден өлимге, өлимнен және өмирге қайтарыўшы, дегенди аңлатады.

61. ал-Мухийи — тирилтиўши дегенди аңлатады.

62. ал-Мумит — өлтириўши, дегенди аңлатады.

63. ал-Хай — тири дегенди аңлатады.

64. ал-Қайюм — өз-өзинен турыўшы, басқаларды да турғызыўшы, дегенди аңлатады.

65. ал-Важид — қәлеген нәрсесин табыўшы, дегенди аңлатады.

66. ал-Мажид — қайырқом ҳәм данқлы күш, дегенди аңлатады.

67. ал-Вахид — жекке, биреў (Қудай биреў), дегенди аңлатады.

68. ал-Самад — мүтәжди питкериўши, дегенди аңлатады.

69. ал-Қадир — Қүдиретли, дегенди аңлатады.

70. ал-Мухтадир — Қүдирет ийеси, дегенди аңлатады.

71. ал-Мухаддим — өзине жақын қылыўшы, дегенди аңлатады.

72. ал-Муаххир — өзинен узақлатыўшы, дегенди аңлатады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

73. ал-Аввал — ҳәмме нәрседен әўел, басланыўы шегарасыз, дегенди аңлатады.

74. ал-Охир — ҳәмме нәрседен бақый, мәңгилик, ақыры шексиз, дегенди аңлатады.

75. аз-Захир — барлығы ҳәмме тәрепинен белгили күш дегенди аңлатады.

76. ал-Ботин — өзи бар, бирақ сезиў ағзаларымыздан қупия күш, дегенди аңлатады.

77. ал-Валий — бәрше ислерге ийелик етиўши, Ҳәким, дегенди аңлатады.

78. ал-Мутаолий — уллы, жоқары мәртебели, дегенди аңлатады.

79. ал-Барр — жақсылық ҳәм мириўбет ийеси, дегенди аңлатады.

80. ат-Тавваб — тәўбелерди қабыл етиўши, дегенди аңлатады.

81. ал-Мунтаким — гүнакар бенделерден өш алыўшы, жазалаўшы, дегенди аңлатады.

82. ал-Афуу — гүнакарларды әпиў етиўши, кеширимли, дегенди аңлатады.

83. ар-Рауф — күтә меҳрибан, алғысы кең, дегенди аңлатады.

84. Моликул-мүлик — мүлик, салтанат, ҳүким ийеси, дегенди аңлатады.

85. Зул-жалали вәл икрам — данклы ҳәм ғамхор, дегенди аңлатады.

86. ал-Мухсит — әдалатлы, әдил дегенди аңлатады.

87. ал-Жомиъ — топлаўшы, қыямет күнинде халықты баратуғын жерине жәмлеўши, дегенди аңлатады.

88. ал-Ғаний — бай, ҳеш нәрсеге мүтәж емес, дегенди аңлатады.

89. ал-Муғный — бай етиўши, қоллап-қуўатлаўшы, дегенди аңлатады.

90. ал-Мониъ — жақсыларын қоллап-қуўатлаўшы, қоллап-қуўатлаўға ылайық емеслердиң ырысқалын тоқтатыўшы, дегенди аңлатады.

91. ал-Зорр — қәлеген бенделерине апат, зәлел ҳәм мүсийбет жеткериўши, дегенди аңлатады.

92. ан-Нафиъ — қәлеген бенделериниң мәпин қуўатлаўшы, пайда жеткериўши, дегенди аңлатады.

93. ан-Нур — өз-өзинен барлығы анық ҳәм барлықты анық етиўши, дегенди аңлатады.

94. ал-Захий — жол көрсетиўши, дегенди аңлатады.

95. ал-Валиъ — жаратыўшы ( жоқты бар етиўши), дегенди аңлатады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

96. ал-Бахий — барлық ўақытта бар, мәңгиге тири, дегенди аңлатады.

97. ал-Ворис — барлықты мийрас қылып алыўшы, дегенди аңлатады.

98. ар-Рашид — бәрше ислери, илажлары дурыс шығыўшы, дегенди аңлатады.

99. ас-Сабур — гүнәкар-гүдибузарларды жазалаўға асықпайтуғын күш, дегенди аңлатады.

Әне жоқарыда аталған 99 ат Қүдирети Күшли Тәңиритааланың исми шәриплери... екен.

642

—«Дин», «кәте» деген сөзлерди қалайынша түсинсе болады?

—Пайғамберимиз Мухаммед әллейҳиссалам ҳәдислеринде «дин бул пәкликти аңлатады» деген екен. Басқаша түсиник болыўы мүмкин емес. Ал «Кәте» деген сөзге келсек ол «динге қарсы» деген мәнини билдириў менен «кәтесин дүзете алмаўшылық, бахытсызлық екенин аңлатады» екен.

643

—Инсанлар кәлблеринде усаслық болама?

—Базы адамлардың бет әлпети бир-бирине усағаны янлы, кәлблеринде де усаслық болады. Бирақ бул усаслық олар бир-бирин сораспай-ақ түсиниседи дегенди аңлатпайды.

644

—Бул дүньяда мәңгилик емеслигиңиз сизди де толғандырама?

—Әлбетте. Мәңгилик емеслигинди сезинип жасаўдың өзи жаныңа мәңги егеў болып, айналаңа сүйиспеншилигинди екилендириўге бас себепкерге айналады. Тек тәўбе қылып жасаў керек.

645

—Мәкемемизде айырым адамлар-өзлери күнде мақтап жүрген басшысы босатылса, бирден-ақ оны жаманлап, жаңасын мақтаўға кириседи. Мен өйте алмағаным ушын мәкемемизде абырайсызбан. Не қылайын?

—Егер жаның сезген бәрше хақыйқатлықты ишинде бүклеп сыйдыра билсең, сол жүзегөйлер менен жарысқа түсип көр. Бәлким женерсең.

www.ziyouz.com kutubxonasi

646

—Биреўлер «көзлерине исен» десе, екиншилер «қәлбине исен» дейди. Қайсысы дурыс?

—Көзлердиң көриў шегаралары болады, ал, қәлбтиң түсиниў шегарасы шексиз. Қайсысын дурыс меңгере билсең, соған исенип жаса. Сөйтседе, мениң диний китаплардан оқып, рәўиятлардан уғынғаным:

Инсан тирилигинде, биринши, жекке Тәңиритаалаға; екинши, Тәңиритааланың жаратқан периштелерине; үшинши, Мухаддес төрт китапқа (Таурат, Забур, Инжил, Қуран); төртинши, Тәңиритааланың пайғамберлерине; бесинши, Қыямет қайым күниниң келетуғынына; алтыншы, жақсылық хәм жаманлық Тәңиритааладан екенлигине; жетинши, өлгениннен соң, басқа минез-қулыққа ийе инсан болып қайтадан туўылатуғынына исениўи тийис.

647

—Қарақалпақлар арасында XVIII әсирде аты әпсанаға айналған Маман бий, XIX әсирдеги даңқ шығарған дана Айдос баба хәм батыр-палўан Ерназар алакөз сыяқлы инсанлар XXI әсирде пайда болатуғынына исенесиз бе?

—Толық исенемен. Себеби, өтмиш тарийхқа қыял жуўыртсақ, адамзаттың ақылы, өмир түсиниги хәр жаңа әсирде хәм өтмиштиң үлгилери менен жаңарып, хәм байып, өзине жаңадан гүзарлар пайда етип бара береди. XXI әсирде де адамзат цивилизациясын жетик түсиниў менен илимге тийкарланған даналықлары арқалы, халқын дүньялық кең гүзарларға баслап апаратуғын билимли, дана басшылар қарақалпақлар арасынан да сөзсиз пайда болады.

648

—Статистикалық мағлыўматлар бойынша хаяллар еркеклерден көп жасайды екен. Қалайынша?

—Хаяллар ишкиликлер хәм шегиўшиликлер менен көп шуғыллан-байды. Ал, әлле нәрсеге қәхәрленсе, тез жылап көз жас төгиў арқалы ишки зәхәрин кемейтеди.

Ал еркеклер оларға керисинше. Оның үстине, еркеклердиң кем жасаўына хәр қыйлы урыслар да себепкер. Мәселен, адамзат бастан кеширген 2000 жылдың тек 60 жылы ғана урыссыз өткен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

649

—Басқа миллетлер менен салыстырғанда қарақалпақ еркеклериниң минез-қулықларындағы өзгешеликлерди сезесиз бе?

—Қарақалпақлардың ерлеринде тик минезлилик, өжетлик басымырақ болып келеди. Бул олардың әзелден бәрше түркийзибанларға сақшы нөкер болғанлығының ҳақыйқый көринислери яғный ҳәзирги термин менен айтқанда, солдатлықтың екенлигине даў жоқ.

650

—«Үйрениў керек» деген нәсият кимлерге тийисли?

—Ҳәммеге!

651

—Инсан ушын ўатаны қайерден басланады?

—Ҳәр инсанның өз қәлбинен!

652

—Қоңыраттағы «Ҳәким ата» жөнинде не билесиз?

—Ҳәким атаның ҳаслы исми-шәрифлери Сулайман Бақырғаный (1129-1186). Рууы Қоңырат, Жаўынғыр тийресинен. Ол пүткил Шығыстың, соның ишинде, бизиң халқымыздың аса айрықша мақтаныш тутатуғын бабасы. «Мадинада — Мухаммед» делинсе, «Түркстанда — Хожахмед» деп данқ шығарған уллы аллама Хожа Ахмед Яссаўийдиң ең сүйикли шәкирти. Ол жасынан-ақ илимге берилип ҳәр сапары медиресеге оқыўға баратырғанда, басқа балаларға усап Құранды дорбаға салып арқасына көтермей ямаса қолтығына қыспай, Құранды қос алақанына қойып қақ маңлай алдына көтерип жүреди екен. Сабақтан соң да, медреседен жүзин бурмай, Құранды және қос алақанында көтериў менен артына бәсип қайтады екен. Бул жағдайды көрген уллы Яссаўий бабамыз оның ақылына, илимбилимге деген ҳүрметине таңланыў менен, бир мәртебе ҳуштан кеткенмиш, деген-әм әпсаналар бар.

Сулайман Бақырғаный өз заманының илимин ҳәр тәреплеме терең үйренген уллы инсан. Соның менен бирге, ол уллы шайыр да!

Сулайман Бақырғаный ҳаққында оқығанларымның ҳәммесин тәкирарлап отырмай, уллы Әлийшер Наўайының (1141-1501) «Насоимул мухаббет» атлы китабынан мынаў үзиндини еслетейин: «Ҳәким атаның исми Сулаймандур, — деп жазған екен Ҳәзирети Наўайы —



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хожа Ахмед Яссауийдиң мүриди. Ҳайран қаларлық бир жағдай: бир күни, жаўын нөсерлеп қуйып турған пайытта, аўқат писириўге отын қалмағанлығы себепли, Хожа бәрше шәкиртлерин отын әкелиўге жумсайды. Шәкиртлер отын әкеледи. Бирақ бәриниң отынлары, үстиндеги кийимлери нөсер жаўыннан малпақ-салпақ болып келеди. Тек бир шәкирти — Сулайманның ғана отыны қурғақ. Қараса, ол отынын өзиниң сыртқы шапанына орап әкелген екен. Сонда Ҳәзирет Хожа Ахмед оған: «Әй, перзент, Ҳәкимана ис қылдың» деген екен».

Әне сол күннен баслап «Ҳәким» сөзи — «дана» деген мәниде Сулайман Бақырғанийға лақап болып, гүллән өмиринде «Ҳәким ата» деген ат пенен жасаған.

653

—Бурынғы Қоңырат ҳәзирги Қанлықөл районындағы «Үббиҳожа Бала шейит» деп аталған қәбиристанның Ҳәким ата Сулайман Бақырғанийға қатнасы барлығы жөнинде рәўият еситкенбисиз?

—Еситкенмен. Ол жөнинде айырым китаплардан оқығанманда: Сулайман Бақырғанийдың Анвар айым исмли хаялынан үш ул туўылады. Махмуд хожа, Асқар хожа, Үбби хожа. Генже улы Үбби хожа айрықша кәраматқа ийе болыпты.

Рәўиятларға қарағанда, бир күни Сулайман Бақырғанийдың (Ҳәким атаның) мүридлери тоғыз өгиз сойып, аўыл адамларына садақа сыпатында бөлистирип береди. Үбби хожа аң аўлаўға кеткенликтен, бул бөлисшеден умыт қалады. Келгеннен соң бул жағдайға оғада ренжиген Үбби хожа сойылған тоғыз өгиздиң терилерин бир жерге жыйнатып, бәрине бир дем салған екен, тоғыз өгиз де тирилип, теңнен мөңиресипти.

Бундай кәраматы көрген Сулаймн Бақырғанийдың (Ҳәким атаның) мүридлери Үбби хожаға келип аяқларына бас ийиў менен тәнҳә оның өзине мурид болыўға ықырар ете баслайды. Бул жағдайға Ҳәким атаның кәҳәри келип: «Улым, еки қошқардың басы бир қазанда қайнамайды, я сен, я мен!» деп салады. Жас Үбби бул ескертиўлердиң мәнисин уғынып: «Ата, айтқаныңыз дурыс... лекин, қәлблерде кеңлик болса, бир қазанға жети қошқардың да басы сыяды... Мейли, Ата, хош қалың, мен кеттим!» дейди де, бир демде Ҳәким атаның көзинен ғайып болады.

Үббиниң анасы Анвар айым үйине кирсе, баласының ҳеш ўақытта үстинен тасламай кийип жүретуғын ақ шапаны төрде жатыр екен, ал өзи жоқ. Шаңарақтан ушып шығып кеткенге мегзейди... Бул ҳәдийсе Ҳәким атаға жеткериледи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Енди Ҳәким ата бул кәраматлы улы ушын ада болмас жан тебиренислерине түседи. Перзентиниң жолына дуўалар оқыйды. Хеш нәтийже шықлайды. Ақыбетинде баласының шешип таслаған шапаны жатырған отаўдың орнында жаңа кәбир пайда етеди... хәм сол кәбирге «Үбби Хожа-бала шейит» деген ат береди. Әне усыннан кейин, сол кәбир «Үбби Хожа-бала шейит» деп аталып кәраматлы кәбирге айналады. Соннан баслап, оның айналасында жасаған елатлар өзлериниң өлилерин сол «Үбби Хожа-бала шейит» кәбириниң дөгерегине қоя баслайды. Жыллар өтиўи менен ол ең кәраматлы кәбирстанға айналды... «Үбби Хожа-бала шейитке қойылған өлилердиң тириликтеги киши-гирим кәтеликлери есапқа алынбай, жанлары жәннетке қабыл етиледи» деген рәўиятлар кеңнен тарайды. Мақтанды демесеңиз, хақыйқатын айтқанда, сол кәраматлы «Үбби Хожа-бала шейит» Кәбиристанда мениң атам Ҳәкимниязлың әкеси Әўез исмли бабам да жерленген.

...Рәўиятларға қарағанда, киши улының кәраматына әлле қандай қызғаныш сезимлери менен қарағаны ушын Тәңиритаала Сулайман Бақырғанийдың («Ҳәким ата»ның) өзине кәҳәрленип, ол қазаланғаннан кейин Әмиўдәрьяны оның қәбири үстине бурып, қырық жыл даўамында ағызып, сүйеклерин жуўғаннан кейин ғана уллы «Ҳәким ата»-Сулайман Бақырғаний өз гүналарынан пәкленип Тәңиритаала дәргаҳына қабыл етилген...

Ҳәзирги ўақытта сол «Ҳәким ата» кәбирстаны пүткил Туран мусылманлары ушын Хожаахмед Яссаўиден соңғы екинши кәрамат орны сыпатында айрықша ҳүрмет пенен зыярат қылынады.

Жақында мен сол «Үбби Хожа бала шейит» кәбирстанына зыяратқа барған едим. Әллеқандай суў басқыны астында қалғаны себепли, үстин жабайы қамыслықлар басып кетипти. Бизде бурыңғы уллы алламаларға дыққат кемлигиниң бул да бир, өзинше, көриниси.

654

—Инсанға хақыйқый дос қайсындай болады?

—Өзиниң хақыйқый қуўанышлы ислери, ҳәрекетлери менен сениң бир қуўанышыңды еки есеге көбейтип, ал өзиниң ең ибратлы гәплери хәм ҳәрекетлери менен сениң аўыр ҳәсиретиңди еки есе кемейтиўге себепкер болатуғын инсан.

655

— Ҳаялдың гөззаллығы еркеклерге қандай тәсирлер етеди?

— Ҳаялдың гөззаллығы еркеклердиң көзлери ушын — жәннет, қәлби ушын — дозақ, қалталары ушын ҳәдден тыс артықша ғәрежет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

656

—Қолыңызға жаңа китап алғанда оннан нелер күтесиз?

—Хәр жаңа китапты күтилмеген даналықтың хәм перзенти хәм атасы, бири еркелеп, екиншиси еркелетпей-ақ мениң дилўар ақылгөйиме айналады деген исенимде боламан.

657

—Хәр шығармаңызды жазып болғаннан соңғы кейпиңиз?

—Буннан 250-жыллдай илгери Француз философы Шарль Монтескье (1689-1775): «Мениң бир жақпас кеселим — жаңа китапты жазып питкериўим мәттәл, — дәрриў оннан түңилемен» деген екен.. Мен Уллы Монтескье дәрежесинде болалмастан, енди жазылатуғын жаңа китабым жөнинде ойланыўды баслайман.

658

—Бурынғы СССР дәўиринде коммунистлик партияның ағзасы болып, оннан алған сабағыңыз?

—Коммунистлик — бул пәклик, деп түсиндирилетуғын еди. Инанар един. Енди ойлансам, коммунистлик партияға ағза болыў — дурыспа, я надурыспа, билмеймен, бирақ хеш ойланбастан сол СССР деп аталған мәмлекетти басқарыўшылардың тәңҳә мәплери ушын көз жумып даўыс бериўшиге айналыў екен.

659

—Кегейли районының Халқабад аўыл-поселкасындағы кераматлы «Шиблий шайх» қәбирстаны ҳаққында не билесиз?

—Қолыма түскен газеталар менен китаплардан оқып билгеним бойынша, уллы Шиблий шайхтың исми-шәрипи Абубакир Мухаммед. Мелодий 861-946-жылларда жасап өткен. Денеси өзиниң атындағы сол қәбирстанда.

Шығыстың ең уллы алламаларынан бири Фаридиддин (Динниң жалғызы деген мәнисде) Аттардың жазыўы бойынша, Абубакир Шиблий шайх ҳаққында төмендегилерди келтиремен:

Шиблий шайх күтә билимли, кишипейил, хакгөй шайхлардан бири болып, даңқы өз заманында-ақ пүткил Шығыс еллерына кеңнен тарқалған.

...Ҳәзирги Халқабад аўылы әйналасында жасайтуғын атақлы нанбайлардан бири Шиблий шайқтың уллы даңқлары жөнинде көп



www.ziyouz.com kutubxonasi

еситкени ушын, «Шиблий Шайхты үйимде, ең болмаса, бир күн мийман қылып, сәўбетлес болсам, пәтиясын алсам әрмансызбан» деген қыял менен жасайды екен. Бир күни сол нанбай өз жәрдемшиси менен писken нанларын тандырдан алып атырған пайытта бир дәрўиш келеди. Нанбай дәрўишке «нан же» деп бир шөрек усынады. Дәрўиш қолына алған шөректи қойнына салады да, жөнине кете береди. Буған нанбайдың қатты кәхәри келип изинен: «Әй, диийўана, сендей ашлар усындай етип бир шөректен алып кете берсе, адамларға не сатаман?» деп бақырып, шөрегин қолынан алып қалады. Нанбайдың жәрдемшиси бул дәрўишти таныйды екен, ол бираз алыска кеткен соң «Әй, нанбай ата, бул дәрўиш сиз күтип жүрген Шиблий шайхтың өзи еди ғой!» дейди. Нанбай бирден лал болып, қылған ислерине пушайманлық пенен жығыла жазлап, зорға өзине келеди де, жылдам Шиблий шайхтың изинен жуўырады. Жете сала оның шалғайын маңлайына басып, қайта-қайта сүйип турып, танымай қалғаным ушын жыламсыраған халда ентиге-ентиге кеширим сорайды хәм үйинде бир кеше мийман болыўын өтинеди. Шиблий шайх ойлы пишинде оның бетине тигилип турып: «Мейли, үйиңе барайын, бирақ маған қоса өз аўылыңның бәрше жас үлкен ғарры-картанларын шақырасаң» дейди.

Нанбай оның өтинишин бәржай келтиреди.

...Нанбайдың кең үйи толып отырған өңшең жас үлкен мийманлар арасында хәр қыйлы хикаятлар, рәўиятлар қызып, соңынан, жәннет хәм дозақ хаққында уллы пайғамберлер айтқан хәр қыйлы даналық-лар да ортаға түсип, қызғын пайтқа кирген мәхәлде мехманлардан бири:

—«Уллы шайхымыз, жәннетке барыў бир Тәңиритааланың инабатына байланыслы болса, дозаққа түсиў хәр инсанның өзинен гәрезли екенин уғындым. Қайсындай инсанлардың тиккелей дозаққа түсетуғыны хаққында исенерлик бир мысал келтирип айта аларсыз ба?»-дейди.

Шиблий шайх төмен қараған халында оң алақанын маңлайына басып бираз ойланған соң:

—Мейли, айтайын, — депти. —Билип қойыңлар, бүгин бәршемизге зияпат берип атырған шаңарақ ийеси болған Нанбай тандырының басына келген бир аш дәрўиштен жалғыз ғана шөрегин аяған еди. Солай болыўына қарамастан, мине хәзир, өз аўылына, айналасындағы елатларға «сақый Нанбай» деген даңқ таратыў мақсетинде көп қәре-жетлерин аямай, сыйырын да, қойларын да... сойып, көп ысырапгөй-шилик пенен, минекей, бәршемизге сыйлы аўқатлар берип атыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гәптиң посгеллесин айтқанда, әне усы Нанбай дозаққа тиккелей киргизилетуғынлар тайпасынан!».

Ҳәмме ләм-лим үнсиз қалады... Буннан соң отырыспа көпке созылмай тарқайды...

Усы рәўиятты еслесем, өзимнен өзим: «Уллы шайх Абубакир Шиблий қандай хакгөй, хақыйқатшыл инсан болған»! деп таңланаман. Тилекке қарсы, сол уллы Шиблий шайх заманындағы даңқпараз нанбайды толығы менен тәкирарлайтуғынлар бизиң заманымызда да аз емес!

660

—Бәршемиз жасап атырған бул жарық дүньяға өз баҳаңызды билдирсеңиз?

— Уллы француз философы Вольтер (1694-1778): «Бул жарық әлем бир қамаққана, ал онда жасаўшылар хәр қыйлы мүддетке гриптар етилген жынаятшылар, деп баҳалаў, хәр адамның өз пикири, онда мәңгилик ойын-заўықларға жай бар деп қараў — бул қыялпаразлардың надурыс пикири. Жер, адамлар, ҳайўанлар, Тәңиритааланың тәртиби бойынша, қандай болыўы тийис болса, олар дәл сондай, деп түсиниў — бул дананың ойлаў әламаты», деген екен. Вольтер бул пикирлерди бүгинги хәммемиз ушын әдейи айтып кеткендей түйиледи.

661

—Ақыллы хәм ақылсыз көриниўдиң бирин ши белгилери?

—Басқалардың мәниссиз былшылдыларында бөлместен үнсиз қулақ түрип тыңлаў ақыллылық, шыдамаў ақылсызлық.

662

—«Жаслық — бул гөззаллық» деген анықламаға қалай қарайсыз?

—Ҳәр қандай даналық қәлеген инсанды терең ойларға батырады. Усылай десем де, ўақыт өтиўи менен сол гөззаллықтың өзи мисли жыланның кеби киби белгисиз түсип қалатуғынында алдын ала билип жасаўда, өзинше, гөззаллық!

663

—Инсанның өзине-өзиниң бийрехимлилиги?

—Биле тура, нағыз душпанларына күтә рехимли мүнәсибетлери.



www.ziyouz.com kutubxonasi

664

—Қәбирстанларға зиярат қылыўға барсаң, айырым қәбирлердиң ойылып, биразларында марҳумлардың сүйеклери аппақ болып шығып атырғанын, соның менен бирге, базы қәбирлердиң үстилерине күтә әжайып нағыслар менен әшекейленген жайлар салынғанын көремен. Ишимнен: «Әй, тирилер, ең болмаса, о дүньядағылардың өз-ара теңликлерин неге сақламайсыз?» деп гүбирленип қайтаман, я меники надурыс па?

—Бәрше инсан бир адам киби ойлап, тек бир тәрепке қарай жүрер болса, жерге ҳәреплеме тең салмақ түспей, жер бир жағына аўдарылып кетиў де итималдан қашық емес қой, айналайын.

665

—«Әмиўдәрья» журналына басылған сизиң «Жөнекей асығыс сораўларға асығыс жуўапларыңызды» оқыған базы мәнсапгөйлер «пәленшеге тийипти», «төленшени шымшып алыпты» деген сөзлер айтысады. Өзиңиз не дейсиз?

—Жазған шығармаларым қай дәрежеде, қай тақылетте болса да, оқыўшыларды бийпарық қалдырмаса, қуўанышлыман.

666

—Қаратаўдағы кәраматлы қәбирстанда жатырған «Султан Ўайыс Караний баба» жөнинде билгенлериңизди айтыңыз?

—Халық аўзындағы әпсаналар бойынша Султан Ўайыс баба 620—625-жылларда өз анасы менен Йеменнен бәрше түркийзибанларға нөкер болған кең пейилли каракалпақлар жасап атырған мәкан-жайларды излеп таўып келгеннен кейин, өзине Қараний деген лақабты таңлаған. Бунның тийкарғы мәниси — бәрше түркий тиллеслерге әзелги нөкерликтен халық сыпатында қәлиплескен қарақалпақлардың жаўынгерлик минез-қулықлары, қайсы иске қол урса да, бәрхә ҳақыйқатлықты мойынлаўдан қайтпайтуғын ўәдеге опадар бир сөзлиги унағаны ушын, өзин усы халықтың бири деп есаплаўды әдиўли ўазыйпам деп биледи. Оның үстине Қара қалпақлар атамасындағы «Қара» сөзи «Уллы» дегенди аңлататуғын түсиник екенинде дурыс уғынып, Шығыстың тиллеринде «ый», «ий», «ний»... қосылса, «сизликпен» дегенди аңлататуғынын түсинип уғынып «Қара» сөзине «ий»ди қосып, «Қараний» сөзин өзине арнаўлы лақап етип алған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен оқыған әпсаналарға, китапларға қарағанда, «Султан Ўайс Караний» деп аталған қәбирде жатырған инсан Йименнен келип Қарақалпақларды хүрмет еткен уллы кәраматлы бабамыздың дәл өзи, сол уллы Караний. Жаслығында Йеменде оқып, ислам динин хәр тәреплеме терең үйренген. Ол оқыўын питкерип келип, хәзирги қәбири жайласқан Қаратаўдың етегинде анасы менен Қарақалпақларға сиңисип, ислам динин хәртәреплеме үйретиўге баслап атырған күнлердиң биринде, уллы Мухаммед пайғамберден соңғы төртинши халипа, Хәзирети Али ибн Абу Талибтиң (596-661) парсызибан еллерге, соның ишинде, Иранға исламды ендириў мақсетинде көп ләшкер менен келген хабарын еситеди де, ислам ушын Хәзирети Алийдиң ләшкерлерине қосылыў мақсетинде, үйинен шығып өз мақсетин иске асырады, яғный Халипа Хәзирети Алийге нөкер болып, ислам дини ушын жан-тәнин аямай саўашқа араласады. Бул хақ нийетли инсанның гүллән хәрекетлери бәрше ислам ләшкерлерине унап, оны бәри теңдей жақсы көреди. Лекин, күнлердиң биринде, ислам ушын ғажжа-ғаж саўаш қызып атырған пайытта, ол көп жаўдың қоршаўында қалып, өлтириледи. Оның мәртлигин, хақ нийетлилигин өз көзлери менен көрип сүйсинген көп ләшкербасылар, оның даңқлы ислерин келешекте де өзлериниң елатларына, болажақ нөкерлерине үлги тутып жүриў мақсетинде Султан Ўайыс Каранийдиң өли денесин өз еллерине әкетип жерлеўди нийет етеди. Усы мақсет пенен олар Хәзирети Алийге бас ийип келип, бул хақ нийетли батырдың денесин «мениң елиме бер» десип арнаўлы түрде мүрәжәәтлар қылады. Хәзирети Алий бундай пәк нийетли инсанның ислери бәрше ислам дининдегилер ушын мәңгилик үлги екенин түсинип, алдына келгенлердиң хәр бирине Султан Ўайыс Каранийдиң өли денеси ушын сандық киби табыт соғып әкелиўди тапсырады. Солай исленеди. Бирақ Хәзирети Алий, исламға садық батыр Султан Ўайыс Каранийдиң хақыйқый денесин өз алдына бир табытқа салдырады да, сол табытты тәнхә өзиниң «дүл-дүл» деп аталатуғын жаўынгерлик атына арттырып Қарақалпақ журтында Султан Ўайыстың анасы күтип қалған кең Ўатанға қайтарады (Усы кәрада және бир ескертетуғын факт: Әмиўдәрьяның Төрткүлден өрги таманындағы «Дүл-дүл атлаған» деген атама сол Хәзирети Әлийдиң Дүл-дүли дәрьядан атлап өткен жери екенин тастыйықлаўшы әпсаналар бар). Кәраматлы Султан Ўайыс Караний бабамыз кеткен соң анасы қайтыс болған еди. Енди оның денеси өз анасының қәбирине жақын жерленеди...



www.ziyouz.com kutubxonasi

667

—Америка бизге Батыс па я Шығыс па?

—Ҳәммеге нур беретуғын қуяшымыз Америка континентиниң төбесине жетсе, батады, сол ушын Америка континенти бизге Батыс. Ал, хәммеге ортақ қуяшымыз бизге көринсе, тамам, Америка континентин қараңғылық басады... Усы көзден қарасақ Америка биз ушын Шығыс. Бул қыбылыс Жер шарының жумалақлығына және бир дәлил.

668

—«Әдебият» деген не?

—Әдебият — «Әдеп» ҳәм «ият» деп аталмыш еки сөздиң қосылмасы. «Әдеби» ҳәм «ияты», яғный бир сөз бенен айтқанда, «әдебияты» төмен халықтың руўхы да пәс. Тәңиритаалам ҳеш халықтың руўхын, яғный «әдеби» менен «иятын» — әдебиятын бир-биринен пәс қылмағай!

669

—Халықтың өтмиши дегенде нени түсинесиз?

—Мениңше, өтмиш — бул халықтың өз ўақтында жағылған отының күл астында өшпей қалған қозлары. Қайсы халық өзиниң өткен өмир жолынан сол өшпей қалған қозларды дурыс таўып, өз заманы ушын да қайта жандыра билсе, ол бахытлы халық.

670

—Дүньяда теңи хәм өлшеми жоқ қандай күш бар?

—Тийкарынан, еки күш бар. Бири — Тәңиритааланың тәнҳә өзи. Екиншиси — Адам. Олардың жалғыз ғана айырмасы — Бириншиси Екиншисиниң қәлбине мәңгилик болып жайласқан. Сол ушын екинши еки күшти өз қәлбине сыйдыра алмай бәрҳә алағадалықта жасайды.

671

— Қарақалпақстанның территориясында қайта тиклениўи ямаса енди салыныўы зәрүрли деп есапланатуғын әййемги естелик орынларынан есиңизде барларын айтсаңыз?

—Мейли. Лекин, хәр районға дәлме-дәл бөлип айтыўым қыйын. Себеби, мен билетуғын дәўирлерден бержағында аўыллардың, жер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

гиликли орынлардың атлары талай мәртебе өзгергени аздай, районлардың шегаралары да көп өзгерди. Сол ушын билгенлеримди зоналарға бөлип айтыўға тырысаман:

I. Мойнақ, Бозатаў, Қараөзек, Тахтакөпир районлары бойынша:

1. Аты әпсана Маман бийдиң ертип әкелген усталары менен қосып өлтирилген орны — өз ўақтында қайнаўытлап аққан Әмиўдәрьяның Арал теңизине қуятуғын шегарасы. 2. Ерназар Алакөздин қыр қаласы. 3. Ерназар Алакөз махбарасы. 4. Молла Пирим қаласы. 5. Жипек жолы бойына салынған Әжибай кәрўан сарайы. 6. Ақ тайлақ бәндиргиси. 7. Әжинияз махбарасы. 8. Бердақ шайыр мақбарасы. 9 Қарақум ийшан медресеси. 10. Күйик қала. 11. Күнхожа махбарасы. 12. Бағдад қала (Уллы жипек жолы бойында салынған қала). 13 Мурат шайх мозолейи. 14. Қырық жигиттиң қаласы. 15. Қабақлы ата. 16. А. Досназаров махбарасы. 17. «Бөрши таў» етегинде, «Қара-тереқ көли» жағалаўында өз ўақтында Уллы жипек жолынан өтетуғын кәрўанлар ушын салынған дем алыў сарайларын қайта тиклеў. 18. Айдос қала. 19. Айдостың мәсләхәт төбеси. 20. Метер қала. 21 Қорғанша қала (Жаўлардан қорғаныў қаласы). 22. Қос-минәр гүмбези. 23. Жийен жыраў естелиги. 24. «Көк тонды атшабары» (Қызыл орда областы менен шегарада)...

II. Шымбай, Кегейли хәм Нөкис районлары бойынша:

1. Кусхана таў хәм Тасқырман естеликлери. 2. Уллы жипек жолы бойындағы Шымбай қаласында кәрўан сарай. 3. Өмирбек лаққының өскен мәканында естелик. 4. Жер суўғарыў ушын биринши пайда болған шығырларға естелик. 5. Биринши тас жай емлеўханасы. 6. Шымбай базары ортасындағы хәр қыйлы дағазалар ушын минбери (Ким не жойтқан болса, ким тапқан болса дағазалап туратуғын мәкан). 7. Абубакир Шиблий шайх қәбирстаны. 8. Ҳайўан қала. 9. Ийшан қала. 10. «Бөз көл» бойындағы дем алыс естелиги. 11. Мағзан ийшан мешити. 12. Қырантаўдағы тарийхый естелик қәбирстанлары. 13. Төк қала. 14. Шортанбай майданы. 15. «Әззилер баба» қәбирстаны. 16. «Геллели әўлие» қәбирстаны...

III. Нөкис қаласы бойынша

1. Дослық естелиги. 2. Қарақалпақстанға а) хаўа жолы арқалы кирер дәрўаза; б) поезд жолы арқалы кирер дәрўаза. 3. Бердақ. 4. Улуғбек. 5. Әжинияз — естеликлерине дыққат. 6. «Сәлмен ийшан»



www.ziyouz.com kutubxonasi

кәбирстаны. 7. «Шорша» кәбирстаны. 8. 1941-45 жылларда қайтыс болғанларға естеликти реконструкциялаў...

IV. Қоңырат хәм Қанлыкөл, Шоманай районлары бойынша:

1. Сулайман Бақырғаный (Хәким ата) естелиги (1129-1186). 2. Үбби хожа бала шейит (Сулайман Бақырғанийдың киши улы) кәбирстаны. 3. Хийўада көп жыллар қазы болған Рахметулла қазы медресеси. 4. Әййемги Қоңырат қаласы («Гөне қала» деп аталған орында). 5. Назар ата мешити. 6. Сазлы үй қорғаны. 7. Ғалы гүмбез қала. 8. «Қараўымбет дуз» кәни. 9. Топыраққала. 10. Айбүйир қорғаны. 11. Ақсүңгүлдиң қаласы (Ақсүңгүл қосығы пайда болған елат). 12. Бурахан қаласы. 13 Әжигелди кәрўан сарайы (Уллы жипек жолын еслетиўши). 14. Қуланлы (Қуланлар менен саўда қылынған) кәрўан сарайы. 15. Қосбулақ кәрўан сарайы (Шоманай районының орайы әтирапында). 16. Үшқудық кәрўан сарайы (Үстүрт арқалы өтетуғын Уллы Жипек жолы бойында). 17. Үрге минараты. 18. Даўыт ата кәбирстаны. 19. Ўәлий ата кәрўан сарайы. 20. Даўкескен қорғаны. 21. Өтеш батыр естелиги. 22. Кетенлер қаласы. 23. Моншақлы қаласы. 24. Жаңа қала. 25. Түркмен жол...

V. Хожели, Тақиятас қалалары бойынша:

1. Миздақхан естелиги. 2. Гәўир қала. 3. Назлымхан сулыў естелиги. 4. Жомарт кассаб естелиги. 5. Шамун Набий естелиги. 6. Ережеп халифа естелиги. 7. Жазғы жума мешит. 8. Қысқы жума мешит. 9. Шайырлар қыябаны. 10. Кәрўан жолы. 11. Хорезм ханлығының орайы Гөне-Үргеничке жол. «Жипек жол»дан жүриўшилердиң Хожелиде дем алатуғын кәрўан сарайы.

VI. Елликқала, Төрткүл, Беруний районлары бойынша:

1. Бүркит қала. 2. Тесик қала. 3. Үлкен «Қырыққыз» қала. 4 Киши «Қырыққыз» қала. 5. Аяз қала № 1-3. 6. Боз қала. 7. Қорғасын қала. 8. Қабат қала. 9. Киши қабат қала. 10. Думан қала. 11. Топырақ қала. 12. Қумбасқан қала. 13. Үлкен Гүлдирсин. 14. Киши Гүлдирсин. 15. Шылпық қала. 16. Үй қала. 17. Якке кесек. 18. Борлы қала. 19. Пайғамбер қызы. 20 Нарымжан баба мовзолейи. 21. Қурбанбай жыраў махбарасы. 22. Биринши байланыс тармағына естелик. 23. Қәлендерхана мовзолейи. 24. Анқа қаласы. 25. Жанбас қала. 26. Қой қырылған қала. 27. Атсыз қала қорғаны (Ең әййемги дәўир-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лерден естелик қала). 28. Келтеминарлы қала. 29. Шорахан қала қорғаны. 30. 1941-45-жыллардағы урыс қатнасыўшыларына естелик. 31. Мустақыллық майданы. 32. Жампық қала. 33. Султан Ўайыс Қараний баба мовзолейи. 34. Валий аталық мешити. 35. Чинар баба естелиги. 36. Қара төбе минарасы. 37. Көклен баба естелиги. 38. Қызыл қала. 39. Порлы қала. 40. Тасқырман қала. 41. Пил қала. 42. Ақшахан қала. 43. Қыят қала. 44. Кепек қала. 45. Кеширмес баба мовзолейи. 46. Аль-Беруний естелиги. 47. Шах Аббаз Вали естелиги...

**VII. Әмиўдәрья районы бойынша:**

**1. Шылпық таў қаласы. 2. Бестөбе естелиги. 3. Абу Муслим қаласы. 4. Назархан қаласы. 5. Дин минар естелиги. 6. Хожанияз бий медресеси. 7. Майлы шеңгел (Айдос баба дәўиринде Хорезм менен аралыққа белгиленген шегара белгиси). 8. 1941-45-жылы урысларда қатнасқанларға естелик...**

**Ескертиў:** Қарақалпақстанның бул естелик орынлары хәр тәреплеме изертлениўин, қайта реконструкцияланыўын тапса, адамзат цивилизациясының бүгинге дейин алған халықаралық бахасына күтә көп жаңа пикирлер қосылыў менен, түп бабалары гүлләң түркийзибанларды қорғаўшы, пешаналы, сақ нөкерлер болған қарақалпақлардың да жоқарыда аталған естеликлерди дөретип үлгергенине бүгинги әўладларымызда, дүньяның басқа халықлары сыяқлы, өтмиши менен мақтанып жасаўға хәм дүнья саяхатшыларының келип көриўине жол ашылар еди, халқымыз және руўхланар еди.

Енди **бир тилегим:** мен елестирмеген я умытылған атақлы естелик орынлары қалған болса, кеширим сорайман. Гүләән естеликлер, әлбетте, көпшилик алымлардың тарийхты үйренип билген пикирлери, хүжжетли усынyслары арқалы иске асырылады. Кимде қандай қосымша усыныслар болса, тийисли орынлар тәрепинен дыққатқа алынып барылады деп дәметемен.

672

—Шала талантқа ийе шайырлар көбирек дықатта болады. Не ушын?

—Шала шайырлар самал қай тәрептен ессе, оның ығына қарай бас ийген қамыс киби жасап, бәрхама тәнхә өзине пайдасы бар хәмелдарларды ғана мақтап жазыўды өзине кәр етип, ал, олар өзгерсе, оны тезирек жаманлаў менен оның орнына тазадан болған хәмелдарды тезирек мақтаўды баслайды. Әне солай еткен, шала шайырлардың да даңқы, өзинше көтерилип бара береди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 673

—Қандай хамелдарларды ладан десе болады?

—Жағымпазлардың сыптырыңқы мақтаўларына ойланбастаң бирден исенгенлерди.

## 674

—Мухаддес Құранда атлары аталған 25 пайғамберден тысқары пайғамберлер барма?

—Менинше, хақ нийетли, бул дүньяны гүллентиўге шын қәлбинен хызмет қылатуғын етип Тәңритаала жаратқан хәр бир ақыллы, жаны пәк инсан, өзинше, тәкирарланбас бир пайғамбер.

## 675

—Адамнан да ақыллы жан-жәниўарлар бар ма?

—Адам да жанлы мақлуқатларға киреди. Бирақ та уйқы басқанларды оятыў ушын таң атыўдан даўыс қосып бақырысатуғын қоразлар базыбир уйқышыл, бийғам инсанлардан ақыллырақ болса керек, деген ойға берилетуғын гезлерим болады.

## 676

—Бул дүнья ушын өзиңиз киммен деп ойлайсыз?

—Гейде өзимше көп ғалма-ғаллы, аласапыранлықларға толы бул дүнья ушын мен де бир күнлик шыбынман деген ойларға берилемен.

## 677

—Жуптыңыз бола тура жас қызларға ышқы инам еткен пайтларыңыз болды ма?

—Ондай ислерди мойынлаў да, мойынламаў да хәмме тәрепке тендей азарлы. Кеширерсиз, жақсысы сиз маған сораў бермедиңиз, Мен еситпедим деп қоя қалайық.

## 678

—Ислам дининде мусылманлардың ораза тутыўы қайсы дәўирлерден басланғанын, оған дейин бундай дәстүрлер болғаны я болмағаны жөнинде айтасыз ба?

—Диний рәўиятларда, хүжжетлерде айтылыўынша, Ораза тутыў пайғамберимиз Мухаммед әлейхиссаламның Меккеден Мәдинаға



www.ziyouz.com kutubxonasi

көшип келгенин соңғы екинши жылы яғный 624-жылы Шаъбаи (Барот) айының биринши он күнлигинде пайда етилген. Пайғамберимиз бул айды: «Мениң үмметлеримниң айы, бул айда тутылған Ораза себепли олар гүналарынан азат болады», деп түсиндирген екен өзиниң хәдислеринде.

Ҳақыйқатында бир ай ораза тутыўшылық исламға дейинги басқа динлерде де бар болған менен, олардың оразаларында белгиленген тәртип тийкарында, аўқаттың белгиленген бир түрин ғана жемей ораза тутатуғын болған.

679

—Ораза неге хәр жылы мусылманлардың өзлери қәлеген айларға өзгертилмей тек ғана Рамазан айында болады екен?

—Диний рәўиятлар ҳәм ҳүжжетлердиң тастыйықлаўы бойынша Рамазан күтә караматлы ай. Бул айдың үшинши он күнлигинде, яғный 26 сынан 27 шы сәнеге өтер кешеде Жабрайыл периште арқалы Тәңритааладан Қуран нәзил етилген. Сондай-ақ Рамазан айында Тәңритаала Ибрахим пайғамберге бир неше тағлыйматлар түсирилген, Рамазан айының алтыншы күни Муўса пайғамберге «Таўрат» оң сегизинши күнинде Даўыд пайғамберге «Забур», сол он сегизинши күнинде Ийса пайғамберге «Инжил» түсирилген. Әне усы кәраматлы хәдийслерди мойынлаған мусылманлар бир ай Ораза тутады екен.

680

—Өзгелерден көбирек кәўипленип жасайтуғынлар жөнинде пикириңиз?

—Өзгелерден көбирек кәўипсинетуғынлар, тийкарынан, өзиниң нийетлерине усас патас нийетлер басқаларда да болатуғынына көбирек исенеди.

681

—Ең әййемги дәўирлерде ҳәзирги Өзбекстан Республика территориясы, тийкарынан алты бөлекке бөлингенлиги туўралы көп жазылады. Оған Қарақалпақстанның хәзирги территориясы кирген бе?

—Тарийхқа байлаcныслы баспа сөзлерден (Әсиресе, «Халқ сўзи» 4-февраль 1999-жыл) оқығанларым бойынша, әўеле, сол алтаўын атма-ат келтирейин:

1. Бактрионе —Токаристан. Буған, тийкарынан, ҳәзирги Сурхандәрья ўәлаятының территориясы кирген. 2. Согдиана. Буған, тийка-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рынан, хәзирги Самарқанд, Бухара, Қашқадәрья ўәлаятларының территориялары кирген. 3. Уструшан. Буған, тийкарынан, хәзирги Жиззақ, Сырдәрья ўәлаятларының территориялары кирген. 4. Шаш-Илақ. Буған, тийкарынан, хәзирги Ташкент ўәлаятларының территориясы кирген. 5. Ферғана. Буған, тийкарынан, хәзирги Ферғана, Наманган, Андижан ўәлаятларының территориялары кирген. 6. Хорезм. Буған, тийкарынан, Хорезм ўәлаятының хәм хәзирги Қарақалпақстан Республикасының территориялары кирген.

682

—Бурынғы СССР дәўиринде адамлар қандай болып жасағанын көз алдыма келтириў ушын бир теңеў келтиресиз бе?

—Көшелерде жайылып жүретуғын таўықларға сырттан қарасаң еркин жүрген сыяқлы. Бирақ олар бир көзи менен өзлерине напақа излесе, екинши көзи менен әлле қайдан бүркит келе ме, ямаса биреў сойып жеў ушын услап алама, деген қәўип пенен тапқан хәр дәнди шоқырда жан-жағына бир қарап алады. СССР да жасаған хәр бир инсан бир жағынан КГБ адамы әлле қандай қәтемди таппасын деп, мисли сол таўықлар киби жасаўға хәрекет етер еди...».

Шынында, мәмлекеттиң надурыс сиясатлары жөнинде хәзирги ғәрезсизликтен кейингидей дәрежеде өз-ара ашық сөйлесиўге хәмме қорқар еди.

683

—Мениң картайған анам базда: «балам, айналандағы адамлар менен мүнәсибетлерин маған унамайды» дейди. Себебин сорасам, «өзиң түсин» дейди. Сиз қандай кеңес бересиз?

—Мениңше, хәр бир инсанды қоршаған таныс-билислери үш топарға бөледи: биринширлери, оған садық дослар, екиншилери, оған нағыз душпан көзлилер, үшиншилери, оған бийпәрўалар.

Ал енди олардың, арасынан дослары өзинше екиге бөлинеди: бириншиси, сениң әлле қандай жасырын сырларыңды билсе, оны өзиңнен де бетер қупыя сақлаўға тырысатуғынлар, екиншиси, сениң қандай қупыя сырларыңды билсе, оларды сол пайытта айналасына айтып мақтанатуғынлар, үшиншиси, сениң гүллән табысларыңа тәнхә өзи дағазалаў менен бирге сени жақсы күнлерге жеткерген дostының сыпатында мақтанып, ал сениң сәтсиз ислериң болса, «мен әўелинде ескерткен едим, нәсиятыма қулақ аспадың» дейтуғынлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Душпанларың да, еки қыйлы болады: биринщиси, көзиңше жортаға мақтап, сырыңды үйрениўшилер, екиншиси сени досларыңа жортаға мақтап олар арқалы жасырын сырларыңды билиўшилер.

Ал бийпәрўалар болса — бир қыйлы, утысларыңа да, пәрўайы пәлек.

Әне усыларды түсинип ис жүргизсең, қартайған анаң саған ишинен ыразылықта жасайды.

684

—Әкем тез-тезден «тилдиң буўыны жоқ, қорланып қалма» деп ескертеди. Не қылыўым керек?

—Дурыс, «тилдиң буўыны жоқ лекин, бәри бир оны ашатуғын гилти бар, ол ийесинде» деп бурынғы даналар бийкар айтпаған. Солай болса да, Қудирети күшли Тәңиритаала тилиңди буўынсыз жаратқан менен, оны тислер деп аталатуғын беккем сүйек дийўаллар менен қоршап, оның сыртынан еринлер деген дәрўазада қурып қойыпты. Тилиңе емес, сол дийўал менен дәрўазаға беккем болсаң, қорланбайсаң.

685

—Бурынғы СССР дәўиринде «басшылар пара алады» десетуғын еди. Жақында бир жорама «қандай жақсы, СССР менен пара қорлықта жоқ болды-аў!» десем, ол «ладансаң!» деди. Бул қалай?

—Мейли, мени тыңла: XIX әсирдеги орыс әдебиятының уллы сыншысы Г.Белинский «...еле хәмме нәрсе болар... жақсы жоллар қурылар, завод-фабрикалар да салынар, хәтте, адамлар аспанда да ушар... Лекин, адам, бәри бир адам болып қалады...» деген екен. Дүзим, заман өзгерген менен сиз айтқан парахор адамлар, бәри бир, Белинский айтқандай, адамлар адам деген атақлары менен қалған ғой.

686

—Қоңсыма бир қылап ис қылдым. Енди ол билип қояма деп ишим уллы дүбирли. Басқа көшеге көшсем бе екен?

—Қоңсыға қылапықылыў ең аўыр гүналардың аўыры. Ең аңсаты, хәзир қоңсыңа бас ийип барып хақыйқатлықты айтып, кеширим сора, болмаса қылапгөйлерди көретуғын көзлер сендейлерди бөтен көшеден түўе, тас түнек жабық гөрден де табады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

687

—Өжетлеў бир жорамды дурыс жолға салыў қанша мехир берсем де, ол өзгермейди. Енди не қылсам екен?

—Суўды қанша қайнатсаң да, бәри бир, суў болып қала бергени секилли, базы түсинбеўшиликлер тәрбияланыўшының өзинен ғана емес тәрбияшының айтқан гәплеринен, үлги деп келтирген мысалларынан көп нәрсе ғәрезли. Әўеле, өзинди түсиниўге хәм тәрбиялаўға тырысып бақ.

688

—Басқалардың кеўллерин бағыўға тырыссам да, өзимниң кеўлимди бағатуғынлар оғыры кем. Себебин түсиндиресизбе?

—Өмирдиң ойлы-бәлентлиги деген усы. Қәлбиңди еледе пәклик хәм хақыйқатлық нурларына толтыр. Өзгелерге жанапайлық қылмай оларға тек дурыслықты айтыўға тырысып бақ.

689

—Сабырлылық деген не?

—Басыңа келген хәр қыйлы ойларың хақыйқат дәрежеде пискенше, оларды тәнха өзиңе бағындырып жасаў.

690

—Перзентлериниз бенен мүнәсибетлеринизде өзгерислер сезесизбе?

—Анық айта алмайман. Бирақта биргезлери балаларым менен сөйлесип, оларды нәсиятлаўға тырысқанымда, олардың ийбенип тыңлайтуғынын сезер едим. Енди өзим Пайғамбер жасына жеткеннен кейин, балаларым менен сөйлессем, олардың маған, әлле қандай жаңа ислер жөнинде кеңеслер бергиси келетуғынын сезинип, «ғаррылық бул әсте-әстелеп хәмменин көз алдында бурқасаңлаған толқынлары биротала тоқтаўға қараған Арал теңизи, ал перзентлерим тазадан көз ашқан булақларға айланыпты» деген жуўмаққа келдим.

691

—Хәр күни жазасыз ба?

—Бул сораўыңыз «хәр күни аўқатланасыз ба?» дегенге тақаббил.

692

—Қәйтсем миллетиме жаранаман?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Миллет — бул хәр бир инсан ушын мәңгиге ата-ана. Ата-анасының даңкынан бурын өз даңқын ойлаған перзент саткын ҳарамзадаға айланыўы сөзсиз. Сол ушын гүллән орынларды миллетиңниң ар-намысын қорғап, ол ушын керегинди хәтте жан бериўге таяр болып жасасаң, ол ата-анаң сыпатында сени мәңгиге сүйиўден өзгермейди.

693

—Ҳаяллардың жүзине пәренже жабыў дәстүри қайдан шыққан?

—Еркек пенен ҳаял, ең әўеле, көзлери менен табысады ғой. Сол ушын, қәлби сумлыққа толы, қызғаншақ адамлар тәрепинен ойлап табылған болса керек.

694

—Туўылған аўылыңызға барғандағы кейпиятларыңыз?

—Туўылған аўылымның хәтте топырағын да сағынып, хәр барғанымда, еки түрли кейипте қайтаман.

Биринши, туўылған аўылымда бурын мен көрмеген, билмеген жанадан жаңа шаңараклар пайда болып, бийик-бийик имаратлар салыныў менен, мисли ертектегидей, гөззалланып баратырғанына қуўаныштан, қанама сыймай, аўылыма балаларымның биреўлерин көширип апарсам ба екен, деген де ойларға берилемен.

Екиншиси, мениң менен бирге балалығын өткерип, мектепте бирге оқыған теңлеслеримниң көбиси бул дүнья менен мәңгиге хошласқанын билип, олардың руўҳларын шад етип кетиў мақсетинде қәбирлерин зиярат қылыўға барғанымда, аўыл қәбирстанының бурын көргенимнен әдеўир-ақ кеңейгенин көрип, ишлерим ғыж-ғыж қайнайды, кейпим бузылады, көзлериме жас қуйылады, аўылыма қайтып барғым келмейтуғын кейипке берилемен.

695

—Ҳажы сыпатында сизге бир сораў: көплеп садақалар берсем бейишке бараман ба?

—Буны бир Тәңиритаалаnның өзи биледи. Сонда да ескертерим: Қураний Кәримниң 26-27 аятларында «туўған-туўысқанлырыңызға, қайыр сораганларға... садақа бериў менен кеўиллерин алыңлар, бирақ ысрапкершиликке жол қоймаңлар, себеби ысрапкершилер шайтанның дослары. Шайтан болса Тәңиритаалаға күтә нашүкир бенде». Усы көз-қарастан ойланып көрерсиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 696

—«Келеси әўладлар ушын, сиз қандай ислер қылдым» деп ойлайсыз?

—Инсан не ислесе де, әўеле өзи ушын ислейди. Кимде ким сондай тәнҳә ислеринде келеси әўладлар ушын иследим десе, Тәңиритаалаға әсилик. Солай болсада, сораўыңызға жуўабым: санаўлы өмиримде бир қанша китаплар жаздым. Дурысын айтсам, сол китаплар мениң бул дүньяда тирилик етиўиме напақалар-әм берди. Мен кеткен соң сол китапларым жаңа әўлад ушын қандай хызметлер атқаратуғынына көзим жетпейди.

## 697

—Жазыўшы ҳәм баслық сыпатында өкинетуғын гезлериңиз болама?

—Болады. Бүгинги адамлардың онша китап оқымайтуғынына сырнығып: «Оҳ, кинорежиссер болғанымда, халқымның, түркийзибанларға биринши покерлер болған дәўиринен баслап, бүгинге дейин бастан кеширгенлерин киноленталарына түсирип, керек орынларда өзим де роллерде ойнап өз заманласларыма көрсетер едим», деген қыялларға берилемен.

Ал, ҳәр сапары, баслық сыпатында жазыўшылыққа жаңа ағзалар қабыл етерде, «сүт көп болса қаймақта болады» деген халық нақылына сүйенип, гейпаралардың талантын жеткиликли билмей турып қоллапқуўатла-ғаным ушын өкинетуғын демлерим аз болмайды.

## 698

—Бир интервьюңизде «Егерде мен Қарақалпақстаннан тысқарыда өлсем, денемди сол жақта қалдырыңлар, өз ўатанымнан халқымның пайдаланыўы ушын еки метр болса да, жер бос турсын, деп айтып кетемен» депсиз. Түсинбедим?

—Сиз әййемги юнон философы, уллы Сократ (469-399) өзиниң өлим алдында тирилерге: «Мени қай жерге жерлесеңизде ықтыярыңыз, себеби, мен, бәрибир, сизлердиң, қәлбиңизде жасайман» деген пикирин оқысаңыз, нәсиятым бираз әнтеклеў түйилседе, ойланыңқырап кеширерсиз ҳәм дурыс түсинерсиз деп үмит етемен.

## 699

—Жақында мәкемемизге зорға-зорға басшы болып сайлаған едим. Енди қыяллары пәс, насаз арзагөйлер менен қалайынша ислесемен деп қорқып жүрмен?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Умытпаңыз, Қуяш, тил менен тәриплеп болмастай гөззал мәкан жайларға да, ең иплас, сасық орынларға да өз нурын тең түсиргени менен өзиниң қуяшлығын жоғалтпайды. Басшы да қарамағындағылар ушын, ўақытша болса да, өзинше, қуяш қой!

700

—Инсанның өзине сезилмейтуғын қандай жағдай бар?

—Хәр өткен күни менен өмири қысқарып баратырғанын сезинбеўшилик.

701

—Перзентиме өз анасының мухаббетин қалай тәрийплеп жеткерсем болады?

—Уллы шайыр Шайх Саадийдиң: «Ананың қадди-қәўмети бир дарақ болса, перзент оның мийўеси. Хақыйқат көзи менен қарасаң Ана сүти перзенттиң жүрек қаны» дегенин өзиңиз бир неше рет оқып болып, әке сыпатында терең ойланыңыз.

702

—Өзиңше бул дүньяда неше жыл жасағыңыз келеди?

—Уллы Аристотельдиң (384-322): «Дурыслықты айтып, дурыс ислеп өлиў — өтирикши атанып, айналаңды алдаў менен узақ жасағаннан абзалырақ» деген нәсиятына садықлықта, «пәк инсан еди», деген атқа ерисетуғынына көзим жетсе, тап бүгин өлип кетсем де, әрмансызбан!

703

—Инсанды гә қуўантып, гә қорқынышта жасататуғын бир жағдай?

—Мийнетсиз жыйналған көп пулдың ийеси болыў.

704

—Инсан ушын қандай жағдайда өз денеси аўыр хәм жасаўы мүшкил көринеди?

—Инсан ушын дене аўырлығы — бул күншиллик. Ал енди Персия патшасы Әниўшырўанға (531-579) қулақ салыңыз: Ол өзиниң алдына римли, хиндстанлы, иранлы даныш панларды шақырып: «Инсан ушын аўыр мүшкил не?» деп сорағанда, римли данышпан: «Инсан ушын ең аўыр мүшкил картайғанда жәрдемсиз қалыў хәм жетпесинлик»



www.ziyouz.com kutubxonasi

десе, хиндстанлы данышпан: «Кеселлик хәм жүдә қайғылы, ғамлы турмыс» депти. Ал иранлы данышпан: «Бул дүньяда жақсы хәм бәршеге мақул боларлық деп ойлаған ислеринди ислеўиңе үлгертпей келген әжел» деп жуўмақлапты. Ендиги жағын өзиңиз ойлап көре бериңиз.

705

—Бас қаламызға көшип келиў нийетиме не дейсиз?

—Дәл усындай сораў Аристотельге берилгенде, ол: «буның әҳмийети жоқ, бирақ сен бас қалаға ылайықлысаң, жоқ па, тийкарғы гәп усында» деген екен. Усыннан өзиңизге жуўмақ шығарарсыз.

706

—Билимли адамлардың қайсындайлары көп алжасады?

—Қайсысы ҳәр орында: «Мен билемен!» «Көп билемен!» деп, көкирегине урыўды өзине әдет етсе, сол мәңги алжасықларда жасайды.

707

—Ҳиндстанда болғаныңызда сизди таңландырған көринислерден ең баслысы, қайсысы?

—Мен ушын ең баслы таңланарлық көринис — түркийзибан бабамыз Шахжахан 1630-1652 жылларда сүйген ҳаялы ушын қурдырған Тажмахал естелиги болды. Ишине киргенимде, бир түркийзибан сыпатында айрықша мақтаныш сезимлерим қәлбиме сыймай, өзимди жәҳәнниң ең жоқары шоққысында турғандай сезиндим.

708

—Жыйналысларда айтқан көп усынысларым қабыл етилмейди. Себебин айта аласыз ба?

—Көп ойланылмаған гәплерди, әўеле өз турмысында сынап көрмеген усынысларды тәўекел етип ортаға сала берген адам аңшы атаныў мақсетинде көринген аңлардың изинен қара токпайдан оқлар ата беретуғын аңшыға мегзейди. Сондай аңшылардан болмаўға тырысып жаса.

709

—Досларды көбейтиў ушын не қылайын?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Өзиңнен өзгелерге кылған жақсылықларыңды хәм өзгелердиң саған қылған жаманлықларын умытып, ал, өзгелердиң саған қылған жақсылықлары менен өзиңниң өзгелерге қылған жаманлықларыңды естен шығармай жасасаң, не қылыўды тез-ақ уғынып аласаң.

710

—Бабаларымызға садық екенлигимди қалай көрсетемен?

—Халқыңның миллет болып қәлиплескен тарийхый жолларын хәр тәреплеме дурыс хәм терең үйренип шын қәлбиңизден түсиниў арқалы өз билгенлериңизди келеси әўладларға үйретиў әдетиңизге айланса бабаларыңызға сөзсиз садықсыз, әлбетте.

711

—Адамлар минези бойынша нешеге бөлинеди?

—Улыўма алғанда, мениңше, жолбарыс минезли хәм ғарға минезли болып, екиге бөлинеди. Жолбарыс минезлилер өз халқының даңқы, айбаты, тоқлығы ушын ис қылатуғынлар, ал ғарға минезлилер қара басының даңқы, айбаты хәм тоқлығы ушын ис қылатуғынлар.

712

—Шығыс поэзиясында қарақалпақ поэзиясының тутқан орны туўралы не дейсиз?

—XIX әсирдиң екинши ярымында үлкемизге саяхат етип келген венгер алымы Вамберий: «Шығыс әййемги дәўирлерден-ақ шерият (поэзия) үлкеси болып келген. Соның ушын да Қара отаўда жасаған халықлардың шериятқа болған ықласы Париж бенен Лондонда жасаған халықлардың шериятқа болған ықласынан анағурлым күшлирек екенлигине хешким таңлабаса да болады» деп жазып кетипти. Бул ой, қарақалпақлардың үлкен Қара отаўына кирип отырып көргеннен кейин ғана оның басына келгенин хеш ким бийкарлай алмаса керек.

713

—Қарақалпақ адамының қәлби қандай?

—Қудирети күшли Тәңиритааланың қәлби дәрежесинде кең.

714

—Өзиңизди кимге усатасыз?

—Устазы алдында дурыслы имтихан тапсырыў ушын таярлықлары еле ада болмаған бир студентке усатаман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

715

—Жылан минезли бир аўылласым «досласайық» деп алдыма келди. Не қылайын?

—Анық жылан минезлигине исенсең еле де ойланыңқыраңыз. Себеби, жылан мәўсимге қарай сырткы кебин таслаған менен, жыланлығын өзгертиўи қыйын.

716

— Ғаррылықты қалай қабыл етип атырсыз?

— Ҳәммеге мәлим бир факт — инсанның өмири ада болмас ҳәм қуўанышлардан ҳәм өкинишлерден ибарат. Балалығымда ишим писсе, далаға шығыўдан өз теңлеслеримди тез табатуғын едим. Енди ишим пискен пайытта далаға шықсам да, теңлеслеримди табыўым мүшкил. Өйткени тек қурбыларым күтә сийрексиген, ал тирилери төнхә өзлериниң машқалалары ҳәм ишки өкинишлери менен бәнт, я кеселбент... Сол ушын гей демлеримде ғаррылықтың аўыр мүшкиллеринде жасай берместен, кеткен кәдирданларыма тезирек қосылыўдыда қусейтуғын демлерим аз болмайды

717

—Халықтың саны, оның билимли әўладларын көбейтиўине тәсир етеме?

—Әлбетте. Лекин, адамзат бул дүнья цивилизациясының жоқары басқышына көтерилип баратырған ҳәзирги дәўирде пүткил адамзат дөреткен даналықлар, билимлер қайсындай жоллар менен болса да, тирилерге тең хызмет етип атырған заманда, қайсы миллет өз әўладларына көп үйретиўдиң усылларын жақсы меңгерсе, сол миллет, мейли аз санлы ма, мейли көп санлы ма, билимли ўәладларын көбейте алады.

718

—Қанша ынтығып күтсем де, мен неге тезирек бахытлы болмайман-ә?

—Юнон философы Аристотель: «Бахытсызлық күтпесең де күтә тезлик пенен, ал бахыт күтә әстелик пенен келеди...» деген екен. Бахытты онша асығыс күте бермей, ҳәм өзиң ҳәм елиң ушын мийнетлер етиўден шаршамай жалықпай, шыдамлылыққа әдетлен. Ҳақ нийетли инсанға бахыт сәл кешлеў болсада келеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

719

—Инсанның неше досты оның сырларын сақлаўы мүмкин?

—XVIII әсирдеги АҚШ президенти Бенжамин Франклин (1706-1790) «Инсанның сырларын тек үш дос сақлаўы мүмкин, егер олардың екеўи бул дүньяны тәрк еткен болса» деген екен. Мен де оған қосыламан.

720

—Қарақалпақ жазыўшысы болыў мақтанышпа?

—Қайсы миллеттиң ўәкили болсаң да, тирилик, өзинше, мақтаныш. Ал, қарақалпақ жазыўшысы сыпатында айтсам: халықларының саны көп миллет жазыўшыларының бириниң шығармасын қарақалпақ тилине аўдартып шығартсаң, онша қуўаныш билдирмейди, ал қарақалпақ жазыўшыларынан бириниң шығармасы көпсанлы бир халықтың тилине аўдарылып шығарылса, жерге, көкке сыймай қуўанады. Және бир өзгешелик — миллетиниң саны аз жазыўшы, миллетиниң саны көплер алдында, неликтен де, жалтақ хәм жасқаншақ келеди.

721

—Адамлар қылықлары бойынша, неше түрге бөлинеди?

—Мениңше, «төрт түрге: ашкөзлер, бақыллар, кең пейиллер, сақыйлар. Ал енди ашкөзлердиң өзгешелиги өзлери де жемейди, өзгегеде бермейди. Бақыллардың өзгешелиги — өзлери жейди, басқаларға бермейди. Кеңпейиллердиң өзгешелиги — өзлери де жейди, басқаларға да береди; Ал сақыйлардың өзгешелиги — өзлери жемесе де, басқаларға бере биледи.

722

—Ўатанын шынтлап сүйген инсан оның шегарасы менен шеклениўи тийис пе?

—Жоқ. Ақыллы инсанға пүткил жәҳән — Ўатан.

723

—Әллеқайсы шаңарақты гейде бейишке, гейде дозаққа айналдыратуғын ҳәдийселер?

—Шаңарақ ийелери есапланған ер менен ҳаял арасындағы муҳаббеттиң пәклиги өз шаңарағында мудамы бейишти пайда етеди, ал олардың бир-биринен жасырын муҳаббетлери болса, шаңарағын дозаққа айландыратуғыны сөзсиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

724

—Перзентлеринииздиң қайсыларын көбирек жақсы көресиз?

—Қызлар — бул миллеттиң ертеңги аналары. Аналары көп миллет ҳеш қашан жоғалмайды, ал уллар —миллеттиң қорғанлары. Қорғаны бар миллет ҳеш қашан жоғалмайды. Усы көзқарастан, мен қызларымды да, улларымды да бир-биринен кем я артық көрмеймен. Ең баслысы, Тәңиритаалам оларға инсанлығын, халқын умыттырмасын.

725

—Инсанның жақсылықлары, жаманлықлары жөнинде не дейсиз?

—Инсанның өзгелерге қылған жақсылығы да, жаманлығы да суўғарылып тапқа келип турған жерин сүрип, шашқан тұқымлары киби. Қайсысын көп екce, соның зүрәәтин көбирек жыйнайды. Сөйтсе де, жаманлықтың тухымлары суўға қанбаған, сүрилмеген жерлерде де көбирек зүрәәтли болатуғынын естен шығармаған мақул.

726

—Руўхый тәрбия адамзат тарийхының қайсы әсирлеринде басланды екен?

—Адам ата менен Ҳаўа анадан қосылып биринши перзентлерин қашан пайда еткен болса, руўхый тәрбия сол күннен басланғанына даў бола қоймас.

727

—Душпанларымнан өш алыўдың қандай бийҳазар жоллары бар?

—Ҳәр инсанның өш алыўы ҳәр қыйлы. Мениңше, ең әўеле душпанларыңызға бирден зәҳәр усынбай, мүмкиншилигиң барынша пал жегизип, шийрин-шийрин гәплериңиз бенен бийҳаллық дәрежеге түсириўдиң жолларын излестиргениңиз дурысырақ болар.

728

—Қәбир тасларындағы жазыўлардың сизди көбирек ойландыратуғын биреўин айтасыз ба?

—Уллы шайх Саадийдиң қәбир тасына жазылған: «Мен бул дүньяға жылап келгенимде басқалар қуўанысып шад болған еди. Енди мен күлип кетип баратырман, басқалар болса жылап қалмақта», деген сөзлер ҳақыйқатында да, тирилер ушын көп ойланарлық ҳәм ойландырарлық сөзлер ғой!



www.ziyouz.com kutubxonasi

729

—«Инсан хүкимдарсыз дурыслы жасай алмайды», дейди. Сонда олар кимлер?

—Инсанның биринши хүкимдары Тәңиритаала, екинши хүкимдары өзи, үшинши хүкимдары хәрнәрсеге қәнәәти, төртинши хәр кимниң өз қәлеўинде.

730

—Дос тутыныўға бардамлылар қолайлы ма, я жарлылар?

—Бардамлылар дослығыннан пайдаланып, сени өз шаңарағының қулына айландырса әжеп емес, ал жарлылылар алдыңа қоярға нан таппай қалса, саған нөпретлениўи мүмкин. Жақсысы — мал-дүньясы бойынша емес, ақыллылардан дос изле. Ақыллы дос хәр қандай жағдайда де сениң екинши «мениң», бола алады.

731

—Жасым алпыстан асқалы базы жәмәәтте көрген-билгенлеримди айта басласам, көп адам тыңлағысы келмейди. Терис қайтпадым ба екен?

—Бәлким. Тыңлаўшылардың жас айырмаларын есапқа алмаған халда ким көрген-билгенлери жөнинде өзинше сөйлей берсе, ол быжық, мақтаншақ. Көрген-билгенлериңе гуўа жоқ жәмийетте көп сөйлемеўге өзинди мәжбүрле.

732

—Көп алжасаман, көп албырақлайман. Бул әдетимнен қалай қутыламан?

—Искендер Зулхарнайын бундай жағдайларда ортаншы бармағындағы жүзигине қарап, оған буйыртпа менен өзи жаздырып қойған: «Булда өтип кетеди!» деген сөзлерде көзи түскенсоң, өзин басады екен. Сиз де сондай бир жол табыўға талапланыңыз.

733

—Инсанның қолынан келмейтуғын қандай ислер бар?

—Бир ис. Ол өлини тирилте алмаўшылығы!

734

—Өмирди қанша дәрежеде түсинесиз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Жақында емлеўханада жатып қонсы палатамда, тап өз-ара жарысқан киби, теннен гүрсинетуғын еки кемпирден хал сораў ушын кирдим...

«Жазыўшы екенсиз, айтайын, —деди бири ашылысып. —Мен бийперзентпен. Изимнен хеш ким излеп келмегенине жаным тәзбей: «ах, Қудай-аў, өз ўақтында маған неге перзентлер бермедиң?» деген мәниде гүрсине бергим келеди... Сөйтсем жаным азғана жубаныш табатуғындай. Бирақ бийперзентлигиме өзим айыплы екенимди де билемен. Өз ўақтында бул дүньяның ләззетлеринен кеңирек хәм көбирек пайдаланғым келген еди. Енди билсем, алданыппан. «Мени өзиң неге туўры жолға салмадың деп көбинесе Тәңиритаала违 да қарғайман!...»

«Меники пүткиллей басқаша дәрт, — деди екиншиси: —Мен бул дүньяға бес перзент келтирдим, бесеўи де тири. Ерим ертерек өмирден кеткени ушын, есиклер сыпырып жүрип бесеўин де келе қылдым. Бәри де шаңарақ көтерди. Хәр қайсысы өз шаңарағының ғалмағалынан ба, мине, бир хәптеден бери биреўи меннен хабар алмайды... Қарғайын десем өз перзентлерим. Буны кимге айтарман? Тек гүрсинемен, болғаны!...»

Оларға қосымша сораўлар бермедим. Лекин, хәр сапары усы кемпирлерди еслесем, өмирдиң ушы-қыйырсыз қубылысларын түсинип болыў мүмкин емеслигин және бир мәртебе уғынаман.

735

—Хожели қаласының қубласындағы «Мизлақхан таў» төбелигиндеги «Назлымхан сулыў» деп аталған таў асты минәрет естелиги жөнинде не билесиз?

—«Назлымхан сулыў» естелиги хаққында баспа сөзлерде жәрияланған да, жәрияланбаған да әпсаналар көп. Солардан өзиме инанымлырақ биреўин айтайын:

Туран шахы Махмуд Ғазнавий өзиниң хүкимдарлық қылған дәўиринде (998-1030) Индияға шабыўыл жасап, көп ғана жеңислерге ерисиў нәтийжесинде бираз аймақлар менен көп-көп олжалардың ийеси де болады. Соннан соң Хорезмди басқарыў ислерин өзиниң сүйикли қызы Назлымханға тапсырады. Ол күтә сулыў хәм ақыллы қыз екен. Ол әўелги қәдемлеринен баслап-ақ қурылыс ислерине кеўил бөледи. Атасы қолға түсирген *индиялы көп қуллар арасынан* Бадаун исмли бир жигиттиң айрықша уқыплылығын көрип, бәрше қурылыс ислерин басқарыўды соған тапсырады. Бара-бара Бадаун



www.ziyouz.com kutubxonasi

менен Назлымхан сулыў арасында хайран каларлык мухаббет пайда болады. Әттең, олар бул сезимлерин бири бирине ашық айта алмайды. Себеби екеўи еки диннен еди. Сөйтсе де, қыз бир жола өзинде батыдлық таўып: «Бадаун, егер де, сен мени шыннан сүйсең, таў астынан хәмме хайран қаларлық сарай сал» дейди. Бадаун буған бирден-ақ келисип, таўды ойып сарай салыўды баслайды хәм оны питкергеннен кейин, Назлымханның таң қаларлық сулыў жүзинен бир сүйип алыўды өтинеди. Қыз дәлкек сыпатында: «егер, сен мынаў сарайдың төбесинен төменге өзинди тасласаң, бир сүйдиремен» дейди.

Жигит бир демге де ойланбастан, дәрриў сарайдың төбесине шығып, қыздың өтинишин бәржай келтиреди... Бирден бүйтеди деп ойламаған қыз тезден хинд жигитиниң келиншеги үлгисинде кийимлер таўып кийинеди де, алда бир демге де ойланбастан, Бадаунның исин тәкирарлаў мақсетинде, сарайдың бийик минарасына минеди хәм өзин жигиттиң өли денеси үстине, таслайды...

Әпсаналар, Махмуд Ғазнавийдиң сарай данышпанлары айтып кеткен рәўиятлар бойынша: «Қыздың сарай минаретинен өзин таслар алдындағы сөзлери өз алдына бир дүнья. Лекин, сол сөзлерди жазыў керек болса, бир тырнақтың үстине сыйғызып жазыў да мүмкин» делинген.

Бир тырнақтың үстине сыятуғын сөз, әлбетте, пәк ышқы «Мухаббет!» сөзи болса керек. Оны хәр дәўир өз заманының көзқарасына сәйкес хәр қыйлы дәрежеде болжайды...

Хәзирше, «Назлымхан сулыў» деп аталған таў асты сарайының минәрети хаққында мен билетуғын әпсана усы...

736

—Бүгинги күн ямаса өтмиш туўралы шығармалар дөретиўшилерге көз-қарасыңыз?

—Мени жазыўшының қайсы дәўирден жазғаны емес, қандай талант пенен жазғаны көбирек қызықтырады. Солай болса да, мен бүгинди тәриплеп шығармалар дөретиўшилер бүгинги заманның үгит-нәсиятшылары, ал өтмиш тарийх туўралы көркем шығармалар дөретиўшилерди өтмиштен бүгинге арнаўлы жиберилген елшилер деп түсинемен.

737

—Өзиңизди қандай жазыўшыман деп есаплайсаң?

—Халқым, оқыўшыларым мени жазыўшы деп түсинсе, жазыўшыман, болмаса қағаз шыжбайлаўшы бир есаўаспан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

738

—Сыр саклағышпысыз?

—Жасырын сырлар — бул инсан ушын өзинше аўыр жүклер. Оларды бәрхама көтерип жасаў хәмменин қолынан келмейди. Сол ушын сырларымды, күнделигиме тез түсирмесем, шыдамай аўырып қаламан.

739

—Инсанға келетуғын балалык хәм онын келешеги?

—Инсанға балалық еки рет келеди. Бириншн балалык, шын мәнисиндеги балалык, ал, екинши балалык — бул ғаррылык. Биринщисинин алды кен айдын, жазыклык, екиншинин алды туйык, қаранғылык.

740

—Инсан ушын кеширилмес бас қәтелик не?

—Пайғамберимиз Мухаммед әлейхиссаламнын хәдислеринде: «Тәнiритаалам инсаннын қайсындай қәтелигин кеширсе де, анасын хүрмет етпеген қәтелигин хаслан кеширмейди» делинген.

Демек, инсан ушын кеширилмес бас қәтелик — Анаға хүрметсизлик!

741

—Қандай инсанды «бул нурлы адам» дейди?

—Хеш қашан өтирик сөйлемейтуғын, айналасындағылардың ким болыўына қарамастан, өз мехирин олардан аямайтуғын инсан, шын мәнисинде нурлы адам.

742

—Цыганлар хәм олардын тили хаққында нелер билесиз?

—Күтә аз. Өйткени, базда цыганлардын өзлеринен сорасан, хәтте өзлери де хәр қыйлы түсиниклер айтады. Дүньянын хәр қыйлы карталарынан цыганлардын турақлы мәкан жайларын табыў да мүмкин. Бирақ оқығанларым бойынша, цыган тили тиллердин Индо-Европа топарына кирген жаңа хинд тилинин бир шақапшасы. Халқы XX әсирдин 70-жылларындағы есап бойынша еки миллионға шамалас. Цыганлардын ен әўелги журты Индия болып, оннан бизин эрамыздын бириншн мын жыллығында, хәр қыйлы себеплерге байланыслы, жан-жаққа тарай баслаған. XIII-XIV әсирлерде олар Европаға да араласқан. Қысқасы, цыганлар дүньянын гүллән континентлеринде бар. Бөлиниўлерине байланыслы тили, хәзирше дәл анықланбаған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

көп-көп диалектлерге бөлинеди. Қайсы топары қайсы елде жасаса, сол елдиң тили менен өзлериниң сөйлеў диалектин, өзлеринше, байытқан.

743

—Айналаңыздан қандай гөззаллықлар көресиз?

—Тийкарынан, еки қыйлы. Бири тәбияттың өзи дөреткен, екиншиси, адамзаттың қоллары менен бинят етилген гөззалықлар.

744

—Прозаик пенен шайырдың айырмасы?

—Уллы немец жазыўшысы Гетенин (1749-1832) И.Эккермен деген әдебиятшыға 1827-жылдың 25-январында: «Оқыўшыларына ужыбатлы бир нәрсе айтыўы ушын прозаиктиң дәстиярлы пикири болыўы шәрт. Ал, шайыр хеш қандай пикир айтпай-ақ, сөзлерин уйқастырса ўассалам, адамлар тыңлай береди», деген екен. Гейде, өзимше, усы пикирди мақуллайман, гейде қарсыман да.

745

—XXI әсирден дәмеңиз?

—XXI әсирден үмитим зор. Бирақ XX әсир жөнинде хәр бир мәмлекет, хәр инсан өзлеринше хәр қыйлы болжаўлар айтып атыр...

Ал XX әсирдиң басларында жасаған уллы рус шайыры Александр Блок (1880-1921) өз ўақтында бундай сораўларға жуўап берип: «XX әсир цивилизациялық жол менен жабайыласыў әсири болады» деген екен. Мен «XXI әсир хақыйқый мәнисинде, цивилизациялық жол менен жабайыласыў емес, ал миллетлер аралық түсинисиў әсири болады, хәр бир уллы миллет, мәмлекет, аз санлы миллетлер менен мәмлекетлердиң тарийх сахнасынан шығып қалмаўы ушын өз мәмлекетиниң бар ресурсларын толық иске салатуғын әсир болады» деп үмитленемен.

746

—Бул дүньяның әдиллиги неден ибарат?

—Дүньяға келген хешбир инсанның хеш бири мәңги тири қалмайтуғынлығында. Француз ойшылы Жан Лаврюгер де (1645-1696) «егер де дүньяда биреўлер өлип, екиншилери өлмейтуғын болып жаратылғанда дүнья әдиллигин жоғалтқан болар еди» депте ескерткен екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 747

—Нөкис каласының «Дослык» майданын пайда етиў хәм оған бюст орнатыўға сиз инциатор екенлигиңизди билемиз. «Дослык» майданында бой көтерген еки хаял бюстиниң проектин сиз усындыңызба?

—Мениң ойым бойынша: бюст сыпатында халкымыздың XVIII-XIX әсирлердеги уллы миллий басшыларынан аты әпсана Маман бий, Дана Айдос баба, батыр-палўан Ерназар алакөз көрсетилиўи тийис еди. Сол гезлеги ең шешиўши күшке ийе болған областьлық партия комитетиниң басшылары, оларға косымша гейпара жанапайшы министрлер интернационалист көриниў максетинде «Дослык» майданында бүгинги көринип турған бюстиң негизин макуллады. Тилекке карсы, соң анықласам, бул бюст бурыннан-ак художниклерде тайын екен... Даўласканымнан пайда түспеслигин уғындым да, тайын бюстлерге карап ойландым: Бюсттеги еки хаялдың бири Европаның, екиншиси орта Азияның тымсалы болса керек. Каракалпакстан болса, Орта Азия менен Европаны бирлестириўши «Жипек жолы»ның үстиндеги мәмлекет. Бәлким, художниклер де дәл усыны нәзерде туткан шығар, деген ой менен наилаж келистим. Әттең акыбети...

## 748

—Кәйткенде жеккеленип калмай жаксы жасаў мүмкин?

—Тәңиритаала бул кең әлемди хәм оны өзине хызмет кылдырыў нийетинде Адам Атаны жаратып, оған тил питкергеннен кейин, ол: «Әй, уллы жаратыўшы, енди маған бул кең әлемди жаксылаўдың сырларын үйретиңиз?» депти. Сонда Тәңиритаала: «Әй, Адам, сениң бул кең әлемде калай болса, солай сайранлап гезиўиң ушын еки аяк бердим, хәмме нәрсени көриўиң ушын еки көз бердим, кәйерде кандай хәрекет барлығын еситиўиң ушын еки кулак бердим, нелерди услап көремен десең, еки кол бердим, барлығы жөнинде өзиң ойланып пикирлеўиң ушын басыңа мий куйып, айналаңдағылар менен кеңесип ашык сырласыўың ушын тил бердим. Енди бәрин өзиң үйрен хәм әўладларыңа өзиң үйрет» деген екен. Тәңиритаалададан артык жуўаплар табыўым мүшкил.

## 749

—Кеўилли отырыспаларда өз ойларыңызға шүмип калатуғын гезлериңиз бола ма?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Болады. Гейде, арамыздан мәңгиге кеткен күлкили сөз шеберлери болған досларым есиме түссе, бир неше демге үнсиз ҳәсирет шексем де, бирден: «олардың изинен барып, қосылатуғын ўақтымда жақынлады ғой, ҳәзирше тирилердиң ўақты хошлығына кесент етпейин», деп әстелеп күлкилерге араласаман.

750

—Ислам дининиң төрт масхабы (жөнелиси) деген не ҳәм оларға тийкар салғанлар кимлер?

—Масхаб (жөнелис) — ислам дини Тәңиритааланың ең соңғы ҳәм пүткил адамзатқа инам етилген бирден-бир мәңгилик ҳәм ҳәр халықта азлап өзиншеликлер болыўына қарсылық билдирмейтуғын кең дин. Масхаб әне усыны тастыйықлаўшы қағыйда сыпатындағы түсиниклер.

Биринши Масхабқа (жөнелиске) тийкар салыўшы Имам Ағзам жөнинде кеңирек түсиник оның тийкарғы исми Нуьман, әкесиниң исми Сабит, атасының исми Зута. Зута Қабулда туўылған. Ҳаслы фарсий. Мусылманлар Қабулды ийелеп алған соң Зута бенде қылынып, Куфа қаласына алып келинген. Әне, усы Куфа қаласында Зутадан Сабит, оннан хижрий 80-жылларда Нуьман ибн Сабит дүньяға келген. Имам Ағзам деген — Уллы Имам дегени. Бул уллы атаққа соңғы масхаб ийелериниң хеш қайсысы ерискен емес.

Ислам дининдеги төрт масхабты (төрт жөнелисти) дөретиўши уламалар:

1. Имам Ағзам Нуьман ибн Сабит, хижрий 80-жылларда туўылған.

2. Имам Малик ибн Анас, хижрий 93-жылларда туўылған (мениң ескертиўим: Бердақтың «Шежире»синдеги «Енес, Мәлик еки киси...» деп келтирген адамлары усы Анас ибн Малик яғный Маликтиң улы Анас.)

3. Имам Шафь, хижрий 150-жылларда туўылған.

4. Имам Ахмад ибн Ханбал, 164-жылларда туўылған.

751

—Ислам динине толық исенесиз бе?

—Егер Тәңиритаала болмағанда, хеш бир инсан, соның ишинде менде дүньяға келмес едик. Соң, өлген гезинде, өлигинди қәстерлеп топыраққа қайта араластыратуғын күшлер, Егерде динлер болмағанда, ҳәр бир инсан бул дүньяға келген күнинен баслап-ақ, өлиги ийт пенен қусқа жем болатуғынын еслеп, дала ҳайўанлары киби бир-бирине рехимсизликте жасаған болар еди...



www.ziyouz.com kutubxonasi

752

—Түркменстан Президенти Ниязовтың XXI әсирди «Түркменстанның алтын әсири» дегенине қалай қарайсыз?

—Басқа мәмлекеттиң ишки сиясатына араласып баҳа бериў нақолай. Сөйтседе өтмиштен бир анекдот: «Бурынғы СССР дәўиринде москвалы бир адам Түркменстаннан келген бир ҳамалдар адамға «Сиз ким боласыз?» дегенде, ол: «Мен Түркменстанның мәденият министримен» деген екен. Оған сораў берген адам: «Қалайынша? Мен Түркменстанда болғанман. Сиз айтқан лаўазым ушын әўеле мәдениятның өзи болыўы керек емес пе?..» депти. Усы анекдоттағы секилли, бүгинги түркмен президентине баҳа бериўим қыйын.

Деген менен, ҳәзирги Түркменбашы жоқарыда келтирилген анекдотты бийкарлаў нийетинде, өзинше, жаңаша мәденият пайда етиўдиң жолына түскен болса да тәәжип емес. Бирақ бул дүньяда өзгермейтуғын жәмийет, заман, басқарыў усыллары болмағанғой, еледе болмас.

753

—Ден саўлығыңыз бенен қызығатуғынлар көп пе?

—Аўырмай жүрсем, аз емес. Ал, ҳақыйқат аўырсам, санаўлы ғана.

754

—Арақ ишиўшилик жөнинде не билесиз?

—Сораўыңызға байланыслы бир әпсана: Тәңиритаала адамзат арасынан және бир елши-пайғамбер таярлаў мақсетинде Жабырайыл периштени жумсапты. Бул дәўирлерде арақ ишиўшиликтиң әбден ен жайған гези екен. Жабырайыл периште оншең ақыллы адамларды жыйнап, олардың қәлеўинше арақ бергизеди. Жыйналғанлар толығы менен мәс болады. Бирақ олардың арасынан миллети бойынша араб бир жас жигит хеш қандай буэбастан Тәңиритааланың ўәкили менен еркин сөйлесип, оның сораўларына дәстиярлы жуўап береди. Соннан кейин Жабырайыл периште оны Тәңиритааланың елшилигине ылайық деп жоқарыға есап береди. Тәңиритаала қабыл етеди. Әне сол жигиттиң исми-шәрийпи Мухаммед ибн Абу Тәлиб екен. Солай етип, Тәңиритааланың жаңа пайғамбери пайда болады.

Енди Мухаммед ибн Абу Талиб өзиниң биринши пайғамберлик қәдемлеринен баслап, ислам динин пайда етеди хәм ислам диндегилерге арақ ишиўшиликти қадаған етип бул пикирин Қуранға киргизеди...

Тилекке қарсы, арақ ишиўшилик ислам дининдегилер арасында елеге дейин тоқтамағаны өкинишли.



www.ziyouz.com kutubxonasi

755

—Парахорлыклар қәйткенде тоқтатылады деп ойлайсыз?

—Әпсана: Адамлардың хәркыйлы арзаларынан шаршаған орыс патшасы Петр Биринши өзиниң бас прокурорын алдына шақырып, «Кимде ким басқадан пара алса, ол хәтте соралыпта турмастан дарға асылады!» дегенде, бас прокурор: «Уллы патшамыз, олай болса, сарайыңызда Өзиңизден басқа бирде адам қалмайды ғой» деген екен. Петр Биринши күлип жиберипти. Әне, сол таклетте хеш бир тахт ийеси ондай буйрық шығарыўға жүрексинбейди. Сол ушын да парахорлық жуўық арада қалмаса керек.

756

—Жақында мәкememнен сыйлық ала қойып едим, аўылласларым изли-изинен келип қарыз сорай береди. Берсем, қайтармайды, не қыларымды билмеймен. Бир кеңес берсеңиз?

—Өмирбек лаққының мынадай усылын қолланағой. Мәселен, ол, хешким өзиниң қарызға алғанын қайтып бермейтуғынын алдын ала билгенликтен көшеге шығыўдан «Мине көрдиңизбе, пулым жоқ» деген мәниде кийимлериндеги қалталарының түбин сыртқа шығарып жүреди екен.

757

—Қәйтсем өз душпанларымды өз әўладларыма да душпан қылмай кетемен?

—Өзиң билген бәрше өмир тәжирийбелеринди әўладларыңа қалдырмай қанша кеңнен нәсият қылсаң да, тәнхә өз душпанларың жөнинде тиґислик билдирмей кет.

758

—Адамлар қай ўақытлардан баслап сазлар сестине қуштар болды екен?

—Рәўиятлар бойынша Тәңиритаала әзелги Адамды соқтырып, оған жан киргизейин десе, жан: «Кирмеймен! Адам мени тындырмайды! — депти. Сонда Қүдирети Күшли жол таўып жағымлы сазлар сестин пайда етеди де жанды сол сазлардың жағымлы еслерине еликтирип Адамға киргизген екен. Әне соннан баслап адам баласы, хәтте жалғызлықта үнсиз жүрсе де, әйналасындағы гүллән сеслер, соның ишинде, даўыл да, ептип ескен самал да көбинесе өзинше, күтилмеген әжайып саз хаўазлары киби адам жанына әллеқандай руўх бағышлаған янлы күш береди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

759

—Қарақалпақларды басқа түркийтиллеслерден ажыратып туратуғын қандай сөзлери бар?

—«Аўа... Аўа» деген сөзи бар.

760

—Қәйтсем, жәмәәтиме ақыллы көринемен?

—Тыңық тыңлаўшы болсаң.

761

—Сыртыңыздан әллекимниң сизди мақтағаны жөнинде хабар айтылса инанасыз ба?

—Әййемги грек алымы Антисфенге (444-366) биреў: «бүгин сизди пәленше мақтады» дегенлерге, ол: «мен сол пәленшеге нендей жаманлық қылдым екен?» деп сарсылатуғынын көп жағдайларда есиме түсиремен хәм көп ойланаман.

762

—Адамзат әлеминиң биринши есиги қәйерде?

—Халқымыз: «бул кең әлемниң биринши есиги — бөпелердиң бесиги» деген даналық дөреткенде алжаспаған деп ойлайман.

763

—Өлим мүнәсибетине байланыслы қандай жумбақлар сезесиз?

—Биринши адамды пайда етип болып, оны көп жасатпай өлимге гириптар қылатуғын бул дүньяның өзи жумбақ. Екинши, хәр бир инсанның өзиде жумбақ. Екинши жумбаққа бир мысал: Набада көшемизден биреў қайтыс болса, биреўлердиң шыны менен даўыс шығарып жылап киятырғанын көрсем, ал екиншилериниң қоллары менен көзлерин уўқаласа да аўзына басқан қол орамаллары астынан мыйық тартып киятырғанын да көргенмен...

764

—Әмир Темурдың жазыўшылар ушын да күтә ибратлы бир гәпин айтсаңыз?

—«Қанлы қылышты өзиндей қылыш емес, бир жақсы сөзде қынына қайта тықтыра алады...»



www.ziyouz.com kutubxonasi

765

—Қәйткенде илим-хикметли досларым мени қатарынан қалдырмайды?

—Абул-Қасым Махмуд аз-Махшарийдиң (1075-1144): «я илимли бол, я илимге сүйенип ис қыл, егер хештеңе билмесең, илим ҳаққында айтылған гәплерди ықлас пенен тыңлайтуғын бол...» деген нәсиятларын бойына сиңдирип өзиңе сүйениш қылып жасаўға әдетленсең...

766

—Пүткил дүньяда ең уллы режиссёр ким?

—Бул дүньяны пайда етип, оны адамларға унатып ҳәм сүйсиндирген режиссер Тәңиритааланың тәнҳә өзи!

767

—Шохан Ўалийхановтың (1835-1865) қарақалпақларға қатнасы бар деп еситтим. Сиз билмейсиз бе?

—Мениң оқып билгеним — Шохан XIX әсирдеги қазақ халқының уллы ханы Абылайханның ақлығы Шыңғыстың қарақалпақ миллетинен алған хаялынан туўылған. Қарақалпақлардың жийени. Түркийтиллеслердиң дәстүри бойынша әкеси себепли миллети қазақ. Өзи алым, тарийхшы, этнограф, фольклор жыйнаўшы. Көбирек дайыларына бүйири бурған. Бир мысал 1904-жылы Санкт-Петербургта басылып шыққан бир мийнетинде «Қосық дүньяны гезип-гезип, Сырдың аржағына барып, қарақалпақларға қонақ болыпты» деп жазған. Бул, әлбетте, шынлық ҳәм жоқары баҳа.

768

—Тәнҳә өз ойыңызша бурынғы СССРдың тарқалыўына тийкарғы себеплер?

—Менинше, бурынғы СССР бес себептен тарқады. Биринши, халық нақылы бойынша «патша ақыл болса, журты озады, патша залым болса, журты тозады»... Басшылар зулым еди, ақылсыз еди, Мәмлекет тозды.

Екинши, халық нақылы бойынша: «Уятсыздың бәри парахор, инсапсыз молла бәрҳә алакөз». Парахорларын, исленбеген ислерди исленди, деп, өтирик мағлыўмат (сводка) бериўшилер кеңнен ең жайған еди... СССР өтирикшилер, парахорлар мәмлекетине айланды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үшинши нақыл бойынша: «Бас-басына бий болсаң, минәр таўға сыймайсаң». Соңғы жыллары басшылар арасында бирлик, өз-ара бирин-бири дурыс түсиниў болмады.

Төртинши нақыл бойынша: «Халўаны хәким жеди, таяқты жетим жеди». Яғный қарапайым пухаралардың пикирлери дыққатқа алынбай, басшылар алған параларын тек жасырыў менен бәнт болып жасады.

Бесинши нақыл бойынша: «Молланың айтқанын қылсаң да, қылғанын қылма». Арақ ишиўди тоқтатыў жөнинде мәмлекетлик қарар шығарылса да, әўеле басшылардың өзлери арақты суў орнына ишип, *мәс халда ҳүкимдарлық қылыўын даўам ете берди...*

769

**—Өзим сүйип қосылған жуптым менен түсиниспеўге қарадық. Кеңесиңиз?**

**—Өзиң қурған иматарыңды өзиң бузып, оны қайтадан қурыўға урыныў қыялына аңсатырақ көринген менен, әўелгисинен көбирек машқалалы. Кеңесим: биринши иматарыңның ләрзем алыўға қараған кемис-кутығына айрықша итибар берип дүзетиўди биринши болып** ***өзиң басласаң мүшкилиң жеңиллеседи...***

770

—Мени сөз бенен шымшылаўшылар көбейежақ, не қылайын?

—Қәлеген жәмәәтте гилең теңлеслер, мисли спортшылар секилли басқаларды тек өзине қаратыўды күсейди. Әлле биреўлери сеннен артта қалатуғынын уғынады да, қайымын таўып сениң аяғыңнан шалыўға тырысады. Сондай ҳәрекетлер сезсең де онша ҳаўлықпай, алға қарай талпыныўыңды тоқтатпай, қәлеген ислериңди даўам ете бергениң жақсы.

771

—Жақында бас шыпакер болып едим. Енди министримизди мениң берген мағлыўматларым (сводкалар) қәнәәтлендирмей атыр. Себебин билсем, маған дейинги бас шыпакер жоқарыға берген мағлыўматында кеселлер менен өлгенлердиң санын еки есеге кемейтип бермегени ушын босатылған екен. Мен не қылары мды билмей жүрипен?

—Аспанға қарап сөйлеў менен гәпти көп созбай, тек ғана ҳақыйқатлық тийкарында ислер жүргизсең жүзиң бәрҳа жарқын болады. Билип қой: Ҳақыйқатлық ўақытша қайысады, лекин ҳешқашан сынбайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

772

—Дөреткен шығармаларыңыздың өмирлери жөнинде не дейсиз?

—Ҳаслында жаңадан дөретилген көркем шығарманың да өмири бир инсанның өмири секилли. Әллекайсысы туўыла сала, биреўлери азғана жасап, және биреўлери картайса да жасай береди. Жазыўшы өз шығармасы ушын ана. Қайсы ана перзентине мәңгилик өмир тилемейди.

773

—XX әсирдеги қазақ халқының атақлы шайыры Жубан Молдағалиевтиң «Мен қазақпын мың өлип, мың тирилген...» деген қосық қатарларын оқыған болсаңыз, пикириңиз қалай?

—Бурынғы СССР гезинде, бир адам базардан қиятырып «Заманай, ах, Заман-әй!» деп гүрсингени ушын, оның бир жолдасы КГБға арза бергенинен кейин, оған «заманай-әй! деп неге бизиң заманымыздан түңилдиң!» деген айып тығып қаматқанын, бирақ сол адам тергеўшиге: «Мениң Заманай исимли ержеткен қызым базарда бийтаныс биреў менен қашып кеткени ушын өзимше күйинип «Әх, Заманай! деген едим» десе де, дыққатқа алынбаған екен. Әне усындай мәмлекет дәўиринде өз миллетиниң дәрти жөнинде ҳештеңеден қорықпай батыл түрде «Мен қазақпын мың өлип, мың тирилген!..» деп қосық жазған сол шайыр келешекке де үлги болып қалатуғынына да исенемен.

774

—Инсанлықтың жақсы белгиси?

—Ҳәр қандай жағдайда да өзиңе жолыққан бийтаныс инсанды дәл өзиң киби инсан емес, Тәңритааланың сәўлеси киби көрип, мүләйимликте қатнас қылсаң жақсы инсансаң.

775

—Базы бир шығармалар жөнинде «адамзат жәмийетине мәңги хызмет етиўши» дегенге усас анықламалар айтылады. Буған не дейсиз?

—Қудирети күшлиниң буйрығы менен оның пайғамберлери жазып кеткен китаплар адамзаттың мәңгилик ақылгөйи екени тақыйық. Солай болса да, соңғы жыллары Осло қаласындағы Новель сыйлығы бойынша комитет тәрепинен Испан жазыўшысы Сервантестиң (1547-1616) дөреткен «Дон Кихот» романы (605-жылы түрмада жазылған) туўралы пүткил дүнья бойлап сораў жүритилгенде, «Дон Кихот»



www.ziyouz.com kutubxonasi

мәңгилик шығарма деген жуўмаққа келинген екен. Деген менен адамлардың өз-ара ойынлар киби усыллары да шексиз ғой. Ҳәзирше «Дон Кихот» жөниндеги бахаға исенемиз.

776

—Жәмәәтимиз ҳәмдамлықта ҳадал мийнет етип жобаларды артық орынласақта, ҳеш мийнет етпеген басшымызға ғана орден берилди. Бул қалай?

—Әўеле өз қолларыңызға қараңыз. Алтын саатыңызды неге гүллән ислериңизди бежеретуғын оң қолыңыздың билегине емес, шеп қолыңыздың билегине тағып қойыпсыз? Сиясат деген-әм өзиңиз сыяқлы бир инсанның дөретпеси.

777

—Шофёрман. Басшым бир үйге аўқатқа шақырылса, ол мени бәрҳә машинада қалдырады. Не қылыўым керек?

—Қапа болмаңыз. Өзиңизде аўқат тайын болған гезде отын шаўып атырған балтаңызды, жап-салма қазған белиңизди, сыртта қалдырып, аўқатланыўға ушын тек өзиниз ишкерилейсиз ғой!

778

—Арал теңизинде «Барсакелмес» деген орын бар. Бунның сыры неде?

—Әўеле еки әпсана еситиңиз: Олардың бири бойынша: Арал теңизи ортасындағы атаўға барғанларды жыртқыш ҳайўанлар ғуў басып, жеп қоятуғын болған-мыш... Ал атаўдың ишкерисине киргенди жер жутатуғын болған-быш. Соннан «Барса келмес» атанған.

Екинши әпсана: түркийзибанларды қорғаўшы сақ нөкерлик лаўазымы тапсырылған бабаларымыз Арал теңизиниң ортасындағы нәмәлим бир атаўға барып, ҳәр қыйлы нөкерлик машқылар менен шуғылланады екен. Түркийзибанлылардың душпанлары олардың нөкерлери қәйерлерде машқы өткеретуғынын астыртын билип алған соң, сол атаў айналасындағы тоғайларда жасырынып жатып нөкерлик машқыға келгенлерди гә жекке-жекке, гә екеў-үшеўден услап өлтире беретуғын болған. Әзелден-ақ өз ўазыйпаларына садық қарақалпақлардың әжайып машқы орны бара-бара «Барса келмес»деген ат алып, соңында сол аты мәңгиге сақланып қалады.

Бурынғы СССР мәмлекети дәўиринде сол «Барса келмес» жасырын дәрежедеги әскерий горнизон орнына айландырылып, оған



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Остров возрождения» — «Қайта туўылған атаў» деген ат берилседе, әскерий гарнизонды сыртқы жаў көзлерден сақлаў нийетинде «Аргументы и факты» газетасының 2001-жыл №40 жазыўы бойынша: «Барса келмес» атаўында «Сибирь жарасы» «Сибирская язва» пайда болғанлығы туўралы аңызларда көп тарқатылған.

779

—Мәмлекеттиң дүзелиўге я бузылыўға бет алғанын қалай уғыныў мүмкин?

—Заң-нызамларды қорғаўшы мәкемелериниң (прокуратура, суд, милиция...) есиклери алдында, артында, айналасында төмен қарасып муңлы кейипте отырғанлардың санларына қарап билсе болады.

780

—Сизди түңилдиретуғын инсанлар?

—Мархум намазжайға шығарылып оған соңғы жаназа намазы оқылып атырғанда, бир шетте топарласып, өз-ара анекдотлар айтысып, мырс-мырс күлисип туратуғынлар мени айрықша түңилтеди.

781

—Сабақларынан төмен үлгеретуғын перзентлериме не қылсам болады?

—Ең баслысы, өз перзентлериңизден наүмит болмаңыз. Мәселен, аты әлемге мәлим физик, математик Исаак Ньютон (1643-1727) жас гезинде уқыпсыз оқыўшы сыпатында бир неше мәртебе мектептен де шығарылған. Уллы орыс шайыры Пушкин (1799-1837) жас гезинде күтә төмен баҳалар менен оқыған, уллы физик Альберт Эйнштейн (1889-1955) жас гезинде класстан класқа өте алмайда жүретуғын болған...

782

—Жолымнан адасып көрмесем де базы жораларым маған «адасыў әдетиңе айланса керек?» деседи. Неге?

—Тәнҳә өзиңиз жетик билмейтуғын, турмысыңызда ҳеш қашан сынап көрилмеген ҳәдийселерди өзиңиз ашқан жаңалықлар сыпатында айта бериўди ҳәм жора-жолдасларыңыз бенен таныс-билислериңиздиң үйлерине мирәтсиз бара бериўди тоқтатып та көриңиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

783

—Палкерлердиң мақсети мийнетсиз пул табыў ма я дәртли адамларды жубатыў ма?

—Сиз айтқан еки усылды да баслы нийетлери қылмағанда, палкерлер өзлериниң алдыларына ғумалақлар жайып я қолларына соқталар услап көшелерде отырмас еди... Еки адамның биреўи дәртли десем аса айтқан болмаспан. Олар, әлбетте, дәртлерине қайдан болмасын дәрманлар изледи. Сол ушын палкерлерде биледи.

784

—Шайырсымақ бир достым сүўретке түсерде бәрхә биринши басшыны жанапайлайды, түсинбеймен?

—Сол достыңды шайырсымақ дегениң оны, мениңше, дурыс түсингениң. Ол өз талантына исенгенде бәрха басшыға жанапайламас еди. Қапаланбаңыз, хәр ким өз орнын билгенде, бул дүнья бир қыйлы болып, өзиниң қызығыўшылығын да жоғалтар еди.

785

—Көшеге таслаңған шығындылар арасынан нәпақалар излеп атырғанларға көзиңиз түскен гездеги кейпиңиз?

—Олардың өзлерине емес, оларды сондай халатқа гириптар қылған жәмийетке, мәмлекетке ғәзебим оянады?

786

—Миллеттиң қәлиплескен алфавитлерин тез-тезден өзгертиўлерге көз-қарасыңыз?

—Бул — сол миллеттиң тилинде басылған китапларды хеш ким оқый алмайтуғын дәрежеге түсириў арқалы, сол миллеттиң қәлиплескен әзелий руўхынан, қәлиплескен тарийхынан айырыўдың ең аңсат усылы.

787

—Халықтың жасаў шараятын түсиниў барометри не?

—Биринши нәўбетте, ашық базары.

788

—Мектеплерде миллет тилин «Әке тили» демей, неге «Ана тили» деймиз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Әййемги дәўирлерде, әкелер өз перзентлерине напака табыў машқалалары менен, көбинше, дүзде жүретуғын болғанлығы себепли перзентлер аналары менен бирге қалып тек анасының тилинде сөйлейтуғын болған. Сонлықтан хәр инсанның сөйлеў тили ана тили делинеди. Бундай жағдайлар жүз бергенинен бержағында әсирлер, мың жыллыклар өтседе, әзелги дәстүр мәңги сақланып қалған.

789

—Баламның есине салып турғандай бес кеңес үйретесиз бе?

—«Балам, өмирден наүмит болма», де.

«Балам, өмирден не излесең, табатуғынына исен хәм бәрше исинде сабырлылық сақла» де.

«Балам, биреў сени көзиңше мақтаса, бирден инанып, асқынлама» де.

«Балам, умытпа, өмириң даўылда жанып турған шыра, оны абайсызда өзиң өширип қойыўдан сақлан!» де.

«Балам, халқыңның заң-нызамлары менен үрп-әдетлерине бағын, бирақ қулы болма!» ...де.

790

—Өзим менен өзим тынышлықта жасаўым ушын не қылайын?

—Билсеңиз керек, инсан тәбияты көп жағдайда жаўызлыққа жақын. Сол ушында уллы Пайғамберимиз Мухаммед алейхиссаламның хәдислеринде: «Билип қойыңлар, инсанның денесинде бир бөлек гөш киби бир мүшеси бар. Егер ол саламат болса, инсанның пүткил денеси саламат, егер, ол зәлелленсе, пүткил денеси бузылады. Умытпаңлар, бул бир бөлек гөш киби дене — инсанның қәлби» деген екен.

Әне сизде өз қәлбиңиздиң хәмири менен ғана ислер қылыңыз. Қәлбиңиздеги ойларыңыз мисли көл киби болса «Мен теңизбен!» ямаса теңиз киби болса «Мен океанман!» деп шаўқым салсаңыз, мың тиллалық сөзлериңиз тесик тыйынға арзымайды. Соның менен бирге, бәрхә аспанға қарап жылт еткен жулдызларды ғана улығлай бермей, өз аяқларыңыздың астына қарап, өзиңизди үстине көтерип, сайранлатып қойған қара жерди улығлаўдың жолларын излеўден арсынбаңыз, шаршамаңыз!

791

—Маған тоғыз нәсият айтып кетиңиз-ә?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—**Олай болса тыңлаңыз:** 1. Өмирде кисилерге жақсылық қылыўдан аўыр, аўызеки кеңес бериўден аңсат усыл жоқ. 2. Дүньяда еки күн жасасаң, бир күниң ақыл үйрениўге, екинши күниң кисилерге жақсылық қылыўға жумсалсын. 3. Сен биреўди жаманласаң, екинши биреў сени жанып турған отқа ийтеретуғынын умытпаңыз. 4. Аўырсаңыз, тәўир болатуғынызға исенимиңиз — бәрше дәрилердиң үштен екисин қурайды. 5. Мәмлекетке нәпәк, ақылсыз басшы келсе, қарапайым инсанның пәклигинен пайда жоқ. 6. Бас адамгершилик асқынламайтуғынлығын да, айналаңа меҳир-муҳаббетинде, ҳадал мийнетинде. 7. Өзиңизге үлги ушын жақсыларды, ал базда үстилеринен күлип ҳәз етиў ушын ғана емес, олардай болмаў ушын ладанларды да излеўди де үйрениңиз. 8. Ҳәр исте теңсизликтен гөре, жеккелик аўыр мүсийбет. 9. Француз философы Вольтерден (1994-1778) бир нәсият: «Көп тил билиў — көп қулплар ашатуғын гилтлерге ийе болыў».

792

—Ислам дини, оның күнине бес мәртебе намаз оқыў, ораза тутыў деген дәстүрлери халыққа қалайынша аңсат сиңдирилди екен?

—Мен рәўиятлар оқып, ҳәр қыйлы әпсаналар тыңлап түсингеним бойынша: ҳеш бири аңсат сиңдирилмеген. Бул жолда ҳәттеки, қан төгиспелер де болған.

**Рәўият:**

Бир күни бет әлпетин, денесиниң жуқа жерлерин ҳәр қыйлы жаралар басқан наўқас адам пайғамберимиз Муҳаммед әлейҳиссаламның алдына келип өзиниң наўқаслықларын айтып шағынғанда ол: «Әй, ғапыл бенде, усы жасыңа келгенше, неге мениң нәсиятларыма қулақ аспадың? Мен бәрше мусылманларға күнине бес ўақлы намаз оқыў кереклигин буйырғанман ғой. Мине, оған ҳеш итибар қылмапсаң. Егер, сен бизиң көп шаңғытлы, қумлықлы жеримизде бес ўақытлы намаз оқығаныңда, бундай кеселге тап болмас едиң, себеби бес намаз сеннен күнине бес рет ең нәзик, жуқа жерлериңди жуўып турыўыңды талап етеди. Сонда денеңди бундай жаралар баспас еди»... депти.

Демек, бес ўақытлы намаз бендени Тәңиритаала алдында тек бийтүна етип ғана коймай, ҳәр қыйлы кеселден де сақлаўға жәрдем етеди екен.

**Атамның бир иси:** Жас гезимде бир бардамлы қоңсымыздың есиги алдына келген аш дийўанаға ҳешнәрсе бермей жибергенин көрип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

менин атам үйде бар жарты нанды алып шығып, диййанаға берди де, ол алыс кеткен соң, сол бардамлы қоңсымызға: «Сен, хүрметли қоңсы, уллы мәрҳаматлы пайғамберимиздиң ҳәдислеринде Тәңиритааланың өз бенделерине жылына бир ай ораза тутыўды не ушын буйырғандағы мақсетине түсинбес екенсең. Пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссалам Тәңиритаала атынан ораза тутыўды буйырғанда хәр бир тоқ инсан егер жылына бир ай ораза тутыў арқалы, ашлық қандай болатуғынын уғынса ғана есигине қол жайып келген ашлардың ҳалын дурыс түсинеди ҳәм оған жәрдем етиўге тырысады, деген терең ақыл менен жылына бир айлық оразаны пайда еткенин билмейди екенсең. Басқалар секилли сенде ҳәр жылы бир ай ораза тутып турғанында ҳәзир ғана есигине қол жайып келген аш бийшараны бос қайтармас един» дегени еле менин есимнен шықпайды.

Мине, бәрше мусылманлар ушын үрп-әдетке айланған Ораза тутыў пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссалам тәрепинен өмирге бинят етилген де, нелер нәзерде тутылатуғынында умытпаңлар.

793

—«Академия», «лицей» деген терминлердиң келип шығыў тарийхын билесиз бе?

—Баспа сөзлерден оқығанларым бойынша жуўап беремен: Уллы философ Платон (427-347) жасаған дәўирде Афина қаласының қасында кишкене бир тоғай болып, оның аты «Академия» деп аталады екен. Уллы Платон базда өз шәкиртлерин сол тоғайға ертип апарып, илим бойынша хәр қыйлы мәсләҳәтлер өткерип туратуғын болған. Сол дәстүр бәршениң есинде сақланғаны ушын ба, оннан соңғы дәўирлерде жоқары илим орынларын, «Академия» деп атаў дәстүрге айналған.

Және бир уллы юнон философы Аристотель (384-322) Афинадағы «Апполон лицейский» деген ибадатханада өзиниң биринши мектебин ашқан екен. Уллы философ Аристотель қайтыс болғаннан кейин де сол кәрада оқыў даўам етип, оннан соңғы ашылған сондай мектеплерге «Лицей» деп ат бериў дәстүрге айналған.

794

—«Шыбынға да азар берме» дегени неси?

—Адамгершиликтиң бас қағыйдаларынан бири - инсан хеш бир жанлы мақлукатқа зәлел келтирмеўи тийис. Исламның уллы алламаларынан бири Ҳәзирети хожа Абдулла Ансарийдиң айтыўы бойынша: «Абдулла Музаффар Термизий ҳәм оның устазы Абу Хамид Термизий



www.ziyouz.com kutubxonasi

өз денелерине шыбынлар қонса, «бул шыбынларды ушырсам, олар қапталымдағылардың мазасын алады. Ал, олар бул шыбынлардың қонғанын жақтырмай, бәрин өлтирип таслайды» деп шыдап отырады екен. «Шыбынға да азар бер ме!» деген гәп Термизийден кейин пайда болған.

795

—Көп жасаў бахытлылық па?

—Бундай сораў бериўиңизге қарағанда өмир жөнинде көп ойланғаныңыз керек. Билесиз, гейпара инсанлар көбирек жасаўды бахытлылық деп сезинсе, базылар, «көп жасап кетпесек болар еди» деп налынады. «Бул жалғаншы дүньяға келмегенимде қандай бахытлылық болар еди», деўшилер де жоқ емес. Қулласы, нени бахытлылық, нени бахытсызлық» деп түсиниў хәр инсанның өзине байланыслы. Сораўыңызға әне усы көз-қарастан қарап өзиңиз жуўап излеңиз.

796

—«Тирилей өлдим!» деўшилерге көз-қарасыңыз?

—Хәр заман түўе, хәр атқан таң тири бенде ушын күтилмеген жаңа ғалмағаллар әкелиўин тоқтатпайды. Егер ким өзинше «мениң өмир ғалма-ғалларым ада болған!» деген исенимге берилсе, оның, өзинше, тирилей өлгени. Тәңиритаала хеш бир бендесине тирилей өлимди мүнәсип көрмегей!

797

—Қасқыр минезли бир достым кем-кем ийт минезлиге айналып баратырған секилли. Түсинбеймен?

—«Ийтлердиң арғы шығысы қасқыр» дегенде гәп бар. Ал қасқырдың ийтке айланыўы демек, қасқырдың жуўындыхорға айналғаны. Усы көз қарастан достыңды дурыс бахалап, дурыс түсингиңиз келсе, басқалар менен емес, әўеле өз қәлбиңиз бенен сырласыўға тырысыңыз.

798

—Үстимнен ғыйбатлар еситсем, тақатым тәрк болады, неге?

—Миййўели дарақтың жапырағына бирли ярым қурт-қумырсқа түскени менен миййўеси азаймайды. Пәк болсаңыз, шыдамлы болыңыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

799

—Бир нәсият айтып кетесиз бе?

—Хәким Улыкпанның өз улына айтып кеткен үш нәсиятын тыңлай ғой: 1. Хаялыңа сырыңды айтпа. 2. Сықмардан қарыз сорама. 3. Нәмәрт пенен дос болма..

800

—Базы мәжилислерде адамлар изли-изинен сөйлей берсе, ғәзебим оянады. Неге?

—Бул кең әлем шеги жоқ түсиниксиз жарыслардың мәканы екенин еле мойынламай жүрсеңиз керек. Мойынлаңыз, сабырлы, дыққатлы болыңыз.

801

—Мениң қәлбимде нелер барын түсинесиз бе?

—Инсан басқаның түўе, әўеле өзиниң қәлбинде дурыслап түсингенде де бул дүнья — түсиниксиз, деген ат кеширмес еди.

802

—Инсанның инсан алдында ҳүрметин белгилеўши әдети?

—Өзиниң нәпсин басқара билиў күшли.

803

—Түркийзибан мәмлекетлер арасында қандай алаўызлықлар сезесиз?

—Олардан бирден-ақ көзге тасланатуғыны — бул ҳәр бир түркийзибан мәмлекеттиң тек өзин ғана «түркийзибанларға биз тийкар салыўшымыз» деп түсиндириўге тырысыўында.

804

—Мектепке шекем балалар ушын китаплардың көргизбеси Орта Азияда қашан болған?

—Биринши рет 1931-жылы Ташкентте болған.

805

—«Бул дүнья» дегенде биринши рет не түсиниледи?

—Адам. Адамсыз бул дүнья жоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 806

—Ислам дини бизиң халқымызға қашан енгизилген?

—Тарийхый хүжжетлер, рәўиятлар бойынша 705-715-жыллар аралығында араблардың ләшкер басшысы ҳәм тарийхшысы Кутейба Ибн Муслимниң Хорезмге келгенинен кейин.

## 807

—Американың Азатлық деп аталған статуясы қашан ашылған?

—Американың Азатлығын белгилеўши символ статуясы Американың Эллис деп аталған атаўында 1886-жылы қурылып питкерилген ҳәм сол жылы ашылған.

## 808

—Тәңиритаалаға қылған ибадатларымнан неге нәтийже сезбеймен?

—**Рәўият**: Сен киби бир мөмин жаслайынан-ақ ҳеш қандай мийнет пенен шуғылланбай, Тәңиритааладан пайғамберлик сорап, оған күни-түни ибадат қылыў менен үзликсиз намаз оқыўды баслапты. Ҳәр намазынан кейин Тәңириталааның меҳири ушын оның ҳәр қандай қыйыншылықларына шыдаўға тайынлығын айтып, өзинше дуўа қылады екен. Бара-бара «мениң Тәңиритаалаға қылған ибадатларыма ҳеш бир бенде кесент қылмасын» деген ой менен өз шаңарағынан, бала-шағасынан безип, тоғайға кетеди. Тоғайда үлкен бир торанғылдың түби қуўраўға қарағанын көреди де, оның ширий баслаған өзегин алып таслай сала, ишине кирип жасаў менен Тәңиритаалаға ибадатын даўам етеди. Тынымсыз намаз оқып, жайнамаздан басын көтере бермегени себепли, маңлайы да мисли тахтадай теп-тегис болып кетеди. Сонда да ол ибадатын тасламай: «Әй, Қудирети күшлим, маған пайғамберлик бер?!...» деген тилегинен өзгермепти. Бул адам жөнинде еситкен пайғамберимиз Мухаммед алейҳиссалам сол адамды көриўге келсе, оның жасаған қуў торанғылдың ишки қуўысларынан сүйеклер терип жүрген жас жигитти көрип:

«Әй меҳирли инсан, нендей сүйеклер терип жүрипсиз?»—дейди.

«Уллы пайғамберимиз, кешириңиз,—дейди жас жигит.—Мениң әкем Тәңиритааладан пайғамберлик сорап, тынымсыз ибадат қылатуғын еди. Соңында ибадатына ҳешким кесент келтирмеўин мақсет етип, биз перзентлеринен де безип, мынаў торанғылдың ишине кирип алған еди. Бир неше мәртебе излеп аўқатлар әкелгенимде, мениң менен де хабарласыўға, ҳәтте, дурыслап сәлемлесиўге ўақыт таппайту-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғын еди. Бүгин және көриўге келсем, оны қасқырлар жеп қойыпты. Енди қасқырлардың тислери өтпей шашылып қалған әкемниң сүйеклерин жерлеў ушын терип жүрипен...»

«Түсиндим. Әкеңиз тынымсыз ибадат қылыў жолы менен қара басы ушын Тәңиритааладан даңқ сорап, хәтте, өз перзентлерине қарамай кеткен еди. Мине, Тәңиритаала оны жазалап денесин жабайы қасқырларға жем қылды. Лекин, сонда да өз әкесинен безбей, оның шашылған сүйеклерин терип, жерге көмиўге нийетленген сендей мехирли перзентке жәннеттиң жоллары ашық болады», — депти Мухаммед әлейхиссалам.

Бул рәўияттағы ўақыяны өз тәғдириңиз бенен салыстырып, ойланарсыз.

809

—Басыма қыйыншылық түскен жағдайда қайсындай инсанлар менен сырлассам болады?

—Биринши, ҳақыйқый достың менен. Ол тек ҳақыйқатлықты бетиңе айтады, екинши, ҳақыйқый душпаның менен. Оның кеңеслерине кери ҳәрекет қыл. Үшинши, ата-анаң менен. Олар сени дурыс жуўмаққа келтиреди. Бул ислериңниң қандай нәтийже бериўи, тәңҳә өз қәлбиң менен өзиңниң қай дәрежеде сырласыўыңнан ғәрезли.

810

—Бизиң халқымыз басқа түркийзибанлардан қызбарақ па я сабырлырақ па?

—Халқымыз сырттан жуўас сабырлы көринген менен, олардың қанларында бәрше түркийзибанлардың бирлиги, аманлығы ушын күтилмеген шайқасларға бәрҳулла тайын садық нөкерлер лаўазымын атқарған бабаларымыздың нөкерлик қанларының излери барлығы елеге дейин сезилмей қоймайды. Нөкердиң қаны қызбарақ болады.

811

—Келиншегим изли-изинен еки қыз туўды. Ажырассам ба екен?

—Сиз тақлеттеги бир инсанға дана бабамыз Имам ал Бухарий (810-870) айтқан мынаў рәўиятты тыңлаңыз:

«Пайғамберимиз Мухаммед әлейхиссаламның жуптысы Айша анамыз бир жола изине еки қызын ертип тиленшилик етип келген анаға берерге үйинен ҳештеңе таппай, бир ғана қурма таўып берген



www.ziyouz.com kutubxonasi

екен. Оны анасы жеместен тең бөлип еки қызына үлестирипти. Олар кетиўден пайғамберимиздиң өзи келип қалғанда бул ўақыяны Айша анамыз пайғамберге айтқан екен. Сонда Расулуллах: «Кимде ким қызалақларға мириўбет қолларын созса, сол қызалақлары оны дозақ отына жандырмайтуғын қалқанлар болады» деген екен.

Уллы Әмир Хисраў Дехлавий (1253-1325): «Ким хаялының ақылына сүйенип исбилерменлик пенен шуғылланса, шаңарағы абадан болады» десе, француз алымы Печер Буас (1765-1824): «Ҳаялсыз өмирдиң таңы да түн, түни де түн, күндизи мұңлы болады», деген екен. Бул даналықларды ҳеш қашан умытпай жасаўға тырысыңыз.

812

—Халық нақылларына көз-қарасыңыз?

—Әдебияттың тили менен айтсам, хәр бир нақыл бизден бурын болып өткен бир романлық, драммалық, повестлик, дәстанлық ўақыялардың бизге келип жеткен орайлық өзеги. Бүгинги базы бир узын-шубай пәтиўасыз шығармаларды оқығаннан гөре халықлық бир нақылды ядлаў абзалырақ.

813

—Өлим қайсы тайпадағы адамларға қорқынышлы?

—Өлим хәммеге де тендей қорқынышлы көринген менен, пулы көплерге аса қорқынышлы!

814

—Базы пайтлар да сизде «Бул дүньяға неге келдим?» деп өзиңизге сораў бересиз бе?

—Мениңше, еси пүтин хәр бир инсан өзине бул сораўды хәр күни бериўи шәрт. Сонда ғана ол бул дүньяның аманлығына қуўанып өзиниң бул дүнья ушын қанша дәрежеде жуўапкер екенлигин өзиниң есине өзи салып турады.

815

—Қарақалпақстан, нелиreferences тенде, жалтақлықта жасайтуғынын сезесиз бе?

—Сеземен. Себеби Қарақалпақстан маған тек меникиндей, саған тек сеникиндей, оған тек оныкиндей. Буларға қосымша Қарақалпақстан ең әўеле тәнҳә өзиники, Өзбекстандики, Орайлық Азияники,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түркийзибанлардики, пүткил дүньяники! Бәринин кеўлин тең дәрежеде табыў аңсат емес! Сол ушын олардын хәр кайсысына жалтак болып жасайтуғыны да сыр емес.

816

—Каракалпакстанымыз кандай сыпатларда көз алдыңызға келеди?

—Каракалпакстан — қәлеген шабандоз минип алып, қамшыламасада бирден алға шабатуғын мықлы ат, кәлби кең спортсмен, онша толы болмасада, бәрхә қайнап писип турған той қазаны... сыпатында көз алдыма келеди.

817

—Қәлбиңизде кандай әрманлар бар?

—Көп. Лекин, олардан ең баслысы: «Калай еткенде, мен өзимнин аз санлы, әзелден-ақ жан сезимлери бәрше түркийзибанлардын нөкерлери болып кәлиплескен жаўынгер хәм мийнеткеш халкымның гә урысларда, гә қуўғынлыкта, гә хор-зарлыкта басынан кеширген өмир жолларын келешек әўладларға дурыслы уғындыраман, кәйткенде, каракалпақ деген атын дүнья халыкларынын мәңгилик дизимине киргиземен» деген бир әрман қәлбимнин төринде жатады.

818

—Баслы душпаныңыз?

—Туўысқанларымнын жасаған жасларын дыққатқа алмай, изден жоқары қарай нәўбетсиз келе берген әжел.

819

—Қәлем ийелерине, артистлерге көз-карасыңыз?

—Бир демге болса да адамлардың кеўил әндийшелерин умыттырып, күлдирe билиў, қәлем ийесине де, артистке де тәкирарланбас бахыт. Сөйтсе де, адамларды хәр тәрепллеме ойланыўға, айналасына мехирли сезимлер менен караўға мәжбүрлейтуғын қәлем ийелери менен артистлерди әўелгилерден де бахытлырақ деп есаплайман.

820

—Мәмлекеттин басшысы өзгерсе, пайда болатуғын биринши сиясат не?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Тарийхты бираз оқып, өз дәўиримди де анық көрип билген-лерим бойынша лаўазымынан кеткен басшының бәрше ис усыллары-нан шәртли түрде есапсыз кәте-кемшиликлер табыў сиясаты.

821

—Жазыўшылық өнерме?

—Өнер. Соның менен бирге, ол айырым инсанларға өлшемлери жоқ қылып берилген күтә аўыр ҳәм аса жуўапкерли мийнет.

822

—Сахнада өз ролин дурыслы келистире алмаған артистлерге көз-қарасыңыз?

—Ондай артистлерди көрсем, жериклик не екенин билмеген хаялдың нағыз жерик ҳаялды көрип келе сала өз ерине, «жериклен» деп жорта еркелегени янлы қубылыс дәрриў көз алдыма келеди.

823

—XXI әсирде Қарақалпақ әдебияты бойынша сабақлықты дүзиўши қандай алым болыўы шәрт?

—Дүньяның қай тәрепке бет алғанын көз алдына толық келтирип, адамзат бағдар алған кең жолларда қарақалпақ халқын да мисли кең жүзи таза айнадағыдай көретуғын ҳақыйқый әдебиятшы болыўы тийис. Ол түркийзибанлардың еле жигирмадан аслам миллетлерге бөлинбеген дәўиринде де бәрше қаналасларын қорғаў жолында, жан берген сақ нөкер қарақалпақлар туўралы дөреген қыйлы-қыйлы әпсаналар ҳәм рәўиятларды, дәстанларды ҳәртәреплеме кеңнен ҳәм терең үйренген алым болыўы шәрт.

824

—Сизди көп ойландыратуғын өмир қубылысы?

—Күн менен түн бирин-бири тынымсыз қуўса да, бири екин-шисин қуўып жете алмайтуғыны янлы адам тәғдирлериндеги күнде-ликли өмир қубылыслары.

825

—«Оннан дослары қашыпты» деген гәпке бир антоним айтыңыз?

—«Оны душпанлары қоршапты».



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 826

—Жазыўшы болыў ушын не қылыў керек?

—Әййемги грек алымы Платон (428-347) бундай сораўға: «Әпсаналарды көп тыңлап, өзи де әпсаналар дөретиўден ис баслайтуғын адам болыў, керек» деген екен. Оған қосымша қылып «өўеле өзи көп оқып, көп тыңлап, соң, өзинше шынығыўлар ислеўден ис баслайтуғын айрықша талантлы инсан болыў тийис» деўим мүмкин.

## 827

—Гейпара таныстарым, неликтенде, әллекимге еликлеп жүргендей түйиледи?

—Диний рәўиятларға қарағанда, хәрбир инсанның жаны оған әллекимнен қалған. Сол ушын ба, сырттан бақласам маған да бул өмирде хәмме әллекимлерге еликлеўшидей түйиледи.

## 828

—Қалайынша басқалардың үстинен хүкимдарлыққа ерисиў мүмкин?

—Әўеле тәнхә өзиңиздиң үстиңизден өзиңиз нағыз хүкимдар болып алыңыз. Соннан кейин терең ойлансаңыз хүкимдар болыў кереклигин я керек емеслигин түсинесиз.

## 829

—«Жары жәстан өткенше келеге келмепсең» деген гәп бар. Сонда адамның жары жасы неше жас?

—Қайқабус дөреткен «Қабуснама» да жазылыўынша, адам 34 жасқа толғанша, хәр күни дерлик оның күш-қуўаты асып, толысып, ал 34 жастан соң, қуяштың тас төбеге келгеннен кейин кем-кем төменге қарай жылыса баслағаны яңлы қубылыс басланады екен.

Бул пикирди бийкарлаў хәзирше маған қыйын.

## 830

—Адамзат, менинше, Азиялылар, Африкалылар, Европалылар болып үшке бөлинеди. Олардың қайсысы өз-ара бирликли?

—Сораўыңыз орынлы. Бирақ мениң жуўабым орынлы бола ма, жоқ па, билмеймен, сөйтседе бир әпсана тыңла:

Арадан ўақытлар өтиўи менен Нуўх пайғамбердиң үш улының бири Хомнан Европалылардың, екинши улы Сомнан Африкалылардың, үшинши улы Ефастан Азиялылардың арғы бабалары өсип-өрбиген...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Олардың қайсысы қай дәрежеде өз-ара татыўлығын сынап көриў мақсетинде Тәңиритаала оларға үш жерден үш қудық қазыўды буйырады хәм хәр топарды өзлери қазған қудыққа түсиреди де, енди олардың қайсылары сол қудықлардан қалайынша шығып үлгеретуғынын бақлаў ушын өзиниң үш периштесин жибереди... Көп өтпей-ақ периштелер өзлериниң көргенлерин баянлаў ушын Тәңиритааланың алдына келипти мынадай хабарлар берипти де, Әўеле Европалыларды бақлаўға жиберилген перинте биринши сөз алыпты да:

«Мен бақлаған қудықтағылардың күшлилери әўеле қапталындағыларды өзлериниң төбелерине миндирип шығарыў менен, соңында қудықта қалған нәренжанларына жоқарыдан төменге қарай бирим-бирим арқанлар таслап, ақырында, бәриде аман-есен шығып үлгерди», — депти. Соның арасында африкалыларды бақлаўға жиберилген екинши периште асығып келе сала:

«Әй, Қудрети күшлим, мениң бақлағанларым дал европалылардай болмаған менен, әўеле хәр бири өзине жақын-жуўықларды шығарды,—дейди ол. —Буннан соң сырттағылар қудық ултанында қалған нәренжанларды қалай шығарып алыўға мәсләхәтлесип атырған пайытта, мен Сизиң алдыңызға асықтым»...

Үшинши периште бираз қапаланған кейипте жетип келип былай дейди:

«Әй, Тәңиритаалам! Мен бақлаған Азиялылардан қайсысы өз күши менен жоқарыға шығыўға талпынса, қалғанлары олардың аякларынан төмен қарай тартыўды баслады. Ендиги жағында тәнхә өзиңизден жәрдем болмаса, олардын жуўық арада шығып болыўы қыйын!...»

Базда усы әпсана есиме түскенде, сол алаўыз азиялылар деген топар бүгинги қарақалпақлардың бабалары болса керек деген ойлар менен жүрегим үсти-үстине силкип-силкип кетеди хәм халқымның руўшылық әдетлери еле сақланып киятырғаны көз алдыма келеди де, сай-сүйегим тыным билмей қақсайды.

## 831

—Базы китаплар баспадан шыққан гезде мақталса да, оқыўшылардың қолларына түскеннен кейин тез умытылатуғынын билесиз бе?

—Китап шыққан пайытта мақталып, соңынан тез умытылыўы — базы биреўлердиң басшылық лаўазымға көтерилген күни мақталып, көпке бармай үстинен шағым арзалар түсип лаўазымынан босатылғаны янлы, дурысырағы, айналасына бийпайда болып жаратылған инсанның туўылыўдан өлгени янлы қубылыс.



www.ziyouz.com kutubxonasi

832

—Тазадан пайда болған шаңарақтың ери менен келиншегин қалайынша өз шаңарағына теңгерип сүўретлесем болады?

—Әдебиятта мүмкин емес нәрсе жоқ. Сизиң сораўыңызға жуўап: Жаңадан тикленген шаңарақтың керегеси — келиншеги, шаңарағы — ери десеңиз де онша көп қәтелеспейсиз...

833

—Инсанның нәпсиқаўлығы қай дәўирлерде басланған хәм оны қалай тоқтатыў мүмкин.?

—Аңламайсыз ба, бөпе туўылыўдан-ақ қолына илинген нәрсени (тас болса да) аўзына салады. Демек, нәпсиқаўлық инсанның бина болыўынан-ақ басланған. Нәпсиқаўлық тек ғана оның өлими менен тоқтайды.

834

—«Алпамыс» қарақалпақлардың миллий дәстаны деген пикирге не дейсиз?

—Қарақалпақлардың өмир жолы түркийзибанлардың нөкерлери болыўдан баслағанын көп әпсаналар тастыйықлайды. Бүгинлиги Сурхандәрья бойларында, Байсын таўларында жасайтуғын қарақалпақлар тәрепинен ата-бабаларына садықлық руўхта «Алпамыс» дәстанын дөретилген болса, таңланарлығы жоқ. Соңлықтан, бүгинги Сурхандәрьялылардың «Алпамыс»ты меншиклегени ушын айыплаў надурыс. Себеби олар бул дәстан ийеси биз, деген түсиникте болмағанда, ол сақланбаўы да мүмкин еди. Бүгин Сурхандәрьялыларға барып көриңлер, олар тек «Алпамыс» дәстанын ғана ядлаған емес, олардың бәрше үрп-әдетлеринде, кийимлеринде, саз-сәўбетлеринде, руўшылығында, ашық кеўиллилигинде, қызбалығында қарақалпақлардың гүллән миллий белгилери толық сақланғанын көрген инсан, Сурхандәрьялыларды сөзсиз қарақалпақлар деген ойға бериледи Бул, әлбетте, еле де терең хәм хәртәреплеме көп үйренилиўи тийис жағдай.

835

—Аты әпсана Маман бийдиң, дана Айдос бабаның, Батыр Ерназар алакөздиң өлимлериндеги уқсаслық неде?

—Хәр қайсысы, хәр қыйлы делиллер менен өлтирилсе де, үшеўиниң де: «Халқының алдында басшы муңайған түр көрсетсе, соңғылар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дағы миллий руўх әззилейди деў» менен өлип кетиўинде. Бирақ ең өкинишлиси — үшеўи де сырткы жаўлардың қолларынан емес, өз миллетиниң үстемликке таласқан руўшылары тәрепинен қурбан етилиўинде.

836

—Қандай фонда дөретилген шығарма оқыўшылар тәрепинен жақсы түсиниледи?

—Автордың тыныимсыз излениўлери, үйрениўлери арқалы адамзат әрман ететуғын инсанлықтың фонында дөретилген шығарма.

837

—Сизде ырazылық хәм өкинишлер туўдыратуғын қандай өмир қубылысларын сезесиз?

—Ыразылық туўдыратуғын бир өмир қубылысы —қызықлары ада болмас бул дүньяға келгеним, ал өкинишлиси —хәзир мен жасап атырған бул дүньяның нахақлықлары менен харамлықларының сирә ада болмаслығы.

838

—Күнделиклер жүргизиў ким ушын пайдалы?

—Күнделик — бул жүргизген инсанның өз қәлбине сыймаған жекке сырларын, бул дүньяға, өз заманласларына болған хәрқыйлы көз-қарасларын жасырын төгиў арқалы, бойын жеңиллетип турыўшы, сырлы ыдыс. Оның келешекте кимге қанша пайдалылығы, зыянлары күнделикти жазған инсанның қанша дәрежеде хақыйқатшылығына гәрезли.

839

—«Шаңарақ сыры» деген не?

—Бул сораўға өз ўақтында Уллы Шайх Саадийдиң (1203(10)-1292): «Бул дүньяда хәр бир шаңарақ Тәңиритааланың хикметлери жазылған дәптердиң бир бети» деп берген жуўмақламасына алып қосарым жоқ.

840

—Жазыўшы өз шығармасы ушын ким?

—Жазыўшы өз шығармаларының хақыйқатлығы, сүўретленген образлардың көркемлик дәрежелери ушын оқыўшылар жәмийетшилиги алдында бас айыпкер, егер сәтли жазылған болса, кишигирим даңқ ийеси.



www.ziyouz.com kutubxonasi

841

—Миллий менталитет деген не?

—Менталитет —бул латын сөзи болып, ол миллеттиң руўхый ҳәм тәрбиялық өзгешелигин аңлатады. Миллий менталитеттиң тийкарғы мәнисине — халықтың өзин-өзи саклаў ҳәм тәрбиялаў өзгешеликлери, өтмиштен қалай хәм қанша пайдаланыў, келешек әўладты қалайынша ҳәм неге тәрбиялаў усыллары киреди.

842

—Тарийхый шығармалар оқыўшыға не береди?

—Шығарма ҳәртәреплеме тереӊ ойланып жазылған болса, оқыўшыларының өз заманын айқынырақ көрип, дурыс уғыныўы ушын қәлбине қосымша нур бериўши, бир жулдыз киби хызмет етеди.

843

—Адамның ядлаў шегарасы бар ма?

—Ядлаў ҳәр адамның алға тутқан мақсетине,ядлаў ушын инсанға қойылған ўазыйпаларға байланыслы. Мәселен Саўдия Арабстанында тюрьмаға түскенлер қанша ўақытта Қураный Кәримди ядлап үлгерсе, оның жөне неше жыл қамақта жатыўы тийислигине қарамастан азат етиледи екен... Сол ушын олар Қуранды тез ядлайды екен.

844

—Аўылларда ямаса қалаларда жасаўдың парқлары?

—Телевизоры бар шаңарақка қала менен аўылдың парқы болмасада, аўыллар қалаларға қарағанда бираз дәрежеде кеңирек, хаўасы да тазарақ ғой.

845

—«Ден-саўлық тереӊ байлық» екени дурыской-ә?

—Әлбетте! Бирақ физикалық жақтан дени саўлық пенен руўхый дени саўлықтың айырмалары аспан менен жердей. Ким екеўине де теңдей ийе болса, оның терең байлыкқа шексиз ийе болғаны.

846

—Бурынғы СССР дәўириндеги жазыўшыларға көз-қарасыңыз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Жазыўшылардың 90 проценти дерлик, өз дәўириниң қулы сыпатында Советлик дәўирди тастыйықлаған, оны айналаға келешекке үлги сыпатында мақтаған шығармалар дөретиў менен жасайтуғын еди.

847

—Инсан өмири күн менен түн делинеди, бул қалай?

—Шынында, айналасына меҳирли, ҳақ жүрекли ҳадал нийетли мийнеткеш инсанның өмири мисли күн, оған қарама-қарсы жол тутыўшылардың өмири мисли түн.

848

—Ақыллы инсан менен ақылсыз инсанның күш өзгешеликлери?

—Ақыллының күши ийелеген илим-билимлери менен өзиңнен әззилерге көрсеткен әдеп-икрамлылығы ҳәм ийбелигинде, ақылсызлардың күши жеген аўқатларында, ийелеген лаўазымында.

849

—Билим ҳәм ақыл инсанды қайғы-уўайымнан қутқарыўшы күш делинетуғынлығы дурыс па?

—Дурыс. Бирақта көп ақыллылық дурыслап басқарылмасы айырым жағдайларда керисинше инсанды ҳәм қайғышыл, ҳәм делбе етиўи де мүмкин.

850

—Адамды не сарсаң қылады?

—Зәрүрлик.

851

—Тириликтиң бас белгиси?

—Ойлаў, ойланыў.

852

—Гейде шет еллердиң радио еситтириўлерин тыңласам, өмирде мениң дурыс деп түсингенлерим надурыс, ал надурыс дегенлерим дурыс сыпатында баҳаланады. Қайсысына исениў мүмкин?

—Егер жәҳән бир қыйлы түсиникте жасағанда, ҳеш қандай урыс-қағыслар болмас еди. Билесиз, инсанның жан сезимлери, күтә тәсиршең. Өйткени, Тәңиритаала жәҳәнди қандай ғалма-ғалларға толты-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рып жасаған болса, оны дәл сол таклетте кабыл етиўши айна сыпатында инсанды жаратса да, ол өзинше хәрекет етсин, ойлансын, деп ишинде мийи бар бас берген-ғой. Сол ушын хәмме нәрсени сырткы көриниси бойынша кабыл етиўши бассыз инсан бола бермей, хәр қыйлы өмир қубылысларына тәнхә өзиниң де көз-карасынды билдирип, әлем кубылыслары менен тарысып жасағанға не жетсин.

853

—Инсанлардың бир-бирине мүнәсийбетлери жөнинде пикириңиз?

—Қыска хәм анык кылып айтқанда, инсан-инсанға өмир, нур, айна. Инсан-инсанның өлшеў тәрезиси, инсан-инсанды гейде жокарыға көтерип, гейде төмен түсиретуғын зәңги, инсан-инсанның карыздары, инсан-инсанның әжели, инсан-инсанның гөр казыўшысы, соның менен бирге, инсанға инсансыз тиришлик жок! Қандай жағдайда да пайғамберимиз Мухаммед әлейхиссаламның хәдислеринен мынаў алты кеңеске итибар кылып жасағаныңыз макул:

1. Жолыккан инсанға биринши болып тәңир сәлемин бериўге тырысыңыз. 2. Набада биреўи шакырса, барыўыңыз дәркәр. 3. Мәсләхәт сораған инсанға дурыс мәсләхәтиңизди аямаўыңыз керек. 4. Әлле нәрсениң жуўабын таппай турған инсанға дурыс жуўап табыў ушын жәрдемлесиўиңиз лазым. 5. Наўкасланып калған инсанды излеп барыў, хал-аўхал сорасыў ўазыйпаңыз. 6. Бенделикти ада еткен инсанның жаназасына катнасыўыңыз шәрт.

854

—«Ассаламуаалейкум»! дегенниң каракалпакшасы не?

—«Ассаламуаалейкум!» арабша сөз болып - «Сизге тыныншлык, аманлык тилеймен!» дегенди, ал бул сәлемге жуўап сыпатында «Ассаламуаалейкум ва рахматуллах ва варакатух» демектиң мәниси «Сизге де тынышлык, аманлык, Аллатааланың рахмети хәм берекети жаўыўын тилеймен» дегенди билдиреди екен. Бул, әлбетте, пүткил инсан перзенти ушын үлги аларлык дәстүр. Бир-биреўге жаксылык тилеўден де артык не бар?! Сол ушын кимге болсада биринши сәлем бериўге әдетлениңиз.

855

—Иран-Туран әпсанларда егиз-туўыскан мәмлекетлер сыпатында аталады. Олар кайсы дәўирлерде бөлинген?

—Бизиң эрамызға дейин VII әсирде пайда болған хәм бизиң дәўиримизге келип жеткен «Алп Ер Тунга яки Афросияб жәннамасы»



www.ziyouz.com kutubxonasi

деген дәстан бар. Усы дәстанда сүўретленетуғын Алп Ер Тунға атақлы батыр бабаларымыздан бири. Оның ата-анасы қойған аты Мадай. «Алп» сөзи түркше «бахадыр» дегени «Ер» «Қорыкпас», «батыр» дегени. Ал, Тунға қойылыўының мәниси — сол ески дәўирлерде басы менен бир нуқығанда, хәтте пилди де ийтерип жығатуғын жолбарыслардың ең күшлисин Тунға деп атайды екен. Әне, усылайынша Алп Ер Тунға лақабына миясар болған уллы инсан Мадай бабамыз бизиң эрамызға дейинги VII әсирде, Туран мәмлекетиниң, яғный Иран мәмлекети менен ийинлес болып жасаўына жол ашып, биринши Туран патшалығына тийкар салған уллы түркийзибан инсан!

Бара-бара Алп Ер Тунғаның хүкимдарлығы Иранға да өтеди. Тилекке қарсы, Иран шахы Қайхысраў оның хүкимдарлығын жақтырмай, көп сумлықлар ойлап, бизиң эрамызға дейинги 626-жылы өзиниң патшалық сарайына Алп Ер Тунғаны зияпатқа шақырып, оған үлкен салтанат пенен тәнха өзи усынған шарап толы алтын кесесине хеш кимге билдирмей зәхәр салып, уллы бабамыздың өлимине себепкер болады...

Алп Ер Тунғаның өлиминен кейин Иран менен Туранның екиге бөлиниўи басланған... Бизиң эрамыздың V әсирине келип, Орта Азияның түркийлер жасайтуғын үлкеси Туран деп аталады.

856

—Туранның басқа халықлардың мәдениятларына тәсири?

—Туран мәмлекети пүткил адамзат мәдениятына, илимине, бүгинги тил менен айтқанда, беккем хәм мәңгилик тырнақ салғанлардан бири. Буған дәлил сыпатында, өтмиштеги уллы-уллы алламаларымыздың атларын бирим-бирим келтириў де мүмкин. Лекин олардың атларын избе-изликте атаў пайытында, қамсүт емген бенде набада алжасып әлле бир уллының исми-шәрипин бирден еске түсире алмасам уллы бабаларымызда бийхүрметлик болады. Дүнья илимине тырнақ қалаўшылар болған Туранның алымларын бәрше түркийзибанлар анық биледи деп исенемен. Сол ушын атпа-ат атап отырмай-ақ қояйын.

857

—Келешекте пүткил адамзат ушын Тәңиритааланың бир пайғамбери пайда болыўы мүмкин бе?

—Келешектен үмитим зор. Бүгинлиги хүким сүретуғын хәр қыйлы динлерди тек бир мақсетке қаратып, пүткил адамзаттың өз-ара жаўласпай түсинисип, олардың, тек бир мақсет жолында хәмдамласыўына жол табатуғын пайғамбер сыяқлы инсан келешекте пайда болса тәәжип емес!



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссаламның халипалары (орынбасарлары) ҳаққында қысқаша айтып бересиз бе?

—Ҳәр қыйлы баспа сөз бетлеринен оқығанларым бойынша қысқа-қысқа айтайын:

Мухаммед пайғамбердиң төрт халипасы (орынбасарлары) болған.

Биринши халипа Абу-Бакр Сыддық (572-634). Пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссаламнан еки жас киши. Ол Меккеде туўылған. Тийкарғы исми Абдуллаҳ ибн Абу Кукафа. Исламды биринши қабыл еткенлерден. Ол таң намазын бәрҳә Мухаммед пайғамбер менен бирге оқыйтуғын болғаны ушын Абу Бакр, яғный, «Таң атасы» деген атақ алған. «Сыддық» дегени «ҳақыйқатшыл», «садық»« дегени.

Абу Бакр Сыддық исламды қабыл етпестен бурын да Абу Талибтиң жети улынан бири Мухаммед пенен дос болып, биргеликте саўдагерлик қылған.

Мухаммедтиң пайғамберликке даўа қылып жүргени жөнинде хабарды еситиўден тикке оның өзине келип, гүллән ҳақыйқатлықты билгеннен кейин, исламды халық арасына кеңнен үгит-нәсиятлап ен жайдырыў мақсетинде өз жамғармасындағы қырық мың динарының ҳәммесин Мухаммедке береди. Әне усы ислери ушын Исламның душпанлары тәрепинен тәнҳә өзине болған бәрше азап-ақыретлерге де төтепки бере биледи. Соңында, 622-жылы, Мухаммед пайғамбер менен бирге Мадинаға көшеди ҳәм өзиниң жас қызы Айшаны Мухаммедке жуптылыққа береди. Сөйтип оның кәйин атасына айналады.

Мухаммед пайғамбер қайтыс болғаннан соң оның биринши халийпасы сыпатында (632-634) ис жүргизип, еки жылдан соң наўқаслықтан қайтыс болады. Абу Бакр Сыддықтың денеси Мадинада, Мухаммед пайғамбердиң кәбири қапталына қойылған.

Пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссалам өз ўақтында Абу Бакр Сыддыққа «Ислам дининиң дәрманы» деп баҳа берген.

Екинши халипа Омар ибн ал Хаттаб (582-644). Пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссаламнан 12 жас киши. Ол әўелги гезлерде Мухаммед пайғамбердиң басламаларына қарсы болса да, кем-кем оны терең түсинип, ақыбетинде ҳақыйқый садық достына айналады. Нәтийжеде Омар ибн ал-Хаттаб, Абу Бакр Сыддықтан соң (634-644) он жыл даўамында халипалық лаўазымын атқарады.

Омар ибн ал-Хаттаб дәў жүрек, бирақ оғыры кишипейил адам болған. Оның дәўиринде Иранға, Византияға қараслы Сирияға,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Куддуска ислам дини ендирилип, Мысырға кирип барған. Омар ибн ал-Хаттабта пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссаламға өзиниң Хафса исмли қызын ҳаялыққа берип, пайғамбердиң кәйин атасына айналады. Лекин, ислам дининиң душпанлары Омар ибн ал-Хаттабтың Муҳаммед пайғамберге ҳақыйқый садықлығына шыдамай, 644-жылы ол жәмәәт алдында намаз оқып, сәждеге бас қойған гезинде, Басра қаласы Ҳәкиминиң қулы Абу Луғлданың қоллары менен жаўырынына пышақ урып өлтиртеди.

Омар ибн ал-Хаттабтың денеси де Мадинада Мухаммед пайғамбердиң кәбири қасына қойылған.

Пайғамберимиз өз ўақтында Омар ибн Хаттабқа **«Ислам дининиң қорғаны»** деп баҳа берген.

Үшинши халипа Оспан ибн Аффон (576-655). Пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссаламнан алты жас киши. Ол халипалық лаўазымда 644-655-жыллар арасында ислейди.

Оспан ибн Аффон күтә сақый инсан болып, барлық мал-мүлкин ислам дини ушын сарп еткен. Мадинада ашаршылық болған пайтларда Сириядан жүз түйеге жүклеп бийдай әкелип, халыққа үлестирген.

Муҳаммед пайғамбер бул ислери ушын оны илаҳийда жақсы көрип, өзиниң Рухия исмли қызын оған ҳаялыққа береди. Солай етип, Оспан ибн Аффон пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссаламның күйеў баласына айналады. Тәғдир тақазасы менен Рухия қайтыс болғаннан кейин Мухаммед әлейҳиссалам Оспан ибн Аффонға өзиниң екинши қызы Умма Гулсумди ҳаялыққа берген. Солай етип Оспан ибн Аффон Мухаммед пайғамбердиң еки рет күйеў баласы дәрежесине жетеди. Усыған байланыслы оны заманласлары **«Зуннурайн»** (яғный **еки нур ийеси**) деп атаған. Оспан ибн Аффон күтә саўатлы болғаны ушын Куранды 17 дана етип көширип, Мекке, Куфа, Басра, Йемен, *Дамаск, Бахрайн сыяқлы қалаларға жиберткен.* Тийкарғы нусқасын Мадинада қалдырған.

Оспан ибн Аффон исламды ен жайдырыўда күтә көп жумыслар жүргизген. Усындай ислери ушын Оспан ибн Аффонға күтә көп жала жабыўлар-әм болып турған. Ол бир сапары жаман түс көрип, оянғанынан қайтып уйықлай алмай, айрықша қирәәт пенен Кураннан көзлерин айырмай оқып отырғанда, душпанларынан күтә жаўыз биреўи жасырынып кирип, оны пышақлайды. Оның қанлары оқып отырған Кураннын бетлерине де шашырайды. Оспан ибн Аффонның қанлары тамған сол Куран ҳәзирге дейин күтә әтияж сақланады екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көтерилисшилер Оспан ибн Аффонның денесин Мадинаның Бахиь деген қәбирстанына жерлеўге де рухсат етпей, қаладан сыртқа жерленеди. Тек Уммабийлер заманында ғана халийпаның денесин Бахиь қәбирстанына әкелинип, қайта жерленген.

Пайғамберимиз өз ўақтында Оспан ибн Аффонды **«Ислам дининиң дийўалы»** деп баҳалаған.

Төртинши халипа Әлий ибн Абу Талиб (598-661). Пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссаламнан 28 жас киши. Ол өз әкесиниң камбағаллығы себепли Мухаммед пайғамбердиң үйинде тәрбияланған. Пайғамберимиз оған Фатийма исмли қызын ҳаяллыққа береди. Солай етип, Әлий ибн Абу Талиб пайғамберимиздиң күйеў баласы дәрежесине жетеди. Фатиймадан Хасан ҳәм Хусан деген еки ул туўылады. Пайғамбер әўладлары дегенде тийкарынан, әне, сол Хасан менен Хусаннан өсип-өрбигенлер нәзерде тутылады.

Исламды дүньяға кең ен жайдырыўда Әлийдиң үлеси де оғыры көп. Ол Иранды толығы менен ислам динине кендиреди, (бир ескертиў: усы дәўирде бизиң бабаларымыздан бири болған Султан Ўайс Қараний исмли инсан өз ерки менен өз Ўатанынан яғный — ҳәзирги Қарақалпақстанның Қаратаў деп аталған жеринен Иранға кетип, ҳәзирети Әлийдиң ләшкерлерине қосылып, ислам дини ушын болған ғажжа-ғаж урыста батырларша қаза табады... Лекин, Ҳәзирети Әлий ислам динине садықлық етип сонша алыстан келген ҳәм батырларша жаў қылышынан қаза тапқан айбатлы күшли нөкер Султан Ўайс Қаранийдиң исламға айрықша берилгенлигин есапқа алып, денесин өзиниң минген қанатлы аты дүл-дүли менен, өз ўатанына — ҳәзирги Қаратаўдағы анасының қасына яғный ҳәзирги Султан айс Қараний кәбирстанына әкелдиреди.)

Пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссалам өз ўақтында ҳәзирети Әлийге қандай тапсырмалар берсе де, ол ҳәммесин кеўлиндегидей бәржәй еткени ушын да Ҳәзирети Әлий ҳаққында сорағанларға **«Мен илиминиң бир шәҳәри (қаласы) болсам, Әлий оның дәрўазасы» дейди екен**.

Усылайынша **«Ҳәзирети Әлий исламның дәрўазасы»** деген атаққа сазаўар болады. Ҳәзирети Әлий күтә күшли Бахадыр болған. Сол себептен оны ҳәмме «Асадуллах» яғный **«Алланың арысланы»** («Алланың шери») деп те атаған. Бул лақап ҳәзир де сол мәнисинде тәкирарланады.

Әттен, ол 661-жылы Ирақтың Куфа қаласында, үлкен жәмәәт пенен намаз оқып атырған пайытында, өзиниң душпанлары тәрепинен желкесине пышақ урып өлтириледи. Сөйтип, ол сол Куфа қала-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сына жерленеди. Бирақ, соңынан, Нажаф деген кең мәканнан арнаўлы қәбир қурылып, Ҳәзирети Әлийдиң денеси соған көшириледи. Буннан соң Нажаф ислам дининдегилер ушын Меккеден соңғы екинши зиярат қаласына айналып кетеди. Ҳәзирде солай...

859

—Бул дүньяның мәңгилик екенлигине инанасыз ба?

—Бул дүньяның мәңгилик екенлигинен хеш ким де гүманланбасын. Әттең қам сүт емген ҳеш бир инсан бул дүньяда мәңгилик емес. Соған қарамастан, бүгинлиги тирилер арасынан ким ҳаққында мәңгилик деген гәп айтылса, сол адамның бийҳазар түрде пахта менен сойылғаны. Лекин, гейпара уллы даналардың, алымлардың мәңгиге үлги аларлық ислери болыўы сөзсиз. Инсан әне усы мақсетти яғный дүньяда мәңгилик болыўды нәзерде тутып ислер жүргизсе, көп илим-билим ийелесе мейли. Ислесин, үйренсин, илимли болсын. Сонда инсан өзиниң көп билими, данальғы себепли бул дүньяны гөззалландырыўшы ҳәм жасартыўшы кәрамат ийесине, яғный, дүнья ақыл-даналығының өзинше бир тирепбердисине айналып қалса тәәжип емес...

860

—Ғаррылар менен жас қызлар арасында муҳаббет бола ма?

—Ден саўлығы жақсы, есапсыз көп пулға ийе ғаррының жас денеге ышқы оянса, гейпара жас нашардың да тәнхә ғаррыға болмаған менен, оның көп пулына ышқы-муҳаббети оянады. Усыны есапқа алған халқымыз арасында «ҳәр ким өз муҳаббетиниң қулы» деген нақыл усындайлардан келип шыққан.

861

—Бурынғы СССР дәўиринде комунистлик партияға ағза болғанда оннан нелер күткен едиңиз?

—Мениң түсинигимде компартияға ағзалық — бул адамзаат өмирин жаңартыўда, жаңадан пайда болған өзиншелигине ийе күшли дин сыяқлы түйилетуғын еди. Билесиз, ҳәр қандай дин, өзинше, пәклик. Сол ушын, оған ағза болыў, халқыма пәк хызмет етиў деп түсиндим. Лекин, сонда партияның районлық, областьлық басшылары коммунистлерге исенген халықтың пәклигинен пайдаланып урлық, парахорлық, даңқпаразлық пенен шуғылланатуғынын сезбедим де билме-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дим де. Соң халықта оянған күшли-күшли нәпретлерден қорқып, «қайта қурыў» деген шақырықлар менен ислер баслағанда сол СССР деп аталған мәмлекет өз-өзинен тозыўы жеткен бөздей сөтилип, тарқағаннан соң, алданғаныма анық көзим жетти. Бәрин түсиндим.

862

—Қандай сыйлықлардың лауреаты болғансыз?

—Мени жек көретуғынлардың мақтаншақ деўине қолай сораў бердиңиз: Неде болса, ҳақыйқатлықты айтайын: 1957-жылы пүткил дүнья жүзилик жаслар фестивалының Қарақалпақстан бойынша дүзилген сыйлығының лауреаты, он жылдан соң, яғный 1967-жылы Бердақ атындағы, 1971-жылы Өзбекстанның Хамза атындағы мәмлекетлик, 1984-жылы бурынғы ВЦПСтың, СССР ЖАның лауреаты, 1986-жылы бурынғы СССРдың мәмлекетлик, 1993-жылы Махмуд Қашқарий атындағы халық аралық сыйлықтың лауреатлықларына миясар болғанман. Булардан тысқары айырым орайлық ҳәм республикалық газеталар менен журналларында конкурсларына қатнасып, жеңимпазлық сыйлықларын да алғанман. Сондай-ақ Набережная Челна, Қызыл Орда қалаларының, Вьетнамның «ҳүрметли гражданы» атағын алғанман.

863

—Бурынғы СССР территориясынан тысқары қайсы мәмлекетлерде болғансыз?

—Венгрияда, Сирияда, Индияда, Вьетнамда, Монголияда, АҚШта, Японияда, Францияда, Белгияда болдым.

864

—Бүгин түсимде уллы Бердақ шайыр «сен жақсы шайырсаң» деп таңлайыма түпирди. Не дейсиз?

—Өзиңе усап өзиң шайыр деп есаплайтуғын биреў уллы шайыр Әбдирахман Жәмийге келип: «Кеше түсимде Қызыр Ильяс баба аўзыма түпирди, енди атақлы шайыр боламан ба? дегенде уллы Әбдирахман Жәмий оған: «бәлким, Қызыр Ильяс баба бетиңе түпиргенде, аўзыңды ашып турғаның ушын бир тамшы түпирик аўзыңа түскен болыўы итимал» деген екен.

Мен де сениң түсиңе пәлен-төлен дей алмайман. Шайырлықтың талабында болып көре бер, нәтийжесин келешек көрсетеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

865

—Бул дүньяда сизди не қызықтырады?

—Дүньяда көзге шалынарлы бәрше қубылыслар, елеслер менен бир қатарда миллетимниң даңқы айрықша қызықтырады.

866

—Қайсындай адамларды жақтырмайсыз?

—Гейпаралар бул дүньяның өзгериўин, жаңарыўын қәлесе де, бул әрманлары қәйткенде, қәйтип иске асыралатуғынына өзинен жуўап излемей, өзиниң де үлесин қосқысы келмей, тек тамашагөй болып жасағысы келеди. Егер көпшилик адамлар усылай бара берсе, бул дүнья еле дүзелмейди. Усыларға ишим ашығанлықтан жаман шараятларға себепкер инсанлардың өзлеринен бетеррек минез-қулықларын жақтырмайман.

867

—Адамларды өз-ара аразластырыўға нелер себепкер?

—Һәр қыйлы дәрежедеги даңқлар, байлықлар, лаўазымлар.

868

—Талантты бир ғана Тәңиритаала үлестирер-миш, солай ма?

—Тәңиритаалаға қарсы күшти басқарыўшы Шайтан да адамларға талант үлестиреди деген-де рәўиятлар бар. Соған қарағанда, талант еки қыйлы болады. Инсан өзиниң қайсындай талантқа ийе екенлигин әўеле тәнха өзи дурыс түсиниўи тийис.

869

—Адам гүл емес, сонда да оны гүлге теңгермектиң мәниси не?

—Әлемге гөззаллық бериўши гүллер киби бир күни адамлардың да бириниң изинен бири әстелеп солыйтуғынлығы нәзерде тутылып усындай теңеў айтылса керек.

870

—Қураный Кәримниң жазылыўшеберлиги бойынша Мухаммед пайғамберди де шайыр десе бола ма?

—Қуран жазылған жылларда-ақ өткерилежақ болған шайырлар конкурсында оған қатнасыўшылардың дизимине әллекимлер тәрепи-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нен Мухаммедтиң аты биринши жазылып қойылған екен еситкен Мухаммед пайғамбердиң тәңҳә өзи арнаўлы түрде барып өз атын шайырлар дизиминен өширип таслағаны жөнинде рәўиятлар бар. Соларға қарағанда пайғамберимиз Қуранды шайырлар дөреткен китаплардың қатарына киргизгиси келмеген. Демек, Қуранның сөзлери Тәңриттаала тәрепинен, өзиниң периштелери арқалы Мухаммед пайғамберге түсиригени дурыс!!

871

—Бурынғы СССР дәўириндеги айырым партия басшыларына қойылған бюстлер бүгинлиги алып тасланып олардың фундаментлеринен жаңа заманға тән естеликлер қойылатуғынына қалай қарайсыз?

—Шеп емес. Кешеги күн бүгинниң фундамети ғой. Деген менен, жаңадан қойылатуғын естеликлер ушын жаңадан фундаментлер ислегенде халықтағы исеним де жаңаша болар еди...

872

—Қарақалпақлардың әўелги мың жыллықларда түркийзибанларға нөкер болғанлығын тастыйықлаўшы ҳүжжет бар ма?

—Хорезмниң уллы ханы Араб Мухаммедин хаялы қарақалпақлардың алты арысының бири есапланған Қоңыратлардың Найман деп аталатуғын бир руўының қызы Мехрибану ханымнан туўылып жигирма жыл даўамында уллы Хорезмниң ханы болған Абулғазы Баҳадырханның (1603-1664) «Шажарайы түрк» (түрклер шежиреси) китабының 37-бетинде «Турқақ елиниң баяны» деген бөлиминде былай делинеди:

«...Турқақлардың қайсы түркттен келип шыққаны нәмәлим, бирақ мәниси «сақшылар» дегенди аңлатады. Патшалар бир неше адамға есигин қорытып қояды. Олар нәўбет пенен сергек отырып, нәўбет пенен уйықлайды. Душпан пайда болса, сергеклери еки ағашты, бир-бирине урып жаңғырық қағады... Әне, усылайынша, патшаны қорғағанларды «турқақлар» деп атайтуғын еди...»

Әне, усындай «турқақларды» өзгелерден айрып көрсетиўши бас кийимлери қара реңли қалпақлар болғанын бәрше рәўиятлар тастыйықлайды. Олар неге бирден қарақалпақлар деп аталмаған, дегиңиз келсе айтайын: ең әййемги ҳүжжетлерде бирғана қарақалпақ миллети емес, басқа түркийзибанлар да көп жыллар даўамында айрым-айрым миллетлер сыпатында аталмай, ҳәр топары, тийкарынан, көўимлериниң, руўларының атлары менен аталып келе берген ғой...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 873

—Бүгинги бизнесменлер менен тәдбиркарлардың өмир усылларынан неге шығармалар жазбайсыз?

—Усыған тақаббил сораў өз ўақтында инглис жазыўшысы Вольтер Скотқа (1771-1832) берилгенде: «мал-дүнья табыў жолында бүккесине жатқан адамларда өмир жолы деген жоққой. Олар ҳаққында барыжоғы туўылған, өлген күнлерин ғана жазыў мүмкин» деген екен. Сол айтқандай, мен де ҳәзирше бизнесменлердиң, тәдбиркарлардың өмир жолларын онша жетерли түсинбеймен.

## 874

—Фернан Магелан басшылығында кемеге минип дүньяны айланыў қай жылда басланып, қайсы жылда тамамлағаны есиңиздеме?

—Баспасөз хабарлары бойынша, Магеланның дүньяны кеме менен айланыў саяхаты, 1519 жылы басланып, 1522-жылы тамамланған екен.

## 875

—«Түрк шежиресин» жазып үлгерген Қарақалпақлардың жийени Абылғазы Баҳадыр әдил хан болған деген ҳүжжетлерден мысал келтиресиз бе?

—Абылғазы Баҳадырхан (1603-1664) жаслығында-ақ көп наҳақлықларды көрген, олардың көбисин өз басынан да кеширген. Әкеси Араб Мухаммед хан уллы Абылғазының анасы Меҳрибану ханымнан басқа хаялынан туўылған балаларынан көп-көп азаплар көреди. Өйткени, олар өз әкеси ханлықтың тахтын ақыллы перзент деп Абылғазыға тапсырып кетеди, деген қәўип пенен жасап, әкесиниң тирилигинде-ақ тахтты босатыўын талап етеди. Араб Мухаммед хан көнбейди. Сол ушын олар әкеси Араб Мухаммед ханның көзлерин ойып, арқайын түрде тахтты ийелейди. Усыннан соң мәселе шийеллесип, Абылғазы Хорезмнен биротала бас алып кетиўге мәжбүр болады. Солай етип, ол әўеле Индияға соң Бухараға қашады... Солайынша бир неше жыл қашып жүрип, қайта Ўатанына оралады. Сөйтип, әўеле Арал бойларына келип, өз дайылары болған Қоңыратлыларға ханлыққа ериседи. Соңынан көп қыйыншылықларды жеңиўи арқалы Хорезм ханлығын ийелейди. Тахтына көтерилген соң, бир жағынан, ел басқарыў, екинши жағынан, ханлықты басқарыў менен бирге, түркийлердиң шежиресин жазыўға ҳәм ханлықты күтә әдалат-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лылық пенен басқарыўға айрықша итибар береди... Хорезм ханлығына бурын көрилмеген дәрежеде өзинше әдалатлы жаңалықлар киргизеди. Бул туўралы сақланған мынадай әпсана бар:

Абулғазы Бахадыр хан арзыў-әрманларын айтыўға келгенлерди қабыл еткенде, тәнхә өзинен тысқары төрт адамды әйналасына отырғызады екен. Олардың екеўин еки жағына отырғызып, бирине оң ўәзир, екиншисине шеп ўәзир, деп ат берген. Оң ўәзири ханның аўзынан шыққан хәр бир сөзди мақулласа, шеп ўәзири басқаша жол тутып, егер де, хан аўзынан дурыслы пикир айтылмаса, пүткилләй қарсы турып алыўға ерикли болған. Бул екеўинен тысқары «ханның жиллиси» деген ат пенен және бир ақыллы ўәзир отырғызылған. Ол ханның дәргайында отырса да, жанбасласа да, хәттеки шалқасына жатса да ерикли болған. Арзагөйлердиң гәплерин тыңлап болғаннан соң, әўеле өзиниң еки қапталындағы ўәзирлерин тыңлап, олардың пикирлери қайшыласса, «сен не дейсең?» деп хан өзиниң «жиллисинен», яғный қапталында жанбаслап жатырған үшинши ўәзиринен сорайды екен. Хан оның да хешкимнен бийғәрез пикирин еситип болғаннан кейин, өзинен сәл пәсте, есигирек таманға отырғызылған бас қазының жуўмақлаўшы пикирин де толық тыңлайды екен. Оннан соң, асықпастан терең ойланып алып, өзиниң ханлық хүкимин шығарады екен. Бул жағдай Абулғазы Бахадыр ханға хешкимниң наразылық кейпин туўдырмай, арзы айтып келгенлер ырза кейипте қайтатуғын болған...

Әне, бул ис басқарыў ислери әлбетте, әдалатлы!

«Әх,— деймен гейде, усы әпсана есиме түссе. — Бүгинги басшыларымыздың айналасын тек бир қыйлы түсиниктеги жағымпазлар қоршап, басшы түшкирсе «О, дәл ўақтында хәм қандай жағымлы түшкиресиз!» — десип, жарыспаққа орынларынан түргелетуғынына, басшысы «отырыңлар» десе де, «Сизиң алдыңызда отырыў уят десип» бәрхә тикейип турыўға тырысатуғынлар қоршайтуғынына не дерсең?!»

876

—Әззилерге кимлер жәрдем қолларын соза алады?

—Қолында бар нәрселерине қәлби қәнәәт ететуғын, әззи, қамбағал инсанларға жан мехири хәм аяныш сезимлерге қәлби бай, руўхый жақтан да оғыры күшли адамлар ғана әззилерге дурыслы жәрдем ете алады.

877

—Бизиң эрамыздың IV-V әсирлеринде, шығысы жағынан түркийзибан, көшпели Гуннлардың Атилла исмли сәрдары өз ўақтында,



www.ziyouz.com kutubxonasi

хəттеки данқлы Римди өзине бойсындырған. Əттең, сондай уллы инсанның 453-жылы Венгрия кеңислигинде бир алжасықтан ғана аңсат қазаланғаны жөнинде оқығанман. Қалай болсада, өз заманында зор данққа ерискен усы түркийзибан бабамыздың Атилла деген исмин, уллы инглис драматурги Вильям Шекспир өзиниң «Отелло» трагедиясының бас қахарманына айландырып пайдаланған деген базы болжаўларға Сиз не дейсиз?

—«Халық айтса қалып айтпайды!» деген даналыққа исенген халда бундай болжаўлар ушын қуўанаман.

878

—Бүгинги саўда-сатлық ислерине араласқанлар жөнинде ойларыңыз?

—Күтə ырзалық пенен мақуллайман! Себеби бүгинги заман талабына муўапық ислер күтə жақсы нəтийжелер беретуғынына даў жоқ. Сөйтседе, олардың арасында күтилмегенде, разведкаға жиберилген таярлықсыз шегарашыларды еске салатуғынлары да жоқ емес. Бирақ, оларда кем-кем жаңа кəсиплерине үйренисип кетсе, елимиз пүткил дүньяның саўда сатлығына араласады. Бул жақсы, əлбетте!

879

—Ишиўшилерге қалай қарайсыз?

—Ондайлар менен сөйлессең, еки қыйлы дəлиллери бар: биринши қыйлысы ўақытша болсада, дəрттен қашыўшылар, екинши қыйлысы — өзлерине дəрт қыдырыўшылар. Маған олардың еки қыйлысы да жеркенишли түйиледи.

880

—Жекке шахсларға исениўшиликке көзқарасыңыз?

—Əзелден жекке шахсларға исениўшилик пайда болмағанда, адамлардың өз-ара түсинисиўинде исенимли бир бағдар табылмай, хəрким өзинше хəр қыйлы жол излеп, бəрхə жаўласып жасар еди. Адамлар исениўи тийис биринши Уллы шахс Тəңиритааланың өзи, екинши шахс хəр елдиң өз басшысы. Лекин, екиншилер, көп жағдайларда өз халқы ушын дурыслы жөнелислер таппағаны себепли, халықлар арасында хəр қыйлы топарлар, қəбилалар, руўлар, миллетлер, мəмлекетлер пайда болып, олардың басшыларының хəр бири өз халқын жалғыз өзине исендириў нийетинде жумыслар жүргизетуғынын тарийх бəрха тастыйықлап киятыр. Бундай шахслардан халықты Тəңиртааланың өзи сақласын!



www.ziyouz.com kutubxonasi

881

—Инсанның аўзынан шыққан сөзлери бойынша баҳалаўға қалай қарайсыз?

—Ҳәр инсанды, өзимше, бир жарық жулдыз десек, оның аўзынан шыққан сөзлери гейде сол жарық жулдыздың нуры киби болса, гейде сол жулдыздың қара көлеңкеси киби болады. Сол ушын да инсанды бир қыйлы баҳалаў қыйын. Адамларды дурыс баҳалаўда алжаспаў ушын оның аўзынан шыққан сөзлериниң қайсысы нур, қайсысы қара көлеңке екенин дурыс түсинип алыў керек.

882

—Еки адам бир тилде сөйлессе де базда өз-ара түсиниспеўлерине не себепкер?

—Сол инсанлардың ҳәр бири ең әўеле, өзин ойлағаны ушын өзин-өзи жартыўлы түсинбейтуғынлығы себепкер.

883

—«Сумлық — бул ақыл», деген гәп бар. Сонда «ақыл» менен «сумлық» синоним сөзлерме?

— Синоним емес, бир-бирине мәңги қарсы сөзлер. Мениңше, сумлық кисиниң бет-аўзын, көзлерин жасыратуғын көзге көринбес жабайы түри. Усы жабайылық пенен сумлықлы инсан көбинесе өзин қорғаўға, көтермелетиўге, басқаларды кемситиў есабынан өзин ҳүрметлерге сазаўар қылыўға тырысады. Ал, ҳақыйқый ақыл — бул инсанның ашық жүзи, жаўдыраған көзлери. Ашық жүзлилик, жаўдыраған көз бенен айналаға қараў инсанның өзин бираз пәсте тутыў есабынан, дос-яранларына, халқына, адамзатқа меҳир ҳәм қайырқомлық қыла билиў қуралы.

884

—Соңғы әўладлар қайсындай инсанды умытпаўға тырысады?

—Өмирдеги өз орнын дурыс таўып, ҳәмме нәрсени дурыс түсинетуғын инсанның күтә ақыллылық, дилўарлық, даналық пенен изинде терең илимли, билимли, ақыллы шәкиртлер пайда етип қалдырыў менен бирге, тирисинде өзи жасаған аймаққа пәк нийетли, ең әжайып тәкирарланбас ийгиликли ислер қалдырған инсанлар жуўғарада умытылмайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

885

—Инсанлардың бир-бирине сораўлар бериўлери қашан ада болар екен?

—Ҳеш қашан ада болмайды! Адамлардың бир-бирине сораўлары-жуўаплары тириликтиң нышаны. Ҳәр бир инсан — бул дүнья ушын жуўабы табылмайтуғын сораў белгиси болыў менен бирге бул дүнья ушын белгили дәрежеде жуўапта болып туўылады.

886

—Көп кариялар жасларға: «ақыллы болсаңыз көп байлыққа ерисесиз —дәўлетиңиз күннен күнге арта береди...» дейди. Сизиң буған қосымтаңыз бар ма?

—Бизден 800 жыллдай илгери жасап кеткен уллы аллама Мухаммед Ауфийдиң (1172-жылы туўылған) бир ҳикметине қулақ салыңыз:

«Тәғдир исмли бир адамның ақыл-парасатлы жалғыз қызы ержеткенин билип, оған үйлениў нийетинде, Ақыл, Дәўлет, Үмит деген исмлердеги үш жигит келипти. Ата өз қызынан бул үш жигиттиң қайсысын қәлейтуғынын сорапты. Қыз екиленбей: «Ата, үшеўин де билмеймен. Солай болса да, мениңше, Ақыл жоқары пазийлет ийеси. Ол дос пенен душпаныңды дәл уғыныўға жәрдем етип жасайды. Лекин, Ақылдың бир айыбы бар. Ол базда достын да орынсыз көтермелеп, жолынан адастырып алады. Ал, Дәўлет —бул исбилермен, ҳүкимдар. Лекин, Дәўлеттиң де бир айыбы бар. Ол бәрҳә опадар бола алмайды. Сол ушын, ата, мен Үмитти кәлеймен. Себеби Үмит ҳәр қандай жағдайда да ҳеш адамнан ажыралмай, оған мәңги садық болып бирге жасайды. Ата, ойлансаңыз, мени тек Үмитке қосарсыз», депти.

Атасы қызының тилегин бәржай қылыпты...

Ендиги жағын өзиңиз ойлап көре берерсиз...

887

—Түп бабаларыңызды еслегенде қандай кейпиятта боласыз?

—Не десем мени дурыс түсинетуғыныңызды билмей турман. Лекин, Ата-анам, арғы бабаларым есиме түссе олар маған мийрас қылған Ўатаныма муҳаббетим және де күшейип, дәрриў төмен еңкейемен ҳәм олардың табанлары тийген, ал бүгин мениң де аяқларым астында жатырған топырақты қос алақаным менен үш рет сыйпалап, соңынан сол топырақлы алақанларым менен маңлайымды сыйпалайман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

888

—Зайыбыңызға, перзентлериңизге, келинлериңиз бенен күйеў балаларыңызға хәм аклыкларыңызға мүнәсибетлериңиз?

—Қыскартып айтайын. Зайыбым өмир ағысының өрине қарай бет алған үлкен кемемизди дурыс жүргизиўде мениң менен тең ийинлесип салдаў тартыўшы, орны келгенде маған тең ескекши, соның менен бирге, ол кемемиздиң рули күтилмегенде әлле қандай даўыл менен керексиз тәреплерге бурылып кетпеўи ушын мәсләхәтгөйим, аспазым, балаларымның ҳақыйқый тәрбияшысы. Ал, перзентлерим шаңарағымызға нур төгиўши шамшыракларым хәм қарар көзлерим, ертеңги халипаларым, ал келинлерим менен күйеў балаларым перзентлерим менен тең турып, маған руўх, житер бериў менен шаңарағымыздың нурларына хәр қайсысы өзлеринше жақты нурлар қосыўшылар, соның менен оларда ертеңги халипаларым, ал аклыкларым мен картайғалы бирге ойнайтуғын досларым, күтилмегенде өмирден көз жумсам, бириншилерден болып, даўыс шығарып, жылаcатуғын меҳриргияларым.

889

—Туўысқанларыңызға мүнәсийбетиңиз?

—Туўысқанларым мениң менен бир түп жемис ағашынан өсип шыққан шақалар. Ишимнен бәрхә, «әй, Тәңиритаалам, шақа сыныўы керек болса меннен баслай гөр!» деген тилек пенен жасар едим. Бендениң гүллән тилеги қабыл бола ма? Ең жас егиз шақа сынып үзилди. Соннан соң көзлериме жас алып, «Әй, Тәңиритаалам, ендиги жағында алжаса гөрме, сол сынып үзилген шақалардың орнында пайда болған жас шақаларды өз қәўендерлигиңе алыў менен, және әўелги үлкен шақаларды үзип таслаў ойың болса, олардың үзилиў нәўбетин ең үлкеннен, яғный тек меннен баслай гөр!» деп күнитүни тилек тилеп жасайман.

890

—Бул дүньяға не ушын келгенмен деп ойласыз?

—Бул дүньяға келиў хешкимниң өз ықтыярынан емес, әўеле Тәңриталаладан, екинши ата-анасының өз-ара меҳиринен ғәрезли. Лекин, инсан бул дүньяға өзинен бийғәрез келгени ушын өзине белгили ўазыйпалар излеп жасайды. Мәселен, биреўлер өзин бул дүнья ушын тек тамашагөй деп есапласа, екиншилер өзин бул әжайып



www.ziyouz.com kutubxonasi

дүньяға әлле қандай жаңалықлар киргизиўши деп түсинеди, үшин-шилер өзин бул дүньяның мәңгилиги ушын жаңа инсанлар дөретиўшилер деп есаплап, жанларына жубанышлар табыўға тырысады... Ал мен болсам бул дүньяға өзимнен кейин келетуғын бир инсанға күтә аз муғдарда болса да, тазалаңқыраған орын қалдырыў ушын келгенмен деген ой менен тынымсыз мийнет ислеўге тырысаман.

891

—Ядта тутыў кейпиятларыңыз қалай?

—Жетпис жастан өткели, бурын жазған қолжазбаларымды, китапларымды еслеў былай турсын, хәттеки, өзимди өзим табалмай қалатуғын пайытларым жийи-жийи тәкирарланады.

892

—Инсан ушын жетиспеўшиликтиң неше түри бар?

—Оғыры көп. Олардан екеўи: биринши, өзиң ушын ақыл хәм исенимли дос-яранлардың жетиспеўшилиги, екиншиси, дүньямалдың жетиспеўшилиги.

893

—Инсан бул дүньяны нелер арқалы түсинеди?

—Биринши өз қәлби, екинши өз көзлери, үшинши тәнхә өзиниң билим-зақаўаты арқалы. Үшеўи де тең хәрекетке түспесе, бәри-бир, қәтеликлериң күннен күнге көбейип бара береди.

894

—Халқымыздың әзелги түркийзибанлардың нөкери болғаны себепли қарақалпақ атанғаны жөнинде бираз әпсаналар, рәўиятлар еситкенмен, оқығанман. Нөкерге кийгизилген қара қалпағының маңлай алдына хәм желкесине қошқармүйизинин, еки қапталына оқ жайдың үлгилерин нағыслап салғаннан тысқары, үст кийимлеринде қандай өзиншеликлер болған?

—Нөкерлердиң үстилерине кийдирилген қара шапанларының жағаларында, енли белбеўлерине хәр қыйлы рендеги сабақлар менен отаўлардың, олардың баў-шуўларының, үзиклер менен басқурларының үлгилерин күтә көз қумартарлық дәрежеде гөззал қылып нағыслаў менен миллий хөнерлерин алып жүретуғын болған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

895

—Байлықтың инсанға тәсирлери хаққында айтсаңыз?

—Байлық, биринши, ақыл-закаўаты пүтинлердиң де айна-ласына көп-көп дос-яран жыйнатады, екинши ақылы кемлерди хәдден тыс асқындырып, өзинин дос-яранларын қул орнына жумсап, қорлаўына мүмкинлик ашады.

896

—Жәмәәтти қәйткенде, дурыс басқарыў мүмкин?

—Тәнхә өзиңе нелер керек болса, жәмәәт ағзаларының хәр бирине, дәл сондай нәрселер кереклигин дурыс түсинип хәм сол түсинигинди толық иске асыратуғын усталық, уқып, ақыл-закаўатың шөлистанлардағы қудықлардай терең, теңиздей хәтте океандай кең пейиллилерин болыўы тийис.

897

—Буннан көп жыл бурын сизиң денсаўлығыңыз жөнинде сөз ашқанлар «үш-төрт айға қалмас» десетуғын еди. Хәзир қалайсыз?

—Аз санлы, биракта мәрт жүрекли қарақалпаклар хаққында тынымсыз мийнет ететуғын бир инсанды Тәңиритаала саклайын деди ме, ден-саўлығым хәзирше жақсы. Оның үстине, шығармаларымнан арнаўлы түрде мин излеўшилер көбейген сайын, Тәңиритааланың өзи қоллап-қуўатлап, мениң басыма жаңа ойлар салыўында пәсейтпеди.

898

—Өзиңизди бийғәрез сезинесиз бе?

—Бул дүньяда айналасынан өзин бийғәрез сезетуғын инсаң түўе, бирде мақлуқ, хәтте өсимлик жоқ. Айналамнан бәрхә ғәрезлимен. Усының өзи де маған күш-қуўат бағышлайды.

899

—Қартайсаңыз да жаңа шығарма жазасыз ба?

—Бул сораўыңыз «еле тиримисиз?» деген сораўдың синоними яңлы.

900

—Республикамыздың биринши басшыларынан өзиңизге айрықша унағанларының атларын айтсаңыз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Жасым 75 ке келди. Усы дәўирде Қарақалпақстанға биринши басшы болып көп шахслар алмасты. Олардан маған көбирек унағанлары (1955-1963) жыллар аралығында Қарақалпақстанда биринши басшы болып ислеген Насыр Махмудов исмли шахс, миллети өзбек. Ол бурынғылардай сырттан кадрлар шақырмайды... Қарақалпақ халқының миллий мәдениятын, әдебиятын жақсы раўажландырыўды қолға алып, 1957-жылы Ташкентте Қарақалпақстан әдебияты менен көркем өнериниң биринши декадасын (он күнлигин) өткериў мәселесин көтерди хәм оны ықлас пенен иске асырды...

Екиншиси — 1984-89 жылларда Қарақалпақстанға биринши басшы болған Кәкимбек Салықов. Миллети қазақ. Ол Әмиўдәрья, Арал проблемасына байланыслы Республика халқының тоқлығы ушын көп жумыслар жүргизген. Олардан бири экологияға байланыслы айлықларға СССРдың орайлық фондынан қосымшалар қостырды.

Үшинши унаған басшы, Қарақалпақстан суўсызлықтан бәхәрде егин еге алмай, ески дәўирлердеги тәғдийрлерин тәкирарлап енди посыўға қарағанда, 2002-жылдың екинши майында, Қарақалпақстанға биринши басшы болып, биринши қәдемлери менен мол суў әкелген Муўса Ерниязов. Миллети қарақалпақ. Ол суў менен бирге Қарақалпақстан телевидинесине қосымша бир саатлық көрсетиў қостырыў арқалы, азанда қарақалпақстанлылардың да басқа миллий республикалар сыяқлы өз республикасына «Ассалаўма әлейкум! Қарақалпақстан!» деп сәлем берип оятыў арқалы жаңа ис күнине руўхландыратуғын дәрежеге де еристирди.

901

—1932-жылы Қарақалпақстан өзиниң әўелги орайы Төрткүлди таслап, Нөкисти орай қылғанына көзқарасыңыз?

—Бул ис, мениңше, сол гезлердеги басшылардың узақты көре билмеўшиликлериниң нәтийжеси.

Бул гәпиме толық түсинбесеңиз, мысаллар келтирейик: Уллы Петр биринишиниң ўақтында Россияның орайы неге Петербургке көширилгениниң, соңынан және Россияның орталығында жайласқан үлкен қалалардың биреўине көширилмей, қайтадан неге Москваға әкелингениниң, сондай-ақ Өзбекстан пайтахты даңқлы Самарқандтан не ушын Ташкентке, Қазақстан пайтахты не ушын Қызыл Ордадан Алма-Атаға көширилгенин, ал бурынғы СССР тарқалғаннан кейин Қазақстанның орайы қайтадан Қызыл Ордаға емес, неге Астанаға көширилгени жөнинде ойлап көрсеңиз, мени түсинесиз. Президентимиз Ислам Кәримов Қарақалпақстанның орайын уллы кәрамат ийеси



www.ziyouz.com kutubxonasi

Султан Ўайыс баба Қаранийдиң қәбирстанына жақын Қаратаўдың кең алабына көшириў нийетинде, 1991- жылдың 2-декабринде биринши тасын қалап кеткени, мениңше, күтә мақул баслама еди. Егер де оның иске асыўы ҳәзирше экономикалық қыйыншылық туўдыратуғын болса, бүгинги гөззал Елликқала Қарақалпақстанның орайына айландырылса, қарақалпақстанлылардың өз-ара оғыры татыўлықта, бир-биринен үзликсиз үйренип, әйнала менен оның хамдамлықта жасаўына және де кең-кең мүмкиншиликлер ашылар еди.

902

—Тарийх бойынша археологлардың бәрше жуўмақларына исенесиз бе?

—Исениўге тырысаман. Сөйтсе де гейпараларының ескерген бир затты көрсетип «буған пәлен миллион жыл болды» дегени онша исендирмейди. Себеби сол пәлен миллионлық затлар қатарында буннан 65-70 жыл бурын аўылымызда күнделикли пайдаланылып жүретуғын айрым затларды да көрип қаламан.

903

—Таўрат, Забур, Инжил, Қуран деп аталған диний төрт китапқа исенесиз бе?

—Тақыйық исенемен! Адамзаттың басым көпшилигин тәўбеге келтирип, бир-бирине меҳир оятыўшы бийбаҳа, теңи жоқ, күш-қой ҳәр бири!

904

—Қайсы шығармаңыздың мәңги қалыўын қәлейсиз?

—Шығармаларым емес, оларға қойылған миллетимниң аты «Қарақалпақ» сөзи умытылмаса, еки дүньяда да бахытлыман!

905

—Сабыр Камаловқа 2003-жылы Қарақалпақстанның Бердақ атындағы Мәмлекетлик сыйлығы берилгени сизди қәнәәтлендиредиме?

—Бул сыйлықты бериўде қарақалпақлардың тарийхы ушын ислеген ислеринен гөре өзиниң жасаған жасы, усы ўақытта ислеген лаўазымлары есапқа алынғанлығына қәнәәтлендим.

906

—1989-жылы бурынғы СССР халық депутатларының съездинде сөйлеп, Арал теңизи қурып баратырғанын дүньяға биринши рет жәрия



www.ziyouz.com kutubxonasi

қылыў менен, сол гездеги СССР дың биринши басшысы Горбачевтың Арал бойынша жүргизген ислери өзиниң әўелги айтқан ўәделерине сәйкес келмейтуғынын ашық айтқаныңыз есимде. Әттең, қанаатланарлық жуўап болмады. Соған өкпелеппе, 1990-жылы, өзиңиздиң коммунист-атеист екениңизди умытып, Тәңиритааламның Меккедеги үйи Каабаны зыярат етиўге кеттиңиз. Оннан қайтып келген соң, үйиңизде бир түнедиңиз де Арал машқаласы қаралады екен, деген хабарды еситип, бирден Америкаға, оннан соң тезлик пенен Японияға, Монголияға сапар шеккениңизди билемен. Олардан да қанаат таппай, көп миллион тиражлардағы газеталарда бираз мақалалар да жәрияладыңыз. Олардың да ужыбатлы тәсирин сезбегениңиз ушын «О дүньядағы атама хатлар» деген китап жазыў менен, Атаңыздың руўхынан о дүньядағы әлем уллыларының руўхына Арал машқалалары жөнинде хабарлар жеткериўди соранып, о дүньядағы уллылар өз нәўбетине, өзлериниң тири әўладларына тәсир ете алмайтуғын болса, бүгинги бәрше тири қарақалпақстанлылар лөк барып жатыўы ушын, о дүньядан кеңирек орын таярлаўы кереклигин сорандыңыз... Тилекке қарсы, елеге шекем я о дүньядан, я бул дүньядан ужыбатлы жәрдем болмай атырған секилли. Енди не дейсиз?

—Ҳақыйқатында да, жаңа XXI әсирге дейин Арал бойынша ужыбатлы илажлар исленеди деп исенетуғын едим. Бәри бир, ҳештеңе болмады. 2001-жылдың жазында суў жетпей атырған республикамыздың арқа районларының шараятын өз көзлерим менен көриў ниетинде, жазыўшылардан Избасқанов Жийенбай, Айтниязов Әўезхан, Ийманов Базарбай үшеўи менен бирге Әўезханның машинасында арқа районларға жол алдық. Жөнекей, кең-кең далалықлардан жеўге дурыслы көк шөплер таппай, алдыңғы еки аяғы менен торańғылларды қушақлап, олардың сарғайған жапырақларын терип жеп турған сыйырларды көрип, бәримиз де жағаларымызды услаў менен өзлеримиз гүрсиништик... Ал, Мойнақтағы «Үш сай» ярым атаўының халқына машинада бочкалар менен суў апарып, ҳәр шаңараққа тек үш шелектен суў үлестирип атырғанын көргенде, мениң көзлеримнен ериксиз жаслар төгилди. Ал жас балалардың суўға таласып, шелеклерге аўызларын басып атырғанын, ал 12-13 жастағы бир қыз бир шелек суўды сорамай алып қашып баратырғанында, суў әкелген шофердың, мисли бир шелек алтынынан айрылған киби, сол қыздың изинен қатты сөгингенин еситкенде, қасымдағы жолдасларымның бәри қамсықты. Мен жүзимди басқаларға көрсетпеўге тырысып, өксип-өксип жылап алдым да: «Жигитлер, кеттик!» дедим...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Соңынан республикамыздың арқа территориясындағы бәрше районларды аралап жүргенде, өзимше, ҳажы сыпатында, Тәңиритаалаға ишимнен мынадай мүрәжәәт қылдым:

«Әй, Қүдиретли Күшлиң Тәңиритаалам! Мениң Қарақалпақстан деп аталған елиме, бунша аўыр зулмет көрсеткендей: сениң алдыңда нендей айыпларымыз болды? Я Сизди, я Сизиң пайғамбериңизди дурыслы хүрмет ете билмедикпе? 1990-жылдың бержағында болса, Қарақалпақстанымыздан Сизиң жердеги үйиңиз Каабаға ҳажылық сапарлар қылыўшылардың изи үзилмей турыпты ғой!

... Ямаса, бүгинги заманымызда, Сизиң меҳир-мириўбетиңизге инабат қылмай, өзиңиздиң бизге жиберип қойған суўыңыздан ойланбастан артық пайдаланып, Уллы пайғамбериңиз Мухаммед алейҳиссаламның «дәрья бойында отырып дәрьяның ағын суўына дәрет алсаңыз да, суўды мөлшеринен артық ысрап қылмаңыз» дегенлерин дурыслы орынламағанымыз ушын қәҳәрлендиңизбе? Бурынғы СССР деп аталған мәмлекеттиң жүргизген сиясатларына жағыныў нийетинде жеңил тәбиятлы бир миллий басшымыздың өз көкireклерин орденлерге толтырыў менен социалистлик мийнет Қаҳарманы деген атаққа ерисиў мақсетинде пахта егисликлериниң көлемин шексиз дәрежеде көбейтиўге күш жумсаў менен жаңа-жаңа жерлер ашып, ушы-қыйырсыз кең-кең тоғайзарлықларымызды аяўсыз жоқ еткени, суўды мөлшеринен артық ысрап еткени ушын қәҳәрлендиңиз бе? Болмаса, әййемги дәўирлерден-ақ аты-хаўазасы әлемге мәлим Қоңырат, Қыят, Хожели, Шымбай... сыяқлы ески қалаларымызды қайта тиклеўди дыққаттан шығарып ғана қоймай, тарийхый естеликлер сыпатында сол қалалардың бүгинги дәўиримизге келип жеткен ески диййўалларын қәдирлеў орнына қалдырмай бузып кең-кең пахта атызларына төгин ушын пайдаланғанымыз себепли қәҳәрлендиңиз бе?...

Әй, Уллы Тәңиритаалам! Не десеңиз де ықтыярында... Исениңиз, бүгинлиги өзлеримизде көп-көп гүналарымызды сезинип атырмыз. Айта берсек Сизиң алдыңызда айыпларымыз есапсыз. Бир ҳажы сыпатында олардың бәрин көз алдыма келтирип, Сизден кеширим сорайман! Халқыма суў керек!! Суў, суў!!!

Қураны Кәримниң бесинши сүресиниң 39-аятында «кимде-ким жәбир зулымлықлар қылып, соң тәўбеге келип, өзин дүзетсе, Тәңиритаала оның тәўбесин қабыл қылады» деп те жаздырған өзиңиз ғой, Қүдиретли Күшли Тәңиритаалам!!! Кешириңиз, бүгинлиги бийшарасы шыққан ақ көкирек ҳадал нийетли қарақалпақларды!!!» деп налынған едим. Соң ...Оо, Тәңритаала!!! Өз өмир тарийхында көп



www.ziyouz.com kutubxonasi

азапларға төтепки берип жасай билген Қарақалпақ халқының ахыў-зарын, дадын дәл еситкенге усайсыз, 2002-жылдың май айында жери-мизге азлап суў жибердиңиз! Әне усыннан соң, әй, Тәңиритаалам саған, өзимше, ишимнен алғыснама айтыўды басладым. Мине ол:.

«Ассалаўмаәлейкум, әй Уллы Қудиретли Күшли Тәңиритаалам!!!, Бизлерге — қарақалпақстанлыларға меҳир қылып, тилегимизди бәржай қылдыңыз. Азда болса суў жибердиңиз! Сизди, өз халқын түсинетуғын миллий басшы да жибердиңиз. Сиздей әдалатлы күш бар болғаны ушын Тәңиритаалам, алдыңызда барқулла басымызды ийип, саяңызды бас көтермей сүйиў менен Сизге шын кәлбимизден есапсыз алғыслар айтамыз! Сиз барсыз — өмир бар, кең әлем бар, бизиң халқымыз да бар, уллы Тәңиритаалам!!! Егер қайсымыздың жанымызды ҳәзир-ақ алғыңыз келсе, Сизге хеш қандай наразылық билдирместен, ҳәр бир қарақалпақстанлы Сизиң 99 исмиңизди мәңги тәкирарлап жасайды, Әй Қудиретли Күшли Жан ийемиз!!!

...Мине, солай. Әсиге кетип мақтанғандай көринсем, мени әўеле Тәңиритаалам, екинши бәрше халқым кеширгей!!!

907

—Инсанның қайсындай пәзийлетлерин унатасыз?

—Инсанның иним дегенге садық ини, аға дегенге садық аға, теңлесим дегенге садық теңлес, достым дегенге садық дос, қулым дегенге садық қул, нөкерим дегенге садық нөкер бола билиўлерине қосымша ҳәрқандай жәмәәтте өз орнын дурыс таба билиў пазыйлет-лерин ақ көкиреклигин, ҳәммеге нөкерлигин унатаман.

908

—Бурынғы СССР гезинде Қарақалпақстанның үстинен қараўшы қайсы мәкемениң басшысына бир хызметкери материаллық жәрдем сорап келсе, басшы оған: «арза жаз, жақында Қарақалпақстанға коман-дировкаға жиберилетуғынлардың дизимине сени де қосаман» дейди екен. Сиз де бундай гәпти еситкенбисиз?

—Әлбетте. Қарақалпақстанға байланыслы қандай гәп болса да еситиўге, билиўге тырысаман. Халқымыз түпкиликли Ата-мәканынан талай рет қуўылып, көп-көп аш-әпталатлықларды бастан кеширгени ушын, жаңа мәканларда да өзлерин тез мойынлатқысы келгенликтен бе, неше күнлеп аш қалса да, соңғы напақасын мийманына беретуғын сақый дастурханшыл халық. Егер, жоқары қалалардан кийимлери жупыны мийманлар келсе, өзиниң жаңа кийимин шешип, мийманға



www.ziyouz.com kutubxonasi

кийгизиўге бәркулла таяр. Қарақалпақлар набада жоқарыдан келип кеткен миймандың қаласына барса үйине келип кеткен меҳманын излеп таўып, атақлы ресторанлардың биринде аўқатландырып оған естелик ушын әлле нәрселер берип кетиўди шәрт деп биледи. Әне усыны билгенлер ҳәр қандай бәне таўып қарақалпақстанға келгиси келетуғынлығы тақыйық.

## 909

—Өз қызларыңыз бенен келинлериңиздиң айырмаларын сезесиз бе?

—Келинлерим менен қызларымды тең дей перзентлерим деп есаплайман. Бир ғана айырмасы — алдыма қойылған аўқаттың әлле қандай кемшиликлерин сезсем, оны келинлеримнен бири писирген болса, үнсиз жей беремен, ал, қызларымның бири писирген болса, сол қызымды алдыма шақырып, кемшиликлерин жүзине айтпағанша шыдамайман.

## 910

—Қарақалпақстан жазыўшыларының өз-ара бирлиги қалай?

—Ҳәзирше жақсы. Солай болса да, уллы Жалалатдин Румийдиң (1207-1273):

«Бир ҳинд пенен бир түркий жолдас болса,
Бир-бирине пәрўанадай.
Еки түркий жолдас болса.
Бир-бирине бийғанадай»

деген қосығының соңғы еки қатарын еске түсирип, үшинши қатардағы «түркий» сөзин «жазыўшы» сөзи менен алмастырып айтатуғын пайытларым да аз болмайды.

## 911

—Өз дәўиринде наразы болып өткенлерге бүгинги жазыўшылардың мүнәсибетлери қандай?

—Аяныўшылар менен қарайды. Соның менен бирге: «өгизге туўған күн баспаққа туўмаса болар еди», деген сақлық пенен кәлем тербетип, келешегине көбирек ой жиберген ҳалда шығармалар дөретиўге тырысады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

912

—Дозақ ҳәм Бейиштиң барлығына сиз де исенесиз бе?

—Олардың барлығына исенбеген инсан бул дүньяның ҳадаллықлары менен харамшылықларын ҳеш сезбей, түсинбей жасайды ғой.

913

—Бурынғы СССРдың Қарақалпақларға, ең болмаса, бир жақсылығы болмады ма?

—Бир жақсылығы болды: Бәрҳә түркийзибанларға нөкерлик хызметлер етиўи нәтийжесинде, ҳәтте миллий ханлығына ерисе алмай үриў-шүрийлик халатта жасап жүрген халқымыздың усынысларын дурыс түсинип 1924-жылы автоном мәмлекет дәрежесине еристирди.

914

—Изгилерге нәсиятнама жазып қалдырыў усыллары қашан пайда болғанын ҳәм бул ислерге өзиниздиң көз-қарасларыңызды билдирсеңиз?

—Инсан бул дүньядан кетерде өзиниң изинде қалатуғын перзентлерине бар дүнья-малын бөлистириў жөнинде заң-нызамлар буннан 4 мың жыл илгери Вавилон патшалығының нызамларында белгиленген екен. Ал «Ўәсиятнама» деген сөз биринши рет әййемги Афинада VII әсирде ҳақыйқый ҳүжжетке айналады. Бирақ бундай «ўәсиятнама»лар жазыў ушын улы жоқ ерлерге, жалғыз баслы ҳаялларға рухсат етилмеген. Нәсиятнамалардың бүгинги түрлери, Рим ҳүкимдарларының бир-биринен қызғаншақлығы ҳәм ашкөзлиги себепли пайда болған екен.

Өзинен қалатуғын байлығын кимге, қалай бөлистиргени жөнинде нәсиятнамалардың түрлери көп: Олардың арасында дыққат аўдарарлық түрин жазған АҚШ тың үшинши Президенти Томас Джеферсон (1743-1826) болған. Ол барлық қулларын азат деп жәриялаған ҳәм дүнья-малларын туўысқан-туўғанларының бөлисип алыўын нәсият қылыў менен бирге, оларда өзлериниң қулларын азат етсин, деп те нәсият қалдырып кеткен.

1953-жылда Француз жазыўшысы Франсуа Рабле «Мениң мақтаныш пенен тилге алғандай байлықларым жоқ. Не нәрсем қалған болса, бәрин қамбағалларға бөлистирип бериңлер» деп ўәсиятлар жазған екен.

Ал, уллы Вильям Шекспирге келсек, ол изинде қалып баратырған ҳәр бир буйымын — мебельлеринен баслап, аяқ кийимлерин тапочкаларына дейин атпа-ат жазып, изинде қалған жақын-жуўықларына теп-тең бөлистирип кеткен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ал, бизин миллий дәстүримизде ата-ана қайсы перзенти менен бирге жасап қалған болса, барлық еркти соған қалдырады. Ал, мениң өзимде де аўыз толтырып айтқандай, қатаң қәдирлеген қымбат бахалы затлар болмаған менен, жыйнаған көп китапларымды, өз перзентлерим бас қосып мәслаҳәтлесиў арқалы сол китапларды тарқатпай ақлықларымның ақыллы биреўине өткериўдиң жолын табады деп исенемен.

915

—Тириликтеги мақсетлериңиз?

—Шаңарағымның, көшемниң, қаламның, республикамның, әлемниң бирликлерин, гөззаллықларын соңғы демиме дейин көзлеримниң қарашығындай сақлаў ислерине мүмкиншилигим барынша бар күшимди, ақыл-хүўшымды жумсайман.

916

—Өмирден, тийкарынан, нелер излейсиз?

—*Пүткил кең әлемди, соның ишинде, мениң халқымды шексиз* бахытлы ететуғын әллеқандай қүдиретли кәрамат излеп жасайман.

917

—Өз өмириңизде қандай урыс-тарысларға гүўасыз?

—Инсан бул дүньяда неше саат, күн, ай, мың жасаса да, оның жәнжелсиз бир күни өтпейди. Мен үш қыйлы урыс-тарысларға гүўаман: биринши, инсанның бул дүньяда тиришилиги ушын, екиншиси, инсанның мәмлекетлик дүзим ҳәм мәкеме басшысы менен арасындағы тарыслары, үшиншиси, мәмлекетлер, миллетлер араларындағы қанлы урыслар. Әттең әўелги екеўи ҳәр инсанның тағдийринде жасайды, ал үшиншиси мәмлекет басшылары жүргизген ҳәм жүргизетуғын сиясатларынан гәрезли.

918

—Қайсындай *инсанларда өмирге қәнәәт кем болады?*

—Қәнәәт мәселесинде инсанлардың басым көпшилиги бир-бирине өте усайды.

919

—Инсан қәйткенде өзин-өзи толық түсинеди?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Өзин өзи емес, басқаларды түсиниў, хәр бир инсанның бас мақсети. Сол ушын ба, бул дүньяда өзин өзи түсинип: «мақсетлериме толық еристим» деген инсанлар туўралы көп еситпедим.

920

—Ана тилиңизден тысқары орыс тилин билиў сизге не берди?

—Жәҳән әдебиятының ең ағлалары жетерли дәрежеде қарақалпақ тилинде аўдарылып басылмаған ғой. Сол ушын орыс тилин билиў арқалы Жәҳән әдебияты менен кеңирек таныcыўға мүмкиншиликлер таптым.

Соның менен бирге, «Адам неше тилди билсе, сонша рет адам» делингениндей, хәр бир жаңа шығармамды жазыў алдынан басымда писиреpде, еки тилде де ойлап, соңынан тек ана тилимде жазғанман.

921

— Бир гезлери Қарақалпақ әдебияты менен искусствосының Декадалары (он күнликлери), хәптеликлери, күнлери басқа республикаларда, ал сол Республикалардики Қарақалпақстанда өтетуғын болған. Олардың өткерилген жылларын еслей аласыз ба?

— Есимде барлары: Қарақалпақстан әдебияты хәм искусствосының биринши Декадасы (он күнлиги) 1957 жылдың 24 январынан 2 февралына дейинги аралықта Ташкентте өтти.

Соннан кейин Қарақалпақстан әдебияты хәм искусствосының Күнлери 1974-жылы 11-16 февраль аралығында Россия федерациясында;

1974-жылдың 22-23 июнинде Ташкентте өткерилди;

1976-жылдың 20-27 ноябрь аралығында Башқурт әдебияты хәм искусствосының күнлери Қарақалпақстанда өтти;

Қарақалпақстан әдебияты хәм искусствосының Күнлери 1977-жылдың 12-20 июль аралығында Башқуртстанда өткерилди.

Қарақалпақстан әдебияты хәм искусствосының Күнлери 1977-жылдың 10-16 октябринде Қазақстанның Қызыл Орда областында өткерилди.

Татарстан әдебияты хәм искусствосының Күнлери 1980-жылдың 20-25 август аралығында Қарақалпақстанда өткерилди,

Қарақалпақстан әдебияты хәм искусствосының күнлери 1981-жылдың 19-24 июнь аралығында Татарстанда өткерилди.

1982-жылдың 21-25 август айында бурыңғы СССР әдебиятының Күнлери Қарақалпақстанда, сол 1982-жылы Қарақалпақстан әдебияты хәм искусствосының Күнлери 10-14 декабрь аралығында Ташкентте өткерилди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1983-жылдын 24—27 август аралығында Дағыстан әдебияты хәм искусствосынын Күнлери Қарақалпақстанда, ал 1984-жылдын 19—25 августы аралығында Қарақалпақстан әдебияты хәм искусствосынын Күнлери Дағыстанда өткерилди.

1987-жылдың 19—23 октябрь аралығында Қарақалпақстан мәдениятының Күнлери Ташкентте өткерилди.

Ал, 1994-жылдың августында Қарақалпақстан мәдениятының Күнлери Қызыл Орда областында, 1998-жылда... Қарақалпақстан мәдениятынын күнлери Ташкентте өткерилди.

Булардан тысқары бир жағдай: Өзбекстанда қайсы мәмлекеттиң әдебияты хәм мәдениятынын декадалары, я Күнлери, сондай-ақ әлле қайсы ўәлаятын, болмаса, әллеқайсы көркем-әдебият журналлардың күнлери Өзбекстанда өткерилген болса, олардың бир топар ўәкиллери Қарақалпақстанда да болып, байрам кейпиятларын ғана емес, әдебиятқа, мәдениятқа деген сүйиспеншиликти жәнеде кеңирек оятып туратуғын еди.

Ескертиў: әлле қайсы Декаданын, Күнлердиң болғанлығын умытып ямаса гейпараларының жылларынан, айларынан алжасқан болсам... кеширерсиз.

Бул Декадалар менен Күнлердиң ең қуўанышлы тәманы — миллий әдебиятқа хәм мәдениятқа мәмлекетлик дәрежеде айрықша дыққатлар бөлиниўи еди.

922

—Қәлбиңизди қорқынышларға мантықтыратуғын қандай жағдайлар бар?

—Әзелден бәрше түркийзибанларға сақ нөкер сыпатында қәлиплесип, сонында сол нөкерлиги себепли есапсыз адаўатларды бастан кешириўлерине байланыслы, бәрхә азайыў менен мөминликте жасап келген халқымыз бүгинги экологиялық жаман шәраятларды бастан кеширип атырғанын айқын сезингеним ушын: «Усы барысы болса, мениң бийшара халқым әсте-әстелеп тарийхтан жоғалып кетпесе болар еди-аў», деп жағамды услаў менен базда хәр қыйлы аласапыран ойларға мантығып жүретуғын гезлерим аз болмайды.

923

—Неше үйиңиз бар хәм олардың сизге талаплары?

—Жылдың төрт мәўсими киби төрт үйим бар. Биринщиси,— атаанамнан мийрас өз үйим, екиншиси — бәрше ханалас-туўысқанларым-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нын, үшиншиси — бәрше перзентлериминиң үйлери, төртиншиси — туўылған Ўатаным.

Бул үйлер мениң хәр демимде сүйенишим, күш-қуўат бериўши дәри-дәрманым, кеңесгөйлерим, меҳригияларым!

924

—Өзиңизге, миллетиңизге ғәзеплер менен қарайтуғынларға қарсы күшлериңиз бар ма?

—Тәнҳа өзиме ғәзеп пенен қарайтуғынларға илажым жоқ.. Ал, миллетимди түсинбей оған ғәзеп пенен қарайтуғынларға, айрықша қәҳәрлер хәм нәпретлерим менен өзимше, жоқары көтерилетуғын мушларымнаң тысқары, қылыш-найза киби жазылып қағазларға түсетуғын астарлы сөзлерим бар.

925

—Гөне китапларды отқа тамызық қылатуғынларға не айтасыз?

—Бул сораўыңыз «уйқыдағы даналарды өлтире беретуғынларға не айтасыз?», деген сораў янлы. Уллы немец философы Гегельдиң (1770-1831) сөзлери менен айтқанда, хәр китап өзин оқыған инсан менен диалогқа түсетуғын, өзинше көп сырлы бир инсан ғой! Ким оларды жоқ қылыўды нийет қылса, бул оның бахытсызлығы! Китап жанып кетседе өртенгеннен, бәри бир өш алады.

926

—Кимлер менен жарысып жасаған мақул?

—Биринши заманың менен, екинши өзиң билген, таныған ақыллылар менен, үшинши өзиң өзиң менен, төртинши душпанларың менен жарысып жасағаның мақул. Тәбияттың мәўсимлери менен де жарысып олардан үлги алған шеп емес.

927

—Әлле нәрседен кәтелессем, өлгим келеди. Неге?

—Бул тәнҳә өзиңди шексиз ақыллы, дана санап жасайтуғынлығыңның ақыбети. Билип қой: Өзине өлим тилеўшилер жөнинде пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссалам ҳадислеринин биринде: «Ҳеш бириңиз өзиңизге өлим тилемеңиз. Егер, жақсылық қылыўшылардан болсаңыз, жақсылықларыңыз, бәлким, және де көбейер, жаманлық қылыўшылардан болсаңыз, бәлким, тәўбеге келерсиз. Өлимнен пайда жоқ» деген екен. Пайғамберимиздиң кеңеслерин тыңламаған инсан бахытлы болады деп айта алмайман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

928

—Бир адамның өзиме еткен жаманлығы хеш есимнен шықпайды. Буған не дейсиз?

—«Ийт бир мәртебе қорықса, үш жылға дейин жулдызға үреди», деген даналық бар. Егер, сизге бир рет жаманлық еткен адам, соңынан және тәкирарламаған болса, оған ийиттей үре берместен биринши бир жаманлықты умытқаныңыз мақул. Ҳалқымызда «жабайы ғазға тас ылақтырсаң, ол тиймесе, зыяны жоқ, таска тас қосылады, ғазға ғаз қосылады» деген даналықта бар. Бул даналыққа сүйенипте ойланыңыз!

929

—Биреў менен шахмат ойнап утылсам, жүрегим ҳәўлирип кетеди. Не дейсиз?

— Қурбақа ағысы күшли дәрьяға түсип кетсе, өзине-өзи «Теңизге саяхат қылажақ едим, бул жаман болды» деп көп қыйналады дейди. Сиз де, егер қурбақа болғыңыз келмесе, өзиңизди өзиңиз басып сабырлылық сақлаўға тырысыңыз!

930

— Әлийшер Наўайыдан басқа «Хамса» («Бес дәстан») жазғанлар болған ба?

— Уллы Наўайыға дейин биринши рет «Хамса» («Беслик» — «бес дәстан») жазған уллы Әзербайжан шайыры Низамий Генжабий Абу Мухаммед (1141-1203).

Ал Низамий Генжабийге жуўап сыпатында «Хамса» жазған парсы-тәжик тилинде жазатуғын Ҳиндстанның уллы шайыры Хисраў Дехлевий (1253-1325). Дехлевий бул оның лақабы, ҳақыйқый толық аты Ямунуддин Абул Хасан Амир-Хысраў ад-Дехлевий.

Булардан соң уллы өзбек шайыры Әлийшер Наўайы (1441-1501) (ҳақыйқый аты Низамиддин Мир Әлийшер) өзинше «Хамса» («Бес дәстан») дөреткен. Наўайының «Хамса» сының бириншиси «Хаират Ал Абрар» дәстаны («Смятение праведних»), тийкарынан, автордың этикалық, эстетикалық көзқарасын сүўретлейди. Екинши дәстаны «Ләйли ҳәм Мажнун»-жас Кейс исмли жигиттиң жас сулыў Ләйлиге ашықлығының ҳәсиретин, үшинши дәстаны «Фәрхад ҳәм Шийрин» де күшли палўан жигит Фархадтың әрмян қызы Шийринге ашықлығын, ал Шийринге оннан тысқары Иран шахы Хысраў арасындағы мухаббеттиң ҳәсиретке әкелгени сәўлеленеди. Төртинши дәстан «Сабаййий



www.ziyouz.com kutubxonasi

саяра» — «Жети планета» деп аталады. Жети кыйлы ертек үлгисиндеги новеллалардан ибарат бул дәстанда шығыс дәстанларындағы Бахрам Хүр менен қулдың қызы Диларам арасындағы мухаббет айрықша көркем сәўле-лениўин тапкан. Ал бесинши дәстан «Искендер дийўалы». Бунда Искендер Зулхарнайынның (Александр Македонский) хәр кыйлы жабайылылыкта хәрекет етиўши адамларға қарсы гүресиўши дийўал болғанлығы кеңнен сәўлелениўин тапкан. Бул «Хамса»ның («Бес дәстанның») Наўайы заманында Гераттағы жасаған хаткер Абдужәмил Кәтиб тәрепинен ески калиграфияда қайта көширилген варианты Ташкенттеги Шығысты изертлеў институтында саклаўлы.

931

—Ақлықларым менен онша тил табыса алмайман. Себебин түсинесизбе?

—Өтмиштегилердиң тәжрийбелери бойынша жаслық — гүлистан, ғаррылық — зимистан. Бул анықламаға қосымша, жолбарыстың аты жолбарыс, қартайса да, аң аўлап жегиси келеди, ал ғарғаның аты ғарға, ол мың жасқа шықса да, боқлықты тинткенин тоқтатпайды. Бул гәплердиң қанша дәрежеде сизиң тәғдириңизге де тийислилиги жөнинде ойланыңыз.

Умытпаңыз: аклык — шаңарақтың ертеңи, атаның қуўаты, қуўанышы. Егер, ақлықларыңыздың сыйласығына ерисип, олар менен дослығымыз күшейсин десеңиз, сақыйлықта да үлги болыңыз. Мүмкиншилигиң барынша, хикметшил, рәўиятшыл, әпсанашыл ғарры болыўға талапланыңыз. Билмесеңиз, ендиги жағында изленип, оқыңыз. Әййемги юнон даналарынан Геродоттың (490-480)-(425): «Әзелден-ақ адамлар көп-көп гөззал хикметлер дөреткен, биз оларды үйрениўимиз тийис». Сократтың (469-389): «Мен бурынғы данышпанлардың бизге қалдырып кеткен ақыл-даналықларын көзден кеширемен, олардан жақсы бир нәрсеге дус келсем, тез өзлестирип аламан хәм үлкен пайда арттырған киби боламан», болмаса, Аристотельдиң (384-322): «Бәрше кисиниң күши аўкаттан, ал акыллының күши хикметтен», ал Цицеронның (106-43): «Қысқа-қысқа баян етилген пикирлер өмирди жақсылаўға көп хызмет етеди» дегени сыяқлы даналықларды таўып, оқыңыз. Оқығанларыңызды ядлап, оларды өз тәжрийбелериңиз менен байытыў арқалы сәл бөрттирип қосып ақлықларыңызға айтыў менен, изинен олардың өзлерине де тәкирарлатып турыңыз. Дурыслап айта билсеңиз, өзиңиздиң де өмир жолларыңыз ақлықларыңыз ушын тәкирарланбас әпсана, рәўият, хикмет болып түйилетуғыны жөнинде де ойлап көриңиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

932

—Базы моллалар өлиниң қәбири үстине белгилер қойыў надурыс дейди. Солай ма?

—Қәбирлерге белги қойыў динге қарсы келмейди. Пайғамберимиз Мухаммед әлейкиссаламның хәдислеринде айтылыўынша, ол өзиниң жанындай жақсы көретуғын досты Усман ибн Маъзун қайтыс болып, жерлегеннен кейин, үлкен бир тасты көтерип апарып, оның қәбириниң бас ушына қойыпты да: «Усы кәрадан хәр өткенимде көринсе, еслеп, руўхына дуўа қылып тураман» депти. Усыған қарағанда, өлини еслейтуғын белгилер ислеў, хәтте мархумның исми-шәриплерин жазыў да қадаған етилмейди. Бирақ ата-ананның, жақынларыңның басларына белги салыў нийетинде Қарақалпақстанның бурынғы бир басшысы усап, өз ата-анасының айналасындағы қәбирлерди тегислетип таслаў, хақыйқый дозақыйлық!

933

—Инсан ушын ең аўыр гүналар қандай ислерден ибарат?

—Жас гезимде өз атам Хәкимнияздан хәр қыйлы рәўиятлар тыңлап билгенлерим бойынша, Тәңиритаала алдында аўыр гүналардың 360 түри бар екен. Олардан ең баслысы: Тәңиритаалаға хәр қыйлы нәрселерди теңгерип, сол теңгергенлерине сыйыныў. Бүйтип сыйыныў араб тилинде «ширкий акбар» делинеди екен. Бул жөнинде Қуранда: «Тәңиритаала адамлардың «ширкий акбардан» басқа гүналарын кеширеди», деп ескертилген. Буннан кейинги гүналар: адамлар алдында көзаба ушын хәрекетлер қылып, «адамлар мени билсин, мени мақтасын» деген нийетте жеғилик пенен жасалма ислер жүргизгенлердиң гүналары да «ширкий акбарға» киреди екен. Сондай-ақ, умытылған қаза намазларын адамлар алдында узақ оқып отырыў, адамлар алдында дуўа қылып, көзлерине жортаға жас алыў, адамларға көрсетип садақа бериў... тәкаббырлық, менменлик. Кисини сыртынан сатыўшылық, адам өлтириў, кисиниң өзин-өзи өлтириўи, жеги палкерлерге исениў, бийгүна адамларға жаманлық қылыў... кеширилиўи қыйын, аўыр гүналар...

934

—Террорщылар сизди беккем услап, «Ўатаныңның әззи тамаңларын айт, қарақалпақ халқының пайдасы ушын кимлерди жоқ қылыў керек?» десе хәм қызықтырыў ушын бир неше миллион доллар да бережақ болса, не қылар едиңиз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Күни-түни «Халқымды жаманлықларға гириптар қыла көрме, Тәниритаалам!» деп соранып жасайман. Набада, сондай жағдайлар жүз берип, әллеким, тиккелей мылтығының аўзын гөзлесе, ямаса, шалып жибериў нийетинде пышағын алқымыма тақаса да, өз халқымды, ўатанымды сатпастан, үнсиз өлип кетиўге таярман. Сизди де соған шақыраман!

935

—Өлсеңиз кимлер қыйналады, кимлер қуўанады деп ойлайсыз?

—Туўысқанларым, перзентлерим, ақлықларым, шаўлықларым, сондай-ақ шығармаларымды ҳақыйқый мәнисинде түсинип оқығанлар өлимиме ишинен қыйналатуғынына, ал шала саўат күншил зиялылардың биразы, таланты кем күшеншек жазыўшылар шад болатуғынына исенемен. Соның менен бирге, базылар мениң сыртымнан жаманлап, қара таўық янлы көрингени менен, қара таўықлар да ақ мәйек туўатуғынын билемен. Сол ушын қара таўықларды да жек көрмеймен.

936

— Сиз өмирди қандай дәрежеде билесиз?

— Бул сораўға «Қабуснама»да келтирген Сократтың сөзлери менен жуўап беремен: «Биреў маған Сократ ҳәмме нәрсени биледи десе, билмеймен, деймен. Ҳақыйқатында булай демеўим керек. Себеби «билмеймен» дегенимди биреўлер тиккелей түсинип, айтқанларыма инанбай жасаўы мүмкин». Уллы дананың бундай әкинишлерине қандай қосымша қылыўым мүмкин.

937

—Қарақалпақстан қумларының реңки қызыл болмаса да неге «Қызыл қум» деп аталады?

—Ҳалқымыз албырақлағанларға «Неге тап қызыл көргендей аңын ушты?», «Бир нәрсенди... неге қызыл киби жасырасаң?» дегенлери аспаннан түскен гәплер емес. Әпсаналарға қарағанда, бир гезлери бабаларымыз Қызыл қумның түйиртпеклери арасынан алтын түйиртпеклерин терип алатуғын дәрежеге де жеткен. Сол ушын, «Қызыл қум» —бул «алтынлы қум»... дегенди де анлатады.

938

—Телевизордан не ушын гилен шийеленискен фильмлерди көргим келетуғынын түсинбеймен?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Мениң түсингеним бойынша, базы инсанларға баска баскалардын кыйналып өлгени, тамақ таппай сарсылыўлары, биреўдиң биреўге кәйтип өлтиргени, кәйтип талағаны, азаплағаны, хаялллардың жаланаш көринислери күтә кызық көринеди... Бул жуўабым ушын таңланба! Ойлан!

939

—Сиз бир гезде «Каракалпақ дәстаны» атлы романыңыздың алдына «Октябрь революциясының авторларына арнайман!» деген бағышлаў жазған единиз. Хәзир сол бағышлаўыңызға калай карайсыз?

—Китапка жазылатуғын арнаўлар, көп жағдайда, сол китапты әллекимге почта аркалы жиберер гезде оның жолда көп иркилмей жолланған адамға тез жеткерилиўи ушын конверттиң сыртына ең қымбат бахадағы маркаларды жабыстырылғаны киби бир усыл. Хат жолланған адамына жетсе, тамам, конвертин хеш ким пайдаланбайды ғой.

940

—Рентген нуры деп аталған нур не ушын усылайынша аталған?

—Рентген нуры — яғный адамның ишки ағзаларының курылысларын көрсетиўши нур Вильгелм Конрад Рентген деген алым тәрепинен табылып оның «Ретген» деген фамилиясы, сол нурға ат қылынған

941

—Хәзир китап шығарыў қыйын. Оның үстине китапханалар ушын китаплар таңлаўда өз алдына машкала. Сол ушын өткен әсирдеги талант ийелерине, китапханаларға кайыркомлык (спонсорлык) еткенлерден бүгинлилер ушын үлги аларлык мысалларыңыз жок па?

—Бар. Мәселен: Франция жазыўшысы Александр Дюманың (1802-1870) заманында да жазыўшының күн көриси оғыры қыйын болған. Соған қарамастан, Александр Дюма жасынан жазыўшылықты әрман етип, әкесиниң жәрдеми аркасында Парижге келеди хәм Герцог Орлеанский деген бай инсанның караўына жумыска өтеди. Өз ўазыйпасын жаксы аткарыў менен бирге суткасына төрт сааттан артық уйкыламай, сәл саўа ўакыт тапса, китап оқыўды баслайды. Нәтийжеде ол өз заманындағы айрықша саўатлы, ойшыл адамға айналып, шығармалар дөретиўди баслайды. Драмалар, көбинесе, тарийхый драмалар жазады. 1829-жылы «Генрих III хәм оның сарайы» атлы драмасын сахнада койғаннан кейин, ол Парижге таныллады. Герцог Орлеанский енди Дюманың айлығын бираз көбейтип, өзинин



www.ziyouz.com kutubxonasi

меншик китапханасына басшылық лаўазымын береди. Бул жумыс жас Дюманың жәнеде көбирек оқыўына мүмкиншилик ашып, жаңадан тарийхый шығармалар дөретиўди баслайды. 1830-жылы оның тарийхый шығармаларынан руўхланған Париж халқы корольге қарсы көтерилиске шығады. Ақыбетинде, халық женип, Дюмаға қайырқомлық еткен Герцог Орлеанкий Луй Филип лақабы менен король тахтын ийелеўге миясар болады. Александр Дюма буған марапатланбай, изли-изинен жаңа тарийхый шығармалар дөретиўин даўам етеди. Францияның өтмиши туўралы Дартаньян хәм Эдмон Дантес исимли қахарманлардың жәнжелге толы ерлик ислерин кеңнен сүўретлеп, тек француздардың ғана емес, қоңсы мәмлекетлердиң де (Мәселен, Алжир, Тунис, Мадрид) сүйиспеншилик дыққатын өзине аўдарады. Солай етип дүньядағы ең биринши миллионер жазыўшы дәрежесине жетеди.

Қәне, бүгинги қарақалпақ жазыўшыларының арасынан да Александр Дюмадай күтә-күтә көп оқыған, билимли, хақыйқый талант ийеси өсип шықса! Сонда оғанда Герцог Орлеанский типиндеги қайырқом Қарақалпақстаннан да табылар-аў, деп ойлайман.

Тилекке қарсы, бизде китапқа, халқымыздың руўхый өсиўине қалыс жәрдем ететуғын қайырқом-спонсорлар еле пайда болалмай атыр. Буған себеп олардың пулларының кемлиги емес-аў... Әттең көбиси *Герцог Орлеанскийге усас қайырқом-спонсор болыў ушын* руўхый саўатқа еле ийе емес сыяқлы...

Енди мынадай тарийхый фактлерге де кеўил аўдарыңыз:

Сийрек ушырасатуғын китаплар жыйнайтуғын Ханс Слоун деген англиялы адам Александр Македонскийдиң өлер алдындағы нәсиятын оқығаннан кейин, 1753-жылы, өлер алдынан өзиниң барлық китапларын жары баҳасына сатып, бәрше пулларын музей шөлкемлестириўге берип кеткен. Ҳәзирги Британия музейи соның тийкарында жүзеге келген екен...

Және Англиядан Жеймс Смитсон исимли алым 1829-жылы Британия хәм Арқа Американың колониялары арасындағы мүнәсибетлерди жақсылаў нийетинде өзиниң барлық пулын АҚШ ҳүкиметине қалдырған. Нәтийжеде, Смитсон институты хәм Смитсон музейи пайда болды. Оннан үлги көрген Америкалы миллиардер Жон Пьерпонт Морган бар пулларын бергени ушын метрополитен музейи шөлкемлестирилген. Швед алымы Нобель исимли адам (1833-1896), өлер алдынан нәсиятнама жазып, бәрше пулы тийкарында дүнья жүзилик сыйлық пайда етиўди сораған себепли, сол 1896-жылы Нобель аты менен пүткил дүньялық сыйлық пайда болды. Тилекке



www.ziyouz.com kutubxonasi

карсы, Орта Азияда бул уллы сыйлыкка миясар болған адам еле пайда болмай атырғаны ашынарлы.

Искусствоны сүйиўши Форд исимли Америкалы миллионер XXI әсирге келип барлык пулын 4157 окыў хәм кайыр-сакаўат мәкемелерине бөлип берген... Булардан тыскары хәр мәмлекетте хәр кыйлы сыйлыклар бар...

Усы кәрады әллеким «мактаншак» деп үстимнен күлсе де өз өмиримнен бир факт айтайын: 1986-жылы мен «Каракалпак дәстаны» атлы трилогиям ушын бурынғы СССР дын маған берилген мәмлекетлик сыйлығының пулынан бир тийинин де өзиме пайдаланбастан, Нөкис каласында «Дослык» атлы майдан дүзип, ортасына «Дослык» деген естелик орнатыў ушын бергенмен...

942

—Мәмлекетлик Хаўа райын баклаў бюросынын хабарысыз-ак хаўа температурасының өзгерислерин билиў мүмкин бе?

—Мүмкин. Егер ғарғалар аспанда тобы менен ғаркылдаған шаўкымлар шығарып ушса, күннин суўыйтуғынынан берилген хабар деп түсине бериниз.

943

—Хажы сыпатында билерсиз, бәлким, өлсениз бейишке киресизбе я дозакка? Канша ўакыттан сон умытылыўыныз мүмкин?

—Бейишти я дозакты танлаў, бул Кудирети күшли Тәниритааланын, хеш бир бендесине алдын ала билдирмейтуғын жасырын сыры.

Ал сораўыныздын екинши бөлими бойынша айтарым: Бир жола Ерназар алакөз (1806-1858) бенен жас Бердак шайыр (1827-1900) өз-ара ушыраскан пайтта бир капталынан табыт көтерип баратырғанларға кәзи түскен Ерназар алакөз: «бийшара, жаксы адам еди...» деген екен. Сонда жас Бердак: «Ерназар аға, табыттағы өли ме я тири ме?» деп сорапты. Бул сораўға танланған Ерназар алакөз Бердакка тигилип карапты да: «бул не дегениң?» дегенде, ол: «Ерназар аға, «Өлиме я тириме?» дегенимнин мәниси - изинде перзентлери калған ба я калмаған ба дегеним еди» деп жуўап кайтарады. Сол демде-ак Ерназар алакөз онын даналығына сүйсинип, мойнына мингизе сала, медресеге шекем апарып кеткен екен.

Енди де сизиң сораўыңызға жуўапты Бердактын жокарыдағы даналығына сүйенип айтсам, канша ўакыттан сон умытылатуғынымды изимде калғанлар биледи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

944

— «Ақылсыз достан ақыллы душпан жақсырақ» деген даналық қалай пайда болғанын билесиз бе?

— Хәр бир даналық хәм нақыл өзиниң пайда болыў тарийхына ийе. Рәўиятлардың биринде: бир уры атақлы патшаның сарайына кирип, жан-жағына қараса, патша уйқылап, бир хызметкери оның бетин желпип отыр екен. Хызметкер желпиўин сәл гидирсе, шыбынлар патшанын жүзине ғаўлап қонажақ. Желпиўден шаршап жалыққан хызметкер патшаның жүзине ғаўлап қонған шыбынларды бирден қырып таслаў нийетинде, қапталында жатырған жалпақ тасты қос қоллап алып, уйқыдағы патшаның бетиндеги шыбынларды бирден урыўға нийетленген демде, тасада қарап турған уры патшаның буннан тири қалмайтуғынын уғынып, өзиниң оқ жайы менен сол хызметкердиң қолларына атады. Хызметкердиң қос алақанындағы жалпақ тас, тарс етип жерге түседи.

Тысырлыдан патша бирден оянып қараса, оқ жайдың темир ушлы оғы хызметкердиң еки билегин тесип өткен. Оның қолларының астында жалпақ тас жатыр. Буған патша хайран қалып, жан-жағына қарағанында, бир шетте оқ жай услап турған урыны көреди. Оны алдына шақырып, қандай ўақыялар жүз бергенин сорап түсингеннен кейин, «О! Мен бул хызметкеримди өзиме дос деп билер едим... Сен, уры маған душпансаң. Лекин, ақыллы көринесең. Маған ақылсыз достан, ақыллы душпан артық екен», деп, сол урыны тәнхә өзине исенимли хызметкер лаўазымына алады. Соннан баслап оның «ақылсыз достан ақыллы душпан артық» деген гәп мәңгилик нақылға айналады.

945

— Бир қызды жақсы көрип, «шаңарақ қуўрыўды усынсам, ол «өзиңди жақсы көрсем де, анаңды унатпайман» дейди» Не қылыўым керек?

— «Қабуснама»да келтирилген бир хикаяда сен сыяқлы бир жигитке сүйген қызы:

«Маған анаңның жүрегин әкелип берсең, ерким толық сениң қолында болады» деген екен. Жигит қыздың бул гәпин анасына айтып келипти. Сонда анасы ойланып отырмастан: «Мейли, балам, жүрегимди алағой» депти де, алдына жатыпты. Жигит анасын ўәдесинен айнып кетер деген қәўип пенен жылдам ғана қолына пышақ алып, анасының жүрегин излеўге кириседи... Көп машақат-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лардан соң анасының жүрегин таўып, қолына алған гезде, жүрек бирден тилге келип: «айналайын, балам, онша шаршамаған болсаң, енди сол сүйген қызыңа асығагөр» депти.

Усы хикаяны сүйген қызына айтып көр,ақыллы болса, бәлким, өз кәтелигин өзи дәрриў түсинеди. Оннан соңғы жағы өзиңиздиң еркиңизде.

946

—«Тирилей өли» деген гәп кимлерге айтылады?

—Басқаларға түўе, өзине өзининде пайдасы менен зиянын дурыс айыра билмейтуғын руўҳы пәс инсанды адамлар сыртынан «бул тирилей өли» дейтуғын пайтлар болады.

947

—Ҳәр шаңарақтың өз Қудайы болатуғынына исенесиз бе?

—Исенемен. Ҳәр шаңарақтың өз қудайы — сол шаңарақтың ошағы менен қазаны. Шаңарақ ағзалары сол қудай ушын бирлик пенен хызмет етсе, сол Қудай шаңарақ ағзаларын ҳәм ысытыў ҳәм тойындырыў менен қоңсы-қобаларына, ҳәтте аўыл-аймағына ҳүрметли қылады.

948

—«Шәкирт устаздан озыўы тийис» делинеди. Мен ушын түсиниклирек дәлиллер келтиресиз бе?

— Билсеңиз керек, бүгинги дүньялық илимлерде Европа алда. Егер тереңирек ойлансаңыз, әне, Европа бүгинги барлық илимин Шығыстан үйренип устаздан шәкирттиң озғанына дәлиллеп атыр. Исенбесеңиз Шығыстың мынадай уллы алламалары:

1. Математика мектебин жаратқан, Мухаммед бен Муўса Хорезмий (783-850).

2. «Астрономия тийкарлары» деп аталған уллы шығарма дөреткен дана Ахмед ал-Фарғаний (798-865).

3. Ислам дининде Қураннан кейин жоқары қәдирленетуғын Ҳәдислер топламы «ал-Жомий ас-Сахих» китабын дөреткен Имам ал-Бухарий (810-870).

4. Дүньяда теңи жоқ энциклопедиялық алым, күтә көп тил билип «Шығыс Аристотели» деген даңқ шығарған Абу Наср Фарабий (873-950).

5. Илми-ғайып ҳәм тарийх илиминиң мақтанышы, Атлантика океанының аржағында Америка континенти барлығын Христофор



www.ziyouz.com kutubxonasi

Колумбдан 500 жыл бурын билген уллы алым Абу Райхан Беруний (973-1048).

6. Инсанды емлеў бойынша медицина пэнинин тийкарын салған уллы алым Абу Алий Ибн Сина (980-1037).

7. «Мадинада — Мухаммед, Түркстанда — Хожа Ахмед» деп дүньяға даңқы кеткен Хожа Ахмед Яссаўий (1041-1166).

8. Ҳеш қашан жаўырыны жерге тиймеген, әлемге даңқы тараған уллы шайыр ҳәм батыр бабамыз палўан Махмуд (1247-1325).

9. Тарийхымыздағы ең даңқлы жаўынгер патша Әмир Темур (1336-1405).

10. Аспанды изертлеў илимлерин бийик шыңға көтерген алым, шах Мырза Улуғбек (1394-1449).

11. Поэзияның (шерияттың) Султаны Алийшер Наўайы (1441-1501).

12. Шығыстың ояныў дәўиринин мәдениятына үлкен үлес қосқан, сүўретлер сызыўда, минатюра мектебиниң тийкарын салыўшы Камаладдин Бегзад (1455-1535) сыяқлы уллы ойшыллар пайда болған гезлерде Европада кимлер бар еди. Ойланыңыз.

949

—Инсанларға байланыслы таңланарлық жаңалықлардан бирин айтасыз ба?

—Баспа сөз хабарларына қарағанда Италияда жасайтуғын Агастино Колли деген инсанның еки жүреги, ҳәр қолында 6 бармағы болып ол оғада күшке ийе екен, яғный, бир ярым тонналық жүк машинасын еркин көтереди екен. Сыртқы көринисинен басқаларға уқсас, бойы 167 сантиметр екен.

950

— Сиз 1990-жылы ҳажылыққа барып Каабаны зыярат қылғаннан соң түсиңизде болса да, Тәңиритааланың руўхын сездиңиз бе?

— Ҳәр бир ҳажының нийети усындай болса керек. Биринши күни-ақ Тәңиритаалам мениң түсиме енди. Ҳақыйқатында, мен оның келбетин, түри-түсин түўе, хәттеки, үлкен бе, киши ме, геўдесинде көре алмадым. Ол маған басы ақыры жоқ шексиз әлем сыпатындағы гә бултлы, гә қуяшлы кең аспан секилли көринди. Мениң сол демдеги сезиўимше, оның адамлар секилли, бет-әлпети, аўзы, мурны, көзи, қулағы бар сыяқлы еди... Бирақ мен тәрийплеген сол ағзалары қай таклеттелигин билиў түўе, дурыс түсинбедим де. Солай болса да



www.ziyouz.com kutubxonasi

өзимниң Каабаға зиярат етип келгендеги ойларым жаныма тынышлық бермей, сол түсимде Тәңиритаалама, өзимше, мынадай сораўлар бергеним сыяқлыман:

1. Әй, Қүдирети Күшли жан ийем! Сен адамзатты еки жынысқа бөлип, олардын бири екиншисинен ләззет излейтуғын етип жаратсаң да, ақыбетинде оларды неге өлетуғын етип жараттың?

2. Өзиң жаратқан бенделериңнин өмирлерин келте қылғаның менен шекленбей, олардың хәр қайсысына хәр қыйлы кеселликлер берип неге көп қыйналдырасаң?

3. Мени мусылман ата-анадан дөретсеңде, жасаған жәмийетимди комунист-атеистлер жәмийети қылып, сол жәмийеттиң садық ағзасы болсамда, мениң биринншилер қатарында хажылық сапарға жолланыўыма Өзиң себепкер болғаның ушын маған бейиштиң дәрўазасын көрсетиўди өтинсем, үндемей еки есикти нусқадың. Олардың қайсысы бейиштики, қайсысы дозақтыки билмеймен ғой?

4. Өзиң пайда еткен инсанлар арасынан, ең болмаса, бир бендеңди неге өзиңдей күшли етпедиң? Сол ушын ба айырым ел басшыларымыз түўе, мекеме басшыларымыз да өзлерин сеңдей шексиз күшли сезиниў менен, дүньяда әдилсизликти күшейтип баратыр ғой. Тирилердиңде теңликте жасаўына жол тап, уллы Тәңиритаалам!

5. Бенделериңди бәрхә Сени ойлайтуғын, Сени излейтуғын етип жаратып болып, өзиң неге оларға көринбей, базы бир жалатайларға, сықмарларға, мехирсизлерге байлық, лаўазым хәм артық хуқықлар берип қойыпсаң?

6. Өзиң жаратқан бенделериңнин хәр топарына хәр қыйлы тил берип, олардың бир-бирин түсиниўин қыйынластырғаның аздай, неге бирине-бирин мехирсиз жаў қылып жараттың?

7. Мениң халқымды әри аз санлы, әри басқалардан кем бахытлы етип жаратқаның аздай, оның өмир булағы болған жалғыз Әмиўдәрьясының суўын кемейтип, өмир ырысқы болған Арал теңизин неге биротала қурытыўға қараттың?

Хәммени жаратқан Қүдирети күшли Тәңиритаалам! Усы жети сораўларыма жуўап бер?!!

...Усы қәрада, өз даўысымнан хаўлығып ояндым. Басқа гәп билмеймен.

951

—Мектеплерде оқытылғаны бойынша, пүткил жер шары — Европа, Азия, Африка, Америка Австралия Антарктида деп алты континентке бөлинеди. Хәр континенттиң атамасы нени аңлатады?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Қарақалпақ халық шайыры Аббаз Дабыловтың:

«Дүнья алтыға бөлинген,
Бир бөлими бизиң Ўатан...»

деп, айрықша мақтаныш тутып айтқан бизиң Ўатанымыз Азиядан баслайын:

Рәўиятлар, әпсаналар ҳәм базы изертлеўлер бойынша адамларға Қудайдан от урлап, әкелип берген уллы кәрамат күш ийеси болған Прометейдиң Азия исмли қызы болған екен. Биз жасайтуғын кең континент Азия деп, сол қыздың атына қойылыпты.

Африка континентин — әййемги греклер өз заманында Египеттиң шығысында жасайтуғын халықтың аты менен Ливия деп атаған. Ўақытлар өтиўи менен, бизиң эрамыздың ақырғы әсирлеринде, римлилер дүньяға ҳүкимдарлығын баслағаннан кейин, бул үлкеде жасайтуғын көпшилик халықтың реңки түрине қарап Африка, яғный қара реңдегилер жасайтуғын үлке, деп атаўды баслаған.

Америка атамасы, Ливия атамасы Африка болып өзгергеннен он алты әсир соң пайда болған. Яғный, Америка атамасы дүньяның батыс ярым шарының Қубла жағалаўларына экспедиция жүргизген Флоренциялық теңиз саяхатшысы Америго Веспуччи деген инсанның ҳүрметине 1507-жылы картограф М.Вальдземюллер тәрепинен қойылған.

Австралия болса, 1606-жылы голландиялық В.Янсон тәрепинен ашылып ол бул континентти «Жаңа Голландия» деп атаған екен. Ал, XIX әсирде ол «Австралия» деп қайта аталған. Бул латынша сөзден келип шыққан. Яғный: «Аустралис» деген сөз латынша «Қубла» деген мәнини аңлатады екен. Бул континенттиң карталарда сызылған орнына дыққат аўдарсаңыз, ҳақыйқатында қубладағы континент ғой.

Антарктида 1820-жылы Россияның Ф. Беллинсгаузен ҳәм Ф. П. Лазарев деген саяхатшы-алымлары басшылығындағы экспедициясы тәрепинен қойылған. Өйткени «Антарктида» атамасы «Арктикаға қарама қарсы» деген мәнисти аңлатады екен.

Европа болса, әййемги греклердиң Қудайы Зевстың урлап әкеткен Феникс исмли, қарапәреңлеўден келген маликасының ҳүрметине қойылған. «Европа сөзиниң мәниси әййемги греклер тилинде «геўгемлик» дегенди аңлатса, әййемги еврей ҳәм араб тиллеринде «кешки мәмлекет», «күн батыс» деген мәнилерди аңлатады екен...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Түркийзибанлар тарийхына нәзер тасласамда, арнаўлы түрде «қарақалпақ ханлығы»« деген ханлықты онша гезлестире алмаған секиллимен. Буған не дейсиз?

—Адамзат тарийхында өңшең нөкерлерден ханлықлар пайда болмаған. Набада, сондай ханлық пайда болса, ол айналасындағы мәмлекетлер ушын бәрҳа қәўипли түйилген. Сол ушын дүньяның бәрше халықлары гилең нөкерлерден биригип бир мәмлекет болыўына жол қоймай келген...

Ески бир рәўиятта айтылыўынша, бир жола гилең нөкерлер биригип өзлеринше ханлық пайда еткенде, басқа халықлар тил бириктирип, оларды күтилмеген жағдайда аўыр қырғынға гириптар қылып, таркатып жибереди.

Усыннан соң қырыўшылардың үлкен ләшкер басшысы ханлығы таркатылып қырылғанларды аяған болып гилең қара калпақлы нөкерлердиң тирилери арасынан турпаты келискен биреўин алдына шығарып: «Әй, өжет Қара Қалпақ! Сизлер де халықсыз. Енди ханлықсыз қалмай-ақ қойыңлар! Тап сениң өзиңди хан көтерсек қайтеди?» дейди.

Қарақалпақлы нөкер ойланып турмай жылдам қапталындағы көбирди ашып, ишинен еки өлиниң сүйеклерин әкелип өзин меҳирли көрсетип турған Бас ләшкер басы алдына қойды да: «Кәне, кайсысы сизиң нөкериңиздиң сүйеги, қайсысы бизиң нөкеримиздиң сүйеги?» деп сорайды.

Бас ләшкер басы не дерин билмей бир неше демге желкесин қасыйды Сонда қарақалпақ нөкер: «уқтыңызба, сизлер басқаға ғамхорлық қылатуғын көзи ашық Қудай емессизлер! Сол ушын Сизиң гәплериңизге исенбеймен!» дейди.

Бас ләшкер басы енди азғана ойланып турып: «Әй, қарақалпақлы нөкер, сиз күтә ақыллы, өжет көринесиз. Сол ушын Өзиңизди бәрше түркийзибанларға хан қылып кетемен! дейди.

Қарақалпақлы нөкер: «Олай болса, мен сизиң алдыңызға төрт шәрт қояман. Бежерсеңиз, алдыңызға бас ийемен ҳәм өз халқымды саған мәнги бас ийиўге шақыраман...» дейди.

—Шәртлериңизди айтыңыз! — депти Бас ләшкер басы.

—Тыңлаңыз: 1. Егер, мен хан болсам, өлимди тоқтатып, маған мәңгилик өмир бағыш етесиз. 2. Ғаррылығы жоқ жаслық бересиз! 3. Ҳешқашан ада болмас байлық инам етесиз! 4. Халқым мәнги шадлықта жасайтуғын болсын!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бас лəшкер басы ашыў менен қылышын қол ушына көтерип «сизлердей өжет қарақалпақларға хеш қашан ханлық жоқ!» депти де алдындағы нөкердиң геллесин кесип таслапты...

Бул жаўызлықты көрген басқа қарақалпақлы нөкерлер хешқашан ханлық лаўазымға умтылмаўға серт етип тарқасқан екен...

953

—Бизиң эрамызға дейинги Х əсирлерде жасап, базы əпсаналар бойынша Сулайман патша деп те аталатуғын Сулайман пайғамберден 9 даналық айтып бересиз бе?

—Мейли. Тыңлаңыз:

1. «Ең пайдалы нəрсе даналық. Даналыққа умтыл, өзиңниң бар уқыбыңды жумсап, ақылыңды беккемлей бер».

2. «Ананның қарнында жатқан гезинде дем алыў қандайлығын билмегениң киби, гүллəн нəрселерди жаратыўшы Тəңиритааланың ислерин-əм биле алмайсаң».

3. «Мениң жетик билгеним — дананың да, ладанның да қайғы-ғам шегиўлери бирдей».

4. «Тəңиритаала адамларды туўры нийетли қылып жаратады, лекин, адамлар, көбинше, сумлық-хийлелер излеп жасайды».

5. «Қорқыўды билмейин десең, хəдден тыс ҳақыйқатшыл хəм күтə данышпан болыўға тырыспа».

6. Ладанлардың сулыў қосығын тыңлағаннан гөре, дананың кейиснамасын еситкен абзалырақ».

7. «Тəңиритааланың адамларды илим-билимли болсын дегендеги мақсети, илим-билимсиз инсанлар илим-билимлилерди көргенде өзлериниң хайўанға тақаббил екенлигин уғынсын дегени».

8. «Дүньяда не пайда болған болса, сол бола береди, не жаратылған болса, сол жаратыла береди. Қуяш астында жаңа нəрсениң өзи жоқ».

9. Ладанлықтан соң өзиң ықлас пенен хəртəреплеме үйренген данышпанлық «түпсиз, шексиз қараңғылықтан соң пайда болған нур янлы, пайдалырақ».

954

—«Қарақалпақ» миллетиниң бүгинги дурыс аты əпсаналарда аталғанынан тысқары, ең болмаса өткен əсирлерде жазылған бир хүжжеттен мысал келтире аласыз ба?

—Қазақ халқы арасынан шыққан саяхатшы Шапрашты Казибек бек Таўасар улының 1776-жылы жазып кеткен, бирақ оның шаўлық-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лары тәрепинен өз алдына китап етип 1993-жылда бастырып шығарылған китабында: «308-жылы Қара теңиз — арабша Бижнек теңизи яки «Қарақалпақ теңизи» делинген...» деп жазып кеткени бар екен.

955

—Ким менен сөйлессеңиз де толық түсинесиз бе?

—Толық түсинемен деп айта алмайман. Бәршеге мәлим бир факт: Тәңиритаалам базы инсанларға барлық нәрсесин жеткиликли етип қойса да, олардың байлыққа тоймағаны, жарлыларға қанша нәрсе берилсе де қанәәтининң шеги болмағаны яңлы, инсан менен сөйлескенде, олардың аралығында, бәрибир, көзге көринбес перделер астында тереңлиги, көлеми биймәлим пикирлер теңизи жатады. Сол ушын да ким менен ким сөйлессе де бир-биринен толық қанәәт таппаған менен, бир-бирин түсинискен кейипте тарқасады. Инсанлық тәбият әне, усындай!

Егер олай болмағанда, инсан менен инсан, мәмлекет пенен мәмлекет бәрха түсинисип, әлем мудамы парахатшылықта жасар еди-аў!

956

—Сизиң жети атаңыздың атларын түўе лақапларын да ядтан билетуғыныңыздан хабарлыман. Олардың қайсыларының бүгинге дейинги әўладларын толығырақ билесиз?

— Төртинши бабам Досым палўаннан (1827-1889ж.) аржағы бираз дәрежеде қараңғы. Рўўымыздың қатықулақ адамларының хәрқайсысы өзинше түсиндиреди...

Ал енди мениң бираз дәрежеге жақсы билетуғыным бабамыз Досым (Досеке) палўаннан бержағы: Досым палўанның Қәдиримбет, Айымбет, Аўез (молла) Байымбет (Байеке), Қулымбет (Қулеке) исимли ул перзентлери болған. Қыз перзентлери жөнинде анығын билмеймен.

Ал, Досым палўанның үлкен улы **Қулымбеттен** Атажан деген перзент болып, ол, Түркменлер менен қарақалпақлардың бир урысында қарақалпақлардың нөкери сыпатында, түркменлерге бенделикке түскен. Сол Қулымбеттен Қошқар деген ул қалған. Әне, сол Қошқар түркмен қызына үйленип, оннан өсип-өрбиген әўладларын бизлер «түркмен ағайын» деймиз. Сол «түркмен ағайинлер» яғный Қошқардың балалары 1970-жылларда Қарақалпақстанға көшип келген еди. Хәзир Халқабад поселкасының әйналасында жасайды.

Досым палўанның екинши перзенти **Айымбеттен**: Алламберген, Нураддин исмли еки перзент қалған. Айымбеттиң үлкен улы Аллам-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бергеннен Шамангул, Қалбай, Дәрибай деген перзентлер қалған. Шамангүлден Арыслан, Үзилдик деген перзентлер, ал Алламбергеннен Қалбай исимли улынан қалған Сапаргүл исмли қыз (ол Уктам деген өзбек жигитке турмысқа шығып, ҳәзир Тахиаташта жасайды). Алламбергеннин Дәрибай исмли улынан Кәрима, Қуўаныш, Сәнем деген перзентлер қалған. Олардан: Кәриманың Базарбай, Света, Амангелди, Бахадыр исимли перзентлери; ал Қуўаныштан: Қоңыратбай, Азат, Клара деген перзентлери; Сәнемнин Наргиза, Ерназар, Шахноза, Насийба деген перзентлери Қоңыратта жасайды. **Айымбеттиң** екинши улы Нураддиннин Исмаил, Абдимурат, Бегдулла деген перзентлери болған. Исмаилдың изинде қалған жалғыз қызы Жүмагүлдиң перзентлери ҳәзир Нөкис районында жасайды. Айтымбеттиң Әбдимурат деген улынан перзентлер қалмаған, ал Бегдулла деген киши улынан Қоңыратбай деген бир перзенти ҳәзир Қанлыкөл районында жасайды. Досым палўанның үшинши улы **Аўезден** (1851-1921) **Ҳәкимнияз** ҳәм **Бекнияз** исимли еки ул қалған. Қызлары жөнинде жартыўлы билмеймен. **Ҳәкимнияздан Қайыпберген** (1908-1984) исимли ул (мениң әкем) менен **Зийнахан** исимли (1916-1946ж.) ҳәм **Арыўхан** исимли (1924ж.) қызлар қалған. Қайыпберген Гулхан (мениң анам) исмли дилўар ҳаял менен қосылып, тоғыз перзент дүньяға келтирседе, солардан 6 перзент: Төлепберген (1929ж.), Жумамурат (1932ж.), Жийемурат (1939ж.), Орақбай (1942ж.), Бийбипатпа (1945-2002жж.)-Бийбизәўре (1945-1997жж.) исмли егиз қыз көрген.

Олардың ҳәр қайсысы өз алдына шаңарақлар көтерип бир нешеден ул-қыз перзентли болды. Олар ҳәзир Нөкис районында, Нөкис ҳәм Ташкент қалаларында жасайды. Олар жөнинде соң айтарман... Ҳәкимнияздың Қайыпбергеннен соңғы қызы Зийнахан Қарақалпақлардың қыпшақ руўынан Алий деген менен турмыс қурып, олардың изинде Жаңабай (1936-2003жж.), Сәрсенбай (1939-1982жж.), Қорабай (1942ж.) исмли перзентлер қалды. Олар ҳәзир Қанлыкөл районында жасайды. Ҳәкимнияздың екинши қызы Арыўхан қарақалпақлардың уйғыр руўынан Баймурат дегенге қосылып, олардан Қутлымурат, Перизат, Бектурсын, Алламурат, Қатийша исимли перзентлер дүньяға келди. Олардан Қатийша Нөкис қаласында, басқалары ҳәзир Нөкис районында жасайды. Бәрининң де перзентлери бар.

Ал Аўездиң Ҳәкиминияздан соңғы, екинши улы **Бекнияздан Сулыўхан** (1125-1983жж.) деген қыз, **Көшкинбай** (1927-1999жж.) исимли ул қалған. Көшкинбайдан өсип өрбиген Муратбай, Серегүл, Базарбай, Назарбай... исимли перзентлери Қанлыкөл районында



www.ziyouz.com kutubxonasi

жасайды. Ал Сулыўхан Түркменистанға турмысқа шығып кеткен еди. Қалған перзентлерин дурыслы билмеймен.

Бабамыз Досым палўаннан **Байымбет** (Байеке) исимли улынан Абдижәлий, Абдикәрим деген еки ул қалған. Олардан Абдижәлий перзент көре алмай кеткен, ал Абдикәрим исимли улынан Жийенбай (1939ж.) исмли бир перзент қалған. Ол ҳәзир өз перзентлери менен Нөкис районында жасайды.

Ал, енди бабамыз Досым палўанның генже улы **Қулымбеттен** (Қулекеден) Қурбанбай исимли ул, Гулжан исимли қыз қалған. Қурбанбайдың Ешан исимли (1931-2002жж.) жалғыз улынан өрбиген Уснатдин, Ақсуйрик, Базархан, Раўаж, Қуўандық деген ул-қызлары ҳәзир Нөкис районында жасайды. Ал Қулымбеттиң (Қулекениң) Гулжан исимли қызынан өрбиген Артықбай, Дәўлетбай, Тәжибай исимли перзентлери ҳәзирги Халқабад поселкасында жасайды.

Умытқанларым болса және бир көрисkенимизде айтарман.

957

— Базы моллалар «Нан уллы» десе, және биреўлери «Қуран уллы» дейди. Сиз қайсысына қосыласыз?

— «Нан уллы» дегенлерге қосыламан. Себеби, жоқары текшеде нан турса, оны алыўға бойың жетпеген жағдайда, аяғыңның астына Құранды қойып алыўға болатуғыны жөнинде ҳәдислер, рәўиятлар аз емес. Ал, жоқары текшелерде Қуран турса, оған қолларың жетпесе, аяғыңның астына нанды қойып алыўға болмайды».

958

—Қуяш системасында неше планета барлығын айтып бере аласызба?

—Жер, Меркурий, Шолпан (Венера), Марс, Юпитер, Сатурн, Уран, Нептун, Плутон деп аталатуғын тоғыз планета бар.

959

—Келешекте пүткил дүнья тил табысып, өз-ара ҳәмдамласып кететуғынына исенесиз бе?

—Усы сораўға унамлы жуўап табыў ең әўелги дәўирлерден баслап-ақ ҳәр қандай топар, қәўим, мәмлекет, миллет, мәмлекет басшыларының дыққат орайында болып келген. Тилекке қарсы, өз заманымызға ой жиберсек, гейпара мәмлекетлер, миллетлер басшыларының көбиси тек



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғана өз мәмлекетинин, миллетинин басқалар үстинен үстемлиги туўралы ислер қылып, хәтте жаўызларша хәрекетлер ететуғынлығына да пүткил дүнья гуўа болып келмекте. Сонлықтан нешше мың жыллардан бери иске асырылмаған бул әрман бир әсирде иске асады деп кескин айта алмайман. Хәзир бәрше еллердеги цивилизациялық усылларда иске асырылып атырған жаңа-жаңа әрманларды көрип, еситип ямаса оқып, бәрше адамзат хәмменин түпкиликли ата-анасы болған Адам ата менен Хаўа анадан туўылғанына исенисип, қайтадан өз-ара түсиниўи нәтийжесинде, сол Уллы Ата-Анаға ҳақыйқый садықлығын дәлиллеў мақсетинде көп ислер жүргизсе, адамзат үшинши мың жыллықта бир шаңарақ ағзалары киби биригетуғынлығына толық исениў мүмкин.

960

—Хаял-қызларға биринши сайлаў, сайланыў ҳуқықын берген мәмлекет бурынғы СССР мәмлекети деген гәп дурыспа?

—Дурыс емес. 1893-жылдан баслап хаял-қызларға биринши рет сайлаў хәм сайланыў ҳуқықын берген мәмлекет Жаңа Зеландия (Новая Зеландия).

961

—Бурынғы СССР дәўиринде, тийкарынан, аз сандағы халықлардың көп қуўғынларға ушырағаны жөниндеги гәплер көп. Бул гәплердиң ҳақыйқатлығына исенесизбе?

—Исенемен. Соңғы анықлаўлар бойынша: Йосиф Сталин басқарған дәўирде, әсиресе, 1930-жылдан баслап 15 халық хәм оғада аз санлы 40 халық өз Ўатанынан ояққа, буяққа мәжбүрий түрде зорлық пенен көширилди. Қысқасы 3,5 миллион адам өзинин мәңгилик Ўатанынан айрылды. Биринши болып, 1935-жылы, Ленинград айналасынан 30 мың финлер-ингерменлер көширилди. Келеси жылы Украинадағы 49 мың поляклар, 15 мың немецлер қуўғын қылынды. 1937-жылы Узақ Шығыстан 173 мың кореецлер Қазақстанға, Өзбекстанға мәжбүрлеп көширилди. Германия менен бурынғы СССР дың 1941-45-жыллар арасындағы урыслары басланғаннан кейин, еки мәмлекеттиң сырт ел министрлери Молотов-Робентроплардың келисими бойынша Сибирьге 139,6 мың поляклар, 23,6 мың еврейлер, 85,7 мың украинлар, литвалылар, латышлар, эстонлар зорлық пенен көширилди. Волга бойларындағы немецлер репрессия қылынып 800 мың немец өз орынларынан Сибирьге, Қазақстанға, Орта Азияға мәжбүрий көширилди. Ал, 1943-1944-жылларда, басқыншы оккупант-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лар менен биригип кетти деген сылтаў астында 93 мың калмак, 69 мың карачайлар, 37 мың балкарлар, 500 мың чеченлер менен ингушлар отырыклы Ўатанынан бурынғы СССР дың хәр қыйлы қуўысқолтықларына бөлинип тарқатылды. 1944-жылы Қырым азат етилгеннен кейин, 191 мың Қырым татарлары, оларға қоса 42 мың греклер, болгарлар, армянлар, түрклер, иранлылар, жан-жақларға тарқатылып көширилди. Хәтте 1945-жылғы урыс тамам болғаннан, сонда Балтик бойларынан, Батыс Украинадан 120 мың адам қулақлар хәм миллетшилер сыпатында айыпланып өз ўатанларынан қуўылды...

962

—Бүгинги хаял-қызларымыз ушын үлги боларлық дәрежеде жасап өткен уллы аналардың атларын атай аласыз ба?

—Адамзат тарийхында Хаўа Анадан бержағында да бәрше заманлар ушын үлгили аналар оғыры көп. Олардан, ең әўеле, Пайғамберимиз Мухаммед әлейхиссаламның өзи айтып кеткен төртеўин айтайын:

1. Муўса пайғамберди балалығында өлим апатынан аман саклап қалған Асия исмли Ана.

2. Ийса пайғамберди дүньяға келтирген Мәрьям исмли Ана.

3. Мухаммед пайғамбердиң биринши жуптысы Хатийша Анамыз.

4. Мухаммед пайғамбердиң қызы Бийбипатпа Анамыз...

Кеширерсиз, мен өзимниң анам Гулханды да үлгили аналар қатарында деп түсинемен.

963

—Өзбекстанда саўда хәм музыка мектеплери, шет тиллер институты қашан ашылғаны есиңизде ме?

—Орта Азияда, соның ишинде, Ташкентте биринши саўда мектеби 1913-жылы, ал шет тиллер институты 1948-жылы ашылды. Биринши жоқары музыка мектеби 1934-жылы ашылды.

964

—Маған пайдалы төрт кеңес берсеңиз?

—1. Тыныш жүргениңизде әллеқандай хәсиретлер есиңизге түсип қорқыншларға берилсеңиз, өзиңизде өте беккем сабырлылық сақлаңыз.

2. Әллекимге ўәде берсеңиз, жаныңыз талап етилседе орынлаңыз.

3. Сизден үмит еткен адамлардың үмитин үздирмеңиз.

4. Биринши ушыраскан адамыңыздан бирден айыплар излеўге тырыспаңыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

965

—Уллы жазыўшылардың сөзден утылған жағдайда жеңилмей жуўап тапқан пайытларынан мысал айтасыз ба?

—Александр Дюма (1824-1895) бир күни театрда бир жазыўшы менен оның пьесасын тамашалап отырғанда, бир тамашагөйдиң уйқылап отырғанын көрип, пьесаның авторына: «Сениң пьессаң қандай қызық екенин дәлийллеп атырған анаў адамға қара» деп уйқылап атырған адамды көрсетипти.

Соннан бир неше күн өткеннен соң Александр Дюманың өз пьесасы қойылғанда да, залда бир адамның уйқылап отырғанын көзи шалған сол автор қуўанғанынан, оны Дюмаға көрсетип: «Әне, сениң пъессанда да уйқылап отырғой» дегенде, Дюма сөзден утылмай: «ол сол сапары сениң пъесанды көрип отырғанда уйқылағанынан еле оянбаған адам» деген екен.

Бир жола Бернард Шоудан (1850-1950) бир адам: «Сизиң әкеңиз күтә шебер тигиўши болған деп еситтим, ыраспа?» деп сорағанда, ол: «дурыс, тигиўши болған» депти. Бул жуўаптан кейин сол адам: «Онда әкеңиз сизге неге тигиўшиликти үйретпеген? дегенде, Бернард Шоу: «Сизиң әкеңиз ким болған?» деп сорапты. «Мениң әкем жақсы тәрбия көрген, күтә ақыллы, мәдениятлы адам болды» депти. Соңда Бернард Шоу оған: «Олай болса, әкеңиз неге ақыллықты, мәдениятлылықты сизге үйретпеген...» деген екен

966

—Бир адам неше тилге дейин еркин билиўи итимал?

—Мен оқыған газета-журналлардың мағлыўматларына қарағанда 28 тилден артық тил билгени жоқ. Мәселең: италиялы Раск (1787-1832) деген адам 28 тил, новозеландиялы илимпаз (доктор) Гаралд Улъямс (1876-1928) деген инсан 28 тил, ал бүгинги бизиң заманымызда Францияда жасайтуғын Генри Шли деген адам 19 тилди еркин биледи екен...

967

— Арал теңизи ҳаққында мағлыўматлар еситким келеди?

— Биринши ескертерим: «Арал» сөзиниң түркий мәниси «Атаў» дегенди аңлатады. Ол дүньядағы ҳешбир океанлар менен я үсти я асты арқалы байланыспаған, суўы ашшы теңизлердиң бири. Оған тек Әмиў ҳәм Сырдәрьялар қуяды. Ал, өтмиштеги ҳәрқыйлы ҳүжжет-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лерде Арал түрли-түрли атамалар менен тилге алынады. Мәселен, Қытай шежирелеринде, Арал теңизи — «Арқа теңизи» делинсе, бизиң эрамызға дейинги 138-жылда жазылған араб географларының ҳүжжетлеринде «Әмиўдәрья Куддер теңизине (яғный Арал теңизине) қуяды» деп жазылған...

1716-1717-жылларда орыс князи Бекович Черкасский тәрепинен жүргизилген экспедицияның жазып қалдырған ҳүжжетлеринде «Әмиўдәрья Арал теңизине қуяды» деп дәл айтылады.

1848-жылы Алексей Иванович Бутаковтың (1816-1869) басшылығында Арал теңизине биринши экпедиция жиберилип, ҳәр тәреплеме изертленеди ҳәм Оренбург арқалы желқомлы кеме әкелинип, Арал теңизине түсириледи.

А.И.Бутаков Арал теңизи туўралы жазып, суўретлер сызыў ушын бул дәўирде Оренбургқа сүргинде жүрген атақлы Украина шайыры Тарас Щевченконы да (1814-1861) өз экпедициясына қосып алады. Егер сол 1848-1850-жылларда сызылған Арал теңизиниң картасына, бүгинги көз бенен қарасаң, күтә әжайып, әттең сол дәўирдиң көринислеринен бүгинге ҳеш нәрсе қалмағанына ишиң ашыйды. Шынында А.И.Бутаковтың экспедициясы көп ислер ислеген. Олардан бир мысал: Арал теңизиниң ортасындағы (соңғы гездеги әскерий сырлар бойынша жасырын ислер жүргизилген) «Возрождение» атаўының кеңлиги 216 квадрат километр екен.

Тарас Щевченконың 1850-жылдың 10 январында өз досларына жазған хатларынан биреўинен үзинди келтирейин: «Мен... Қырғыз (Қарақалпақ) далаларында ҳәм Арал теңизинде еки жаз гездим. Көп орынларда ҳешкимниң көзине түспейтуғын әжайып нәрселерди көрдим. Тилекке қарсы, олардың сүўретлерин сыза алмағаныма жаным оғыры ашыйды, себеби маған көргенлеримниң ҳәммесин жазып, сызып жүриў қадаған етилген еди...»

968

—Фирдаўсийдиң (940-1020/1030) әлемге машқур «Шахнама» дәстаны кимге арналғанын ҳәм оны дөретиў пайытында қандай ҳәсиретли жағдайлар жүз бергени жөнинде айтып бересизбе?

—Әбилқасым Фирдаўсий 35 жыл даўамында дөреткен «Шахнама» дәстанын қайсы патшаға арнаўын билмей, жигирмалаған жыл ойланып, соңында, Газна шәҳәриниң Султаны Махмуд Ғазнавийге (998-1030) арнаўым керек, деген жуўмаққа келеди. Себеби Султан Ғазнавий өз сарайына шайырларды жыйнап, оларға айрықша ҳүрмет



www.ziyouz.com kutubxonasi

көрсетип турады екен. Усы мақсетте Фирдаўсий өзи жасаған Тус қаласынан Ғазна қаласына жол алады. Қаланың шетинде, бир гөззал бағқа тап болады. Бағда сарай шайырларының үшеўи, (Асжадий, Унсурий, Фарухий), өзлеринше бәзим қурып, қосықлар оқып отырғанын көреди де, оларға қайырылады. Сарай шайырлары оны танымай: «Әй, инсан, сиз басқалар менен қосылып отырыңыз, бизлер шайырлармыз, арамызға жараспайсыз» дейди. Фирдаўсий күтә кишипейиллик пенен өзиниң шайыр екенлигин айтады... Сонда шайырлар: «Олай болса, ҳәзир бизлердин ҳәр биримиз бир қатардан қосық шығарамыз, ал сиз төртинши қатарын таўып жуўмақластырасыз» — дейди. Фирдаўсий ойланбастан келиседи... Келисим бойынша, үш шайыр өзлеринен соң ол дөреткен төртинши қатарлардың даналық пенен тамамланыўларын аңлап, өзлеринше, сыбырласады да, набада, ол патшаға кирип, сарайға қабыл етилсе, өзлериниң бахасызланып қалыўынан қәўипсинеди ҳәм оны сарайға жақынлатпаўдың усылларын қылады...

Нәтийжеде, Фирдаўсий 70 күнге дейин патшаға кириўге имканият таппай, мешитке барып, сол жерде сарай хызметкерлеринен Мохақ исмли адам менен сөйлеседи. Мохаққа Фирдаўсийдиң дилўарлығы унап, патшаға кириў ушын жәрдемлесиўге ўәде етеди... Усылайынша, ол күтип жүргенде, Ғазнавий өзиниң Сарай шайырларын алдына шақырып «Сийярулмуок» деген дәстан жазыўды тапсырады. Бул гәпти Мохақ Фирдаўсийге де жеткереди.

«Мен де Султанның ойлағанындай бир дәстан бар, сәл шалалаў, оны тезлик пенен тамамлайман»,— дейди Фирдаўсий. Мохақ оның айтқан дәстанын сорап алып, Султанның тәнҳә өзине әкелип көрсетеди. Ғазнавий дәстанды дыққат пенен оқып күтә унатады да, Фирдаўсийди алдына шақырып, өзи менен жүзбе-жүз сәўбетлескеннен кейин, оны сарайға алып, тәнҳә өзине арнаўлы жай бергизеди. Енди Фирдаўсий сол жайда «Шахнама» дәстанын биротала тамамлап, соң Султан Ғазнавийге бағышлаўлар жазып, ўәзири арқалы Султан Ғазнавийдиң өзине көрсетиўди өтинеди. Дәстан Ғазнавийдиң жүрек баўырын еритип, оған ғәзийнеханадан жүз мың алтын дирхом (пул бирлиги) бериўди ўәзири Хожа Хасан Маймандийге тапсырады. Бул жаңалықты еситкен айырым жанапайшылар «Шахнама»ға ўәзир Хасан Маймандийдиң де исмин қосыўды ескертеди. Фирдаўсий бул усынысты дыққатқа алмайды. Сөйтип жүргенде, бул гәп Маймандийдиң өзине жетип, ол Махмуд Ғазнавийге келеди де:

«Бул дәстан ушын жүз мың алтын дирхом түўе, оннан көп бериўге арзыйды. Лекин, пулды бирден емес, бөлип-бөлип бериў керек»



www.ziyouz.com kutubxonasi

деген усыныс билдиреди. Султан буған көнеди. Енди Маймандий Фирдаўсийден өш алыў нийетинде оған 60 мың алтын дирхомның орнына 60 мың гүмис дирхом бергизеди. Фирдаўсий оны алып, хамамшыға 20 мың, бөз тоқыўшыға 20 мың, әкелген адамға 20 мың дирхомнан бөлистрип береди де, Маймандийге: «Уллы Султанға айтып барыңыз. Мен бул дәстанды пул ушын жазбағанман!» дейди. Оның бул гәпин Маймандий өткирлестиринкиреп Султан Ғазнавийге жеткереди. Буған Ғазнавий ашыўланып Фирдаўсийди пилдиң аяклары астына таслап өлтириўге бүйрық береди. Буннан хабарлы Фирдаўсий тезлик пенен өз қаласы Туска кайтпақшы болады да, Султанға хат жазып, хатты Султанның еркетайлаў бир ўәзирине услатып, енди 20 күннен кейин Султанның тәнхә өз қолына тапсырыўын өтинеди...

Фирдаўсийдиң хаты бираз сатиралық дәрежеде екен. Султан Ғазнавий бул хатты оқығаннан кейин оның астарына түсинип кәһәрленеди де, бул ислердиң бәрине ўәзири Хожа Хасан Маймандий айыплы екенин анықлап, оның өзиң күтә қатал жазаға гириптар қылады...

Әттең, уллы Фирдаўсий де өзинин күдиретли дәстанына болған халықтың айрықша хүрметин көре алмай-ақ, дүньядан өтеди. Бул ўақыялар ушын Махмуд Ғазнавийдиң өзи тиккелей айыплы болмаған менен айыпкер сыпатында тарийхқа киреди...

969

—Сиз де мультфильмлер көрип турасыз ба?

—Ақлықларым мультфильмлерге күтә көп қызығады. Бос ўақытларымда оларға қосылып мен де телевизорға үңилемен. Сөйтип, базы мультфильмлерден өзим де жуўмақ шығарып: «Әх! бундай мультфильмлерди айырым басшылар, һәкимлер ара-тура көрип турғанда, тек ғана хайўанлар арасындағы емес, көплеген басшылар менен олардың қол астындағылар арасындағы гейде жүз беретуғын хайўанлықлар, бийорын қарама-қарсылықлар азаяр еди аў», деген ойға таламан.

970

—Айналамдағылардың маған исенимлери кемейди. Енди не қылайын?

—Күнделикли ислериңизде жол қойылған қәте-кемшиликлериңизди көрип биле тура барқулла мақуллап, көзиңше мақтаўшылар алдында бәрха марапатлана бермей, һәр исте жиберген кемшиликлериңизди әўеле өзиңиз дурыс баҳалаўды үрдисиңе айландырыңыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 971

—Миллетимизге тән қуўанышлар хәм дәртлер жөнинде не дейсиз?

—Дүньяның қайсы халқына қандай өмир қубылыслары тән болса, бизиң халқымызға да сол нәрселер тән. Бул аксиома. Ал, халқы бир неше миллионды қурайтуғын Күрдлар сыяқлы айырым халықлардың елеге дейин өз аты менен республика, мәмлекет болып аталмай, белгили Ўатансыз жасап киятырған дәўиринде аз санлы халқымыздың өз аты менен, миллий Қарақалпақстан Республикасы болғаны шексиз үлкен қуўаныш!

Халқымның миллет сыпатында дәрти: елеге шекем қарақалпақлардың келип шығыўын дурыс анықлап, дәлиллеўи тийис алымларымыздың, базы шала-шарпы шабандозлардың сока атларға минип, «бизлер де шабандозлармыз!» деп басқа шабандозлардың қатарында қыйқыў салғаны янлы, шала билимлери менен «бизлер де алымлармыз! Илим докторларымыз!, Академиклермиз!», дейтуғын әдетлери!

Көш алға жүрип баратырыпта кемис қутығын дүзете беретуғыны секилли, бизде де барып-барып бәри дүзелетуғынына, бар дәртлер мәңги умытылатуғынына қәлбим тақыйық исенеди!

## 972

—Дүньядағы ең шуқыр хәм үлкен теңиз, көллерди билесиз бе?

—Баспасөз хабарларынан оқығаныма тийкарлансам, дүньядағы ең шуқыр көл Байкал көли. Оның тереңлиги 1700 метрге жетип, көлде бир ярым мыңнан аслам түрдеги хәрқыйлы балықлар хәм басқа жанлы жәнликлер жасайды. Сол жанлы-жәнликлердиң ярымы дерлик Байкалдан басқа теңиз-көллерде жасамайды екен.

Дүньядағы ең үлкен теңиз Қубла Қытай теңизи. Оның майданы 2 миллион 974 мың 600 квадрат километр екен.

## 973

—«Ҳақыйқатлық» деген сөздиң түп мәнисин қалай түсиндирер едиңиз?

—Ҳақыйқатлық! Буны хәмме излеп жасайды. Бирақ ол нелерден ибарат, дәлме-дәл түсиндириў хәммеге де қыйын. Соған қарағанда, хақыйқатлық Тәңиритааланың бизге нәмәлим исмлеринен бири болса керек! Онысыз жасаў мүмкин емес!

## 974

— Жерден Айға шекемги аралық қанша екен?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Мениң журналлардан оқығаным бойынша: Жерден Айға шекемги аралық 384 мың 400 километр, ал Ай жердиң әтирапын 29,5 суткада бир айналады екен.

975

—Ақылықларыма ара-тура еслетип турыўым ушын Уллы сақыпқыран Әмир Темурдың нәсиятларынан ядыңызда барларынан айтып бересиз бе?

—«Ақыллы ҳәм дана инсанлар менен кеңесиўден ҳәм олардан үйрениўден ҳеш қашан уялма».

«Сени дос деп билген инсанды, ҳешқашан назаркандырма».

«Қылышты қылыш емес, жақсы сөзлер қынына қайта салдырады».

«Билегинде күши бар бирди жығады, қәлбинде билими бар мыңды жығады».

«Ақыллы адам көбирек билгени менен мақтанбайды».

«Әллеким жөнинде унамсыз гәплер еситсең, бирден исенбе».

«Достың наорын бир ис ислеп қойса, оған бирден меҳириңди жоғалтпай, кеширимли бол».

«Ақыллы душпанның жаўыз болса да, ақылсыз достыңнан жақсырақ».

976

—Инсан ушын ден саўлықтан, физикалық күштен ҳәм басқа нелер керек деп ойлайсыз?

—Ден саўлықта, физикалық күште керек. Бирақ бәри орны менен болсын. Мениңше, инсанның ҳәрбир исинде даналық, ал ең қыйын күнлеринде жекке қалмаўы ушын сырлас ҳақыйқый дос абзалырақ.

Соның менен бирге ҳәзир, бирер саатлардан кейин, бүгин бол-маса келеси күни, болмаса, бир ай, бир жылдан кейин келешегиниң пәраўан болатуғынына толық исеним менен жасаған, жылағанның көзинше күлмей, бир адамның өлгени жөнинде хабар еситкенде қыйналып, дүньяға бир бөпе туўылғаны жөнинде хабар еситкенде қуўанатуғын, айналасындағы бәрше жанлы мақлуқатларға, бәрхама айрықша меҳирлер менен қарайтуғын инсанлардан дослары ҳеш қашан түңилмейди..

977

*— Арқа Американың Аляска штатының орны қашан ашылғанын* анық билмесем де, Аляска бурын орыс патшалығының қол астына қараған-быш, деген гәп еситтим. Сизиң буннан хабарыңыз бар ма?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Ҳақыйқаттан да Арқа Американың Аляска штатының орны бурын орыс патшалығының территориясына кирген. Өйткени, ол 1741-жылы Витус Беринг деген орыс алымы тәрепинен ашылған. Бирақ Россияның патша ҳүкимети оны 1897-жылдың март айында Вашингтонда жүргизилген келисим бойынша жети миллион еки жүз мың долларға Америкаға бас пүкил сатқан. Сөйтсе де, айрым тарийхшылар 1868-жыллардағы газеталардың қәте хабарлар басқанын, шынында, Аляска 99 жыл мүддетке ғана сатылғанын тастыйықлайды... Мениңше, биринщиси дурыслыққа көбирек жақын.

978

—Мәмлекетлик заң-нызамның ең әдили қандай болады?

—Ҳәр қандай шараятта байларға да, жарлыға да, алымларға да, төмен мағлыўмат ислерине де... басшыға да, оның қол астындағы қарапайым инсанларғада да теңдей талап қоятуғын заң-нызамлар.

979

—Инсандағы ақыллылық пенен насазлықты қалай айырса болады?

—Ақыллылар көлеген адамның аўыр тәғдири ушын жан ашытып, қуўанышы ушын еркин қуўана алады, насазларға өзинен басқалардың тәғдирлери қампәтир болып ғана қалмай, керисинше, қуўанышларына маңлай жайырып қыйналады, қайғыларына шақалақ атып күледи.

980

—Дүньядағы айрым планеталардың көлемлери жөнинде билмейсиз бе?

—Билемен, деп тастыйықлай алмайман. Лекин, оқығанларымнан есимде қалғанлары: Меркурийдиң диаметри 4878 километр, Шолпанның диаметри 12 мың 160 километр, Жердиң диаметри 12 мың 660 километр, Марстың диаметри 6 мың 780 километр, Юпитердиң диаметри 142 мың 800 километр, Сатурндики 120 мың 800 километр, Урандики — Жерден үлкен лекин дәл есабы анық емес, Нептундики 50 мың километр, Плутонның диаметри 3 мың километр.

981

— Өткен әсирде Қарақалпақстанның территориясында жүз берген базы жаңалықлардан, соның ишинде, айырым, арнаўлы оқыў орынлары менен мекемелердиң қайсы жылларда пайда болғаны жөнинде өзиңиз билетуғынларынан мени де хабарлы қыласыз ба?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Сизиң өзиңизде бурын билетуғынларыңызды тәкирарласам, ал базы фактлерди умытсам, кеширерсиз деген үмит пенен айтайын:

XX әсирдиң келип кириўи алдынан:

1873-жылдың 21 августында Петро-Александровск (Төрткул) қаласына тийкар салынды.

1874-жылы Петро-Александровск қаласында ер балалар ушын училище, сол 1887-жылы Қарақалпақстанда биринши рус-түзем (жергиликли халықларды «түзем» деп атаған) училищеси ашылды.

1887-жылы Шымбайда май шығарыўшы кәрхана пайда болды.

Енди XX әсирдегилерден:

1907-жылы Петро-Александровск қаласынан биринши қалалық китапхана пайда етилди.

1924-жылы май айында Хорезм халық республикасының орайлық атқарыў комитетиниң IV сессиясында қазақ-қарақалпақ автоном областын дүзиўге карар қабыл етилип, оның орайы болып Хожели қаласы белгиленди. Сол 1924-жылдың 14-октябринде бурынғы СССРдың Орайлық атарыў Комитети Россия Федерациясының Қурамындағы Қазақстан автоном республикасына киретуғын қылып Қарақалпақстан Автономиялық областын қайта дүзди хәм оның орайы қылып Төрткул (Петро-Александровск) қаласы белгиленди.

1924-жылы «Еркин Қарақалпақстан газетасы» пайда болды.

1925-жылдың 12-19 февралында Төрткул қаласында Қарақалпақстан областының I шөлкемлестириўши съезди «Қарақалпақстан автоном областын дүзиў хаққында» декаларация қабыл етип, қарақалпақлардың мәмлекетшилиги тикленгенин, бирақ ол Қазақстан АССРына киретуғынын баян етти. Ал, сол 1925-жылдың 15-19 февралында Қызыл Орда қаласында өткен Советлердиң V пүткил Қазақстан съезди Қарақалпақстан автоном областы Қазақстан АССРына киретуғынын жәриялады. Буны сол 1925-жылдың II майында Пүткил россиялық Съезд тастыйықлады.

1925-жылы Төрткүлде биринши педагогикалық хәм аўылхожалық техникумы ашылды.

1926-жылы 12-ноябрьде Қаракалапақстан Автоном областының Хуқук режеси Қазакстан АССРының Орайлық Атқарыў Комитетинде тастыйықланды.

1926-жылы Қызкеткен каналының қазыўы басланды.

1930-жылдың 20-июлинде Қарақалпақстан Автоном областын автоном Республикаға айналдырыў бойынша шөлкемлестириў комиссиясы дүзилди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1932-жыл 25-майда Төрткүл каласында Каракалпакстан автоном республикасы бойынша Кеңеслердиң I шөлкемлестириў съезди ашылып, ол пүткил Каракалпак халкына Үндеў кабыл етти.

1933-жылы «Советская Каракалпакия», «Жас Ленинши», «Жеткиншек», «Совет муғаллими» газеталары пайда етилди.

1933-жылы Мойнакта балық консерва заводы курылды.

1934-жылы Төрткүлде Каракалпакстан пединститутыы ашылды. Сол 1934-жылы Төрткүл каласында жокары окыў орны Каракалпакстан Мәмлекетлик Муғаллимлер таярлаў интитуты да ашылды.

1934-жылы Каракалпакстанда Жоңышка тукымын тазалаў заводы пайда болды.

1935-жылы 7-апрелде Кызкеткен каналы пайдаланыўға берилди.

1935-жылы Төрткүлде Финанс жобаластырыў техникумы, медициналык училище, ал Шымбайда медсестралар (хәмшийралар) таярлайтуғын мектеп ашылды.

1936-жылы СССРдың жаңа конституциясы бойынша Каракалпакстан АССРы Өзбекстан Республикасының карамағына өткерилди.

1939-жылы Коңыратта пахта тазалаў заводы иске түсирилди.

1944-жылы Кегейли районының орайында хаял-кызлар педучилищеси ашылды.

1948-жылы Шоманай каналының курылысы басланды.

1950-жылы Хожели пристаны пайда етилди.

1950-жылы Нөкис-Халкабад-Шымбай автомобиль жолы салынды.

1951-жылы Каракалпакстанда биринши рет жолларды асфалтлаў ислери басланды.

1953-жылы Тахиаташ каласына тийкар салынды.

1955-жылда Чарджаў-Хожели-Коңырат темир жол линиясы питкерилди.

1959-жылы Өзбекстан Илимлер Академиясының Каракалпакстан филиалы шөлкемлестирилди.

1960-жылы Арал теңизиниң кәдди пәсейип баратырғаны анықланды.

1977-жылы Каракалпакстан пединституты тийкарында Каракалпакстан Миллий Университети пайда болды.

1977-жылы Еликкала районы дүзилди.

1990-жылы «Каракалпакстан» баспасы базасында «Билим» баспасы пайда етилди; Каракалпакстан пединституты кайтадан тикленди.

1990-жылы 20-сентябринде Өзбекстан Республикасының Ғәрезсизлик Декларациясы жәрияланды.

1991-жылы 31-августа Өзбекстан Республикасы өзин ғәрезсиз Республика деп жәриялады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1991-жылдың октябринде Ташкент Педиатрия институтының Нөкис филиалы ашылды.

1992-жылы Ташкентте шет тиллер лицейи ашылды.

1992-жылы Қарақалпақстан Республикасының Байрағы тастыйықланды».

1993-жылы 2-сентябрьде Өзбекстан ҳүкиметиниң 1993-жылдың 19-июлиндеги қарары тийкарында Қарақалпақстанның кирилицадан латын графикасына өтиўи жөнинде қарар қабыл етилди.

1993-жылы Самарқанд қаласында «Имам ал-Бухарий ҳәм ол жасаған дәўир» деген темада биринши илимий конференция ашылды.

1993-жылы Қарақалпақстан Республикасының Герби тастыйықланды. Сол 1993-жылдың 28-сентябринде Қарақалпақстанның миллий гимни тастыйықланды...

Усы фактлер менен ҳәзирше тоқтайман. Соңғы он жыл нелер бергенин өзиңизде меннен кем билмесеңиз керек...

982

—Қәйтсем өзиме сүйенишлер табаман?

—Тәңиритаалаға қосымша дианатлы сүйенишлер табыўда өзиңиздей сергизданлар аз емес. Сол ушын қыялларыңызды көп абыржыларға сала берместен, әўеле өз қостарыңызға, туўысқанларыңызға, перзентлериңизге, ҳақыйқый досларыңызға, сүйенип жасаңыз. Оннан соң мәмлекетиңиздиң жәмәәтиңиздиң басшылары халқыңа ҳәм маған ҳақыйқый ғамхорлық қылады деп тақыйық исениў менен, қандай кәсипте ислесеңиз де, сол кәсипке бар ықласыңызды, басқаларға болған өкпе-гийнелериңизди умытсаңыз, әўеле өзиңизден өзиңиз сүйениш табасыз.

983

—Ҳаял-қызларды нөкерликке алыў қай дәўирлерде басланғанын билесиз бе?

—Әййемги грек мифлеринде, көплеген тарийхый ҳүжжетлерде, ҳаял-қызларды нөкерликке алыў, әййемги амазонкалар дәўирлеринде басланғанлығы тастыйықланады. Амазонкалар дәслепки гезлеринде еркеклердиң ҳаялларға жыныслый қылаплығы ушын да тиккелей өлтириў менен де шуғылланып оңшең ҳаял-қызлардан нөкерлер дүзген. Соннан соңғы бәрше дәўирлерде ҳаял-қызларды нөкерликке алыў көп мәмлекетлердиң дәстүрлерине, гейпара мәмлекетлерде мәжбүрий жоллар менен болса да, киргизилип келген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

984

—Пүткил адамзаттың тәғдирине тийисли сырларды саклаўда данкы дүньяға мәлим әпсаналық инсан ким?

—Грек әпсаналары бойынша, адамзатка биринши от әкелип берген Прометейдиң инисиниң хаялы Падара. Ишине дүнья апатшылыкларының, хәр кыйлы кеселликлердиң, бир-биреўге душпанлыклардың, әпталалыклардың пайда болыў сырлары сакланған куты (шкатулка) әне сол Падараға тапсырылып, сол куты хәм оның ишиндегилер жөнинде хеш кимге хешкашан сыр ашпаў ескертилгени ушын, ол, өзиниң тирилигинде, сол кутыдағы бәрше сырларды өзиниң ишинде саклай билгени тастыйыкланды.

985

—Адамлар минез-кулыклары бойынша, нешеге бөлинеди, деп ойлайсыз?

— Мисли жыл мәўсимлери секилли, инсанлар да минез-кулыклары бойынша, мениңше, төртке бөлинеди:

Биринши, ашкөзлер. Олар — дүньяның кенлигинде, бәрше байлығында баскалардан түўе, хәтте өзлеринен де кызғанып жасайтуғынлар.

Екинши, бакыллар. Олар өзлерине керекли нәрселерди кәлеўинше алып, жеп-ишип, бирак баска бир инсанға хештеңе алдырмаўға, жегизбеўге бар өмирин жумсап жасайтуғынлар.

Үшинши, кеңпейиллер: Олар хешкимнен хештеңе кызғанбайтуғынлар, соның менен бирге өзлери де кәлеўинше алатуғынлар.

Төртинши, сакыйлар. Олар өзлерине хештеңе аўыспаса да, тойынып, ишип-жемесе де сәл артыклаў нәрселер тапса, олардың баскаларға үлестирип бергенди, баскалардың да өзлери менен тең ишипжегенин жаксы көретуғынлар.

986

—Кандай жазыўшылар, шайырлар, сәзенделер, артистлер, адамлардың есинде көбирек сакланады?

—Өзлерине дейиндегилердиң гуллән усылларын өзлеринше байытып, бирак, кайсы үлгиде болса да, олардың хеш кайсысын тәкирарламастан, өз халкының дәртлерин де, куўанышларын да, әрманларын да күтә түсиникли хәм хәркыйлы формалардағы өнерлери менен келешекке әўладларға жеткере билетуғынлар көбирек есте калады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

987

—Досты өзимнен бездирмеўим ушын не қылўым керек?

—Кимди өзине дос тутқыңыз келсе, биринши гезекте, оның барлық кәте-кемшиликлерин кешириўге әдетлениўиңиз зәрүр.

988

—Маған биреў «бет әлпетиң гүзге усайды», деди. Бул не дегени?

—Демек, сиз әллекимлер менен ушырасқаныңызда, оған хеш қашан ашық кеўил менен күлешырайланыўта қарамайтуғын адамсыз. Егер ким менен ушырассаңызда күлешырайланып мүнәсибетте қылсаңыз, хәшким «сизиң келбетиңизди гүзге, қыска усайды» деп наразылық билдирмес еди.

989

—«Адам пикирлеўи керек» деген гәптиң мәнисин түсиндиресиз бе?

—Бул жөнинде, Россияның ойшыларының бири Петр Яковлевич Чаадаев (1794–1856) өзинше былай деген екен: «Пикирлеў — Францияда сөйлеў ушын керек, Англияда — пикирлеў сол пикирлерди иске асырыўың ушын керек, Германияда — пикирлеў хәр исти және де тереңирек ойлап баслаў ушын керек... Ал Россияда пикирлеўдиң хешкимге кереги жоқ» деген екен.

П.Я. Чаадаевтың ең соңғы пикириндеги «Россияда» деген сөзди «Қарақалпақстанда» деп өзгертип айтсақ, сизге де дым ғана түсиникли болар еди я?..

990

—Бердақ шайырдың дөретпелерин билмейтуғын миллет ўәкиллери сорап қалса, қыска бир гәп пенен қалай уғындырса болады?

—Набада орыс адам сорап қалса «Сиз ушын Пушкин ким болса Бердақ бизге дәл сондай», Поляклар сораса, «сиз ушын Адам Мицкеевич...» венгер сораса, «сиз ушын Жандар Патефий...», чехлар сораса, «сиз ушын Ян Неруда қандай болса... қарақалпақлар ушын Бердақ дәл сондай»... десеңиз жеткиликли.

991

— Қуяш Жерден қаншама дәрежеде жеңил екен?

— Илимниң тастыйықлаўы бойынша, керисинше, Қуяш көзлерге киши көринген менен Жерден 324 мың есе артық салмаққа ийе.



www.ziyouz.com kutubxonasi

992

—Ҳәркыйлы алымлардың изертлеўинде Қарақалпақ миллети, тийкарынан, «Қоңыратлар ҳәм онтөрт руў» болып екиге бөлинетуғыны жөнинде пикирлер жүритиледи. Бул пикирлер мени, неликтенде, онша исендирмейди. Сиз қалай ойлайсыз?

—Мен де Сизге жақын ойлайман. Ҳақыйқатында. Қарақалпақ миллети: Қоңрат, Қытай, Қыпшақ, Кенегес, Манғыт, Мүйтен деп аталатуғын алты арыстан қуралады... Қоңырат арысының өзи: Ашамайлы, Балғалы, Баканлы, Баймаклы, Қазаяқлы, Қандекли, Карамойын, Қолдаўлы, Қостамғалы, Қыят, Теристамғалы, Тийекли, Уйғыр, Ырғақлы деп аталатуғын онтөрт руўдан қуралады... Сонда сол Сиз айткан сол алымлар, «Қоңырат ҳәм өнтөрт руў« дегенде нелерди нәзерде тутады екен? Мен де түсинбеймен. Ал, жеме-жемеге келгенде, Қоңырат арысының өзи «Жаўынғыр», «Шүллик» деп аталатуғын еки тийреге бөлинеди. Усы кәрада бир ескертиў: «Шүлликлер» тийреси, өз гезегине жети руўдан ибарат болыўына карамастан, олар иштен және майдаланып, 60 тан аслам майда руўларға бөлинеди. Тап усы таклетте 6 арыстың хәрбири иштен және майдаланып күтә көп-көп руўларға, тийрелерге бөлинеди..

Сол ушын қарақалпақлардың руўлары туўралы гәплер жүргизилсе, әўеле гәп болыўы тийис сол руўдың қайсы арысқа киретуғыны анықланып, оннан соң, пикирлер айтылса, онша көп қәтелерге жол қойылмайды деп ойлайман.

993

—XX әсирдеги атақлы өзбек жазыўшысы Абдулла Қаххарды Устаз сыпатында тән аласыз ба? Егер солай болса, устаздың қандай нәсиятларын еслейсиз?

—Биринши айтарым — өтмиштеги уллылар дөреткен өзбек әдебияты пүткил жәҳән жазыўшылары ушын тәкирарланбас устаз! Әне, сол тәкирарланбас устаздың дөретпелеринде қайнап писиў менен, жаңа Европа әдебиятының тынық қаймақларына мантығып шомылған Абдулла Қаххарды бир мен емес, хәтте өз теңлеслери де Устаз деп тән алар еди. Сораўыңыздың екинши бөлимине келсек, Устаз Абдулла Қаххарды көбирек ҳайран қалдыратуғын бир жағдай — түркийзибан халықлар әдебиятларының араларындағы қарым-қатнас еди. Усыларды есапқа алғаны ушын ба, базы ушырасыўларымызда: ...«Әдебият атомнан күшли, лекин, оның күшин отын жарыўға сарплamaў керек!» деп ескертип қояр еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Соның менен бирге, ол өзбек әдебиятының келешеги жөнинде көбирек жан ашытып Өлмес Омарбековты, Ушқын Назаровты, Еркин Вахидовты, Шукир Халмурзаевты, Абдулла Ариповты өзбек әдебиятының аўыр кемесин бийик келешекке қарай сүйрейтуғын салдаўшылар сыпатында айрықша гәп қылатуғын еди. Бир жола ол маған «Мен ескерткен талантлы жаслар менен тығыз дос бол... өзбек әдебияты, оның келешеги еле сени де күтә жоқары баҳалаўды умытпайды. Әне сол гезлерде сен Абдулла Ариповқа қайырқомлық қылыўды естен шығарма... еситт.

«Бир түрк мыңлап ҳиндти түсинер дуп-тузик,

Лекин, бир-бирин түсинип жетпес еки түрк»... деп Жалаладдин Румийдиң айтқанындай, жас талант Абдулла Арипов басқаларды түсинсе де: олардың көбиси, өзлеринше, оны түсинбегенге салып, ғәрезгөйлик қылады... Өзбек ҳәм Қарақалпақ әдебиятларында ғәрезгөйлик еле теўсилген жоқ... Сөйтсе де, және тәкирарлайман, кимлер қандай ғәрезгөйлик қылса да, сен өз миллетиңниң туўын жоқары көтериўден жалықпа...»

Мен бүгин бул нәсиятларды еслеў менен тәжрийбелери пүткил жәҳәнға үлги өзбек әдебияты алдында ҳәм оның XX әсирдеги уллы ўәкиллеринен бири Абдулла Қаҳҳардың естелиги алдында бас ийемен!...

994

—Қарақалпақлардың хожалар деп аталатуғын тайпасы қайсы арысқа киреди?

—Мениң жас гезимде тақыўа ғаррылардың әңгимелери бойынша Қарақалпақлардын хожалары миллетимиздиң жетинши арысы болып есапланады. Әттең хожалар терең изертленбегенлиги себепли болса керек, қарақалпақлардың жетинши арыс есапланатуғын хожаларды Советлик дәўирде, ҳәтте миллетимизден айырып түсиндириў кейпияты да ҳүким сүргени сыр емес.

Ал, хожалардың негизине келсек, Өзбеклар арасындағы хожалар ҳақыйқый өзбек миллетинен, қазақлар арасындағы хожаларда сөзсиз қазақ миллетинен... пайда болғаны киби, қарақалпақлар арасындағы хожалар ҳаслында қарақалпақ миллетинен пайда болған. Бул, пикирлерди дурыс түсиниў мақсетинде ески рәўиятларға жүгингенимиз орынлы болар. Мен жас гезимде еситкен бир рәўиятта: VI. әсирде, арабларда Ислам дини пайда болғаннан кейин, айналасындағы базы еллерге қылыш-найза қолланыў усылы менен Ислам дини енгизилсе, ал алыстағы көп елатларға жоллаў ушын Мекке, Мәдина қалалары



www.ziyouz.com kutubxonasi

әтирапында жасаўшылардан исламға шын берилгенлерин таңлап, оларға «хажылар» деген лақаб берип, жаў-жараксыз жумсаған. Ақыбетинде, Туран еллерине де сондай «Хажылар» келеди. Түркийзи-бан халықлар әўелги пайтта «Ҳажы» деген сөздиң түп мәнисине жетерли итибар бермей, өз диалектлеринде «Хожа» деп атаған. Ал, сырттан келген «Ҳажылар», яғный «Хожалар» келген елатларын исламға тартыўда бирден олардың тиллерине түсинбегени себепли бираз қыйналысады. Ўақытлар өтиўи менен жергиликли халықлардың тиллерин үйрениў арқалы, олардың да араларынан өзлерине хақыйқый садық инсанлар таўып, оларға: «Уллы кәрамат ийеси Тәңиритааламыз ҳүрметине бизиң хақ нийетлеримизди иске асырыўға жәрдем етсеңиз, сизлер де бизлер секилли Тәңиритаала алдында хажылар (яғный хожалар) болып есапланасыз» деп исендирген. Нәтийжеде, жергиликли халықлар арасынан Ҳажылыкқа (яғный Хожалыққа) ерискенлер Пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссаламның аты менен, араб еллеринен келген өз устазларынан кем жумыс жүргизбеген. Әттең олардың базылары өзлериниң жаңа билимлери ушын мардыйысып, сорасқанларға тийкарғы өз миллетиниң атын атаў орнына «биз Хожалармыз» деген жуўапқа үйренисипте бара берген. Қәйтсе де, өзлериниң түпкиликли миллий шығысынан ажыралмай, ата бабаларының қәлиплескен жоллары бойынша, қыз алысып, қыз берисиў ислерин де: «жақсы жатқа кетпесин» деген әзелги халық дәстүрине садықлықта, қарақалпақлардың бәрше арыслары менен қуда-тамыр болыўын даўам еткен. Бирақ туўылған перзентлерин де өзлериниң лақаблары бойынша Хожалар деп атаў әдетлерине айналған...

Қулласы, қарақалпақлардың Хожалар деп аталған тайпасы миллетиң соңғы жетинши арысы екенлигине тақыйық исене берсе болады...

995

—Кимлерден көбирек ақыл үйренсем, хәммеге унайман?

—Әўеле, өз ата-анаңыздан, езиңизден өзиңиз, дос-яранларыңыздан хәм өз халқыңыздан. Соннан кейин көплеп китаплар оқыў арқалы басқалардан хәр тәреплеме үйрениўди басласаңыз, ақылыңызды аңсатлық пенен байытасыз. Ақылға бай инсан хәмме миллетлер ушын тең қәдирли инсанға айналады.

996

—Жаңа шығарма дөретиўден алдын бир баспа менен келиссеңиз, баспа талап еткен дәл мүддетинде питкерип үлгересиз бе?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Бәрхә емес. Далил ушын өзим емес, инглис жазыўшысы Джек Лондонның (1876-1906) атына байланыслы анекдотқа мегзес бир фактти еске алайын: Джек Лондон ўәдесинен шықпағаны ушын баспа директоры оған: «Егер 24 саат ишинде қол жазбаңыздың соңғы бабын әкелмесеңиз, өзим-ақ қол менен жазып таслайман» деп телеграмма жибергенде, Джек Лондон: «Мен де сиз киби қолым менен жазғанымда ўәдемди сөзсиз орынлаған болар едим-аў» деген екен. Шынында Джек Лондонның бүйдеп жазыўының себеби китап қол менен жазып қағазға түсириўге дейин қанша-қанша көп ойланыўларды да талап етпейди дейсиз.

997

—Гейпара алымларымыз жәмәәте өзлерин хәдден тыс үстем сезинеди. Алымлар туўралы Пайғамберимиздиң хәдислери жоқ па екен?

—Пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссалам өз хәдислеринде айтпаған өмирдиң бирде қубылысы жоқ, десе болады. Енди сизиң сораўыңыз бойынша алымлар жөнинде айтқанларынан тек есимде барларын тәкирарлайын:

1. «Мен ушын илимниң пазыйлетлери ибадат пазыйлетлеринен де артығырақ».

2. «Алымның өзгелер қолындағы нәрселерге қызықсыныўы, оның қәлбиндеги даналықларды жоғалтады».

3. «Халық арасындағы ең жаўыз адамлар — жаўыз алымлар болып есапланады».

4. «Илим үйренип оны өзгелерге үйретпеген алым, көп ғазийне сақлап, хеш кимге пайдасын тийгизбеген саўсеслимге усайды».

5. «Халыққа жақсылықлар үйретип, өзин умытқан алым, қараңғыда өзин отқа жандырып, халыққа жақтылық берген шыраға усайды».

6. «Илим хаққында көп бос сөзлер айтыўшы емес, илимге итибар қылып үйрениўшилерден болыңыз».

7. «Илимниң апаты — оны умытыў хәм илимге мухаббети жоқ адамларға мәниссиз сөйлеп бериў».

998

—1991-жылдың 31-августында Өзбекстан өз мәмлекетин «мустақыл (азат, еркин) мәмлекет» деп жәриялады. Сол ушын 1-сентябрь хәр жылы салтанатлы байрам сыпатында белгиленеди. Буған көзқарасыңыз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Өзин-өзи түсинген хәр бир халық, хәрбир мәмлекет басқа халықларды да, мәмлекетлерди де дурыс түсинеди. Соның ушын да, Өзбекстан өзи менен тәғдирлес әзелий туўысқанлықта бирге жасап киятырған Қарақалпақстанның да еркин мәмлекет болыўын өз ўақтында толық қоллап-қуўатлады. Бундай бахытлы жағдайларды ойлағанда, қалбим толып-тасып, Француз скульпторы Фредрих Бартольд тәрепинен 1896-жылы исленген Американың азатлық символы болған үлкен «Азатлық» статуясы киби Өзбекстанның да өзиншеллигин, азатлығын дүньяға дурыс ашып, онда өтмиштеги уллы алламаларымызды да белгили дәрежеде сәўлелендирип көрсететуғын бир символикалық белгиси болыўын әрман етемен.

Мениңше, бул символикалық белги — хәр қыйлы илимлер тараўында Орта әсирлерде-ақ дүньялық данққа ийе Абу Насар Фарабий, Ал-Фарғаний, Ибн Сина, ал-Беруний, ал-Бухарий, Наўайы... сыяқлы уллы-уллы алламаларды пайда еткен Тураның, соның ишинде, Өзбекстанның дүнья хайран калатуғын дәрежеде өзиниң жанындай туўысқаны Қарақалпақстанға аса мехирлилигин сәўлелендиретуғын символ болыўы тийис. Бирақ бул символикалық белгини тек қыяллардан шығармастан, жоқарыда айтылған гүллән өзгешеликлер хәр тәрепллеме дәл көринетуғын Адам бюсти болыўы зәрүр. Бул ис қанша тез қолға алынса, соншa жақсы! Себеби бурынғы СССР дәўиринде Орта Азия республикалары арасында батыл түрде мустақыллықты биринши жәриялаған да Өзбекстан еди ғой! Енди пайда болатуғын Символикалық статуя да Өзбекстанның биринши болып мустақыллығы жәриялағанында әлле қандай дәрежеде өз сәўлелениўин табыўы лазым.

999

—Өзбекстанның мәлекетлик миллий жалаўы, герб, гимни хәм Қарақалпақстанның мәмлекетлик миллий жалаўы, герби, гимни қашан қабыл етилгенлигин ядтан айтып бере аласыз ба?

—Өзбекстанның мәмлекетлик миллий жалаўы Өзбекстан Республикасының Олий Мәжлисиниң 1991-жылдың 18-ноябринде өткерилген VII сессиясында, мәмлекетлик миллий герби 1992-жылы 2 июлинде өткерилген X сессиясында, ал мәмлекетлик миллий гимни 1992-жылдың 10-декабринде өткерилген XI сессиясында қабыл етилди.

Қарақалпақстанның мәмлекетлик миллий жалаўы Қарақалпақстан республикасының 1992-жылдың 14-декабринде өткерилген XI сессиясында, мәмлекетлик миллий герби 1993-жылдың 9 апрелинде өткерилген XII сессиясында, ал мәмлекетлик миллий гимни 1993-жылдың 24-декабринде өткерилген XIV сессиясында қабыл етилди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# *ЕКИНШИ БӨЛИМ*

## ИНТЕРВЬЮЛЕР, ОЙЛАР...

*«Адам жеке исмеген гезлерин-де тек өзи менен өзи қалса қыйын, оны мақсетлерине еристириў ушын ислерин моральлық жақтан қоллап-қуўатлап турыў керек».*

*Иоганн Гете (1749-1832)*
*немец шайыры*

## ҲӘЗИР ӘДЕБИЯТТЫҢ АЎҲАЛЫ ҚАЛАЙ?

**—Енди мениң сизден сорайын дегеним, өзиңиз билесиз, елимизге базар қатнасықларының енгизиле баслаўы барлық тараўда үлкен қыйыншылықларды келтирип шығарып атыр. Ҳәтте қалталарында миллион-миллион ақшалары бар ири-ири кәрханалар да ҳәзирги жағдайда жүдә албырасқақта. Қарақалпақстан жазыўшыларының аўҳалы қалай? Жазыўшылар аўқамында болып атырған жаңалықлар ҳаққында не айта аласыз?**

—Мен, биринши нәўбетте, пүткил халқымызды, жақында ғана қабыл етилген бизиң тийкарғы нызамымыз болған жаңа Конституция менен шын жүректен қутлықлайман. Ол бизиң халқымыздың келешегине, абадан турмысына ҳәм өнип-өсиўине хызмет етсин! Енди, тийкарғы мәселеге өтетуғын болсақ, Жазыўшылар аўқамында жаңалықлар көп десек те болады, аз десек те болады. Көп деўимниң себеби, бизде еле шешилиўи тийис машқалалар баршылық. Жазыўшыларға өзлериниң жазған мийнетлерин китап етип шығарыў мүшкил болып атыр. Қәлем ҳақының муғдары оншама жылжымады. Ал шыққан китапларды сатыў оннан да мүшкил. Себеби, барлығын, айланып келгенде, ғәрежет келтиреди ямаса ата-бабамыз айтқандай, «быламықты май келтиреди»ге тирелип турыпты. Биз мине, усы қыйыншылықлардан шығыўдың барлық жолларын излестирип атырмыз. Ўақыт келип булар да умыт болып кететуғыны сөзсиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тилекке карсы, ең ашынарлы жағдай, оқыўшыларымызды танландырарлық көпшиликтиң тилинде айтылып жүретуғын қунлы шығармалар дөретилмей атыр. Бул, әлбетте, өзлеримиздиң гүнамыз. Усы машқалалар жөнинде жазыўшылар менен кеңирек мәсләҳәтлесип алыўды уйғарып отырмыз. Бул хаққында, аманлық болса усы айдың ақырында, Жазыўшылар аўқамында жазыўшылардың жалпы жыйналысын өткериўди жобаластырдық.

**—Күн тәртибинде нелер қаралар екен?**

—Өткен әдебий жылдың жуўмағы ҳәм Қарақалпақ әдебиятын раўажландырыў бағдарлары хаққында мәселелер қойылады.

**—Бул мәжилиске тек Жазыўшылар аўқамының ағзалары ғана қатнаса ма?**

—Барлық китап қумарлардың келиўине ҳәм пикир айтыўына болады.

**—Төленберген аға, сиз жақында Түркстанға барып келдиңиз, түрк тиллес халықлардың, әсиресе шайырлардың пирим деп сыйлайтуғын Хожа Ахмед Яссаўий бас қойған әзиз топырақтан қандай тәсирлер менен қайттыңыз?**

—Ол жерден үлкен тәсирлерсиз қайтыў мүмкин емес. Мен, бул туўралы 27-апрель күнги болатуғын мәжилисте кеңирек айтып беремен. Ал, ҳәзир саған Түркстанда болған мәжилисте қабыл етилген декларацияны берегойын. Мине алыңыз.

**—Рахмет, биз оны оқыўшыларға таныстырамыз:**

«Түрк тиллес әдебиятшылар ўәкиллериниң Түркстандағы халықаралық мәжилисине қатнасыўшылардың

ДЕКЛАРАЦИЯСЫ
31-март 1993-жыл.

**Бүгинги күни түркийтиллес халықлардың уллы ойшылы ҳәм шайыры Ахмед Яссаўий Ўатанына жыйналып отырған Башқурстан, Қазақстан, Қарақалпақстан, Түркменстан, Түркия, Өзбекстан, Якутия-Саха түрк тиллес әдебиятларының ўәкиллери болған бизлер, әдебиятты раўажландырыў ҳәм бирлестириў туўралы болған бул сөйлесиўди ҳәзирги күн талабы ҳәм өз ўақтында болған зәрүрлик деп есаплаймыз.**

**Бурынғы Советлер аўқамының ыдыраўы ўақтында айырым гәрезсиз мәмлекетлердиң пайда болыўы менен усындай сиясий катаклизм нәтийжесинде 1934-жылдан баслап дөретиўшилик бирлестириўши структура хызметин атқарған бурынғы СССР Жазыўшылар аўқамының қулаўы толық түсиникли жағдай.**



www.ziyouz.com kutubxonasi

Миллийлик хәр түрлилик жағдайында хәр бир миллий әдебият өзи ушын нама шалатуғын жалғыз тар халында қалады. Бул айырым жалғыз сес шығаратуғын жеке тарлар хаўазын бир концерт намасына бирлестириў ушын үзликсиз байланыс, бизиң әдебиятымыз ўәкиллеринин турақлы қарым-қатнасы керек. Буны биз өз алдымызға бөлек хәрекет ете баслаған күннен баслап түсиндик.

Усы мәжилис қатнасыўшылары түрк тиллес еллер Жазыўшылар аўқамының бирге ислесиўиниң утымлы бас принциплери, бизиң халықларымызды улыўмалық тарийх хәм тил тийкаринде руўхый хәм мәдений бирлесиўге хызмет қылатуғын барлық әдебиятшыларымыздың тығыз байланысы хәм хақыйқат ислери болып табылады деп есаплайды.

Түркийтиллес әдебиятты көтериў, оны жақынластырып раўажландырыў, атақлы жазыўшыларды танып, жас жазыўшыларды ғамхорлыққа алыў ушын ис жүзинде төмендегилерди иске асырыў шәрт деп есаплаймыз:

1. Дос мәмлекетлердиң Жазыўшылар аўқамлары тийкаринде түркийтиллес жазыўшылардың Орайын шөлкемлестириў.

2. Жазыўшылар аўқамларының басшылары, белгили әдебиятшылар киретуғын орайлық фонд хәм ойласық органын дүзиў.

3. Түркстан қаласында түркийтиллес әдебиятшылардың баспа органы болған «Түркстан» журналын хәм усы атамадағы баспа дүзиў.

4. Түркстан орайының қатнасыўшылары арасында республикалардың баслы китап баспалары менен испен байланысты турақлы түрде иске асырыў.

5. Жазыўшылардың ең жақсы шығармаларын басыўды планлы рәўиште таярлаўды, жас талантларды излеп табыўды хәм дилмаушлар секциясын дүзиўди хәр бир Жазыўшылар аўқамының ўазыйпасына киргизиў.

6. Миллий әдебиятлардың проза хәм поэзия бойынша антологияларын жәмийетлик тематикалық топламлар дүзиўди көрип шығыў.

7. Жыл сайын түркийтиллес әдебиятлардың поэзия фестивалын өткериў хәм оны дәстүрли байрамға айландырыў. Гезектеги поэзия байрамын 1993-жылдың гүзинде Алма-Атада өткериў.

8. Дүнья жүзлик әдебияттың үлгисинде болғанындай, түркийтиллес әдебият тарийхында юбилейлик сәнелерди улыўма халықлық миллий байрамлар дәрежесинде өткериў.

9. Ахмед Яссаўий атындағы әдебият бойынша сыйлық шөлкемлестириў.

10. Еки тәрепалеме әдебият күнлерин турақлы өткериў.

11. Түркийтиллес әдебиятлардың бүгинги мәжилисине қатнаса алмаған Жазыўшылар аўқамларына орайға ықтиярлы кириўине хуқық бериў.

**—Төлепберген аға, усы хүжжеттеги режелер тез ўақыттың ишинде әмелге аса қойса үлкен саўап ис болар еди. Жазыўшыларымыздың қәдеми кеңейип, мүмкиншиликлери асады...**

—Әлбетте, бул оғада қунлы хүжжет. Оны әмелге асырыў ушын барлық түркийтиллес халықлар ат салысыўлары, қолдан келген ўазыйпаларды әмелге асырыўлары тийис.

**—Жаңалықларыңыз ушын рахмет!**

«Еркин Қарақалпақстан»
15-апрель, 1993-жыл.
Сораўлар жазыўшы
**Әбилқасым Өтепбергенов**
*тәрепинен берилген.*

## БИР УЎЫС ТОПЫРАҚ

Анхордың суўы тынықласты. Ыссының табы қайтты. Кешқурын салқын түсти. Хәўиздиң суўы шығарып тасланды. Жүзимлер шире байлай баслады. Гүз келди. Жазы бойы толып кететуғын Дүрмен бағлары сийрексип қалды. Аспанда бөлек-бөлек бултлар пайда бола баслады. Лекин, хәзирге шекем бир мәртеде жамғыр жаўмады. Қарлығашлар көринбейди, олар ыссы үлкеге ушып кеткен сыяқлы.

Кешки мәхәли Жазыўшылар бағындағы асханаға тик қәўметли, қарапәреңнен келген, ақ (хажы) тақыя кийген алпыс жаслар шамасындағы бир адам кирип келди. Бизлер Шүкир аға екеўимиз шай ишип, ояқ-буяқтан сөйлесип отырар едик: бирден Шүкир аға:

—Хаў, Төлепберген аға! Жақсымысыз! Жақсы келдиңиз бе? Денсаўлықларыңыз жақсыма? — деди де орнынан турып кетти.

—Рахмет! Өзиң қалайсаң, Шүкир? — деп қол узатты ол.

Олар тик турған қәлпинде хал-аўхал сорасты. Соң Шүкир аға орнына отырды. Төлепберген аға қоңсы столға отырды, асықпай аўқатлана баслады.

Шүкир аға анаў-мынаў адамды көрсе де орнынан қозғалыў былай турсын, хәтте кирпик қақпас еди — бул рет орнынан турып кетти. Соның менен бирге, мийман оған «сенсиреп» сөйлесе де, түсин бузбады, қайта сүйинди. Маған бундай сәлемлесиў кеўлиме мәлел келтирди: «Хеш болмаса басқалардың көзинше сиз деп сөйлескенде болар ма еди» деп өзимше налынып қойдым. Себеби, биреў қәлейме, қәлемейме Шүкир Халмурза үлкен жазыўшы, атақлы жазыўшы, пүтин жазыўшы. Солай екен...



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Нәбийжан, сиз бул жазыўшыны таныйсыз ба? — деп сорады Шүкир аға әсте ғана.

—Жоқ, танымайман.

—Бул киси Төлепберген Қайыпбергенов болады. Жүдә жақсы адам, жақсы жазыўшы. Салмақлы, гөззал инсан. Өз миллетин соншелли жақсы көретуғын адамлар кемде-кем ушырайды. Танысып алың, билемен, ол адамды сиз де жақсы көрип қаласыз!

Бөлмеге кирип «Энциклопедиялық сөзлик» ти параклап көрдим хәм бир неше жыл бурын Орайлық телевидениеден Төлепберген Қайыпбергеновты үш-төрт рет гүзеткенимди еследим: бул киси бурынғы СССР халық депутатларының съездинде Арал теңизи туўралы егитилип-егитилип сөйлеген еди. Мағлыўматнамада аталып өтилген «Бир суўық тамшы» повести басқа бир нәрсени есиме салды:, адаспасам, Т.Қайыпбергенов ғәрезсизликтен соң «Өзбекстан халық жазыўшысы» атағын алған еди.

Республикамызда Өзбекстан ғәрезсизлигиниң үш жыллығы байрамланып атырған еди: Дүрмен толы, узақ-жақыннан келген миймanлар бар еди. Жазыўшылардың жақсы әдетлери бар: олар күндиз ислейди, кеште болса асханада аспазлар: «Болды, дем алыңлар, бизлер де үйге қайтайық!» демегенше өз-ара қызғын сәўбетлесип отыра берер еди. Аспазлар шығың десе, бағ астындағы сыпаға барып жыйналысады. Көпти көрген ақсақалларымыз: «Анаў жерде Шайх ака отырар еди, бул жерде Қаххар домла отырар еди, мына жерде Миртемир ака...» деп әдебиятымыздың шынарлары туўралы сөз етиседи. Олардың гүрриңлери бизге растан да рәўият, әпсанадай түйиледи.

Ғәрезсизлигимиз байрамы күнлери әңгимелеримиз усы ғәрезсизлик шарапатына бағышланар еди. Төлепберген аға былайынша гүррииин баслады:

—Мен бурынғы Аўқамның Жоқарғы Кеңесиниң Мәденият комитетине ағза едим. Шыңғыс Айтматов комитет баслығы еди. Бир күни мәденият министриниң есабын тыңладық. Сол ўақытта Захаров деген адам министр еди. Мен оның менен шет ел сапарларында бирге болғанман. Соның ушын жүз, көз таныслығым бар, хеш қандай карсылығымыз жоқ, өзи де бийазар жигит еди. Қулласы, есап тыңланып, комитеттиң тастыйықлаўынан өтсе, кейин Жоқарғы кеңес оны министр лаўазымына қайта тастыйықлаўы мүмкин еди. Сораў-жуўаплар болды, комитет ағзалары да Захаровты бийазар адам деп биледи. Оның кандидатурасы даўысқа қойылып атырған пайытта мен ески таныcымды қоллап-қуўатламақшы болдым хәм ең аңсат



www.ziyouz.com kutubxonasi

сораў бердим: «Айтыныզшы, Қарақалпақстан қай жерде жайласқан?» деп сорадым. Бул сораў менен мен Захаровқа пәнт бермекши емес едим, әлбетте. Себеби, оған душпанлық жерим жоқ... Тек комитетимиз ағзаларына дүньяда қарақалпақ деген халық бар екенин еслетип қоймақшы едим, болғаны. Депутатлар СССР дың түрли мүйешлеринен келгенлер, биразлары қарақалпақлар туўралы еситпеген болыўлары мүмкин. Мейли, олар: «қарақалпақтың Қайыпбергенов деген жазыўшысы жүдә сада екен, мәдений министринен: «Қарақалпақстан қай жерде жайласқан?» деп сорады» десин, бирақ өз еллерине барғаннан кейин қарақалпақлар туўралы гәп қылса болды. Қысқасы, мен бийғәрез саўал бердим. Бирақ Захаров — СССР Мәдений министри тым-тырыс болып ойланып қалса болар ма? Ойланып-ойланып турды да, ақыры: «Қарақалпақстан Сибирь кеңислигиниң бир шетинде болса керек?» деп жуўап берди. Хәмме гүў күлип жиберди. Шыңғыс Айтматов та жүзин бурып, узақ күлди. Усының менен барлық сораўларға дурыс жуўап берген министрдиң саўлаты да, «жанкүйерлиги» де хәммениң көз алдында бир пул болды. — ЖС диң Мәдений комитети Захаровтың кандидатурасын тастыйықламады...

Төлепберген ағаның сөзлерин тыңлап отырған адамлар арасында Түркияның Адана қаласынан келген ўатанласымыз Арип ақа да бар еди, — ол Мәдений министрине берилген сораў жүдә қыйын болса керек, деп ойлаўы мүмкин еди. Сол ушын түсиндирме бердим:

—Бурынғы СССР дәўиринде тек төрт республикада — Россияда, Өзбекстанда, Грузияда, Әзербайжанда автономиялы республика бар еди.

***

—Нәбий, қанша айлық аласаң?— деп сорады Төлепберген аға бир күни.

—Анығын билмеймен. Бирақ бас редакторымыз мени жүдә жақсы көреди. Соның ушын болса керек, хәр бир ай сайын айлығымды берип турады, — деп жуўап бердим.

—Ха, дурыс. Жетеме әйтеўир?

—Сигарет шекпей жүрсем жетип қалады... Тым-тырыс болып жүрсем, бир айлығыма биймәлел «Зафарнама» алыўым мүмкин.

—Лекин, бизде арзаншылық ғой. Мен дүньяның ең бай мәмлекетлеринде болғанман, солардан үшеўиндеги аўхал хаққында айтып берейин бе?

—Айтың, мисли Жәмийласынан айра түскен Ғафур да жубанып қалсын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Саудия Арабстаны бай мәмлекет пе?

—Бай мәмлекет.

—Мусылман мәмлекет пе?

—Сондай тақсыр!

—Мен 1990-жылы хажылық сапар менен Саўдия Арабстанында болғанман. Баслы мақсетим Меккеде Каабаны айланып жүрип, Арал теңизине, Әмиўдәрьяға суў сораў еди... Бул мақсетимди иске асырған соң Арафат таўын зыярат етиў ушын барғанбыз. Мухаммед пайғамбер де соңғы зыяратында таў төбесине шығып өзиниң көп нәрселеринен ўаз кешкен... Таўға зыярат пайтында қыялымда Мухаммед пайғамбердиң табаны тийген жерлерге мениң де табаным тийгей деп жүриў менен өзимниң жолдасларымнан адасып қалыппан: қарасам, айналамда тек бийтаныс адамлар. Албыраганымнан хәр тәрепке қарап жуўыра басладым хәм «Өзбеклер бар ма? Өзбеклер бар ма? Өзбеклер!...» деп даўысым жеткенше бақырдым. Егер мен «Қарақалпақлар бар ма?» деп бақырсам, көпшилик (түркшени түсинетуғынлар хайран болар еди: «Жәзийрада қара қалпақ кийип жүрген адамлар да болар екен-дә!» деп ойлаўы мүмкин еди) жағасын услайтуғынлығын билер едим. Себеби 70 жыллық данкқа ийе бурынғы СССР Мәдениятминистри Қарақалпақстанның қайерде екенлигин билмегенде Арабстанда қарақалпақларды жақсы билмеслигине хеш әжепленбедим. Қулласы, албырағанымнан жан-тәним менен даўыслап «өзбеклер бар ма??...» деп жүрсем, бир киси қасыма келди. Хал-аўхалымды сорады. Таныстық. Ол киси тек исм-шәрийпин айтты. Жидда қаласында жасар екен, хажға өз машинасында шаңарақ ағзалары менен келипти. Лекин, машинасында артық орын жоқ екен. Соның ушын қолыма қырық реал пул берди: «Жигирма реалға түслик етесиз. Хақыйқатында, түслик аўқаттың бахасы он реал, лекин сизиң бөтен екениңизди билип, аўқатқа еки есе артық баха алады— жигирма реал төлеўге мәжбүр боласыз. Соң жигирма реал төлеп мәнзилиңизге жетип аласыз. Дурысында, сиз баратуғын мәнзилге таксиде он реалға барылады. Лекин, бөтен жерлик, бийтаныслығыңыз ушын сизден және еки есе бахасына жол хақы алады. «Әдет сондай» деди түркстанлы ўатанласымыз. Мен оннан үй адресин сорадым, жалынып-жалпайдым. Бирақ, үй адресин айтпады: «Мейли, егер қырық реал қарыз мойныңызда қалыўынан қорқып атырған болсаңыз бирер мешитке садақа етерсиз», деди ўатанласым. Кейин билсем, сол өзбек адам Саудияда турақласып қалған екен. Қолымда араб пулы болса да, және албырап, «Өзбеклер бар ма?...» деп баслағанымда, өзбекстанлы биреў мени таўып алды...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қулласы, енди соңғы жолдасым менен мийманханаға жол алдым: ақшамды тежеп ислетиў ушын жолда төрт дана шөрек ҳәм бир стакан шай алдым, бес реал төледим. Атайлап ыссы аўқат сатып алмадым. Пулым таўсылып қалса қалай етип мийманханаға жетип алатуғынлығымды ойладым. Аўа! Бес реал үлкен пул ма, яки аз пул ма? Егер бес реалға және бир реал қосылса, алты реалға сол қарада-ақ еки дана электрон саат сатып алыў мүмкин екен. Ал бизде, Өзбекстанда еки дана электрон сааттың пулына нешше күн тиришилик етиў мүмкин. Бир семья биймәлел бир ҳәпте жасай ма? Жасайды, әлбетте.

—Саудия Арабстанында адамлар жоқары муғдарда айлық алады дә!

— ...Лекин, ол жерде азық-аўқат қымбат, транспортта жүриў қымбат, иним! Сол себептен ол жерде жасаў да қымбат болып шығады! Себеби, ҳәмме нәрсе шеттен келтириледи... Сен меннен бир реал бизиң неше сомымызға барабар деп сорама: жақсысы, мың реалға неше мәрте аўқатланыў мүмкин деп сора! Аўқатланыў қымбат. Аўа! Ол жерде адамлар бийкарға жалпыламай түрде саўда менен шуғылланбайды екен. Ол елде әдебият та, көркем өнер де...

— Жазыўшы Нәжиб Маҳбул Нобель сыйлығына миясар болды ғой?!

— Нәжиб мысырлы жазыўшы, ол саудиялы емес.

— Сиз Японияда да болғансыз. Япония қалай ?

— Япония ҳәзир океан есабынан «жер» ашыўын даўам етпекте. Суў үстине аэропорт қурылғанын еситкен болсаңыз керек.

— Еситтим.

— Японияның аўыллары қандай екенлигин билесиз бе?

— Билмеймен.

— Билмесеңиз билип қойыңыз: аўылларына тек жалғыз аяқ соқпақлар менен ғана кирип барыў мүмкин! Жер жоқ, жол тар: бизлер мақтайтуғын супер машиналары аўылдиң ишине сыймай сырттағы көшелерде қалдырылады. Японияда машиналар ешектен де эсте жүреди, тығылыс... Адамлар пәраўан жасай ма? Аўа! Салыстырсақ, биздеги илим кандидаты дәрежесине ийе болған алымлар қырық мың иен муғдарында айлық алады. Маған да, Арал машқаласына арналған он төрт бетлик мақаламды (еки интервалда) бир газетада басып шығарғаны ушын, қырық мың иен қәлем ҳақы берди (Биз Японияға орыс жазыўшысы Валентин Распутин басшылығында барған едик). Бес-алты киси ең арзан бир асханаға аўқатланыў ушын кирдик: шала-шарпы аўқатландық. Орта дәрежеден де пәс асханада аўқатлансақ та, меннен төрт мың иен пул алды. Демек, 40 мың иен айлық алатуғын илим кандидаты Японияда толық бир айлығына он мәхәл шала-шарпы аўқатланыўы мүмкин екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Соның ушын японлар лағманды бизге усап қасық пенен емес, шөпке қысып бир-бирлеп жер екен-дә!

— Солай... Бирақ мениң байқаўымша, Японияда хәр адамның жасаў ушын гүреси сезилерлик дәрежеде.

— Америкада болғансыз. Нью-Йоркта да аўхал сондай ма?

— Нью-Йорк бай қала. Мен ол жерге барғанымнан соң аўырып, бир өзбек ўатанласымның үйинде үш күн төсек тартып жатып қалдым. Жолдасларым түрли таманларға ўатанласларымызды зыярат етиўге кетти. Өзимди бираз жақсы сезип, көшеге шықтым, дүканларды көрдим. Бир дүканға кирсем, сатыўшы көзиме күтә ыссық көринеди. Әлле қандай түркстанлыға усады. Оған сәлем бердим, ол әлик алды. Сөйлестик. Мәлим болыўынша, сатыўшы жигит қарақалпақ екен: дүканның ийеси өзбек екен. Мен оған бирер нәрсе саўға етпекши болдым. Бирақ, не саўға етиўди билместен басым қатты... тақыя, шөгирме, шапан, атлас... Ақыры өзинен сорадым: «Нени саўға етейин?» Сатыўшы жигит ойланып турды да: «Маған хеш нәрсе керек емес, ўатанымнан бир уўыс топырақ алып келмедиң бе?» деп сорады. «Жоқ», дедим, бирақ бирден баўырым езилип кетти. Қушақласып, бир-биримизди баўырымызға бастық — қарыйлалардан да уялмастан еки еркек узақ жыластық! Мен жерлесимди, миллетлесимди ийискелеп-ийискелеп жыладым, оның Ўатанның бир уўыс топырағына зар болғанын ойлап-ойлап жыладым: ол болса мениң үсти-басымда, көкирегимде келген Ўатан ийисин сезинип жылады... Ха, иним Нәбий, Нью-Йоркта хәмме нәрсе бар, лекин ол жерде Өзбекстан жоқ, ол жерде Қарақалпақстан жоқ! Аўа!...

***

Бир күни кешки пайыт Төлепберген аға суўдың сылдырап ақканына машқы етип, скамейкада ойланып отырған екен. Әсте қасына бардым. Отырдым.

— Ха, Нәбий, келдиң бе? Аўқат жедиң бе?

— Жедим.

— Сениң үйиң жоқ па?

— Бар, — дедим жортаға.

— Китабыңды оқып атырман. Жақсы. Казенный сөзлерди қолланбайсаң. Жақсы жазыўшы казенный сөзлерди қолланбаўы керек. Аўа! Лекин, досларың аз екен. Пәрўа қылма, жазыўшылықтың әўелги гезлеринде сондай болады.

— Жаман қаўынның тұқымы көп болады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Аўа, дурыс, — деп күлди ол. — Мен алпысыншы жыллардың басында усы Дүрменге келген едим. «Бир суўық тамшы» повестимди подстрочный аўдарма етип келген едим. Сонда Абдулла Қаххар, мине, усы бағда жасар еди (Ол хәзир Сайд Ахмад жасайтуғын бағ-хәўлиге ишарат етти). Билмедим, өзимниң неге арзыйтуғынымды билиў ушын ба, повестимди Қаххар домлаға оқыўға бердим. Ертеңине қаланы аралаўға кеттим. Айланып-айланып кешки мәҳали қайтып келсем, жерлеслерим: «Сени Қаххар домла сорап жүрген еди... Тамам, енди күниң питти—ол киси өзине жақпаған шығармалардың пыт-шытын, автордың белин сындырып таслайды. Ақылың болса шығарманды Қаххарға берер ме едиң? Оннан гөре бир шетте китабынды шығарып жүре бермейсен бе?» дести. Бирден мазам қашып, отырып қалдым. Бөлмеме кирип кеттим, басымды көрпеге бүркенип жатып алдым. Қәнекей ўақыт өтсе, қәне уйқым келсе. Жатып-жатып бир шийше арақ ишип алып, мәс болып алыўды да ойладым. Лекин, турыўға ҳәлим болмады. Жатқан жеримде ол жаққа бир, бул жаққа бир аўдарылып түстим, болмады. Бирден орнымнан турдым да кийинип, туп-туўры Қаххар ағаның ҳәўлисине кирдим. Есикти ашыўым менен Дозор Дурманий (ийт) үрип жуўырып келди. Кибрил апа (А. Қаххардың зайыбы) көринди. Оған «мени Қаххар аға сораған екен» дедим. Апа ишкери кирип кетти де, бир заманнан қайтып шығып: «Ертең кешқурын бағ ишинде сөйлесемиз деди» — деп ишкери кирип кетти.

Мен бөлмеме қайтып келдим. «Әне, енди тамам болдым. Егер жақсы гәп болғанда бир аўыз айтар да қояр еди. Демек, ертең ҳәммениң алдында шыл-пәрше етеди!..»

Мың-мың қыялға келип, уйықламай таң атырдым, көзлерим сағалдың көзиндей қызарып кетипти. Ертеңине кешки пайытта бағқа шықтым. Қаххар аға: тап ҳазирги сен отырған жерде отырған екен. Жанында Мәўлен Икрам ҳәм бир-еки адам бар. Мен зорға жүрегимди басып, сорастым. Соң Қаххар аға: ...«Төлепберген, егер келисим берсең, мен усы повестиңиздиң подстрочный аўдармашысының қасына соавтор болсам, ҳәр қалай ол подстрочный тәржима етипти», деди. Тилим кәлиймаға келмей қалды: өзбектиң тири классиги меннен рухсат сораса?... Жағамды услап: «Мейли, домла» — дедим. —«Рахмет,— деди Қаххар домла. — Егер қалаға барсаңыз «Шарқ юлдузи» журналы редакциясына кирип, Асқад Мухтарға бир ушырассаңыз. Оннан: «Мениң повестимди Абдулла ака тәржима етип атыр, соны журналыңызда басасыз ба?» деп сорасаңыз. Егер Асқад мақул десе, мен повести тек аўдарып, өзим апарып беремен»



www.ziyouz.com kutubxonasi

деди. Әлбетте, мен домла айтқан гәпти ертеңине-ақ Асқад Мухтарға барып жеткердим. Асқад Мухтар: «Абдулла Қаххар тәржима етсе, мен журналда баспаспан ба?!» деди... Солай етип «Бир суўық тамшы» Абдулла Қаххар тәрепинен аўдарылды, журналда нәўбетсиз басылды. Абдулла аға жылт еткен талант ушқынын да жоқары бахалайтуғын, дәрьядай кең инсан екен! Ол кисини Қудай рахмет етсин!

— Абдулла Қаххар да ләтипа айтыўды жақсы көрер ме еди?

— Мен ол кисиниң ләтипа айтқанын бир мәрте де еситкеним жоқ. Хәтте Қаххар домланың орынсыз күлгенин де көрмегенмен. Тек рети келгенде бир сөз ғана айтар еди. Оның бир аўыз сөзи де көп күнлерге шекем жазыўшылар арасында тарап жүрер еди...»

...Төлепберген аға күни бойы бөлмесинен шықпайды, тек кешки пайытлары ғана Дүрмен бағын сайран етип жүреди. Ол киси шапталыны жақсы көреди, шапталыны «шабдал» дейди. Жүзимди де жақсы көреди. Узимди «жүзим» дейди аўызларын толтырып. «Бизлерде жүзим өспейди, қуўрап қалады» дейди. Ташкенттеги улы Әдилбек күн-ара әкесинен хабар алыўға келеди. Базда Әдилбек кишкене қызларын да алып келеди. Бир күни Төлепберген аға улының изинен қарап: «Усы Әдилбек улым ақыллы бала-дә? «Қарақалпақнама» китабымның атын Әдилбек қойып берген еди» деди.

Атақлы сыншы достымыз (бизиң достымыз болғаннан кейин атақлы болады-дә) Шухратжан бир неше жылдан берли докторлық диссертациясын жазыў менен машқул болып, байрам қабатында Дүрменге келди. Ол Төлепберген аға менен бурын сөйлесип көрмеген екен. Үш-төрт рет кешки пайыттағы әңгимелесиўлеринде қатнасқаннан кейин: «Нәбийжан, билдиңиз бе, Төлепберген аға жүдә бир гөззал инсан екен? Мен жүдә хайран қалып жүриппен, соншелли уллы ақсақал жазыўшымыз бар екен, биз билмес екенбиз! Мен Төлепберген ағаны аштым! Қайылман!» деп хайран қалып жүрди. Шухратжан соншелли таңланып жүрди, нәзеримде, бир-еки бет жазылса питип турған илимий ислерин тағы да шала қалдырып қалаға барып жүрди.

*Бир күни Төлепберген аға мениң бөлмемниң есигин қақты:*

— Ислеп атырсаң ба?

— Абдуразақ ака бир сигаретке жететуғын пул берип, «Муштум»ға бир нәрсе жазып бериң, деп өтиниш еткен еди. Соған жазып отырыппан, — дедим көйлегимди кийип атырып.

Ол киси бөлмеде дийўалға асыўлы 1х1,5 көлемдеги реңли сүўретти көрип, астындағы жазыўларды оқый баслады: «Сахыпқыран Амир Темир Көреген ибн *Мухаммед Тарағай Бахадыр...»*



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Усындай нәрселерди көбирек шығарыў керек. Улыўма, түркий тиллес халықларды бирлестиретуғын тарийхый шығармалар хәзир жүдә керек. — деп ол текшедеги «Библия» ны қолына алып ашып көрди де, сөзиң даўам етти: — Ҳәзирги жаслар тарийхты тереңнен үйренбейди, архивте отырыўды билмейди. Базылары арақ ишип жүрип те жақсы жазыўшы хәм шайыр болыўға болады деп ойлайды. Олай болмайды. Аўўа! Сен маладес! Бабаларымыздың тарийхын үйренип жақсы етип атырсаң. Қыйыншылықлар өтеди, лекин, еткен исиң қалады, зая кетпейди!... — соң Хемунгуэйдиң китапларына көзи түсти: — АҚШ та Хемунгуэйдан гөре Фолкнерди көбирек қәдирлейди. Улыўма, дүньяда Фолкнер Хемунгуэйға қарағанда машҳур. Лекин бурынғы социалистлик лагердеги мәмлекетлерде Хемунгуэй машҳур болып кеткен. Себебин билесең бе?

— Жоқ, билмеймен.

— Себеби: Кубада революция болғанында Хемунгуэй Фидел Кастро менен ушырасады: «мен Куба халқы менен биргемен» дейди. Соннан кейин-ақ жылдырым тезлигинде Хемунгуэй шығармалары, бурынғы СССР да биринен соң бири басылып шыға баслайды.

— Дурыс... Өзиңиз де жақсы шығарма жазып атырғын болсаңыз керек?

— Аўа, жазып атырман. «Қалбимниң қамусы» деген эссе-репортаж жазып атырман. Эссе-репортаж деместен «Сырнама» десем болар ма екен?

— Болады, неге болмас екен? Әне, Монтен де «көрген кеширгенлерин» «Тәжирийбелерим» деп атаған ғой... Жақсы ат таўыпсыз.

— Бунда барлық тарийхый ўақыяларға қарақалпақ халқының көзи менен қарайман, хәмме ўақыяларға қарақалпақ халқының кеўил кеширмелери нәзеринен баха беремен.

— Бул адамларды алдамайтуғын жүдә жоқары идея. Егер, мине, усы бағдардан шегинбесеңиз, исенимим кәмил, әдебиятымызда да, ишки кеширмелеримизде де үлкен ўақыя болады...

— Буннан тысқары, көп томлық күнделиклерим турыпты. Машинкада көширип қойғанман, тап-таяр...

— Басып шығырмайсыз ба?

— Бир пайытлар Ғафур Ғулам атындағы баспаға шайыр Жуманияз Жаббаров директор болған еди. Жазыўшылар аўқамында болып өткен мәжилислердиң биринде ол: «Ҳүрметли жазыўшылар, сизлерден илтимас, сәл әстерек жазыңлар! Шығармаларыңызды баспадан шығарып үлгере алмай атырмыз» деген еди. Мен хәзир Жуманияздың усы илтимасына гөре, күнделиклеримди асықпастан көзден кеширип атырман, редакторлап атырман... Бәлким 20-25 жылдан соң басылар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

***

Атаклы бир шайырымыз дәслепки китабын «Инсанды түсиниў» деп атаған еди. Эрнест Хемунгуэй шәкиртлерине: «Инсанды түсиниў керек!» деп тәлим берген еди.

— «Инсанды түсиниў керек, дурыс па? —дейди Төлепберген аға. —Инсанды түсиниў ушын, әўеле оны тыңлаў лазым.

Егер Төлепберген аға менен сухбатласып атырған болсаңыз, бирер себеп пенен сухбат үзилип қалса, ол киси кеште ме, азанда ма, әлбетте «кейин не болды?» деп сорайды екен. Дәслеп, мен Төлепберген ағаның әдети (привычкасы) солай болса керек деп ойладым.

— 70-жылларда Қырымдағы орайлық санаториялардың бирине дем алыўға барып туратуғын едим, — деп гүррин етти Төлепберген аға. —Билесең бе, не ушын жыл сайын Ялтаға барар едим?... Санаторияда жүдә бай китапхана бар еди. Санатория тап Қара теңиздиң жағасында жайласқан болып, бир жүз сексен текшели баскалдақтан төмен түсилсе, рәхәтленип шомылыў мүмкин. Бирақ, мен күн бойы китапханадан шықпас едим: ол жерде мүбәрек ислам дини тарийхымызды үйренер едим. Нийетим— Ҳәзиретимиз туўралы роман жазыў еди. Мухаммед алейҳиссаламның өмири ҳаққында көплеп материаллар жыйнадым. Қураны кәримниң орысша аўдармаларын қайта-қайта оқып шықтым... Бирақ соңынан Расулуллаҳ, ислам дини туўралы билгенлерим дәрьядан бир тамшы екенлигине көзим жетти. Айрықша, Инжил, Забур, Таўрат киби муқаддес китапларды (Қураны кәрим де, әлбетте, муқаддес китап!) оқығанымнан соң, роман жазыўға жүрек ете алмадым. Бирақ көп нәрсеге көзим жетти, уллы ҲАҚЫЙҚАТЛЫҚТЫ аңладым. Совет дүзими басымызды соншелли айландырып жибергенин аңладым... Шынымды айтсам, Қара теңиз жағасына барып бир мәрте де теңизге шомылмастан қайтатуғын жылларым болатуғын еди. Оқыўдан, жазыўдан ўақтым аўыса да бермес еди-дә!

***

Байрамнан кейин Ҳаққулабадтан ҳақыйқатшыл достымыз Рустем Мурат улы келди. Сәлемлескеннен соң дыққат салып карасам, ысытпасы барға усады.

— Мазаңыз жоқпа, Рустем? — деп сорадым. — Егер мазаңыз қашып турса, ашшы бадам жеў керек: Ықбалдың айтыўынша, бир дана ашшы бадамда бир дана аналгинниң қуўаты болар екен...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ден саўлығым жақсы. Лекин, температурам бар екени рас. Себеби — Иван Бунинниң «Ғарғыс тийген күнлер» китабын оқыдым. Горький менен Маяковскийдиң дал-далын шығарып таслаған екен, азамат! Бунин сөзди сатқан, сөзге қыянет еткен адамларды жининен бетер жаман көрер екен. 1917-жылғы Октябрь аўдарыспағынан кейинги орыс әдебиятынын Бунинге усаған пидайылары Ўатанынан көшсе де, бәрибир, хаслы халатын тазалай сақлап қалған екен. Бунин әдебиятты жоқары бахалаған. Жақсы сөз, соңғыларға да ибрат болатуғынынан хасла шубхаланбапты. Усы пикирлерди оқығаннан бери температурам көтерилип кетти. Студентлик жылларымызда достым Ҳамид Парлаев Иван Бунинниң китапларын оқып, ақылдан азатуғын дәрежеге келгенде ҳайран болған едим. Гәп неде екенлигин енди түсинип атырман.

— Демек, Хәмид те, тегин емес екен-дә!

— Ҳә-ә, несин айтасыз! Телефон номерин берин, қоңыраў етип, рахмет айтып қояйын!

Кеште сөйлесип отырғанымызда Төлепберген аға былай деди: «Нәбий, билесең бе, «Библия» да «В начеле было Слово, и Слово было у Бога, и Слово было БОГ...» деген сөзлер бар. «Инжил» де «Юханно баян еткен муқаддес хошхабар» да усы қатарлар ҳайран қаларлық дәрежеде анық тәржима етилген: «Әзелден Каламуллаҳ бар еди, Каламуллаҳ Қуда нәзеринде еди. Каламуллаҳ — Қуда еди, әзелден ол Қуда нәзеринде еди»... Сөз — муқаддес нәрсе иним. Ҳақыйқатында. Сөз бенен ҳәзиллесип болмайды, иним!»

Төлепберген аға маған қарап сөйлеп отырыпты бирақ, көзлеринде жас айланып тур. Бийиктияр диянатлы достым Рустемнен еситкен гәпти еследим. Ойладым, Шукир аға: «Танысып алың, билемен, ол кисини сиз де жақсы көрип қаласыз» деп бийкарға айтпаған екен. Және ойладым, Төлепберген ағаны Рустем де жақсы көрип қалады. Әттең, олар таныс емес, танысып алса жақсы болады. Тағы да Қоқан пединститутының муғаллими Рустемжан Тәжибаевты еске алдым: ол да он жыллар бурын: «Инжил» де Кәлем жоқары улығланады... «в начале было Слово... дейиледи» деген еди. Билемен, Рустемжан да өз өмирин Сөз өнерине бағышлаған, ол да Сөздиң муҳаддеслигин тереңнен аңлайды. Демек, қоқанлы Рустемжан да Төлепберген ағаны жақсы көрип қалады... Әсиримиздиң басларында Россияда атақлы Хлебников деген шайыр өткен еди: ол аўдарыспақ-паўдарыспақларға дым да қызықпастан, тек жазыў-сызыў менен машқул болады екен. Төлепберген аға да әне сол Хлебниковты уллы кәлемкеш деп атайды. «Уллы шайырларды оқыў керек», дейди... Биз бир-биримизди билместен жасар екенбиз, бир-биримизди бирлестирип турған Муҳаддес Калам бар екенин билместен жасай берген екенбиз. Егер



www.ziyouz.com kutubxonasi

биз бир-биримизди билгенимизде, түсингенимизде әллеқашан «Төлепберген аға плюс Шүкир аға плюс Нәбийжан плюс Рустем Мурат плюс Шухрат Шаший плюс Рустамжан Кокандий плюс В. Хлебников плюс «Инжил» и шәрийп плюс...» көринисинде үзилмес сабақ пайда болар еди. Үмит етемен, мине усындай көзге көринбес, лекин үзилмес сабақ пайда болар еди. Бирақ үзилмес байланыс пайда болғанын ҳаққулабадлық Рустем де, қоқанлы Рустемжан да ҳәм көпшилик пикирлеслеримиз де еле (ҳәзирше) билмейди. Усы айтқанларымыз түртки болып досларымыз өзлеринииз билмегенлерин биле қойса, басымыз аспанға жетер еди!

***

— Жетписинши жыллары, —деди Төлепберген аға—Нөкисте Дағыстан әдебиятының он күнлиги болды. Сол гездеги биринши басшымыз мени жақтырмас еди. Соның ушын да, ол былай деди: «Сен миймапларға хеш қандай саўға бермейсең! Ҳәмме саўғаларды өзим беремен!» Мен «яқшы» дедим. Лекин, он күнликтиң жабылыў мәресиминде тымтырыс болып отырыўға арланар едим, әлбетте. Соның ушын да, бир шай қалтаға бир қысым топырақ толтырып келдим де, маған жуўмақлаўшы сөз берилген пайытта: «Расул аға, қымбат бахалы саўғаларды атақлы биринши басшыларымыз тапсырды. Енди мен сизге олардан артық саўға бере алмайман. Соның ушын мен сизге Қарақалпақ елиниң бир қысым топырағын саўға етемен. Егер бизиң топырағымыз сизге әзийз көринсе, соны бағыңызға шашып тасласаңыз!» дедим. Расул Гамзатов сахнаға шығып, мени қушақлап баўырына басты да: «Төлепберген, қәтержам бол, бул Қарақалпақстан топырағы мен ушын да оғада қымбатлы. Мен бул топырақты өз бағыма сеўип қояман ҳәм мениң бағым буннан былай қарақалпақ бағы болады! Бизиң есигимиз сизлер ушын бәрқулла ашық!» деди... Бир қысым топырақ салынған шай қалтаны Расул аға көзлерине сүртип-сүртип алды... Усы пайытта залда отырғанлардың көпшилиги көзлерине жас алды. Иним, әне уқтыңба, туўған жер топырағынан қәдирли не бар дүньяда?...

***

Күнлердиң биринде Төлепберген аға «Ватан» газетасының редакциясына кирип келди. Усы күни тосаттан Шүкир аға Халмурзаев та келген еди. Биз бул пурсаттан пайдаланып дәрҳал сүўретшимиз Садық ағаны шақырдық да: «Өтиниш, уллы жазыўшыларымызды бирликте сүўретке алсаңыз» деп сорандық. Бас редакторымыз бөлмесинде Шүкир аға менен Төлепберген аға қатар турды. Сүўретшимиз оларды жарық тәрепке орналастыра баслады. Усы мәҳәли Төлепберген аға:



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Сизлер де келинлер дә!» деп өтиниш етти. Бизлер Мусылман Рустем екеўимиз еки шынарымыздың еки тәрепине барып турдық. Сүўретке түсип болғаннан соң сухбатымыз тамамланып, хошласып далаға шыға басладық. Төменге түссек «Ватан»ның бас редакторы Якубжан аға асығыс мәжилистен қайтып киятырған екен. «Ҳа, келинлер, келинлер. Қәдемлериңизге гүл питсин!» деп мийманларға қарай жүрди. Соң оларды ишкериге мирәт етти.

— Биз көп отырдық, газетаны мақтастық, соңынан сүўретке де түстик. Лекин, еки тәрепимизде—мениң менен Шүкирдиң қасында Нәбийжан менен Мусылман да сүўретке түсип қалды. «Егер мүмкин болса, жанымызда турған жаслардың сүўретлерин қырқып таслап, бизлерди ғана газетаңызда шығарып жүрмең! ... Гейде тилекке қарсы, көп редакцияларда жасларды қырқып таслаў әдетлери болады» деди Төлепберген аға.

— Туўры,— деди Якубжан аға дегишип, — Егер өзим де бирге түскенимде сүўретти қырықпастан шығарған болар едик. Енди өзлеринен көрсин!

Ҳәзил-күлки менен жөне ишкериледик.

— Сиз бас редактор болсаңыз керек?— деп сорады Төлепберген аға.

— Аўа, —деди Якубжан аға.

— Иним, биз бираз отырдық. Ҳақыйқатында да, «Ватан» газетаңыз жақсы шығып турыпты... Айрықша тарийхымызға байланыслы қызықлы мақалалар берилип турылғаны дым жақсы.

— Рахмет, Төлепберген аға!

— Сизлерге рахмет! —деди Төлепберген аға. — Енди бизге рухсат. Кеширерсиз, тағы бирде келемиз!

Қәдирли мийманларды узатып салғаннан кейин, биз әллен ўақытқа шекем өз-ара гүрринлесип отырдық... Якубжан аға устаз жазыўшыларымыз бенен бирге түскен сүўретимизди қырықпастан басып шығарыўға келисти. Биз болсақ, Қарақалпақстанның, Өзбекстанның, Түркстанның — Ўатанның бир қысым топырағын дүньядағы ҳәмме нәрседен, әзийз билген инсан менен сүўретке түскенимиз ушын күтә қуўанышлы едик. Ишимизден соны түсиндик: өз топырағын қәдирлеген инсан, биз ушын да қәдирли!... Илайым, топырақты әзийз билген инсан, Төлепберген аға топырақтай әзийз болғай!

*«Ватан» газетасы, 14-21-сентябрь, 1994-жыл.*
*Сораўлар ҳәм бақлаўлар жазыўшы*
*Нәбийжан Бахый тәрепинен*
*жүргизилген ҳәм жазылған.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҮШИНШИ МЫҢ ЖЫЛЛЫҚ БОСАҒАСЫНДА

Олий Мажлисимиз сессиясында журтбасшымыздың улыўма Түркстан деп аталған елатты бир ғана түсиникте тилге алғанлығының, соңынан «өзбек, қазақ, қырғыз... шайырлары хәм жазыўшылары, алымлары, усы қутлы жолда бирлесейик» деп, барлық түркстанлықларға мүрәжәт пенен шыққанлығының гүўасы болғаным ушын басым аспанға жетти. Арал теңизим қайта толысып, Әмиўте суў толып аққандай сүйиндим. Бул жағдайға, биз сүйинбей, ким сүйинсин!

Жазыўшы болғаным, қарақалпақлар тарийхынан шығармалар жазғаным себепли Түркстан тарийхы маған да мисли қуяш киби рәўшан. Биз түркий тиллеслер эрамыздың әўелги мың жыллықларында бирге болғанбыз. Екинши мың жыллықларда болса, уллы сахыпқыран Әмир Темур хәзиретлердиң халықларды бирлестириў жолында ислеген небир уллы ислерине қарамай, түркий тиллес халықлардың бир-биринен узақласыўы жүз берди. Әмир Темур жәхән тарийхына келместен бурын-ақ басланған түркий тиллес халықлардың бир-биринен узақласыўы, ол әлемнен өткеннен соң және даўам етти.

Бурынғы СССР мәмлекети екинши мың жыллықтың соңғы әсиринде бөлинген уллы Түркстанды өз мәплери жолында және бир неше бөлекке бөлип таслады. Тек бүгин ғана, тәғдирге мың кәтле шүкирлик етейик, биз жаңа мың жыллық босағасында турып дүньяға жарқын жүз, хақ нийет пенен нәзер тасламақтамыз. Иншалла, үшинши мың жыллық түркийтиллес халықлардың бирлесиў мың жыллығы болажақ.

Бизиң әўлад әне усы қутлы бирлесиўдиң беккем тырнағын қуя баслады. Ажыралыўлар азабын тартқан әўладтың өзи бирлесиў имаратын тиклеп атыр. Бүгин биз, Орайлық Азиядағы барлық ғәрезсиз мәмлекетлердиң халықларын Ўатан, улыўма үйимиз, қәдриятларымыз, мәдениятларымыз руўхында және де қәдирдан хәм бийғубар халда көре алсақ, әўеле, өзимизди узақ-жақындағы хәр қандай жаман көзлерден асыраўшы қалқан жаратқан боламыз.

Екиншиден, нийетлер пәклигинен әжайып орталық жүзеге келеди. Бул мухитте садықлық хәм хақыйқатлық камал табады. Әзелден бир болған халықлар мустақиллық дарақларын усы мухитте муддасыл таза руўхый азық пенен суўсынландыра билсе, оның бережақ зүрәәти, миўелери оғада татлы болатуғынына исенимим кәмил.

Хош, бизлер бул бойынша қалай қәдем таслаўымыз керек? Бул хаққында ойласам, қәлбимде күтә жақсы нийетлер пайда болады. Түркстанды улыўма үйимиз дегенде биз сиясий мақсетлер менен



www.ziyouz.com kutubxonasi

емес, тек ғана, жүрек буйрығы менен айтыўымыз керек. Ҳақыйқатында, түркий тиллеслердиң арғы бабасы биреў еди ме? Аўа, биреў еди. Биз де бүгин өзимизди сол уллы баба қанаты астында сезинейик. IX әсирден баслап руў-аймақшылық пенен бөлинип кеткен болсақ, енди Фарабий, Яссаўий, Ибн Сино, Беруний... сыяқлы ҳәммемиз ушын бир болған даналарымызды және де жақыннан таныйық. Оларды меники-сеники деп емес, ҳәммемиздики деп атайық.

Үшиншиден, түркийтиллес халықлар миллетлерге бөлингенинен соң дөретиўшилик әлеминде даўрық таратқан Наўайы, Мақтымқулы, Абай, Бердақ сыяқлы уллы көзгирлеримиз де бар. Оларды Наўайы өзбектики, Мақтымқулы түркмендики, Абай қазақтики, Бердақ қарақалпақтики деп бөлеклемей, ҳәммемиздики, бизики дейик. Себеби, олар қалдырған өлмес мийрас улыўма Түркстан ушын байлық ғой!

Төртиншиден, биз тарийхтан өзимизге дара-дара орын излемейик. Бул гәпим, әсиресе, тарийхшыларға тийисли. Ақыр, ҳәммемизди бир тарийх, бир тәғдир бирлестирип турыпты ғой. Хорезм де, Қарақалпақстан да әдим-әдимнен уллы Туранның бир бөлеги болған, Ўатанымыз болған. Әййемги даңқлы шәҳәрлер мәселесинде де пикиримиз бир жерден шықса, нур үстине нур болар еди. Бул шәҳәрлер халықларымыздың жетилискен цивилизациясы себепли жүзеге келген. Туран жери 4 миллион квадрат километрди қурайды. Оның аймағында ҳәзир ҳәр қыйлы миллетлерден ибарат 64 миллионнан аслам адам жасайды.

Мен жақында Қазақстанда болдым. Түркстан болса жанымызда. Бул халықлардың зыялылары да «Түркстан—улыўма үйимиз» деген сүреннен оғада ләззетленеди. Мен буны өз көзим менен көргенликтен бәрине, бүгин қалбимнен исенемен, шадланаман. Мендеги бул шадлықтың мәниси сол — Түркстан бирлиги бәрше түркий тиллеслердиң қалблеринде жатқан муқаддес түсиник.

Лекин, тарийх бетлеринен бийхабарлар да ушырасады. Еллеримиз арқалы Уллы Жипек жолы өткен дәўирде цивилизация гүллеп—жаснаған. Экономика, мәдeният, социаллық турмыс саласында Европадан озған пайытларымыз болған. Илгериде де айтқан бир гәпим бар, бүгинги Европа өз мәдениятын, негизинде, бизиң Шығыс мәдениятының тырнағы үстине қалаған. Шығыстан Батысқа теңиз жолы ашылып, Уллы Жипек жолы өз әҳмийетин жойтқан дәўирлерде олар бизден бираз озып кеткен. Бүгин биз үшинши мың жыллық босағасында турған екенбиз, алдымызда еки уллы мәдeният: өзимиздиң әййемги Шығыс мәдениятымыз ҳәм бүгинги Европа мәденияты



www.ziyouz.com kutubxonasi

турыпты. Биз улыўма үйимиз Түркстанды жаңадан бинйят етер екенбиз, тарийхый тәжирийбелерге сүйенген халда әне усы, хәр еки мәдениятттың ең сайланды тәреплерин қалпып алып, бир-бирине үйлестирсек, хәр тәреплеме утамыз.

Және бир гәп: Биз әййемги өз мәдениятымызға сүйенген бир пайытларды да зардуштийлик, буддизм сыяқлы динлерге де итибар қойған, ал соң ислам désininen руўхый уллы күшке ийе пайытларымызда Европаны да көрген азиялылар екенбиз, жаңа бирлигимиздиң тийкарларын белгилеўде улыўма инсаният ушын мухаддес тәреплерин де дыққаттан шетте қалдырмайық. Мейли «Таўрат», мейли «Забур», мейли «Инжил», мейли «Қуран» болсын, олар бир-бирин толықтырады, байытады. Түркстан топырағында жасаўшы барлық халықларды әне усы сыпатлар бирлестиреди. Егер биз усы бағдарда қолға қол берисип жасасақ, Түркстан бәрше халықлар ушын тендей улыўма Ўатан болады. Сонда биз жаңа дүньяға өрнек бола алатуғын Ўатанды дүзиўге күш-қуўатқа ийе боламыз.

Бизиң бүгинги әўладларымыз, өтип баратырған мың жыллықта жүз берген ажыралысыўларды жаңа мың жыллықта қайтадан бирлестириўге бел байлап атырғаны менен бахытлы. Бул нийетлер иске асса, келешектеги уллы дәўирдиң үлкен иеси болып табылады.

*(«Ўзбекистон адабиёти ва санъати» газетасының 1995-жыл, 16-июнь санынан).*
*Бас редактордың жаңа мың жыллық жөниндеги сораўына жуўап сыпатында жазылды*

## ХАЛҚЫНДЫ СҮЙ, ТҮРКСТАНДЫ СҮЙ

**— Төлепберген аға, билесиз, Түркстан халықлары азатлыққа ерискеннен соң, олар арасындағы әййемнен қиятырған туўысқанлық байланыслары қайта тикленди. Ата-бабаларымыздың әрманы — Түркстан бирлиги деген бас мәселе бүгинги әўладлар қалбинде жаңадан бой көрсете баслады. «Түркстан — улыўма үйимиз» деп аталған ассамблеяны бул үлкеде жасаўшы халықлар бир аўыздан қоллап-қуўатламақта. Сиз — Түркстанның елин шын сүйген бир перзенти сыпатында халықларымыздың улыўма тарийхы, тәғдири хәм келешеги туўралы әйне усы күнлери қандай қыяллар менен жасамақтасыз?**

— Биз, Түркстан халықлары, баслы фундаментимиз — миллий қәдириятларымыз, миллий мәмлекетимиз тийкарларын таный баслады. Лекин, көп жыллар бойы бул фундамент үстинде бийтаныс,



www.ziyouz.com kutubxonasi

аманат дийўал тикейтилди. Анығын айтыў керек, ол бир қарағанда, көз тартар еди. Биз оның көрки, саўлатына бийхуш болып жүре берипппиз де, бул дийўал саясында калып кеткен беккем фундамент туўралы ойлап та көрмеппиз. Бүгинлиги көзлеримиз ашылды, дийўал қулады, енди тийкарғы фундамент калды. Түркстан халықларының тәғдири хәм тарийхы әсирлер бойы ортақ дийўал тийкарында раўажланып келгени бүгин айрықша айдынласып бармақта. «Ат айланып қазығын табады» деген хикметли сөзди билемиз. Данышпанлардың «хәмме нәрсе ақыры-ақыбетинде тийкарғы ҳаслына қайтады» деген даналығы да бар. Мине, Түркстан халықлары да өз тийкарына — бир тил, бир дин, улыўма базарына қайтыўға бет бурды.

Биз бир шаңарақ ағзаларымыз. Ҳақыйқатында, бул шаңарақ — Ўатанымыз тәғдирине ҳәммемиз бирдей жуўапкермиз. Аға-инилик — туўысқанлық, аўызбиршилик пенен гөззал. Туўысқанлық, аўызбиршилик болса, дәстурханымыз нанға толып, қут-берекетимиз артады. Тарийхтан аға-инилердиң тажы-тахт, ҳәмел, мүлк таласыўлары, көбинесе, аўыр жағдайларға себеп болғанлығы мәлим. Лекин, түркстанлық бабаларымыз хәмийше жақсылық, мийирманлық пенен даңқ таратып келген. Түркстан әййемнен дүньялық илим-пән, мәденияттың орайы болған. Усы жерде «Маликаи данышпан» атлы халық китабынан оқыған бир рәўият есиме түсти: Рим маликасы әлемдеги данышпанларды алдына шақырып алыпты да, «Мен сизлерге мың сораў беремен, кимде-ким усыған қысқа, анық жуўап берсе, оған тахтымды инам етемен» депти. Хәмме данышпанлар хайран. Саўалларға жуўап бериў де аңсат емес қусайды. Нәўбет түркстанлық данышпанға жетипти. Ол мың сораўға: «Тирикликте адамға адам керек!» деген жалғыз ғана жуўап қайтарады. Сонда Маликаның кеўли толып оған өз тахтын берген екен.

Түркстанлықлардың даналықларын улығлаўшы бундай рәўиятлар, тарийхый мағлыўматлар, аўыз еки хәм жазба дереклер оғыры көп. Бул нелерден дәрек береди? Бизиң уллы тарийх жараткан халық екенлигимизден. Бул тарийх улыўма Түркстандики. Усы тарийхқа мүнәсип болыў бәримизден улыўма бирликти талап етеди. «Түркстан—улыўма үйимиз» демектиң бас мақсети әне усы ҳақыйқатты терең аңлаў сезиминен туўылған.

Усы әтирап халықларының бирлесиў жағдайында улыўма мақсетлерди гөзлеп өткериletуғын мәдений-билимлендириў усыллары айрықша орын тутады. Мәселен, мен: «мектеплеримиз ушын улыўма Түркстан тарийхы, әдебияты хәм географиясы бойынша сабақлық-қолланбалар жаратыў зәрүр», деген болар едим. Және де, Түркстанның бәршемизге ортақ жалаўы хаққында да ойлап көрген мақул болады дер едим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тәрбияда, оқыў-илимде Түркстан бәркулла итибарымызда турыўы тийис. Ўатанды сүйиўшилик ендиги жағында: «Халқыңды сүй, Түркстанды сүй» деген шақырықларға тийкарланыўы керек. Уллы келешегимизди ойлаған инсан тек ана журтын ғана сүйип коймай, пүткил инсаниятқа мехир-мухаббет руўхы менен нәпес алыўы дәркар. Мен хәмменин қәлбинде «Мениң жолым — халқымның жолы, халқымның жолы—инсаният жолы» деген даналық турыўын қәлеймен.

Биз — мусылман перзентлеримиз. Мехир-ақыбет, сабыр-қанаат, баўыры кеңлик әзелден қанымызға сиңип кеткен. Бул хаққында гәп етер екенмен, пайғамберимиз Мухаммед әлейхиссаламнан рәўият болып қалған бир хәдис ядыма түсти. Сахабалары бир жола Пайғамбериниз де хәўес етип былай депти:

—«Расулаллах, Сиз жүдә бахытлысыз, қыямет күни Аллатааланың алдында отырарсыз...»

Сонда Алланың расулы әстен бас шайқап, былай деген екен:

— «Жоқ, Қыямет күнинде Алланың алдында менен бурын Ийса пайғамбер отырған болады!» деген екен.

Не деген уллы данышпанлық хәм кишипейиллик пенен айтылған жуўап!

Расуллулахтың бул кишипейил пазыйлети хәммеге ибрат болыўы тийис.

**— Төлепберген аға, Сиз Арал тәғдири хаққында бурынғы СССР заманында да жазған, шығып сөйлеген едиңиз. Бирақ, СССР хүкимети ол заманларда өз жанын сақлап қалыў менен әўере еди. Енди, елимиз ғәрезсизликке ерискеннен кейин, әсиримиздиң бул үлкен машқаласын шешиў жоллары табылды ма?**

— Арал хәсиретлерин сапластырыў, мениңше, бир қанша мәселелерге байланыслы. Тийкарғы мәселе хаққында жоқарыда айтып өттик. Бул — Түркстан бирлиги яғный айналамыздағы күш хәм имканиятларды жыя билиў. Және бир айрықша усыл — дүнья жәмийетшилиги дыққатын усы жағдайға аўдарыў. Бул хаққында да бираз ислер исленди. Бизиң мәмлекетимиздиң Президенти Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң минберинен хәм басқа да халық аралық әнжуман хәм ушырасыўларда бул жағдайлар хаққында мәселени жанкүйерлик пенен ортаға тасламақта. Нөкис қаласында БМШ басшылығында Арал теңизи әтирапындағы жағдайларға байланыслы халық аралық әнжуман болғанынан да хабарыңыз бар. Қулласы, елимиз ғәрезсизликке ерискеннен кейин бул қайғылы аўхалды сапластырыў хаққында әмелий иске өтилгениниң гүўасы болып отырмыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бурынғы советлик дәўирде әмелий ислер дерлик исленбеген болса да, Арал апаты хаққында көп гәп болды, көп жазылды. Бул тема базы шайыр ҳәм жазыўшылар ушын да тартысып ылақ шабатуғын майданға айланған жыллар болды: қосықлар жазылды, намалар шығарылды. Лекин, дурысын айтсақ, бул да шеп болған жоқ, ҳәр қалай тәбият пенен ойнаўдың ақыбети қәтерли екенлигин жете сезиндик...

Енди болса «Арал бул жағдайға түспес еди ғой, неге бундай болды» деген сораў ой-қыялымыздан шықпайды?

Ҳәммеси Тәңриталаға аян. Турмысымызда жүз берген нақолайлықлар биреўлерди айыплаў менен дүзелгенде еди, дүньядағы бар машқалалар ислери әлле қашан дүзелип кеткен болар еди... Бизиң халқымызда «Атамнан қалған мийрас» деген түсиник бар. Биз буған туўра мәнисинде түсинемиз. Мийрастан қәлегенимизше пайдаланыўымыз мүмкин деп ойлаймыз. Бирақ, мийрас қәдирлениўи, кейинги әўладларымызға да пүп-пүтин қалдырылыўы керек ғой. Соның ушын мен бүгин ҳәр қандай мүлкке, байлыққа «бабамнан алынған қарыз, аманат» деп қараўдың ўақты жетти, деген пикирдемен. Инсан өне сонда өз перзентине пүтин қәлпинде тапсырыўы шәрт болған нәрсени талан-тараж етиўден тыйылар еди.

**—Бурынғы СССР дәўиринде Сибирь дәрьяларын Орта Азияға бурыў мәселеси көп тартысларға себеп болған еди. Бул мәселе, Сизиңше, ҳақыйқатында әмелге асырса болатуғын ис пе еди?**

—Өзиңиз билесиз, бүгин дүньяда буннан да машқалалы қыйын ислер әмелге асырылмақта. Егер де бурынғы СССР ҳүкимети Сибирь дәрьяларын Орта Азияға ағызыў мәселеси менен анықлап шуғыллан ғанда, шубҳасыз иске асырған болар еди. Бирақ бул мәселеге дыққат пенен қаралған емес. Бул нәрсе халықты ўақытша шалғытыў, СССРдың қүдиретин билдирип қойыў ушын ойлап табылған еди. Қалаберсе, бул мәселениң басқа нәзик тәреплери бар екенлиги де бүгин аян болмақта: яғный Орта Азияға суў әкелиўдиң басқа еллерге байланыслы болып қалыўы, болажақ экологиялық ақыбетлер ҳәм тағы басқалар. Бул гәп СССР турмысында күнделикли дәстүрге айланған уллы, лекин, еле қам режелер дүзип көрилиў (оларды иске асырыў-асырмаў шәрт емес еди) ҳәмме тараўда ақыллы емес, күш-қүдиретти көрсетип қойыўдың бир көриниси еди, болғаны.

**—Ғәрезсиз Өзбекстанда барлық миллетлер ҳәм миллет ўәкиллери азат ҳәм бахытлы турмыс кеширмекте. Сизиңше, нурлы келешекке үмит артыў қарақалпақ халқы тәғдирине қандай мазмун бағышлады?**

— Хабарыңыз болса керек, мениң дерлик, тийкарғы шығармаларымда қарақалпақ халқының миллет сыпатында қәлиплесиў жоллары



www.ziyouz.com kutubxonasi

оның түркий тиллес туўысканлары менен бирликке талпынып, өзлигин аңлаўға умтылыўы тарийхы сүўретленеди. Арал хәсирети мысалында биз хәммеден де көбирек жәбир тарттык. Сол себептен де Ўатанымыздың ғәрезсизлик алғаны ушын хәммеден де бетер қуўандық. Ғәрезсизликке ерисиў арқалы каракалпак халкы тилин, динин, миллий үрп-әдетлерин еркин раўажландырыўға, миллий мектеплерде, билим алыўды жолға салыўға, өз шараятына сай экономикасын көтериў имканиятына ийе болды. Бизиң халкымыз СССР дәўиринде куры атына сай Автономиялы республика саналды, ал хакыйкатында, әпиўайы область катарында еди. Каракалпак халкы енди ғана хакыйкый раўажланыў жолына түскен сыяклы.

**—Коммунистлик бийлик хүкимдарлығы тамам болғаннан кейин, хәмме тараўда, атап айтсак, әдебиятка да жаңаша караў басланды. Сиз бурынғы совет заманында жараткан шығармаларыңызды бүгинги [illegible] көз карасынан калай бахалаған болар едиңиз?**

—Мен усы ўакытка шекем жазған тарийхый шығармаларымның хеш кайсысына да өкинбеймен. Әлбетте, жыллар өтиўи менен айырым шығармалардың кемшиликлери анык көзге тасланыўы сөзсиз. Бул тәбийий хал. Ўакыт пенен бирге инсанның ишки кеширмелери, акыл-ойы да өсип, өзгерип барады. Туўры, бурынғы гүрлеген СССР жыллары әдебиятында коммунистлик бийлик хүкими тамамланыўы менен жүдә көп шығармалардың өмири де түўесилди. Лекин, бул СССР дәўиринде әдебият жаратылмады деген сөз емес. Бурынғы Совет дәўиринде совет әдебияты жаратылды. Және бир гәп, коммунистлик бийликтиң советше, сталинше келбети көп тәрептен инсаныйлыкка жат екени мәлим. Бирак, бул дәўирлерде де инсаният кадирқымбаты биротала жок болып кетпеди. Инсанның жаксы тәреплери әдебиятта, искусствомызда терең из калдыра алды. Соның ушын да, совет дәўириндеги әдебиятты шетинен бийкарлай бериў-әм инсаптан емес. Көз алдыңызға келтириңиз, класслык, коммунистлик идея үстинлиги себепли узак жыллар миллий әдебиятымыз анык үйренилмеди. Енди усы кәтени баскаша усылда тағы да тәкирарлаў шәрт пе?

Қыялымда биз кешеги күнимизди еле тереңнен талкылай алмай атырмыз. Бул мәселеде бираз хәйбәрекеллашылык-әм сезилмекте. Кимдур кеўилине жакын жазыўшы яки шайырды акламакшы болса, оны кешеги гүресшең, кешеги жәбиркеш етип көрсетпекши болады. Инсап та керек, акыры. Хакыйкатында, шынлык баскаша емес пе еди?

Мен азы-кем творчествомда халкымның тарийхы, руўхы хәм турмыс-тәризин сүўретледим. Каракалпак халкын дүнья танысын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

билсин деген нийетте шығармаларымның атын да миллетимнин аты менен атадым. «Қарақалпақ қызы», «Қарақалпақ дәстаны», «Қарақалпақнама»... шығармаларым усы нийетте дүньяға келди. Егер де усы шығармаларымды хәзирги шараятта қайта жазыў зәрүрлиги туўылса, мен оларды және усы ат, усы ўақыялар бойынша жазған болар едим.

**-Хәзирги ўақытта қандай жумыслар үстинде ислеп атырсыз? Жаңа шығарма жазып атырған болсаңыз керек?**

—Жаңа бир шығармамды питкердим. Ол «Қәлбимнин қамусы» деп аталды. Жақсы билесиз, кейинги жыллары турмысымыз жаңа ўақыялар менен байыды. Мен пайғамберимиз Мухаммед алайхиссаламның хәдислери хәм де Шығыс даналарының ең дүрдана хикметлерин оқып, қатты тәсирлендим. Олардың тийкарында жазылған ең кишкене ўақыяда да үлкен-үлкен романларға татығандай мәни жасырынған. «Қәлбимнин қамусы» шығармасы да бабаларымыздың даналық ғәзийнесине бир хәўес, қызығыў нәтийжесинде жазылған китап.

Бурын айтқанымдай, биз енди хақыйқый фундаментимизге қайта көтерилдик. Тәңритаала қуўатласа, бул фундаментке мүнәсип дийўал да тиклеймиз, сарай да бинят етемиз.

*(«Тафаккур» журналының*
*1995-жыл №3/4 санынан).*
*Сораўлар журналист Муртаза*
*Қаршибай тәрепинен берилген.*

## ХАЛЫҚТЫ ҚОРҒАЎ – ҚӘСИЙЕТЛИ ПАРЫЗ

**— Төке, алды менен Сыр елине келген қәдемиңиз қутлы болсын. Кеўлиңиз күтә көтериңки екен, хәр тәреплеме жеткиликли хәм мазмунлы тәсирленген боларсыз?**

— Айтқаныңыз келсин, иним. Енди қонаққа қойылатуғын дәстүрли саўалыңа оралайын. Биз сизге қонақ емес, бир-биринен еле еншиси алынбаған, аталас елмиз. Хәр күни басымыз қосылса бирге қуўанысып, муңымызға бирге реңжиген ағайинлермиз ғой. Бул аўылдың мен билмейтуғын қупиясы, ой-шуқыры жоқ. Себеби, мениң өзим Сыр менен Әмиўдиң арасын жол етип жүрген адамман. Мәселе онда да емес, жолға шыққаннан соң оның тәсирлери де, адамды шаршататуғын машқалалары да болады. Олай болмағанның өзи қызық та емес ғой. Аўа, гәп оның шыжығында емес, айта жүретуғын умытылмас қызығында ғой. Биз Сыр бойын аралаўды ең алды менен еки елдиң де етегин жаска, көкирегин муңға толтырып, ах урғызып



www.ziyouz.com kutubxonasi

атырған апатқа айланып атырған Аралдан басладық. Әжелдин орнында отырғанлар қамықпай, қабырғасы қайыспай әжайып турмыс кеширип атыр. Аўылды өзлеринин перзенти, билимли Бийғалий Қайыпов деген азамат басқарады екен. Оның парасатлы, билимли ҳәрекетлери маған унады. Аралдың апатынан соншама жетпесинликке қарамастан өнер кәсиби, қол өнершилери ҳәрекети раўажлана баслаған. Темир жоллары, дуз таярлаўшылардың талаплары да оңынан келип атырғанға усайды. Халық билимлендириўи тараўындағы унамлы ислери де кеўилге қонымлы, халықтың өзи бар қыйыншылықларын тәрезиге тартып, барлығына көнип, ийкемлесе баслағандай сезиледи. Дийханшылық әдеўир раўажланған. Сор-кебир жердиң өзин гүллендирип атырған тәжирийбелер буған мысал болады. Мал шарўашылығы тараўының аяқ алысы да жаман емес. Бул көринислердиң барлығы да елдиң заманға сай аяқ басыўға қомланғанының белгиси-аў деймен, иним.

Рас, тәбият та, ҳаўа да өзгере баслаған. Әтирапты ақ-сор топырақ қаплап басыўда. Аспаннан дуз жаўып тур. Адамлардың реңи де әжептәўир көринеди. Кенарына сыймай шалқып жатқан теңиз де келмеске кеткендей. Бизлердеги көринислер де дал усындай-аў. Бирақ мениң бир таңланатуғыным — әтирапымызды қоршаған бул сумлықлардан түңилип атырған ел-халық жоқ. Журттың бәрининң жүзинен, иси менен сөзинен өршеленген оптимизмди аңладым. Ертеңги күнге деген исенимди, базар қатнасықлары қыйыншылықларын жеңдириўге жумсап атырған ғажырлы-ғайратлы жалын ҳәм жигерди аңладым. Быйыл қурғақшылық болып тур. Буңдай да алды менен дийханшылықты ҳәр тәреплеме пухта шөлкемлестирмесе болмайды. Биз жерди атамыздан қалған мура деп қарамаўымыз керек. Бизлерде «Жер — суў, бабаларымыздан қалған қарыз» деген қағыйда бар. Усы жерде салыны көп егетуғын Жалағаш районының, соннан кейин өзлерине бар керегин өзлери өндирип атырған «Ақжарма» (Тереңөзек районы) аўылларындағы жигерли ҳәрекетлер бизлерди риза етти. Мийнетлери жемисли болып, оларға алланың нуры жаўсын! Ата-бабаларынан алған қарызын еселеп қайтаратуғын болсын!

**— Төке, Сизиң Арал апатшылығы ҳаққында жан дүньяңыз бенен әлемге жар салып жүрген ғайраткер екениңизди жақсы билемиз. Енди усылар жөниндеги ойыңызды азырақ айтып берсеңиз?**

— Орынлы сораў бердиң, иним. Бул ең алды менен XX әсирдиң қазақ, өзбек пенен қарақалпақ халықларына, соннан кейин гүллән Орайлық Азияға әкелген кесапатының көриниси, ақырзаманы десе де болады. Буны қудайдың ғарғысы шығар деп те ойлайман. Себеби,



www.ziyouz.com kutubxonasi

өткен ўақытлардағы буйрықшыл тоталитарлық заманда орайдың күтә кең өнешин толтырамыз деп, арзан абырай ушын жанталасыўдың ақыбетинде ата-бабаларымыздың өз әўладларына қарызға берген Жер, Суўының тәғдирин тәрк еттик. Жерди жаралап, суўды елсиз далаға ағыздық. Ең ақыр-соңында, мине, соның ғарғысына ушырап, көз алдымызда алақанымыздағы Аралдан айырылдық.

Мен Арал жөнинде талай-талай мақалалар жаздым. Талай минберлерден сөйлеп, бар даўысым менен шет еллерде де айтып жүриппен. Соңғы демим тамам болғанша айта беремен, айта беремен...

Себеби, Аралдан айырылыў, ең алды менен, халқы толығы менен қаракөзлерден туратуғын, сонлықтан да «Киши Қазақстан» деп аталып отырған Сыр елинен, Қарақалпақстаннан да айырылыў деген сөз. Соның ушын да, бул иске Қазақстан, Өзбекстан президентлери бирге бас қосып, бирлик пенен, келисим менен мәселеге хақ нийет пенен қарағаны дурыс. Сизлер айтып жүргендей, менде Сыр тәғдири — бул қазақ елиниң де тәғдири деп айтар едим.

Мен Арал тәғдирин айтайын деп 1990-жылы Меккеге хажылыққа да барып қайттым. Меккеде болып Кабаға маңлайымды тийгизип турып: «Халқымның аманлығы ушын, оның көз жасын көрегөр» деп Тәңриталаға жалбарынып тәжим еттим. «Бизиң маңлайымызға усыншама зулматты жаза берме, биз және қайда көшемиз!» деп халықларымыздың муң-зарын да жеткизген болдым.

Бизиң президентлеримиз бул мәселе жөнинде тез-тез ушырасып жүр. Быйыл жылдың басында Ташаўызда бирге бас қосты. Енди гүзде Нөкисте ушырасып Арал мәселесин тағы да додаламақшы. Алдымыздағы бул ушырасыў Бирлескен Миллетлер Шөлкеми дәрежесинде өтпекши. Енди, сол халық аралық абырайлы шөлкем басқа мәмлекетлерди бирлестирип, бир шарапатлы шара илажларын қабыл етеди-аў деп исенемен. Бирақ бир нәрсени умытпаўымыз керек, басқа бир ел өз халқының аўзындағысын алып хеш кимге бермейтуғыны бәршеге аян. Мәселениң түйини мине усы жерде. Қысқасы, биз өзимизди өзимиз сақлаўымыз керек. Өзимиз бирлесип, өзимиз күш жәмлеп апатшылық пенен гүреспесек, басқалар еситкен ўақытлары ғана қулақлары елеңлейтуғыны болмаса, басқа ўақытта биреўдиң жоғын биреў атқарып береди деп исениўдиң өзи қыйын. Және де қайталап айтаман: Өзимиздиң Ана жеримизди, суўымызды, мисли өзимиздиң геўдедеги жанымызды әжел оғынан қалай қорғайтуғын болсақ, тап солайынша қорғаўымыз тийис. Енди усы Қазақстан менен Өзбекстан бирге турып, әжелге арашашы болып хәрекет етпесе, изи хәсиретли мүшкилге айланатуғыны сөзсиз. Сол ушын бул



www.ziyouz.com kutubxonasi

аймақтағы гейпара илажларға шек қойып, хәр қыйлы зыянлы сынап көриўлерге калағалаў орнатқан дурыс. Булай болмаған жағдайда буның өзи жығылғанларға қосымша жудырықларға айналатуғыны айқын.

— Енди дәстүрли сораў. Сиз қазақлардың да сүйикли жазыўшысысыз. Бизиң оқыўшыларымыз Сизиң алдағы дөретиўшилик нийетлериңизди билгиси келетуғын шығар?

— Бизиң халқымыздың, дәўиримиздиң тарийхы хәр түрли көркем әдебиятларда сүўретленип жүр. Бирақ соның бәрине онша қанаатланып жүргеним жоқ. Себеби, XIX әсирден, мысалы қазақлар Абайды, бир неше ақын-жыраўларды ғана биледи. Өзбеклер Наўайыны және хәр әсирден еки-үш алымды ғана биледи. Қарақалпақ әдебияты Бердақты... биледи. Қарап отырсам биз, жазыўшылар, қара-пуқараларға «сен санасы төмен топассаң» деп урысыўға келгенде шебер екенбиз. Сөйтип, отырып өзимиздиң топас болып қалғанымызды сезбеппиз. Қазақстандағы қәлемкеш кәсиплеслерим мени кеширер, бәримиз «сен әжайыпсаң» деп мақтағанға, бир жерге барып қосық оқығанда қол шапалақлағанға да мәс болып жүре бериппиз. Халқымыздың, тарийхының қыр-сырын тереӊ ашып, көркем әдебиятқа айландырыўға ат үсти қараппыз. Бул аўхал мениң жанымды қыйнайтуғыны соншелли, майда-шүйде ойланыўларды да тыйдым. Сөйтип «Мениң жан-айқайым» (қарақалпақшасы «Мениң қәлбимниң қамусы», орысшасы «Энциклопедия моей души») деген бир неше бөлимлерден ибарат роман-эссе жаздым. Бунда ўақыя тарийх шынлығының дәл өзин ашыўшы диалоглар тийкарында әңгимелер жүргизиў арқалы раўажланады. Ҳақыйқатында, жанрлық жағынан «хәр түрли бас қосыўлар менен мәжилислерден репортаж» десе де болады. Ҳәзирги ўақытлары усындай бас қосыўларда да, көшелерде де диңкенди қуртатуғындай гүбир-сыбырлар көп. Бирақ олардың хеш пайдасы жоқ. Мен, мине усы «кеселлик» жағдайларды да қәлемге алыўға тырыстым. Бундағы идея — адам болғаннан кейин түбинде өлетуғыныңыз ҳақыйқат. Әттең, мисли хеш қашан өлмейтуғын секилли барлық орынларда таласлы ислерге тынбай араласамыз. Әне усындай ҳақыйқат ушын әўел өзимизди айыплап, тек дурыслыққа арқа сүйеп жасаўымыз тийис. Өмир талабы, әне усылай.

— Рахмет, Төке! Илайым денсаўлық болсын, дөретиўшилик ислериңизде сизге сәтлилик тилеймен!...

*«Егемен Қазақстан» газетасының*
*1995-жыл, 16-июнь санынан.*
*Сораўлар Қазақ журналисти Өтеген*
*Жаббархан тәрепинен берилген.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## «МӘНИСИНЕ ЖЕТКЕНЛЕР ЖЕРГЕ ҚОЯР БӨРКИНИ...»

**—Төленберген аға, 21-ноябрьде Ташкентте «Түркстан халықларының мәденият форумы» ашылды. Бул халық аралық әнжуманда «Түркстан — улыўма үйимиз» жәмийетлик ҳәрекетин шөлкемлестириў ҳаққындағы мәселе дыққат орайында турады. Күнделикли баспасөзден шығып сөйлеўиңизден бизлерге али, бул бойынша тағы нелер айтасыз?**

—Әўели айтарым «Түркстан — улыўма үйимиз» атлы сүрен көтерилип ортаға тасланыўы бәрше түркийтиллеслер ушын тек ғана қуўанышлы емес, айрықша мақтанышқа ылайық баслама!

Ең баслы мәселе «Түркстан — улыўма үйимиз» мәселесиниң кеңнен раўажланыўы ушын беккем тийкар салынды. Тукым өнимдарлы жерге түссе ғана күтилгендей зүрәәт береди. Усы қутлы мәселе ушын таярлық басланып, кейин әмелий ҳәрекетлерге кирисилгени адамды оғада қуўандырады. Ойлаўымша, Түркстан халықларының мәденият форумы исшеңлик руўхында өтеди хәм өз алдына қойған ўазыйпаларын сөзсиз орынлайды.

**—Сизиңше, форум алдында қандай ўазыйпалар турыпты?**

—Буны әнжуманның атамасы-ақ айтып турыпты: «Түркстан — улыўма үйимиз». Оның жәмийетлик орайын шөлкемлестириў керек. Усы орай, усы мәселе Түркстан халықларының улыўма мәдениятында, тарийхында хызмет көрсетиўге негиз болыўы мүмкин. Ҳәр қандай миллий мәденият дүнья мәдениятының ажыралмас бөлеги — жәҳән мәденияты миллий мәдениятлардан қуралады. Түркстан халықларының мәденияты да Уллы Жипек жолы арқалы Шығыс хәм Батыс пенен беккем байланған: биз Қытай, Хиндстан, Византия, Россия, Иран мәдениятларынан нелерди алған болсақ, әйне пайытта олар да Түркстан мәдениятынан өзлеринше сондай қуўатлар алған, үлги алған. Усы «алды-берди» (тек үнемлеў мәнисинде емес) жағдайы ҳәзир де бизди бирлестиретуғын өзек болып хызмет етиўи мүмкин. Демек, тарийхтағы бизлерди бирлестирген нәрселерге көбирек әхмийет бериўимиз лазым.

**—Гәп өз-өзинен тарийхқа барып тақалмақта. Түркстан тарийхы мәселесинде ойларыңыз?**

—«Маликаи данышпан» атлы өййемги халық китабы бар. Мениң ойымша, оны көпшилик оқыған болыўы тийис. Сол китапта жазылыўына қарағанда, Рим патшасының гөззалықта тени-тайы жоқ қызы ержеткен соң, ҳәзирги түсиник пенен айтқанда, күйеўлерди «тест» сынағынан өткизгенинде түркстанлық жигит басым келеди хәм Рим салтанатының бар бийлиги оған тапсырылады... Бунын



www.ziyouz.com kutubxonasi

менен не демекшимен? Акыр, биз жакынға дейин бир ат пенен түркстанлы деп келинген едик. Ҳәммемиз Түркстанлымыз. Солай екен, гене тарийхымызда да көбирек Түркстан халыкларын бирлестиретуғын күшлерден үйрениўге тийкарғы дыккат-итибарды каратыўымыз зәрүр. Дурыс, тек Түркстан тарийхында емес, улыўма дүнья тарийхында урыс-жәнжеллер көп болған. Бирақ, бизиң максетимиз арқаға қайтыў емес, бәлки келешекке — жигирма биринши әсирге бир жағадан бас шығарып, бир тән, бир жан болып барыў керек. Солай екен, Түркстанның улыўма тарийхын үйрениў барысында актив ис алып барылыўы лазым. Керек болса, Орайлык Азиядағы барлық республикаларда «Түркстан тарийхы» сабаклығы өтилсе де шеп болмайды. Түркстан зәмийнинде улыўма үй шөлкемлестириў керек екен, демек, тарийхтың азарлы жараларын ҳәзир геўлестирмей турайық. Әўеле тарийхтан меҳир-мәлҳәм излейик, тарийхта меҳир-мәлҳәм жеткиликли. «Бас жарылса, бөрк астында» деген накыл бар. Бир жағадан бас шығарған халыклардың шубҳасыз, максети де биреў болады.

**—«Түркстан тарийхы» сабаклығы ҳаққындағы пикириңиз жүдә орынлы. Түркстан әдебияты ҳаққында кандай пикирдесиз?**

—Мен илгериде де бул ҳаккында баспасөзде, шығып сөйлегенлеримде айткан едим. Ҳәзир сол пикиримди тәкирарлаўым мүмкин. Түркстан әдебияты илимин шөлкемлестириў лазым. Онда болажак әдебиятшылар тек Түркстан шеңберинде емес, ҳәтте бәрше түркийтиллес дүнья шеңберинде де сабақ алады. Акыр, мың жыллар даўамында жаратылған әдебий мийрасымыз улыўма ғой. Демек, Кашғарий, Яссаўий, Фарабий, Ибн Сино, Жәмий, Наўайы, Физулий, Мақтумкулы, Абай, Бердак мийраслары хәр кандай илимге толық тийкар болады. Аўызеки дөретпемиздиң каҳарманлык дәстанлары, мәселен «Манас» эпосы ҳәзир де ушкыр қыялларымызды шарыклатады. Олардан канша үйренсек те арзыйды. Ҳәтте түркстанлы атақлы жазыўшымыз Шыңғыс Айтматов 70-жылларда жазған «Ақ пароход» повестиндеги инсан ҳәм тәбият мүнәсибетин жаратыўда «Манас» ка сүйенгенин дәлиллеген еди. Халық аўызеки творчествосы тәсир жасаса, жазба мийрасымыз шеберлик сырларын үйрениўимиз ушын мектеп болады. «Түркстан әдебияты» да окытылса нур үстине нур болар еди.

**—Ортада тил мәселеси бар ғой?**

—Дурыс, тил мәселеси бар. Лекин, Хожа Ахмет Яссаўий қайсы тилде жазған? Акыры оның ҳикметлерин барлық түркийтиллес халыклар түп нускадан аркайын окыйды, аркайын түсинеди. Мине, бир төртлиги.



www.ziyouz.com kutubxonasi

*«Хошламайды алымлар, бизиң айтқан түркийди,*
*Орифлерден еситсең, ашар көңил мүлкини,*
*Турмыс, өмир мәниси, түркий болса муўапық,*
*Мәнисине жеткенлер, жерге қояр бөркини».*

Бурынғы СССР салтанаты ҳүким сүрген дәўирде түркийтиллеслер ортасындағы парық әдейи күшейттирилди. Соның ушын енди түркий тиллерди жақынластырыў туўрасында да қатты бас қатырыў лазым. Ең кеминде отыз-қырық жылға мөлшерленген «тил ҳаққында дәстүр» ислеп шығылып, басқышпа-басқыш турмысқа асырылса жақсы болар еди.

Мениңше, бул исти кеңирек қамтыў керек. Себеби, түркийтиллес халықлар тек Түркстан территориясында ғана жасамайды. Түркстан бәрше түркийтиллес халықлар ушын әййемнен-ақ ата журт болған. Және өзлигине қайтпақта. Буннан кейин де ата журт болып қалады. 1992-жылғы мағлыўматларға қарағанда, ҳәзир пүткил дүнья бойынша түркийтиллес халықлар жасайтуғын орынларда жәми үш жүз миллион әтирапында адамлар жасайды. Жер майданы 14-15 миллион квадрат-километрди қурайды екен.

Әлбетте, Түркстан өзинен тысқарыдағы түркийтиллеслер ушын үлги болыўы лазым.

—Төлепберген аға, өз-өзинен мынадай саўал туўылады. Хош, не ушын «Түркстан —улыўма үйимиз» —деген мәселе көтериледи?

—Дүнья жүзинде «Салқын урыс дәўири тамам болды». «Европа — улыўма үйимиз» деген мәселе буннан отыз жыл илгери көтерилген еди. Ҳәзир Европаның оннан артық мәмлекети мине усы «үй» астында дерлик бирлести, бажыханалар, шегара тосықлары әсте-ақырын сапластырылып атыр. Европа мәмлекетлери «Улыўма үй»де биринши гезекте ишки базарларын, миллий қадирятларын Европадан тысқары мәмлекетлердиң қысымынан қорғаў ушын, қала берсе машқалаларды биргеликте шешиў нийетинде бирлеспекте. Себеби, экология апатшылығы киби дүньялық мәселелерди бир-еки мәмлекет өзлигинен ҳал ете алмайды...

Соған усап ҳәзир Түркстанның улыўма бирлесиўи дәслепки нәтийжелерди берди деўим мүмкин. Мысал келтиремен. Мен СССР халық депутаты едим. Қурылтайлардың биринде Арал мәселеси ҳаққында БМШ қа мүраҗат етиў ҳаққында усыныс киргиздим: бул усынысты рәсмий тастыйықлатыў ушын сергиздан болдым. Бирақ, бәри бир, рәсмий түрде сол усынысымды ҳеш қандай күн тәртибине киргизбеди. Себеби, Арал апатшылығы ораййды оншелли тәшўишлендирмес еди. Оларды көбирек бизиң пахтамыз қызықтырар еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жакында «БМШ тың дүзилгенининң 50 жыллығына» бағышланған әнжуманда Өзбекстан ушын ажыратылған бес минутлық пурсатта бизиң Президентимиз Арал апатшылығы хаққында күйип-жанып сөйледи! Арал апатшылығы әпиўайы апат емес, хәтте дүнья шеңбериндеги апатдур, бул апатты сапластырыўда БМШ айрықша итибар бериўи керeклиги айтылды. Көрдиңиз бе, биз өз мәселелеримизди халық аралық шөлкемниң минберинен батыл айтыўымыз ушын гәрезсизлик қаншелли қымбатлы болса, енди соған уқсас мәселелеримизди бир жағадан бас шығарып хал қылыўымыз ушын улыўма үйге — бир ғана Түркстанға бирлеспегимиз турмыс талабы болып қалды.

**—Төленберген аға, мине Өзбекстан дүньядағы жүзден артық мәмлекет пенен дипломатиялық қатнас орнатты. (Орайлық Азиядағы басқа республикалар да дүньядағы көп ғана мәмлекетлер менен усындай мүнәсибетлер орнатты). Сырт мәмлекетлерди жақыннан таныў менен бирге халқымыздың дүньяны таныўы ортасында көлденеңлик сезилип атырған жоқ па? Айтажағым, халық дүньяны билиўде мәмлекет сиясатынан артта қалып атырған жоқ па?**

—Дурыс. Биз бурынғы СССР дәўиринде де сырт мәмлекетлерди азлы-көпли билер едик, таныр едик. Лекин, ол дәўирде биз, тийкарынан, СССР дың көзи менен, оның мәплери менен ол яки бул сырт мәмлекетке мүнәсибет билдирер едик. Енди сырт мәмлекетлерге Өзбекстан, Түркстан мәплери көз-қарасынан мүнәсибет билдирмектемиз. Мениңше, «халықлар дослығы», яки «Сырт ел әдебиятлары» типиндеги бир журнал шөлкемлестирилиўи лазым. Сол журналда Өзбекстан хәм Түркстан республикалары дослық мүнәсибет орнатқан сырт мәмлекетлер туўралы халқымыз ушын керекли мағлыўматлар менен қоса сол еллердиң әдебиятларынан үзиндилер берип барылса, шеп болмас еди.

*«Халқ сўзи» газетасының 1995-жыл, 21-ноябрь санынан. Сораўлар жазыўшы Нәбийжан Бақый тәрепинен берилген.*

## ЖАҢА ЖЫЛДА ЖАҢА РОМАН МЕНЕН

**—Төленберген аға, жаңа жылды Сиз қандай нийетлер, қандай режелер менен күтип алдыңыз? Өмиримиздиң бүгинги басқышы хаққындағы жеке пикирлериңиз бенен ортақлассаңыз?**

—Биз өтиў дәўиринде жасап атырмыз. Соның ушын дәслепки ўақытлары оқыў имканиятлары болмаған көп шығармаларды оқыўы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мызға, еркинлик дәўиринде республикамыз жоқары шыңларға жетиўинде зәрүр болатуғын жүдә көп нәрселерди үйрениўимизге туўра келеди. Мен тарийхымызды терецирек үйренген сайын еле көп нәрселерди жүзеки билетуғынымызға исендим. Бүгинги күнде алымларымыз түп нусқасында бизге жеткерип берип атырған ҳәзирети Яссаўий, Нажимаддин Кубро, Замахшарийлар ғана емес, бәлки Ибн Сино, Алийшер Наўайыларды ҳәм Хорезмийди де жақсы билмейди екенбиз. Тарийхымыз жүдә бай. Ал, ҳәзирги дүнья әдебиятына нәзер салатуғын болсақ, әййемги Шығыс әдебиятының тәсиринде жүдә көп шығармалар жазылғанын көремиз. Өз дәўиринде Лев Толстойдың, Шекспирди де көп нәрсени Шығыстан алады деп критикалаған. Ҳәттеки Гёте, Гейне, Виктор Гюго... сыяқлы уллы даналар Шығыс әдебиятынан көп үйренгенин, Шығыс сюжетлерине шығармалар қурғанын жақсы билемиз. Олар Шығыс әдебиятын оқып үйренип, билим алып, мине усы билим менен Европаға үлги көрсетти. Енди усы билимлердиң көпшилигин биз олар арқалы қайта үйренбектемиз. Бирақ, олар бул илимди қалай болса солай емес, өзлерине бейимлестирип, жаңаланған халында алған екен.

Соның ушын да, ҳәзир бул ҳаққында әдебий шығармалардан гөре илимий мақалалар көбирек жазылып атыр.

—Аға, сиз түркийтиллес әдебиятта өзине тән орын тутқан үлкен жазыўшылардансыз. Тек ғана түркийтиллес халықлар емес, ал дүнья еллери шығармаларыңызды оқып, усы елдиң тарийхы, бүгинги мәдениятты ҳаққында жүдә көп мағлыўматлар, тәсирлер алады. Усы күнлерде сиз қандай ойлар менен жасап атырсыз? Қандай шығармалар дөретиў менен машқулсыз?

—Ҳәзир адамлардың көпшилиги өтиў дәўири ҳаққында ашық түрде автобусларда, көшелерде, түрли жыйынларда ҳәр қыйлы пикирлер айтысатуғынының да гүўасымыз. Өтиў дәўирине тән болған қыйыншылықларды кимлердур түсинип атыр, кимлердур түсинбей атыр. Бул ҳаққында расын айтыў керек. Мине усылардың тәсиринде «Қәлбимнин қамусы» деген шығарма жазып, онда өмиримиздиң көп ғана майда-шүйделерине де итибар берген болдым. Яғный, бизиң бабаларымыз ким еди, бүгин қандай дәўир, аўқам неге тарқап кетти? Қайыпбергенов сиз кимсиз? Қарақалпақстан түркийтиллес халықлар арасында қандай үлке? Илим әўеле қандай болған, ҳәзир өтиў дәўиринде қандай, келешекте қандай болады? Соның менен бирге, түркийтиллес халықларға ортақ илим дегени неден ибарат? Түркийтиллес халықлар келешекте бириге ме? Олар биригетуғын болса,



www.ziyouz.com kutubxonasi

тили бириге ме?, олар бир-бирин түсинетуғын дәрежеге жете ме? Бир-бирин түсиниў ушын не қылыў керек?... Егер усы китапты шығарсам ҳақыйқый мустақыллық дәўириниң жазыўшысы сыпатында елге қылған хызметим болады.

**—Төленберген аға, айтыўыңызша әжайып шығарма дөретип, онда ҳәзирги машқаланы көтерипсиз. Расында да, ким един, ким болдық? деген сораў бүгинги күнде көпшиликтиң ойында бар. Ойлайман, бул шығарма бул сораўларға жуўап берипти. Ҳәзир ҳүкиметимиз басшысының ғамхорлығының арқасында жас талантларға қолдап келгенше шараятлар ашыратын бериў бойынша ҳәрекетлер болып атыр. Бул қайырлы ислер қарақалпақстанлы талантлылар өмиринде қалай сәўлеленип атыр?**

—Өзиңизге мәлим, Қарақалпақстанның территориясы кең. Өзбекстанның 37,8 пайызын қурайды. Сол ушын да, бул үлкедеги районлардың, қалалардың аралары күтә алыс. Оларға барып келиў де аңсатқа түспейди. Мәселен, бир район менен екинши район аралығы Андижан, Ферғана, Наманган ўәлаятларының үшеўине барып шығыўдан алыс... Әне сол себепли мен Қарақалпақстан жазыўшыларына баслық болсам да, бәрше менен тең болыў мақсетинде, Қарақалпақстан Жазыўшылар Аўқамының баслығы минип жүретуғын машинаны ҳүкиметтиң өзине бийпул қайта тапсырып, шоферлық штатты қысқартыў арқалы Жазыўшылар аўқамына ағза болғанлардың пүткил Қарақалпақстанның кең территориясы бойлап жәмийетлик транспортларға бийпул минип,калеген районына барыўына мүмкиншилик сорандым. Бизиң Қарақалпақстан ҳүкимети мени дурыс түсинип, күтә қайырлы ис қылды. Яғный, Қарақалпақстанда жасайтуғын Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан жазыўлар аўқамының ҳәр бир ағзасы пүткил Қарақалпақстан бойлап бәрше тәреплерге гүллән автобусларда, троллейбусларда бийпул жүретуғын ҳүкимет қарары шығарылды... Усылайынша, ҳәзирги базар қатнасығына өтиў пайытында жазыўшыларымыз транспортларға жол ҳақы төлеўден азат қылынды. Бул ҳәзирше биринши унамлы ҳәм керекли шараят.

*«Ўзбекистон адабиёти ва санъати» газетасынан*
*1996-жыл, 1-январь санынан.*
*Сораўлар Журналист Минажаддин Мырза тәрепинен берилген.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АРАЛ ТЕҢИЗИНЕ ДЫҚҚАТ КЕРЕК

...Мен сизлерге, биринши көз қараста, әдебият мәселесинен қашық болған машқалалар ҳаққында айтқанды мақул көрдим. Себеби, суў менен байланыслы көп ғана бахытсыз жағдайлар; аўырманлықлар, жазыўшылардың билдирген пикирлери ҳәм сөзлериниң жәрдеминде шешилгени, дүзетилетуғыны ҳәммеге мәлим. Бирақ бизде машқала шешилмей қалып киятыр. Бул жерде айтажағым: жүз мыңлаған, миллионлаған заманласларымыздың өмири ҳәм тиришилиги, бизиң әўладларымыздың келешеги ҳаққында. Демек, бас ўазыйпа гәп Орта Азиядағы мелиорация машқаласы, соның ишинде, ең әҳмийетлилери-нен бири, бизиң жерлеримизди, Азияның ең үлкен шөлистанлықлары есапланған, Қызылқум менен Қарақумның басып кетиўинен аман сақлаўшы тәбийий күш Арал теңизин қурып кетиўден қутқарып қалыў машқаласы болып табылады.

Буннан бир неше күн бурын Нөкисте Арал машқалалары бойынша ҳүкиметлик комиссияның биринши мәжилиси болды. Онда кескин түрде пикир тартыслары, қызғын додалаўлар болды, наразылық кейипте де пикирлер айтылды. Сонда Аралды қорғаўға қарсылардың арамызда бар екенлигине көзим жетип ғана қалмастан, ал олардың табан тиреп турғанларына да көзим жетти. Соңлықтан да, бул жерде айырым фактлер менен өз пикирлеримди келтирип өтким келеди.

Аралдың ең жаңа тарийхы — тәбиятты бойсындырыўшының қоршап турған орталыққа тәсириниң қайғылы нәтийжеси болып табылады. Билесиз бе, шерек әсир ишинде, бир әўладтың тусында, акваториясы 6 миллион гектардан аслам ҳәм орташа тереңлиги 69 метрге болған теңиздиң жер бетинен жоқ болып кетиўиндей жағдайды инсанияттелеге дейин көрген бе? Мениңше көрмеген! Ҳақыйқатында, бүгинги күни теңиздиң ярымы дерлик қурғап қалды.

Әмиўдәрья ҳәм Сырдәрья, мине, бир неше жыллар даўамында теңизге келип қуймай атыр. Ал географиялық ҳәм басқа да карталарға қарасаң, бәри тап буннан 30 жыл бурынғыдай, өзгерместен қалмақта. Буннан, бәлким, қағазда дурыс болса, демек, ис жүзинде де дурыс болғаны, деген үйреншикли әдетти көриўимизге болатуғын шығар, Нелерге «ерискенимизди» көрсетиўге елеге дейин қорқамыз ҳәм уялып келмектемиз... Ал, Мойнақ ҳәм Аральск деп аталған теңиз портлары болса, әлле қашан бир неше километрге дейин қумлықларға айналып қалды.

Бул бүгинги турмыс шынлығы. Жағдай, атап айтқанда, усы жерде пүткил Әмиўдәрья бассейнинде, инсанияттың хожалық жумысының



www.ziyouz.com kutubxonasi

унамсыз нәтийжелери топланып калыўы менен тағы да тереңлеспекте, кыйынласпакта. Ишимлик суўда күтә көп муғдарда фестицитлер, төгинлердиң калдыклары, хәр кыйлы дузлар бар. Илимпазлардың мағлыўматлары бойынша, егер, тутас алғанда, елимизде төгинниң орташа нормасы гектарына 30 килограммды кураса, ал Орта Азияда ол 480-600 килограммға дейин, зәхәрли химикатлар тийислилиги бойынша 1-2 килограммды кураса, бизде 34,4 килограммға дейинги муғдарды курайды.

Соңғы жыллар ишинде жүз мыңлаған гектар тоғайлар, дәрьяның куярлығындағы камыслыклар куўрап калды, хайўанатлардың, куслардың, балыклардың көплеген түрлери жоқ болып кетпекте. Келешек күтә түнериңки болып көринеди, себеби экологиялык апатшылык дөнип киятыр.

Бүгинги күнниң өзинде-ак бир нәрсе айкын болмакта: кыстаўлы түрде мәмлекетлик илажлар әмелге асырылмаса, регионның үлкен бир бөлегиндеги халыктың жасаўы мүмкин болмай калады, хәзирдиң өзинде де Арал бойларынан адамлар көшип кетпекте.

Әмиўдәрьяның куярлығында болғанлар, әлбетте, көп санлы археологиялык естеликлерди кызығыўшылык пенен көзден өткергени айкын. Бизде хәтте тутас бир район Еликкала (50 қорған-кала) деп аталады. Оның аймағында 200 ден аслам археологиялык естеликлер бар. Тарийхшылар буннан бир неше әсирлер бурын Шыңғыс ханның жазалаў илажлары тийкарында, Әмиўдәрья әййемги аңғары бойынша Каспийге карай мажбүрий бурғызылған деп те тастыйыклайды. Усыған байланыслы сол гезде Арал теңизиниң дәрежеси де кескин пәсейген, ыклым шараятлары хәм суў жағдайлары өзгерген. Халык өзлериниң үйлерин, калаларды, кең-кең жерлерин, өзлери туўылып өскен ўатаның таслап кетиўге мәжбүр болмакта.

Бирақ усындай кеўетерли тарийх ескертиўлери де толык түсинилмей, итибарсыз қалды. Адамлардың бул «атланысларына» әййемги Арал узак ўакыт шыдам берди. 1960-жылға дейин суўдың дәрежеси, тийкарынан, турақлы жағдайда болды. Сол ушын Аралға бийпарыклыклар өз ўактында токтаўы керек еди, бирак жәмийетлик хүжимлер күшейип жанадан жаңа есапсыз жерлер өзлестирилди.

Хожалык жүргизиўшилер хәмменин үнсиз жағдайында, хеш нәрсени билмегендей кейпиятта болыўын, дәбдебели рапортлар менен өзлериниң ислерин даўам ете берди, ал илимпазлар бир неше онлаған жыллар даўамында бул машкалаларды үйренип барды. Жабык есиклер артында әнжуманларға, семинарларға, кеңеслерге жыйналды. Дурыс,



www.ziyouz.com kutubxonasi

олар, өңирлеринде орденлер толып кеткен айырым хожалык басшыларын да жыйналысларға мирәт етти. Жарым-жарты усынислар хәм толық емес карарлар кабыл етилди. Тилекке карсы, олар да орынланбай калды. Ал айырым адамлар дыккатка алынбаған ескертиўлер кылса да, кәўстерли жағдайды жакынластырып атырғанын сезип те жүрди... Кыс болса, бурынғыларға карағанда суўығырақ, ал жаз болса, ыссырақ бола баслады. Базыбир апатшылықтың ақыбетлери Арал бойларының хәм пүткил Орта Азияның өсимлик хәм хайўанат дүньясы ушын, дүнья жүзилик ықлым шараяты ушын айтып болмайтуғын ақыбетлерге алып келетуғынлығы түсиникли болып турды. Әне, бул жағдайларды түсиниў ушын болған хәрбир кеңес, шыпакерлердиң өз-ара жыйналысын өлим халындағы наўкасты калай куткарыў бойынша мәсләхәтине емес, ал, көбирек, өлим халындағы наўкасты жерлеў калай шөлкемлестириў бойынша комиссияның мәжлисине көбирек уксап кететуғын еди. Гәп, тийкарынан, онша шаўкым шығара берместен, елеспесиз түрде, хүждан алдында да онша кысына берместен, ойсыз хәрекетлердиң кайғылы калдыкларын билдирместен, кумға көмип таслаў хаккында болды.

Бүгинги күнде, ең баслы мәселелер тап Гамлеттиң алдына койылған сораўдай болып тур. Адамлар өзиниң ата-бабаларының жеринде жасаў мүмкиншилигине ийе ме, ямаса жасай алмай ма? Калайынша усылай болды? Не ушын елимиз Конституциясының 57-статьясы халкымызды корғай алмайды? Бул статьяда былай деп жазылған ғой: "СССР дың пукаралары, олардың... өмирине хәм ден саўлығына кол катыўлардан судлық жол менен корғаў хукықына ийе болады".

Енди кимлер менен судласыў керек? Дәрья бойындағы ўәлаятлардың бурынғы басшылары менен бе? Олар болса, бүгинги күни, тийкарынан, парахорлар, хүкиметтиң байлықларын талан-тараж еткен жынаят жуўапкершилигине тартылмакта. Ямаса ең бас мелиоратор хәм суўды бөлистириўши болған СССР суў хожалығы министрлиги менен судласыў керек пе? Оның инталы хәм жигерли хамалдарлары бизиң кайғымызды жүрегине жакын кабыл еткен болып, хәттеки, «егер каржы тапкандай болсак, суўды душшыландырыўшы кишигирим әсбаплар орнатып беремиз» деп, усыныс етти. Әттең, исленген гүллән әсбаплардың биринши топарын, яғный усындай әсбаплардың 150 данасын биз ушын ажыратыўға ўәде берди. Олардың статистиканы жақсы билетуғыны көринип тур. Себеби, бизиң менен сизлердиң кутә үлкен жер массивлерин өзлестириў ушын миллионлаған тонналарда көринген, ажыраткан миллиардларымыз адамға тәсир етпей



www.ziyouz.com kutubxonasi

турмайды. Ең болмағанда, бурыннан сыналған, оған сөз айтыў қыйын болған пахта намысы, Ўатанымыздың салы ғәрезсизлиги ҳаққында сөзлер менен бүркелип қорғалмақта. Қайсы бир жазыўшының, жоқарыда айтқанындай, бир ырғаққа салып айтып турған жөмийетлик хордан, даўысы, өзинше, каттырақ шығыўы мүмкин? Қайсы жазыўшы даўласқанда, булардан асып түсиўи мүмкин? Бизлердиң бәримиз шөлистаныяклар арасындағы усы үлкен суў айдынының ең баслы ўазыйпасы — тәбийий қуяш нурын қабыл етиўши болып хызмет ететуғынын умытып кеткендеймиз. Теңиздиң қурыўына байланыслы бир неше әсирлер даўамында топланып қалған дузлар ашылып қалмақта. Илимпазлардың есаплаўларына қарағанда, хәр жылы самал менен Арал теңизиниң ултанларынан 75 миллион тонна дузлы шаң тозаң көтериледи. Бул дузларды жайластырыў ушын, шама менен, узынлығы 12 мың километр темир жол вагонлары талап етилер еди. Соңғы жыллар ишинде самал Қарақалпақстанның, Түркменстанның арқа районларының аймағы бойлап 1 миллиард тоннаға жақын шаң тозаңды ушырды. Буны да темир жол вагонлары менен өлшесек, онда экватордың узынлығынан 4,5 есе узынлықтағы вагонлар талап етилер еди. Дузлы шаң тозаңлар Қубла Арал бойының әжайып тәбийий орталығының бузылыўын тезлетпекте.

Жақында «Коммунист» журналы былай деп жазды:

«Инсаният тарийхы, ойсыз хожалық жумысының тәбиятта изге қайтпайтуғын қаншелли дәрежеде қыйратыўшы процесслерди пайда еткенлигинен сабақ аларлықтай көплеген мысалларын биледи. Бүгинги күни бизлерге мәлим болған, қуўрап қалған сахра регионы бир ўақытлары зүрәәтли диййқаншылық зонасы болған. Бул жерде өзлериниң күнделикли нанын тапқан адамлар, олардың көп ҳәрекетлерин үйренилгенде, басшылары тәбийий нызамларға қарсы ис тутқан ҳәм бул ушын тәбият тәрепинен қатаң жазаланған. Азия шөлистанлықлары ҳаққында усылай деп айтыўға болады».

Бул цитатаны тәбияттты терең изертлеўши уллы орыс илимпазының «жерге ийелик етиў — бул тек ҳуқық ямаса артықмашылық емес, ал әўладлардың алдындағы суд жуўапкершилиги қәўпин туўдыратуғын аўыр мийнет болып табылады» деген дана сөзлери толықтырады.

Бизиң көп әўладларымыз бүгинги күни туўылып дүньяға келмекте, ҳәм олар тап ертеңине жет лей-ақ дүньядан өтпекте. Өмирдиң қуўанышын көре алмай дүньядан өтип кеткен нәрестениң қайғылы көз жасларының бир тамшысын да, оның жасамаған өмирин ҳеш нәрсе менен ақлаў мүмкин емес ғой!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дөнип киятырған апатшылық — бул тәбияттың көзсиз күши алдында тәслим болыў емес, ал инсанның жынаят дәрежесиндеги бийпәрўалығы хәм өзине болған хәдден тыс исениминиң ақыбети болып табылады. Бүгинги күни Аралды қутқарып қалыў — бир хөнкил турмыс кешириў ушын шараятларды саклаў. Әне, бул бүгинги дүзимниң абырайын сақлаў мәселеси, бул бизиң келешегимиздиң мәселеси!

Мен бизиң жәмийетимиздиң айрықша әхмийетли тәжирийбелерине хәм жазыўшыларымыздың мақалаларында айтылған Байкалдың, Ладоганың тазалығы ушын шын кеўилден гүрескен, экологияның мәденияты ушын Инсанның хәм Тәбияттың үйлесикли тиришилик етиўи ушын гүрескен пикирлери менен тәжирийбесине сүйенемен, оларды мысал етип келтиремен.

Съезд делегатлары, хүрметли жазыўшылар! Азғана болса да ойланыңлар хәм Арал бойы халықларының тәғдирлери не болажақлығын көз алдыңызға келтириңлер: Шыжғырған ыссы қуяш астында тери синип кетсе де көйleклери дузлы шордан аппақ болып кеткен атызлардың ортасында жан-жағына албырап турған дийқанларды көз алдыңызға келтириңизлер!! Мине, бул көринислер бизиң хәзирги заман әдебиятымыздың хәм жазыўшыларымыздың ең әхмийетли темасы болып табылады... Қарақалпақстанға келиңлер, жазыңлар. Әдебият жанрларының бәрше түрлери ушын ўақыялар көп...

Бизиң илимпазлар Аралды биресе теңиз деп, биресе көл деп тастыйықлаўды жақсы көреди. Ал, бизлер ушын, яғный Қубла Арал бойында жасап атырған халықлар ушын, Арал — бул теңиз! Бул бизиң теңизимиз! Әмиўдәрья бизиң дәрьямыз! Бизиң фольклорымыздың басым бөлеги, көп сандағы әпсаналар, рәўиятлар, ертеклер, нақыл-мақаллар, жумбақлар Арал теңизи менен, Әмиўдәрья хәм Сырдәрья менен байланыслы. Ендиги жағында бул нәрселер келешек әўладларымызға түсиникли болар ма екен я жоқ па? Бүгинлиги съезд делегатларының яғный бәршемиздиң алдымызда ең аўыр мәселе усылайынша қойылып турыпты. Усыларға дыққат бөлинсе халқымыз жазыўшылардың шын мәнисинде халықтың тили екенине исенер еди!...

*«Литературная газета» 1987-жыл 6-май. Бурынғы СССР жазыўшыларының 1987-жылғы апрелде өткерилген съезди президиумының сораўы бойынша минберден Т. Қайыпбергенов айтқан пикирлерден.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТҮРКСТАН — УЛЫЎМА ҮЙИМИЗ

### Күдиретимиз руўхый бирликте, руўхый жәмлескенликте

— Әййемги Түркстан аймағында жасап атырған халықлардың жаңа жағдайдағы бирлиги, сезимлери — Ўатанласларымыздың руўхына терең сиңип бармақта. Бүгинлиги қойылып атырған әмелий қәдемлеримиз — бул сезимлердиң қәдир-қымбатын арттырмақта, оған күдиретли руўх бағышламақта. Өзбекстан хәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы, Орайлық Азия халықлары мәденияты Ассамблеясының халық аралық жәмәәтшилик хәрекетлерин раўажландырыў қоры басқармасының баслығы Төленберген Қайпбергенов, мине, усы туўысқанлықтың терең тамырлары хәм келешеги хаққында былай пикир жүргизеди:

—Алтайдан Ақ теңизге шекем, Якутиядан Измирге шекемги болған аймақларда саны 300 миллионнан аслам түркийтиллес халықлар жасайды. Тоқсаныншы жыллардың басында жүзеге келген жаңа тарийхый жағдайлар нәтийжесинде бул халықлар бир-бирлерин дурысырақ есите баслады. Бирақ олар, мениңше, еле бир-бирлерин дурысырақ таппай атыр. Президентимиз Каримов тәрепинен алға қойылған «Түркстан — улыўма үйимиз» руўхы, мине, усы процесслерде арғы ата-бабалары бир болған түркий тиллес халықлардың руўхый жақтан қайта бирлесиўлерине қутлы тийкар болды. Орайлық Азияның барлық халықлары қызғын мақуллаған хәм оннан сыртта жасап атырған басқа да түркий халықларды да шексиз қуўандырған бул руўх иншаала жаңа XXI әсирде күдиретли руўхый күшке айналады. Мен, өзимше, жаңа әсирдиң басында тек те Түркстан халықлары ғана емес, оннан сырттағы қәўимлеримиз де, ўатанласларымыз да бири-бирин жақыннан таныса, табысса, биз тағы да күшли болар едик, деп әрман етемен.

Жақында Өзбекстан Қуралль Күшлериниң шөлкемлескенлигиниң бес жыллығы белгиленди. Мен усы күнлери узақ тарийхтан кияттырған бәршеге үлги бир сабақты қайта-қайта еске түсиремен. Хәр қандай заманда да тыныш хәм татыў жасаў ушын күшли болыў керек екен. Урыслар қарама-қарсылықлар, қан төгиўлер сыяқлы хәр қыйлы ыдыраўшылықты бастан кеширген XX әсир буны айқын дәлилледи. Ким күшли болса, жаўынгерлик күдиретин сақлаған болса, мәмлекети абадан болды. Раўажланыў дәрежеси менен басқа пытыраңқы еллер ден озып кетти.

Узаққа бармай отырмайық, бир ғана Тәжикстанда болып атырған келиспеўшиликлер, аўызбирликтиң қашыўы халықтың өз аяғына тусаў болып атыр. Халықтың өзинде руўхый бирлик болмағанлықтан басқа биреўдиң қуралы менен бири-бириниң қанын төкпекте.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Демек, руўхый бирлик болмаса, көп халықлар ғана емес, хәттеки бир халықтың өзи де тыныш жасай алмайды екен. Сырттан болған хәр қандай күш оның өзин екиге бөлип, бир-бирине қайрап сала береди. Соңлықтан да, ең алды менен өзин күшли хәм құдиретли болыўың дәркар. Өз күшине исенетуғын болыўың керек. Руўхый жақтан бир пүтин болған халық, жаўынгерлик жақтан да, бир пүтин бола алады.

Мен усы орында гөне дереклерге сүйенип, бир хақыйқатлықты айтпақшыман: Әййемги дәўирдеги хәр бир мәмлекет өз халқының тынышлық хәм абаданшылықта раўажланыўын тәмийинлеў ушын, әскерий жақтан құдиретли болыўға хәрекет еткен. Хәттеки, оғада көп еллер түркийтиллес халықлардан ләшкер алған. Өз армиясы түркий тиллес халықлардың қураллары менен беккемленген. Өйткени, түркийтиллеслер әййемги дәўирлерден-ақ руўхый жақтан шыныққан, жаўынгер, күшли болған. Әмир Темурдей уллы сақыпқыранның жеңилмейтуғын ләшкерлерине де құдиретли күш бағышлаған нәрседе, мине, усы руўхый бирлик, руўхый жәмленгенлик болса керек деп ойлайман.

Өткен дәўирлерде түркийтиллес халықлар негедур бийпәрўа жасаўға үйренип қалды. Руўхымыздағы жаўынгерлик халат бираз пәсейген сыяқланды. Миллеттиң сергек перзентлери буны өз ўақтында сезген хәм имканиятына қарап өз халқын руўхый жаўынгерликке шығарып турған. Урыс жылларында Махмуд Тараби Мухаина хаққында шығарма жазған Айбек хәм Алимжанларды тек ғана Кеңес хүкимети иделогиясының талапларын орынлаған деп айта алмайман. Оларда тек ғана екинши жер жүзилик урыс жылларында ғана усындай имканият пайда болды хәм олар оннан нәтийжели пайдалана алды.

Ол заманлар артта қалды. XXI әсир босағасында Түркстан халықларының әййемнен бир болған руўхый қәдириятларына қайтыў дәўири келди...

Демек, руўхый тилеклеримиз бир, миллий әдебий байлықларымыз тутас, биз оны таптық хәм барған сайын олардан көбирек азық аламыз. Енди тил мәселеси қалай болады, деген бир сораў келип шығады. Совет дүзими дәўиринде тарийхый жағдайға бола тилимиз бир-биринен аз ғана қашықласты. Оғада көп қашықласқан жоқ. Буның ушын Тәңритаалаға шүкирлик етемиз. Усы процесте Махмуд Қашқарийды, Юсуп Хас Хажибти бир еске түсирейик. «Девану Луғатий Түрк» ди Қашқарий бабамыз буннан мың жыл бурын биз ушын, улыўма түркийтиллеслердиң тили сыпатында, усыныс еткен. Усы көп аймақлардағы түркий тиллес еллерде ушыраспайтуғын сөзлер, сөйлемлер моншағын бир жипке дизип, әжайып сөзлик дүзген еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Кутадғу билг»ти дөреткен Юсуп Хас Хажип болса сол тилде бизге дәслепки жазба әдебият үлгилерин сәўға етти.

Хәзирги түркий тилимиздиң өзегин, мине, усы баҳалы дереклердеги сөзлер курайды. Яғный, арадан өткен мың жыл даўамында хәр қыйлы аймаклар, хәр қыйлы раўажланыў жағдайларын бастан кеширген болса түркий халықлардың улыўма сөз хәм әдебий байланыслары мәңгилик шыңдай, бүгинги тилимиздиң терең тамыры болып турыпты. Азғана хәрекет ислесек, ҳәзирде барлық түркий тиллес халықлар бир-бириниң тиллерин түсинеди. Усы ўақытка шекем оған зәрүрлик те болмаған. Түркстанның бирлиги, сезимлери бүгинги күнде усындай зәрүрлик туўдырмақта.

Хәзирге шекем регион халықлары алып оқыйтуғын улыўма бир баспа жоқ еди. Бул бағдардағы ендиги биринши жумысымыз, ўақтыўақты менен шығып туратуғын усындай баспаны жолға қойыў. Регионның барлық тиллеринде бир китап ямаса топлам түрине бир мухаба астында шығатуғын усындай баспа арқалы биз бир-биримиздиң жағдайымыздан, раўжланыўымыздан, жаңалықларымыздан өз ўақтында хабардар болып турамыз. Мине, бул бизди сөзсиз тек руўхый жақтан жақынластырып, өз-ара байытып, бир-биримизге түсиндирип хәм жақынластырып барады деп ойлайман.

Бул келешектеги уллы ислеримиз ушын өзине тән басқыш болады. Бирақ биз бул процессти ҳасла жасалмалы түринде тезлестириў тәрепдары болмаўымыз тийис. Бүгин тырнағы қойылатуғын үлкен иморатты, асықпастан беккем етип қурыў ҳаққында ойлаўымыз тийис. Өйткени, мың жыллық айралықты бир жылда, хәттеки, онон бес жылда да қайта ислеў қыйын.

... Әсиримиздиң жигирмаланшы жылларында да Түркстанның, түркий тиллес халықлардың руўхый жол басшылары усындай бир хәрекет ҳаққында ойласқан, жумыс та баслаған. Бирақ олардың көпшилиги совет дүзими ойлап шығарған «Пан туркизм» идеясының қурбаны болды...

Ҳақыйқатында, бул әлемде халықларды бирлестириўден де уллы хызмет жоқ. Бирликли бир тутас елатларға хәр қандай машқаланы шеше алады. Түркий тиллес халықлар әййемги дәўирлерден берли бир пүтин болғанында Арал теңизин қурытарма еди?

Биз буны енди түсинип атырмыз. Бирлесиў зәрүрлиги менен түсинип атырмыз.

Деген менен тарийх өз жумысын ислеп болған. Оның дөңгелегин артқа жүргизип болмайды. Бирақ еле бизиң имканиятларымыз көп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биз хәр қыйлы еллерде жасап атырғанымызға қарамастан, руўхый жақынлығымызды және де күшейтиў имканиятына ийемиз. Усындай жақынлылыққа ийе болсақ, шегараларда тымсалый мәнисте болып қалады. Руўхый жақтан бир болған халықлар бир пүтин. Демек, биз сен анаўсаң, я сен мынаўсаң, деп миллет айырыў орнына, улыўма тамырларымызды ойлаўымыз керек. Биз түркий тилдеги елат, халық, миллет деп аталатуғын әййемги хәм үлкен бир ағаштың шақаларымыз. Тамырымыз бир, суў ишкен қазанымыз, тарийхымыз бир, бүгинимиз хәм келешегимиз бир!

Усының менен бирге, ата-бабаларымызды таныў менен бир қатарда, басқа әлемнен қол үзип қалмаўымыз керек. «Дини басқа, деп Конфуцийди ямаса Дантени, Арастуды (Аристотельди) ямаса Толстойды үйрениўди умытып кетпейик. Бабаларымыз тек ғана Құраны Кәримниң өзин ғана оқымаған. Таўратты да, Инжилди де, Забурды да оқыған, билген. Биз, улыўма инсаный мәдениятқа бийбаха үлес қосқан халық екенлигимиз бенен мақтанамыз. Усының менен бирге, улыўма инсаный мәденияттың барлық үлгилеринен азықланып барыўымыз зәрүр.

Мынаў бир рәўиятты сизге де еслетейин: Хүрметли Пайғамберимизге сахабалары оған хәўес етип: «Расуллах! Сиз күтә бахытлысыз қыямет күни, Аллатааланың алдында отырарсыз» дегенде, Пайғамберимиз әстен бас шайқап: «Жоқ, қыямет күнинде Алланың алдына меннен бурын, Иса әлейхиссалам отырған болады», деп жуўап берипти. Усыннан шығатуғын жуўмақ: бизге инсаният жаратқан гүлләп мәдениат булақлары қәдирли. Хәр қандай миллет, хәр қандай халық перзенти руўхый жақтан жетик болыўы ушын дүньяның барлық кәраматларынан өзлеринин несийбелерин таўып азықланыўы тийис.

Мен жоқарыда: әййемде түркий тиллес халықлар жаўынгер болған, мине усы жаўынгерлик пазыйлетлерине бола, оғада көп халықларды, бирлестирген, дедим. Енди биз жаўынгерлик жақтан жетик болыўымыз менен бирге, халықларды руўхый жақтан бирлестиретуғын, өз шаңарақларымызға да ийе болыўымыз керек. Шаңарағы бар елдиң жолы хәмийше жарқын болады!..

*Жазып алған Мурат Абдуллаев.*
*«Ўзбекистон адабиёти ва санъати» 17-январь, 1997-ж.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИНСАНҒА АЙНА ТУТҚАН ӘДЕБИЯТ ҲАҚЫЙҚЫЙДУР

**Шайым Ботаев:** —Төлепберген аға, өзбекпиз, түркменбиз, қарақалпақпыз ҳәм басқа деп, әлбетте, өз миллетимиз арқалы мақтаныш-қа толып сөйлеймиз. Лекин, бул бир туўысқан еллердиң бәри бир буўыннан, бир өзектен тарқалған ғой.

Мен бир мәҳәллери мийнеткеш алым Паян Раўшан баспаға таярлаған Хасан Ата Абушийдиң «Түркий қәўимлер тарийхы» деген китабына редакторлық еткен едим. Сол китапта мынадай сөзлер бар: «Әўлады Ефастан монгол келбетли бир адам (муаррихлар атаўынша Түрк) қәўим ҳәм қәбийласы менен Азия орталарында Ыссықкөл ҳәм Алтай таўлары етеклерине келип мәкан басқан. Заманлар өтиўи менен булар да, әлбетте, көбейген. Тәбийий, әўелги орынларына сыймай түрли тәрепке шашылып кетиўге мәжбүр болған. Булар да басқа түркийтиллес қәўимлер киби жүдә көп бөлеклерге бөлинген. Ҳәр қайсысы бир тәрепке кетип мәкан басқан. Турания қәўимлериниң көбисиниң көшпели туўысқанларынан айырылыўлары, қәбийлаларға бөлиниўлери де жүдә тез болады екен. Күшли ханның келиўи менен және де бөлинип кетеди екен».

Гәпти узақтан баслағанымның себеби Қарақалпақстан дегенде: қарақалпақлар дегенде бул қандай мәнзил, булар кимлер, деп ойласыз ба?

**Т.Қ.:** —Әлбетте, Қарақалпақлар түркийтиллес халықлардың бир бөлеги. Турмыста адамды әлле нәрсеге исендириў ушын түйинли бир нәрсе болыўы керек-дә! Мен Қарақалпақстанды, қарақалпақларды жақсы билемен. Түркий тиллеслерди бир-биринен айырып түсиниў ушын бул өзбек, бул түркмен, бул қырғыз, бул қарақалпақ деп атаймыз. Бирақ, бәри бир, түркийтиллес халық екенлигин, ҳәммемиздиң ата-бабаларымыз бир екенин, бәрше түркийтеллеслерге әзелги әсирлерде гилең қара қалпақлылар нөкерлер болғанын да умытпаўымыз лазым.

**Ш.Б.** —Буның ушын тарийхқа мүрәжәәт етиў, түркийтиллес халықлардың өтмишин үйрениў, мәселен, «Түркийтиллес халықлардың улыўмалық тарийхы» деген оқыўлық жаратыў керекке усайды.

**Т.Қ.** —Әлбетте, Арқа муз океанынан Жер Орта теңизине шекем болған аралықларда 300 миллион әтирапында түркийтиллес халықлар жасайды. Олардың арасында басқа да халықлар араласып жасағанлықтан мәдениятлары да араласып кеткен. Сол ушын мәселе дурыс басланыўы тийис. Ал, мәдениятты ҳәмме халықлардан үйрениў керек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ш.Б. —Өзбекстан президенти Ислам Кәримов таманынан «Түркстан — улыўма үйимиз» деген зор гәп ортаға тасланды. Орайлық Азия халықлары мәденияты Ассамблеясы шөлкемлестирилди. Бул Ассамблея президенти дүньяға машҳур жазыўшы Шыңғыс Айтматов болса, вице-президент үлкен жазыўшы Әдил Якубов, Сиз басқарма баслығысыз. Газета да шыға баслады. Мине, усындай ислер келеси ўақытлары түркийтиллес халықлардың биригиўине, олардың бир-бирине туўысқанлар екенликлерине түсиниўлерине жәрдем берсе...

Т.Қ. —Бул жумыслар жүдә жақсы. Тийкарында, Орайлық Азияда жасаўшы барлық халықлардың нийети сол. Буны ҳәмме бирдей қоллап-қуўатлаўы, ҳәмме бирдей қатнасыўы лазым. Енди қарап турсаңыз, барлық исти Өзбекстан атқарып атыр, қалғанлар мийман-дай келип-кетип атыр.

Әдил Якубов екеўимиз Түркменстанға бардық. Пикирлеримизди айттық, сондай-сондай servislер болып атыр дедик. Олар не деди дең? «Бизлер бөлек халықпыз, бизге тиймей турыңлар, бир-еки жыл сабыр етиңлер», деди... Барлық шөлкемлестириў ислери, әнжуманлар Өзбек-станның пулына өтип атыр. Басқа туўысқан халықлар буған жан-тәни менен қосылғанда қандай жақсы болар еди.

Ш.Б. —Түркийтиллес қәўимлерде Исламнан бурын да түрли динлерге исениўшилик бар еди. Шаманий, мажусий, будда... динлери усылар қатарында.

Биз атларын жоқарыда келтирип өткен Хасан Ата Абуший «Түркий қәўимлер тарийхы» китабында Японияда Ғы дин ҳаққында былай дейди: «Японлар дин ҳаққында Европа халқының кериси. Европада илим ҳәм ағартыўшылық өскен сайын динсизлик соншелли артар, японларда болса илим ҳәм муҳаббетте сол дәрежеде артады. Ҳақ дин қайсы дин? Буны жете билиў ушын рәсмий түрде арнаўлы комиссия тайынланған. Анықланыўлары бойынша, японлардың ислам динине ықласы бар. Егер будда олар дининен басқа динге көшежақ болса, әлбетте, ислам динине көшежақ».

Хасан Ата Абушийдиң болжаўы жүдә туўры екенлигин бүгинги күн тастыйықлап турыпты. Егер де, бир динге ықлас қойылса бөлиниўлер азы-көп азаяр еди. Себеби, барлық динлер ең жақсы нәрселерди нәсиятлаў менен бирге жер жүзинде жасаўшылардың бир ата-анадан тарағанлығын тастыйықлайды ғой.

Т.Қ. —Адамзаттың бахтына бола дин пайда болған. Буддизм, иудаизм динлери. Конфуций тәлийматы... булар уллы нәрселер.

Будда, Конфуций, Зардуштийлар адамзаттың күн-көрис жағдай-лары оғада төменлесип баратырған г■■леринде пайда болған. Олар



www.ziyouz.com kutubxonasi

халыкларды түрине хәм миллетине айырмай динниң әтирапына бирлестириўге урынған. Бул жүдә үлкен гәп. Буддада да, Зардуштта да Қуда биреў деп тәрийипленеди.

Ислам да усындай.

Ислам бәринен соң пайда болып, барлық халықларды бирлестириўге қүдирети жететуғын дин. Бизлер ислам фундаментализми мәселесине де дурыслап баҳа бериўимиз дәркәр.

Ш.Б. —«Ислам фундаментализми» деген гәп арнайы ислам динине унамсыз мәни бериў ушын ойлап табылғанға усайды.

Т.Қ. —Жоқ, оншалық емес. Ислам фундаментализми бул бар гәп. Мәселен, қызлардың жүзине пәренже жабыў деген гәп те көтерилип атыр. Ислам дининде бундай пикирлер жоқ.

Балалығымызда бизге шала моллалар «алдыннан хаял өтсе, ислерин жүриспейди» деп үйретер еди. Соң билсек, пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссаламның хәдислеринде, әўеле хаял өтиўи керек, делинген. Себеби, ол ана. Бәлким, сол жолыннан кесип өтежақ хаядың қарнында баласы бардур? Туўылса, дүньяның тирегине айланар. Соның ушын әўеле хаялға жол бериў кереклиги ескертиледи.

Бирақ базы шала моллалар айтқан гәплер бизиң мийимизге сиңип кеткенлиги соншелли, мениң студентлик жылларымда имтихан тапсырар алдында алдымнан қызыл көйлекли өтип кетсе, тамам, кейпим түсип кетер еди. Енди имтиханнан исим жүриспейди деп ойлар едим хәм базда төмен баҳа алып та қалар едим.

Бунын себеби өз динимизди өзимиз түсинбегенимиз. Мисли падаға усап қулақ еситкен сөзлерге де исенип кете бергенбиз. Ақылымыздың, қалбимиздиң сол дәўирлерде қулағымызға бойсынып кеткени өкинишли.

Ш.Б.: —Өзбек жазыўшылары арасында Сиз биринширлерден болып ҳажы сапарына барып едиңиз...

Т.Қ.: —Аўа, солай болған. Ҳажы болып қайтып келгенимнен соң өзбек жазыўшыларынан Асхад Мухтар биринширлерден болып кийимимниң етегин көзлерине сүрткен еди. Усы ўақыя маған қатты тәсир етти.

Ш.Б.: —Өлим хаққында ойлағанбысыз?

Т.Қ.: —Ҳәр бир адам өлим ҳаққында ойлаўы керек. Адам өлим ҳаққында ойласа ғана көп жаман ойлардан изине қайтса керек деп ойлайман. Қашан болмасын хәр бирimиз өз нәўбетимиз бенен бул дүньяны тәрк етемиз. Көп тәшўишлеримиз, желип-жуўырыўларымыз бийхуўда болып шығады. Сол себепли де жақсылық, мехир, ақыбет



www.ziyouz.com kutubxonasi

сыяқлы мәңгилик түйғылар ҳаққында көбирек ойлағанымыз жөн. Инсанның басқаларға ислеген жақсы ислери ҳеш қашан жоғалмайды, қәбирлери теп-тегис болып кеткенде де жақсылықлары жасай береди.

Ш.Б.: —Инсанлар ҳаққында айтсаңыз...

Т.Қ.: - Кемшилик ҳәр бир инсанда бар. Тәңритаала не ушын адамды жаратты? Ол адамды жаратарда оның сүўретинде өзимди көриўим керек, деген екен. Ақыбетинде Қудайтаала адамда жаратып, онда өзин көрди. Соның ушын да, жазыўшылар ҳәр бир адамды сүўретлегенде оған Тәңритаала дәрежесиндеги итибар менен яғный ҳәр бир адамды Қудай деген түсиникте сүўретлеўи тийис деп ойлайман..

Соның менен бирге, Иблистиң (Шайтанның) алдаўы менен Адам әўладының қанына Иблистиң қаны араласқаны да естен шығарылмаўы тийис.

Билесиз бе, бәрше уллы жазыўшылардың шығармаларындағы образларда адамның, биринши гезекте, Тәңритаала сүўретинде екенлиги, кейин оның тамырларында Иблис қаны барлығын жасырмай баянлайды. Ҳақыйқый жазыўшы, адам образын сүўретлеўде адамның өзинен келип шығып, бәрше ҳақыйқатты адамның өзине өзин түсиндириўши ғой!

Ҳәр инсан, әўеле өзине-өзи «мен киммен?» деп жасаўы лазым. Қайсы пазыйлетлери ҳақыйқый, қайсылары жалған?

Қудай дәрежесиндемисең я, Иблис дәрежесиндемисен?...

Инсанларға әне усындай саўаллар менен айна тутқан әдебият ғана ҳақыйқыйдур.

Ал енди, уллы Наўайыны алайық. Оннан соңғы әсирлерде де, жазыўшы шайырлар болмаған ба? Болған, әлбетте. Бирақ бәри ҳәзирети Наўайы киби есте қаларлық па?...

Ш.Б.: —Сиз Наўайыны мысалға келтирдиңиз. Ҳақыйқатында, шығарманың узақ жыллар есте қалыў-қалмаўынан тысқары және бир нәрсе бар. Ол да болса өз кеўлиңе саяхат етиў. Наўайының қәлем услаған ҳәр бир қәлемкешке үлкен меҳир-муҳаббет пенен қарағанлығы шығармаларынан-әм айқын көринеди.

Т.Қ.: —Наўайы, мениңше, заманға, дәўирге, халықтың тәғдирине өзин жуўапкер деп сезинген.

Ш.Б.: —Әлбетте, бундай сезим болмаса қәлемкеш саналмайды.

Т.Қ.: —Мәселен, Шайх Шиблий (Абу бакр аш-Шиблий 861-945) жөнинде. Қарақалпақстанның Халқабад деген жеринде Шайх Шиблийдиң қәбири бар. Наўайы ол жерге барған ба, бармаған ба, мен бир нәрсе дей алмайман. Лекин, Шайх Шиблий ҳаққында ол



www.ziyouz.com kutubxonasi

жазып қалдырған. Бул Наўайыға неге керек еди? Наўайы Ҳәким ата (Сулайман Бақырғаний) ҳәм басқалар ҳаққында да жазып қалдырған. Булардың сыры Наўайы сөзсиз келешек әўладты ойлаған...

Болмаса, Абулғазы Баҳадырханды алайық. Ол «Хорезм тарийхын бизге шекем жазып қалдырылмаған екен», деген өкинишлер менен тарийхты жазып қалдырған...

Адамлар жазыўшы — жазыўшы, тарийхшы — тарийхшы, деп ойлаўы мүмкин. Жоқ, ҳәр бир жазыўшы тарийхшы болыўы тийис. Тарийхты ойламаса, өтмишти ойламаса, бүгинди ҳәм келешекти ойламаса, ол жазыўшы емес.

Ш.Б.: —«Ҳәр бир жәмийеттиң тарийхын жазыў ушын, ең әўеле, сол жәмийетте жасап атырған ҳәр бир адамның тарийхын жазыў керек», деген екен Лев Толстой. Улыўма, мен ўақыялар дизбегинен гөре бир инсан өмири тарийхын қымбатлырақ деп билемен.

Т.Қ.: —Әлбетте. Ҳәр бир адам менен сөйлескенде, жазыўшы мен тарийх пенен сөйлесип атырман деп ойлаўы тийис. Бул адам тарийхтың адамы, бул адамның өтмиши бар, бүгини бар, ертеңи бар деп тереңойланыў керек. Бизде сондай да шайырлар бар, ҳәр бир сәнеге арнап нелердидур жазып таслай береди. Мәселен, бир район я бир хожалық пахта планы орынланса, «Жәнеде, ...тер, көбирек бер... тахта... пахта...» дегенге усас қосықлар менен қосықлар жаза береди.

Жазыўшы не ҳаққында ойласа да, оның көз алдына тарийх келиўи керек.

Ш.Б.: —Сизде, мәселен, «Қайыпбергенов сиз кимге керексиз? Сиз болмасаңыз дүнья азайып қалармеди?» деген сыяқлы ойлар болған ба?

Т.Қ.: —Көп болған. Себеби, Менсизде дүнья тап бүгингисиндей жасай берер еди... шынында. Бул өткинши дүньяға миллиард-миллиард адамлар келип кеткен. Олардың бирим-бирим атын билемиз бе? Жоқ. Жер жүзинде жүзлеп, миллионлап кәбирлер жатыр. Кеше биздей болып жүрген адамлар болған ғой олар да. Ҳәммеси бул дүньяны дүзетемен деп жүрген адамлар еди ғой... «Буны аламан, буны беремен, дүнья жыяман, жаңадан машина аламан... қос-қостан жай саламан...», деп жүргенлер ғой биразы. Бүгин олардың биреўин де хеш ким еслемейди. Тек ары кеткенде 60-70 жыл берманырағындағылары еслеўи мүмкин. Бул дүньяға неге келдик биз? Ҳеш ким келип-кеткенимизди билмесе, еслемесе... Көбинше кәбиристанларға барғанымда ашыўым келеди. Қараўсызлықтан мал жүреди. Соның ушын Нажмаддийн Кубро: «Биз мешит-медреселерди салған ўақтымызда олардың айнасы кәбиристан таманға қарап турмағы керек,



www.ziyouz.com kutubxonasi

болмаса, балалардың мектепке кайтнайтуғын жоллары кәбиристан жанынан өтиўи тийис, сонда балалар оқыўға баратырғанда я кайтканда күнине бир рет болса да, көзлери кәбиристанға түссе, бул оларды ойландырады. Сонда олар өзлерине ертең бир күни сол кәбиристанда мәнги жататуғынын еслеп кәте-гүналарды көп ислемейди...» деп нәсият қылған екен.

Ш.Б.: — Әдебиятта да, өмирде де бул гәплер — тийкары бар гәплер ғой. Ал, руўхый мәдениях мәселелеринеде тап усы нәзерден жантасыў керек. Халыққа зыя шашыў жолларын биз әне усы тийкарда ойлаўымыз керекке усайды.

Т.Қ.: —Зыялылар, демек, халықларға нур шашыўшылар. Буны әўеле олардың өзлери терең ойлаўы тийис. Әпиўайы адамлар буны ойлай бермейди. Сондай-ақ, оқыўшылардың мектепке баратуғын жолы кәбиристан арқалы өтиўи тийислиги де бийкарға нәсият кылынбаса керек. Бәрше адам дурыслы халатта жасай бермейди ғой. Олардың көзлери күнине бир рет кәбиристанға түссе, жаман адамлардың бир-бирин өлтириў, бир-бирине жаманлық етиў киби иллетлерин кәбиристан руўхы кайтарып турар еди.

Ш.Б.: —Төлепберген аға, бурынғы СССРдың тарқатылыў себеплерин ойлап көргенбисиз?

Т.Қ.: —Ойлағанман. СССР дурыслы фундаменти жоқ имарат еди. Фундамент болмаса қаншелли бәлент үй қурмаң, бәри-бир қулайды. Ҳәзир биз Европа илими, Европа тәлимин хәўес етемиз. Егер ой жиберсеңиз, биз Европа мәдениятының, Европа илиминиң фундаменти Шығыс екенлигин умыттық. Мәселен Бухараны, Самарқандты, Хийўаны алайық. Булардың бәри өтмиштен бул дүньяға нур таратып турады...

Ш.Б.: —Себеби, бул қалаларда ҳәр бири өз алдына бир дүнья киби болған уллы уламалар жасаған-дә! Олардың еткен ислерине, жазған китапларына, қалдырған мийрасларына баксаңыз, көзиңиз камасады.

Сизиң айтқаныңыздай, Беруний, Ибн Сино, Хорезмийлерден пүткил Европа үйренип, олардың илимлерин, тәлийматларын жақсылап өзлестирип алды. Өзлерине қолайлы болған, түсиниўине аңсат болған тиллерге аўдарды...

Т.Қ.: —Халықларымыз ортасындағы руўхый елшилик ўазыйпасын аўдармашылық ислери атқарады. Еки халықты бирлестириў ушын бул халықлар бир бирининң ишки кеширмелеринен, арзыў-ойларынан хабардар болыўлары ушын уллы-уллы даналардың китаплары зәрүр. Бул нәрсе аўдарыўсыз иске асыўы мүшкил.



www.ziyouz.com kutubxonasi

***

**Ш.Б.:** Төлепберген аға менен әдеўир ўақытқа шексм сөйлесип отырдық. Әпиўайы, әлпайым бул инсанның, әжайып жазыўшының қалбинде гүўилдеп ағып жатыўшы дәрьялар мәўижи көп ойлар, әрманлар оның сахра шамалы жалаған жүзине урып турар еди.

Төлепберген аға сахра, шөл адамы.

Пикирлериндеги биймәлеллик, пейлиндеги кеңлик себеплери де усы шексиз далалар-дүньяға нур таратқан әзиз журтта өскенлиги себепли ғой, деген ойға бардым.

*«Ёзувчи» газетасынан*
*1997-жыл, 8-октябрь санынан.*
*Сораўлар журналист **Шәйым***
***Ботаев** тәрепинен берилген.*

## ШАҢШЫРАҚ

**1997-жылдың сентябрь айының орталарында Нөкис қаласында қарақалпақ халқының «Қырық қыз» дәстанына бағышланған халық аралық илимий-теориялық конференция болып өткен еди. Онда Түркия, Румыния, Болгария, Кипр, Әзербайжан, Башқуртстан (Россия) сыяқлы жигирмаға жақын шет мәмлекетлерден белгили алымлар, жазыўшылар қатнасты, гүрринлесиўимиздиң темасына усы әнжуман түртки болды.**

—Иним, —деп Төлепберген ағаның өзи әңгимени баслады, — әўеле бизиң мақтанышымыз болған Самарқанд қаласында өткерилген «Шарқ тароналари» халық аралық музыка фестивалы дүнья жәмәәтшилигиниң дыққатын аўдарғанын ҳәмме де биледи. Әнжуман күнлери биз мисли әпсаналар ишинде жасап атырғандай сездик, өзимизди. Биз усындай етип өткерилген басқа фестивалларды да гүзетип жүрер едик. Бирақ мазмуны, жоқары атқарылыў дәрежеси сыпатынан Самарқанд қаласында болып өткен қосық байрамы дүнья дәрежесинде умытылмас ўақыя болды... Мине, кеше ғана нышанлаған Бухара ҳәм Хийўаның 2500 жыллық тойын қандай сөз бенен тәрийиплейин? Оғыры әжайып! Әжайып ўақыя! Себеби, Бухара да, Хийўа да ЮНЕСКО дай абырайлы халық аралық шөлкемниң дыққат итибарында турыпты. Яки болмаса, Нөкис қаласында болып өткен қарақалпақ халқының «Қырық қыз» дәстанына бағышланған халық аралық әнжуманды айтайық! Онда жеке усыныслар, илимий пикирлер ортаға тасланды. Мейли, ҳәзирше мәселениң бул таманын қоя



www.ziyouz.com kutubxonasi

турайық: мен басқа нәрсени нәзерде тутаман — мине усындай қутлы ислер себепли жәхән бизге дыққат аўдармақта, жәхән бизди танып атыр, биз дүньяны танып атырмыз!

**—Төленберген аға, Сиз пүткил творчествоңыз даўамында қарақалпақ халқының тарийхын жанлы тымсалларында, көркем бояўлар менен қайта жараттыңыз. Бир сөз бенен пүткил творчествоңызды «Қарақалпақ дәстаны» я «Қарақалпақнама» деп атаў мүмкин. Бәлким, творчестволық жолыңыз тарийх пенен беккем байланғаны себепли турмысымызда бүгинликте жүз берип атырған ўақыялар, Сизди, ашығын айтсақ, толқынландырып жиберген шығар?**

—Бәлки, солай шығар. Лекин, мени қуўандырған нәрсе — жоқарыда санап өтилген илажлардың сырткы көриниси емес. Халық жигери мени қуўандырды! «Шығыс тароналары», биз итибар бермесек те, бурыннан бар еди. «Қырық қыз» дәстаны да бар еди. Бухара менен Хийўа болса 2500 жылдан бери бар болған. Олар мисли бизден сыртта жасап атырған еди, дәстанның орны китап текшесинде, ал музыкалар исенимли орынларда сақланар еди. Бухара менен Хийўа болса, соншалық тарийхтай түйыклар еди, болғаны. Ойымыздың түбинде мағызы шағылмаған руўхый байлығымыз жасырынып жатар еди. Мисли өтмишимизди күл басқан, қыраў басқан еди. Ҳәммесин үзик-жулық ойлап қояр едик, бирақ басымыздан жоқары көтериў лазымлығын, негедур қыялымызға сыйдыра алмадық...

Китап текшесинен беккем жай алған дәстан, хәтте ол 100 жыл бурын жаратылған болса да, тек бир уўыс қағаз есапланады. Инсанға заўық берместен шаң басып жатқан пластинка да жаз пайытында керексиз болып қалған тас көмирден оншелли парқ қылмайды. Тап саяхатшылар ара-тура тамашалап қайтатуғын қалалар туўралы да солай деўимиз мүмкин. Ҳәзир болса мүнәсибетимиз пүткиллей өзгерди: биз Өзбекстан төбесинде парлап турған төрт үлкен шамшырақ шуғласына мақтанышлы тигиле басладық. Тарийхымыз тирилди. Тарийхымыз биз бенен бирге жасап атырғанын аңлап турыппыз. Тарийх — ғәрезсизликтиң фундаменти болады. Келешектиң фундаменти де — тарийх.

**—Устаз, гәплериңизге толық қосыламан. Лекин, сәл мәлел келетуғын саўал берип қойсам, кеширерсиз. «Келешектиң фундаменти — тарийх» деген пикириңиз жүдә дурыс. Бирақ, сол туўры гәпти, айтайық, «Қырық қыз» дәстанына ислетиў боларма екен? Тағы бир мәрте кеширерсиз, мен көпшилик оқыўшыға түсиникли болыўы ушын да усы саўалды берип атырман. Өйткени, көпшилик «Қырық қыз» дәстаны менен жақыннан таныс емес.**



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Таныс емеслиги, тәбийий. Негедур, «Қырық қыз»дың ең соңғы басылып шыққанына көп жыллар болды. Қалаберсе, бул дәстанның ҳақыйқый түсинилип, тереңнен үйренилип дурыслы сахналастырған яки экранластырылған варианты да жоқ. Алдында айтқанымдай, енди қыраў ерий баслады. Шуғламыз жарқырамақта, қуда қалесе, «Қырық қыз»дың ҳақыйқый дәрежедеги ойланылған, тарийхы терең үйренилген сахна яки экран вариантлары ендиги жағында жаратылады. Енди сораўына жуўап бериўден алдын атақлы француз жазыўшысы Луи Арагонның бир сөзин келтирмекшимен: «Қарақалпақ халқының «Қырық қыз» атлы қаҳарманлық дәстаны француз халқының «Роланд ҳаққында дәстан» атлы дәстанына усайды. Гөззал, ақыллы Гүлайым — Роланд, Арыслан ҳәм Отбасқан болса Оливье образларына үнлес»— деген еди ол.

«Қырық қыз» дәстанында сүўретленген ўақыялар болса түркий халықлар тарийхында VIII-IX әсирлерде болып өткенине де ҳеш қандай шек келтириўге болмайды. Өйткени, түркий халықлардың тарийхын изертлеўши алым Лев Гумиловтың гүўалық бериўинше VII әсирдиң ақырларына келип түркийтиллеслердиң ишки алаўызлығы нәтийжесинде өз-ара бөлиниўшилик пайда болады. Тәғдир солай болып, ер жигитлер бас бола алмағанынан соң, ислам қәдириятлары қарар тапқан қутлы топырағымызда ҳаял-қызлар ат ойнатып тарийх сахнасына шыққан болса әжеп емес.

—Әдетте, халық аўызеки творчестволарындағы дөретпелер тарийхый фактлер тийкарында жаратылғанын тек қәнигелер биледи. Оқыўшылар болса ертекти ертек деп, дәстанды тек дәстан деп ойлайды...

—Бул гәпиңизде жан бар. Бурынғы Совет ҳүкимети дәўиринде мәжбүрий оқытыў деген түсиник пайда болды ҳәм бул түсиник пүткил руўхый, мәдений турмысымызға өз тәсирин көрсетти. Яғный, мектеп ҳәм жоқары оқыў орынларында орын алған барлық әдебият үлгилери мәжбүрлеп оқытылды. Инсан әдебияттан, биринши нәўбетте, эстетикалық заўық алыў ушын оқыйды, билим алады, тарийхты үйренеди, адамларды үйренеди. Қалаберсе, ертеклер ҳәм дәстанлар оқылмады, көбинесе тыңланды! Егер жыраў атқарыўы лазым болған дәстанды бир үйге қамалып отырып оқысаң зеригерли түйилиўи мүмкин (айрықша имтихан тапсырыў ушын оқысаң). Егер оны жыраўдың атқарыўында тыңласаң ҳәм жыршының ҳәр бир ҳәрекетин гүзетип отырсаң, ўақыялардың өзгериўлерине мас келетуғын даўыс өзгерислерин, интонация өзгерислерин кеўлиңе түйсең, пүткиллей басқаша, керек болса жанлы, тәсирлениўге ийе боласаң. Өзим көп



www.ziyouz.com kutubxonasi

мәрте гүўасы болғанман; жыраўдан дәстан еситип отырған тыңлаўшылардың көпшилиги гейде жылап, гейде күлетуғын еди!... Кәне енди, сол жылап атырған адамларға: «Хаў, бул дәстандағы ўақыялар хеш қашан болмаған ғой!» деп көрши?!

**—Дурыс, олар бәри-бир исенбейди: «Болмаған ўақыя!» деп турып алады. Демек, биринши нәўбетте, тыңлаўшыларда эстетикалық туйғыларды тәрбиялаў лазым екен...**

—Оқыўшының да, тыңлаўшының да эстетикалық туйғыларын тәрбиялаў ушын, ең әўеле тарийхымыз жанлы хәрекетте болыўы керек. Ол, хәмийше қуяш шуғласындай парлап турыўы лазым.

**—Солай болғаннан кейин, Төлепберген аға, халық дәстанларын, ертеклеримизди қалың-қалың китап халында басып шығарғаннан көре, белгили жыраўлар, бақсылар, шайырлардың атқарыўында, магнит лентасына жазып алынған нусқаларын (пластинкаларды) көбейткен абзал емес пе?**

—Аудио хәм видео техникалар хәр бир семьяға кирип барғаны ушын, хәзирги шараятта, солай етилсе жақсы болар еди. Бирақ имканы болған пайытта китап халында ўақты-ўақты менен басып шығарып турыў керек.

**—«Қырық қыз» дәстанының сюжети, композициясы дүзилиси туўралы ўақты келгенде арнаўлы гүрриңлесермиз. Көпшилик оқыўшыларды көбирек күн тәртибине қойылған мәселелер қызықтырады. Бул жөнинде не дейсиз?**

—Халық аралық әнжуманда пидәкер алымларымыздан Торе Мырзаев салмақлы баянат жасады. Ол түркийтиллес халықлардың аўыздан-аўызға өтип келген дәстанлары бир булақтан суўсынланғанын мәнили мысаллар менен көрсетип берди. Айрықша «Қырық қыз» да көтерилген мәселелер туўралы Туркиядан келген алым Урфан Анвер Насреддин улының «Тарийхқа нур шашатуғын түрк дәстанлары» атлы баянаты, кипрли доктор Мустафа Гукша улының «Жаңа Кипр дәстанлары хәм олардың түркийтиллеслер дәстанлары менен усаслығы» атлы баянаты, айрықша дыққатқа миясар болды. Мени қуўантқаны, «Қырық қыз» дәстаны мәдений турмысымыз дәрежесинде халық аралық әнжуманда жән-жақлама сөз етилди... XX әсир тарийх философиясында терең из қалдырған англичан алымы Арнольд Тойнби өзиниң «Тарийхты аңлап жетиў» деген шығармасында: «Бизиң жәмийетимизден сыртта жасайтуғын халықлар биз ушын соншалық «жерлеслеримиз» есапланады. Биз оларға ықлас қойып жасаймыз, көтериңкилик пенен оларды мәдений турмыста жасаўға ийтермелеп



www.ziyouz.com kutubxonasi

атырмыз, деп ойлаймыз. Жасаў ушын гүрес саласында экономикалық хэм сиясий жақтан Батыс үстинликке ерисги, бирақ ол қарсыласларын өзине тән болған мәдениятган пүткиллей махрум етип, беккем жеңиске ерисе алмады. Руўхый гүрес еле даўам етип атыр, еле ақырғы сөз айтылған жоқ» деп жазған еди. Ҳақыйқаттан да, өткен тарийхый дәўирде экономикалық хәм сиясий жақтан Шығыс өз келбетин сақлап қалды. Себеби, аўызеки әдебиятымыз миллийлигин, өзине тән қәсийетин кәлбимизге, қыялымызға мудамы сиңдире береди. Нәтийжеде, руўхый ҳалатымызды сақлап қалдық. Жәмийет тек экономикалық хәм сиясий фундамент үстине қурылмайды, руўхыйлық та жәмийеттин тийкарғы фундаменти есапланады. Бул фундамент қаншелли беккем болса, жәмийет соншелли беккем турады.

**—Республикамызда руўхыйлық хәм ағартыўшылыққа айрықша итибар берилип атырғаны бийкардан-бийкар емес. Айрықша, оқытыўшылар хәм устазлар күни халқымыздың миллий байрамы сыпатында байрамланыўы бул тараўдағы ислердиң және де раўажланыўына түртки болды. Усы мүнәсибет пенен Сизден бир нәрсени сорамақшы едим: неге көпшилик қәлемкешлер жазбай қойды?**

—Иним, бәлки оқыған шығарсаң, атақлы әдебиятшы алым Азат Шарапатдиновтың «Тафаккур» журналында «Мен нима учун эътиқодимдан қайтдим?» деген ықырарнамасы дағазаланды. Ол киси не ушын коммунистлик түсинигинен ўаз кешкенин ашық-айдын айтқан еди. Өкинишлиси, айырым қәлемкешлер елеге шекем бир қолы менен әбигери шыққан коммунистлик идеяны беккем услап турғандай туйылады. Сол себепли де биймәлел жазалмай атырған сыяқлы. Қыялының бир шетинде «класслық, партиялық» киби түсиниклер қыбырлып турса, әлбетте, дүнья көзине қараңғы көриниўи хеш гәп емес. Туўры, аўыз бенен қәлегениңше бахыт туўралы сөйлей бериў мүмкин. Бирақ жазыўшы аппақ қағаз бенен жүзбе-жүз қалғанда, кәлей ме, кәлемей ме, тек кеўлиндегилерин жазыўға мәжбүр. Кеўлинде болса... Көтеринки бақырық-шақырықлар, итимал, усы себептен пайда болса керек. Басқа себеплер де жоқ емес, бийыктыяр Шайх Саадийдиң мынаў хикаясы еске түседи: «Ерте заманларда парсы патшаларынан биреўи бармағындағы қымбат баҳалы жүзигинен биреўин шешип, оны гүмбезге илип қойыпты да: «Қайсы мерген оқ жайының оғын усы жүзик тесигинен өткерсе, жүзик соныки болады» депти. Мәмлекет бойынша төрт жүз мерген таяр болады. Бирақ хеш қайсысы мергенлигин көрсете алмапты. Сол пайытта бир бала ойыншық оқ жайы менен ойнап жүрген екен. Ол жарысты гүзетип



www.ziyouz.com kutubxonasi

турыпты да, акырында оқ жайынан оқ атыпты. Бала атқан оқ дәл жүзиктиң көзинен өтипти. Сонда патша жүзикти салтанатлы жағдайда балаға сауға етипти.

Сауғаны алған бала болса, оқ жайды дизесине бир урып, сындырып ылақтырып жибереди. «Неге булай еттиң, ақыры сен жеңиске еристиң ғой!» деп сорапты оннан. «Дурыс, жеңип шықтым. Сол ушын буннан кейин де адамлар қыялында мен бул ески оқжай менен жеңимпаз сыпатында ат қалдырыўды қәлемеймен» деп жуўап берген екен бала. Бәлки, әдебият тараўындағы бүгинги жеңимпаз жас әўладларымыз арасында сол оқжай дәрежесиндеги ой-қыяллар машқы етип жүрген шығар... Улыўма алғанда, жаслар шийрин қыял сүриўди хәм қыялында айрықша бахадырлық қылыўды жақсы көреди.

—**Кекселер ше?**

—Кекселер сабыр-тақатты абзал көреди.

—**Сыр болмаса айтыңшы, өзиңиз жаңа шығарма үстинде ислеп атырсыз ба, яки...**

—Ислеп атырман. Жаңа эссе-романым тамамланыўы алдында.

—**Темасын өтмиштен белгиледиңиз бе?**

—Әлбетте, өтмиш тарийхтан да гәп барады. Билесиз, тарийх — келешектиң беккем тырнағы бизиң жолымызды жақтырып турған сөнбес шамшырақ ғой!

—**Устаз, мазмунлы сәўбетиңиз ушын рахмет! Тири тарийхымыз бәрқулла жолымызды жақтыртып, кеўил төримизге нур шашып тура берсин!**

*(«Халқ сөзи» газетасының 1997-жыл, 22-октябрь санынан). Сораўлар жазыўшы Набийжан Бахый тәрепинен берилген.*

## ЭХ, ҚАРАҚАЛПАҚ БОЛҒАНДА МА...

Ҳақыйқый жазыўшының тынбас белгилеринен бири — сүўретлейжақ қахарманларының жан сезимлерин мәмлекетлер арасындағы қатты кескинлескен фронт майданы етип көрсете билиўинде. Айрықша көргишлик, сезгирлик талант пенен дөретилген хәр бир көркем шығарма бир миллеттиң я бир жәмийеттиң ғана емес, адамзаттың тәғдиринен айрықша тарийх көринислерин соңғы әўладлардың алдына келтириўши, өзинше, бир кераматлы айна!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Уллы орыс жазыўшысы Лев Николаевич Толстой да (1828-1960) сондай кәраматлы айналар дөреткенлерден бири. Оның тиришилик жолларына нәзер тасласақ, күнделикли өмирине, семья ғалма-ғалына араласыўларын оқысақ, өз заманласларына хәм бүгинги бизиң хәр биримизге усап бул жақты дүньяны сүйген, өзи ушын да, басқалар ушын да жасағысы келген әпиўайы адамды көз алдымызға келтиремиз.

Мениң Лев Толстойға қызығыўшылығым басланғанда: мен оны орыс адамы емес, әпиўайы қарақалпақ ғаррыларының бириндей, кисиге, мехирли пешанасы келискен, ийман-жүзли адам екен деп ойлағанман.

Ол былай болды:

Қайсы китапта екени хәзир есимде жоқ, бирақ ақсақалы бир ғаррының сүўретин көрип «мынаў мениң атама усайды ғой» деп таңланып, дәрриў қаўын атызда жүрген атама апарып көрсеттим. Себеби, мениң атамның да Лев Толстойға усаған ақсақаллы бир еди. Хәтте күнге күйип мийнетке шыныққан пишини, солғынлаў келбети нық денеси бираз усар еди. Атам сүўретке узақ үңилди:

—Балам-ай,—деди ол хайранлық даўысы менен.— Өзи тап пайғамбер түсли адам екен де, шашына қарағанда... кәне, атын оқып жиберши!

—Лев Николаевич Толстой! — дедим китапта көз алмай.

—*Әх, қарақалпақ болғанда ма! — деди атам.*

Сонда хешнәрсеге онлы түсинбесемде, атама қосылып оның қарақалпақ болмағанына ишимнен қыйналдым. Сөйтип өкинишли жүргенимде, қарақалпақша «Кавказ тутқыны» деген гүррин қолыма түсти. Авторына қарасам Лев Толстой. Алдым да және атама көрсетиўге асықтым. Ол мениң қолымда китап көрсе, дәрриў оқытатуғын еди. Бул сапары да солай болды. Даўыслап оқыдым.

—Қызық,—деди ол аппақ сақалын қос қолы менен сыйпалап,— Әңгиме орыслар хаққында жазылса да, бизиң қарақалпақлардың өмирине усайды. Жилин дегени мениң жас гезимде жаў қолында көп жыл тутқын болып келген Жәлий дегенди еслетеди. Оны босатқан Дина деген қыз, жаўдың бир әскербасысын аяп, аўылдағы қудыққа қамаўлы жеринен қашырып жибергени мениң дайымның қызы Дәмеге усайды. Бәлким, ол бизиң елде де болған шығар.

Мени енди атамның дайы қызы Дәме қызықтырып, ол қайда екенин сорағанымда, атамның көзине жас көнгейленип:

—Аўылымыздың бийи ол қашырған әскер басының орнына, Дәмениң өзин қудыққа таслатты ғой, балам. Соң оны хәмме умытқан сыяқлы еди, мынаў Толстой деген бабаң және еске салды: Бул



www.ziyouz.com kutubxonasi

жазыўшы гүллән халықтың тәғдийрлерин тендей билетуғын адам екен. Рахмет оған! Әттең, усындай ақыллы адамымыз болғанда ма?...

Ол изин айтпады. Усы ўақытта дейин қарақалпақ шайырларының қосықларынан басқа «Кавказ тутқыны»ндай адам қызығарлық — бас қахарманларының тәғдири жанынды тербенислерге салатуғын гүрриң оқып көрмеген едим.

«Па, Лев Толстой қарақалпақ болғанда ма» деген өкиниш мениң кеўлимде де бир түйин болып қатты.

Бир жола әдебият бойынша муғаллимимиз дүнья әдебияты хаққында кеңнен сөйлеп орыс Пушкин менен Лев Толстой, украин Шевченко, қазақ Абай, өзбек Наўайы, қарақалпақ Бердақ... пүткил жәхән халықларының мақтанышы болып есапланатуғынын айтқанда, көкирегим қайта қуўанышқа толды...

Әттең, дейтуғын бир нәрсе, ол гезде еле Лев Толстойдың майда гүрриңлери болмаса, көлемли шығармаларын қарақалпақ тилинде таўып оқыў қыйын еди...

Пединститутқа киргенимнен кейин Лев Толстойды оның ана тилинде аз-азлап оқыйтуғын дәрежеге жеттим.

Өзиме түсиникли «Кавказ тутқынын» қайта оқыўдан басладым.

Буған дейин өзбек, қазақ тиллеринде бир қанша роман, повестьлер оқып үлгерген едим. Қарақалпақ тилинде де бираз гүриңлер пайда болған еди. Бирақ бәринен де бетер «Кавказ тутқыны» есимде қалды.

Өйткени, оның ўақыясы тап көз алдында болып атырғандай, ал қахарманларының сөзлеринде хешқандай жасалмалық я, жоқары пафостағы асыра мақтаў ямаса алдамшы бояўлар хаслан сезилмейтуғын еди.

Хәр бир персонаждың хәрекети биз күнде көрип жүрген адамларға усайтуғын еди. Жилинди, оған ашық болған хаялы емес, кишкене таў қызы аяп, зинданнан азат етиўге мақсети айрықша исенимли хәм хәр бир халықтың сол Динаның жасындағы қызларына тән қәсийетлердиң улыўмалығы еди.

Соң Лев Толстойды көбирек оқыў мениң көз алдыма пүткиллей бай дүньяны, өзиме таныс болса да, елеге дейин сезбей жүрген дүньяны ашып бара берди. Кем-кемнен менде Лев Толстой әдебияттағы «қудай» деген уғым қәлиплести. Өйткени оның романларында тап тәбияттың өзиндегидей: адам да, қуяш та, ай да, тоғай да, хайўанат та өз орнында, бир-биринен ғәрезли хәм керекли халда сүўретленеди екен. Қайсы бир шығармасынан әллеқайсы қахарманын, ямаса тәбият көринисин, болмаса, әллеқандай бир хәрекетти түсирип таслап оқысаң,



www.ziyouz.com kutubxonasi

бул жақты әлемде айды ямаса күнди жоқ деп, дүньяны көз алдына келтириў сыяқлы айнала оғыры аўыр ҳәм қараңғы көринеди.

Бизлер, көбирек дәстанлық традицияларға тәрбияланғанбыз. Дәстанларда баста унамлы адамлар ақырына дейин унамлы, баста унамсыз адамлар ақырына дейин унамсыз болып жүреди.

Лев Толйтойда мен биринши рет ҳақыйқый шынлық көрдим. Яғный, адам баласы өмирде қалай ҳәрекет ететуғын болса, тап солай ҳәрекет ететуғынын көрдим.

Соң өмирден бир қанша сабақ алып өзим де шығармалар шыжбайлайтуғын дәрежеге жеткеннен кейин, Лев Толстойды Шекспир менен салыстырыўға урынып, Шекспирдиң әлемге мәлим трагедияларынан да жоқары романларды тек Лев Толстой дөреткенине көзим жетти.

Шекспир өз трагедияларын өлим менен тамамлайды. Оқыўшы ямаса көриўши оның қаҳарманларының бирден-ақ адам сезимине тийип сөйлеўлерине-ақ өлетуғынына исенип отырады, қаҳарманлардың өзлери де енди өлетуғынын сезип турғанға усайды. Ал, Лев Толстойда пүткиллей басқаша. Қаҳарманлар ҳақыйқый инсан, ҳәр ким бүгини ҳәм ертеңи менен жасайды. Өмирдеги бизге таныс адамлардай, тап өзимиздей шын мәнисинде жасайды. Ҳешқайсы бастан ақырына унамлы я бастан ақырына унамсыз болып келмейди. Жақсының жаман жақларын, душпанның адамгершиликке тән ҳәрекетлерин де жасырмайды. Қуяш та, көлеңке де өз орнында турады, биринен екиншиси дөрейди... Бул дүньяны гөззал қылатуғын да, бул дүньяны ойран қылатуғын да адам екенине исенесең. Егер ҳәр бир адамды бул дүньяның бир гилти деп түсинсек, қулыпты ашыўға келгенде оның қолында көп қулыпларды ашатуғын ҳәр қыйлы гилтлер барлығын көресең.

Лев Толстойдың және бир уллылығы — ол ҳәр бир инсан пүткил адамзатты, пүткил адамзаттан бир инсанды излейди ҳәм табады. Ҳәр бирин қуяш фонында өз көлеңкесинен ажыратпайды. Адамды жәмийеттен, жәмийетти адамнан айырып сүўретлемейди, ҳеш бир ўақыя тәбияттан бөлек алынып сүўретленбейди...

Бундай тәбийийлық — бул өмир философиясы Лев Толстойдың шығармаларының ғана емес, оның гүллән өмир жолының да орайлық сабағын қурайды. Ол жәмийетте рабочий кластың қозғаўшы күш екенине өзи исенбесе де, ҳақыйқый шынлықты сүўретлеў арқалы, оның қозғаўшы күш екенин айқын көрсетеди. Россиядағы барлық қатлам өз орнында сүўретлениўин табады. Сол ушын да ол орыслар жәмийетиниң айнасы сыпатында баҳаланады. Усы жағынан оған тең келетуғын



www.ziyouz.com kutubxonasi

жазыўшы жоқ секилли. Буның себеби, уллы жазыўшының хәр бир шығармасында жаңа пикир айтылады. Мәселен Лев Толстойдың «Урыс хәм парахатшылық» атлы өлмес эпопеясы жарық көргели, оның кең масштабына теңлесетуғын шығарма дүнья әдебиятында еле дөретилмей атыр. Усы кәрада ескертилетуғын бир пикир: «Мениң жазған хәр бир жаңа шығармамның мазмуны, — деп жазған екен Лев Толстой, — оқыўшы ушын қандай жаңалық болса, өзиме де сондай жаңалық...»

Уллы художниктиң хәмме үлги аларлық баслы әдетлериниң бири хәр бир романы ушын мазмунға сәйкес форма излеп табар екен. Ол питкерген өз шығармасына басқаның көзи менен қарап, дүзетиў киргизе алатуғын адам болған. Буған бир мысал: «Урыс хәм парахатшылық» романы 15 рет, «Анна Каренина» романын 11 рет бастан ақырына қайта басланып жазылған варианты барлығын еске салыўдың өзи жеткиликли болар. Оның дүнья классиклеринен және бир артықмашлығы ол уллы педагог киби, пүткил адамзатты барқулла тәрбиялап барыў керeклигин пүткил жәмийеттиң бас ўазыйпасы деп билeди. Соның менен бирге, оны адамлардың қалай туўылғаны ямаса ким кимниң әўлады болғаны ғана емес, ким өз келешегин қалай тәрбиялағанын қызықтырған, оны жәмийет тәрбиясы қызықтырған, адам өз әкеси менен емес, тәрбиялаған баласы менен мақтаныўды талап еткен, келешекти, пүткил адамзат келешегин ойлап ислер жүргизген.

«Балаларға мухаббет пенен, балалардың жан сезимин түсинип қатнас қылыў арқалы адамзаттың бахытлы жәмийетин дүзиў мүмкин» деп түсинген хәм пикирин хәммеге дурыс уғындырып иске асырыў мақсетинде дийқан балалары ушын мектеп ашқан, өзи сабақлықлар дүзген...

...Қысқасы, Лев Толстой пүткил дүнья ушын, алпинистлердиң тили менен айтқанда, еле хешким көтерилмеген пик, еле үйренилиўи тийис планета. Сол ушын да пүткил дүнья әдебиятының корефейлери оның шығармаларына әдебияттағы қудай сыпатында жүгинеди, оған теңлесиўди әрман етеди.

Ги Де Мопассан өз ўақтында, «бизиң бәримиз Толстойдан үйрениўимиз керек», деп көрсетсе, Томас Манн оның «баянлаў искуссвосының құдиретлилигин хешнәрсе менен теңгериўге болмайды» деп жазған.

Пүткил дүньяға «Россия өмириниң өлшеўсиз бай картинасын» көрсетип берген уллы художниктиң шығармалары хәзир пүткил дүнья



www.ziyouz.com kutubxonasi

мәдениятының қол жетпес уллы ғәзийнеси болып қалды. Бүгинги жәҳән алымларының баҳасы бойынша: «Лев Толстойды оқымай турып ҳешким Россияны билдим дей алмайды, Лев Толстойды оқымай турып, ҳешким өзиң мәдениятлыман деп есаплай алмайды».

Егер биз көркем әдебиятты, хақыйқаттанда, адам хаққындағы илим деп түсинсек, Лев Николаевич Толстой өзиниң шаўқымлы карама-карсылыклары менен ҳақыйқый адам хаққында илим дөретти.

Бул илим үзликсиз оқыўды, үйрениўди талап етеди. Оны оқыў керек, оны үйрениў керек!

*Айырым Қарақалпақ жазыўшыларының өтинишлери бойынша Лев Толстойдың 150 жыллығында сөйлегенлеримнен*

## ШЫҒЫСТЫҢ ДАНАЛЫҒЫН ХӘМ БАТЫСТЫҢ ПРАГМАТИЗМИН ӨЗИНДЕ ҮЙЛЕСТИРГЕН ИНСАН

Ҳүрметли ханымлар ҳәм мырзалар, дослар ҳәм кәсиплеслер!

ЮНЕСКОның кәўендерлигинде өткерилип атырған, бәрщемиз сүйинишлер менен тилге алатуғын Шыңғыс Айтматовтың дөретиўшилик хызметине бағышланып дүньяның көп еллеринен ўәкиллердиң қатнасыўында өтип атырған бүгинги халық аралық әнжуман — бул, мениң көз қарасымша, бүгинги инсанният цивилизациясының бирбирине жақынласыўында, дүньяны Шығыс ҳәм Батыс деп бөлиўге әдетленип кеткен көнликпелерди жеңиўге болған ҳақыйқый қәдемлердиң бири екени тақыйық. Шыңғыс Айтматовтың дөретиўшилик хызмети — жаңа мың жыллықтың босағасындағы усындай бирлесиўдиң жемислилигиниң ҳәм ҳақыйқатлығының дәл көриниси болып табылады.

Булардың барлығын, оның дәслепки «Жәмийла» повестинен баслап, жақында жәрияланған «Тавро Кассандры» романына дейинги аралықта айқын көриўимиз мүмкин. «Жәмийла» да биринши рет Шыңғыс Айтматовтың пүткил дөретиўшилигине тән болған Шығыстың нәзик дүнья сезими ҳәм Батыстың реализминиң синтези пайда болды. Усы китаптан баслап инсанның әпиўайы сезимлери арқалы сырлы деп аталған Шығыс бирден-ақ Батыстың китап оқыўшысы ушын да түсиникли болып қалды, сонлықтан да әлем дыққатын өзине тартты. Повесть басылып шыққанынан кейин көп узамай-ақ француз ҳәм баска да дүнья жүзилик тиллерге аўдарылады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бүгинги күни инсанийт әўладының көплеп тарқалыўында Шығыс биринши орын тутқанлығы жөнинде хешким даўласып отырмайды. Адамлар мисли Шығыстан шыққан қуяштың нурлары киби бул жерден пүткиллей жәхән бойлап тарқалды. Атап айтқанда, бизиң ата-бабаларымыз — Шығыстың ата-бабалары, инсанийт мәдениятының әзелги тарқатыўшылары болды. Әййемги гезлердеги Атилла басшылығын-дағы көшпели туркийтиллеслердиң қәўимлери тәрепинен Римниң өз уйқысынан оятылғаны туўралы көп фактлерди биз тарийхтан жақсы билемиз! Айырым мағлыўматлар бойынша Европалылардың қулағына үйреншикли емес, ал ерси болып еситилетуғын бул исим Атилла Уллы Вильям Шекспирдиң драмасының атамасы болып хызмет етти: яғный «Отелло» трагедиясы пайда болды.

Инсанийт мәдениятын мәңгилик хәрекетке келтириўши күш бирден бир Тәңритаала деген исеним қәлиплескен. Өйткени, Азияның жүреги еле христиан хәм ислам динлериниң пайда болыўына дейин-ақ усындай исенимниң түп дерегине айланған еди. Орайлық Азия жери дүньяға Будданың китапларын пайда етти. Әне, уллы Будда пайғамбердиң жасаған орны хәзирги Өзбекстан аймағындағы Далверзинтепа қаласы болып, ол Ыссық көлден онша алыс емес жерде жайласқан. Буннан кейин Зардушти (Заратштура) пайғамбер тәрепинен мухаддес «Авесто» китабы дөретилди. Бул мухаддес китап 200 өгиздиң терисине жазылып шығылды. Ол да хәзирги Өзбекстанның аймағы — кәраматлы Хорезм жеринде пайда болды. Тилекке қарсы, «Авесто»ның көп бөлимлери жоқ етип жиберилген, ал қалған бөлимлери Искендер Зулхарнайн (Александр Македонский) тәрепинен алып кетилген еди.

Орайлық Азия — ең әййемнен бери киятырған көплеген илим хәм мәдениятлардың кесиспеси, дәрбенти болып, оларды өз ишине биротала дерлик қамтып алған. Солай етип, дүнья жүзилик цивилизацияға, инсанийт мәдениятына хәм уллы ой пикирлерге, данышпанлықларға өзиниң үлкен хәм бийбаха үлеслерин қосқаны дүньяға аян. Бундай даналық ислер, тағлыйматлар жөнинде есапсыз әпсаналар, рәўиятлар, аўызеки дәстанлар көплеп дөретилген. Әне сол мухаддес ислер, атап айтқанда, пүткил инсанияттың көркемлик ой пикирлериниң қәлиплесиўине шексиз тәсирлер жасады. Олардың арасында уллы ойшыллар Омар Хайям, Физули, Наўайы, Абдурахман Жәми сыяқлы көп-көп алламалардың атларын айрықша атаў мүмкин. Әне усындай әжайып ой-пикир булақларынан Шекспир менен Гетениң, Пушкин менен Гейнениң, Виктор Гюго менен Лев Толстойдың



www.ziyouz.com kutubxonasi

уллы даналыклары илхам алыў менен өзлеринше қалиплести. Бул жағдайлар өз гезегинде Европа мәдениятынын Шығыска, тутас алғанда, пүткил жәҳанға тәсири хаккында әдил түрде айтыўымыз ушын кең мүмкиншиликлер ашып берди.

Ой-пикир дәреклеринин ҳәм тиреклеринин бәрҳама тынымсыз ҳәрекетте болыўы тәбийий қубылыс. Бул жағдайды бизиң бүгинги цивилизациямыздың мәңгилик ҳәрекетке келтириўши тийкарғы күш десек орынлы болады. Өйткени дәреклер өзгерип турады ҳәм ҳәр сапары ол байып ҳәм жаңаланып барады. Ой-пикир тербелислери болса, анаў ямаса мынаў тәрепке карай өзгерип турады. Ҳәзирги ўақытта оларды бирлестириў ҳәм мәдениятлардың көп қырлылығы себеплер өз тәреплерине карай өзгерислерге ушыраған дәўирде оларды өз шығармаларында жаңалық ашыў арқалы жәҳанге танытыўшы шахс Шыңғыс Айтматов болды. Ол шахс сыпатында өзиниң дөретиўшилик хызмети арқалы дүньядағы ҳәр қыйлы өмирлик қубылысларды даналық пенен сәўлелендиреди. Солай етип, улыўма жер шары, инсанийт келеминде қалайынша дурыслы пикир жүритиў зәрүрлигине инабатлы түрде жуўап бере биледи.

Орайлық Азияның әдебий сыны «инсанийт өз тарийхында еки Шыңғыстың таң қаларлық жаўлап алыўларына дус келди» деп бийкарға айтпайды. Биринши Шыңғыс — яғный, Шыңғыс хан. Ол XII әсирде өзиниң қылышының күши менен дүньяның ярымын өзине бойсындырған болса, XX әсирдеги екинши Шыңғыс яғный Шыңғыс Айтматов XX әсирдиң екинши ярымында өз қәлеминиң күши менен пүткил дүньяның мойынлаўына еристи.

Бул дүньяда инсан — шешилиўи ең қыйын жумбақ. Шыңғыс Айтматовты ҳәр бир қаҳарманының алдында әне усы қыйын жумбақларды шешиў машқаласы турады Инсанның мәртлиги ҳәм қаҳарманлығы басқаларды жеңиўде ҳәм олардың үстинен ҳүким сүриўи де аз емес. Оның максети тәнҳа өзиниң кәлиб тилеклерин жеңиўде ҳәм өзин бийлеген сезимлери менен ерк-ықыраары үстинен ҳүким сүриўге ерисиўден ибарат. Шыңғыс Айтматовтың пикири бойынша әдеп-икрамлылық тәрбиясы келешекке бағдарланған болыўы тийис, яғный Лев Толстойдың сөзлери менен айтқанда, «келешек ушын жарамлы болған инсанды тәрбиялаўға» бағдарланған болыў тийис. Бүгинги аласапыранлық жағдайда, яғный инсанийт өзин-өзи жоқ қылып жибериў қәўпи астында жасап атырған шараятта, келешек ушын күшли, жигерли, ҳәртәреплеме билимли адамларды тәрбиялаў күтә әҳмийетли ислер болып табылады. Бул ислерде Шыңғыс Айтматов айрықша белсенди десем, асыра айтқан болмаспан...

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шынғыс Айтматов бүгинги күнде Орайлық Азия халықлары мәдениятларының Ассамблеясының Президенти, «XXI әсирдиң интеллектуаллық алтын китапханасы» — дүнья жүзилик 200 томлық сериясының бас редакторы хәм «Түркийзибан халықлары дүнья жүзилик тарийхта» деп аталатуғын сериясының бас редакторы болып хызметлерәм атқарады. Хәзирдиң өзинде оның бир неше томлары шығарылды.

Бүгин Шынғыс Айтматовты 70 жасқа толған қутлы мерекеси менен қутлықлап, Орта Азия халықлары атынан оған беккем ден саўлық, дүньядағы оғыры көп санлы оқыўшылары алдында шаршамас күш-қуўат тилеп, хәркашанғысынан творчествосының еле хешким көтерилмеген бийик шыңларға көтериле бериўин тилеймен!!!

*1999-жылы 25-мартта Париж қаласында өткерилген ЮНЕСКО мәжилисинде Шынғыс Айтматовтың 70 жасқа толыўына байланыслы сөйлеген сөзлеринен.*

## ҒӘРЕЗСИЗЛИК ӨМИРИМДЕГИ ЕҢ ҮЛКЕН ХӘДИЙСЕ

**—Миллий әдебиятты хәм мәдениятты рәўажландырыўға қосқан салмақлы үлесиңиз, халқымыздың руўхый дүньясын байытыў жолындағы жемисли хызметлериңиз хәм руўхый-ағартыўшылық саласындағы искерлик қатнасыңыз ушын «Ел-журт хүрмети» ордени менен сыйлықландыңыз. Мине, усы қуўанышлы демлерде кеўлиңизден нелер кешпекте?**

—Хәзир кеўлимнен нелер кешип атырғанын ойлап, айтып жеткере алмайман. Көп-көп сезимлерге мантығып жүрмен. Жүдә қуўанышлыман. Жүрегимде миннетдаршылық хәм шүкир етиўшилик туйғылары барқ урмақта. Бул нәрсе-халқымызға, деген миннетдаршылық, Ўатанымыздың ғәрезсизлигине шүкирлик туйғылары.

Билесиз, жазыўшы жәмийетти емес, жәмийет жазыўшыны жаратады. Дурысы, жазыўшыны жәмийетке халық береди. Жәмийет болса усы жазыўшыны қалиплестиреди. Яғный жазыўшының қандай жазыўшы екенлигин жәмийет белгилейди. Жазыўшы жәмийетке халқының дәртин, арзыў-әрманларын айтады хәм жазыўшы жәмийет пайдасы ушын хызмет етеди. Усыған қарап жазыўшының жетискенлиги белгиленеди. Ол жазған шығармалардың қәдир-қымбаты анықланады, көркемлик шеберлиги бахаланады.

Мәселен, совет дәўиринде қаншадан-қанша жазыўшылар бар еди. Олардың көпшилиги сол дәўирди улығлайтуғын, хүкимран сиясат мәпин гөзлеп хызмет ететуғын жазыўшылар еди. Бирақ, сол дәўирде



www.ziyouz.com kutubxonasi

де өз халкынын, өз миллетинин мөплерин корғайтуғын, инсан ҳүрметин жокары коятуғын жазыўшылар да бар еди. Олардын биразын болса сол жәмийет «миллетши» сыпатында қуўдалаўға ушыратты. Тоталитар дүзим тарийхый хакыйкатлыкты бузып көрсетиўге, миллетлер тарийхын көмип таслаўға хәм миллий мактанышларды жоғалтып жибериўге хәрекет етти. Бирак, инсаныйлык туйғы беккем екен, хәр акыл-закаўатлы инсан миллетинин миллий өзеги куўатын жойтпаған екен. Мине, бийғәрез республика болдык...

**—Ғәрезсизлик сизиң өмириңизде кандай из калдырды? Сиз ғәрезсизликти калай түсинесиз?**

—Ғәрезсизлик бизге не берди? Әўеле биз өзимизди өзимиз таптык. Бурынлары бизге баскалар караўы керектей, биз ушын өзгелер қайғырыўы зәрүр деп жүрер едик. Өзгелерден ғамхорлык күтер едик. Енди болса, хәр бир адам өзинин ғәрезсиз инсан екенин түсинди, инсан өзи хаккында ғәрезсиз пикирлей баслады. Биреўдин геллеси менен жаксы жасай алмаслығын аңлады. Хәр бир киси баска адамды өзинин түсиник дәрежесинде гүзетеди. Хәр бир халык та сондай, өзинин дүнья түсиниклери менен баска халыкты түсинеди. Онын баска халыклар алдындағы абырайы да усынын менен белгиленеди. Тарийхка нәзер таслағанда да сондай. Биз тарийхка бүгиннин көзи менен караймыз. Усы пайытта бир ўакыя есиме түсти. Бир тойда отыр едик. Зыяпат жаксы өтип атыр. Жанымда отырған бир достым кып-кызыл шырайлы, сулыў алманы дәстурханнан алып зор ыклас пенен кыршыды. Бизлерге бир тилимнен бөлип бермекши еди, иши сондай ширип кеткен екен. Хәммемиз бийыктыяр күлип жибердик. Советлер дәўири де әне усы алмаға усайды — сырты сулыў, иши ширигеи. Халкымызда усы ўакыяны еске түсиретуғын әжайып макал бар: «Сырты жылтырак, иши калтырак». Тәңритаала бизди сырты жылтырактан иши калтырактан саклағай!

**—Төлепбергев аға, Сиз тийкарынан, тарийхый шығармалар жазғансыз. Тарийхка көп жүгинесиз. Тарийх көркем шығармаға көшкенде кандай әдебий усыллерге сүйенилеги?**

—Тарийхка жансыз ҳәдийсе деп караў керек емес. Тарийх хәр бир инсан нәзери менен, пикир-яды менен тири. Екиншиден, тарийхты тири устаз деп атайды. Себеби, тарийхты дурыс түсинбеген, билмеген адам бүгинимизди билмейди, ертенин ойламайды. Тарийхка карап келешекке нәзер таслаў, жобаластырыў мүмкин.

Жакында белгили тарийхшы алым Хәмид Зияевтын «Истиклол маънавият негизи» деген китабын окып шыктым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Китаптағы *«Еки уллы сәне: 1370 хәм 1991»* деген тема маған жүдә унады. Ана-Ўатанымыз тарийхындағы усы еки уллы сәне менен пүткил бабаларымыз бенен әўладларымыз мақтанған. 1370-жылы уллы бабамыз Әмир Темур өзбек мәмлекетин дүзди. 1991-жылы Өзбекстан да ғәрезсизликке еристи. Бул уллы еки сәне өз мазмуны менен бир даңқлы ўақыяны: елимиздиң азатлығы, Ўатанымыздың ғәрезсизлиги, дүньяда өзбек мәмлекетиниң пайда болғанлығын дәлиллейди. Тарийхшы-алым әне усы еки сәнеде пайда болған ғәрезсиз мәмлекетлерди бир-бири менен салыстырар екен, олардың өзине тән белгилерин көрсетеди, ишки ҳәм сыртқы сиясатын илимий жақтан терең таллайды.

«Еки уллы сәне: 1370 ҳәм 1991» мақаласындағы гәплер мениң кеўлимдеги сөзлер еди. Оларды тарийхшы-алым биринши болып айтып қойғандай түйилди маған. Бизиң бир-биримиз бенен кеўлимиз жақын екенлигин сезиндим. Бундай жағдайларға ғәрезсиз елимиздиң бәрше пуқаралары-ўатанласларымыз кеўлинде мақтанышлы сезимлер бир-бирине усас.

**—Төлепберген аға, мине жетписке де кирдиңиз. Узақ жыллық өмир жолын басып өттиңиз. Өткен өмириңизге қарап бүгин нелерди ойлайсыз?**

—Өтмишке қарап турып өкинемен... Мениң өмиримде басқа қарап отырған күним болмаған. Тынымсыз мийнет еткенмен, жазғанман, оқығанман. Мен 100 ге кирмесем де 70 жыллық өмиримде билимлерим, қыялларым арқалы көп адамлар тәғдирлеринде көп-көп аласапыранлықларды көрдим. Өз өмиримде ески ҳәм жаңа әсирлерди бир-бирине салыстырып жасадым. Аўа, өмиримдеги ең үлкен ҳәдийсе—Ғәрезсизлик болды. Мениң сүйикли шайырым Абдулла Арипов айтқандай, аламан едик. Енди, мине сол аламаннан халық болдық. Ҳәр бир адам, халық, шахс дәрежесине жетти. Мен өзимди шахс дәрежесинде сезиндим.

**—Усы гәплериңизди еситип, және бир саўал туўылды, режелериңиз қандай? Енди не туўралы жазбақшысыз?**

—Жумыс жағдайымда мақтанса арзыйтуғын бир қуўанышлы ўақыя жүз берди. Бул сыр еди. Сизиң ашық кеўилли сәўбетиңизден, терең мәнили сөзлериңизден ийип кетип, әне усы сырды әшкара айтып атырман. 1980-жылдан бержағында хәр күни күнделик жазатуғын болған едим. Енди болса ғәрезсизлигимиздиң хәр бир күнин қағазға түсириўди қәлеймен. Мен хәр күни хәр күнимди жазбасам уйқылай алмайман. Бирақ, мен, Гоголь айтқандай, не жегенимди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

не ишкенимди емес, нени көргенимди, нени билгенимди хәм нени сезинип ойлағанымды жазаман. Бүгинги күнге келип күнделиклерим 20 томнан асты.

«Қарақалпақнама» роман-эссесинде 1955-жылы жазған күнделиклеримнен базы бир үлгилер бар. Сол гезде мен «Әмиўдәрья» журналында ислер едим... Итибар бериңиз...

Мине, сол 1955-жыллардағы күнделигимнен қысқа-қысқа үзиндилер:

—«Н... былай деди: «Хәр бир адамның кеўлинде нур да, қараңғылық та бар. Булардың қайсы бирин узартып, қайсы бирин қысқартыў адамның өзине байланыслы.

Инсан қәлбиндеги қараңғылықтың да үш аты бар: жалқаўлық, қызғаншақлық, менменлик.

Әдебияттың ўазыйпасы—инсанның руўхый әлеминдеги нур менен қараңғылық ортасындағы айырмашылықты ашық көрсетип бериўден ибарат...»

1955-жыл, 1-сентябрь.

«Д... былай деди: «Қайыпбергенов, сен неге жазыўшылықтан дәмедар болып журналда ислеп жүрипсең өзи? Сениң исми-шәрийпиң жазыўшы болыўға ылайық емес: Хәдден тысқары узын. Тыңлап көр: Төлепберген Қайыпбергенович Қайыпбергенов. Китапқа усыншама узын-шубай атың менен фамилияңызды жазсаң бәри сыя ма?

Неге әжепленесең? Еле де кеш емес, ойланып көр!...»

1955-жыл, 3-сентябрь.

«Ш... былай деди: «Хәр бир жазыўшының өз усылы болады. Усыл дегенде шығарманың сыртқы түрин түсинип, «баянлаў усылы», «биринши бет пенен «мен» тилинен сөйлеў усылы» деў қәте. Уста ағашты қайсы тамағынан жонса, оның аңсат хәм сулыў шығатуғынын билген таклетте, жазыўшы өзи таңлаған турмыслық материалды қәйткенде оқыўшыға әпиўайы, қызықлы етип жеткере алады... Мине, бул усыл. Усыл, бул — «палўан гүресте қарсыласын оң қолы менен жыға ма, я шеп қолы менен бе?» деген сораўға берилетуғын жуўапқа мегзейди.

Ашынарлысы, талантлы жазыўшыларда да усыл таңлаўда гейде қәтеликлерге жол қояды.

Әдебиятта да турмыстағыдай: қыйсайып отырсаң отыр, лекин, туўрысын ашықтан-ашық айт, әне сонда ғана айырым нуқсанларың билинбей кетеди.»



www.ziyouz.com kutubxonasi

1955-жыл, 11-октябрь.

**—Тәжирийбели жазыўшы сыпатында жас қәлемкешлерге қандай мәсләҳәтлериңиз бар?**

—Жаслар, әўеле шын мәнисинде өзлерин өзлери түсинсин. Ғәрезсизликти түсинсин. Дүньяда — «мен барман!» деп көкирекке урыўдан жаман нәрсе жоқ. Ҳеш ким «мен» деп көкирегине урмасын. Халқым, Ўатаным, Ели-журтым десин. Ҳәр бир жас өзин дөретиўши деп түсинсин. Сен шығарма жазсаң да, бийдай ексең де дөретиўшисең! Ўатанымыздың келешеги сениң қандай дөретиўшилик пенен шуғылланыўыңа байланыслы, баўырым!

**—Және айтылмай қалған қандай сөзлериңиз бар?**

—Ҳәзир ҳәр бир инсанның мойнында еки мың жыллық жүк турыпты. Биз, әне усы жүкти көтерип, үш мың жыллыққа өтемиз. Соннан нелерди алып өтемиз, қайсыларын әдейи қалдырамыз? Бул нәрселерди шешиў ҳәр бир жәмийетке ҳәм ҳәр бир инсанның ақыл-парасатына, билимине, дүнья түсинигине байланыслы.

**—Мазмунлы гүрриңиңиз ушын рахмет!**

*(«Ўзбекистон адабиёти ва санъати» газетасының 21-май, 1999-жыл санынан)* Сораўлар жазыўшы
*Рустем Мусурман тәрепинен берилген.*

## ГӘПТИҢ ХАҒЫН АЙТСАМ ...

**—Төлепберген аға, Сизди Ўатанымыздың «Дослық» ордени менен шын қәлбимнен қутлықлаймаз!**

—Қутлықлағаныңыз ушын рахмет, —деп сөз баслады Төлепберген аға. —Жүдә көп қәлемлес досларым қатары азат Өзбекстанның жоқары орденине сазаўар болғанымнан басым аспанға жетти. Байрам салтанатларында қатнасыў бахтына миясар болыўым оннан да зыяда болды. Өзбек туўысқанларымнан оғада миннетдарман. Ғәрезсизликке ерисиў өзбек халқына да, бул жерде жасаўшы барлық халықларға да жүдә көп нәрсе берди. Халық енди өзиниң толық еркин халық екенлигин сезинди. Өзбекстан өзин дүньядағы ең зор мәмлекетлер қатарында көрип атыр.

Елимиз әййем-әййемнен Орайлық Азияның географиялық жағдайында ғана емес, әйне пайытта илимий, экономикалық, руўхый жақтан да орайы болып келген. Ислам дини биринши рет араблар



www.ziyouz.com kutubxonasi

арасында пайда болса да, Түркстан өз ўақтында бул диниң екинши ўатанына айланған еди. Уллы бабаларымыз Яссаўий, Бухарий, Нақшбандий сыяқлы атақлы алламалар қалдырған мийрас усылардан дәрек берип турыпты. Итибар берип қарасыңыз, өзлерин билимдар есаплаған 19-20 әсирдеги европалы алымлар өзлеринше уллы деп есаплағанлардан бес-алтаўының пикирлерин келтирип, бир китап жазып данқ шығарыўға ҳәрекет еткен. Олар буның менен уллыларды емес, өзлериниң атын қалдырыўды мақсет еткен. Ал бизиң кәдимги Түркстанда жасап өткен алламаларымыз не ис етсе де, пайғамберимиздиң атынан, көрсетпелеринен келип шығып ис еткен. Олар Қураны Кәримниң ҳәр сүресине, аятларына тереңнен түсинип, Муҳаммед пайғамбер үгитлерин көп-көп ҳәдислерге жайлаған. Ҳақыйқатын айтсақ, марксизмди нықап етип, өзлерин көтермелегенлердиң шығармалары да бүгин ҳеш кимниң ядында қалмады. Ал, кеўлине Алланы жай етип, кишипейилликти абзал көрген Бухарийлер, Термизийлер жаратқан ҳәдис китаплары еле жасап киятыр. Оны пүткил Ислам еллери көзлерине сүртип үйренбекте.

Даналарымыз айтқандай, «Биз тарийх майданында күни кеше пайда болған халық емеспиз. Шынында, орта әсирлерде де дүнья цивилизациясына умытылмас үлес қосқан ҳәм илим аспанында жулдыздай парлап турған уллы алламалардың әўладларымыз». Усыннан келип шығып пикир жүритетуғын болсақ, Орайлық Азияның жүреги болған Өзбекстанымыз да ертеден-ақ өзинен зия-нур таратып келген болса, бүгинги күни де сондай зия-нур тарата алыўы ушын терең тамырларға ийе.

**—Өзбекстанның мәмлекетлик ғәрезсизлиги мүнәсибети менен бурынғы Қарақалпақстан да суверен республика болды. Сиз оның ертеңги раўажланыўын көз алдыңызға қалай келтире аласыз?**

—Республикамыздың суверенлиги, ертеңги келешеги жөнинде ойлағанымызда мен, көбинесе, «бурынғы СССР бизге не берген еди, Өзбекстан бизге не берди?» деген саўалға жуўап излеймен. Ойлап қарасаңыз, биз ҳәтте бурынғы аўҳам дәўиринде де өзбеклер мысалында өзимиздиң ҳақыйқый туўысқан бирадарымызды, бул халықтың үлкен меҳир-муҳаббеттин сезинип жасадық. Буны дәлиллеўши мысал ҳазир ядыма түседи. Егер тарийхты параклап көрсеңиз, бир пайытлары Сталин заманында, салыстырма жағынан кишилеў болса да, Қоңыратта наразылық көтерилиси болған еди. Солай етип, қарақалпақлардың басына да Кавказдағы аз санлы халықлардың күни туўып, бизиң аз санлы халқымыз қайсы бир журтларға топар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

топар болып сиңисип, бəлким, пүткиллей жоқ болыпта кеткен болар еди. Тарийхый ҳақыйқат — сол гездеги Өзбекстанның биринши басшысы Усман Юсупов өз басын қассап балтасының астына қойған киби болсада, сол департация деген бəледен бизиң халқымызды аман сақлап қалды. Есин таныған қайсы қарақалпақ буны умыта алады. Екинши мысал: Қарақалпақстанға 1941—45-урыс жылларына шекем темир жол келмеген еди. Сол аўыр жылларда бул қыйыншылық қатты сезилди. Жəне сол Усман Юсуповтың басламасы менен урыстан кейинги еки жыл ишинде үлкен Өзбекстанның бəрше ўалаятларының көмеклер бериў усыллары менен Хожелиге темир жол тартылды. Нəтийжеде, қарақалпақстан пүткил дүньяның уллы жолына байланысты. Бул қарақалпақлар ушын бул жүдə үлкен ўақыя еди.

Шарап Рашидовтың қарақалпақларға көрсеткен жақсылықлары оғыры көп. Өйткени, ол қалби шығыс адамына тəн сақаўатлы, уллы инсан еди. Ол əўеле, биз, қарақалпақларды өзбек халқы менен теңдей көрди. Еки халықтың басын қосыўға ҳəрекет етти. Шарап ағаның жəне бир исин айтып өтейин. Бəршеге мəлим, Түркстан өткен XIX əсирде патша Россиясы əскерлери тəрепинен бағындырып алынған. Бирақ Арал бойларында жасаўшы қарақалпақлар, итимал географиялық жайласыўының тəсиринен шығар, бəлки патша əскерлерине қарсы шығыўға күши жетпейтуғынлығы себепли шығар, 1873-жылы Россияға өз ықтыяры менен қосылған еди. Бул мəселе айырым тартысыўларға да себеп болды. Ш. Рашидов тарийхшыларға тапсырып, ҳақыйқатты айдынластырып берди ҳəм Қарақалпақстан 1973-жылы бул тарийхый ўақыяның 100 жыллығын нышанлады. Бүгинги күн жағдайынан қарап, усы шəртпе еди деўиңиз де мүмкин. Аўа, шəрт еди. Автономиялы республиканың экономикалық, мəдений раўажланыўына сəл-пəл түртки бериў ушын усындай мəселелер де сол ўақытта жүдə керек еди... Юбилей мүнəсибети менен қурылыслар ең жайды, оларға материаллар келди, питпей атырған қаншадан-қанша ислер питип кетти.

Билесиз, бурынғы СССР тарқап кеткеннен кейин биз туўысқанымыз Өзбекистан менен бирге қол усласып қалдық. Бул ибратлы ис болды. Тарийх буны умытпайды.

Сизге жақсы мəлим, соңғы жылларда Арал апатшылығының тəсириниң арқасында Нөкистиң экологиялық жағдайы бузылып бармақта. Президентимиз Орайлық Азиядағы барлық республикалардың Президентлерин Нөкиске шақырып, Арал теңизин сақлап қалыў туўралы үлкен əнжуман өткериўи арқалы кеўлимизде үмит ушқын-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ларын оятты. Биз келешекти анық көре басладық. Мен бул пикирлерди үлкен миннетдаршылық даўыс пенен хәмме орында айтып жүремен.

Жақсы күнде де, жаман күнде де дос керек. Өзбекстан, Қазақстан, Қырғызстан дослық қатнасықлары себепли пайда болған еркин экономикалық байланыс кем-кемнен беккемленип бармақта. Кәнекей, бул байланыс және де кеңейип, Түркменстан ҳәм Тәжикстан да оның тең ҳуқықлы ағзалары болса. Сонда бирликтеги туўысқанлық жағдайында әййемги Түркстанымыздың жамалы және де жаснап кетер еди. Тарийхый мағлыўматлардан мәлим, Орайлық Азия халықлары Әмир Темур, Шахрух Мырза дәўирлеринен баслап узақ жыллар бир туў, бир байрақ астында бирге жасап келген. Қалаберсе, ғәрезсизлик дегени, бул-өз қабығына оралып жасаў деген сөз емес. Мен бир-биреўден ажыралып жасаўды қыялыма келтире алмайман. Ҳәр бир халық қайсы жағынан болса да, бир-бири менен тығыз байланысқан. Бунысыз раўажланыўға ерисип болмайды. Ғәрезсиз болыў — бул күшли бола алыў деген сөз. Биз өзбеклер, түркменлер, қазақлар, қырғызлар, қарақалпақлар бирге болсақ, ҳәмме мәселеде бирлессек ғана күшли боламыз. Территориямызды, аспанымызды да өзимиз қорғай аламыз. Бул жағынан Өзбекстан ҳәзир өзиниң тарийхый миссиясын жүдә ибратлы бир тәризде иске асырмақта. Бурыннан Орайлық Азияның жүреги болып келген Өзбекстан буннан былай да усындай болып қаларына исенемен.

**—Сизиңше бул уллы иске жазыўшылар қандай үлес қоспақта?**

—Ғәрезсизлик — тийкарында да, бәрше творчество ийелериниң ең үлкен арманы еди. Еркинликке ерискеннен кейин-ақ қәлемкеш досларымыз оны көтериңкилик жағдайда жырламақта. Бирақ олардың арасында шала түсиниклерге ийе айрым қәлемкешлер тийкарғы күшин өткинши нәрселерге сарплап атырған болса да, бүгинги күни бирликке ерисиў хәр қашанғыдан да зәрүр. Биз совет дүзими дәўиринде дүнья әдебиятын көрдик. Бойымызды әне усы әдебият пенен өлшей басладық. Аз ба, көп пе утысларға да еристик. Енди усы ерисилген дәрежеден пәске түспеслигимиз керек. Бир мәрте Орайлық Азия жазыўшыларынан бир топары Түркстан шәҳәринде жыйналысып, усы хаққында режелеримизди мәсләҳәтлесип алдық. Мениңше, бундай ушырасыўларды еледе кеңирек көлемде әмелге асырыў керек. Биз Өзбекстан жазыўшылары бул мәселеде баслама көтериўимиз, тийкарғысы, әййемнен билим ҳәм мәдeният орайы болған Өзбекстан



www.ziyouz.com kutubxonasi

буннан былай да әне сондай бирликке шақырыўшы ҳәм билдириўши әнжуманлардың, илажлардың ошағы болыўы тийис.

Өзиңизге жақсы мәлим, бурынлары Москвадағы Әдебият институтында билим алынар еди. Биз ҳәзирге шекем усы институт мәселесин дурысырақ ойламай атырмыз. Мениң нәзеримде Орайлық Азия мәмлекетлериниң жас әдебиятшылары билим алатуғын бундай билим орнын әллеқашан Ташкентте ашыў керек еди. Бул жерде илимий күшлеримиз де, әдебият кәнийгелеримиз де жеткиликли. Қалаберсе, Айтматов усаған сөз усталарын ўақты-ўақты менен шақырып, лекцияларын тыңлаған мақул болар еди. Бурынғы аўқамлас республикалардың дерлик барлығында жумысларын тоқтатқан. Ал бизде ҳәтте жазыўшылардың творчестволық үйлери ҳәмийше ислеп турыпты. Әне усы творчестволық үйи Орайлық Азия республикаларының Әдебият институты ушын бийбәлел оқыў орны болар еди. Түркийтиллес халықлардың әдебиятын, мәдениятын еркин раўажландырыў ушын жас әдебиятшыларымыз тийкарғы үлкен билимди, сабақты Шығыс мәдениятын, билимлерин үйрениўден баслаў керек. Түркийтиллес халықлардың еки мың жылдан көбирек дәўирди қамтыўшы бай әдебияты бар. Европа өз мәдениятының имаратын Шығыс әдебияты ҳәм мәденияты фундаментиниң үстине қурғанлығын тарийх дәлиллейди. Европа болса сол қурылған «диййўалларына» өзлерине тән ҳәрқыйлы әшекейлер менен безеў берген. Биз ендиги мәдениятымыз сарайын өз тарийхый мәдениятымыз тийкарында салыўымыз керек. Бул жерде мен Шыңғыс Айтматовтың пикирин тәкирар-тәкирар айтқан болар едим: «Византия мәдeният ҳәм илим жағынан славян халықларына қандай тәсир көрсеткен» болса, Өзбекстан, өзбек мәденияты да барлық түркий тиллес халықларға усындай тәсир көрсетип келген. Өзбекстан бүгинги күнде экономикалық-сиясий, руўхый раўажланыўда тап усы тарийхый жолынан бармақта». Усы мәниде Орайлық Азия халықларының Өзбекстан әтирапында, әййемги мәдениятымыз тийкарында бирлесиўи және де беккемирек болатуғынлығына исенемен. Ташкент түркийтиллес халықлардың өзине тән «Мекке» си болыўы лазым.

**—Төлепберген аға, жаңа китабыңызды «Қалбимниң қамусы» деп атапсыз. Ол не хаққында? Шығарманың тийкарғы мазмуны хаққында сөйлеп берсеңиз?**

—Бул шығарма үстинде узақ ўақыт ислеўиме туўра келди. Ол улыўма философиялық ойларға қурылған өзине тән бир китап болды Сизге де мәлим, биз узақ ўақытлардан берли ең туўры, ҳақ гәплерди

www.ziyouz.com kutubxonasi

даўысымызды шығарып емес, сыбырланып айтар едик. Минберде яки адамлар алдында биреў туўры гәпти емес, жалғанды суў етип төгип атырған болса да «Хай, токта!» дей алмадык. Жанымыздағы адамларға базда ғана «анаған қараң, өтирик сөйлеп турыпты» деп әстен ғана сыбырладык. Қасымыздағылар да «аўа, дурыс» деп қоя салар еди. Хакыйкый ой-пикирлер, әне усы сыбыр-сыбырларда айтылар еди. Сол себепли мен жазыўшы сыпатында, калаберсе, Меккеге барып Тәңритааланың үйине зиярат етип келген бир ҳажы сыпатында, енди ҳақ гәпти айтайын деген максетте, сыбыр-сыбырлардан репортаж-эссе жаздым.

Оның биринши бабы «Кайыпбергенов, сиз кимсиз?» деп аталады. Мен бул саўалларға философиялық пикирлерим менен жуўап излей-мен. Екинши бапта «СССР неге таркалды?» деген саўалға өзимше, айырым фактлер келтириў аркалы жуўап бериўге ҳәрекет еткенмен. Үшинши бабында Каракалпакстан ҳәм каракалпаклар, халкымыздың тарийхы хаккында әпсаналарға, ҳүжжетлерге сүйенемен. Сондай-ак шығарманың кейинги бөлимлеринде дин ҳәм илим, творчество, инсаныйлық пазыйлетлер мәселелери бойынша ойлар айтылады. Әлбетте, бир каракалпак перзенти сыпатында өз шығармамда «Дүнья ҳәм Каракалпакстан» мәселесин де шетлеп өте алмадым.

Китабымның базыларды тәәжүбке салатуғын соңғы бабы «Қайып-бергенов, сиз кашан өлесиз?» деп аталады. Мениңше, дүньяны, акыретти, диянатты ойлаған ҳәр бир адам өз-өзине усындай сораў бермеслиги мүмкин емес. Мен бундай сораўларға жуўап излер екен-мен, өмирим бойынша ислеген ислерим жөнинде, өзиме есап берип, калай жасадым, калай жасаўым керек еди, енди кәйтип өлиўим тийис деген сораўлар үстинде философиялық пикирлер жүритиўге ҳәрекет еттим...

*«Ўзбекистон адабиёти ва санъати» газетасының 16-сентябрь, 1999 ж. №37-38 санынан. Сораўлар Журналист Мурат Абдуллаев тәрепинен берилген.*

## КУТЛЫ КҮНЛЕР ҚУЎАНЫШЫ

**Усы улыы Рамазан хайыты кабатында, яғный усы кутлы күнлерде бәршемиз және бир мәрте өзимиздиң туўры жолымызды аласпай таңлап алғанымызға толык исеним хасыл қылып, жаңа әсирге, жаңа мың жыллыкка жарык жүз бенен кәдем коямыз деп үмит етемен.**

Мен көбинесе ҳәр қыйлы жумыслар менен, гейде бир айда еки мәртебе Ташкентке келемен. Лекин, ҳәр сапары пайтахтымызды сағынып келемен. Мен ушын бул қала муқаддес, екинши Каба болып қалды. Ҳәр келген сайын кеўлим қуўанышларға толып-тасады. Тәңриталаның алдына, ел-журтым алдына пәкленип қайтқандай сезинемен. Себеби, мен бул уллы қалада көп-көп устазларым, шәкиртлерим, досларым менен дийдарласаман, олар менен ашықтан-ашық әңгимелесемен, ашық сырласаман. Гейде олардың жаңадан жаңа ой-пикирлерин тыңлайман, гейде өзимниң жаңа пикирлерим менен ортақласаман. Қулласы, Нөкиске қайтып келгенимнен кейин, пүткил дүньяға илим-ҳикмет нурын таратып, Шығысқа жәрық шуғласын шашып турған Ташкент тәсири менен жасайман... Себеби — бул қала мени ҳәр сапары өзиниң туўған перзенти киби күтип алады.

Бул жерде жаңа қурылысларды, жаңа жолларды көремен. Айналамыздағы мәмлекетлерде ишки қарама-қарсылықлар себепли қайғылы ҳәдийселер жүз берип атырған болса, Ташкентте тынышлық, парахатшылық ҳүким сүреди. Халықларымыз арасындағы бирликти көрип тағы да илҳамланып кетемен, жасым жетпистен асып баратырғанына қарамастан, жаңа шығармаларым менен бирге ҳәр күни жазып баратуғын күнделигимди жаңа ойлар, жаңа пикирлер менен байытаман.

Бул уллы шәҳәр. Орайлық Азияның ҳақыйқый мәнисиндеги орайы болған Ташкент кейинги ўақытларда мени, бир қарақалпақ қәлемкеши сыпатында, әжайып жаңалықлары менен шадландырады. Самолеттен түсип, вокзалдан Ташкентке кирип келсем, дәслеп қолына дуўтарын услап турған уллы қарақалпақ шайыры Бердаққа орнатылған естеликке дус келемен. Ол мени ҳәм Ташкент мийманлары ҳүрметине саз шертип қуўаныш пенен күтип алып атырғандай, қайтып баратырғанымда болса мениң менен бирге Ташкент мийманларын ашық кеўли менен саз шертип, узатып салып атырғандай туйылады. XIX әсирде өмир сүрген қарақалпақ әдебиятының атақлы классиги Қарғабай улы Бердақ бабамыздың келбетин Ташкентте көрип не ушын сүйсинбеймен? Ақыры, бул Қарақалпақстаннан тысқарыда орнатылған биринши үлкен естелик ғой! Бул естелик Шығыстың уллы дәрўазасы болған Ташкентте орнатылған болса, неге қуўанбайын ақыры! Әлбетте, қәлбим қуўанышларға толып-тасып кете береди.

Базы биреўлер: «Бунының неси қуўанышлы? Бердақтың юбилейлери бурынлары да өткерилер еди, илгери пайытлары да жыйналыслар болып турар еди ғой?» деп маған наразылық билдириўлери мүмкин. Дурыс, бурынлары да Бердақ жөнинде гәплер болған. Олардың бул



www.ziyouz.com kutubxonasi

ескертиўлеринде жан бар. Ҳәтте Бердақтың кишкене бюстин көтерип Москвада юбилей өткерген ўақытларымыз да болған. Бирақ шайыр туўралы рәсмий баянатлары оқылып, мәжилис қатнасыўшылары зыяпатқа мирәт етилген пайытта, бабамыздың биз апарған кишкене бюсти бир шетте муңайып қалып кете берер еди. Сондай болғаннан кейин Бердақ бабамыздың бюстин және қайтарып Қарақалпақстанға алып қайтар едик. Ызалы жағдайлардан кейин 80-жылларда Москва газеталарынан биринде жәрияланған сәўбетимде: «Бизиң дослық ҳаққындағы гәплеримиз тек қағаз жүзинде ғана. Ашынарлысы, биз мисли суўдың түбине түсип алып, «мен қарақалпақпан?» деп бақырғандай боламыз. Суўдың түбинен шыққан даўысымызды өзимизден басқа ҳеш ким еситпейди, тек суў бетинде пайда болып атырған көбикшелер ара-арасында көринип қалады, болғаны», деп ашығын айтқан гезлерим де болған. Усы сөзлерим газетада басылған, бирақ ең өкиншлиси, оның менен де ҳеш нәрсе өзгермеди.

Бүгин мен неге қуўанбайын? Хорезмде уллы шайыр Агаҳийдиң 190 жыллық юбилейи салтанатлы жағдайда белгиленип атырған күнлерде, оның менен бир қатарда бизиң шайырымыз Әжинияздың да 175 жыллық юбилейи кең белгиленип өтилди. Ҳәзир Қарақалпақстаннан Хорезмге кире беристеги Шабат районында әййемги Хорезм журтының үш уллы шайырына қатара бағлар бинят етилди. Дәслеп Агаҳий бағы болса, оған жақын Бердақ ҳәм Әжиниязлар бағы бар. Ҳәр бир шайырға бағқа кире бериcте естелик орнатылған.

Хийўадағы Шерғазы хан медресесинде тәлим алған Әжиниязға усы илим орайында оқыған уллы түркмен шайыры Мақтымқулы менен барабар айырым-айырым бөлмелерде шайырлардың музейи шөлкемлестирилген.

Буның ҳәммеси ушын және бир мәрте ғәрезсизлигимизге шын жүрегимнен миннетдаршылығымды билдиремен!

## Досларымның айтқанларынан

Орайлық Азия халықлары мәденияты ассамблеясының ЮНЕСКО дәрежесиндеги тағдиматынан (дизимнен) өткериўдиң мәжилисине қатнасыў ушын бир топар Өзбекстан ўәкиллери менен бирликте 1999-жылдың март айында Париж қаласында болдым. Мәжилисимиздиң рәсмий бөлими тамам болғаннан кейин Париж қаласының дыққатқа ылайық орынларын, тарийхый уллы естеликлерди тамашаладық. Тек Францияның ғана емес, ҳәтте Европаның пайтахты есапла-



www.ziyouz.com kutubxonasi

натуғын Париж каласын алақандағыдай көриў мақсетинде күтә бийиклиги менен әлемге айғақ Эйфель минарасына көтерилдик.

Минара хызметшилеринин биреўинин баслаўында ең жокарысына шықтық. Баслаўшымыз қалби толы мақтаныш пенен:

— Айтынлар, дүньяның қайсы бир мәмлекетинде усындай бийик минардан уллы қаланы тамаша етиў мүмкин? — деп сорады.

Қатарымыздағы дана шайырымыз, Өзбекстан Қахарманы Абдулла Арипов хәзир жуўаплық пенен:

— Дурыс, бул бийик минара. Лекин, соңғы сегиз жыл ишинде Өзбекстан буннан да бийигирек минараға айланбақта. Бизиң пайтахтымыздағы хәр бир үйде отырып-ақ, дүньяның төрт таманын биймәлел тамаша етиўиңиз мүмкин, — деп жуўап берди.

— Ха, әлбетте, — деп қосымша етти Өзбекстан халк жазыўшысы Адил Якубов, — бурынлары биз шет еллерге шығатуғын болсақ, қай жерден келгенимизди шет елли танысларымызға көрсетиў ушын әўеле бурынғы СССРдың картасын излер едик. Хәзир болса дүнья картасында Өзбекстанның өз орны бар.

— Аўа, бурынлары Өзбекстан «СССР» деп аталған үлкен «Матрешка» (қуўыршақ) ның ишиндеги кишкене «матрешка» (қуўыршағы) еди, — деп қосып қойдым мен.— Енди Тәңритаалама шүкир, өз бойымыз, өз келбетимиз бенен дүньяға таныллдык.

## Шет елли досларымның айтқанларынан

Парижде «Атама хатлар» китабымды француз тилине аўдарған аўдармашым Люса Катала, кеште мени өз үйине мийманға мирәт етти. Мийманға барсам, Москвадан келген Лилия Александровна Райтман исмли досты да усы жерде екен.

Бул үйде ең әўеле мениң дыққатымды тарткан нәрсе, дийўалдағы китаплар хәм баска да хәр қыйлы буйымлар, затлар айрықша ықшамлы орналастырылғаны болды. Бөлмелердиң хәр бири өзинше музей киби көркем безетилген болып, бәри де адамның дыққатын өзине тартады. Қарап турғанымда ең қымбат бахалы буйымлар арасында әллеқандай ески дийўалдан бөлинип түскен сынық гербиш итибарымды тартты. Мениңше, бул гербиш хеш нәрсеге жарамайды да, оның хеш қандай бахалылығы да жоктай еди. Ол әллеқайсы қурылыстан сынып түскен секилли. Бирақ, бул гербиштиң жалдығының сыртында кандайдур жазыўдың излери елес-елес көзге тасланады, дыққат салып карасаңыз да жазыўды оқып болмайды. Гербиш



www.ziyouz.com kutubxonasi

сынығына дыққат пенен тигилип турғанымды көрип, Люса Катала әсте жаныма келди.

— Шамалаўымша, бул гербиш сынығын таныдыңыз, — деди ол. — Таныўыңыз тәбийий. Бул гербиш сынығын әййемги заманлардан дүньяға даңқы кеткен Самарқанд қаласынан алып келгенмен.

— Бул гербиш сынығының сизге не кереги болды? — деп сорадым таңланып.

— Билесиз бе, Самарқанд, мусылманлардың ең муқаддес Мекке қаласынан кейинги, екинши қалаға айланыпты. Мухаммед пайғамберден кейинги дана инсан, Ҳадис илиминиң султаны Әл-Бухарий хәзиретлери жерленген әзиз зыяратхананы қайтадан тиклеткен. Билсеңиз керек, Мухаммед пайғамбер Мәдинаға барғанда, өзине баспана берген қала бағларындағы қурма мийўесин дүнья мусылманлары ушын теберик жемиске айландырды. Мен де дүньяға Әл-Бухарий, Саҳыпқыран Әмир Темур сыяқлы уллы инсанларды берген Өзбекстаннан усы гербиштиң сынығын тап Мәдинаның қурмаларындай теберик деп Парижге алып келдим, — деди Люса Катала.

Соң дийўалдағы китаплар текшелерине қатара қойылған буйымлар арасынан кишкене бир целофан қалтаны алып, ишинен алма ҳәм жүзим шығарды.

— Арнаўлы түрде буларды да Самарқандтан алып келгенмен. Бир бөлегин қоңсыларыма, жас балаларға үлестирип бердим. Олар буны теберик деп маңлайларына сүртип-сүртип қабыл етти. Ҳәммеге мәлим, Орайлық Азия әййемнен пүткил дүньяға даңқы кеткен ел. Оның биринши картасын әййемги заманның белгили илимпазы Клавдей Птолемей сызып, өз китабына киргизген. Әттең, соңғы 70 жыл даўамында Орайлық Азия бурынғы СССР ишинде жасырын қалып келген еди. Президентиңиз халқының бабаларының әййемги уллы мәмлекетин бириншилер қатарында усы қуўыршақ ишинен шығарып алды.

Люса Каталаның пикирлерин еки мехман айрықша рәҳәтлениў менен тыңладық.

— Шынында да Өзбекстан әййемнен-ақ дүньяға белгили. Ол жерде инсан мәплери хәр тәреплеме қорғалады, инсанның қәдир-қымбаты улығланады. Булар қуры гәплер емес, — деп гүрриңимизге қосылды москвалы Лилия Александровна. — Мен Хорезмге зыярат-қа барған ўақтымда, буннан 750 жыл бурын жасап өткен, желкеси жерге тиймеген палўан хәм уллы шайыр Пахлаван Махмудтың еки бәйитин оқып хайран қалғанымнан жағамды услағанман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мине, еситиңлер:

*«Сырттан шымалай келип қосылса бизиң қатарға,*
*Мәмлекетимиз себепли айланарды арысланға».*

Лилия Александровна Пахлаван Махмудтың усы қатарларын француз тилинен русшаға сөзбе-сөз аўдарып айтқан соң:

—Айтыңлар, хәтте шеттен келген шымалайдай адамларды да тәрбиялап, арыслан дәрежесине жеткерген мәмлекет жер жүзинде болған ба екен? —деди толқынланып. — Мениңше Сизиң елиңизде дана бабаларыңыздың руўхы қайтадан жанландырылып атыр.

— Дурыс, буның ушын не керек? — деп гүрриңимизге араласты Люса Катала. — Әлбетте, биринши нәўбетте, шаңарақта тынышлтатыўлық болыўы лазым. Соның ушын да Өзбекстанда 1998-жыл «Шаңарақ жылы» деп аталды. Шаңарақта хаял бахытлы болса, келешегимиз де исенимли қолларда болады. Сол ушын 1999-жылдың «Хаял-қызлар жылы» деп аталаўында да жүдә үлкен мәни бар. Себеби, хаяллар, аналар бахытлы болса, шаңарақта саламат әўлад тәрбияланады. Ҳақыйқатында, сизлерде «Саламат әўлад ушын» ордени бириншилерден болып шөлкемлестирилгенин оқыған едим.

Мен оларға хәўес пенен қарап қойдым.

Лилия Александровна және гүрриңимизге араласты:

— Бурынлары «Қызыл Өзбекстан» дегенге усаған сөзлерди көп еситер едик. Енди болса тек ғәрезсиз Өзбекстанды билемиз. Басқаша айтқанда, XV әсирде Христофор Колумб дүньяға Американы қандай етип ашып берген болса, Мустақиллық Өзбекстанды XX әсирде тап сондай етип ашты, — деди москвалы атақлы алым.

Қулласы, сол күни шет еллик көлемкешлер менен Өзбекстан хәм оның адамлары, әййемги қалалары, туўралы узақ әңгимелестик...

Дүньяға атақлы Париждиң бир шаңарағында болған бул гәплер мени шексиз қуўандырады.

*(«Халық сөзи» газетасының 1999-жыл, 30-декабрь санынан). Бас редактордың Рамазан күнлериндеги сораўларына Т. Қайыпбергеновтың берген жуўаплары.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МИЛЛЕТТИҢ ДӘРМАНЫ БОЛЫЎ БӘРШЕМИЗДИҢ ЎАЗЫЙПАМЫЗ

**Д.Б. —Сиз өзиңиздиң жетпис жыллық өмириңизден әдебиятқа неше жылы жумсалды деп ойлайсыз?**

Т.Қ. —Ойландырарлық сораў. Ең жақсысы, илимий изертлеўлерге сүйенип жуўап бергеним мақул болар. Алымлардың көп мәрте изертлеп анықлаўларына дыққат аўдарсақ 70 (жетпис) жыл жасаған кисиниң 23 (жигирма үш) жылы уйқыда, 3 (үш) жыл өмири басқалар менен хәр қыйлы сөйлесиўлер, 6 (алты) жылы аўқатланыўға, 1,5 (бир ярым) жылы жуўыныўға жумсалады екен. Ал, усылардан аўысқан 26,5 (жигирма алты ярым) жылдың 14 (он төрт) жылы жоқары мағлыўмат алғанша оқыў менен өтип, соннан аўысқан 12,5 (он еки ярым) жыл өмири ғана сол кисиниң мақсетли ислерине жумсалады екен. Сонда мен де 70 жылдың 12,5 (он еки ярым) жылын ғана әдебиятқа жумсағанман. Буның ишине, әлбетте, хәр қыйлы газета-журналлар, көркем әдебий китаплар оқыў, телевизор көриў, радио тыңлаў... киреди.

**Д.Б. — Усы 12,5 (он еки ярым) жылда қанша китап жазып үлгердиңиз?**

Т.Қ. —16 китап.

**Д.Б. —16 китабыңыздың айырымлары қарақалпақ тилинде қайта басылыўлар менен 28 китап болған. Барлық жазғанларыңыз дерлик өзбек тилине аўдарылып, оқыўшылардың талаплары бойынша гейпаралары қайтадан басылыўы нәтийжесинде қарақалпақшаның үстине өзбекше және 18 китап қосылып, бәри 46 китап болған. Олардан биразы және орыс хәм басқа да онлаған тиллерге аўдарылып басылыў нәтийжесинде, қарақалпақ, өзбек тиллериндеги 46 китабыңыздың үстине 37 китап қосылған. Солай етип, өзиңиздиң басқа тиллерден қарақалпақ тилине аўдарып шығарған китапларыңызды қоспағанда, сизиң атыңыз бенен басылған китапларыңыздың саны 83 болыпты. Бул жерде мен Сизиң қарақалпақ, өзбек хәм басқа да бираз еллердиң тиллериндеги газеталар менен журналларда басылып шыққан үзиндилериңизди, мақалаларыңызды, интервьюлериңизди қоспадым. Бул фактлер жақсы, әлбетте. Өзиңизге қанаатлениў сезимлери менен жасасаңыз керек-ә?**

Т.Қ. —Хәр бир инсан өз өмирине қанаат хасыл қылып жасаса, оған не жетсин?! Бендешилигимнен бе, жоқарыда сиз келтирген фактлер мени онша қанаатлендире бермейди. Китапларым көплеген тиллерге



www.ziyouz.com kutubxonasi

тез-тез аўдарылып басыла бергенде, халкым, миллетим көбирек пропагандаланды деген ой менен өзимниң өзиме ырзашылығым артар еди-аў. Билсеңиз керек, үш китабыма миллетимниң атын косып атлар койғанман. Халкының аты жаксы нийетте канша көп тилде аталса, ҳәр кимде шад болады. Бул, әлбетте миллетшиликке жатпайды, миллий мактаныш! Миллий мактаныш ҳәр инсанда болыўы тийис.

**Д.Б. —Ҳәзир каракалпак тилинде басылыўын күтип турған тайын колжазбаларыңыз барлығын еситкенмен. Ҳәтте 20-әсирдеги Каракалпакстанның өзинше бир энциклопедиясын еске салатуғын секилли «Калбимниң камусы» атлы китабыңыздан 1996-жылдың бержағында каракалпак, өзбек тиллеринде газеталарда, журналларда басылған айырым үзиндилери менен де танысканман. Олардан тыскары сахнада койылмаған, бирак баспа сөзлерде жәрияланған тарийхый драмаларыңызды да билемен. «Түркийнама» атлы китабыңыздың да бир үзиндисин окығанман. Оларды неге китап ҳалында бастырмайсыз? Ертеректе Москваның «Театр» журналында басылған драмаңызды да өзимиздиң миллий театр сахнасынан көрмеген секилимен.**

Т.К. —«Асыккан кыз ерге тийип жарымас» дегендей, жазыўға асыксамда китап кылып бастырыўға онша асыкпайман, айналайын. Кудакәлесе, келешеги уллы мәмлекетимизде еле китап баспасына кең-кең жоллар ашылатуғынына ийманым кәмил.

**Д.Б. — Уллы келешектен үмитиңиздиң зорлығы өзиңизди ғана емес, бәрше окыўшыларыңызды да руўхландырады. Енди Сиз биринши шығарма жазыўды кашан ҳәм калай баслағаныңыз, кимлерден үйренгениңиз ҳәм өзиншелигиңиз жөнинде кыскаша айтып берсеңиз?**

**Т.К. —Мен биринши тәрбияны, яғный әдебиятка болған кызығыўшылыкты Шығыс әдебиятынан үйрениўден баслағанман. Өйткени, балалығымда атам менен кемпир апам мени совет мектебине апарыўдан бир күн бурын кеште аўылдың жасырын молласына жасырын жетелеп апарып, оннан жасырын пәтия алдырған еди. Неликтен де, сол ислер мәңги есимде калды. Бул жөнинде «Каракалпакнама» китабымда да еслегенмен. Кулласы, соң, жокары мағлыўматлы болған соң, ойлансам, Шығыс әдебияты, мәденияты бизиң әсиримизде озык деп есапланған Европа әдебиятының, мәдениятының тийкарғы фундаменти болған екен...**

**Шығыс мийрасларына кызығыўшылығым жасымда-ак күшли болды. Себеби, Атам менен сөйлесиўге алыс аўыллардан келгенлердиң сондай-ак диний көзкараслары ушын өз елимизден жасырын кашып баратырған, мениң атам себепли, үйимизде еки күн «Кудайы конак»**



www.ziyouz.com kutubxonasi

болған аталардың өз-ара сөйлескенлерин дыққат пенен тыңлар едим. Ал анам мени оларға от жаққыш етип пайдаланып, олар кеткен соң қандай әңгимелер еситкенимди өзинше имтихан қылып, мени сөйлетер еди. Әне сол себепли ески көп-көп рәўиятлар, әпсаналар, хикметлер, тақыўалық әңгимелерден айырымларының тәнха-тәнҳа өзгешеликлерине жартыўлы түсинбесем де, оларға деген ықласым бәлент болды. Көбиси мәңгиге есимде қалды. Ал өзим бираз дәрежеде саўат ашқаннан кейин, Шығыстың уллы алламаларының өзбек тиллеринде басылып шыққан китапларын атам әлле қаяқлардан таўып, қойнына тығып әкелип, маған беретуғын еди. Булардан тысқары ол әлле қайердеги билимли адамлардан еситкенлери бойынша Юсуф Хас Хажиб, Фирдаўсий, Низамий, Генжаўий, Жалаладдин Румий, Наўайы, Мақтымқулы сыяқлы уллы даналардан базы әпсаналар менен рәўиятларды айтып бериўге шаршамас еди. Бирақ хәр әңгимесиниң басында Алишер Наўайының:

*«...Мени мен истиган уз суҳбатига аржуманд этмас,*
*Мени истар кишининг сухбатини кўнглим писанд этмас...»*

деген қосық қатарларын тәкирарлаўға жалықлайтуғын еди...

Атам Бердақ шайыр жөнинде ашынып сөйлегенде, Уллы шайырымыздың өзи дөреткен шексиз бай ғәзийнелерди өз дәўиринде китап қылып бастырыў мүмкиншилигине ийе болмағанын өзимше ойлап, ишимде ғыж-ғыж от жағылғандай болып та жүрер едим.

Ал бүгинлиги әллекимлер «Заманы сондай болған, кешлеў болса да Бердақтың қосықлары, дәстанлары, бизиң дәўиримизде жыйналып басылған ғой, несине ишиңизге от түскен» деп мени қустаны қылып күлсе де тәәжип емес...

Дурыс, бизиң дәўиримизде Бердақтың шығармалары халық аўзынан жазып алынып басылған, бирақта мениң ойымша уллы шайырымыздың терең ойларға, Шығыс даналықларына толы шығармаларын дәслепки гездеги жыйнаўшылардың әлле шала саўатлығынан ба ямаса, неде болса хәзирги қолда барына шүкирлик қыламыз, неде болса жаңа заман талабына ылайық болсын, деген ойлар менен солай ислеген бе, шайырдың базы дөретпелери белгили дәрежеде көз көреки орынсыз көп өзгерислерге ушырағандай түйиледи маған. Олардың арасында базы шайырсымақ жыйнаўшыларда араласып, өзлериниң хеш жерде өткере алмаған шығармаларын Бердақтың аты менен саткысы келген бе, деген де гүман келеди басыма. Хәтте, уллы шайырларымыздың өз ўақтында ўақыт таўып, Бухараға, Ташкентке, Қоқан-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ға, Самарқандқа барып қайтқанларыда сөз болмайды. Мен булар жөнинде яғный Әжинияздың, Бердақтың жақын әйналада көп-көп қалаларға саяхат қылып барғанлығы туўралы өзимниң балалығымда тахыўа ғаррылардан көп-көп әңгимелер еситкенмен... Енди бул фактлердиң бәри бүгинги күни шешиўи қыйын жумбақлар сыяқлы...

Бәршеге мәлим бир факт, советлик мектепте Шығыс әдебияты кеңнен үйренилмейтуғын еди. Әдебияттан сабақ бериўши базы муғаллимлерден Шығыс әдебиятының базы үлгилери орыс тилинде аўдарылып басылып туратуғынын да еситетуғын едим. Ал, Александр Сергеевич Пушкинниң «Құранға еликлеў» деген шығармасы барлығын билгенимде ҳайран қалғанман. Ақыбетинде, Нөкиске пединститутқа оқыўға келип, орыс тили ҳәм әдебияты факультетине кирдим. Бул факультетке кириўимде сол гездеги пединститут директоры, ҳүрметли устаз Турдымурат Бекимбетов жәрдемши болды. Мен буған өкинбедим. Шынында орыс тили ҳәм әдебияты факультетинде қайсы жазыўшы, шайыр ҳаққында гәп басланса, олардың баслы шығармалары ҳаққында кең масштабта түсиниклер бериледи екен. Айырым әдебиятшы муғаллимлер онша асықпай, көп пикирлерине қарақалпақша образлы теңеўлер таўып сөйлейди екен. Солай етип, мен орыс әдебиятының уллы мақтанышы Пушкинниң (1799-1837ж), Польша әдебиятының уллы мақтанышы Адам Мицкевичтиң (1798-1855ж); Венгер әдебиятының уллы мақтанышы Шандар Петефийдиң (1823-1891ж) дөретпелери менен кеңирек танысыў имканиятына ийе болдым. Ал, немец әдебиятының мақтанышы Иоганн Гётениң (1749-1832ж), «Песнь Могамеда», «Западно-восточный диван...» сыяқлы шығармаларын орыс тилинде оқып, күтә ҳайран қалған демлерим де болды. Демек, әўелий-әзелден-ақ Шығыс әдебияты Европаның бәрше ойшыллары ушын еликлеў ҳәм үйрениў объекти болып киятырғаны сөзсиз...

Факультетимизде орыс әдебиятының баслы ўәкиллери Лев Толстойдың (1828-1910ж), Федор Достоевскийдиң (1821-1881) шығармалары кеңнен талланған пайытларында да, олардан Шығыс руўхы мудамы сезилип туратуғын еди, ҳәтте базыларынан шығыс темасына, тиккелей шығыс әдебиятына еликлейтуғынын сезип, исениң, қәлбимде әлле қандай қуўанышлы сезимлер пайда болатуғын еди. Ал М. Лермонтовтың (1814-1841ж) «Ғәрип ашығын» додалаўда кеўлимдеги мақтаныш сезимлеримди ашық айтқан гезлеримде, муғаллимлер бул ушын айыпламай, маған жоқары баҳа қоятуғын гезлери де болған. Сол себеплиме бизиң әсиримизде пайда болған орыс, өзбек, қазақ,



www.ziyouz.com kutubxonasi

тәжик, кырғыз, украин, түркмен... әдебиятларынан атаклылары колыма түссе, өзимше изленип, тезирек окыўға асығар едим...

Кыскасы, олардың бәринен де дерлик Шығыс классикасының традицияларын синтез кылып үйренгенлери сезилер еди. Усылардан соң мен де өз халкымның турмысынан, көбирек өтмиш тәғдиринен, шығармалар дөретиўди әрман еттим... Бул максетлерим кай дәрежеде, калайынша иске асканының, бахасын бериў баскалардың иси, әлбетте.

**Д.Б.— Кеширеріз, 1967-жылы Республикамыздың мәмлекетлик Бердак атындағы сыйлығын алғаннан кейин де айырым еллердиң хәр кыйлы сыйлыкларының 6-7 рет лауреаты болыўға ерискенсиз. Олардың катарында он биринши әсирде жасап өткен уллы Шығыс алламасы Махмуд Кашкарий атындағы халык аралык сыйлык та бар. Бирак мени жаслар газетасының редакторы сыпатында, көбирек кызыктыратуғын жаңалык—Сиз ең биринши рет, 1957-жылы «Жер жүзи жасларының фестивалы» өткерилгенде, косыкларыңыз ушын Каракалпакстанның Республикалык конкурсының жеңимпазы, яғный лауреат болғансыз? Лауреатлыкты ең әўеле поэзиядан басласаңыз да, соңынан, оны неге таслап кеттиңиз? Мәселен, мен Сизиң, ең болмаса, китап болып басылған бирде косыклар топламыңызды көрмедим?**

**Т.К.** — Мен әдебиятты, өз түсинигим бойынша, канша кеңирек билген сайын, поэзия жазыўға корыктым. Баска тиллердеги шайырлар менен, әсиресе, Шығыс поэзиясының үлгилери менен өз поэзиямды салыстырсам, оларға жетиўдиң күтә-күтә мүшкиллигин, ал өзиме теңлес каракалпак шайырлары менен салыстырсам, мениң жазғанларымда олардикиндей болғанына да канәәт етпедим« өзимше бәримизде де бир кыйлылык сездим. Бәримиздики де тек сол күнги радио, газета талабына сәйкес. Мәселен, баска да каракалпак шайырлары киби меники де «Пахта тер», «Егисти таярла», «Пәленшениң пәлен жаска шығыўына арнаў», «Пәленше колхоздың шөлкемлескенине», болмаса «Аўылымыздың жигитлери», «... бағларында...» сыяклы косыклар... Ал, соннан кайсымыздың туўылған районымыз пахта планын орынласа... «Районым төрт совхозды курайсаң, Каракалпакка Нөкистен соң орайсаң...» деген такылетте косыклар менен бир-биримизден асып түсиўге умтыламыз. Уйкасларымыз да бир-бирмизге жакын, «бағы-бостаным, тилде дәстаным... Каракалпакстаным...», «аламан, саламан, каламан...» киби болып кете береди. Ойланып, баска әдебиятлар менен салыстырсам, бизлер, каракалпакстанлы шайырлар, баска халыклардың әдебият үлгилери хәм жәхән әдебияты менен жарысыў орнына, бир-биримизди ғана тәкирарлаў ушын



www.ziyouz.com kutubxonasi

жарысып жүрген тәризлимиз. Парыкларымыз өз косығымызды тек дурыслап окып билиўде екенлигин, арамызда ким өзиниң косығын артистлик шеберлик пенен окый билсе, ол хәм талантлы, хәм керекли шайыр саналып кете беретуғынын уғындым. Бундай шеберликти өзимнен табалмағаным ушын ба, насыр (проза) жазыўдың мүмкиншилиги маған кеңдей көринди. Хакыйкатында прозаның мийнети аўыр болғаны ушын ба, бул гезде бизде проза онша раўажланбаған еди, әне сол ушында оған талап, дурысырағы, шөллеўшилик бар еди. Сол шөлди кандырыўға үлес косыў жолында бел байлағым келди...

**Д.Б. — Көп шығармаларыңызда өтмиш те, бүгин де, ертеңги күн де сәўлелениўин тапкан. Сиз усы өтмиш, бүгин, ертең деген уғымларды бизиң окыўшыларымызға әдебий образлар аркалы калай түсиндирер едиңиз?**

Т.К. —Шайх Саадий (1203-1292ж) айткандай «Жасыл ағашлардың хәр жапырағы Аллатааланың инабаты менен питкен китаптың бир бети», кимде-ким усындай жасыл ағашты көз алдына келтирсе, оның жер астындағы тамырлары өтмиш, орайлык өзеги бүгин, шакалары менен мийўалары ертең екенин уғынады. Әне сол ағаштың тамырларынан баслап тәрбия кылынбаса, калеген нәтийжеге жетиў мүмкин емес. Халыктың тәғдири де соған такаббил. Сол ушын уллы даналар өтмишти умыткан халыктың бүгини де, ертеңи де болмайтуғынын бийкарға кайта-кайта айтып кетпеген.

**Д.Б. —Айырым кәлем ийелери киби Сизде өз заманыңыздан ғәрезлиликте кәлем тербетип келген болсаңыз керек?**

Т.К. —Кайсы динди алсаң да, ол, хәр бир адам баласы бул дүньяға жаратылғаннан кейин, биринши гезекте, Тәңритааланың кулы деп уғындырады. Мен де адам баласыман, әлбетте. Ал, бул түсиниктиң төрги паркына онша бара бермеген кимселер, өзлерин аллє кимлерге, өз мәкемелериниң басшыларына кул сыпатында хәрекет етеди. Усының менен базылары жаксы жасаўға мүмкиншиликти табатуғыны сыр емес. Бунуң бир жаман жағы сол «кулдың» бул әлемде еркин, кең кәдемлер таслап, өзин бийғәрез тутыўына, еркин ойлаўына мүмкиншилигин тарайтады. 19-әсирдеги орыс жазыўшысы Антон Павлович Чехов (1860-1904ж), «Мен өзимниң кан денешелеримнен кулльтыкты бирме-бир сығып шығарғанман» деген екен. Нәтийжеде ол өзин бәршеден бийғәрез сезинип, еркин кәлем тербеткени ушын ба, кең окыўшылар жәмийетине унайтуғын жазыўшыға айналған. Менде оған еликлеп өзимниң базы кан денешелеримнен кулльткты шығарып таслаўға тырысып, шығармалар дөретиўге көп талаплан-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғанман. Буны Чехов дәрежесинде дурыслап иске асыра алмағанлығымнан ба, базы шығармаларым басшыларға жақлай, китап болыў алдында корректурасы өртелген, питкен қол жазбаларымды додалаў пайытларында-ақ жоқарыға жеткерилип, басып шығаратуғын орынларға қатты ескертилип, олар тәрепинен басыўға руқсат етилмеген китапларым да болды...

**Д.Б. —Жазыўшы өмир жыршысы деген түсиник бар. Сиз буған не дейсиз?**

Т.Қ. —Өмир түсиниўи күтә қыйын, айрықша қоспалы, машақатлы бир қубылыс. Ол жөнинде бир гәп пенен үзил-кесил түсиник бериў мүмкин емес. Адамзат бинә болғалы қолына қәлем алғанлар, даналар, уламалар өмирге өзлеринше анықлама бериўге тырысады. Сөйтсе де, елеге дейин оны дурыслап түсиндирген биреўин атаў мүшкил десем, бәлким, қәтелесермен. Өйткени, әллекимлер өзи жақсы жасағаны ушын «бул өмирге мен ыразыман, оны түсиндим» деп мақтанады, әттең ол қасындағы жолдасының бул өмирге наразылығы жөнинде ойламайды да. Демек, хәр бир инсанның өмир жөнинде өз түсиниги бар. Меники де, сеники де бар. Сол ушын жуўабым бираз созылыңқыраса да, жақында, еки саат ишинде мениң көз алдымнан өткен өмир елеслеринен айтып берейин: Қаламызда бираз дәбдебели өткерилген бир тойға қатнастым. Оның шаўқымлы, қуўанышлы, барлық гәрежетлери жеткиликли болып өткени соншелли, оған қатнасыўшылардың көбиси толық бир саат даўамында, пүткил өмири бәрхә усылайынша өтип атырғандай сезинип, өзиниң сол күнги бәрше машқалаларын умытып отырды...

**Д.Б. —Өзиңизше?**

Т.Қ. —Мен де көпшиликтиң биримен ғой... Солай етип сол тойдан жаяў қайтып киятырып бир көшеден өтсем, әллеқайсы шаңараққа мисли қан қуйылғандай, улы-шуў, қум-қуўыт болып, биреўлер маңлайына урып-урып жыласып атыр... «Жылағаннан сорама, күлгеннен сора, жылағанның өлгени, күлгенниң көргени барды» деген даналыққа рәўия қылып, жыласқанларға қалбимде аяныш сезимлери ояныў менен келеси көшеге келсем, көше ортасында бир өлини жерлеўге әкетер алдынан намаз оқылып атыр. Әйналасында мың ярымдай адам қарап тур. Ал намаз жайдағы өли әтирапында 10-15 молласымақлар. Қуран тилаўат қылынып атырғанда иркилмеў гүнә. Дизе бүктим. Қуран оқылып болғанша да биреўлер шыдамай, екеў-үшеў ара өзлеринше анекдотлар айтысыў менен мырс-мырс әстен күлисип те отыр... Өли алып кетилген соң даўыс шығарып, үйине



www.ziyouz.com kutubxonasi

кирип атырғанлар арасынан үштен бири дерлик жыласқан топарларға қосылғаны болмаса, үнсиз төмен қарасып баратыр, олардың арасында қапталындағы даўыс шығарған жолдасының қолтығынан әсте-әсте қытықлап баратырғанлары көринеди. «Өлген ғарры болса керек... ким болса да, мине айырым тирилердиң өлиге мүнәсибети» дедим ишимнен... Және еки көшеден өттим. Келин түскен той. Жаңлаған сазлар, намалар...артистлер хаўазы... Бир қапталда жаңа келиншекке беташар айтылып, айналасында өзиниң аты айтылыўын күткенлер аса дыққат пенен үнсиз турыпты. Олардың арт жағында еки адам бир-бирин алғыслап, сүйисип атырса, қапталында бир қыз бенен бир жигит телеграмма ағашын тасалап, пүткил әлемди умытқандай, бир-бирине аўызлары арқалы жабысып қалған... Олардан өтип «Қырқ қыз» ресторанына жақынласам, иштен шадлы қосықлар, сазлар сести пүткил әлемди терең қылғысы келгендей, жаңлап турыпты. Ал, сырттағы бийсанақ жеңил машиналардың арасында жыйналған шоферлар 2-3-4 ден бөлинип, биреўлери тойдан пай жетиспегени ушын, екиншилери «Бизлерге неге беташар кәдеси берилмейди...», үшиншилери «Бизиң баслық мениң азаннан бери аўқатланбай жүргенимди және умытты...» «Бизиң үйде де той бар еди. Хабар алыўға кетсем, өзи шығып қалса, және сөгип азап береди...», «Нәлет жаўсын, дайымның садақасы бар еди...» деген тоңқылдылар менен хәр қыйлы қуўанышлы, гә өкпели гәплер...

Ақлықларыма «тойдан әкелатырман» деп конфеталар апарып үлестириў мақсетинде базар жайға қайырылдым. Әптада кийинген еки адамның биреўи отырған халында, екиншиси, хасасына сүйенген халда өткен-кеткенлерге қолларын созып, қандай жақсы пәтиялары болса аямай, қайыр сорасады. Өтип атырған гирес-гирес базаршылар арасынан гейде биреўи иркилип қайыршының алақанына усақ пул тасласа, екинши қайыршы алақанына пул түскен кәсиплесин жақтырмай, өзинше гижинип, әстен ғана сөгинеди. Олардан да өттим... Хәр қыйлы затларын сатыўшылардың даўыслары бир-биринен хөктеликте тынбай өз затларын мақтаў менен қарыйдарларды шақырып атыр... Олардан сәл шетте бир-бирине усас қызғыш-геўгим түсли узын көйлеклер кийген еки хаял базаршылар соқпағының еки тәрепинде қасындағы 5-10 жасар ул-қызларын олай-булай өтип турған базаршыларға жумсап: «абайламаса, шалғайларынан услап ашпан!.. Пул бер де! Сора! Уялма!» десип буйрықлар берип турыпты... Олардан бир ярым қәдемдей шетте басына ақ орамал жапқан бир хаял: «Пал ашаман, келешегиңизди айтаман!» деп өткен-кеткенге мирәт салып турған еди, кәпелимде бир топар қыз-келиншеклер



www.ziyouz.com kutubxonasi

оны айланшыклап, «Қәне, мениң келешегимди айт!...», «Жоқ! маған биринши пал ашып бер!» десиў менен калталарынан пуллар шығарыўға карады... Бул көринислер үстинде өзимше ойланыў менен үйге қайтар жолға киятырсам, еки жигит алдымда кеселеди: «Ақсақал, қайда жүресиз?», «Такси керек пе?...», «Меники таза Тико, көзди ашып-жумғанша жеткеремен!...», «Мен хәммеден арзан апараман» деседи... Булардан мийим айланғанлықтан аклыкларыма конфеталар алыўды умытқанымды бирден еслеп, артыма кайырыла бергеним, хәзир ғана мен өткен жолдың кесиспесинде бир «Дамас» пенен «Нексия» дүгисип, шилпәрше болды. Маған жердиң астындағы тирепбердиси бирден тайып кеткен секилли көз алдым қараңғыласып кетти. Бир неше минутлардан кейин өзиме келип көзлеримди ашсам, мисли қызықшы артистлерди көриўге асыққан яңлы көп адам «авария» болғанлардың айналасын толық қоршапты. Нендей пәлекет жүз бергени көринбейди. Бундай аўыр хәсиретке карай алмайтуғын әдетим бойынша артыма айналсам, аяқлары қуйрығына жабысып, басы ийнине толық қыйсайған кеселбент бир бийшараны он еки-он үш жастағы бала ташкиге отырғызып айдап баратыр. Баласы оған: «бүгин неше сом түсти?» деди. «Адамлар кәмбағалласты ма я бүгин мехирсизлер көбейди ме, кешегиден кем, балам...» Абайлап карасам, базарға кирер жердеги бийик тастың үстинде хәр күни хәммеге үнсиз қол жайып отыратуғын мойны қыйсық бийшараның өзи...

...Бул көринислерди тезирек умытыўға асығып, үйге келе сала телевизорды ашсам, Чеченстан менен Россия арасында урыс... өлгенлер... жарадарлар... Африка еллериниң биринде хүкимет аўдарыспағы... және бир елде ашлықтан көшеде исип жатырған балалар... Өз-ара келисе алмай атырған Президентлер мәжилиси... байрам секилли концертлер...

Еки сааттай ўақыт ишинде мениң көз алдымнан өткен усы ўақыялар да өмир! Буған қаламыздың хәр шаңарағында усы демлерде жүз берип атырған есапсыз қубылысларды қоссақ ше? Өзимиздиң, өзиңиздиң шаңарағыңызда бир қыйлы өмир бар ма? Бәрин еслеп ойланыңыз... сонда өмирди менсиз-ақ түсинесиз, айналайын!...

**Д.Б. — Көркем шығарма жазылса усылардың қайсы тәрепи күшлирек көринер еди?**

**Т.Қ. —** Жазыўшының талантынан ғәрезли. Бирақ, хеш ким, хеш қашан өмирдиң толық көринислерин бере алмаған, бере алмасада керек. Бирақ, хәр бир сөз шебери өмирди толық көрсетиўди бәрхәма максет етеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Д.Б. —Сиз 1990-жылы Қарақалпақстаннан биринши рет Меккеге Ҳажылық сапар қылған еки адамның бирисиз. Мениң билиўимше Сиз бурынғы СССР жазыўшылары, бурынғы коммунистлер арасында да биринши хажысыз, улыўма динге көзқарасларыңызды еситким келеди?**

Т.Қ. – Ҳажылыкка Каракалпакстаннан Ўайс максым екеўимиз барған едик. Ол жақсы адам еди. Топырағы торқа болсын! Ал, дин мәселесине келсек, хакыйкатында, бизлер жаслығымыздан атеистликке тәрбияланғанбыз. Коммунистлик партия биз ушын Қудайдың елеси сыяқлы түсиндирилетуғын еди. Солай болса да, мениң жас гезимде шаңарағымызда ғарры атам менен кемпир апам айткан көп гәплер, айырым жағдайларда, үйимизге келген ғаррылардың, ескише саўатлы моллалардың сыбырланып айтатуғын базы әңгимелери, рәўиятлары, пайғамбар хәдислери мисли таска жазылған хат киби мениң кәлбимде туратуғын еди. Көп жағдайда жан сезимлерим еки тәрепке тартылып, бир алаканымда хақыйкатлық тасы, екинши алақанымда оны бийкарлаўшы гәрремлик тасы турғандай сезинетуғын едим. Олардың кайсысы, шын мәнисинде, хақыйкатлык, кайсысы, шын мәнисинде, ғәрремлик екенлигин анықлай алмай, жан сезимлерим бәрхә зары-гиряңлыкта, мисли айдың еки жолдың кесиспесинде, кайсысынан жүрерин билмейтуғын шала уйқыдағы жолаўшы секилли жасайтуғын едим. Пайғамберимиздиң кайтыс болған жасына жақынлағанымызда, 1990-жылы өмиримдеги көп ғана жумбаклы ойлардан, көп нәрсеге жетисе алмаған зары-гиряңлыктан қутылыў нийетинде Ҳажылық сапарына тәўекел еттим. «Кабадағы «халқа тас»қа қол тийгизиў хәммеге несип етпейди. Гүналы болсаң сол тас сеннен кашып жоқары көтериледи, пәк болсаң кашпайды» деген кобалжы гәплерди көп еситетуғын едим. Меккеге барып Кабаны айланғанда, биринши рет сол «халқа тастың» кай жерде екенлигин анықладым. Ол хеш қозғалмайды екен. Каба есигиниң бир каптальша орналаскан. Кабаны бир ўакытта айланатуғын он мыңлаған зиятшының бәри оған кол тийгизиўди әрман еткени ушын көпшиликтиң арасынан тек физикалық күшлилер, есабын тапқанлар ғана өз мақсетине ериседи екен, болмаса, оған қол, маңлай тийгизиў оғыры-оғыры мүшкилли ис. Мен Кабаны бес айланып үлгергенше «Халқа тас» қа жақынлаўдың аңсат бир сырын аңғардым да, сол бойынша мақсетиме еристим яғный, ең баслы мақсетимди иске асырып, «Әй Тәңри, Аралды толтыр, Әмиўге суўды көбейит!» дедим. Оннан кейин... Арафат таўының басына шыққанымызда сол Арал теңизи, Әмиўдәрья жөнинде тилегимди айтып болғансоң пәсте



www.ziyouz.com kutubxonasi

шатырлар қурып дем алып жатырған, олай-булай жүрген еки миллиондай зыяратшыны көрип (бизлер барған жылы еки миллион зыяратшы келди, десги): «Хаў мынаў зыяратшылар ақылсыз ба я мен *динсизбен бе?» деп өзиме өзим сораў бердим де, сол кәрада* атеистлигимнен биротала ўаз кешкенмен.

**Д.Б. — Енди азғана болса да Пайғамберимиздиң ҳадислеринен қайсыларын бизиң оқыўшыларымызға қысқаша айтқыңыз келеди?**

Т.Қ. — Пайғамберимиздиң ҳәдислериниң бәри де ибратлы. Аль-Бухарий (1810—1870ж) 600 000 (алты жүз мың) ҳәдис жазып алған, солардан 7400 (Жети мың төрт жүз) ҳәдис исенимли деп есапланған. Солардан сизиң газетаның оқыўшыларына, ҳәзирше мыналарды тәкирарлай қояйын: «Кисиниң қәлбинде төрт гәўҳар бар. Сол төртеўиниң төрт душпаны бар. Биринши Ақыл гәўҳары, оның душпаны Ғәзеп, екиншиси, Илим гәўҳары, оның душпаны Тәкаббырлик, үшиншиси, Қәнәәт гәўҳары, оның душпаны Көзи тоймаслық, яғный бийкәнәәтлик, төртиншиси Сақыйлық гәўҳары, оның душпаны өзгелерден бәрҳә Дәме етип жасаўшылық. Мейли ҳәне бесеўин айтайын «Биринши, өлимнен бурын тириликтиң, екинши, кеселликтен бурын денсаўлықтың, үшинши, бендеtípликтен бурын еркинликтиң, төртинши, камбағаллықтан бурын байлықтың, бесинши, ғаррылықтан бурын жаслықтың кәдирин билиў керек.»..

**Д.Б. — Өзиңиз ғаррылықты қалай сезинип атырсыз?**

**Т.Қ.** —Мен бала гезимде айналаға қарап, өзимди бала болып мәңгиге туўылғандай, сонлықтан, бәрҳәма бала болып жүре беретуғындай сезинетуғын едим. Ал, егеделер де усылай, ғаррылар да солай ғарры болып мәңгиге жасай береди, деп ойлайтуғын едим. Ал, бүгинлиги қәлбимнен сол балалық қыялларым толық жоғалмаса да, адамлардың маған болған мүнәсибетлерине қарап, әллекимлерди излесем, бурынлары маған таныс ғаррылар толығы менен жоқ, өлип питкен, ал егеделерден тек санаўлылар бар. Олардан да көбиси төсеклеринде қыймылсыз жатады... Теңлеслеримниң де көпшилиги жоқ. Демек, мен картайғанман! Бирақ қәлбим картаймаған сыяқлы. Бирақ, бизиң бала гезимиздеги ғаррылар мени бир күнде үш рет көрсе де хәр сапары алақанын маңлайына сая қылып «Қай баласаң?» деп сорайтуғын еди. Ҳәзир менде де сол кейип пайда болды. Демек, картайғанман. Биракта, Насраддин Әпендиниң атқа мине алмай атырып айналадағылар еситсин деген мақсет пенен: «Әй ғаррылық-ай!» деп өкиниш билдиргеннен кейин, дөгерегинде хеш ким жоқлығына исенген соң: «Әй, Насраддин, жаслығыңда да карық емес едиң, атқа ғарғып минген ўақтың жоқ!»



www.ziyouz.com kutubxonasi

дегени янлы, жаслығымда да, базы адамларды дурыс таный алмай, гейпараларының атларын умытатуғынымды еслеп, «мениң гүллән дыққатым, ойларым, жаңа шығармалар үстинде ойланыў менен бәнт еди ғой!» деп өзим өзимди жубатаман...

**Д.Б. —Ҳақы сыпатында динлер ҳаққында өз ойларыңызды, көз қарасларыңызды жазыў ниетиңизде бар ма? Егер бар болса, қайсы динге қайсы пайғамбар тийкар салғаны жөнинде күтә қысқа айта аласыз ба?**

Т.Қ. —Барлық динлерди билмеймен. Бирақ Буддизм динине Сид харти Гаутама Будда (бизиң эрамызға дейин 623-544 және басқаша бир ҳүжетте бизиң эрамызға дейинги 563-483-жылларда) исмли пайғамбар, Зароастризм (отқа табыныўшылық) динине Заратуштра (шама менен бизиң эрамызға дейинги 10-6-әсирлер) исмли пайғамбар, Иуда динине (Еврейлердиң дини) Муўса исмли пайғамбар, (бизиң эрамызға дейинги 13-әсир), Христиан динине Ийса пайғамбар (бизиң әрамызға дейинги 6-шы ҳәм бизиң эрамыздың 30-жыллары), Ислам динине Мухаммед пайғамбар (бизиң эрамыздың 570-632-жыллары нда) тийкар салғанлығы жөнинде оқығанман...

**Д.Б. —Оқығанларыңыз, еситкенлериңиз арасында өзиңизди таңландырған ҳәдийселерден айырымларын бизиң оқыўшыларымызға айтып берсеңиз жаман болмас еди?**

Т.К. —Мейли, өтинишлериңиз бойынша ҳәзир ядыма түскенлеринен айтайын. Уллы Ийса пайғамбарымыз: «өлини тирилтиў күдиретимнен келди, бирақ акмакларды дүзетиў қолымнан келмеди» деген екен. Азербайжан халқының уллы шайыры Низамий сүйген ярының бет әлпетин мухаддес Қуранға, қасларын махрабқа теңгергени ушын аяғынан жоқары асып, табанлары тилдирилип, оған дуз қуйып өлтирилген екен. Италияның уллы дана физиги Галилей (1564-1642-ж) «Жер өз көшеринде айланады» дегени ушын жанып турған отқа тирилей тасланып өлтирилген екен. Түркийлердиң уллы патриоты Бабах батыр бизиң әсиримиздиң 833-жылында арабларға қарсы көтерилисте жаў қолына түскеннен кейин, сойылып өлтирилиў алдында: «Не тилегиң бар?» деп сорағанда: «сойылғанымнан соң сарғайған жүзимди көргенлер «Бабах батыр өлимнен қорқып жүзи сарғайған екен» дейди ғой. Сол ушын сойып болған соң өз қаным менен бетимди жуўынлар» деп өтинген екен... Искендер Зулхарнайн (бизиң әсиримизге дейинги 356-323-ж) менен Юлий Цезарьдың (бизиң әсиримизге дейинги 100-44-ж) өзлериниң басқарған 30 мыңнан аслам ләшкерлериниң жекме-жек атын, түри-түсин есинде сақлап билген



www.ziyouz.com kutubxonasi

екен. Афинаның атаклы басшысы Фемистокл (бизиң эрамызға дейинги 522-460-ж) жасаған каласындағы 20 мың турғынының атын билген екен. Атаклы композитор Бетховенниң (1770-1827-ж) кулағы гереӊ болған. Австрия композиторы Моцарт (1756-1791-ж) жети жасында төрт сонета жазған, Гете (1749-1832-ж) 9 жасында немец, грек, латын тиллеринде қосықлар дөреткен екен. Кибернетика илимлериниң атасы есапланған Норберг Винер бес жасында илимге қызықсынып, 9 жасында 18 жастағы балалар менен оқыған, 14 жасында илимий атак алыўға ерискен екен. Ал Жорж Байрон (1788-1824-ж), Вальтер Скот (1771-1832-ж) Чарлз Дарвин (1809-1852-ж), мектепте базы пәнлерден үлгермегени ушын муғаллимлериниң олар туўралы келешекте дурыслы адам болмас, деген болжаўларын бийкарлап, пүткил дүньяны таң қалдыратуғын уллы шайыр ҳәм уллы алымлар дәрежесине жетискен. Қулласы, бул кең әлемде бүгинги күни де, келешекте де адам таңланатуғын ҳәдийселерди, ўақыяларды айтып ада қылыў мүмкин емес.

**Д.Б. —Енди, бурынғы редактор сыпатында газетамыздың бүгинги барысына көзкарасларыңызды билдирсеңиз?**

Т.Қ. —Газета жәмәәтиниң бүгинги жаңа заманды дурыс түсиниў қәбилетлери, оқыўшыларының қәлблерине билим ҳәм даналык нуры болып куйылып барыў нийетинде бәрҳә тыныmсыз излениўшилиги маған күтә унайды. Сизде оқыған болсаңыз керек, 17-әсирдеги уллы аллама Шайх Азизаддин Насафий «Дүньядағы бәрше адамлар нур излеп жасайды. Әттең, хеш кайсысы сол нурды әўеле өзинен емес, өзгелерден излейди. Ким нурды каншама дәрежеде өзгеден излесе, ол соншама дәрежеде нурдан кашыкласады» деген екен. Мен газета жәмәәтине ҳәм оның оқыўшыларына усы даналықты хеш кашан умытпаўды өтиниш қылыў менен, өз халқының өтмиш тарийхынан да нур излемеген, таппаған адамның да келешеги болмайтуғынын жәнe бир рет бәршениң есине салып, өтмиштеги уллы бабалардың мынадай нәсиятын тәкирарлағым келеди: «Байлығың жоғалса, хеш нәрсе жоғалтпағаның, ден саўлығың жоғалса да, хеш нәрсе жоғалтпағаның, егер Ўатаныңды жоғалтсаң, бәрше нәрсеңди ҳәм өзиңди жоғалтқаның». Усыған қосымша, өзимше: «хәр бир газета оқыўшының қалбинен орын алыўды күсеген журналист көп оқып, көп үйренсе, лекин, билгенлери менен мақтанбаса, иләжы барынша билгенлерин билмегенлерге үйретиўдиң бәрше иләжларын қылып, нур киби жасаўға тырысса, ҳәм заманы, ҳәм ертеңи мәңги сөнбес нурға толатуғынына үлес қосып жасаған болар еди» деймен. Уллы бабамыз Әмир Темурдиң (1336-



www.ziyouz.com kutubxonasi

1405-ж) «Миллеттиң дарманы болыў бөршениздиң ўазыйпаңыз... Ғәрип халларға ғамхорлық қылыңлар, камбағалларды байлардың зулымлығына тасламаңлар. Әдалатлық хәм азатлық дәстүриниз, бас мақсетиңиз болсын...» деген уллы нәсиятына қосымша оның:

«Биз ким,—мүлки Туран, Әмири Түркстанбыз,

Биз ким—миллетлердиң ең әййемгиси хәм уллысы — Түрктиң бас буўынымыз»—деп өз халқында жоқары руўх, таўсылмас күш-жигер, түркийтиллеслерден болғаны ушын уллы мақтаныш сезимлерин ояткысы келгенин хеш қашан умытпастан, хәр кешеде уйқы алдында, «биз қарақалпақларда хеш кимнен кем емеспиз, қуда қәлесе кем болмаўға тырысамыз...» деп өзиңизше тәкирарлаўды естен шығара көрменлер! — дегим келеди...

**Д.Б. Рахмет!**

*«Қарақалпақстан жаслары» газетасы.*
*22-июнь, 2000-жыл.*
*Сораўлар журналист Дәўлетбай*
*Бекбаўлиев тәрепинен берилген.*

## ТАРИЙХЫМЫЗДЫ ТЕРЕҢ ҮЙРЕНЕЙИК

Сораў: —**Мен халқымыздың әййемги тарийхын тереңирек билиў ушын көп изленип оқыўға тырысаман. Әттең, базы бир миллий тарийх-шыларымыздың жазғанларын оқысам, Қарақалпақлардың тарийхы XIX әсирде ғана басланғанға мегзейди. Аржағында қарақалпақлар миллет, мәмлекет сыпатында қәлиплеспеген бе екен?**

Жуўап: —Тарийхымызды билиўге қумарлығыңыз ушын рахмет. Билесиз, кимде-ким тарийхымызды тереңиректен үйренсе, онда бәрше түркий тиллес халықлар менен арғы түп бабамыздың бирлиги хаққында оның пикирлери қәлиплескен болады. Арғы түп бабамыз дегенде, хәзирети Нуўх пайғамбардың үш улының бири Ефас исмли улының Түрк исмли перзентин нәзерде тутамыз. Буны өтмиштеги көп-көп әпсаналар, рәўиятлар бизыбир уллы алламалар қалдырған хүжжетлер тастыйықлайды. Түрк бабаның дәўиринен бержағында хәр қыйлы дәрежеде шийеленискен, гә ғазабатлы хәсиретлерге, гә шадлықларға толып, әсирлер изинен әсирлер өте берген. Усы дәўирлерде Түрк бабаның әўладлары өсип-өрбип топарларға, қәўимлерге, руўларға, миллетлерге бөлингени хаққында да хәр қыйлы әпсаналар менен рәўиятлар сан-санақсыз. Олардың арасында бизиң халқымыздың «Қарақалпақлар» болып аталыўына себепкер болған жағдай



www.ziyouz.com kutubxonasi

басына кийген кара реңли калпағы, деген де әпсана бар. Және бир әпсаналарда айтылыўынша, әзелги гезлерде түркий тиллес қәўимлерден биреўиниң басларына нөкерлик белги сыпатында, хәзирги тил менен айтқанда, әскерий форма сыпатында, кара реңли үлкен калпақ кийгизилип, оларға баска түркийтиллеслерди корғаўшы хызметин аткарыў ўазыйпасы тапсырылған. Әттең... каракалпаклардың нөкерлик хызметлери гүллән түркий тиллеслердиң сырткы душпанларына жақпай, олар өзлериниң әзелий отырыклы мәканларынан көп-көп мәртебе куўылып, посып, сөз бенен тәрийплеп болмас дәрежеде аўыр хәсиретлерди бастан кеширген. Әне сондай аўыр хәсиретлерди мәңги естен шығармай, акыбетинде, нөкерлик кара калпакларын өзлериниң түркийтиллеслерге мәңгилик нөкерлериниң мақтаныш белгиси сыпатында хеш ўакытта басларынан тасламаўға ант-ыкрар еткен. Сол себепли түркий тиллеслердиң бир топары «каракалпаклылар» кәўими болып аталған... Хәр кандай әпсана белгили дәрежеде шынлыкларға тийкарланатуғыны есапқа алынса, бул әпсанаға да толык исениў мүмкин.

Енди оларға карама-карсы, күтә таң каларлык, бир жағдай—ески түркий түсиниклерде «кара» сөзи реңди емес, «уллы» деген мәнини аңлатады. Мәселен IX-XI әсирлерде Маўараўннахрда (еки дәрья аралығында) хүким сүрген Караханийлер династиясы — Уллы ханлар династиясы деген түсиникти аңлаткан. Сол гездеги Караханийлер әўладларының соңғы әсирлердеги кыян-кести, шәлкем-шалыслы өмир жолларына, яғный XI әсирде таркап кеткенине ой жиберилсе, бүгинги «Каракалпаклар» деген ат пенен жасап атырған бизиң халкымыз тиккелей сол Караханийлердиң әўлады екенин тастыйыклайтуғын әпсаналарға да исениў мүмкин...

**Сораў: — Бул жумбаклы мәселелерге ендигиден былай итибар берилсе де шеп болмас еди-аў. Билесиз, ғәрезсизликке дейин бизге оқытылған тарийх сабаклығынан есте калғанларына кыял жуўыртсак, сырттан келген жаўлар себепли түркий тиллес халықлардың тәғдиринде жан түршигерлик жаўызлыклар, аяўсыз кан төгиспелер оғада көп. Мәселен, өз ўақтында Шыңғыс хан бизиң мәкан жайымызға күшли шабыўыл кылып, ата-бабаларымызды көплеп кырған, постырған. Оған дейин Искендер Зулхарнайынның ләшкерлери де, араб, иран баскыншылары да көп жаўызлыклар кылғанын тарийхтан оқығанбыз. Бул гәплерде бир тәреплемелик жоқ па екен?**

**Жуўап:** —Сораўыңыз күтә орынлы. Бизге үйретилип келген тарийхта бир тәреплемелик бар еди. Яғный тарийхты оқытыў аркалы



www.ziyouz.com kutubxonasi

жас әўладларымызға «арғы ата-бабаларыңызды греклер, араблар, иранлылар, монғоллар тыныш жасатпаған, көп-көп мәртебе қырған, тирилерин қонысларынан айырған, постырған, енди сизлер олардың бүгинги әўладларынан сақ болыңлар, бабаларыңыздың өшлерин алыўға таярланыңлар» дегенге тақаббил шақырықлар тасланған киби үйретилер еди. Ҳақыйқатында, биз енди, бүгинги тарийхты үйрениў мәселелеринде, көбирек гөне патлақларды қозғамай бирде халық пенен жаўласпай, бурын өз-ара дурыс түсиниспей жасаған халықлар менен бүгинги әўладлар душпанласпай, дослық қарым-қатнасларды тереңлетип ҳәм өзимизди ҳәр тәреплеме жақсылыққа итибар бериўге үйреткенимиз мақул. Мәселен, «көп урысларда бабаларымыздың жеңилип қалыўларына, посыўына нелер себепкер? Аз санлығы ма? Қурал-жаракларының кемислиги ме? Болмаса, миллетимиздиң ишиндеги әлле қандай руўшылық иллетлери себепкер ме? Ямаса миллеттиң ишиндеги өзиниң сатқынлары себепкер болған ба екен?» дегенге усас сораўларға асықпай тоқталып, жуўапларды терең түсиниўге итибар берилсе, миллетимиз ишинде жүзегөйлердиң, сатқынлардың қайтадан бас көтермеўине, бүгинги экстремистлердиң арасында өз миллетимизден адамлар болмаўына ерисип, басқа да түркий тиллес республикалар киби өзимиз-өзимиздиң кимлигимизди дурыс түсинер едик. Тарийхтың бизге үйрететуғын баслы сабағы өзин-өзи танып билген халық тек өзи менен өзи болып қалмай, басқаларды да ҳәр тәреплеме терең үйрениў арқалы, өз тәғдирин дүнья тәғдиринен, басқа миллетлер тәғдирлеринен үзип алмай, әйналаға мириўбет көзлери менен қарап жасаған жағдайда, миллет аз санлы ма, көп санлы ма, бәри бир, ҳеш қашан ҳеш кимнен жеңилмейди.

**Сораў: —Сиз бул пикириңиз бенен «өз тарийхын билмеген халықтың келешеги де болмайды», деген халық даналығын және бир мәртебе тастыйықладыңыз. Шынында, бүгинги қарақалпақлар өз өтмишин ҳәр тәреплеме терең биледи деп ойлайсыз ба?**

**Жуўап**: —Халқымыздың тарийхы ҳаққында пикир алысқан гезимизде айырым зыялылар үнсиз ойланып қалады. Буның себебине қыял жуўыртсақ, бизиң халқымыздың тарийхы елеге шекем мисли қақпағы жабық қазанға, болмаса, бүгинлиги ҳәр қыйлы өсимликлер, атлары нәмәлим дарақлар өсип, буған дейин оның орнында нелер өскени, егер сол өсимликлер егилген болса, қандай егинлер егилгени елеге дейин биймәлим тасланды кең атызға мегзейди. Базы тарийхшыларымыз арасында жабық қазаннан шыққан пуўға қарап, ишинде не барын өзлеринше шамалағанын, ал бүгинлиги қыйлы-қыйлы



www.ziyouz.com kutubxonasi

өсимликлер, атлары нәмәлим дараклар өсип турған кеңисликлерге нәзер таслап, өзлеринше ой жуўыртып, хәттеки гейде изертлеген, бурын ол жерге кандай егинлер егилгенин анықлаған болып та жүргенлери сыр емес.

Соңғы жыллары тарийхты терең хәм хәр тәреплеме үйрениўге кеңнен мүмкиншиликлер ашылып, өтмишимизди хакканый, калыс-ана изертлеў керекслигине айрықша дыккат пенен өз тарийхымызға ойлар жиберсем, оның көп тәреплери бурынғы СССР дәўириндеги айырым жүзегөй басшылардың көрсетпелери менен жазылғанын түсинип жаным ашыйды.

**Сораў: —Сиз «Қаракалпақ дәстаны» атлы тарийхый трилогияңызда жоқарыда айтқан пикирлериңизден қай дәрежеде пайдаландыңыз?**

**Жуўап:** —Мүмкиншилиги болғанынша Инсаният тарийхының раўажланыў логикасына сүйенген халда, халкымыз жасаған мәкан-жайлардың айналасын коршап жасаған халықлардың тарийхлары менен тығыз байланыста сүўретлеў аркалы, кахарманларымыздың да сол тийкарда хәрекет еткенин өзимше үйренип, кәлбимде пайда болған түсиниклерим дәрежесинде жазыўға тырыстым.

Сораў: — **Гейпара тарийхшылар Мамап бийди орыс патшалығының тәрепдары деседи. Бул мәселеге сизиң көзкарасыңыз?**

**Жуўап:** —Айтканыңыздай, бурынғы СССР гезинде бәршениң аға деўине ерискен уллы орыс халқын өзлери де аға деўге үйренген хәм солай кәлиплескен базы тарийхшыларымыз, буннан еки ярым әсирден де көбирек бурын аты әпсанаға айналған уллы бабамыз Мамап бийдиң уллы орыс патшалығына елшилик етип барғаны ушын, оны да орысларды аға тутты, деген пикирлери жок емес. Шынында да, уллы ханлықлар, патшалықлар менен жақсы мүнәсибетте болыў хәр бир ел басшысының әдиўли ўазыйпасы. Көп шабыўылларға ушырап, мәкан жайларынан көп рет поскан елдиң басшысы Мамап бийдиң сол гездеги күшли патшалық Россиядан жәрдем сораўға нийетленгени — тарийхый факт. Ол, хәтте, Петербургқа барып орыс патшасы Елизаветаның қабыллаўында болады хәм еки ортада дослық ушын, бир-бирине жәрдем ушын шәртнама дүзиседи. Лекин, солай етип, уллы Мамап бий өз елине кайтып келгеннен кейин, қаракалпакларға сырттан және даўам еттирилген жаңа шабыўылларда Россия патшасы шәртнама бойынша өз ўәдесин бәржай етип жәрдем қолын созбайды. Әне усы себептен Мамап бийдиң бәрше қаракалпакларға тән нөкерлик өжетлиги, басшыға тән бир сөзлиги үстем келип, Россия патшасына екинши рет бас ийип бармастан, өз халқын баслап, ата-бабаларының

www.ziyouz.com kutubxonasi

әййемги мәканына — Әмиўдәрьяның Арал теңизине қуяр аяғына көширип әкелип орналастырады. Жаңа мәканда жан қонсы-уллы Хорезм ханлығы посып келген қарақалпақлардың өз ата-бабаларының мәканын ийелегенин көрип, қоллап-қуўатлайды. Еки ортада тығыз қарым-қатнас басланады. Маман бий енди өз елинин гүллән жасларын Хорезмнен хәм Бухарадан илим-билим, хәр қыйлы кәсип өнер үйрениўге шақырады хәм оларды топ-топ қылып сол қалаларға жибереди. Соң өзи Аралдан балық аўлаўға, Әмиўдәрья арқалы Памир таўларына дейинги аралықларда жасаған халықлар менен қарым-қатнас қылыў мақсетинде кораблылер соқтырыў ушын сол дәўирде бундай ислерге кәниге есапланған орыслар елине кетип уста таўып қайтады. Әттең, ишки алаўызлықлар буған да жол қоймай, Маман бий өзи ертип әкелген устасы менен биринши ақшамда-ақ өлтириледи...

**Сораў: — Буя өлим не деген өкинишли, хәсиретли! Сол ушын да Шыңғыс Айтматов трилогияңыз бойынша Сизге жазған хатында «бундай жағдайлар бәрше түркийтиллес халықларға тән, буны тарийх да тастыйықлайды» деп бийкарға айтқан емес ғой! Енди және сораўларға көшейик. Тарийхый шығармаларыңызды дөретиўде сиз таныскан қарақалпақлардың тарийхы бойынша хүжжетлер жөнинде пикириңизди еситким келеди?**

**Жуўап**: —Излеген, изленген инсанға тарийхый хүжжетлер жеткиликли деп ойлайман. Бирақ, бир өкинишли жағдай—миллий тарийхшыларымыздан әлле қайсыларының өзимиздиң архивлерден ямаса басқа мәмлекетлердиң бай архивлеринен пайдаланыў мақсетинде айлап-жыллап түўе, хәптелеп отырып изленгени жөнинде аўыз толтырып айтыў мүшкил. Әллеқайсысының миллетимиздиң тарийхына байланыслы қандай жаңа хүжжетлер тапқанлары туўралы да мысаллар келтириўим қыйын. Хәттеки, басқа миллетлердиң тарийхшылары тәрепинен изертленип, айырым китап болып басылған китапларды да, өз ўақтында, қарақалпақ тилине аўдарып кен жәмийетшилигимизге таныстырыўға қызғын ықлас берип жүретуғынларын да еслей алмайман. Өкинишли бир мысал: 1935-жылы Москва-Ленинградта орыс тилинде академик А. Н Самойловичтиң редакторлығында «Қарақалпақлардың тарийхы бойынша материаллар» деген ат пенен тек ғана бир мың алты жүз алпыс бес (1665) дана болып басылып шыққан китаптың елеге шекем қарақалпақ тилине толық аўдарылып, китап сыпатында басылмағанлығы жөнинде не дерсен? Тарийхшыларымыз оны, бәлким, көрмеген, оқымаған шығар деўге, сол китаптағы көп ғана архив материалларын айырым

диссертантлар мисли өзи изертлеп тапкан киби өз мийнетлеринде пайдаланғанлығын окығаным бар...

**Сораў: — Енди миллий әдебиятымыздың тарийхына, ондағы базы бир жанрлардың пайда болыў дәреги туўралы көз карасыңызды билдирсеңиз?**

**Жуўап:** —Хәр бир халыктың жазба әдебиятының ене (түп) дәреги оның аўызеки әдебияты, фольклоры екени хеш кимди гүдиксиретпесе керек. Дәўирлер өтиўи менен әдебияттың жанрлары кеңейип жаңа-жаңа усыллар кәлиплесе беретуғыны да даўсыз. Егер биз Шығыс әдебиятының, соның ишинде, Түркий тиллес халыклардың әдебиятының кыйлы-кыйлы жанрлары калай хәм кайдан пайда болғанлығына дыккат аўдарсак, Юсуп Хас Хажиб (XI әсир) «Кутадғу Билиг» («Бахытка баслаўшы бирлик») шығармасы менен дидактикалык жанрға, Фирдаўсий (934-1025) «Шахнама» дәстаны менен кахарманлык дәстан жанрына, Низамий Генжаўий (1141-1209) өзиниң гөззал шығармалары менен ышкы-романтик жанрына, Имам Ағзам (80-150 ж.) Ислам философиясына тийкар салғанын, Жалаладдин Румий (1207-1273ж) «Ичиндаги ичиндадур» деген китабы менен инсанлык пенен мәңгилик арасында өзинше көпир жаратканын өзимизше түсингендей боламыз. Ал Әлийшер Наўайының өз заманында бул шығармалардың хәммесин өзинше окыўы, үйрениўи нәтийжесинде олардың руўхлары сиңдирилген жаңа жанрда кең көлемли шығармалар дөреткени бүгинлиги бәршемизге аян. Усы кәрада гәпти көп созбай, Бердактың «Наўайыдан саўат аштым...» деген хакыйкатлығына итибар берсек, каракалпак әдебиятының бизге дейин жетип келген жанрлары калайынша хәр тәреплемеликке ийе болғанына косымша дәлиллер излеўдиң кереги болмас, бәлким.

**Сораў: — Бердак шайырды бәршениң бирден уғымын, бәркулла мактаныш пенен тилге алыўы ушын, оны баска халыклардың кайсындай уллы шайырлары менен салыстырыўға болады?**

**Жуўап:** — Бердак шайыр — XIX әсирдеги каракалпак халкының тили, руўхы, тарийхы. Бул, әлбетте, тек мен ашкан хәм айткан жаңалык емес. Ол әдебиятта калдырған көп тәрепли бай мийраслары менен өзиниң уллылығын үнсиз-ак тастыйыклайды. Ал сораўыңызға тиккелей жуўап бериўге келсек, жәхән әдебиятынан хабарлы китап окыўшылар Бердактың шығармалары менен танысыўдан-ак, оны орыс әдебияты ушын Пушкин (1799-1837), Польша әдебияты ушын Адам Мицкевич (1798-1855). Венгер әдебияты ушын Шандор Петефий (1823-1849), Чех әдебияты ушын Ян Неруда (1834-1891),

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзбек әдебияты ушын Наўайы (1441-1501), Түркмен әдебияты ушын Мақтымқулы (1733-1798), Қазақ әдебияты ушын Абай (1845-1904) қандай мақтаныш болса, Бердақ (1827-1900) Қарақалпақ әдебияты ушын жоқарыда аталғанлардын хәр бири киби өз халқының мақтанышы деп айтатуғынына исенемен.

—**Рахмет!**

*«Еркин Қарақалпақстан»*
*2-ноябрь, 2000-жыл.*
*Сораўлар жазыўшы Қайбулла Ерниязов тәрепинен берилген.*

## ҒӘРЕЗСИЗЛИКТИҢ РУЎХЫЙЛЫҒЫ

—**Төлепберген аға, уллы жыллардың келбети де уллы болар екен?**

—Әлбетте. Мен бул жыллардың уллылығын инсан руўхыйлығы улығланғанда көрдим. Буны қалай түсиниў керек?

Хәр бир заманның, дәўирдин өз руўхыйлығы болады екен. Бурынғы Совет дәўиринин қуўғынларын да, қатаған қылғанларында көргенбиз. Өз миллетин сүйгенлердиң маңлайына «миллетшил» деген таңба басылды, атылды, сүргин етилди. Қарақалпақ халқының небир перзентлери, ең уллы руўхыйлық ийелеринин тәғдири де әне усылайынша кешкен еди... Ғәрезсизликтиң өткен он жыллығы адам руўхыйлығының тирилиў жыллары болды. Ақыры өзинин кимлигин аңлаған адам ғана өз миллетин таныйды, өз миллетин қәдирлей алған адам өзге миллеттиң де қәдирине жетиўи сөзсиз.

Әне усының есабынан миллетлер арасында бир-бирине хүрмет күшейди. Терең тамырларының бирлигин тереңирек аңлаған бир инсанның еки қолы болып бир адам денесинде жайласқаны хәм бир мақсетте хызмет атқарғаны киби-өзбек хәм қарақалпақ халықлары бүгин көзи ямаса еки қулағы болмаса еки аяғы ямаса еки бир мақсет пенен бир руўхыйлықтан күш-қуўат алып жайнап-жаснап баратыр.

—**Шығыс хәм Батыс мүнәсибетлерининң мәмлекетимиздиң бүгинги турмысындағы сәўлеси?...**

—Пүткил дүньяда дәлил талап етилмейтуғын бир шынлық бар. Шығыс дүнья цивилизациясының тырнағы. Шығыста жасап атырған бәрше халықлар, елатлар, әне, усы тырнақ үстинде өз иморатын қурды. Европада да, кейин оннан асып Америка да солай ислейди! Олардың дийўаллары бәлент, шырайлы, бул дийўалларды көрип хайран қалыў менен, адреслерине мақтаў сөзлерин де жаўдырып



www.ziyouz.com kutubxonasi

жасадық... Бирақ сол бийик-бийик, сырты гөззал биналардың тырнағындағы гербишлерди Шығыс қойғанлығын умыттық.

Бүгин әне усы ҳақыйқатты Европа да аңлап жетти. Қудайға шүкир, биз де аңлай басладық.

Және бир уллы пикрди айтып өткен болар едим: Қуяш та Шығыстан шығады ғой. Қуяштың Шығыстан шығыўын билген дүнья енди мәдениятттың да Шығыстан шыққанлығын тән алды.

**—Қарақалпақ жазыўшыларының бүгинги дөретиўшилик излениўлери ҳәм соңғы жаңалықлар менен таныстырсаңыз.**

—Бердақтың, Әжинияздың әўладлары болған бүгинги күнниң дөретиўшилери де толып-тасып қәлем тербетип атыр. Ибрайым Юсупов, Оразбай Әбдирахманов, Гүлистан Матякубова, Гүлчехра Раҳимова, Набийра Төрешова, Қалила Дәўлетназаров, Жийенбай Избасқанов, Шарапатдин Аяпов, Муратбай Нызанов, Сайлаўбай Жумағулов киби зәбердес жазыўшы ҳәм шайырларымыз қатарында Бахтияр Генжемуратов, Алланазар Әблиев, Патийма Мырзабаева, Нәзийра Матякупова сыяқлы өз ҳаўазына ийе жас дөретиўшилер кирип келди, олар ғәрезсизлик дәўириниң ең жақсы жыршыларына айланды.

Ғәрезсизликтиң он жылы барлық тәрепларда жарқын из қалдырды, бүтин Қарақалпақстанның бай газ кәнлерине ийе екенлиги анық болды. Үстирт ҳәм Мойнақта жүдә үлкен газ кәнлери табылмақта, нефть кәнлериниң барлығы анықланбақта.

Мен тез күнлерде шексиз қарақалпақ шөллеринде жаңадан-жаңа, үлкен-үлкен қалалар, аўыллар жүзеге келетуғынына исенемен. Бул журт және де абат, ығбалы бәлент болады. Мен ғәрезсизлик байрамы күнлери әне усы нурлы арзыўлар ҳаққында ойладым.

*«Ўзбекистон адабиёти ва санъати» газетасынан алынды. 7-сентябрь, 2000-ж. Сораўлар журналист Саттар Қарабаев тәрепинен берилген*

## ОТАЎДАН — КЕҢ ЖӘҲӘНГЕ

**—Төлепберген аға! Орыс тилинде басып шығарылған бир публицистикалық китабыңыз «Из юрты в мир» деп аталған. Бир аўдармаңыздың сыпатында бул атаманы «Отаўдан — жәҳәнге» деп аўдарсам мәнисине ҳәм мазмунына сәйкес келер деп ойлайман, неге дегенде бул қарақалпақша атама, анығырағы түркий атама болады. Сиз бул атаманы қалай таллайсыз? Бул бизиң сәўбетимизге тема бола ала ма?**



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Жудә жақсы! Өзиң билесең, отаў, былайынша айтқанда, «Қара үй» тек ғана қарақалпақларға емес, өзбек, қазақ, түркмен, қырғыз ҳәм басқа да түркий тиллес халықлардың дәслепки көшпели үйи болған. «Ел-журт» дағы «журт» сөзи орыс тилинде бийқарға «отаў» мағанасында берилмеген, «жәҳән»ге келетуғын болсақ, қәдимги түркий сөз «әлем»: «жәҳән», «дүнья», «барлық» мәнилерин аңлата алады. Қарақалпақстан халқын нәзерде тутатуғын болсам, бүгин ҳәр қашанғыдан да көбирек тек ғана өзбек халқы менен бирге пүткил дүнья халықларының жәрдем қолларын созыўларына қол бериўлерине мүтәж болып тур. Президентимиз дүньяның қайсы мәмлекетине бармасын, ҳәттеки, жәҳән халықларының ең жоқары минбери—БМШ та ҳәм Қарақалпақстандағы экологиялық аўҳал, тийкарынан, Арал апатшылығы ҳаққында жан күйдирип айтпақта. Бүгин Өзбекстан жер жүзилик майданға шығады. Демек, өзбек халқына қосылып қарақалпақ халқы да жәҳәнға шықпақта. Жәҳәнниң төрт тәрепиндеги барлық мәмлекетлер Өзбекстанды таный баслады. Бул бизге жақсы нәтийжелер беретуғынына исенемен. Биз, жәҳәнниң ҳәм адамзаттың бир бөлегимиз—енди ҳеш қашан оннан үзилип қалмаслығымыз керек.

**—Өзбек китап оқыўшыларына «Түркстан халықлары әдебиятларының ҳәзирги қәлем тербетип киятырғанлары арасында, ең жақсы билетуғын жазыўшыларыңыз кимлер?» деген сораўға «Шыңғыс Айтматов ҳәм Төлепберген Қайыпбергенов» деп жуўап бериўи мүмкин. Атақлы жазыўшы Абдулла Қаҳҳар аўдарған «Бир суўық тамшы» повестиңизден баслап «Атама хатлар» эссеңизге шекем Сиз жаратқан барлық шығармалар (мениңше барлығы) өзбек китап оқыўшыларының қолларына жетип келген! Сизиң өзбек китап оқыўшыларынан кеўлиңиз тоқпа?**

—Кеўилдиң тоқлығы да гәп пе, олардан шексиз миннетдарман, иним. Ташкентке өзимнен бурын шығармам келген. «Секретарь» атлы туңғыш повестим «Шарқ юлдузы» журналында 1956-жылда, еле мен Ташкентке келмей-ақ, жарық көрди. Соннан берли ҳәр бир китабымды өзбек китап оқыўшылары қызығыўшылық пенен күтип алады. Өзбек китап оқыўшыларының көзқарасы кең, талапшаң, сынаўшы оқыўшы, оның сынаўына ҳәмме шығарма да шыдай бермейди. «Қарақалпақ қызы» романым Муқимий театрында саҳналастырылды. «Узбектелефильм» усы шығармам бойынша көркем фильм дөретти. Фильмниң режиссеры, сценария авторы ҳәм бас рольди атқарыўшы актриса Ҳамза атындағы Өзбекстан мәмлекетлик сыйлығының лауреатлары болды. Өзим де «Муғаллимге рахмет» повестим ушын (Буя повестиң жуўмағында, биринши классты тамам-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лаған оқыўшыларға, «бул ислер ушын Ленинге рахмет!» дегенде оқыўшылар Ленинди билмегенликтен хақыйқатлықты билдирип «Муғаллимге рахмет» деп шуўласады. Сонлықтан повести оқыўшылардың ойы менен, шынлық ушын «Муғаллимге рахмет» деп аталған.) 1971-жылы Хамза сыйлығын алыўға миясар болдым. «Қарақалпақнама» роман-эссеме 1995-жылда Махмуд Кашғарий атындағы халық аралық сыйлығын алдым... Усының өзинен-ақ мен автор сыпатында оқыўшылардың, өзбек халқының өзиме деген айрықша хүрметин сезинемен. Пикиримше, бул шығармалар өзбек китап оқыўшыларының қарақалпақ әдебиятына болған қатнасын әдеўир өзгертти. Жақсы шығарма дөретиў ушын халықтың санының аз ямаса көплигине байланыслы емеслигине түсинип жетиўине жәрдемлести.

**—Жетпис жасқа келип қалған жазыўшы сыпатында жас әўлад алдында өз тәжирийбелериңизди бөлиссеңиз: Ҳәзирги жасларымыздың дүньяға көз-қарасын, жасларды жаҳанге-тар үйлеп, кең дүнья көлемине алып шығыў ушын дәслеп нелерге айрықша итибарды қаратыў керек болады?**

—Жасларға, биринши гезекте айтарым, адам баласы өз отаўын— «Өз үйи-өлең төсегин», ата-анасын, туўысқанларын, жети атасы кимлигин жақсы билмей турып жаҳәнге шыға алмайды. Набада тосыннан шықса, күткен нәтийжени бермейди! Ең баслысы—өз журтың хаққындағы билимлерди жаҳәнге алып шығып, жаҳән ийелеген билимлерден де өз елиңе алып қайтыўында. Ғәрезсизлик арқасында жасларымыз дүнья көлемине шығып атыр, олар жаҳәнниң ең раўажланған мәмлекетлеринде билим алмақта. Жаҳәннен ең алдағы билимлерди алып келиўлери ушын өз ели хаққындағы жетерли дәрежедеги билимлери менен шығыўлары керек, әлбетте!

**—Төлепберген аға, сыншыңыз, шәкиртиңиз ҳәм аўдармашыңыз сыпатында өзимди сизиң қулыңыз деп билгенимди туўры түсинерсиз деп ойлайман. Ҳәммемиздиң пиримиз, әўлийелер сәрдары Ахмед Яссаўий ҳәзиретлери мынадай қатарларды жазған:**

*Қотиғланиб, Қул Хожа Ахмад, йўлға кирғил,*
*Қулни кўрсанг қул бўлиб маъно сўрғил,*
*Ҳ илоҳим рўза қилса, маъно олғил,*
*Маъно, сўраб, маъно олган чин қул бўлур.*

**Бул жерде саўбетлес сыпатында сизден бир мәниси сорағым келип тур. Гәп сонда, мениң түсиниўимше Яссаўий руўхы Абдулла Арипов қосықларынан басқа соңғы жылларда дөретилген еки шығармада**



www.ziyouz.com kutubxonasi

**анық ашылғандай. Булар Әдил Якубовтың «Әдалат мәнзили» романы менен Сизиң «Атама хатлар» эссеңизде. Лекин, айтыў мүмкин, егер Әдил Якубов өз шығармасында ата (бүркит) ҳәм бала (лашын) ны «өлтирип» қорқытса, Сиз шығармаңызда өлим жөнинде айтып қорқытпақшы боласыз. Бундай еки жолдан гөре, Насреддин эпендиге уқсап «өлемен» деп қорқытқан жақсырақ емес пе? Не сорамақшы болғанымды түсинген шығарсыз?**

—Түсиндим. Бул жерде суфизм илими жөнинде де ойлап көриўимиз керек, иним. Мен өлим менен қорқытпақшы емеспен, бәлки өлимниң ҳақлығын, ҳәр бир инсан ертеме-кешпе өлиўи анықлығын айтпақшыман.

Билесиз, ертеде мешит-медреселерге соқпақлар мазарлар арқалы баратуғын болған. Болмаса, мешит-медреселердиң айналарынан кәбиристанлар көринип туратуғын болған. Неге? Өлимниң ҳақлығы, өлимдеги төрт теңликти уқтырыў ушын керек болған! Бундағы мақсет дүньядан жүз бурыўға шақырып, дүньядан бездириў яки өлим менен қорқытыў емес, бәлким, сол арқалы инсан баласын сергек тарттырып, пәкликке, ақылға шақырыў, инсап-ийманға келиў, дүньяпаразлық, парахорлық, қанхорлық қусаған иллетлерден аўлақ болыўға шақырыўдан ибарат.

Адамлар дүнья-мал деп басқа биреўди, өз қәўимлеси түўе ҳәттеки өз туўысқанын, өз атасын өлтиреди. Бирақ, қанға-қан, жанға-жан болып, қан тартып өзи де сондай өлим табатуғынлығын билмейди. Улуғбекти өлтирген Абдуллатип бар-жоғы алты ай ғана жасады, соны ойламай ол өзиниң уллы атасын өлтирди. Ең ашынарлысы, изинде не болатуғынына ақыл жуўыртпай, өз әкесин өлтирген Абдуллатипти оның өзин әкесине қарсы қол көтериўге мәжбүрлеген адамлардың өзлери өлтирди ғой!

Қулласы, айта берсек, гәп көп. Туўылыў, ояныў, өмир киби, өлимниң де мәни-мағаналары көп!

**—Аға! Мине биз жаңа жылдың қарсаңында турмыз. Усы өзине жараса шоққыда сиз мың жыллық өтмишимиз, мың жыллық келешегимизди көз алдыңызға қалай келтиресиз? Артымызда қалған мың жылда нелерге жетистик, нелерден утылдық? Алдымыздағы мың жыллықта бизди нелер күтпекте?**

—Оғада өткир ҳәм қыйын сораў. Не шара адамды билиў ҳәм тәрбиялаў да күтә қыйын нәрсе екен. Пайғамберимиздиң «Бесиктен кәбирге шекем илим изле» деген ҳәдиси илимлеринен мақсет-адам ҳәм әлемди билиў. Еки мың жылда адам ҳәм әлемди билдик пе?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир-биреўге ала көзликтен қутылдық па? Буған шын кеўилден хәрекет етип атырмыз ба? Әпсанада айтылыўынша Тәңритаала әлемди, ондағы қуяш, ай, жер, жулдызларды жаратыпты. Кейин Адам атаны жаратыпты да, оннан сорапты: «Қәне, өзиң айт, мениң жаратқан дүньямда кемшилик бар ма? Сонда Адам ата былай депти: «Кемшилиги жоқ, бирақ енди бул кең әлемди хәрекетке келтириў керек!». Буннан соң Аллатаала, әлемди хәм Адамды хәрекетке келтирипти де: «Әне айтқаның болды! Енди қалай хәрекетке келтиргенимди түсиниўди өзиңе тапсырдым!» депти...

Соннан берли адамзат әлемди түсиниўди қәлейди. Адам баласы миллион-миллион жыллар жасады. Әлемди түсиниўге бәрха жан-тәни менен умтылады... Усы мақсетте жерди, аспанды хәм өзлигин үйренбекте... ақыбети көринбейди. Үшинши мың жыллықта жасайтуғын әўладлар бул кең әлемди, Адамды толық түсинип жетпеген менен бизден кеңирек хәм тереңирек түсинетуғын болады деп үмитленемен... Ата-бабаларымыз киби бизлер де бул жолда өзимизге жараса перзентлер болдық. Келеси нәсиллеримизди кең алақанымызды тутып тәрбиялаймыз. Қәнекей, олар бизиң желкемизде турыпақ келеси бес жыллық, он жыллық, жүз жыллық, мың жыллық емес, оннан да алысларды көрип-билип алса!

**—Енди мың жыллықлардан өзимиз жасап атырған жүз жыллыққа келсек. Өзиңиз жақсы билесиз, әсиримиз басларындағы миллий ояныў дәўиринде «Түркстанның бирлиги» деген идея жәхән дәрежесинде кең қулаш жайды. Әсиримиздиң ақырларына келип ғәрезсизлигимиздиң шарапаты менен «Түркстан—ортақ үйимиз» сүрени ортаға тасланды. Бул сүренди қызығып, қоллап-қуўатлаған ақсақал жазыўшылардың бири өзиңизсиз. Түркстан халықлары мәденияты ассамблеясы фондының басқарма баслығы болып сайланыпсыз. Қутлықлаймыз. Енди айтсаңыз, сиз Түркстан халықларының келешегин көз алдыңызда қалай келтиресиз? Олар бир шаңараққа яғный бир отаўға бирлесе ала ма?**

—Ата-бабаларымыз жолына қайтып атырған екенбиз, бирлесип атырғанымыздың басы усы, иним. Биз дүньядағы бәрше түркий тиллес халықлар бир атаның өз алдына отаў тиккен перзентлерине уқсаймыз. Хәр биримиз шаңарағымыздың шамшырағына пәрмана болып, ата-бабаларымыздың тиккен кең шаңарағын, бирлигимизди, туўысқанлығымызды умытып баратыр едик. «Түркстан—ортақ үйимиз» сүрени оны умытпаўға, хәмийше кеўлимизде сақлаўға шақырды. Нийетимиз хәмме түркий тиллеслерди бир шаңарақ астына жәмлестирип, оларды былғастырыў емес, бириктириў.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хәммеге белгили, түркий тиллес халықлар Арқа Муз океанынан Орта жер теңизине шекем үш материк аймағына тарыдай шашылып кетип жасамақта. Лекин, олардың барлығы ушын отаў — ата журт — Түркстан! Сүренниң бас мақсети мине усы ҳақыйқатты еслетиўден ибарат. Әсирлер даўамында Түркстан мәденияты Иран, Ҳиндстан, Рус, Қытай, Грек, Европа мәдениятларынан өзлеринше үйренип ғана қоймай, бул мәдениятларға өзиниң үлесин де қосты! Нелерди алдық, нелерди бердик? Және бир әдиўли нийетимиз усындай сораўларға дурыс жуўап излеў. Ҳәзирше былай дей аламыз — биз дүньяға қарыздар болғанымыздай, дүнья да бизге қарыздар.

**—Әжайып шайырымыз, Абдулла Ариповтың «Түркстан балалары» деп аталған әжайып қосығы бар, билесиз, усы қосықтың атынан пайдаланып айтсақ, «Түркстан балалары» — жас әўлад, келеси нәсиллерге қандай тилеклериңиз бар?**

— Келешек әўладлар ата-бабаларымыздың жолына садық болып жасағай деп бир Алладан соранамыз. Лекин, жас әўладларымыз өзлериниң бир қолына ата-бабаларымыздың байрағын, екинши қолына жәҳанниң байрағын беккем услаған ҳалда, усы еки байрақты өз көзлериниң еки қарашығындай абайлап-ардақлап кең баўырларына сыйдырып, саў-саламат ҳәм бахытлы болып жасасын.

**—Ҳақ нийетли тилеклериңиз ҳәм мазмунлы сәўбетиңизге рахмет, ақсақал!**

*«Түркстан» газетасы, №9, 2000-жыл.*
*Сораўлар жазыўшы **Рахимжан Ата улы** тәрепинен берилген*

## ҚӘЛБИМНИҢ ҚАМУСЫ — ТҮРКИЙНАМА

*(яки өзиңе бек нама)*

**Төлепберген аға Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама» роман-эссеси «Шарқ» баспа концернинде басылып шықты. Биз ақсақал жазыўшымыз бенен жазыўшылардың Дүрмендеги бағында ушырасып, усы күнлерде кеўлинде жыйналып қалған, тилиниң ушында турған гәплерин тыңладық ҳәм магнит таспасына жазып алдық. Ҳәзир Төлепберген аға Нөкисте жүрипти: мен ол кисиден ғайыбана рухсат сорап, усы сәўбет-монологты оқыўшылар нәзерине усынып атырман.**

**Темамызды, Қадирий баба ибарасы менен айтқанда, тереңнен басладық.**



www.ziyouz.com kutubxonasi

***

— Өзимиздиң ата-бабаларымыз ҳаққында жүдә аз билемиз. Егер билсек те берги тәреплерин билемиз, арғы тәреплерин билмеймиз. Биз өз халқымыздың тарийхын, тағдиримизди басқа халықлар менен салыстырып та билмеймиз. Көп ўақытлар бойы биз өз тарийхымызды билмейтуғынлығымызды да билгенимиз жоқ. Усыны да аңламай келдик. Енди соңғы ўақытлары тарийхымыз тереңирек үйренилип, дүньяның барлық халықлары киби бабаларымыз тарийхына нәзер салсақ, бизиң халқымыз да әлемдеги уллы халықлардың бири екен. Әдетте, тарийхшыларымыз жазбады, тарийхшыларымыз өз тарийхымыздың ҳүрметин орнына коймады, деймиз. Лекин, ең әййемги археологиялық қазылмаларда, тас жазыўларда, дана алламаларымыздың жазба естеликлеринде көп нәрселер қалған. Усыларға қарап отырып тарийхымызға нәзер тасласақ, бизиң тарийхымыз да уллы екенлигине исенемиз. ...Әттең, көп-көп тарийхый шараятларға байланыслы түркийтиллеслер ҳәр қыйлы елатларға, халықларға бөлинип кеткен.

Пүткил дүньядағы түркийтиллеслер 300 миллионнан аслам. Бурынғы СССР аймағында үлкен-киши дегендей жигирмадан аслам түркий тиллес кишигирим республика бар еди. Бул есапқа автоном областьлар, автономиялы республикалар да киреди. Совет дәўиринде усы республикалар бир-бири менен онша қатнасықты жолға коймастан жасаўға мәжбүр болды. Егер мине усы түркийтиллес халықлар славянларға усап бир мәмлекетке бириккенде оғада қүдиретли болар еди. Оның үстине, биз бабаларымыздың өмир жолларын, бабаларымыздың ишиндеги ең уллыларын өзимизге мысал етип, үлги етип те үйрене алмай келдик, үйренсек те түсинбедик пе ямаса түсиниўге ақылымыз жетпеди ме, билмедим. Себеби — биз сол уллыларымыздың көпшилигин «ана руўдан, мына халықтан» деп түсиндик. Ҳәтте, батырларымызды, ел перзентлерин де есапқа алмадық. Мәселен, Шырақты алайық. Оны орыслардың Иван Сусанинына теңгерип көрсек, Шырақ оннан ақылсыз емес, оннан ертерек өткен еди. Патша Доро биринши заманында Туранға жаў келген ўақытта әпиўайы шопан жигит Шырақ жаўдың алдына шығып: «Мен сизлерди төте жол менен Туран журтына баслап бараман» дейди. Солай етип ол жаўдың исенимине ерисип, оларды суўсыз шөлистанлыққа ертип кетеди ҳәм душпан әскерлерин шөлден ҳәм аштан қырылыўға мәжбүр қылады. Бирақ, Шырақтың өзи де қурбан болады. Яғный, Ўатан азатлығы жолында жанын пидә етеди. Биз бүгин Шырақ ҳаққында



www.ziyouz.com kutubxonasi

ойлаймыз ба? Неге бүгин Шыракты ҳәмме түркийтиллес халықлар билмейди? Неге барлық түркийтиллес халықлардың қалаларында Шыраққа естелик орнатпағанбыз? Түркийтиллес болған ҳәр халықта өзлериниң батырлары «приватизация» етип алынған, өзлериниң патриотлары бар. Оларға үлкен естеликлер орнатылған. Биз оларға бәрқулла бас ийемиз. Себеби, биз ортақ тарийхтың мийрасхорларымыз. Болмаса, мине Спитаменди алайық. Спитамен өз халқына бас болып, Искендер Зулқарнайнның әскерлерине қарсы гүрести. Әлбетте, Искендер оған қарағанда жүдә күшли еди. Спитамен жаўдан жеңилип артқа шегинеди. Саўаш соңынан бир топар түркий тиллес нөкерлер менен аўлақ жерде жасырынып отырған пайытларында өзиниң түркийтиллес баўырлары Спитаменди өлтиреди. Спитаменниң сол ҳәсиретли тәғдирин бүгинги жаслар биле ме? Биз Спитаменге мүнәсип естелик орнаттық па?... Яки болмаса, беррегирек келип Жалалиддин Мангубердини алайық: ол монғол басқыншыларына қарсы жанын жаббарға берип гүрести, лекин, ең соңында өмири қайғылы жуўмақланды. Ҳәммеге ортақ түркийтиллес уллы батырларымыз Муханнаның тәғдири де солай: ол журтқа бас болып араб басқыншыларына қарсы гүрести, лекин, өз ўатанласлары оны жаўға сатып жиберди ғой... Өзлеримизден шыққан мине усындай қаҳарманларымызға биз өз ўақтында естелик орнатып, мудамы олардың атларын ядымызда сақлап барғанларымызда, жасларымыз пүткиллей басқа руўхта — Ўатан сүйиўшилик руўхында күшли тәрбияланған болар еди, биз бүгингиден де күшли болар едик. Түркийтиллес бәрше халықлар оларды өзлериниң қаҳарманлары деп билсе, анаў қазақ, мынаў қырғыз, бунысы өзбек, арғысы түркмен яки әзербайжан деместен, тарийхта өткен барлық батырларды «Меники!» десе барма, түркий тиллес халықлар руўхый жақтан, туўысқанлық жағынан және де байыған, және де бирлескен болар еди.

Жақында Президентимиз 9-май байрамына бағышланған мәресимде «Бирадарлық қәбирстаны»нда сөйлеген сөзинде жүдә жақсы бир пикирди айтты. ...«1941-1945-жылллардағы урыста Қарақалпақстаннан қанша адам қатнасқан болса, Әндижаннан, Самарқандтан яки басқа ўәлаятлардан қанша адам қатнасқан болса, олардың ҳәммесине Ташкенттен естелик орнатылыўы керек. Себеби: — мысал ушын, Қарақалпақстаннан Ташкентке келген адамлар, «мине бизиң адамлар жатырыпты!» деп айтатуғын болсын. Шет еллерден Ташкентке келген мийманлар басқа ўәлаятларға бармаған жағдайда да, ҳеш болмаса, қурылатуғын естелик-қыябанларымызға барып, «мине, бул



www.ziyouz.com kutubxonasi

марҳум хорезмли екен, бунысы қарақалпақ екен» деп елимиз туўралы толық жақсы пикир менен кететуғын болсын...» Президентимиздиң бул сөзлери ҳәммемизге де мақул болады. Себеби, Ташкент тек Өзбекстанның ғана емес, бәлки пүткил Азияның үлкен дәрўазасы есапланады. Азияға ҳәмме Ташкент арқалы өтеди. Мен Ташкентке келсем, ҳәр сапары өзимди Меккеге ҳажға барғандай сезинемен. Егер барлық түркийтиллес батырларымызға Ташкентте естелик орнатылса, шубҳасыз Ташкент Орайлық Азияның ең әзийз ҳәм уллы қаласына айланады. Биз усы нәрселерге айрықша итибар бермегимиз лазым. Және тәкирарлап айтаман, егер Шыраққа, Спитаменге, Муқаннаға, Мангубердиге пайтахтымызда естеликлер орнатсақ, Ташкент, әлбетте, пүткил түркийтиллес халықлардың ең теберик, көзге сүрме ететуғын қаласына айланады! Сонда биз төрт тәрептен келген түркийтиллес бирәдарларымызға қарап: «Әй, әзербайжан достым! Ҳей қазақ достым!... Ҳей, туўысқанларым! Мине, бизиң —ҳәммемиздиң тарийхта өткен баҳадыр бабаларымызға орнатылған естелик!» деп айтқан болар едик. Мен усындай болыўын ҳәмме ўақыт әрман етемен.

Енди усының менен бирге, биз түркийтиллес халықлар: қай ўақыттан берли ханлыққа ийе болдық, қашаннан баслап мәмлекет болдық, қашаннан баслап тилимиз пайда болды деген сораўларға жуўап излеўимиз лазым. Ҳәзирги жаслардан усылар ҳаққында соралса, олар жүдә аз биледи. «Дүнья тарийхы» деймиз, «Орыслар тарийхы» деймиз, «Қытай тарийхы» яки «Ҳиндстан тарийхы» деймиз ҳәм оларды айрықша пухта үйренемиз. Мейли, үйренейик. Лекин, олардың қатарында өзимиздиң түркийтиллес халықлар тарийхын да тереңнен үйренбегимиз дәркар. Мәселен, түркийтиллеслер Қашқардан да узақтағы еллерден тап Қара теңизге шекем, ҳәтте Орта ҳәм Ыссы теңизге шекем болған аралықларда гейде көшпели болып, гейде отырықласып жасаған. Бизиң эрамыздан бурынғы VII әсирде-ақ түркийтиллеслердиң биринши ханлықлары пайда болған еди. Егер умытпаған болсам, Алп Әртегин түркий салтанаттың биринши ҳүкимдары еди. «Алп» деген сөздиң өзи де соннан қалған. «Алп» деген сөз — Уллы дегенди билдиреди. Ҳәзир биз «Алпамыс» тың 1000 жыллығын белгилеп атырмыз. Алпамыс атамасы да, тийкарында, Алп сөзинен келип шыққан. Егер Алп Әртегин эрамыздан бурынғы VII әсирде өткен болса, ҳәзир сол әскербасы өткен дәўирге де 2700 жыл болыпты.

Эрамыздың 545-552 жылларында ҳәзирги Орайлық Азия аймағында уллы бир салтанатқа тийкар салған Бомин шахтың ҳәрекетлерин алайық. Бомин шах тек Орайлық Азия аймағында шахлық қылған



www.ziyouz.com kutubxonasi

болса, ол өз халкын, яғный түркийтиллеслерди жужонлар-ажуз-мажузлар зулымлығынан азат етеди: атаклы жазыўшымыз Шыңғыс Айтматов өзиниң «Әсирге татырлық күн» романында гүррин еткен «манкуртлар» ўақыясы да әйне жужонлар елимизге хүжим жасаған дәўирде жүз береди. Оннан соң ханлык қурған Истами болса, салтанат шегараларын батыс тәрепке, анығырағы, Шығыс Европа аймағына шекем кеңейтеди. Ол жерлерде хүкимдарлық кылатуғын аварлар салтанаты женшип тасланады хәм эфталитлер менен дәслепки соқлығысыўлар жүз береди. Мәлим болыўынша, Варахшада эфталитлер жүдә үлкен курылыслар қурған екен. Балатөбе карабаханалары онда үлкен қала болғанлығынан дәрек берип турыпты. Тилекке карсы, руўлар арасында, руў басшылары арасында пайда болған келиспеўши-ликлер себепли уллы бир салтанат ишинен жемирилип кетеди. Орайлық Азия аймағындағы түркийтиллеги хан Ашина Шени 636-жылы Тан (Кытай) империясына бойсындырылады. Бул ўақыялар туўрады Л.Н. Гумилев өзиниң «Әййемги түрклер» китабында да көплеп тарийхый фактлерди келтирип кеткен... VIII әсирдиң басларында Элтараш шах пайда болды. Ол түркийтиллеслерди кайта бирлестиреди, лекин, ол тийкар салған салтанат 741-жылға келип және ишки руўлардың таласлары себепли атаклы ханларды избе-из өлтириў басланады. Солай етип, түркийтиллеслер бөлинип хәр руў өзинше ханлык болып, өзлеринше билгишлерге айналады. Мен усылар хаккында ойласам, не бәле, рәўиятларда айтылғанындай ашыў менен Иблистиң баласын сойып жегени ушын Адам ата менен Хаўа ананың канларына араласкан Иблистиң каны Адам атаның баска әўладларынан гөре түркийтиллес әўладларына көбирек өткенбе, депте кәўипсинемен.

Соңғы ўақытларда алымлар дүнья халыкларының шежирелерин тереңнен изертлеп тексерип көрген. Олардың жуўмакларына қарағанда, хеш бир халықтың шежиреси түркийтиллес халыклардың шежирелериндей толык емес, ал бизиң шежиремиз хаслы халында сакланған сыяклы.

Ал биз түркийтиллес халыклардың аўызеки хәм жазба әдебиятларында бөрилер хаккында көплеген әпсаналар бар. Мәселен, олардың биринде, барлык түркийтиллеслер кырып тасланған ўақытта бир бала таў шыңында тири калады: сол бала ана бөрини емип, онда бөриниң күши пайда болады, бөрини «ана сыпатында» таныйды. Буннан тыскары, түркийтиллеслер ана бөриден туўылған деген әпсаналар да бар. Бундай әпсаналарда жан барға усайды. Себеби, көк түркийтиллеслерды бирлестирип, уллы салтанат қурған Бомин шах дәўиринде, дәслепки



www.ziyouz.com kutubxonasi

мәмлекеттин байрағындағы символлық белги бөри екен. Бул қандай ҳайранқаларлық ўақыя. Биз, егер, бабаларымыздың бундай ислеринен жасларымызды сөзсиз хабардар етип қойыўымыз лазым. Сонда олар қандай қудирет ийелериниң әўлады екенин сезинеди.

Әййемги бабаларымызды «көк түркийтиллеслер»деп атайды. «Көк» деген сөз ол ўақытлары реңди яки бояўды емес, Тәңиритааланы аңлатар еди. Биз Тәңиримизге исенип жасағанбыз. Биз ислам динин қабыл еткенге дейин барлық динлерди басымыздан кеширген екенбиз. Ҳәтте мусылман болғаннан кейин де бизлерде зардуштийликтиң көп ғана белгилери сақланып қалады. Мәселен, «Авесто» китабында айға, қуяшқа, тәбиятқа сыйыныў болғаны айтылады. Ҳәзир де айда да, қуяшта да, тәбияттың мухаддеслиги бар. Соңлықтан оларға исенимниң надурыс тәрепи жоқ.

Түркийтиллес халықлар туўралы сөз еткенимизде, Тумаристиң атын умытпаў керек. Тумарис — бул «Тумарлы» деген сөз. Ол да түркийтиллеслер перзенти. Кейинги ўақытта юнанлар Тумарлы анамыздың атын «Тумарис» деп (бүгинги «ов», «ова» дегендей) өзлеринше «ис» деген қосымтасы менен өзлериниң тилине жақынластырылған. Мейли, биз бул ушын юнанларға рахмет айтсақ арзыйды. Себеби, дүньяға даңқы кеткен халық сүйер анамыз бар екенин биз белгили илимпаз Геродоттың «Тарийх» китабынан билдик. Тумарлы Кәйхысраў басшылығы астындағы басқыншыларға қарсы гүреске бас болады. Туран елин жаў басқыншылығынан сақлап қалады. «Айсулыў» атлы халық дәстанында (XIX әсирдиң басларында Тилла кемпир исимли бақсы апа тилинен жазып алынған), тийкарынан, Тумарлының ерлиги хаққында сөз болады. Лекин, биз, усы уллы батыр Тумарлыға арнап, естелик орнаттық па? Оған да уллы бир естелик орнатпағымыз дәркар. Сонда бизиң келешектеги қызларымыз халқын сүйген қаҳарман перзентлер болып жетисер еди.

Қарақалпақларда «Қырық қыз» дәстаны бар. Оның бас қаҳарманы —Гүлайым өз халқының азатлығы жолында қаҳарманларша гүрес жүргизеди. Тумарлыдан кейин және ҳаял ел дәртинде жанын пидә етип гүрескенин көрсетсек, демек, ер жүреклилик бизиң ҳаял-қызларымыз ушын тосын нәрсе болмай, өзине тән нызамлылық екени мәлим болады. «Қырық қыз» дәстаны, тийкарынан, қарақалпақлардың өзиншелик миллий дәстаны. Ол айтыўшыдан айтыўшыға, қысқасы, аўыздан-аўызға, дәўирден-дәўирге өткенде ҳәр бир атқарыўшының, дәўирдиң руўхын сәўлелендирип барады. Егер биз усы бүгин «Қырық қыз» дәстанын биреўдиң аўзынан жазып алсақ,



www.ziyouz.com kutubxonasi

базар экономикасына байланыслы элементлер шубхасыз дәстанға қосылар еди. Айтыўшы өзинен ненидур қоспай қоймайды. «Қырық қыз» дәстаны IX әсирде пайда болған болса да, лекин оған хәр дәўирдиң өзине тән өзгешеликлери кирип барған. «Алпамыс» дәстаны туўралы да усылай айтыўға болады.

Кейинги пайытлары болып атырған саўаплы ислер хаққында ойласақ, биз сахыпқыран Әмир Темур исмин тиклеў бойынша исленген жумыслардан оғада қуўанышлымыз. Биз уллы бабамызды жақсы билмес екенбиз. Бирақ, шет еллерде Әмир Темур туўралы бизден де көбирек хақыйқатты билер екен. Мәселен французлылар «Әмир Темур бизди қорғап қалды» деп қуўанып жүрер екен. Европада да, хәтте Россияда да Әмир Темур атын хүрмет пенен тилге алады, жазыўшылар өзлериниң шығармаларында бабамыздың атын түрли жоллар менен улығлайды. Хәтте совет дәўиринде жаратылған Аркадий Гайдардың «Темур хәм оның командасы» китабында да бабамызға болған хүрмет сезилип турады. Әмир Темур — тымсал еди. Биз болсақ, бабамыз әлле қашан қахарманлық тымсалына айланып кеткенин қыялымызға да келтирмей келдик.

Түркийтиллес халықлар туўралы сөз болғанда көбинесе «ким әййемги, ким тийкарын салыўшы?» деген сораўларға өзлеримизше жуўап излей баслаймыз. Хәр ким өзин әййемнен бар, түркийтиллеслердиң тийкарын салыўшы деп дәлиллеўге урынады. Әттең, көп жағдайда бәрше түркийтиллеслер бир атаның балалары екенликлеримизди, бир халық екенимизди умытып қоямыз. Оннан гөре биз түркийтиллес халықлар, ең әўеле алаўызлығымыздың себеплерин табыўымыз керек. Не ушын биз бөлинип кеткенбиз?

Биз бир халық екенимизди қаншелли терең анласақ хәм бул жолда қаншелли жан күйдирсек, соншелли тезирек гөзлеген қутлы мәнзилге жетип барар едик.

Мен ойлап жүрген ойларым хаққында көп жазғым келеди. Бирақ жазғанларым илимий мақалаларға усап кетпесин, қуры сөзден ибарат болып қалмасын деп тартынып жүремен. Соның ушын «Қәлбимниң қамусы» атлы эссе-бадия усылында шығармамның бир неше варианты жазылды. Оған жаңа-жаңа ойларым, жаңа баплар қосылмақта.

Хақыйқатында да, хәр бир түркийтиллес инсан тамырында мәлим муғдарда хәм иблистиң хәм бөриниң қаны болғаны ушын ба, базда бир-биреўин ойламастан өз алдына жасап кететуғын ўақытлары болады. Хәтте туўысқанлар да ағасы инисине, әкеси баласына, улы атасына терис бурылып, ханлықлар ыдырап кеткен заманлар көп болған, яғный



www.ziyouz.com kutubxonasi

хәр ким өзине өзи бек болып кеткен халлар, тилекке қарсы, тарийхымызда бар еди. Ханлықлар тарқалып, және дузилип кететуғын аянышлы ҳәдийселердиң себеби, мениңше, бизиң тамырымызда, ҳақыйқаттан да, хәм иблистиң хәм бөриниң қаны болса керек.

Биз түркийтиллес халықлар тарийхын және тереңирек көзден кеширсек, бир заманлары биз Қытай менен жүдә жақын қатнаста болғанымызды көремиз. Әпсаналарда айтыўларына қарағанда, қытайлылар қызларын түркий тиллес жигитлерге турмысқа шығарған. Соң арада келиспеўшиликлер туўылған пайытта, басып келип, қызларынан туўылған балаларды өзлери менен алып кете берген. Солай етип, зорлық пенен болса да түркийтиллес күшли халықлардан нәсиллер алып кетилген. Буған биз мақтансақ та арзыйды. Яки болмаса, араб халифаларының тарийхын алып қарайық. Билесиз бе, халифалыққа кимлерди сайлаған? Әдетте түркийтиллес қызларынан туўылған перзентлер халифа етип сайланатуғын болған. Түркийтиллеслердиң қызларынан туўылған балалардың халифа етип көтерилиў себеби, бизиң қызларымыз ақыллы, ержүрек болған, демек, оннан туўылған перзент те ақыллы, ержүрек ақыллылар. Қоңсы халықлар, биз, түркийтиллеслер менен жаўласып та, соның менен бирге, бизиң менен тығыз байланысыўды, туўысқан болыўды да әрман етипте жүрген.

Биз қаншелли дәрежеде таралып кеткен болсақ, биз қаншелли дәрежеде бир-биримизди ойламай кеткен болсақ, буған, биринши гезекте, өзимиз айыплы, өзимиздиң қанымыз, бир-биримизди түсинбеўшилигимиз айыплы, өзимиздиң хәр биримизди иблис, бөри санағанлығымыз айыплы! Қалаберсе, хәр биримиз өзимизди бек санағанымыз, хан санағанымыз айыплы... Бул нәрселерди биз ҳеш ўақытта умытпаслығымыз керек. Биз өз кемшилигимизди таўып, әўладларымызға түсиндирип берсек, әўладларымыз да усы кемшиликлер болыўына жол қоймаған болар еди. Тийкарында, ҳеш бир адамның әзелден маңлайына жазып қойылған душпаны болмайды. Биринши нәўбетте, хәр инсанның душпаны өзине өзи болады. Адам өзине өзи душпанды таўыпта алады. Халық та соңдай. Соның ушын биз «тарийхый душпанлық» түсинигинен әўладларымызды аўлақ тәрбиялаўымыз тийис.

Қулласы, барлық түркийтиллес халықлардың өтмиштеги батырларына, баҳадырларына Ташкентте естеликлер орнатылса, иймәным кәмил, пайтахтымыз Мекке мукаррамадай әзийз бир шәҳәрге айланады.

Қәлбимниң камусы — қудақәлесе түркийтиллес, оқыўшыларымның қәлбинен мүнәсип орнын алар-аў деген әрманлар менен жасайман...



www.ziyouz.com kutubxonasi

***

*Бул сәўбет Дүрменде басланған еди. Соң Төлепберген ағаның Ташкенттеги улы Әдилбектиң үйинде даўам етти ҳәм Ташкент аэропортының күтиў залында тамамланды. Нәзеримде, Төлепберген ағаның және де көп гәплери бар еди. Әттең, ҳәр кимниң өзине жараса жумыслары бар, тиришилик, тәшўишлери бар. Биз тез арада және ушырасамыз, сәўбетимиздиң даўамы болады. Оған шекем ҳәр ким өзиниң ой-қыяллары менен жасайды: кеўли жақын адамлар бир-бири менен ғайбана да сәўбетлесе береди... Және дийдар көрискенше саў болың, Төлепберген аға!*

*(«Ўзбекистон адабиёти ва санъати» газетасынан 2000-жыл.) Сораўлар ҳәм баҳлаўлар жазыўшы Набийжан Баҳый тәрепинен жазылған.*

## БИР СҮРИНГЕН ТОМАРҒА ҚАЙТА СҮРИНИЎ, КӨЗСИЗЛИК

**Хабаршы: 1990-жылы Қарақалпақстаннан биринши мәрте Мәкке-Мәдинаға ҳажылық сапар қылған еки мөминниң бирисиз. Бирақ, сол гезде өзиңиз коммунист-атеист едиңиз. Сизиң ҳажылыққа тәўекел қылғандағы бас мақсетиңиз не еди?**

Т.Қ. —Арал апатшылығы ҳәм Қарақалпақстанның экологиясы туўралы сол гездеги СССР империясы халық депутатларының съездинде шығып сөйлеп айтқанларым иске аспағаны ушын, енди халқымның гүллән дәртлерин Аллатааланың жердеги үйи-уллы Кааба алдында диз бүгип отырып айтыўды мақсет еткен едим.

**Хабаршы: Халықтың болжаўында зыялылар үшинши әўладтан кейин қәлиплеседи деген түсиник бар. Қарақалпақ зыялылары қай жыллары қәлиплесип үлгерди деп ойлайсыз?**

Т.Қ. —Кесип айтыў қыйын. Биракта бәршеге мәлим Нуўх пайғамбердиң Ефас исмли үшинши улының Түрк исмли туңғыш улынан өсип-өрбиген бәрше түркийтиллес қаналаслары қатарында бизиң халқымыз да бар. Рәўиятларға, әпсаналарға қарағанда, дәслепки гезлерде оларды басқалардан ажыратыў белгиси сыпатында басларына Қара қалпақ кийгизилип, бәрше түркийтиллеслерге нөкерлик ўазыйпасы тапсырылған... Усындай нөкерликтиң даңғарасы себеплиме, айырым еске түсириўлерде 308 жылы Қара теңиз «Қарақалпақ теңизи» деп аталғаны айтылады. Соң көп өзгерислер жүз береди. Әне усы аралықларда әстелеп зиялылар да қәлиплесип барған болса тәәжип



www.ziyouz.com kutubxonasi

емес. Деген менен, хәтте бир шаңаракта бир ата-анадан туўылып өскен, тәрбияланған перзентлердиң минез-кулықлары, дүнья түсиниклери, тәғдирлери хәр қыйлы болғаны киби өзиниң түркий тиллес туўысқанлары арасында қарақалпақлар өзгешерек тәғдирге ийе болған десек те, қәтеге жол коймасақ керек. Бул пикирге түсиниў ушын кимде-ким каракалпақлар туўралы билмекши болып, бүгинге дейинги базы хүжжетлерге үңилип, халықтың өмир жолларына нәзер салса, ата-мәканында өзлеринше топарларға, руўларға бөлинип халық сыпатында қәлиплесе баслағанда, нөкерлиги себепли туўысқанлары болған бәрше түркийтиллеслер тәрепинен олардың биригиўине жол қойылмай, бир мәканда узақ жасатылмай заманлар зардаплрында оларға аўыр келип, нәтийжеде мәкан жайларын да көп өзгертип, Азиядан Европаға, Европадан және Азияға, оннан түпкиликли атамәканына және қайтыў жолында есапсыз сандалысларға ушырап, қонары көлден, ушары желден ғәрезли қаңбақлар киби хәр мәканнан қуўылып, гейде бир пүтин халықлығын бузбай, гейде топарларға бөлинип, гейде руў-руў болып көшип-қоныў менен жасаған халық екенин түсинеди. Усындай түсиник пенен қарақалпақлардың тәғдирлерине ой жуўыртылса, дени саўлардың арасындағы бир наўқастың, ересеклер арасында пикирлери онша есапқа алынбаған жас баланың, керегинде өз ошағына от жағыўға дурыслы ерки болмаған хаялдың тәғдирлери де көз алдына келеди. Усының себебинен болса керек, ата-мәканында өзиниң түпкиликли аты менен аталса да, көп халықлардың жылнамаларында хәр қыйлы болып, яғный сол халқтың тили неге айланса, солай аталып келе берген. Мәселен: орыслар арасында олар «каракалпак» делинбей «черные клобуки» я болмаса пешаналары кең халықлығын көрип, «пешаналылар» деўдиң орнына «Печенеглер» деп афганлар қарақалпақты өз тиллеринде «Гулахий сияклар», ал Кавказда «Қарапапахлар» және бираз жылнамаларда «Қара бөриклилер» деп аталып, базы еллерде олар әлле қайсы бир руўының аты менен «Қоңыратлар», «Қытайлар», «Қыпшақлар», «Кенегеслер», «Маңғытлар»« «Муйтенлер» деп аталса да, нөкер сыпатында «ләббәй» дегенге үйретилгени ушын, ким қалай атаса, оған қарсыласпай мақуллап жасай берген... Усыларды көз алдына келтирген киси ушын, қарақалпақ зыялылары жаңа қәлиплесиўге қарағанда және көшкен, және жаңа қоныс излеген деген уғымға келетуғыны сөзсиз. Бундай жағдайлар цивилизациялық раўажланыўдың жоқары басқышы сыпатында тән алынған XX әсирде де жаңа формада және қайталана бергенине не дерсең? Қарақалпақстанның футбол тобы киби хәр дәрўазаға бир, (яғный әўеле Хорезмге, соң Қазақстанға, оннан



www.ziyouz.com kutubxonasi

кейин Россияға, оннаҳ соң Өзбекстанға) өткерилип турғанын есапқа алмағанның өзинде, оның бас қаласы да үш мәрте (әўеле Төрткүл, азғана ўақыт Шымбай, соңында Нөкис) өзгерди. Әне, тәғдир! Усындай жағдайларда зыялылардың кәлиплесиўи жөнинде үзил-кесил бир нәрсе деў қыйын. Оның үстине Қарақалпақстан усы дәўирде бир неше суў басқынын бастан кеширди. 1942-жыллдағы Әмиўдәрьяның арқа таманын (өз аўылымды да) суў басқанын, 1968-жылы гөне Нөкисти суў басқанын өз көзим менен көрдим. Енди болса, керисинше, суўдың кемлиги апат әкеле ме деген қорқыныш пенен жасаймыз.

Қандай болса да бир қуўанышлысы, халық өзин хәм өзине нелер күш беретуғынын умытпады, руўхын да түсирмеди. Жақсы келешектен дәметип хәм өзлерине, хәм әўладларына күш бериўши әпсаналарын, рәўиятларын, дәстанларын есинде сақлап жасады. Буған айқын бир мысал: XX әсирдиң екинши ярымында 20 томлық фольклорын, 35 дәстанын баспадан шығарды... Халық қанша мәрте қоныс өзгертседе түркий тиллес туўысқанларын хеш қашан умытпады. Сол ушын да олар өзлериниң әллеқайсы рәўиятын, әпсанасын, дәстанын түркий тиллеслерден қайсылары билсе хәм бизики десе, олар менен тартыспайды. Керисинше, оларға «Биз сизлер менен тек соңғы гезде айрылысқанлардanмыз» деп қоя қалады. Егер сол дәстанда я әпсанада, ямаса рәўиятта әлле қандай өзгерислер болса да таласпай, түркий тиллес хәр бир шаңарақтың хәр перзенти өтмишин де, бүгинин де, ертеңин де өзинше түсинетуғынын биледи.

**Хабаршы: —1991-жылы Өзбекстан ғәрезсизликке ерисиўи менен Қарақалпақстанға суверенлик статус берди. Бул жағдай биринши гезекте зыялыларға қандай тәсир етти?**

**Т.Қ.** —Қуўантты! Пүткил халқымызды қуўантты! Бирақ бизде жоқарыда айтқан ала-сапыранлықларға қосымша руўшыллық деген иллет бар. Бул көп ғана шәлкем-шалысларға себепкер.

**Хабаршы: —Халқы ушын гүрескен көп басшылардың құрбан болыўы да руўшыллықтың ақыбетлери деген гәп бар. Дәлиллер айта аласыз ба?**

Т.Қ. —Көп азаплар менен тоз-тоз болып азайып қалған қарақалпақ халқында турақлылық, тынышлық пайда етиў дәмеси менен XVIII әсирде Россия патшалығынан жәрдем сорап барған аты әпсана уллы Маман бийди, XVIII әсирдиң соңында, XIX әсирдиң биринши шерегинде ана халқына қайырқомлықты халқы ушын өз алдына ханлықты уллы Хорезм ханынан алмақшы болған дана Айдос бабаны, XIX әсирдиң екинши ярымында, өзине дейинги лердиң тәғдирлеринен өзинше жуўмақ шығарып көтерилис арқалы қарақалпақ ханлығын



www.ziyouz.com kutubxonasi

пайда етип оған өзи емес қазақлардың төре тұқымынан Зарлықты хан көтерген батыр Ерназар алакөзди жаўызлық пенен қурбан қылғанлар сырттан келгенлер емес, ишки руўшылықтың кесапаты, яғный руўшылық кестелерин ядында сақлаған өз миллетимиздиң адамлары екенин қайсы қарақалпақ билмейди? Бәри биледи. Ал, ХХ әсирдиң биринши шерегинде бурынғы СССР империясынан ана халқына автономиялылық әпериў ушын өз басын темиршиниң сандалы менен балғасының арасына қойған киби турып бабаларының өтмиштеги хәсиретли гимни сыпатында айтылатуғын «Бозатаў» қосығын қайта-қайта тәкирарлаў арқалы, оны хеш бир түркий тиллес халық билмейтуғынын дәлиллеп, мақсетине ерискен, соңынан күндиз-түни тынбай пияда, гә ешекли, гә атлы жүрип автоном Қарақалпақстанның мәңгилик шегараларын анықлап берген хәм оны бәршеге мойынлатқан Аллаяр Досназаровтың қурбан болыўына себепшилер де өзимиздиң ишки руўларымыздың зиялылары ғой.

**Хабаршы: —Қытай философы Конфуцийдың (551-478) сөзлери менен айтқанда «үлкен мәмлекетти басқарыўдан гөре кишкене мәмлекетти басқарыў қыйын»?..**

Т.Қ. —Сол ушын да түркий тиллес халықлардың тарийхын күтә жақсы билетуғын Президент Ислам Кәримовтың аз санлы халқымыздың руўхын көтерип «Өзбекстанның келешеги — Қарақалпақстанның келешеги, Қарақалпақстанның келешеги — Өзбекстанның келешеги» деўи де бежиз емес.

**Хабаршы: —Тарийхта «Қарақанлар» хүкимдарлығы жөнинде айтылады. Буның қарақалпақлар тарийхына байланысы жоқ па?**

Т.Қ. —Ески түркий тилде «Қара» сөзи «уллы», «үлкен» деген мәнини аңлатады. Олай болса «Қара үй» — бул «үлкен үй», «Қарақалпақ» — бул «Уллы қалпақ» деген мәнини аңлатады. Усы кәрада бир дәлил ушын уллы жерлесимиз Әбу-Райхан әл-Берунийге (973-1048) жүгинип, оның жазыўы бойынша ханлар хәм әскерий басшылар өзгелерден ажыралып көриниў мақсетинде басларына «Таж» ямаса «қалпақ» кийгенин еслесек, «қалпақлар»ға «қара» сөзин қосыў себебинде ойланып көриў мүмкин.

Ал, 1017-1043-жыллар аралығында Хорезм ханлығында сарай шежирешиси хызметин атқарған Абул Фаиз Байғахийдиң (995-1036) шежиресинде, Хорезм ханлығының ләшкерин де«Қарақалпақ гвардия»сы болғанлығы айқын айтылады. Бул анықламаның астында қарақалпақлардың ата-бабалары түркий тиллеслерге нөкер болғанлығын тастыйықлаўшы факт жатырғанлығын бийкарлаў мүмкин емес. Сол



www.ziyouz.com kutubxonasi

гвардия «каракан» тукымынан калған соңғы гвардия «Қарақалпақ гвардиясы» деп аталмады ма екен, деген де болжаўлар жоқ емес. Соған қарағанда IX әсирдиң басынан Маўараўннахрға хүкимдарлық қылып, XI әсирдиң басында таркатылған «Қараканлар» әўлады тийкарында нөкер «Қарақалпақлар»дан куралған болыўы да исенерли факт. Ал XI әсирден соң «қараханлар» тарийхта ханлық я халық сыпатында тилге алынбайды. Бирақ қарақалпақлар бар. Тарийхшыларымыздың сол «қараханлардың» келип шығысын елеге шекем ашық айта алмайтуғыны да бүгинлиги миллетимиздиң өтмиши жөнинде еле де көбирек излениўди хәр тәреплеме күшейтиўге, теренирек ойланыўға мәжбүрлейди.

Президент Ислам Каримов айтқандай «...Өмирин балға менен сандалдың арасына қойған әўладлардың тарийхын изертлеп түсинетуғын ўақыт енди келди. Халық шеккен азапты, олар дуўшар болған бәле-қадаларды умытып болмайды. Егер сондай мүсийбетлер басымызға түспесин десек, тарийхымызды хеш умытпаслығымыз лазым».

**Хабаршы: —Улыўма, тарийх-тарийх дей бермей, қайсы естеликлерден ис баслағанды мақул көресиз?**

Т.Қ. —Менинше биринши нәўбетте VII әсирде Хәзирети Әлийге нөкер болған жерлесимиз Султан Ўайс баба Қаранийдиң, XII әсирде Хожа Ахмед Яссаўийге (1083-1166 жж.) шәкирт болған жерлесимиз Сулайман Бақырғанийдың («Хәким ата»ның 1129-1186), оның улы Үббихожаның (1161-1179жж.) уллы Фариддин Аттар (1119-1230) хәм Наўайы (1441-1501) жазып пикирлер қалдырған жерлесимиз Абу Бакр ат-Шиблий Шайхтың қәбирлерин, Фариддин Аттар зияратлап отырып мисли Аршыалаға барып келгендей болған кераматлы Миздақхан сыяқлы уллы алламаларымыздың денелери жатқан жерлерди реконструкциялаў жолы менен гүлләп халықлардың зиярат орынларына айландырыў кешиктирилмей қолға алынса, халық руўхланып уллы-улды бабаларына рийза болар еди.

Соның менен бирге исми-шәриплери, ислери бәршеге мәлим бабаларымыздың, XVII-XVIII әсирде жасаған уллы алламамыз Мурат шайыхтың, халық сүйер ислери менен аты әпсанаға айланған Оразан батырдың улы Маман бийдиң (1712-1784) қәбирин Әмиўдәрьяның Арал теңизине қуйған орынларынан қарастырып табыў арқалы оны да келеси әўладлардың зиярат орнына айландырыў керек. Ал Султангелди бай улы Айдос бабаның (1754-1827) «Айдос қаласын», «Мәсләхәт төбесин», Мыржық батыр улы Ерназар алакөздиң (1806-1856) Зарлық төрени ханлыкқа көтерген «Қыр қаласын» реконструкциялаў керек. Ал, соң, үш дана (аты әпсана Маманбий, Айдос баба, Ерназар алакөз) батыр бийлердиң естеликлери орыслардың үш



www.ziyouz.com kutubxonasi

батырлары Илья Муромец, Алеша Попович, Добрын Никитичке исленген естеликлерине тәкаббил болса да, үшеўин де үш атқа мингизип «Қарақалпақлар» деген бир арбаны тартып баратырған етип қойыў менен келешекте олардың атлары менен жас даналардың, шабандозлардың, палўанлардың өз-ара жарыс призлери шөлкемлестирилетуғын күн туўса, халқымыздың көп әсирлик әрманлары иске асып, бүгинги мустақыл жәннетке миннетдарлықта жасар еди.

**Хабаршы: —Булар ел басшылары, олардың дәўиринде халықтың руўхый басшылары болмаған ба?**

Т.Қ. —Руўхый басшысыз қайсы ел басшысы ис жүргизе алады? Болған, әлбетте! Аты әпсана Маман бий Россияға барып оның патшасы менен келисип қайтқан соң да елди жаў шапқан гезде Россия патшасынан жәрдем келмегени ушын қуры жақсылық күтиў менен халқын қырып, және тарқатып алмаў ушын өзи басшылық етип ең әййемги ата журты Хорезмге көшкенде, өзиниң еле күтә жаслығына қарамай, шежиреши шайыр сыпатында да халқына хызмет етип, тарийхта «Посқан ел» атлы толғаў-дәстан қалдырған Жийен-жыраў Аманлық улына (1730-1784) арнаўлы естелик орнатылса, атына оқыў орынлары, хожалықлар қойылса, оның аты менен қобызшы-сазенделердиң жарысы өткерилип турылса, бул да халқымызға күш-қуўат берер еди.

**Хабаршы: —Енди Қарақалпақстанның бүгинги хәм ертеңги экологиялық мәселерине келейик. Қарақалпақлар хәзирги ўатанында мәңги жасап қалыўы мүмкин бе?**

Т.Қ. —Әўеле, пайғамберимиз Мухаммед алейхиссаламның өмир жолын кеңирек үйренсе екен деп хәммеден өтингим келеди. Сонда халық Тәңриталаның Уллы Елшиси ислам динин енгизиў бәнеси менен өзиниң шөлистан ўатанын қалайынша пүткил мусылманлардың зыярат орнына, Мекке қаласындағы жалғыз Әбизамзам қудығының хәр тамшы суўын неге кәраматлы суўға, Мәдина қаласының айланасында ғана өсетуғын қурма жемисиниң хәр бир данасын не ушын пүткил мусылманлардың оразада жеўи тийис кәраматлы жемисине айландырғанын уғынып Мухаммед пайғамбер өз ўатанласларының мың-мың жыллық тәғдирлерин алдын ойлаған екен деген уғымға келер еди...

Өтмиш тарийхты қүдиретли күшке айландырған бүгинги Президентимиз Ислам Каримов пайғамберимиз Мухаммед әлейхиссаламның ислеринен хабарлы болғаны ушын ба Қарақалпақстанның келешегин ойлап, оның жаңа орайын қайта салыў ушын биринши тасын 1991-жылдың 2-декабринде Каратаўдың ең қолайлы алабына-кәраматлы Султан Ўайс баба Қараний кебирине жақын орынға қойып



www.ziyouz.com kutubxonasi

кетти. Президент қойып кеткен сол тастан хабар алып, айланасына хәр қыйлы ағашлардың нәллери тиктирилген еди, бәри де әп-әнедей көгерип тур. Енди сол қала 21-әсирде қолға алынар деген дәме менен жасайды ғой қарапайым халық.

**Хабаршы: — Басқалардың Қарақалпақстанға жәрдемин күшейтиў ушын өзиңизде жаңа усыныс бар ма?**

Т.Қ. — Ең биринши нәўбетте, басқаларды жәрдем бериўге йошландырыў ушын Жоқарғы Кеңесимиз, Ҳүкиметимиз «Ҳүрметли қарақалпақ» деген медаль шығарыўға талапланыўы тийис. Оған қоса ең төменги айлықтың ең болмаса он-он бес еселенген көлеминде ақшалай сыйлық та берилсе шеп болмас еди. Бүйдегенимниң мәниси: Президентимиз бир жола Қарақалпақстанға келгенинде «Мени өз қарақалпағым десеңиз қуўанаман» деген еди. Еледе кеш емес «№1 Ҳүрметли Қарақалпақ» медалын Президент Ислам Кәримовке бериўден баслаў керек, мениңше.

Айта берсек машқалалар аз емес. Қысқасын айтқанда, XX әсир үшинши мың жыллықтың фундаменти. Сол фундаменттиң үстине қандай дийўал өрилиўинен келешегимиздиң тәғдири ғәрезли.

**Хабаршы: — Жаңа әсирде оқыўшыларымызға тилегиңизди билдирсеңиз?...**

Т.Қ. — Шаңарағыңыздан басқа жаққа қандай хабар кетсе де, басқа жақтан шаңарағыңызға қандай хабар келсе де тек қуўанышлы хабарлар болғай, ислеген хәр бир исиңиз, айтқан хәр бир сөзиңиз шаңарағыңызды, халқымызды, бәрше адамзатты шад еткей, ал өсирген перзентлериңиз, яғный келешек әўладларыңыз кеш бириңизге муң жеткермегей илайым!!!

**Хабаршы: — Төленберген аға, Сизиң мазмунлы сәўбетиңиз ушын газета оқыўшылары атынан рахметлер айтып, жаңа әсирдиң дәслепки жылында дөретиўшилик жумысларыңызда табыслар тилеймиз.**

*«Қарақалпақстан жаслары» 11-январь 2001-жыл. Сораўлар газетаның бас редакторы, журналист Дәўлетбай Бекбаўлаев тәрепинен берилген.*

## ӨЗ ҚӘЛБИНЕН ЖАҢА ДҮНЬЯ АШҚАН ШАЙЫРА

*(«Ёзувчи» газетасының сораўы бойынша)*

Хосият кейинги жазған қосықларын топлап, жаңа китап таярлапты. Топламға кирген қосықларын оқып, кеўлимди бийлеген пикирлерди қағазға түсирдим. Әдебиятта да, мисли өмирдеги киби, хәр



www.ziyouz.com kutubxonasi

кимнинң өз өлшеминен мәнзили болады. Жазыўшы шығарма дөретиў процесинде өзи белгилеген өлшемнен келип шығып, мәнзилге карай хәрекет етеди. Бул жолда ол нелерге итибар береди, нелерди алады, кайсы соқпақлардан калай жүрип өтеди, әлбетте, жазыўшының тәнҳа өз иси. Бәри оның талантына байланыслы.

Поэзия болса, инсан қалбинин кеширмелерин сап түйғылар, нәзик сүўретлеўлер, толғаўлар менен сәўлелендирип, оны келешек мәнзилге таман жетеклеп барады. Қашандур инсан жүрегининң сезимлери, ондағы шексиз тебренислер шын кеўилинен қуйылса, ҳеш қандай қәлипке сыймаса, бул жерде сезимлер мәўижин түсиниў ҳәм тәбийий қабыл етиў мүмкин.

Поэзия ҳаққында ойлар екенмен, ийгилик ҳәм жақсылық, жақтылық ҳәм толқыў сыяқлы түсиниклер инсаният ушын ең әҳмийетли тәрбия қуралы болып қалған, деген пикирге келемен.

Инсанның қәлиб сеўгис иде, қәлиб ҳәсирети де ҳәмме тиллерде бир қыйлы мәни менен толқынланады. Сезим ҳәм ҳазардың ең әпиўайы ҳәм уллы аўдармасы қосық болып келген, солай болып қалды да.

Мен жәҳән поэзиясының жарқын жолларын күтә тереңнен баклап киятырған, өз қәлби ҳәм ой пикирлери олар менен дусласқандағы демлерининң сүўретлерин шебер уқып пенен қәлемге алып жүрген талантлы шайыра Ҳосият Рустамованың кейинги жылларда баспа сөзлерде жәрияланып турған қосықларын баклап жүремен. Бул ойларымның ҳәммеси, оның соңғы рет қолыма түскен қосықлары қәлбиме тыныщлық бермей қойды. Енди сизге оның «Түркистан» газетасында басылған қосығынан үзинди келтиремен:

*Самал дарақларды салды ләрзеге,*
*Түнги қараңғылық келгенде мәлел,*
*Өзим муҳаббетке интизар демде*
*Шашым бәрҳа гүллеп турса итимал...*

Жүрегимде кешкен толқыўды сизге калай түсиндирип берсем екен? Набада өзим поэзияның изертлеўшиси болсам, бул жөнинде ойлап отырыўға зәрүрлик қалмаған болар еди.

Ҳосияттың аўыр операциядан кейин дүньяға қайта келгендей халатты бастан кеширгенинен хабарым бар еди. Ол ҳаққында өмирлик жолдасы, ҳадал, пәкизе инсан, талантлы шайыр, жазыўшы Қошқар Наркабылдың «Терезе алдындағы гүл» поэмасын оқып шыққаным есимде.

Исенесизбе, бүгин Ҳосияттың қосықларын оқып, оны дәрт ишинде қайта тирилткен Аллаға мен де шүкирлик еттим. Ол: «Тириликке



www.ziyouz.com kutubxonasi

хат» дүркининде былайынша баян етеди: «Емлеўхананың суўық терезелерине ойшан тигилер екенмен, сыртта ийесиниң тепкисиниң жаны төзбей, пәряд көтерген ийттиң аянышлы қаңсылап қашканы еситиледи...»

Бул дүркиннен төрт қатар келтириўди жеткиликли деп ойлайман:

*Жатып бирден қорлығым келди*
*Бул бөлмениң шырақларына*
*Өзим ерким менен барар едим:...*
*Ийт болсам-*
*Анаў адамның аяқларына*

Тепки жеп қаңсылаўы менен қашып баратырған ийттиң аўҳалын түсиниўге урыныў... Ийт болып сол қәҳәрли адамның аяқларынан тепки жеў ушын өзи барыўды өлимнен абзал билиў ушын, инсан, сөзсиз үлкен қәлб ийеси болыўы керек...

Базда инсанның руўхый дүньясында сондай кеширмелер болады, әйналада ҳәмме нәрсе сени дәлкеклеп, ермеклеп үстиңнен күлип атырғанға мегзейди. Хосият сондай халатқа түскен демлерде жазған болса керек.

*Жасаў өзи усыма?*
*Неге -*
*Ермек болып түнлерге,*
*Мени баслап кетти өмир*
*Ертеңи жоқ күнлерге...*
*Өмир! Мен ҳаққында өзиң айтпасаң.*
*Мениң барлығымды билмес еди өлим,*

— дейди ол және бир қосығында. Я тоба! Өлимниң есинен шыққан инсан барма? «Бар» дедим. «Ол — әдебият» дедим» «Ол поэзия»— дедим. Көзиме қуйылып жас келди... Хосият хешкимге усамайды, дедим. Оның қосықлары мақтаўға мүтәж емес дедим. Хосият қәлбинен жаңа дүнья ашқан өз принципине турақлы шайыра. Оның ай туйғылары дәрьядай мәўижленип ағады. Ол сөзди сондай еркин, қәлбиниң еркинен келип шығып, шеберлик пенен ислетеди. Онда жүзегөйлик жоқ. Онда шайырдың сырлы дүньясына, шайырдың қәлбиндеги сыйқырлы ой-пикирлерге хеш қандай қурғақ сезимсиз сөзлер, майып-кетик қатарлар, ҳәдден зият қойыўластырып рең берилген, илажсызлықтан көркемлик дөретип атырман деген аҳуўзар, жалған аҳ шегиўлер жоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сондай халатка түсип, өзинде әўере сарсаң ететуғын, оқыўшының да үмитин пушқа шығаратуғын, қәлбинде хеш қандай дурыслы туйғы мәўижи сезилмейтуғын шайырлар да бүгинги күнде баршылық... Хосият Рустамова олардай емес, ҳақыйқый шайыра. Оның поэзиясы терең туйғы, қәлбтеги ҳазар, дүньяны көркем образлар арқалы сөйлетип, майда-шүйделерге араласып қалмайды. Ол инсанды бәрҳә ойларға талдыратуғын бул дүньяның деймиз бе, өмирдин деймиз бе, мәнисин аңлаўға урынып, тынбай изленип қәлем тербететуғын айрықша талант ийеси. Соның менен бирге, Хосият Рустамованың поэзияда бәрҳама бәлентлеп баратырғанын, оның поэзиясы, соның ушын да, өз қатарларынан әдеўир бәлент екенлигин көриў мүмкин...

Мениң бир жазыўшы сыпатында Ҳосияттың терең ойларға толы творчествосын, өзимше түсинген, пикирим усы. Шынында да Хосият поэзияның үлкен жолына терең билимлер менен, хәрқыйлы дәрежедеги терең ойлар менен шыға билген шайыра. Бул жолда оны қандай сынақлар, қосық аспанында қандай пәрўазлар күтип атырғаны Тәңритаалаға аян! Сөйтсе де мен шайыраның шексиз үлкен талантына исенемен, ол еле хеш ким ойламаған бийик-бийик шоққыларға көтериле беретуғынына мен тақыйық исенемен хәм Ҳосиятқа жаңа-жаңа пәрўазлар тилеймен.

*(«Ёзувчи» газетасы 19 сентябрь, 2001 жыл).*
*Бас редактордың сораўы бойынша*
*Т. Қайыпбергенов жазған.*

## УЛЛЫ БЕРДАҚ ШАЙЫРДЫҢ 175 ЖЫЛЛЫҒЫНА БАЙЛАНЫСЛЫ ОЙЛАР

Уллы Бердақ шайыр жөнинде жаңа-жаңа пикирлер айтаман деп тәўекел етиў қыйын. Себеби, ол жөнинде мақалалар, хәр қыйлы дәрежеде жүргизилген ойлар, пикирлер, сан-санақсыз. Қорғалған докторлық, кандидатлық диссертациялар қаншама-қанша дейсиз!

Бизиң халқымыз ушын Бердақ ким? Бердақ бизиң халқымыздың XIX әсирдеги көркемлик пенен сөйлер тили, келбети, шежиреси, яғный тарийхы, туўынды композиторы-сәзендеси. Арқа муз океаныңан Жер орта теңизине дейинги аралықта бөлек-бөлек болып жасайтуғын бәрше түркий тиллес халықлар мақтаныш тутса арзыйтуғын дана шайырлардың бири.

«Олай болса, Бердақтың шығармалары өз заманында неге китап болып басып шығарылмаған?» деўшилер табылса тәәжип емес. Бундай



www.ziyouz.com kutubxonasi

сораўлардың пайда болыўына биринши себеп, Бердақтың өз заманында китап басып шығарыў ислери кем болса да, болған рой. Екинши себеп, уллы шайырдың дөретпелери өз халқының көп хәсиретли хәм шешиўи қыйын жумбақларға толы тәғдириниң сәўлеси сыпатында болғанлықтан, өз елиниң басшылары елден пул жыйнап болса да, китап етип басып шығарыў мүмкин еди ғой...

Ал, шынлыққа келсек, Бердақтың шығармаларының өз заманында китап болып шығарылмағанына баслы себепши хәм айыпкерлер оның дөретпелериниң сапасы емес, жасаған жәмийети, өз халқының басшылары.

Буннан 60-65 жыл бурын үйимизде жыйналып, өз-ара бәзим қурып сөйлесетуғын ғаррыларға базда таң атқанша от жаққышлық қылып отырып, олардың гә тарыслы, гә бир-бирин толықтырыўшы Бердақ шайыр жөниндеги әңгимелеринен еситкенлерим бойынша, китапларының басып шығарылмаўына уллы шайырдың өзи де айыплы. Себеби ол жоқары басшылардың, аса бай адамлардың алдыларына бас ийип барыўды қәлемейтуғын аршыл инсан екен. Бирақ, тәнха өзиниң минез-қулқы бойынша күтә кең пейилли, ашық қоллы адам болған. Ол, хәтте, аўыллар аралап өзиниң саз даўысы менен бақсышылық етип, халықтан жыйнаған пулларын да, биринши гезекте, жетим-жесирлерге, жарлыларға үлестиретуғын болған. Базы бир адамлар «Неге бүйтесиз?» дегенде, шайыр: «Халқымның ишимде түйинге айланып баратырған зәхәрли дәртлерин адамлардың өзлери еситкиси келип, мени тез-тезден өз тойларына шақырғанының өзи мен ушын мәңгиге ада болмас пул» деп жуўап береди екен.

Усы себептен де, ол өз заманының уллы шайыры хәм атақлы бақсысы болыўына қарамастан, жарлылықта күн кеширсе де, халық арасында айрықша хүрметке сазаўар болып, өз заманының тилине айланғанын миллий тарийхымыз дәлийллейди. Өйткени, бул уллы шайырдың гүллән хәрекетлери, ислери әпсаналық дәрежеде бәршелер ушын хәм таңланарлық хәм үлги аларлық ўақыя болған.

Бир жола ол үлкен тойда бақсышылық етип, мисли сол елаттың хәкиминиң зулымлығын нәзерде тутқан киби, «Заманда» деген қосық дөретип:

*«Ойлансаң бул дүнья бийпаян екен,*
*Душпан иси халыққа көп зыян екен,*
*Байлар қасқыр, түлки, халық қоян екен.*
*Қараңғы қаплаған қайғы заманда...»*

— деген екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул косык бирден-ак ел хәкимине жаклай: «Сен неге менин дәўиримди «Караңғы каплаған кайғылы заман» дейсен?» деп зорлык пенен оның тойдан жыйналған пулларын, дуўтарын алып кояды.

Бирақ соңынан уллы шайырды куўатлаўшы халықтың ғәзебинен корыққан хәким, оннан алғанларын кайтадан өзине апарып бериў нийетинде, ханның елде жүрген салыкшысын алдына салып, көп-көп сайғалар менен кол каўсырып, шайырдың үйине келеди. Бирак хәким әкелген саўғаларын өз атынан емес, «Сизге уллы ханымыз берип жиберди» деп Бердақтың алдына кояды. Сонда шайыр сакалын сыйпалап отырып:

— Шынын айтыныз, хәким мырза, бул саўғаларды маған бериў жөнинде уллы ханымызға мени мақтаған, кеңес берген ким? Себеби, *ханымыз еле мени көрмеген, танымайды ғой?-дейди.*

— Шайыр аға, кешириниз, сол тойда сизге азғана ашыў етсем де, соңынан ойландым. Сөйтип ертеңине келмекши едим. Бирак уллы ханымыз шакыртып калды, тез кеттим. Ханымыз мехирли инсан, ол Тәңиритааланың Мухаммед алейхиссаламнан кейинги бизге жиберген гезектеги пайғамбери ғой. Дәргайына киргенимде ол бирден-ак маған: «Әй, каракалпақ елиниң хәкими, айтыныз, елиңизде ең атаклылардан кимлер бар?»-деди. Бирден аўзыма сизиң атыныз түсти хәм сизди хәр тәреплеме мақтадым. Соннан соң ол ғәзийнеханасынан усы сарпайларды алдырып, өз атынан сизге тапсырыўымды сорадны» - дейди хәким.

Уллы шайыр бираз ойланып:

— Илая ханымыз бахытлы болғай! Ханы бахытлы елдин, халкы бахытлы! Бирақ, уллы ханымыз, елеге шекем мени көрмеген, сөзлеримди тыңламаған еди ғой... Ол мәрхәмәт кылып, сизиң мактаўыңыз бенен бүгин маған саўға жиберген болса ертеңги күни сизиң жаманлаўыңыз бенен мениң басымды алыўға буйрық беретуғыны да сөзсиз! Сол ушын бул саўғаларды ала алмайман, — деп ортадағы саўғаларды жыйнап хәкимниң алдына ысырып кояды да, бул ислери ушын хәкимге жолдас болып келген ханның салыкшысынан кеширим сорап калады.

Хақыйкый шайырдың минез-кулкы халкының минез-кулкының бир көриниси. Түркийтиллеслер еле өзлеринше көп миллетлерге бөлинбеген дәўирлерде оларға нөкерлер болып хызметлер етиўи аркалы өжетлик, хеш кимге мойынсынбаўшылык әзелден-ак минез-кулықларына сиңип кеткен каракалпаклардың XIX әсирдеги уллы шайырының бундай минез-кулкына хәзирде де хеш бир каракалпақ перзенти таңланбай, «Өзимиздә! Бүгинде биз Бердақтаймыз ғой!» десе, инанбаўға дәлил бар ма? Жоқ, әлбетте!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Уллы шайырымыздың өз заманында китаплары басылмағанына және бир дәлил. Буны да жаслығымда тақыўа ғаррылардан еситкенмен:

Россия патшалығы Орта Азияны өзлерине каратып алғанынан соң, Төрткүлдеги орыс губернаторы уллы шайырды алдына шақырып: «бизге калыс хызметиңиз керек, егер шәртимизге көнсеңиз дөретпелериңиздиң хәммесин китап етип бастырып шығарамыз» деген екен. Шайыр сонда терең ойларға шүмгеннен соң:

— Әўеле бир рәўият тыңлаңыз, мырза губернатор,—деген екен басын көтерип. — Бәрше мусылманлардың исенген уллы пайғамбери Мухаммед әлеәхиссалам бир түнде уйқыға жатпай, Меккениң халқы түнде не менен шуғылланады екен, деп қаланы аралаўға шығады. Аралап жүрсе, пүткил қала халқы тыныш уйқыда. Бирақ бир көшениң дығырығына келгенде, бир адамның уйықламастан, қолына үлкен сипсе алып, көшелерди сыпырып, хәр қыйлы тикенлер менен майдашүйде тас қыйқымларын, шийшелердиң сынықларын терип жүргенин көрген соң оның күндиз олай-булай жүретуғын кәмбағал жалаңаяқлар менен жас балалардың аяқларына кирип я батып оларды жылатпасын, деген нийетте ислеп атырғанын сорамай-ақ түсинген пайғамберимиз:

— «Әдиўли инсан, сен, бул ислериңди, егер, күндиз қылғаныңда, қала халқы көрип, саған есапсыз алғыслар менен рахметлерин жаўдырар еди»-депти.

— Аш-арық, жарлы-жақыбай бийшара халыққа қылған қалыс ислериң ушын олардан алғыслар, рахметлер дәметиў де олардан көп пул дәметиў менен барабар. Бәршени төбеден Тәңиритааланың тәңхә өзи көрип туратуғынына исенемен. Соның өзи маған жеткиликли»-депти сол инсан.

Бул рәўиятқа сиз де түсинсеңиз керек, мырза губернатор. Ал енди мен өзимниң дөретпелеримди китап етип басып шығаратуғынларға бас ийип жасағанымнан, өз еркинлигимди абзалырақ көремен. Мени мениң халқым көрсе, тыңласа, түсинсе тамам. Хеш кимнен хештеңе де дәметпеймен. Бул кең жәханде бийғәрезликте еркин жасап, дөреткен қосықларыңды, өзинше, дуўтар сазына салып, халқыңа тыңлатқанға не жетсин? Әне солай, губернатор мырза. Енди тыңлаңыз:

*«Қәдиримди халық билер,*
*Халық билмесе балық билер,*
*Өлмеген сөзимди көрер*
*Хәм қәдирлер қолыны услап!...*

— деп уллы шайыр әсте-ақырын орнынан түргелипти...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Усыннан кейин хәкимлер ғана емес, жокарыдағы патшалардың да кеўлинде тек өзин мақтатыў нийетлери барлығын анық түсинген уллы шайыр өзиниң «Ақмақ патша» дәстанын дөреткен екен.

... Әне усылайынша өзгеге бас иймейтуғын, хаслы нөкер, өжет минезли қарақалпақшылығына байланыслы уллы шайырымыздың қосықлары өз дәўиринде китап болып басылмағанына тәнхә өзи налымаған да, өкинбеген де, келешекке исеним менен қосықлар дөретиўди тоқтатпаған да...

... Жыллар изинен жыллар өтти... Халық уллы шайырының қәдирин билди. Дөретпелери халық аўзынан жыйналып, китаплары да басып шығарылды ғой!

Бүгинги шайырлар, жазыўшылар оның пәк, қалыс талантына сүйсинип, инсан сыпатында аса шыдамлылығынан, халқының келешегине хақыйқый дәрежеде исенетуғын уллы инсан екенлигине сүйсинип оннан үлги алса арзыйды.

Бердақтың өз келешегин, халқының келешегин билиў даналығы соншелли, бүгинлиги оның ана тилинде қайта-қайта китап болып басылған шығармалары шегара билмей өзбек, қазақ, орыс, қырғыз, түркмен, түрк, әзербайжан, татар, башқыр, якут хәм басқа да тиллерге аўдарылып та басылды. Нәтийжеде дүньяның көплеген әдебиятшылары шайырдың шығармалары жөнинде күтә жоқары пикирлер айтпақта. Бир мысал: жәхән әдебиятының уллы корифейлеринен бири болған заманласымыз Шыңғыс Айтматов: «Бердақ көп миллетли туўысқан әдебиятлардың ең бийик шоққыларының бири» деп баҳалады.

Пүткил шығыс еллериниң кең дәрўазасы, Орта Азияның, өзинше, киши Меккеси саналған даңқлы Ташкент қаласында Мустақиллықтан кейин уллы шайырымыздың қолына дуўтар услаған естелик бюсти орнатылды. Мисли бир тамшы суўда аспан сәўлеленгени яңлы, шайырдың бул бюсти қарақалпақ халқының өтмиши хәм келешегинен белги берип турыпты. Бердақтың бул бюстин көргенлер уллы қарақалпақ шайырына бас иймей өтпейди. Бул бас ийиўлер, әлбетте, оның тәнхә өзине ғана бас ийиў емес, уллы сөз шебериниң қәдирин билген оның әдиўли халқына да бас ийиў... Сол ушын да бүгинлиги хәр бир қарақалпақ перзенти Бердақтай уллы бабасын мақтаныш тутады. Қарақалпақстанның өз шегарасынан тысқарыда яғный Ташкенттен басқа жерде Бердаққа естелик қойылған ба? Жоқ! Мустақилликке дейин Нөкисте ғана бир естелик орнатылған болып, ол да миллетимиздиң жалғыз театры Станиславский атындағы



www.ziyouz.com kutubxonasi

театрдың алдына қойылған еди. Бирақ бул естеликке тикленип қарасаң уллы шайыр театрға ҳәтте жүзин қаратпастан:

*«Қарап болған екен күним,*
*Сөйлей алмай өшти үним»*

— деп өз қосық қатарларын мұңлы тәкирарлап турған секилли көринетуғын еди.

Қудаға шүкир, Республикамыздың ғәрезсизлигинен соң сол театр Бердақтың атына өзгертилди. Бердақтың атына миллий музей шөлкемлестирилди. Ташкенттегиден тысқары Хорезм ўәлаятында Бердақтың бюсти бой тикледи. Оларға қарасам, уллы шайырымыз саз даўысқа салып, айрықша мақтаныш сезимлери менен:

*«Мың жылдан соң қандай болады дүнья,*
*Көрейин, Лұхманның узақ өмирин бер»*

— деген өз қосықларын тәкирарлап турғандай. Елеберин Бердақтың бюсти көп еллерге қойылатуғыны сөзсиз..

Бүгинги еркинлик заманымызда, уллы Бердақтың өмир жолы жөнинде гәп қылыў, оның күтә мийнеткеш, кишипейил, қанаатшил халқының өмир жолы ҳаққында гәп қылыў деген сөз.

Бердақтың миллий шайыр сыпатында өзгешеликлери неде? Өз халқы менен бирге болып, түркий тиллеслер менен тил табысыў арқалы бәрше әлемге, даналарға, көп жасағанларға дыққат бериўинде.

Сол ушын да ол:

*«Бир ғарры айтса әңгиме,*
*Ол сөз пайдалы кимге,*
*Деп тыңлап отырып бәрҳә*
*Нәсиятқа салдым қулақ»*

— деп, соңғыларға нәсиятлар айтыў менен өз арманын былайынша баян етип те үлгерген:

*«Енди мақсетиме жетсем,*
*Каабаға кетсем, «Шамға кетсем...»*
*«...Алпамыс менен Едиге...*
*Тири болса излер едим».*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*«Өткен Арасту, Афлатун*
*Жаратып илимниң кәнтиң,*
*Шешиў ушын кирер бәнтин*
*Мен мағрифат излер едим...»*

*«Ким бай десе Хиндстанды,*
*Жоғым излеп келер едим»*
*«Мен ақтарып Бухараны,*
*Лухманымды излер едим»...*

(бул қатарларда «Арасту» — Аристотель (384-322), «Афлатун» — Платон (427-327))

Шайыр тек рәўиятлар, әпсаналар тыңлап, оларды терең үйренип ядлаўлар менен де шекленбей, излеп, изленип кеңнен саўат ашыўға хәм китаплар оқыўды өзине бас ўазыйпа деп билгенлигин жоқарыдағы қосық қатарлары бәрхә тастыйықлайды...

Ол Юсуп Хас Хажибтиң (1021-1072) «Кутадғу билиг»инен ақылнәсият жолларын, Фирдаўсийдиң (934-1025) «Шахнама»сыннан қахарманлық сырларын, Низамий Генжавийден (1141-1203) ышқымухаббет сырларын үйренип, соларды синтезлеў тийкарында, пүткил әлемге үлги боларлық дәстанлар дөреткен Наўайыны оқығаннан кейин, «Наўайыдан саўат аштым!»... деп даўысын барынша пүткил әлемге жар салды.

Бердақ өзинше бир үлги сыпатында уллы Физулийди (Мухаммед Сулайман Физулий -(1694-1720)) оқып дүрлер шашқанын да хеш кимнен сыр тутпады. Бедил (Мырза Абубакир Бедил (1644-1721)), Аттар (Фаридлин Аттар (119-1130)) Бидиянды... қайта-қайта тәкирарлаў менен таңлар атырғанын..., Мақтумқулыдан (1733-1798) кемис таппағанын айтып, устазларына бәрхә бас ийип жасаған хәм өз устазлары секилли әлем фонында өз халқының тәғдирин, өз халқының фонында жәхән тәғдирин көриўди үйренген шайыр.

Буннан 60-70 жылдай бурынғы ғаррылардың айтқанлырынан мениң есимде қалғанлары бойынша, уллы шайырға өзи туўылып өскен Арал бойлары күтә тар мәкән сыяқланып, пүткил Туран кеңислигиндеги еллерди, дүньяға атлары мәлим уллы адамлар жасаған мәканларды, олардың мийнеткеш қара табанлары тийген кәраматлы орынларды өз көзи менен көриўди, олардың мазарларын зиярат етиўди мақсет етип саяхатқа шыққан шайыр... Усы саяхатында ол, биринши рет, Яссаўий шәхәринде (Түркстанға) келип, ол жөнинде



www.ziyouz.com kutubxonasi

еситкенлерин, окығанларын тәнхә өзиниң көргенлери менен салыстырып, терең ойлар менен, «Зәңги ата»ны зияратлағаннан кейин Қоқандқа өткен. Ташкентте Досмухаммед исмли қарақалпақ хәким болғанын еситип, Қоқан ханлығында басқалар қатарында алиўленген қарақалпақ жигитлери нөкерлик қылатуғынын билип, Туран әзелден қарақалпақ халқы ушын да ата мәкан екенине тақыйық исенген. Ол жөнекей ушырасқан Османлы түрклердиң «биз бала түрклиз, сизлер, түркистанлылар, ата түрксиз» дейтуғын гәплеринин астында нелер жатқанын дурыс уғынып, қалби терең мақтаныш сезимлерине толып тасыў менен Самарқандқа келип, бәрше әлем бул қаланы не ушын таўап ететуғынын, халқының минез-қулқын да, үрп-әдетлеринде, уллы Әмир Темурдың «Күш-адалатта» деген тәғлыйматының елеге шекем хақыйқый хуким сүретуғынында билип қуўанған. Бухараға келип «Ибн Синаның басқан излерин таўып аяқ басқайман», деген мақсет пенен көп күнлер жүрип, бәрше мухаддес орынларға зиярат етип қайтқан. Буннан соң гөззал Хийўа қаласына келип, өзине жаслығынан таныс мухаддес орынларды және бир қайтара аралап, Абылғазы Бахадыр ханның (1603-1664) «Шежараи түрк» китабының қол жазбасын әллеқайсы уламадан бир кешеге сорап алып оқып, буннан күтә рухланған хәм өзинше «Шежире» жазыўды мақсет етеди. Буннан кейин туўры Үргенишке жол алып Нәжиматдин Кубраның (1145-1221) қәбирин зыярат еткен соң өз Ўатанына қайтады. Барлық көргенлерин көз алдына өткерип түркий тиллеслердиң шежиресин жазыўға кирискен.

Солай етип, Абылғазы Бахадыр хан «Шажараи түрк», китабында тарийхты Адам атадан баслап, хәзирети Нуўх пайғамбердиң Хом, Сом, Ефас исмли уш улының бири Ефастың биринши улы Түрктен бәрше түркий тиллеслердиң өсип-өрбип көбейиўи жолын тәриплесе, Бердақ өзиниң «Шежире»син уллы пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссаламның дәўиринен берги жағында, түркий тиллеслердиң қалайынша миллетлерге бөлиниў, қәлиплесиў жолларын өзинше қосық пенен тәриплейди, соңынан, буған да қәнаәт етпей «Хорезм» дәстанын дөреткен.

Бүгинлиги биз Бердақтың дөретпелерин кеңнен үйренсек, оның гүллән дөретпелери, қосықлары, поэмалары автордың өз заманында билимли дана шайыр болғанлығын дәлиллейди. Әттең, усы кәрада ескертпеўге болмайтуғын бир нәрсе, советлик заманда, терең билимлер ийеси болған шайырымыздың қолжазбалары өз заманында китап сыпатында басылып қалмағанынан пайдаланып, гейпара «жыйнаўшылар» Бердақты өзлериниң советлик заманына сай, динсиз етип



www.ziyouz.com kutubxonasi

көрсетиўлери менен де шекленбей, айырым шала саўат, кекшил, руўшыл шайырсымақ жыйнаўшылар Бердақты өзлеринин тар қыяллары дәрежесинде, хәтте руўлар арасында келте пәмлер тәрепинен майда-шүйде алаўызлықларды мәңги жырлаўшы шайыр сыпатында көрсетиўден де уялмай:

*«Ийиси жаман сасыйды,*
*Өр жағымнан жүрме мүйтен...»*

ямаса:

*«Хожам ишерсең кеберсең,*
*Ешек пишпеге шеберсең....!»*

деген сыяқлы өзлери тоқыған уйқас қатарларын уллы Бердақтың аты менен тәкирарланғанына не дерсең? Сол жыйнаўшылар уллы шайырдың айырым шығармаларына өзлери тоқыған базы келисиксиз қатарларды туўе, киширирим поэмалар үлгисинде қосықларды өзлери дөретип қосқанын есапқа алмағанда, Бердақ XIX әсирдеги қарақалпақ халқының ғана емес, пүткил түркий тиллес әлемниң уллы шайыры болып қалады. Бердақтың дөретпелерине қанша саўатлылық хәм өзи оқыған уллылардың көзлери менен жантассаң, ол улыўма шығыс мәдениятының, соның ишинде түркий тиллеслер мәдениятларының да, Европа мәденияты ушын да фундамент сыпатында хызмет етип атырғанын да өзинше дурыс уғынған шайыр болғанын түсинесең. Бүгинлиги саўатлы, хәр тәреплеме билимли әдебиятшылар арасында ҳақыйқый гәрезсизликтиң бийик шоққысынан Бердақтың дөретпелери жөнинде жанаша ойланбайтуғын, хәтте ең бийик минберлерден оның аты менен мақтанбайтуғын әдебиятшылар болмаса керек.

Гәрезсизлик берген еркинликке арқамды тиреп турып көп жыллардан берли мениң жаныма тынышлық бермей, бирақ жақынға шекем хешкимге қулақ астыра алмай жүрген Бердақ бабамыздың келешек әўладқа, жасларға, халқына айтқан базы нәсиятларынан, өз атамнан еситкенлерим бойынша, мына қосық қатарларын хәм пәтиясын тәкирарлағым келеди.

— Балам, — деген еди Атам — Бердақ шайыр, жасы бойынша, бизлерге де ата дәрежесинде. Талай рет көргенмен. Қалби кең, кишипейил инсан екен. Оның аўырып қалғанын еситкеннен кейин аўылымыздың ақсақалына ерип мен де көўлин сораўға барған едим. Көўил сораўға келгенлер көп екен. Бизлерде бир шетирек отырдық. Сонда уллы шайыр мени жас киши көрдиме, арқасынан сүйеп, басын сәл



www.ziyouz.com kutubxonasi

котерин(к)ирец қойыўымды өтинди. Дәрхал айтқан өтинишин бәржай қылдым. Ол халқынынқыраған халда былай деди:

— «Жигербентлерим тынланлар:

Бирилши: Хәзирети Бахаўаддин Нахшбандийдин «Дилиңиз Алланы яд етсин, лекин, қолыңыз исте болсын» деген нәсиятын естен шығарманлар! Усы дана нәсиятты мен халқыма түсиниклирек болсын деп:

«Дизенди сызлатып белинди бүгип,

Жеген бир зағараң палдан жақсырақ» дегим келеди.

Екинши: Пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссаламның «Бесиктен қәбирге шекем илим излең» деген нәсиятын хеш қашан естен шығарманлар! Динимиз Исламға тийкар салған уллы пайғамберимиздиң бул даналығын халқыма түсиниклирек етип:

«Терең ақыл керек сөзди дизбеге,

Тынық билим керек бәрин сезбеге...», — деген едим. Тыңлаўшыларым менен еле жартыўлы түсиниспегенимизге гирттай ғана өкинишлимен... Хеш гәп, еле ўақыт өтиўи менен түсинисермиз дә!

Үшинши: «Өзлериңизге, халқыңызға сырттан душпан излеменлер».

Усының менен бирге, Бердақ шайыр жөнинде базы тартыслы пикирлеримди жуўмақлап, өзимниң хажылығымнан пайдаланып, уллы шайыр бабамыз Бердақтың кеўлин сорап келиўшилер түрғелер гезинде оның оларға берген пәтиясын өз атам хәр сапары тәкирарлайтуғынлығын ескертиў менен, енди сизлерге сол пәтияны тәкирарласам хәм соның менен өз пикиримди тоқтатып турсам, мени әпиў етерсиз:

Мине Бердақ шайырымыздың кеўлин сорап келгенлерге соңғы пәтиясы: «Хәр қыйлы заман азапларына төтепки берип жасап, хеш қашан абыржымай, албырақламай еле жасап киятырған менин халқымның жигербентлери! Бәрше халықлар қатарынан әзелий өмир жолын бәрше түркийтиллеслерге нөкерликтен баслаған хәм ашық хәм өжет минезли қарақалпақ халқының аты хеш қашан жоғалмағай!!! Үйлериңизге тысқарыдан хабарлар келсе де, үйлериңизден тысқарыға хабарлар кетсе де бәри қуўанышлы хабарлардан ибарат болғай! Әўмийин!!!...

*«Еркин Қарақалпақстан» 28-30 январь хәм 1 февраль 2003-жыл. Бас редактордың сораўы бойынша Т. Қайыпбергенов жазған.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Ескертиў:** өзимниң айырым пикирлеримди бир факт пенен жуўмақласам, кеширерсиз хәм түсинесиз деп ойлайман: Мениң атам Ҳәкимнияз 18–20 жасар гезинде Бердақты биринши рет көргеннен соң, тәғдир тағазасы менен және бир неше мәрте ушырасып хызметлер қылғаның, Уллы шайырдың тәнхә өз аўзынан «Шежире»син талай рет еситкенин айта беретуғын еди. Атамды көп тыңлап, оның ядлаўшылық уқыбына оғыры исенетуғын болғаным ушын, уллы Бердақтың өз аўзынан еситкен «Шежирениң» усы ўақытқа дейин хәммеге мәлим вариантына қосымша атам себеп болып тәнхә өзим ядлаған айрым қатарларын 1997-жылдың 21-июнинде «Еркин Қарақалпақстан» газетасында жәриялаған болсам да, оны және дыққатыңызға усынғаным ушын кеширерсиз:

## УЛЛЫ БЕРДАҚТЫН «ШЕЖИРЕСИНЕН»

*... Рассулаҳ пырақ минип,*
*Аршылаға барған екен.*
*Қуда менен разы айтысып,*
*Ҳақ дийдарын көрген екен...*
*Гүл жүзлери шәмсуў қамар,*
*Абубәкир, ҳәзирети Омар,*
*Осман, Әлий-төрт шәрияр*
*Пайғамбердиң яраны екен.*
*Отыз ушның сахабасы,*
*Жумла арабтың қәбийлеси,*
*Хызмет еттилер бәршеси,*
*Пайғамбердиң заманы екен...*
*Жаздым халықтың шежиресин,*
*Еситиң Шежирениң мәнисин,*
*Бәршениң ата-бабасын,*
*Айтып баян қылсам екен...*
*Енес ибн Мәлик[1] иси,*
*Пайғамбердиң саҳабасы.*
*Енес Қазақтың бабасы,*
*Ураны «алаш» болған екен.*
*Саҳра халқы көшип-гезбек,*
*Көнтли жерден Ўатан дүзбек,*
*Мәликтиң бир улыдур Өзбек*
*Ол сыпайы болған екен.*
*Өзбекке Расул нәзер салды,*
*Мал-дүньясы абад болды,*
*Өзбек зайыпты көп алды,*
*Күтә өсип-өнген екен.*
*Өзбек әзелден бий болды.*
*Сыпайылық жолын қуўды.*
*Бәйбишисинен Майқы туўды,*
*Халыққа аға болған екен.*
*Майқының улы Сейшахан,*
*Егиз ул туўылған оннан*

---

[1] Енес ибн Мәлик —(Анас ибн Малик) Тарийхый дереклерде 103 жасында Хиджрий 93 жыл (мелодий 712 ж) қайтыс болған. Ҳәдисшилер Енестен (Анастан) 2286 рәўият жазып алған. Оның әкеси Малик Ибн анНазр деген киси екен. Сол ушын Енес ибн Мәлик делинеди.

Тарийхый ўақыяларға терең ой жиберип изертлесе, Мәлик ибн ан Назр араблардың 649 (мелодий) жылында исламды ен жайдырыў мақсетинде Туран еллерине келгенлерден болыўы да итимал Бердақ шайыр «Шежире» синде сөз еткен түркийтиллес халықлардың бир-биринен бөлиниў гезеклери усы дәўирден басланғанболса тәәжип емес.



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Исмилерин Түрк, Әзербай қойған*
*Анасы: «мен», «жан»ды қосқан екен.*
*Енестиң бир улы нағыз,*
*Урысқа атлансада жалғыз,*
*Жаўын қырмай қайтпас хәргиз,*
*Соннан Қырғыз атанған екен.*
*Мәликтиң бир улы Разы хақ,*
*Жаслығында қойды ғулпақ,*
*Кийдирилип «Қара қалпақ»,*
*Соннан «Қара Қалпақ» болған екен.*
*Мәликтиң ул хәм қызлары,*
*Тез көбейип өскен екен.*
*«Түрк-түркий...» хаўазлары,*
*Душпан көкейин тескен екен...*
*Өр көкирекли қарақалпақ*
*Қолларына алып жарақ*
*Түркийлерди жаўдан қорғамақ,*
*Мақсетлери болған екен...*
*Татқан пайғамбер дузынан,*
*Мәликтиң генже қызынан,*
*Көп тойынған уўызынан,*
*Уйғыр ул туўылған екен...*
*Туўысқанларды алға баслап,*
*Хәммесиниң ўақтын хошлап,*
*«Бас», «қыр», «қурт» -сүрен таслап,*
*Соннан «Башқурт» болған екен.*
*Хәр күн қәўип-қәтер туўды,*
*Батырлықтың жолын қуўды,*
*Жаң майданда ул туўылды,*
*Атын Татар қойған екен.*
*Түркий саўашта қунықты*
*Душпаннан жығылды, жықты.*
*Бир Ана шетте қумықты,*
*Соннан Қумық туўылған екен.*
*Ана көп толғатып жатты,*
*Және еки ул туўылды - таң атты,*
*Ақсақаллар сайлап көп атты.*
*Балқар, Карачай қойған екең.*
*Қосылды десип көп қоллар,*
*Тойға сойылды көп қойлар,*
*Тез ержетип сол балалар,*
*Жаўға қарсы шапқан екен.*
*Едил, Жайық кең тақырды,*
*Халықтан қалған бул нақылды,*
*«Суў!» «Аш!» деп бири шақырды.*
*Соннан Шуўаш болған екен.*
*Досқа опадар жаўдыр көзли,*
*Ноғай туўылды бир сөзли,*
*Және бири Якут жүзли*
*Мен Якутпан деген екен.*
*Бизге яр Рассулалла деп,*
*Айта берсең шежире көп...*
*Бирлигине исенип көп,*
*Мәтқабылда қалған екен.*
*Тыңламай Алла наласында,*
*Карамай ата-баласына,*
*Каф таў, Туран даласына,*
*Тым-тырақай қашқан екен.*
*Және самал ести оңынан,*
*Бир Алланың қоллаўынан,*
*Бомин[1] шахтың заманынан,*
*Олар тастай бириккен екен.*
*Ай изинен айлар өтип,*
*Алаўызлық отын түтетип*
*Бомин шахтан дәўран кетип,*
*Және ел тарқасқан екен.*
*Дүньяға келип Елтараш[2],*
*Ерди оған аш-жалаңаш,*

---

[1] Бомин шах — 552 жылы гүллан түркийтиллеслерди биринши рет бир патшалыкқа бириктирген шах.
[2] Элтараш — Бомин шахтан соң бузылған түркийтиллеслерди 682-жылы қайтадан бир патшалыкқа жәмлестирген шах.



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Халыққа болып мисли қуяш,*
*Аға-инилер табысқан екен.*
*Қуяш шығып, батып турды,*
*Талай даўыл, үргин үрди,*
*Хәр тәрепке жол бурылды,*
*Түрк уллары бөлинген екен.*
*Жасаў түспей бир қолайға,*
*Жүргенде келмей оңайға,*
*Патшалық тийип Ноғайға,*
*Әлемге даңқ жайған екен.*
*Ол да узақ сақланбастан,*
*Исенимлер ақланбастан,*
*Туўысқанлар жақланбастан,*
*Мисли булт тарқалған екен.*
*Өтти күнлер, өтти өмир,*
*Әламатлар болды небир,*
*Туўылған соң Әмир Темир,*
*Кең патшалық болған екен.*
*Соң-соң қашып елдиң қуты,*
*Аспанда ушып көп тоты,*
*Лаўлап алаўызлық оты.*
*Патшалық тарқаған екен.*
*Жыл артынан жыллар өтип,*
*Шуғылларға дәўран жетип,*
*Түркийтиллестен бирлик кетип,*
*Бул «Шежире» қалған екен...*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҮШИНШИ БӨЛИМ

### XXI ӘСИРДИҢ БОСАҒАСЫНДА ТУЎЫЛҒАН АДАСЫМА 99 КЕҢЕС...

*«Ким басқалардың оригинал пикирлерин дурыс түсине билсе, ол күтә ақыллы инсан...»*

*Француз математиги, жазыўшысы Блез Паскаль (1623-1662)*

Ассалаўма-алейкум, XXI әсирдиң босағасында туўылған Адасым!

Мениң өмирден алған тәжрийбелерим бойынша, енди сениң алдыңда да есап-санақсыз ойлы-бәлентли қыйын асыўлар хәм тәнхә өзиңниң тислериң менен тартып, өз маңлайың менен ийтерип ашыўың тийис көп ғана жабық есиклер-әм күтип турыпты. Олар әлбетте, сеннен көп шыныңғыўлар, тәжирийбелер, билим-илимлер талап етеди.

Солай болсада, ержеткениңнен кейин бул жақты дүньяда көргенлериң, түсинип билгенлериң ишиңе сыймай, ишеклериңди дүбирлеткен гезде, жасы үлкен аталар менен сырласып билгенлериң түўе, тәнхә өзиңниң түсиниклериңе өзиң қарсы шығып қалатуғын демлеринде пайда болатуғыны маған жумбақ емес. Бундай жағдайларды мениң өзим тәнхә өмир жолларымды, өзимше, сайбағыслап, азда болса баҳалаў дәрежесине жеткеннен кейин уғындым. Енди уғынсам, өз ўақтында өмирдиң көп-көп күтилмеген қубылысларына итибар қылмаппан... Енди сен, әдиўли Адасым, маған усап өз дәўиринде ҳеш нәрсеге бийитибар бола көрме айналайын!!!

Уллы жерлесимиз Шайх Абу Бакир аль Шиблий (861-945): «өз ўақтында төрт жүз пир ҳәм устазларға хызмет қылып, төрт мың ҳәдисти оқып үлгердим. Биракта сол төрт мыңнан тек ғана биреўин ядымда беккем тутып, сол ҳәдиске сүйендим де, басқаларын умыттым» деген екен.

Айналайын Адасым, мен бүгин сениң алдыңда өзимди уллы Шиблий Шайхқа теңлестириўден аўлақпан. Сөйтсе де...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмир зымрап өте береди екен... Мениң көз алдымда нендей ҳәсиретли, нендей түсиниксиз қубылыслар жүз бермеди дейсең... Биреўлер жыласа, екиншилери күлип, үшиншилери оларға түсинбей таңланып жүреди... Сол ушын да ески қария бабаларымыз «Тәңиритаала өмирдеги бир-бирине қарама-қарсы нәрселерди көплеп жаратқан. Оларды көрип-билип гейде: Жер шарының бир жағына қалайынша аўып кетпей тең турғаны да таңланасаң...» деседи.

Енди өзим гуўасы болған базы бир түсиниксиз аласыпыранлықлардан мысаллар келтирейин:

...Бир жола қоңсы көшеге от тийип, көп жайлар биротала жанып кетти де, ортада бир жай аман қалды. Адамлар бир күн жүрип жанған жайлардан тири қалғанларға кеўил айтып шығып, ертеңине анаў жанбай қалған жалғыз үйде той-тойлады... Буған не дерсең? Өз ўақтында мен буғанда түсинип жарымағанман. Жигирма биринши әсирдеги Адасым, бундай жумбақлар сениң ўақтында да жүз берсе өзиң-ақ ойланып жуўмақ шығарыўға тырысарсаң...

...Және бир күни кеште оң жағымыздағы қоңсымыздың үй ийеси жоқарғы лаўазымнан босағанын еситип, оны жубатыў ушын кеўил билдириўге барып, қайтып келсем, тап сол лаўазымды ийелеген шеп жағымыздағы қоңсымыз үйине шақыртып баласын жиберипти... Оның үйинде таң атқанша бәзим қурдық. Буған не дерсең?

Және бир күни үшинши қоңсымыздың ҳаялы еки жыл бирге жасаған ерин таслап басқа адамға турмысқа шығып кеткенин еситиўден, гилең қоңсылар жыйналысып, ҳаялынан айрылған түл қоңсымызды еплеп жубатып келсек, төртинши қоңсымыз бүгин үйленгенин айтып тойға шақыртыўшы жиберипти. Билсем, үшинши қоңсымызды таслап кеткен ҳаялды сол алыпты... Сонда да сол үйде ендиги тойдың кеңесин өткерип бираз ўақты-хошлық пенен таң аттырдық... Усылардың түп дәреклерин саған қалайынша түсиндиремен, Адасым! Өзиң ержеткенсоң ойланарсаң сөйтип өзин-ақ бир жуўмаққа келерсең...

Бундай қарама-қарсы қубылысларды көп көре бергеним ушын, бәрине көнлигип кеткеним соншелли, гейде басқаларды, бул әлемди түўе өзимди өзим түсинбей, егер өлетуғын болсам, қайсы қоңсым менен қай тәклетте ырзаласып, қалайынша хошласарымды билмей, хайраным да шығады...

Базда өзимди бул дүньяға артық туўылып, бийорын келген бийақыл бенде сыпатында сезинемende, өзимди өзим наятый жек көремен... «Өзин-өзи жек көрип, бирақ хештеңеге дурыслы жуўап таппаған ҳәр бир инсанның бул жақты дүньядан кетиўге асыққаны



www.ziyouz.com kutubxonasi

абзал» деп те сыбырланып, әле койғым келетуғын пайытларым болады. Әттең... әттең... аңсат емес...

Калай деген менен бул кең дүньяға хәмме шерик. Ойлансам, гүллән адамзат перзенти уллы бир дарақтың саясында жасап атырған жанлы жәнликлер секилли. Гейде, ойланбай-ақ, сол уллы дарақтың саясында жасап атырған өзлеримиз ғой, десек, тап сол дарақтың саясы түске дейин бизики болса, түстен кейин өзгелердики екенин уғынамыз... Усыны түсинип биримизден бирмиз сая қызғанатуғын да әдетлеримиз жоқ емес!...

Оның үстине, хәр алған нәпесимиздиң ишке кириўи гезинде де, иштен сыртқа шығысы гезинде де өз мүшкили бар. Ишиңе тартқаныңды сыртқа шығарып, ямаса шығарғаныңды қайта ишиңе жутып үлгересең бе, жоқ па, сирә билмейсең. Бул да өзиннен бийгәрез жумбақ!

Бул жарық дүньяға келлиңбе сени хәр деминде мехирсиз әжел күтип турыпты... Буны хәмме биледи, бирақ бәри билмегенге салып жасайды...

Усы жағдайлар есиме түссе, бирден досларымды излегим келеди... Ал, ҳақыйқый досларым бар ма?... Олар кимлер?... Нешеў?... Әне, бул мен ушын сораўлардың сораўы...

Жаслығымда досларым көп сыяқлы еди. Олар менен ушырасқанша асығып, ата-анамның, ал, үйленген соң, хаялымның да айтқанын қылмай, сол досларымды излеп кетиўге тырысатуғын едим. Дослар менен хәр ушырасыўда мениң ушын нәмәлим қызық дүнья енди ашылған секилли түйилип, апақ-шапақ болысатуғын едик. Усындай апақ-шапақ пайтларымызда биреўлери менен, арамызда кеше ғана өкпе-гийне болып өтсе де, сол дықлы демлерди еслеў есимизге келмес еди. Базда әлле нәрселерге келиспей қалсақ та, ертенине бир-биримизди көрсек кешеги келиспеўшиликлеримизди умытып кететуғын да едик... Кәне, енди сол дослар? Жыллар өтиўи менен биразы мәңгилик дүньясына қайтқан... ал еле қайтпағанлары ақлық-шаўлықлар гүмиращылығы менен бәнт... баяғы жаслығымыз қайда?...

Мине, жасым 70 тен асты. Хәр күни бул жарық дүнья менен мениң де хошласыў саатлары жақынласып қалғандай сезинемен. Усындай демлерде ишимди жеңиллтиў ушын сырласарға дос таппайман. Егер табылса, ол өзиниң ғалма-ғаллары менен бәнт болама, бирақ ол меннен, әлле қандай сырларды жасырып турған кимсеге мегзейди...

Тек өз перзентлерим, ақлықларым, қаналас туўысқанларым ғана дос болып қалған сыяқлы. Перзентлерим менен дослығыма қуўаныштан базда халықтың:



www.ziyouz.com kutubxonasi

*«Перзентсиз мөҳминге тил тийгизбеңлер,*
*Перзентсиздиң өмири өтер зар менен»*

деген қосық қатарларын еслесем, көз алдымда әлле нәрселер пайда болған сыяқланады да, бийперзентлерди аяныштан, көзлериме жас қуйылады...

Инжилдиң бесинши сүресиниң 44-45-аятларында Әзиз пир Матвейдиң хош хабарында: «Душпанларыңызды да сүйиңлер! ... Сизге жәбир-зулым қылғанлар ушын да дуўа қылыңлар. Сонда сиз Аспандағы Атаңыздың перзентлери боласызлар! Себеби ол өзиниң нурын жаўызлардың да, жақсылардың да үстине тең түсирип турыпты», деген екен. Бул айтылғанларды енди сениң де дыққатыңа усыныў менен, олай-булай өткенлерге де тәкирарлаў мақсетинде кең-кең жоллардың бәндиргилерине шығып саатлап турғым келеди... Билип қой, сүйикли Адасым, адам баласы ушын пайда болған қайсындай динге дыққат берсең де, бәри де гүләән адамзат ушын Тәңиритаалamыз тәрепинен төрт нәрсе де теңлик жаратылғанына гуўа боласаң. Сол төрт теңликти енди өз сөзлерим менен саған баянлайын:

1. Әй, Инсан, сен қайларда жүрип, қайларда болып, қанша бахытлы, шадлы жағдайда жасасаң да, бәри бир, ақырында ҳәммени өткеретуғын бир дәрўаза сени де өткериў ушын күтип турыпты. Бул — Өлим дәрўазасы!

2. Әй, Инсан, сен өз өмиринде қандай жипеклерден, мақпаллардан кийимлер кийинип, басқаларға қандай үстемликлер етип шадықоррамлықта жасасаң да, ақырында ҳәмме менен тең бир кийим кийесен. Бул кийим — ақ бөзден тигилетуғын кепин!

3. Әй, Инсан, сен өз өмиринде қандай дүлдүллерге, машиналарға минип ямаса самолетлерде аспанға ушып шалқыў менен жасасаң да, бәри бир, ақырында, сен де бәршелер менен тең бир атқа минесең. Бул ат — ағаштан соғылатуғын табыт!

4. Әй, Инсан, сен өзиңе қандай сарайлар қурып, қандай бағыўгүл-бақшалардың арасында жасасаң да, бәри бир, ақырында сен де басқалар менен тең бир жайға кирип жатасаң. Бул жай — Қәбир!».

Әне усыларды ертерек түсинип жасасаң, бахытлы инсансаң-аў, бирақ хеш умыта алмасаң аяқларың бәрхә қалтырап жасайсаң, Адасым!

Тәңиритаалaмыз да өзи пайда еткен Адам әўладлары усы төрт теңликти мәңги есинен шығармай бахытлы жасасын, деп оларға-ақыл, күш берсе де, оннан қалай пайдаланыўды хәр кимниң өз еркине қалдырған... Сол ушын көбинесе, умытыпта жаса, меҳирли Адасым!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ерк өзимде деп ис қылсаң, басқаның еркине зыян ететуғыныңды да қайта-қайта ойланып алыў керек. Тилекке қарсы, мен буларды бәрҳә есте тутыўға өз ўақтында, дурыслы илаж қылалмадым. Сол ушын көп-көп қәтелерге жол қойдым. Бүгин қәтелеримди ойласам, алдымдағы жолымды көрмей қаламан. Енди сен мендей болып қәтелеспеў жолларын таўып жаса, айналайын Адасым!

...Бул дүньядағы инсан өмириниң ҳәр деми қымбат. Бахалай билиў керек. Бир ғана демниң өзинде жер тенселип, ҳәмме нәрсе астын-үстин болып кетиўи де тәәжип емес... Билип қой, жас Адасым, бул түсиниксиз дүнья ҳәр бир тири инсанның өзинше сөйлениў, тәўбе қылыў, жалбарыныў, өкиниў, жылаў, хеш кимди азапламай сүйиниў, сүйсиниў дүньясы! ...

Қандай дәрежеде болса да инсаният ушын жаратылған бул кең дүнья мәңги бар болсын, илайым! Оның қызығы — өкинишлер менен сүйинишлердиң түйинлеринин де. Әттең, күйинишлер болмаса, сүйинишлердиң нелигин, сүйинишлер болмаса, күйинишлер дурыс түсинилмес еди.

Ал, түсинбеслик пенен түсимсизлик гүлләп ақмақлықтың сағасы. Бенделерин, олардың қатарында сени де усындай ақмақлықлардан аўлақ тутқай Жаратқанның өзи! Өзиң де дурыс тилеклерден шетте қалма, адаспа, әдиўли Адасым!

... Ал енди, сүйикли Адасым, набада, мениң мәңгилик дәрўазасынан ишкери кирип кетиўге жақынлаған соңғы демлеримде, дастығымның қасында пайда болып маған сораўлар берсең, Тәңиритааламнан гирттей болса да, сен ушын имканият сорап, саған жуўап қайтарыўға жалықпайман. Набада: «Маған қандай нәсиятлар айтып кетесең?» десең, саған уллы Махмуд Ғазнавийдиң (XI әсир) бир нәсиятын өзимше тәкирарлап: «Тәңритааланың нәзери сениң де қәлбиңде, сол ушын өз нәпсиңди барлық ағзаларыңды ҳәм пәк, ҳәм тазарақ тутып жасайгөр, айналайын» дер едим.

... Егер сен мениң бет әлпетимнен мениң бул дүньядан асығыс кететуғынымды уғып: «Маған төрт сөз айтсаңыз?» десең, «хеш қашан ата-анаңды, халқыңды ренжитпе!» дер едим, егер, «үш сөз айтыңыз?» десең, «Анаңды, халқыңды сүй!» дер едим, егер «тек еки сөз айтып кетиңиз» десең, «Саў қал, Адасым!» дер едим. Егер «бир сөз айтыңыз?» десең, «Қарақалпақларым!!!» дер едим. Егер сен соңғы демимде қасымда бола алмасаң, басқалар да сораў бермесе, ишимнен хеш кимге еситтирместен, халқымның даналары дөретип кеткен қосықлардан мынаў еки қатарын:



www.ziyouz.com kutubxonasi

*«Анадан туўылдым, бардым базарға
Кепинлик шыт алып қайттым мазарға...»*

деп тәкирарлаў менен көз жумар едим.

Әне солай, сүйикли Адасым! Пайғамберимиз Мухаммед әлейхиссалам, «Бул дүньяда қанша пурсат турыўына қарап ис қыл...» деген екен. Пайғамберимиздиң бул нәсияты бәрше тирилерге тийисли, Айналайын Адасым!

Енди сен жасайтуғын XXI әсир, яғный, үшинши мың жыллықтың биринши әсири, пүткил әлемдеги бәрше халықларға меҳирмухаббетлерге толы «Уллы бирликтиң, Бахытлылықтың Нурларын теңнен сепкей, басқалардың қатарында бизиң нөкер жүрекли ақ кеўил халқымыз болған, қарақалпақлар ҳәмме менен тең орынға ийе болып өнип-өскей!» деген тилеклер менен, өзимше, тәўекел етип, тәңҳә өзиңе арнаўлы түрде **99 Нәсият** айтқым келеди.

Бирден: «неге 100 емес?», деп мени кустаны қылма. Билемен, уллы даналар: «ҳәр инсан өзиңше бир дүнья» дейди. Соның менен бирге сол уллы даналар: «аҳ, бири кем дүнья-ай!» деп өкиниште билдиреди-ғой. Мен олардан артықпан ба? Жоқ! Мен де камсүт емген бири кемис болып туўылған, бир инсанман.

Айналайын Адасым, саған бул хатымды Рамазан айында, тутық пайтымыда жазып отырғаным ушына Ораза тутыўдың әхмийети жөнинде азғана айтайын: пайғамберимиз Мухаммед әлейхиссалам үмметлерине: «Сумму тасаххуу!» — яғный, «Ораза тутыңлар, саламатт боласызлар!» деп ескерткен екен. Усыннан кейин бурында өткен уллы алламалардың жазып кеткенлерин оқысақта, бүгинги шыпакерлеримиз бенен сөйлессекте, бәри «Асқазан гилен кеселликлердиң үйи...», «ҳәр бир инсанның биринши душпаны — оның асқазаны» деп ескертиў менен, диний саў бенделер ҳәр жылы бир ай ораза тутып, асқазанның жумысын регулировка етипте турыўы пайдалы да екенлигинде көп дәлиллер менен ескертеди.

Диний тағлыйматлар бойынша инсан Ораза тутқанда ҳәрқыйлы өсеклер, өзгелерди сыртынан сайыў, жалған сөйлеў, биреўлердиң абрайларын төгиў сыяқлы копал ҳәрекетлерден өзиң аўлақ тутпағы лазым. Бул талаплардың да денсаўлыққа пайдалары көплиги исенимли түрде дәлилленеди.

Соның менен бирге, пайғамберимиз әлейгиссалам Рамазан айын: «1. Дахайы рахмет»; «2. Дахайы мағрифат»; 3. Дахайы читкумминаннар» — деп үш он күнликке бөледи екен. Биринши он күнликте



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тәңритааланың Рахмет есиклери ашылған болып, Ораза туткан кайсы бенделерине Тәңритааланың нәзери түссе, олар хәр кандай хәсиретли апатлардан аман болады; екинши он күнликте, Тәңритаала Ораза тутқан бенделериниң хәр кандай гүналарын кеширеди; Үшинши он күнликте Тәңритаала Ораза туткан бенделерин дозақтан азат кылады...

Әдиўли Адасым, айта берсем бул жақты дүньяда Инсанның дурыслы жасаўы ушын тағлыйматлардыңда, кеңеслердинде изи ада болмайды. Сол ушын мен енди өзимди өзим жүўенлеп, тәнхә сениң өзиңе айтпақшы болған мақсетлериме өтемен:

* * *

Айналайын сүйикли Адасым:

1. Қураны Кәримниң 28-сүресиниң 88-аятында ескертилиўинше, хәр бир тири бендеге, бир күни болмаса, бир күни өлим келеди. Соған дейин тез-тезден өзиңе-өзиң «Киммен?» «Кимге керекпен? Неге керекпен?» деген сораўлар койып, өзиңе хәм тыңлаўшыға тендей унайтуғын жуўаплар табыўға тырысып жасаўды умытпа!.

Миллетиң Қарақалпақ екенин, бул атама бизиң ең әўелги бабаларымыздың бәрше түркийзибанларды қорғаўшы сақ нөкерлер болғаны ушын, олардың нөкерлигин басқалардан айырып көрсетип турыў мақсетинде, хәзирги термин менен айтқанда, нөкерлик белги сыпатында, басларына Қара (Уллы) қалпақ кийгизилгени себепли, ақыбетинде, миллетиң ҚАРАҚАЛПАҚ деп аталғанын хеш қашан есиңнен шығарма. Қарақалпақлығыңды мақтаныш тут. Уллы Әмир Темур айтқандай миллетиңниң дәртине дәрман болыў бас ўазыйпаң екенлигин хеш қашан есиңнен шығарма!

2. Хәр сапары «Мен»инди ойланып айт. Хәр «Мен»иңде өзиң хәм миллетиң бириккен болады. Бил, миллетиң аз санлы болғаны менен, сениң тилиң менен бир түбирлес 26 миллет тили бар. Олардың бәри ең әзелден бир ата-ананың перзентлери. Усы 26 түркий тиллеслердиң арасында Өзбекстан Президентиниң «Өзбекстанның келешеги Қарақалпақстанның келешеги, ал Қарақалпақстанның келешеги Өзбекстанның келешеги» деген тастыйықлаўшы анықламасына исенип жаса! Және ойлан хәм исен, хәр бир түркийтиллес инсанның келешеги сениң келешегиң, сениң келешегиң хәр түркийтиллес инсанның келешеги!

3. Ең әўеле өзиңди өзиң түсинбесең, өз миллетиңди де, басқаларды да жетерли түсинбейсең. Хеш бир иске ойланбай қол урма. Адамзат фонында өзиңниң, миллетиңниң дал орынларын, алға жүрер жолларын, хуқықларын үйренип, түсинип, оларды қорғап, халқың ушын



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ўатаның ушын хызметлер етиўге бәрҳа таяр болып, керек болса, жаныңды бериўге таяр болып жаса!

4. Ҳәр инсан, өзинше, бир жулдыз. Ҳәр миллет, өзинше, бир шоқ жулдыз. Демек, сен де жулдызсаң, халқың — қарақалпақлар саны жағынан азлаў болсада шоқ жулдыз!! Сол шоқ жулдыздың айналаға көбирек нур шашыўы ушын ол өзиндей шоқ-шоқ жулдыздан ғәрезли екенин умытпа. Әллеқандай күш бул жулдызларды бүркемекши болса, оларға соққы бериўге бәрҳа таяр бол!

Ертеңги күнимиз ҳәртәреплеме абат болады деп ойласаң да, көп ерий берме, Тәңриталладан бөтен ҳешким ертеңги күн қандай болатуғы-нын анық билмейди.

5. Халқыңның саны аз болғаны, қәлбиңди гибиртиклетседе, оның басқалар қатарынан бүгинги ийелеген орны ушын налынба, таласпа. Халықтың орны инсанларының улыўма билиминен, өз-ара бирлигинен, кеңпейиллигинен, мийнеткешлигинен, дүньяны қайсындай дәрежеде үйренип, сүйип түсингенинен ғәрезли. Ҳәм елиңди ҳәм дүньяны теңдей баҳалап сүйиўши бол!

Ким өзгеге шуқыр қазса, оған өзи де түсетуғынын, ким биреўге қарсы қылыш көтерсе, ақыбетинде оның өзи қылыштан өледи деген халықлар даналығын есиңнен шығармасын.

6. Ҳәр инсанның қәлби Тәңриталланың қулпы астында. Ҳәр бир инсанның қәлиб қулпын ашып сөйлесиў гилтлери бәрше инсанларға тең бөлистирилип берилген. Ким менен сөйлеспекши болсаң да, оның қәлбин дурыс ашатуғын гилтти сол инсанның өзинен ямаса басқалардан емес, әўеле өзиңнен изле. Неше халықтың тилин билсең, сонша сандағы халықтың да қәлиб қулыпларын ашатуғын гилтлерге де ийе боласаң. Үскиниң қуйылмасын, көрингенге ишки дәртлериңди ақтара берме. Унатпаған адамыңның үстинен арзалар тоқыў — бул өзинше сырлы жаўызлық. Кисиге ҳәр қандай жаманлығың соңында өзиңе қайтатуғын бахытсызлық. Дурыс излесең, дурыслықты табасаң.

7. Инсанды нур демектиң мәниси — оның айналасына меҳири, ҳәр тәреплеме терең билими, турақлы ақыл-зақаўаты, өз айналасындағыларға күтә кишипейил дәрежедеги мүнәсибети. Ҳеш қашан күншил, қызғаншақ болма. «Қызғаншақ ҳәм күншил ата-аналардан бир жыныстағы перзентлер туўыла береди» деген де рәўият бар. Бул рәўиятқа исениў де, исенбеў де өз еркиңде. Күншиллер менен қызғаншақлардың бул дүньяда жақсы жасаў мүддети шекленген дәрежеде болатуғынына да ой жиберип тур. Өзиңнен досларыңды қашырып алмаў ушын бәрҳа кеширимли бол.



www.ziyouz.com kutubxonasi

8. Билип кой, Тәңритаала әдил, ол сени я миллетинди дүньяның хеш бир инсанынан, хеш бир миллетинен кем я артык укыплы кылып жаратпаған. Лекин, дүньяның көзине түсиў — хәр бир инсанның, миллетиниң өз-ара беккем аўыз бирлигине, хәртәреплеме раўажланған билимине, турақлы қәлиплескен ақыл-зақаўатына байланыслы.

9. Набада билимде, илимде, күште жоқары орынға көтерилсең «Мен жоқарыдаман!» деп көкирегиңе урма. Тәңритаала еситкиш, көргиш, қәпелимде оның ғәзебине ушырап қалыўың итимал. Бул дүньяда душпансыз инсан жоқ. Барлық шараятларда сабырлы бол. Сен хаққыңда әллеким жаман пикир айтса, сен оның өзине барып мисли досларың киби сөйлесиўге тырыс, уттырмайсаң.

10. «Тәңритаалане биз хеш қашан көрмегенбиз. Ол қайерде? Неге билмеймиз?» деген гуманлы ой басыңа келмесин. Мәселен, самалды көресең бе? Көрмейсең. Сонда да ол дүбелейге айналса, жайлар қулайтуғынын, теңизлер менен океанлар өз шеңберине сыймай асып-тасып кететуғынын көз алдыңа келтир...

Сулайман пайғамбердиң инсанларға айтқан мынадай ескертиўин умытпа: «сен, мәселен: анаңның қарнында дем алыў ағзаларың, сүйеклериң, қалай, қайдан пайда болып атырғанын билмегениң киби, гүллән нәрсени жаратыўшы Кұдирети күшлиниң ислерин-әм билмейсең». Сол ушын дүньяның сырларын хәмме тәрепинен тынымсыз үйрениўден, жалықпа өмирден өзине кең-кең гузарлар излеўден шаршама. Ақыл менен, парасат пенен излесең табасаң.

11. Өмир хақыйқатлықлар менен ғәрремликлерден ибарат. Солардың арасында жасап турып, ким менен, қайсы миллеттиң адамы менен жолығыссаң да, оны өзиңнен кем ойламайтуғын ақыллы инсан деп бил, саған нелер керек болса, оған да мисли сондай нәрселер кереклигин уғын. Ким менен қарым-қатнас қылсаң да, мүнәсибетлериң әдил болсын. Сениң әдиллигиң миллетиңниң әдиллиги екенин бил!

12. Ғәрезсизлик хәм ғәрезлилик жөнинде оғыры тереңнен ойланып пикир жүргиз. Инсан хаўа райынан да, күннен де, түннен де, қоңсы-қобаларынан да, елиниң басшыларынан да, дос-яранларынан да, хәтте, өз шаңарағының хәр бир ағзасынан да ғәрезли болғаны янлы, өз мәмлекети дөреткен зан-нызамларынан да ғәрезли. Бундай ғәрезлиликти үнсиз қуллық деп түсинбе! Бундай ғәрезлилик — бирликтиң, аманлықтың, жақсы жасаўдың тийкары.

13. Көпшиликке унаған нәрсени я хәдийсени бир өзиң бийкарлама. Көпти жаманлаған боласаң. Халқымыз: «Көпти жаманлаған көмиўсиз қалады» деп бийкарға айтпаған. Базы ойларың иске



www.ziyouz.com kutubxonasi

асырылмағаны ушын да әллекимлерге гийне саклаўды үрдис етпе. Орынсыз гийне өзиңниң жолыңа өзиң таслаған шеңгел. Саған жақсылық қылған инсанға қарыздарсаң. Қарызларыңды бәрха төлеп турыўды естен шығарма.

14. Кимге жолықсаң да биринши сәлем бериўди инсанлық ўазыйпаң деп бил. Босағаңды атлаған инсан ҳәтте душпаның болса да, оған ҳүрметли орын бер. Ортаға аўқат қойылғанда, миймаңыңнан бурын табаққа қол урма. Билип қой, адамлар арасында мәңгиге бийгүнә ақыллы ямаса мәңгиге гүналы ақылсыз инсан да болмайды. Ким менен жолдас болсаң да оны биринши болып өзиң түсиниўге талаплан!

15. Жекке жүрип дана атанғаннан, көпшилик пенен ладан атансаң да өкинбе. Өтмиштеги уллы-уллы даналардың нәсиятларына сүйениў менен, көп жағдайда хәсиретлерде қуўанышлар, ал қуўанышларда ҳәсиретлерде болатуғынын умытпа. Ойланып жаса!

16. Ата-анаңа мүнәсибетлериң айрықша мехирли болсын. Ата-анаңа мүнәсибетлериң қандай болса, өзиң картайған гезлериңде перзентлериңнен соны көресең. Бил — инсанлар бар тирилигинде — өли, инсанлар бар — өлсе де тири. Ҳеш қашан өлмеўде инсанның тәнҳә өзинен ғәрезли

17. Әллеким сораў берсе, жуўап қайтармаў жарамаслық, мәдениятсызлық. Көз бенен көрип, тәжирийбеде сынап билгенлерине сүйенбей, тек қулақларына исенип жуўап бериўши болма. Ҳәр сөзиң тастай салмақлы, қуяштай нурлы болсын. Набада бахытсызлыққа әкелетуғынын сезсең де, ҳақыйқатлықтан тиксинбе, безбе.

18. Досларыңды, таныс-билислериңди үйиңе миймаңлыққа шақырсаң, оларға, өз шаңарағыңның ағзаларына болған мехриңниң, ең кеминде, 101 пайызы дәрежесинде мехир менен хызмет қыл.

Инсанға ең жоқары байлық ҳәм қуўат тек ғана ден-саўлығы емес, оған ең садық дослары да. Досларсыз инсан кең шөлистанда өскен бир дана қамыс. Сондай қамысқа айланып қалма.

19. Динлердиң арасындағы тарыслар әзелден-ақ барлығына карамастан, бир дин ушын Тәңритаалаға өзиңниң садықлығыңды билдириў мақсетинде басқа диндегилерге қарсы қолыңа жарақ алсаң, өз диниңеде бийҳүрметлигиң. Биреўди сүйсең, оның динин де сүй. Душпаныңды бәрха аңлыўға әдетленбе, тез шаршайтуғын халға түсесең.

Қалбиң алағадалыққа берилсе, пайғамберимиз Мухаммед әлейҳиссаламның ҳәдислерин, Шығыстың уллы даналарының нәсиятларын, халқымыздың нақыл-мақалларын таўып оқыўға кирис.

20. Адамзат ушын илим-хикметлердиң, дана рәўиятлардың, әўеле Шығыста пайда болып, оннан соң дүньяға таралғанына, исенгиң келсе,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шығыс пенен Батыс Уллы ойшыллларының жазып қалдырған китапларын излеп, салыстырып оқы. Излегенинди сөзсиз табасаң.

21. Жәмәәтте көп сөйлеп мақтаншаққа айналыўдан қорық. Ал, тәнха өзиң әлле қандай қубылысқа я бир китапқа кескин баха берместен алдын, мынаў рәўиятты есле: Туранның әдил патшаларынан бири бир жола әлле қайсы китапты асыра мақтағанды да, асыра жаманлағанды да бир зинданға салдырыпты. Сонда: «Әй, уллы патша неге бундай қылдыңыз?» деген ўәзирине ол: «екеўи де басқаларға баха бериўдиң мәдениятын үйренсин» депти.

22. Жолдасың, қоңсың қайсы миллеттен болса, өзиң де соларға бейимлесип жасасаң, олар да саған, сениң миллетиңе бейимлеседи. Өз үмитиниң қулы басқалардың да қулына айланады. Хәр қандай жаңа ис басларда абайла, алды менен басыңның ишинде ислеп алып хәрекетке кирис.

23. Шет еллерге саяхат қылғанында өзимди, халқымды таныстайын деген нийетте орынсыз көп сөйлеп, еле писпеген сайыз ойларың менен өзиңди хәм халқыңды кемситип алма. Өзин кемситседе, өз халқын кемситип сөйлеген инсанды унататуғын инсан болмайды. Себеби, хәр миллеттиң абрайы оның хәр бир ағзасының абрайы, даңқы, хәр бир инсанның абрайы, даңқы оның миллетиниң абрайы, даңқы.

24. Хеш ким ериспеген даңққа ерисиўдиң де өз усылы, өз есиги, өз гилти, өз бахасы бар. Оларды дурыс таба билиў күтә мүшкилли. Қандай дәрежеге жетиўди күсесең хешқандай мүшкилден сескенбей хәрекет қыл. Ең аңсат усыллар менен ерисилген даңқ самаллы күни ушырылған пәтпелектиң демде көзлерден ғайып болатуғыны киби. Аңсат даңқ излеме.

25. Бир кисини басқарыў пүтин халықты басқарыўдан қыйынырақ гезлери болады. Ким менен жолдас болсаңда, ислессеңде, оны өз халқының ўәкили деп түсиниўге хәрекет қыл. Хәр исинде, хәр нийетинде, биринши нәўбетте, өз халқына болған мухаббетиң үстемлик қылса, хештене уттырмайсаң. Набада басшы лаўазымға көтерилсең, айналаңдағы душпанларың көзабаға досларына айналатуғылығына итибар қыл.

26. Бир исти баслайжақ болсаң, сол ис әўелинде саған аңсаттай түйилсе де, қыйын деген исеним менен, ал баслайжақ исиң әўелинде қыйындай болып түйилсе, оны аңсат деген исеним менен басласаң, мақсетке жетиўиң онша көп мүшкил әкелмейди.

27. Өз өмириме, әўладларыма пайдалы деген исеним менен миллетинди өзгертиў — халқыңды сапластырыўға қаратылған сатқын-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лык. Хошаметлерге берилип те өз миллетинди өзгертиў — бул өз миллетиниң үстине өзиң жаўызлык нийет пенен өзиң таслаған бомба! Өзиң бомба астында калсаң да халкыңның үстине бомба түсирме.

28. Аспан менен Жер аралығы Тәңритааланың пүткил жанзатлардың тирилиги ушын пайда еткен кең отаўы. Бул отаўда күтилмеген әламатлар жүз берсе, бул Кудирети күшлиниң өз кудирети деп тек бақлаўшы, рәхәт излеўши болмай хәр кандай әламатка карсы биринши гүресиўши бол!. Бәри бир аяқ астында жатырғой деп кара жерди, топыракты корлама. Оған бүгин болмаса ертен, әбден кешиксең арғы күни өзиң де кирип көрпе кылып жамылып жатасаң.

29. Тәңритааланың инабаты менен ең соңғы пайда болған дин Ислам. Кураны кәримде атлары аталған 25 пайғамбердин хәр бири Тәңритааланың инсаниятка жиберген елшилери. Олар жетик үйренилсе, адамзатты бир уғымға келтириўдиң имканиятларына жоллар табылыўы итималлан аўлақ емеслигине исен. Усындай имканиятларды излеў дүнья халыклары қатарында, сениң де, халкыңның да бас ўазыйпасы екенин қәлбиңнен шығарма.

30. Оң жағындағы қоңсыңды оң ийиним, шеп жағындағы қоңсыңды шеп ийиним, жаўырының қараған тәрептеги қоңсыңды өз жаўырыным, жүзиң карайтуғын тәрептеги коңсыңды бет әлпетим, деген меҳир менен қатнас қыл. Сонда, олар сени де өзлериниң баслы мүшелериниң бири киби есаплап, саған, сениң шаңарағыңа сүйиниш пенен қарайтуғынына исен.

31. Бул кең дүньяда халқың ушын мың мәртебе даналық ислер қылсаң да аз, ал бир мәртебе ладанлық ис қылсаң да көп. Халкыңды умытыў — өзиңди умытыў. Өзиңди умытыўда халқыңды умытыў екенин бил. Ўатаныңа мухаббет хәрбир инсан ушын ең жокары инсанлық пазыйлет, ал хакыйкатлыкка мухаббет Тәңритаалаға мухаббет...

32. Инсанның өмири, базда алақаныңдағы суў көбиги яңлы, базда таң алдындағы жулдыз яңлы бир демде-ақ көзден ғайып болады. Көзлерден ғайып болғаныңша, өзиңди, туўысқан-туўғанларыңды, халқыңды бәрқулла сүйип жаса.

33. Өмирге канша бийпәрўа карасаң, бахытсызлық хәм өлим сени сонша тез табады. Бахытсызлықта, өлимде жас таңламайды.

Набада аспанда узак ушыўға усыллар тапсаңда, жолларым тегис деп пәнтқумар қалма. Аспанда да тегис жол жоқ.

34. Өзиң пәк болсаң, ең болмаса, бир нәпәкти өзиңе жақын тутыўға ықласлан, сонда сен оның харамы нийетлерин өзиңниң пәклигиң менен жуўып, дүньядан бир нәпәкти кемейтиўиң итимал. Нәпәк инсанлардан жәрдем сорама, ол сени де нәпәкликке сүйрейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

35. Басқаларды кемситиў есабынан өзиңди мақтама. Өзгелерди кемситип сени мақтаўшыларға исене берме. Устазың саған «нурлы бол» десе электр лампочкасына айнал дегени емес. Адамның нуры билиминде, ўәдеге опадарлығында, айналасындағыларға мехирли мүнәсибетлеринде.

36. Жылан минезли адамларды дүзелер деген дәме менен таза сүт берер алдынан, сүтиң көзинше-ақ зәхәрге айналатуғынына да ой жуўырт.

Пайғамберимиз Мухаммед әлейхиссалам хәдислеринде айтылғанындай «жалын отынды күлге айналдырғаны киби, күншиллик өзиндеги гүлләп жақсы нийетлерди күлге айналдырады. Күншил болма. Күншиллер менен досласпа да.

37. Таныс-билислериңниң тәнхә өзиңе жақпайтуғын минез-қулықларын, артық-аспай мал-дүньясын сөйлеген сөзлериңниң өзегине айнадырыўға тырысыў жапсақлы кесел янлы әдетиңе айланбасын. Набада сондай жапсақлы наўқасқа шатылсаң да, шаңарағың ағзаларына жуқтырыўға хәрекет етпе. Айналаңдағы жақсылар жас киши болса да, олардан үлги алып жасаў хәр қандай жапсағың ушын, бийпул дәри-дармақ.

38. Гейпаралар өзлерине жақсылық қылғанларды емес, өзлери кимге жақсылық қылғанын аўзынан түсирмей мақтанып жүреди. Сен ондайлардан болма. Басқалардың саған қылған жаманлықларын, өзиңниң басқаларға қылған жақсылықларыңды умытып жаса ал, өзиңниң басқаларға қылған жаманлықларыңды өзгениң саған қылған жақсылықларын умытпай жаса.

Инсанның жүреги гейде тас киби беккем, гейде гүл киби нәзик. Қайсындай инсан менен мүнәсибетте болсаңда абайлап сөйлесиўге талаплан.

39. Өзиңниң жаман қылўаларыңды әўеле өзиң түсинбесең өзиңе өзиң жаманлық қылған боласаң. Биреўди орынсыз ғарғасаң, ғарғыс әўеле өзиңди урады. Ҳуждаңыңды жоғалтыў хәр қәдемде сүрнигип жығылатуғын кеселге гириптар болыў.

Инсан тәбиятында вируслары бар кесел — қызғаншақлық, өзгеге исенбеўшилик. Бил, бундай кесел қанша тамақ жесеңде аздырады. Даңққумарлық еми жоқ кесел. Оннан сақлансаң хүрметте боласаң!

40. Жаңа басламаларың белгили дәрежеде әййемги дәўирлердиң басламаларына усаса хаўлықпа. Хәр жаңа әўлад өзинен бурынғылардың шәкирти. Устаздан озыў бас нийетиңеде айланса, Сени хеш бир устаз айыпламайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

41. Тәңритаала инсан сезимлерин әзелинде бийнуқсан жаратады. Нуқсанлы болыў, кесел табыў, соң өзинди қалай тутыўына байланыслы. Басшылық лаўазымда өзиниң үстемлигин узақ сақлаўды нийет еткен инсан кем-кем даңқ деген кеселге тап болады. Даңқ кесели ең аўыр кесел. Сақ бол. Жоқары лаўазымда ислесең әйналаңдағыларға, қол астыңдағыларға емес, өзиңе үстемлик қылыўға тырыс.

42. Өз нийетлериңниң дурыслығына исенсең, көпшиликке араласыўыңа болады, егер өзиңе өзиңниң гүманларың пайда болса, көпшиликке қосылмағаның мақул. Сонда адамлар арасында сениң орның сақлаўлы турады.

43. Билими, илими, ақылы кемис басшы өз атына болған мақтаўларды кем-кем күшейткенше асығып, қол астындағы дурыс сөзли пәк инсанларды қуўдалаў жолына түседи. Бул да өзинше кесел. Бул кеселден жырақ болыў хәр басшы инсанның өз қолында екенин бил. Аласқанларды дурыс жолға салсаң мәртсең, данасаң.

44. Бул шексиз кең әлемде асығы алшылаған қарны тоқлардан, кәммағаллар көп екенлигин сезинип, олардың саның ең болмаса, бир адамға азайтыў нийетинде ис қылсаң да, әйналаңа керекли хәм пайдалы инсансаң. Бил, жақсының кеңеси пал, жаманның кеңеси зәхәр!

Хешқашан умытпа, бул дүнья сенсиз де, менсиз де даўам ете береди.

45. Душпаның менен гүресте суўық қурал қолланыўға тырыссаң, адамлықтан хайўанға айланғаның. Адамның хайўанға айланғаны нағыз хайўанлардың өзлеринен де жаўызырақ хайўан болады.

46. Қас душпаныңды аяп, оған жақсылық қылыў-өзиңниң ертеңине жаманлық қылыў екенин де, ал душпаным болса керек деген шала түсиник пенен әллекимге жаманлықлар ислей бериў-әм өзиңниң ертеңине жаманлық екенин билип жүр. Және билип қой: Тилдиң гилти тил. Тил хәрқандай қылыштан кескир.

47. Халқың, оның тарийхы сениң фундаментиң. Оның қайерлер менен байланысқанын терең түсинип, абайлап изертлеўден бас тартпа. Сениң миллий мәмлекетиңниң төрт тәрепиндеги төрт қоңсы мәмлекетлер жылдың төрт мәўсими киби көринсе де, керегенде сениң мәмлекетиңди, ўатаныңды көтерип турған фундаменттиң төрт тиреп-бердиси екенин де естен шығарып, әлле-биреўлерине зәлелли ислер қылма.

48. Алдыңа қандай қәдем тасласаң да, сол жолдан кейинине ертели-кеш қайтыўың тийислиги жөнинде де ойлан. Ал ашықлық (мухаббет) жолында мақсетиңе жете алмасаң, айырым дәстанларға еликлеп, жанықаслық етпе. Базы дәстанлар айырым қыялпазлардың қыялларының нәтийжеси.



www.ziyouz.com kutubxonasi

49. Досларыңның сырларын да өз сырларың киби пинхамы саклаў өзиңе хүрметти күшейтеди. Достыңа тез ғазепленбе, өкпелеме, өкпелетпе. Күни-күни келгенде хакыйкый бир дос бәрше туўысканларың бирлесип кылалмайтуғын жаксылыкларды кыла алатуғын пайтлар да болады. Сөйтсе де акылсыз достыңа кеңес берсең, жағаңнан алатуғынын да билип қой!

50. Көпшилик жүрип баратырған жолдың бәршеси де тең дәрежеде жаксылыкка әкеле бермейтуғын жағдайлар болатуғыны жөнинде ойланыўға хәрекет кыл. Алдыңда кең гүзар жатырса да, оның кай шетинен жүриўди бил. Жаман менен жолдас болмаўға тырыс. Жаман деген ат пенен узак жасағанша жаксы деген ат пенен өлип кеткен абзал екенин умытпа;

51. Тәңритаала инсанға тил бергенде, оны тислер деген дийўал менен коршап, сыртынан ерин деп аталған дәрўаза курған. Олардан дурыс пайдаланыўда сабырлылык саклай билсең, хүрметке сазаўарсаң, болмаса басың бәлеге калатуғынын да хеш кашан умытпа.

52. Коркаклык-әм *инсанның рехимсизлигинен* дәрек. Коркаклыкка жол қойып, оны өзгелер алдында мойынлаўдан кысынсаң, өзиңниң адам перзенти екенлигиңе де гүман оятасаң.

Өзин-өзи хәдден тыс жаксы көрип, өзиң аса акыллы санайтуғынлар, көбинесе, сумлыклылар екенин уғынып жаса. Акыллы дос жанның рәхәти, акылсыз дос жаныңның апаты екенине ойлар жуўыртып жаса.

53. Набада бир мәкемени баскарыў лийкини саған исенилсе, алдыңа жекке арзы менен келген хәр бир инсанды толык тыңламай, жуўмак шығарма. Әлле кимниң кайтыс болғаны хәм және биреўдиң тойы жөнинде бир ўакытта хабар келсе де, сабырлылығыңды саклап шешим кыл. Инсан еки ирет кайтыс болмайтуғынын естен шығарма.

Әййемги Кытай философларынан бири Шян Янның (390-338) «халык саўатсыз калса, басшысының изине көзсизлик пенен ере береди», деген пикирин де еслеп, тыныќ ойлан. Кара басыңның ғамы ушын өз жәмәәтиң баскалардан бөлинип калмасын. Хәр исте жәмәәтиңди айыплаўдан кашык бол. Кемшиликлериңди бетиңе айтканлардың бәри душпаның емес.

54. Әлле кимниң колында сипсе көрип, оны сипсекеш, екинши биреўдиң колында дуўтар көрип, оны сазенде десең, кәтелериң аз болыўы итимал, ал үшинши биреўдиң жаксы бир сөз айтканын еситип, оны бирден-ак данышпан деп билсең, бирден кәтелесесең. Кисини көбирек тыңламай, ол туўралы жуўмак шығарма.



www.ziyouz.com kutubxonasi

55. Душпаныңнан өш алғың келсе, оның өзине усаўға тырысып бақ.

Қолтығына кирип сени мақтағанлардың бәри бирдей дос болмаслығына да пәм жуўыртып жасаған мақул.

56. Тәңиртаала сениң қалбиңде, өзиң менен бирге жасайды. Оны хеш қашан алдаўға тырыспа. Ол кәҳәрленсе, сени тәрк еткенин сезбей-ақ қаласаң. Қәлбиңнен Тәңиртаала кетсе, албыраклап руўхый кеселге шатылып қалыўың сөзсиз. Физикалық жақтан саў болсаңда, руўхый кеселлик хәм өзиңе, хәм айналаңа ең аўыр, емсиз мусаллат.

57. Ол дүньяның жәннетинен дәметсең, бул дүньяның көп рәҳәтлеринен ўаз кешиўиңе туўра келеди. Бул дүньяда кеселге даўа табылсада ладанлыққа даўа табыў көп машақатлы. Қандай машақатлар шексеңде жетимлерди жубатыў кәриңе айлансын. Инсап пенен жасаўға әдетлен.

58. Устазының дәрежесине жеткен шәкирт ғана устазын дурыс түсинеди. Бүгинги дүнья алымлары кең хәм терең билимге ерискели Шығыстың илим-билимлери өзлериниң устазы болғанлығын тән алады. Усыған қарап, «мен Шығыс адамыман!». деп көкирегиңе урма. Шығыстың таза даналығына дақ түсиресен.

59. «Не гүналар қылсаң, оларды соң дүзетемен» деген ойлар менен жасаў, сени хүрметли ғаррылыққа әкелмейди. Хәр бир исиңди басларда өзиң еле картаятуғыныңды да есиңде тут.

60. Әдалатсыз басшының мириўбетинен пайдаланыў әдалатсыз инсанлардың иси. Хәркимге исене бериўди өзиңе әдет қылыў да инсанды ақыллы көрсетпейди. Өз өмир жолыңда кимге, кимлерге исениўди билип жасасаң қайғы хәсиретлериң күтә кем болады.

61. Ким сениң жәрдемиң арқалы өз душпанларынан өш алса, бир күни сол адам, сениң душпанларың арқалы, өзиңнен де өш алыўы итималдан алыс емеслигин де умыт па.

Хәр дайым дос-яранларыңның кимлигин дурыс анықлаў жолында мийнет етиўден қашпа, жалықпа. Тынымсыз мийнет сени зеригиўден, мүтәжликтен, хәр қыйлы қумарпазлыққа берилиўден аман сақлайды.

62. Тәңиртаалаға қанша деминде шын кеўлиң менен исенсең, ол сени сонша демлерге қайғы-ғамнан қутқарады. Басқа демлериңде өзиңе, досларыңа, халқыңа сүйенип хәрекетлер қыл. Ғыйбатлық қылма. Ғыйбат сөзлер жақынларың түўе туўысқанларыңнан да айырады.

63. Пикир айтыў ушын қандай минберге шықсаң да, әўеле тыңлаўшылар сениң усынысларынды калайынша иске асыра алатуғынын есапқа алып усыныслар қыл. Гейде мени хәмме тынық тыңлады десең менменлик. Менменлик — мисли еми табылыўы қыйын кесел

киби, сени тез майырып, тез катардан шығарады. Бәрхә орынлы сөйлеп үйрен. Орынлы сөз октанда өткир болады.

64. Қәлбиң кең болса, саған пүткил жәхән — Ўатан. Инсан өз қәлбине пүткил жәханди сыйдырса да, сол кең жәхән инсанның бир ғана надурыс хәм гуманлы исин өз ишине сыйдыра алмайды. Гуманшыллық та, ақыллылық та жас таңламайды, лаўазым таңламайды. Абайлы бол.

65. Тәңритааланың өзи биреў бола тура, хәр инсанды бир-бирине усамайтуғын минез-қулықта жаратып, хәр қайсысының ислери бойынша дурыс баҳалап я қуўаныш, я дәрт береди. Ата-ана да өз перзентлери ушын мисли Тәңритаала. Олар да хәр перзентин бир-биринде тәкирарланбайтуғын минез-қулықлар да тәрбиялайды. Билип қой, перзентлериниң надурыс ислери ушын биринши нәўбетте ата-анасы айыплы.

66. Диний тәғлийматларға қарағанда Адам топырақтан, ал Иблис-Шайтан оттан жаратылған. Бул тәғлийматтың исенимлилигине бас себеп, адам, ҳақыйқаттан да, ең соңында өз топырағына араласады. Ал Иблис-Шайтан тирилер арасындағы алаўызлық отына айланады. Бир өкиниишлиси — айырым адамлар топыраққа араласатуғынынан қорқып па, тезирек Иблис-Шайтанға айланыўға тырысып жасайды. Усындай болыўдан сақлан.

67. Ким өз ата-анасын, халқын хүрмет қылса, басқалардың да сондай қылықларына, өзлеринше, дурыс түсинип, оларды да хүрметлейди. Сенде сондай инсанлардан бол.

Арбаның бир дегершик пенен жүре алмайтуғынына пәмиң жетсе, өмирлик қостарыңды қаралама, оған исенип жаса. Себеби ол арбаңның екинши, дегершиги.

68. Жаның денеңди биротала тәрк еткенше Ўатаныңды сүйиўден жалықпа. Ўатаныңды тек оның кең көлеми, асқан байлықлары, Ўатаныңды сақлаў ушын болған бәрше гүреслерде, хәтте урысларда жеңимпаз батырлықларының көплиги ушын ғана емес, ҳақыйқый ата-журтың, бас паналар мәканың, ал, өлсең, сени өзиниң ыссы баўырына басар ана-жериң болғаны ушын сүй.

69. Марҳумды табытта көтерип баратырғанларды көрсең, өзиңниң де сол халға түсетуғыныңды еслеп, тоқта, жол бер. Марҳум ушын қанша жыласаң да, оның орнына дүньяға енди келетуғын инсан сол марҳумнан ақыллы болады, деген исеним менен өзиңди тез жубат.

70. Өмир жолың узақ жасағаның менен емес, соңғыларға қалдырған ибратлы ислериң менен баҳаланады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жан тынышлығыңды саклайман деп өмириңди қуўанышлы тойларсыз, байрамсыз өткериў — шаршаған гезинде дем алатуғын токтаў орынлары жоқ узын-шубай жоллардан кетип баратырғаның киби көринетуғынын да еслеп қой.

71. Инсанға баслы еки кемшилик тән. Олардың биринписи, әллекимниң өлгенин еситсе, өзине дүнья кеңейиңкиреген секилли еркинрек сезиниўи, екиншиси, өзи еле түсинбейтуғын нәрсесине шынтлап исенетуғындай түр көрсетиўи.

72. Инсан бул дүньяға жалаңаш келеди, ал, ол өлсе, тирилер оның бул дүньяны гүллентиў жолындағы бәрше мийнетлериниң ҳақысына тек он еки метр ақ бөз таўып орайды да, топыраққа араластырады. Ҳәтте сан-санақсыз дүнья-маллы болсаң да, бул дүньяда денеңе оралған сол ақ бөзден зыят хештеңе алып кетпейсең. Изиңде қалып, сени орайтуғын бөз излейтуғынларды алдаў есабынан дүнья-мал жыйнаўға ҳәрекет етпе.

73. Сени көп биймаза ҳалға салып, жан-тәниңди көп тыпыршылататуғын нәрсе — басқалардың өзиң ҳаққындағы қыялларын билиўге умтылыўың. Билип қой, Тәңритаалаға шүкирликте, нәпретте бир аўыздан шығады. Соның менен бирге, бир булақтан ашшы суў гезеклесип шықпайтуғынын да пәмлеп жаса.

74. Эрамыздың биринши әсиринде өткен Якуб пайғамбер адамларға «Сизлер ертең не болатуғыныңызды билмей жасайсыз. Сонда сизлердиң өмириңиз не болғаны?» деген сораў қойып, өзи «Инсанның өмири — азғана ўақыт көзге көринип жоғалатуғын пуў» депти. Бул жөнинде сен де ойлап ҳәрекетлер қылғаның жөн.

75. Бизиң эрамыздың 46—127-жыллары аралығында жасап кеткен Әййемги грек жазыўшысы Плутарх: «Греклерде ақыллылар сөйлейди, ладанлар жумыс қылады...» деген екен. Плутархтың заманынан сениң заманыңның айырмалары жөнинде ара-тура ойланып көр. Сениңде уллы Плутархты тәкирарлаўыңа туўры келсе, еле заманың айтарлықтай өзгермегени. Заманың дурыс жолға салыў ҳәрбир инсанның баслы ўазыйпасы екенин умытпа.

76. «Досларым көп, душпанларым аз» деп мақтаныўдан ямаса «досларым аз, душпанларым көп» деп налыныўдан алдын көбирек ойлансаң, досларыңның да, душпанларыңның да саны сениң тәнхә ақылыңнан гөре, қолыңдағы бар байлығыңды қалай пайдаланыўыңнан ғәрезли екенин уғынасаң.

77. Кисини тез картайтатуғын ҳәм кеселге шататуғын баслы нәрсе каммағаллығың емес, ҳәтте дүнья-малың асып-тасып атырса да, өз



www.ziyouz.com kutubxonasi

заманыңа тәнхә көз-карасларыңды ашык айта алмаўшылык. Айырым надурыс ислериң ушын түрьмаға камалсаң, елдиң заң-нызамларын емес, өзиңди айыпла. Хәр күнги тыныш өмириң ушын тәўбе қылып тур.

78. Байлығыңа исенип: «қартайсам, өзиме алтыннан, гүмистен хаса соқтыраман» деп мақтанба. Хәр кандай шараятта да саған баслы сүйениш хасаларың — изиңде калатуғын перзентлериң, досларың, қоңсы-қобаларың, бирге ислескен жәмәәтиң, халқың...

79. Адасыў, алжасыў хәммеге де тән өмир қубылысы болған менен, алымлар менен басшылардың алжасығы өз алдына: олар көп жағдайларда өзлери менен де шекленбей, мақтанып айтқан сөзлерине, халыққа берген ўәделерине исенип изине ергенлерди де алжастырады.

80. Өз жүгиңди өзиң алға тарта беретуғын халда болсаң, қызғаншақларға көп кеўил бөле берместен, алдыңа қарап жүре бергениң пайдалырақ. Ал өзиңше, көп ойланып өзиң өзиңе ақыллы көринсеңде, бундай ақылыңа исенбе. Тәңритаала хаққында, өз жақынларың хаққында ойлансаң, оларға исенип хәрекет қыл.

81. Ким саған қорқыныншлы көринсе, бил, оның өзи де айналасынан да, сеннен де қорқып жасайды. Қорққанлардың бәри батыр емес, қорыққанлардың да барлығы қорқақ емес. Бул дүнья қорқақлар менен батырлардың сынақ майданы. Сол сынақ майданында бәрше хәрекетлериң сениң кимлигиңди анықлайды. Илая қорқақлардан болмағайсаң.

82. Бурын өзиң ислеп көрмеген бир нәрсени ислей билсең, бул сениң шеберлигиң. Ал бурын ойламағанларыңды ойлайтуғын дәрежеге жетсең, өмирден тәжирийбелериңниң, билимиңниң артқаны.

83. Ўақтыңды жоғалтыў — бахасы белгили қымбат затыңды жоғалтыўдан аўыр. Оннан да аўырлары — ақылыңды, билимиңди, өзгелерге исенимиңди жоғалтыў. Сақ бол! «Сақлықта қорлық жоқ» дейди халқымыз.

84. Керекли жағдайларда тийисли орынларға алғыслар айтып, саўға қылыўды умытқаның — өзиңниң өзиңдей адамлар арасында жасайтуғыныңды да умытқаның. Өзгелерден хәмме ислерге жуўапкерлик талап ете бериў — базда өзиңниң нелерге жуўапкерлигиңди естен шығарыў екенинде умытпа.

85. Қыялларыңды иске асыра алмасаң да көп хәсирет шекпе: билип қой, инсан қыялы дүньядағы ең ушқыр қус, оны қуўып жетиў хәммегеде аңсатқа түспейди... Ақылсызлар арасында ақыллы көрингеннен ақыллылар арасында ақылсыз көринген абзалырақ.

Өмирден күтиў, үмитлениў, бас-аяқсыз түйилсе де, көп албырақлама, асықпа, нийетлериң дузиў болса, хақ нийетлер менен ислер жүргизсең ақыры жетесең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

86. Әлле кайсы достынның өмирден кеткенин еситсең де, албыраклап, өзинди жоғалтпа. Изинде сендей садык, хадал нийетли дослары, перзентлери, калған болса, оның еле өлмегени деген түсиник пенен өмирден кеткен достыңа хызметлер кыл. Жас әўладларына жәрдем қолынды бер.

Жаман ислеринди хәм кылыкларынды, соң жақсы ислериң менен жаўып жоғалта билсең, айналаңдағылар ушын бултлар арасынынан шыккан жулдыз киби көзге түсесең

87. Әлле кайсы ерли-зайыплар жөнинде «Олардың мухаббети бир-биринен аспан менен жердей кашық» деместен алдын, аспан менен жер әзелден Тәңритааланың өзи косып жараткан жупты екенин, дүньядағы сен сезген, көрген бәрше өмир кубылыслары сол аспан менен жердиң перзентлери екенлигин еслеп ал.

88. Ойланылмаған кишипейиллик — уятсызлык пенен тартыншақлықтың арасындағы кубылыс.

Өзинди бахытлы сезинип жасайын десең, өмирдиң гүллән әўметлерине кайыл бол. Тәнхә өзиңе жакпай, бирак баскаларға жағатуғын ислерди каралама..

89. Бизиң эрамыздан бурын 428-347 жылларда жасаған Аристотель: «Платон (384-322) маған дос, бирак хакыйкатлык маған оннан да жакын хәм исенимлирек» деген екен. Досларың жөнинде ойласаң я ушырассаң Аристотельдиң усы гәпин де есиңе түсир. Сонда кем кәтелесесең.

90. Жалатайлықтың бас белгиси әлле кимге миннетдаршылығыңды умытқан болып көриниўге тырысыў. Әййемги уллы юнон данышпанларынан бири Фолес (625-547): «Мен, биринши, хайўан емес, адам болып жаратылғаным ушын, екинши, хаял емес еркек болып туўылғаным ушын, үшинши, жабайы емес, адамлар арасында туўылғаным ушын Жаратканға миннетдарман» деген екен. Усы гәпти тез-тез ядыңа түсирип тур. Бул даналықтан жуўмақ шығарыўдың ерки өзинде. Инсан өзиниң еркинлиги менен гейде бахытлы, гейде бахытсыз. Барлық гәп өз еркинлигинди еркин баскара билиўинде.

91. Бөтен еллерде сапарларында көрген-билгенлеринди өз елиндегилер менен салыстырып, олардың арасынан миллет ушын ең бахалыларын өз миллетиңниң өмир кубылысларына енгизиўге акыл жумсаў, баслы нийетлериңниң әўелгилеринен болсын.

92. Бийтапланып төсекте жатканында: «паленше, төленше кеўлимди сорап келмейди» деп өкпелеўден бурын, сол паленше, төленше аўырғанда мен барғанба едим деп, өзиң сораў бер. Кеселиң жаныңа



www.ziyouz.com kutubxonasi

баткан гезлеринде сыртта өзлеринше кулисип жүргенлерди еситсең, ғәзебетленбе. Өзиң бир нәрсеге ерисе алмасаң, сол нәрсеге ерискенлерди көрсең, ишиңнен күйинбе. Бул алдамшы, турақсыз дүньядан бир-бирине дәл усас қубылысларды да, инсанларды да таппайсаң.

93. Бир тәүликтиң ярымы жақты, ярымы қараңғылық екенине, ал оның сәўлеси хәрбир инсанның минез-қулқында болатуғынына пәм жуўыртсаң да, өзиңше көп жумбақларды шеше аласаң.

Әдил хәм әдалатлы инсанды туўысқаныңнан артық қәдирле.

Кимге болсада ашыў үстинде ўәде берме, мәслик халда ғәзепке берилме.

94. Шекленген дәрежеде билимли, бирақ орынлы-орынсыз сөйлей беретуғынлар, билими кең, бирақ бар билимине қәнәәт етпей көпшиликтиң алдында сөйлеўге көп қызықсынбайтуғынларға қарағанда данқлырақ болса, оларға өзиңше күйиниш, хәсирет шекпе. Бундай иллетлер заманның емес, базы ақылы сайыз адамлардың өзлери дөреткен иллетлер. Адамлар гүллән дөреткен унамсыз әламатларды адамлар сапластыра алатуғынына толық исеніп жаса.

95. Жақында биреў маған сырнығып: «Балаларымның заманға сай билимли, ақыллы адамлар болыўы ушын тежестириў менен оқыттым. Ойлағаныма еристим. Сол себепли көшемизде абырайлы ата саналып, той-садақаларда төрге отырғызылатуғын болған едим. Ал жан қоңсым өзиниң балаларын өз ўақтында дурыслы оқытыўға итибар бермей, маллар бақтырып, от-шөп, қатық-сүт саттырып, жыйнаған пулларына базардан арзан затларды сатып алдырып, қымбатлаў сатыўға үйреткен еди. Жақыннан бери көшемиздиң той-садақаларында сол жан қоңсым абырайлы ата саналып, отырыспаларымызда төрге шығарылыў менен, мен есикте қалдым» деди. Оған дурыслы жуўап таппадым. XXI әсир перзенти болған Адасым, алдыңа ким сырнығып келсе де, бөлмей тыңлап хәм оның гәплеринен өзиңше жуўмақ таўып терең хәм дурыс кеңес бериўге талаплан. Бул ушын өз әсириңди терең хәм хәр тәреплеме түсиниўге, келеси әсирге ой жиберип жасаўға әдетлен.

96. Өмир қысқа деп налыңа берме. Аты-хаўазалары бурынғы әсирлерден бизиң заманымызға жетип келген, көшелерге атлары қойылып, бюстьлери орнатылған инсанлардың өмир жолларына еликлеп ислер қылсаң, сениң де солар қиби узақ жасаўың итималдан қашық болмас. Ал усындай нийетти естен шығармай, тек атым қалсын, көшеме атым қойылсын, деп ғана ислер қылсаң, алжасыўың да сезсиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

97. Қайсы душпаныңнан өш алып үлгермеген болсаң, ол жөнинде өз перзентлериңе тийислик билдирме. Сонда тирилер арасында шынжырма-шынжыр даўам ететуғын душпанлықлар және биреўге кемейип ғана қалмай, перзентлериңниң мойнындағы жүклерин де жеңиллетип, әсириңниң машқалаларын да азайтыўға үлес қосқан боласаң.

98. Нәбада жазыўшы болыў несип етсе, қалбиң хәр тәреплеме кең хәм күтилмеген гүллән сәтсизликлерге де таяр болсын. Жазыўшыман деп хәр кимнен иллет излей берместен, аты-хаўазалары дүньяға мәлим сөз шеберлериниң жазғанларын көп оқып, хәр тәреплеме үйренип, бирақ олардың хеш қайсысына еликлемей, қайталамай шығармалар дөретсең, китап оқыўшыларының саны аз қарақалпақлардан болсаң да, көп санлы оқыўшыларға ийе миллетлердиң тиллерине аўдарылып басылыў ушын саған да имканият есиклери өз-өзинен кең-кең ашыла баслайды. Бирақта, «таланттың 99 пайызы мийнет» деген гәп бар. Керисинше, мийнетиңниң 99 пайызы талант болса, оннанда бахытлысаң. Қайсындай дөретиўшилик кәсипте болсаң да, талантыңа ылайық мийнеткеш бол, мақтаншақлықтан қаш. Кемшилигиңди айтқанларға өкпелеме, қалбиңди кең тут. Басқалардың түўе, өзиңниң жиберген кәтеликлериңнен де үйрен.

99. Уллы немец шайыры Иоганн Гете (1749-1832) өз тәғдийрине сүйенип айтқанындай: «Адам жекке ислеген гезлеринде тек өзи менен өзи қалса, қыйын». Қалбиң базда тәнхә өзиңе тийисли қуўанышқа ямаса хәсиретке толып кетсе, оларды айтып сырласқандай шын дос таппасаң, дым үндемей ғана «Күнделик дәптер» жүргиз де, қәлбиңе сыймаған пикирлериңди сол күнделик сол дәптериңе жазып қойыўға әдетлен. Сонда қәлбиң жеңиллеседи. Қәлби жеңил адам көп аўырмайды. Саў адам дурыс ойлайды. Дурыс ойлар өзиңди хәм досларыңды ғана емес, хәтте халқыңды жақсылықларға жетелейди. Инсанға халқы менен тең аяқ қосып алға барыўдан артық бахыт жоқ!!

• • •

Әдиўли Адасым! Мениң тәнхә өзиңе ғана айтыўға нийетленген бул кеңеслерим өзимниң, өмир жолында жиберген көп-көп қәтеликлеримниң нәтийжелери. Солай болса да бул нәсиятларым XXI әсирде тәжирийбели, хәр тәреплеме ақыллы, билимли болып ержеткен сени хәм сениң теңлеслериңди, қәнәәтлендирмейтуғынында билемен. Себеби адамзат бинә болғалы ата әўлад өзинен соңғыларға нәсиятлар айтыўды миллий дәстүрге айналдырған. Ким қалай қабыл етсе, ерки өзинде, әлбетте!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Енди ойланып саған бүгин айтқан нәсиятлардағы көп шалалықларым, үстиртинликлерим, есиме түскен сайын, «Әй, Төлепберген Қайыпбергенов, өзиң де, ақылың да жүз емес 99 пайыз, мың емес 999 пайыз дәрежесиндеги адам болсаң керек-аў!» деп жанбасымды шымшыйман... Илажым не, өз қәлбимниң буйрығын жаздым. Өйткени, хәр инсан өз қалбиниң қулы ғой. Сонда мен кимнен артықпан?!

Айналайын Аласым! Саған қосылып кимлер мени айыплап үстимнен күлсе де ықтыяры, бирақ жазғанларымды оқыўға сен я олар ўақыт ажыратсаңыз, хәр бириңизге: «Рахмет! Жасаған әсириңиз сизлерди де, бәрше қарақалпақ халқын да тек бахытлы қылғай илайым!» деўден басқа айтарым жоқ. Хош! XXII әсирге дейин саў болғайсаң Аласым!

Сүйикли аласым! Саған нәсиятларымды хәзирше жуўмақлаў менен Қураны Кәримниң пәтия сүресин әўеле арабша, соңынан, сөзбе сөз, дегендей қарақалпақша тәкирарламайман:

*«Бисмиллаҳир Рахманир Рахийм, Ал-хамду лиллаҳи Роббил Аламийн, ар-Рахманир Рахийм, Малики яўмиддийн, Ийяка наъбуду ўа ийяка настағийн, Иҳдинас сиротал Мустақим, Сиротал-лазийна анъамта алайҳим, Ғайрил мағзуўби алайҳим валаз-заллийин! Әмин!»*

*«Меҳрибан хәм Рехимли Алланың аты менен! Бәрше мақтаўлар Пүткил әлемниң пәрўардигари, Меҳрибан, Рахимли хәм Жаза күниниң ийеси Алла саған мүнәсип! Саған ғана сыйынамыз хәм Сеннен ғана мәдет сораймыз, Бизлерди сондай туўры жолға баслай бер, Тәңхә Сениң жарылқаўларыңа ерискенлердиң жолы болсын, Сениң ғазебиңе ушырайтуғынлардың хәм адасқанлардың жолы болмасын! Аўмийин!»*



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ТӨРТИНШИ БӨЛИМ

## Т. Қайыпбергеновтың базы шығармалары бойынша пикирлер

*«Биз кимниң болсада базы әдетлерин унататуғын болсақ, оның сол минез-қулқы өзимизде де бар болғаны»*

*Вильям Шекспир* (1564-1616)

## «ҚАРАҚАЛПАҚСТАНЛЫ ДЕПУТАТ...»

...30-апрельде (1989-ж.) Съездде (СССР халық депутатларынын) ең жоқары дәрежедеги драмалық жағдайлар жүз берди. Қарақалпақстан АССР-ынан депутат Қайыпбергенов сөзге шығып, Арал бойларының аўыр хәсиретлери жөнинде айтты. Бул хәсирет өзиниң узаққа созылған аўыр ақыбетлеринин масштабы бойынша соңғы гезлери пүткил дүньяда жүз берип атырған ең хәсиретли катастрофалар менен тең. «Суў жетпей қурып атырған Арал теңизиниң бурынғы экваторынан Қарақалпақстанның, Хорезм хәм Ташаўыз ўалаятлары-ның егислик жерлериниң хәр бир гектарына самал менен, жыл сайын 540 килограмм дуз араласқан қум келип қуйылмақта. Қарақалпақстанның хәр гектар жерине күн сайын тонналап қуйылатуғын гербицидлерден, пестицидлерден, зәхәрли химикатлардан алақандай жеринде тазалаўға илим еле хәрекет етпей атыр. Сол себепли Арал бойларының халықлары тәбийий емес, ал Арал катастрофасының ақыбетинен пайда болған хәр қыйлы қубылыслар нәтийжесинде кеселлерге тап болмақта хәм сол кеселликлерден өлим таппақта. Жаңадан туўылған нәрестелер арасында әлле қайсы мүшелери кемислер көбеймекте. Медициналық тексериўден өткенлердиң үштен бири дерлик сүзек, асқазан кесели (рак), гепатит кесели менен аўыратуғынлығы анықланды. Кеселлердиң көпшилиги балалар. Шыпакерлер аналарға балаларын емизбеўди ескертип қойыпты...» Оратор әне усыларды баян етиў менен бирге және былай деди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

«БИРИНШИ: Халық депутатларынан айрықша күшке ийе топар дүзиўди съездден талап етемен (әттең, бул талап басқа да көп ғана талаплар қатарында иске аспай қалды).

ЕКИНШИ: Бизде пахта егисиниң көлемин тезлик пенен қысқартыў керек. Пахта менен саўда қылыў-бизиң үлкемиз ушын өз халқының ден саўлықлары менен саўда қылыў янлы қубылыс. Сол ушын Арал бойларын экологиялық апатшылық зонасы деп дағазалап, Аралға жәрдем ушын пүткил дүнья жәмийетшилигине шақырық салыў керек. Әттең, хәзирше, Арал бойлары дүньядан жасырын территория».

Съездеги бул шығып сөйлеў — Өзбекстанның ең арқа Сибирь халықларының хәм Чернобыль ақыбетинде пайда болған катастрофаларға яғный хаўаны химия, металлургия шығындылары себебинен зәхәрлеген ең аўыр халатлар менен тең дәрежедеги аўыр хәсирет екени жөниндеги шығып сөйлеўлер қатарында болды...

Академик АНДРЕЙ САХАРОВ
*«Москва, Горький, далее везде, Съезд» деген ат пенен «Знамя» журналының №10, 1991-жылғы санында басылған Күнделиклеринен.*

* * *

## ҚӘДИРДАН БИРАДАРЫМ!

Хәр қыйлы себеплер менен сениң «Қарақалпақ дәстаны»ңды толық оқып шығыўға хеш ўақыт таба алмай жүрер едим. Ақыры, кеше ғана китабыңды ақырына шекем оқып рәхәтлендим. Расын айтсам, кейинги жылларда, әсиресе, өзим ислеп атырған пайытларда тәғдир инам еткен өмирдиң хәр бир минутын кәстерлеўге, хәтте китап оқыўдан да өзимди тыйыўға хәрекет етип атырман. Нәзеримде, өзиң де тап сондай тәшўиште жүрген болсаң керек.

Бизиң жасымызға жеткен адамлар (қәтелеспесем, келеси жылы сен де 70 жасқа шығасаң) көбирек жумыс ислеўди қәлейди. Соған қарамастан сениң «Тастыңтай» трилогияңды оқып шықтым. Оқығанда да күтә қызығып, шынын айтсам, рәхәтленип оқыдым. Авторға, яғный саған, қарақалпақлардың үш әсирлик (XVII-XIX әсирлер) тарийхын көркемлик жақтан исенимли хәм күшли сәўлелендириў несип еткенин көрип, қуўанып кеттим. Трилогияда сәўлеленген



www.ziyouz.com kutubxonasi

халық аз санлы болса да, терең тарийхы хәм тамырлары бар, усы күнге шекем өзиниң теңлигин, пүтинлигин, тәкирарланбайтуғын миллий тулғасын сақлап қалған.

Мен өз турмысымда көплеген тарийхый романларды оқығанман. Көпшилик тарийхый шығармаларда шет елли келгинди басқыншылар ямаса ҳүкимдарлар душпан келбетинде сәўлеленеди. Сениң «Дәстан» ында болса пүткиллей басқа көринислерди көрдим. Бунда халық (Маман бий, Айдос баба да, Ерназар алакөз де, басқалар да) өзге миллет хәм руў ўәкиллерин душпан деп билмейди. Керисинше, душпанлар жанында болады. Олар сениң менен бир тилде сөйлеседи, көбинесе, қоңсы отаўда жасайды. Әттең, бундай халат бәрше түркийтиллес халықларға тән. Буны тарийх та тастыйықлайды. Әййемги битиклерде түркийтиллес халықлардың бир-бирине қарсы турғаны, бир-бирине жаўласқаны ҳаққында ҳәдден зыят мысаллар бар. Ол бизиң бабаларымызды кемситиў ямаса тарийхымызды надурыс баҳалаў ушын тийкар болмаслығы лазым. Егер олар бир-бириниң мысалында өзлерин, пикирлерин, қаналасларын көргенинде хәм тән алғанында еди, XX әсирде бизге бир-бири менен тынымсыз жаўласатуғын жигирмадан аслам түркий тиллес халықлар ханлығы мийрас болып қалмас еди. Оның үстине, түрклер, салжуқийлер өз ықтыярлары менен Ўатанынан, яғный Тураннан бас алып кетпес еди. Өйтпегенде усы жерде, яғный ата маканы болған, Евроазияның киндигинде Россия, Қытай, Ҳиндстан, Иран менен биймәлел бой жарыстыра алатуғын уллы бир мәмлекетке тийкар салған болар еди.

Көп мәртебе тәкирарланған алаўызлық хәм жаўызлықтың тийкарғы себеби, мениңше, руўшыллық, бир-бирин тән алмаўшылық нәтийжесинде жүз берген. Трилогияда сәўлелендирген — мисли көрилмеген ҳәсиретлер соннан ибарат, халық ҳәм оның жол басшылары бир-бирин түсиниўди қәлемейди, өз-ара тил табыса алмайды. Ақыбетинде Маман бий, Айдос баба, Ерназар алакөз сыяқлы халықтың жол баслаўшылары өз руўласлары тәрепинен өлтириледи.

Мениңше, Төлепберген, бундай хәсиретлерди философиялық таллаў бабында, сен инсаный хәм әдеп-икрамлылық көзқарасынан, мың мәртебе ҳақсаң. Буны пүткил жәҳән тарийхы көрсетип турыпты. Ўатан сүйиўши жол басшы менен өзин «халық» деп атаўға даўагер болған аламан арасындағы түсинбеўшилик, көбинесе, қорқынышлы қайғы менен жуўмақланады. Бундай гүрестиң биймәнилигин қарақалпақлардың руўхый басшысы Мурат шайық биринши болып аңлап жетеди. Шын мәнисинде, халықтың руўхый атасы, ўатан сүйиўши болған шайық,



www.ziyouz.com kutubxonasi

руў жол басшыларынын келте пәмлиги себепли оларды хеш кашан келисимге келтире алмайды. Келисимге имкан таба алмаған, илажсыз калған Мурат шайык хәр кандай дин тәрепинен үзил-кесил кадаған етилген, көшпелилер арасында көз көрип, кулак еситпеген жазаға өзин гириптар етеди, өз жанына каслык етеди. Өзин кудыкка таслап өлтиреди, кудыкты да харамлай-ды. Руўласларынын акмаклығын көрмеў ушын дәслеп ол өз көзлерин ойып алады. Онын досты Оразан батыр болса, бир-бирине жаўласкан каналас руўласларын жарастыра алмағанынан соң найлаж улы Маманнын орнына өзин курбан етеди хәм усылайынша орынсыз жаўызлыкка шек коймакшы болады.

Ески шығыс данышпанларынын айтыўынша, ең дәслеп инсаниятка тән болған жаксылыкты да, жаўызлыкты да хәр бир адам өзинен излеўи керек. Соннан кейин ғана өзлигинен келип шыккан халда өз халкынын түп мәнисин излеўи хәм түсиниўи лазым. Әйне усындай таллаў тийкарында көп катламлы «Дәстан» курылған. Нәзеримде трилогиянын күш-кудирети де, руўхый кадир-кымбаты да әне сонда.

Мен тенеўди, әсиресе тарийхый тенеўди жаман көремен. Себеби тенеўлер өткинши, сиясий ямаса идеалогиялык коньюктураны сүўретлейди. Лекин, Маман бий жаўынгерлерин баскарып гүреске атланған пайытта өз халкынын кудирети менен душпанға коркыныш салмакшы болғанында күлкили хәм кайғылы халатка түсип калғанын еслетип өтпекшимен: Ол артына кайырылады да, изине ерип киятырған сегиз шабандозды көреди... Бары-жоғы сегиз адам! Сонын ушын ол өз халкына пана болатуғын уллы ханлыкларды, патшалыкларды, досларын излейди. Хәтте усы максетте Петербургка, Елизавета Петровнанын алдына барып корғаныў хәм ғамхорлык хаккында шәртнама дүзип келеди. Жарлык алып ол Ўатанына кайтады: енди онын кеўли бәлент, себеби онын изинде 8 нөкер емес, ал уллы хәм шексиз орыс империясы турғандай. Күтилмегенде, кишкене ғана консы ханлык Маман бийдин журтына бастырып киреди. Бирак Россиядан ўәде етилген мәдет келмейди. Лебизди хәмме нәрседен жокары коятуғын түркийтиллес перзент жәнe бас ийип Россия патшасына барыўға арсынады хәм өз халкын ертип әййемги ўатаны — Әмиўдәрьянын төменги ағымына карай көшиўди, азап-акыретлерди басынан кешириўди абзал көреди. Солай етип, Хорезм кенислигинде көшпелилерден бири болған каракалпак халкы өзинин өзелги ўатанын кайта таўып, онда мәңгиге калады.

Айырым тарийхый тулғаларды, олар хаккында роман дөретилмесе де, пүткил дүнья биледи. Сен болсан, Төлепберген, өз трилогиянда



www.ziyouz.com kutubxonasi

(«Маман бий әпсанасы», «Бахытсызлар», «Түсиниксизлер») әййемги инсаният тарийхы соқпақларында атлары өшип баратырған, китап оқыўшыларға усы ўақытқа шекем исми-шәриплери нәмәлим болған үш пидәкер қарақалпақ Маман бий, Айдос баба, Ерназар алакөз келбетинде уллы бахадырлардың образларын жараттың. Әттен бүгинги Арал хәсиретине байланыслы сол бахадырларды жетистирген халықтың өмири қыл үстинде турыпты.

Бул трилогия үлкен көркем шығарма болып, ол хақыйқый көркем өнер адамы-қолы гүл шебер тәрепинен — өз халқын айрықша мехир-мухаббет пенен жақсы көретуғын жазыўшының қәлби менен жаратылған. Төлепберген, сен орынлаған ўазыйпа қарақалпақлар ушын да, пүткил түркийтиллес халықлар ушын да, шын мәнисинде, бийбахадур.

«Дәстан» жазғаның ушын рахмет! Өкинишлиси, хәзирги күнлердеги қыйыншылықлар себепли көпшилик адамлар «Қарақалпақ дәстаны»н қайта-қайта оқып шығыў имканиятына ийе емес-аў!

*Бирадарлық сәлем менен*
*ШЫҢҒЫС АЙТМАТОВ*
*(«Правда Востока» газетасынан*
*4-ноябрь 1998-жыл.)*

* * *

## ҚАРАҚАЛПАҚ ДӘСТАНЫ

Хәр бир халықтың өзине мүнәсип шайыр-жазыўшысы бар. Әзелден сөз қәдирин жоқары бахалайтуғын түркийтиллес халықларда болса, не көп жазыўшы көп, шайыр оннан да көп. Лекин, хәр бир халықтың сондай әжайып сөз шеберлери болады, оларды өз халқының маңлайына питкен мисли таң жулдызы десең, арзыйды. Абдулла Қадирий — өзбек халқының, Мухтар Әўезов — қазақ халқының, Шыңғыс Айтматов — қырғыз халқының маңлайына қуда жарылқап берген сондай жазыўшылар болып, бүгинги күнде бул уллы исимлерсиз өзбек, қазақ хәм қырғыз халықларын көз алдына келтириў қыйын. Өзиниң узақ тарийхына ийе әййемги Қарақалпақ халқының кең пешанасына бүгинги күнде таң жулдызындай жарасып турған жазыўшы Төлепберген Қайыпбергеновдур!

Ол өзиниң китап оқыўшылары жүрегине әлле қашан жол тапқан шығармаларын «Қарақалпақ қызы», «Қарақалпақ дәстаны», «Қара-



www.ziyouz.com kutubxonasi

калпакнама» деп атаған хәм романларының атларында-ак миллет атын үш мәрте тәкирарлайды. Миллет атын үш рет тәкирарлаўыңыздың максети не, деп сораған адамларға жазыўшы «Каракалпакнама» роман-эссесинде мынадай рәўият пенен жуўап кайтарады:

«Жер жүзинде адам әўладлары көбейип, хәр қыйлы қәўим хәм руўларға бөлинип жасай баслағанларында, Аллатаала оларды бирбиринен айырып таныў ушын әўеле көп исимлердиң дизимин таярлап алып, жолға раўана болыпты. Кайсы қәўимге барса, өзиндеги таяр дизимге бир көз таслап алар екендағы, хәр қәўимге ат қойып кете береди екен. Хәр бир кәўимге ат қоярда пәрўардигарға тән гүркиреген уллы даўыс пенен үш мәртебе: «Сениң атың Инглис! Инглис! Инглис!» яки «Сениң атың Өзбек! Өзбек! Өзбек!»...—деп әлемге еситтирип жар салар екен. Атын Аллатааланың өз аўзынан еситкенлердиң қуўанышы қойнына сыймай, кеўиллери көтерилип шадлыкта калаберер екен. Солай етип, Аллатаала өз дизиминдеги хәмме атларын таўысып кайтып киятырғанда, Әмиў деген дәрьяның теңизге қуяр аяғындағы еки жағасын мәкан еткен бир топар адамларға дусласып «Әй, Сизлер бас кийимлериңизге карап хәзирше Каракалпак бола турыңлар!» депти де, олардың атын басқалар киби үш мәртебе тәкирарлап турмай Аршыалаға кайтып кетипти.

Аллатаала бул халықтың атын үш мәрте тәкирарламағаны ушын болса керек, тарийхый дереклерде олар «Каракалпак», «Кара папак», «Каллак», «Кулахи сияк», «Кара бөриклилер», «Пешенелилер» («Печенеглер») деген сыяклы хәр түрли атлар менен аталып келе берипти».

Жазыўшы бул рәўиятты былай жуўмаклайды. «Романларыма ат қоярда халқымның атын үшинши мәрте қолланғанымдағы максетим: мениң халкыма итибарсызлаў караған Қуданың орнына өзим-ак, халкымның бир перзенти сыпатында, пүткил әлемге «Каракалпак», «Каракалпак», «Каракалпак», деп үш мәрте бар хаўазым менен жар салыў еди».

Төлепберген Кайыпбергенов каракалпак халкының кең маңлайына «ғайып берген», буның үстине, Қуда өз карызлары орнына «төлеп берген» жазыўшы. Оның «Каракалпак дәстаны» трилогиясы Совет дүзими дәўиринде жаратылып, жанажан Өзбекстанымыздың мәмлекетлик ғәрезсизлиги шараятында кайта басылып, шығып атырған («Каракалпакнама» роман-эссесинен кейинги) екинши көлемли эпикалык шығармасы. Бул шығарма, хакыйкатында да, каракалпак халкының хәм авторының атын дүньяға таныткан шығарма болды десек қәтелеспеймиз. «Дәстан» ды Мухтар Әўезовтың «Абай



www.ziyouz.com kutubxonasi

жолы» эпопеясы, Әбдижамил Нурпейсовтың «Қан менен тер», Саид Ахмадтың «Уфқ» трилогиялары киби хәм автордың хәм аймақлық әдебиятымыздың баслы шығармалары қатарына киргизиў мүмкин.

Тарийхтан жақсы мәлим: көбинше қарақалпақлар қайсы мәмлекеттиң қол астында, қайсы халықлар менен қоңсы болып жасаў ықтыярына да ийе болмаған. Бул халық әсиримиздиң биринши ярымында бурынғы совет мәмлекети қурамында, дәслеп 1924-жылы автономиялы область сыпатында Қазақстанға, соңынан 1930-жылы Россияға, 1936-жылдан баслап, ең жақын туўысқаны өзбек халқына — Өзбекстан Республикасына Автономия Республика сыпатында қосылғаны бәршеге аян.

«Қарақалпақ дәстаны»ның үш китабында («Маман бий әпсанасы», «Бахытсызлар», «Түсиниксизлер») сүўретленген дәўирлерди (XVII-әсир менен XIX әсирдиң биринши ярымы) қарақалпақлардың узақ хәм жақын өтмишин көз алдымызға келтирсек, пүткил түркийтиллес халықлардың басынан кеширген руўхый ўақыялар айқын болады. Хәммемизге де мәлим ўақыя соннан ибарат: түркийтиллес халықлардың тарийхы айнадай тегис емес.

Пайғамберимиз Мухаммед саллаллаху алайхиссалам өзиниң хадисинде: «Түркийлер сизге тиймесе, сиз де оларға тиймең» (Усман Туран, «Түркий халықлар мафкурасы» китабынан), деген екен. Көп жағдайларда түркийтиллеслерге хеш ким тиймесе де, олардың ишки руўлары хәм қәўимлери бир-биринен үстинлик етиў ушын тынымсыз гүрес алып барған (базда атасына қарсы балалары, базда кокалдашлар бир-бирине қарсы қурал көтерген). Нәтийжеде түркийтиллес халықлардың бир тутас миллет сыпатында қәлиплесиўи созылып кетеди. Бүгинги күни дүньяда 300 миллион әтирапында түркийтиллес миллетлер әўладлары бар. Олар, тийкарынан, бир халық болса да, жигирмадан аслам ғәрезсиз мәмлекет болып жасайды, өз-ара байланыслары да хәўес етерликтей дәрежеде емес (усы мәнисте хүрметли Президентимиз Ислам Әбдиғаниевичтиң басламасы менен бир қатар түркийтиллес мәмлекетлер ортасында «Мәңгилик дослық» туўралы шәртнамаларға қол қойылғаны хәм «Түркстан—улыўмалық үйимиз» ураны менен ийгиликли ислер әмелге асырылып атырғанын айтыўға болады. Тарийхтан бир мысал келтиретуғын болсақ, XIV әсирде ел-журтым деп жанып жасаған уллы сәркарда Әмир Темур дүзген түркий салтанаттың тәғдирине не болды? Бир әсирден соң майда-майда халықларға бөлинип кетти. Жазыўшы тап усындай қарақалпақ халқының тәғдирин әдебий усыл менен тәрийплеп береди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мине, «Қарақалпақ дәстаны» нда өз миллетиниң тарийх сахнасындағы орны ушын уллы сәркарда Әмир Темур ўәсиятлары тийкарында ис алып барған қарақалпақ ел басшылары Маман бий, Айдос баба, Ерназар алакөзлердиң тәғдири менен танысар екенбиз, олардың хәр бири ел-журттың бүгинги хәм келешектеги ғәрезсизлиги ушын жанларын да пидә етиўге таяр турған қахарманлар екенлигине исенемиз. Өкинишлиси, биринши нәўбетте, ишки келиспеўшиликлер, руўлар арасындағы жәнжеллерге шек қойыў ушын өз ықтыяры менен өлимге де разы болған Оразан батыр хәм өзиниң терең билими, дана, өмиршең нәсиятларын елге жайса да, руўлар арасындағы даўларды тоқтата алмаған, ақыбетинде бундай наланлықларды қайтадан көриўди қәлемегенликтен өз көзлерин өзи ойған Мурат шайықтың өмир жоллары әўладлар ушын ибрат бола алады. Буннан тысқары, трилогиядағы хәр бир образ өзине тән қайталанбас, жанлы сүўретленеди. Олар менен танысқан оқыўшы бийпарық қала алмайды: гә қахарманлардың тәрепинде болады, гә өкинишке шүмеди. Соның менен бирге, хәр бир қахарман өз дәўириниң нәпесин сездиреди, сырткы хәм ишки қәўип-қәтерлер анық бояўларда сүўретленеди.

«Қарақалпақ дәстаны» ның және бир өзине тән тамаңы сонда — оның үш китабы бир үйдиң үш есигин еслетеди. Қайсы есиктен кирсеңиз де биреў-биреўин толықтырған бөлмелерге хәм үй ийелерине дус келесиз. Қарақалпақ халқының руўлары арасындағы өз-ара жәнжеллер, қанлы саўашларға гүўа боламыз. Халықтың қыйын тәғдирине шерик боламыз. Оқыўшы болса усылардан өзине тийисли жуўмақларды шығарып алады.

Үш китапта да дана ел басшылары тәрепинен көтерилген тийкарғы мәселе — қарақалпақлылардың ғәрезсиз бир халық болып бирлесиў мәселеси. Бул нәрселердиң әмелге асыўы аңсат емес, мисли көрилмеген тәртипсизлик басланады. Көз алдымызда кешкен ўақыяларға терең нәзер тасласақ, жақсы нийетлерге тосқынлық ететуғын сыртқы душпанлар жоқ есабы. Миллеттиң ақыллы басшылары, дана уламалар мәсләхәтлесип, өзлерине қандай да болмасын, сырттан күшли сүйениш, саяманлы гүжимлер қыдырады. Бунын тийкарғы себеплеринен бири-XVIII әсирдиң басларында жуңғарлар Түркстанға басып кирип, аяўсызлық пенен қырғын баслады. Есапсыз қурбанлар болды. Ақыбетинде көп халықлар ата мәканынан айырылды. Яғный, олар «Ақтабан шубырынды» деп аталған посқыншылық нәтийжесинде дус келген тамаңға бас алып кетти... Қарақалпақлар Дешти қыпшақтан да пана таба алмайды. Мине, усындай аўыр пайытларда елин сүйген



www.ziyouz.com kutubxonasi

Маман бий әтирапына акыллы инсанларды топлап, Орыс патшасынан мәдет сораў ушын атланады. Россия патшасы Маман бий басшылығындағы халық ўәкиллерин қабыл етеди, өтинишлерин орынлаўға ўәделер береди, хәтте колларына жарлық берип қайтарады. Лекин, усыннан кейин де Қаракалпақлардың тәғдиринде хеш кандай өзгерис болмайды. Керисинше, хәр тәреплеме топылыслар хәўиж алып кетеди. Усы пайытларда ишки алағатлықларды басынан кеширип атырған Россия патшасы ўәдеге опа қылмайды, каракалпакларға жәрдем етпейди. Тағы да, және бир мәртебе Россия патшасы алдына бас ийип барыўды ар санаған Маман бий халықты баслап, ата-бабаларының әййемги мәканы болған Хорезм таманларға жол алады. Халық қаншама кыйын ашлық, әбигершиликти басынан кеширсе де, Әмиўдәрьяның Арал теңизине қуяр жериндеги әййемги туўысқанларына қосылады.

Дәстанның кейинги еки китабы қаракалпақлардың жаңа мәканға қоныс басқанын, олардың өмир тарийхын тереңнен сүўретлейди.

Жаңа мәканда Маман бийдиң жас шәкирти Айдос бий (соңынан «Айдос баба» атын алады) сәўлеленеди. Айдос бийдиң бул гүрестен гөзлеген мақсети де Хорезм диярында каракалпаклардың ғәрезсиз ханлығын тиклеўден ибарат болады. Бунда да жеке мәп, соқлығысыўлар, руў басшылары арасында болып өтеди, ишки алаўатлар күшейип кетеди. Усы пайытта тағы да Россиядан жәрдем сораў керек пе яки Хийўа ханлығының мәдетине сүйенген халда миллий ханлықты пайда етиў керек пе, деген мәселе үстинде кескин гүрес барады. Бул мәселеде Айдос бий мәдетти Россиядан күтпей, тили бир, суў ишетуғын дәрьясы хәм де ата-бабалары бир болған Хийўа ханлығының жәрдеминен үмидиўар болып, сарайына тез-тез катнап турады. Өз нийетин иске асырыў ушын хәрекет етеди. Өзине карсы болған руў баслыклары менен айтысады. Хәтте душпанларының жаманлаўлары менен Хийўа ханлығына карсы турған Бегис, Мыржық исмли туўысқан инилери менен аразласып, оларды көрмей қалыў дәрежесине барады... Өкинишлиси руўлар арасында күшейип кеткен алаўызлыклар себепли Айдос бий гөзлеген нийетине жете алмайды. Ақыбетинде өзи хәм елиниң хәм Хийўа ханлығының саткыны сыпатында өлтириледи. Оны аткосшысы өлтиреди.

Қаракалпақлардың тарийхында еки Ерназар бар. Биреўи коллаўлы, лақабы Алакөз. Екиншиси кенегес руўынан, лақабы Ерназар кенегес, үшинши китапта («Түсиниксизлер») Қубла Арал диярында ғәрезсиз қаракалпақ ханлығын тиклеў ушын гүрес барса да, тийкарғы ўақыялар

еки Ерназар арасындағы қарама-қарсылықларды тереңнен сүўретлеўге бағышланған. Яғный, екинши китаптағы гүреслер даўам етеди. Хош, Россиядан жәрдем сораў керек пе, яки Хийўа ханлығынан жәрдем дәме етиў керек пе? Ақырында Ерназар алакөз тәрепдарлары үстемликке ерисип, өзлери қарақалпақ ханлығын дағазалап жибереди. Бундағы көпшиликтиң наразылығына себеп болған нәрсе соннан ибарат: Ерназар алакөздиң өзи тахтқа отырмай, Шыңғыс хан заманынан үрдис болып қалған әдетке гөре оның әўладынан хан көтереди. Яғный, Шыңғыс хан әўладынан болған Зарлық төре исмли жигитти қарақалпақ ханлығының тахтына отырғызады. Усы себепли ҳәтте Ерназар Алакөздиң тәрепдарлары да күшли наразылық билдиреди. Сондай етип, тағы да «әдалат ҳәм әдалатсызлық», «пәклик ҳәм нәпәклик», «нур ҳәм қараңғылық» арасында гүрес басланып кетеди. Ақыр ақыбетинде Ерназар Алакөз өз тәрепдарлары таманынан өлтириледи. Ханлық құдиретине ийе болмаған Зарлық болса масқара етиледи, сонынан өлтириледи.

«Дәстан» дағы ўақыялар, қайсы дәўирлерде жүз бергенине қарамастан, оқыўшының дыққатын өзине тартып, елин сүйиўшилик пенен наданлықты көз алдымызға елеслетеди.

Қулласы, адамзат өмиринде ушырасатуғын қуўаныш ҳәм қайғылар, жоқары адамгершилик ҳәм пәскешлик, пидайылық ҳәм сатқынлық киби көринислер миллет тәғдири менен байланыста сүўретленгени ушын авторға миннетдаршылық билдирсек арзыйды. Китапта сәўлеленген басқа да қахарманлардың тәғдирлери ҳәр бир инсан ушын, миллет ушын, айрықша ҳәзирги халқымыздың мәмлекетлик ғәрезсизлигине ерискен ўақытларында ҳәр биримизге үлкен тарийхый сабақ бола алады. Мине, усындай сабақлардың ең әхмийетлиси — биринши нәўбетте, сыртқы душпанлар емес, миллеттиң ишиндеги алаўызлық, ҳәр инсанның өзин-өзи аңламаслығы себепли жүзеге шығатуғынының тәрийпи көз алдыңнан өтеди. «Дәстан» да ҳақыйқый сүўрети сызылған халықтың, ел басшыларының тәғдирлери бизди ғәрезсиз Өзбекстан мәмлекетин, бул мәмлекеттиң барлық халықларының тығыз жәмлескенлик пенен ийелеп турған өзине тән ҳәм өзине мүнәсип орнын, халқымыздың ғәрезсизлик жолы ҳәм бул жолда бизди айдын қәдемлер менен баслап баратырған дана ҳәм мәрт Жолбасшымыздың қәдирине жетиўге умтылдырады. Буның барлығы ҳәр тәреплеме жетилискен халық болыўдағы тарийхымыздың ашшы тәжирийбеси сыпатында қунлы пикирлер болып есапланады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Дэстан» хаккында пикирлеримди жуўмакластырар екенмен, ерксиз түрде хәзирети Наўайының төмендеги катарлары ядыма түсти:

*Руўхын жоғалтқан елге руўх бериўши бол,*
*Наўайы жаман болса, сен жақсы бол.*

**АБДУЛЛА АРИПОВ**
*Өзбекстан Қахарманы, Өзбекстан*
*хәм Қарақалпақстан халық шайыры.*
*«Халқ сўзи» газетасынан*
*1999-жыл, 9-июнь.*

* * *

## ПӘКЛИК ХӘМ ҲАҚЫЙҚАТЛЫҚ КИТАБЫ

*(Т.Қайыпбергеновтың «Атама хатлар» китабы туўралы)*

«Атама хатлар» китабы Арал бойларын жағалаған халықлардың өмир жолларын айрықша дәрежеде көркемлик пенен сүўретлеген ҳақыйқатлық китабы! Ол күтә шеберлик пенен топланған хатлардан ибарат. Олардың хәр қайсысы буннан көп әсирлер бурын гүлленген, әййемнен киятырған, еркинлик сүйген халықтың бай тарийхына, мәдениятына, поэзиясына, ең жақынлары түўе алысырақтағы қоңсыларының да айрықша қызығыўшылық хәтте қызғаныўшылық сезимлери менен карайтуғын кең мәкан хаққында повесть десе де болады.

Мениң достым, иним, Қарақалпақстанның халық жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергенов өз ўақтында ең көрнекли, абырайлы, дана адамлар тәрепинен берилген жоқары баҳаларға қосымша өзиниң көп мақалаларын, очерклерин, хатларын, сөзлерин, бираз дәрежеде толықтырып, бир қәлипке салып, бир атама менен «Атама хатлар» деп атаған. Бул китап Ташкенттеги Ғафур Ғулам баспасы тәрепинен өзбек тилинде 1995-жылы басып шығарылды.

Бунда, тийкарынан, халқының, көбирек Арал теңизиниң хәсиретин көтереди. Бүгинги күнде Арал проблемасы пүткил жәҳәнниң дыққатын өзине тартып турыпты. Бундай болыўында Орайлық Азияның көплеген алымларының, жазыўшыларының, жәмийетлик искерлериниң, соның ишинде Т.Қайыпбергеновтың да көплеген шығып сөйлеўлери себепкер. Әне, усының менен-ақ бизиң әдебиятымыздың жан сезимлеринен шыққан хаўазлар пүткил жәҳәнге



www.ziyouz.com kutubxonasi

еситилди деген сөз. Ғәрезсизлик алғаннан соң Өзбекстанның басшылары, биринши гезекте Президент И. Ә. Кәримов, Әмиўдәрьяның хәм Сырдәрьяның Аралға қуяр жағаларында жасайтуғын миллионлаған адамлардың тәғдирлерин жақсылаўда көп жаңа басламалар иследи. Бир неше жүзлеген километр трубаларды таўып, Әмиўдәрья менен Сырдәрья аяғында жасайтуғын халықларға, себеп пенен Аралға да, душшы суў менен бирликте тәбийий газ жеткерип бериў мәселелерин көтерди, жерден дурыс хәм өнимли пайдаланыўдың жолларын иследи... Бирақ та, олардың хәммеси, көп жыллар жабайыларша пайдаланылған жерлерге, дәрьяларға, Арал әтирапларының тәбият ресурсларына дыққат берип, оны бир жөнге түсириў ислерин жақсылаўда еле жеткиликли емес еди. Жазыўшы, әне бул жағдайларды, тәбиятты өз көзи менен тереңнен көрип жасағаны ушын күтә терең күйинишлер менен баянлап, ана жериниң тәбиятын, оның күтә ашынарлы хәсиретине айрықша терең жан ашытыўшылық пенен сүўретлейди.

Бул жағдайларды толық сүўретлеў мақсетинде автор традициялық, эпистолярлық формалардан көп хәм кең пайдаланады. Хәтте, арнаўлы түрде мархум атасының атына хат жазыў бәнеси менен жазыўшы өзиниң халқына мүрәжәт қылады. Оған хәмме ҳақыйқатлықты тарийх пенен хәм бүгинги өмир менен күтә тығыз байланыстырып айтады... Тарийх, бүгинги күн менен тығыз байланыста көтерилген гүллән мәселелер, улыўма адамзатқа тийисли хәм тең екенлиги кең масштабта гәп қылынады.

Теңиз әне шөлистанлық... Қызыл қум, Қара қум, Арал теңизи... Бәри, ески рәўиятлар, әпсаналар, даналықлар, күнделикли жүз берген хәдийселер... өзинше тәкирарланбас образлар арқалы оқыўшының көз алдына келеди...

Халықлар ушын хеш қандай қол жетпес бахалы дереклер: Индиялылар ушын Ганг, Араблар ушын Ефрат хәм Нил, ал бизге болса, Әмиўдәрья хәм Сырдәрья — бул суўы арқалы өмирде даўам еттириў менен, жерлери абадан өнимлер бериў нәтийжесинде үлкемизди абадан етиўдеги түп сағалар екенлиги көз алдымызға келеди.

... Хеш қандай сыр емес, Орта Азиялылардың көз алдына бирден-ақ күтилмеген режимсизликлерге толы ащшы өмир ҳақыйқатлығы басланды... 1991-жыл. «Мен усы жылы сол гездеги СССР дың Президенти М.Горбачевқа хат жазыўға мәжбүр болдым, — дейди автор, — «Президент, айтыңыз, енди бул хәсиретли ўақыялар ушын биз кимди судқа бериўимиз тийис?»— Усы хатта оған былай



www.ziyouz.com kutubxonasi

ескерттим де: — Егер мен сизден бул хатыма дурыслы жуўап алалмасам, онда тәнхә сизди судка беремен...»

...«Бул хатыма жуўап болмады, — деп өз пикирин даўам етеди жазыўшы. — Сөйтип жүргенде, хайран каларлык кәрамат жүз берди: СССР дың өзи бирден таркатылды... Михаил Горбачев тахттан айырылды... Енди мен кимди судка беремен? Тахтынан кулаған Президентти ме?!...»

Китаптағы хәр бир эпизодтан, хәр бир диалогтан, келтирилген хәр бир притчадан адамлардың жан сезимлериндеги зәхәрлер сыртка шығып, халыктың жан сезимлериниң күйинген хаўазлары кулакка бәрхә еситилип турады. Жазыўшы өзиниң хаклығына, пәклигине окыўшыны толык исендиреди. Бирак та бул нәрсе ол ушын жеңил ис емес еди. Сонлыктан, ол өз үлкесиниң тарийхынан, үлкеде жасаған халыклардың өмир жолларынан көп ғана мысаллар келтиреди. Әсиресе, өмирдиң ашшы тәреплерин сәўлелендирген бул үлкедеги мәңгилик шөлистанлыклар, яғный Кызыл кум хәм Кара кум менен өмирдиң мәңгилик сағасы болған Әмиўдәрья хәм Сырдәрья хаккындағы притчалар, адамзат өмирине байланыслы келтирилген әпсаналар окыўшыны өзине бийпарык калдырмайды.

Бир ғезлердеги Аралдың таскын суўлы болып, айналасына ай нуры киби жалтырап турыўларын, Түркстанның өзине тән айы киби айналаға нур шашкан жаркын ай сыпатында болғанлығын көркем образлар аркалы көз алдына көп мәртебе айкын келтиреди. Окыўшыға күтө түсиникли хакыйкатлык формасында автор Аралдын кеселленген хәсиретли тарийхынан айрыкша толкынланған халда көп хәсиретли гәплер жүритеди. Оны усылайынша терең тәрийплеў аркалы, соңында, мине бизиң Ата-Анамыз секилли Аралдың хәсиретли ашшы тарийхы, — деп жуўмаклайды автор...

Усылар менен бирге, автор Аралдың хәсиретине бүгинги әсирдиң ғана емес, келеси әсирдиң де хәсиретли екенине окыўшыны анык исендиреди...

Егер биз, жазыўшы айткан бул нәрселерге, яғный тәбияттың хәсиретлерине, өмирдиң ашшы тәғдирлери тиришилик екенлигине бийпарык карасак, жокарыда айтылған хәсиретлер келеси XXI әсирдиң, хәтте, акыры, нәмәлим узак мүддетли хәсиретлерге әкелетуғыны сөзсиз...

...Кыскасы Т.Кайыпбергеновтың хакыйкатлыкты сәўлелендириўши бул китабы өзиниң ашшы хакыйкатлығы хәм пайғамберлик аллан билиўшиликлери, жаксы келешекке умтылыўшылыклары, окыўшыларға, яғный бизлерге «алжаспанлар, көзлериңизди



www.ziyouz.com kutubxonasi

ашынлар, алжасыкларды артка тасланлар, сак болынлар!» деп турған секилли.

«Арал хәсирети,— деп тастыйыклайды автор,— бул тек өзбеклердин я каракалпаклардың ғана хәсиретлери емес, улыўма адамзат хәсирети. Егер Марс жарылса, болмаса, аспандағы ай токтап калса, буннан тек Африка я Австралияны каранғылык басып ғана калмайды... Егер куяш кайтып көринбей калса, Жер үстинде пүткил әлемде өмир токтайды...

Аралдың өлими де дәл усыған усас таклетте. Оның хәсирети тек Орайлык Азияда емес, Индияда, Кытайда, Азияның көплеген еллеринде тәсирин тийгизеди!»

Хакыйкый жазыўшы бәринен де бурын, халыктың тили, даналығы. Ол көп нәрсени анык көреди хәм ол жөнинде айналаға өз ўактында жар салады.

Каракалпак кәсиплесимнин, достымның, инимниң китабын окығанымнан соң, автордың пәк, хакыйкый мийнети, оның дүньяға жар салған бәлент хаўазы ушын, хәр бир инсанның бәрше ислерде жуўапкер екенлигине исендириў менен, бул жазыўшы ушын мениң де жүрегимде айрыкша мактаныш сезимлери оянды...

*Хамид Гулям*
*Өзбекстан халқ жазыўшысы.*
*(«Голос Узбекистана», газетасынан*
*16-август 1996-жыл).*

* * *

## ХАЛЫКЛЫК ХИКМЕТЛЕР ГҮЛДӘСТЕСИ

Мине, сиз атаклы каракалпак жазыўшысы Төлепберген Кайыпбергеновтың «Каракалпакнама» роман-эссеси менен таныстыңыз. Енди, «Бул кандай шығарма? Улыўма Кайыпбергенов кандай жазыўшы?» — деген сораўлар үстинде тереңирек ойлап көрейик.

Кайыпбергеновтың өмири хәм таланты менен жакыннан таныс бир катардағы жазыўшы сыпатында мынадай гәпти үлкен исеним менен айта аламан: Төлепберген данышпан адам, жаксы сәўбетлес, үлкен жазыўшы. Бул жазыўшы хәзирги каракалпак прозасының белгили ўәкили ғана емес, Шыңғыс Айтматов, Әбдижамил Нурпейсов, Олжас



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сулайманов, Абдулла Арипов хәм Бердиназар Кудайназаров сыяклы әййемги Түркстан хәм хәзирги түркийтиллес халыклар әдебиятынын уллы ўәкиллеринин бири. Буған, мәселен, жазыўшынын өзбек окыўшыларына кеңнен таныс «Қарақалпақ дәстаны» трилогиясы, хәтте усы шығарманың аты-ақ айқын мысал бола алады.

Түркий тиллердеги әдебиятта, егер мәселеге және де кеңирек көз-караста карасақ, уллы Күншығыс әдебиятында дәстаншылық жанры да узақ тарийхқа ийе екенлиги бәршемизге мәлим... Низамий, Генжаўий, Әмир Хысраў, Дехлаўий, Абдурахман Жамий хәм Әлийшер Наўайынын белгили дәстанларын ким билмейди дейсиз? Физулийдиң бир ғана «Лэйли Мәжнүн» дәстаны пүткил әлемге татыйды. Булар кол жазба дәстанлар. «Алпамыс», «Гөрұғлы», «Айсулыў», «Ғәрип ашық» сыяклы бәри жүзден артық халық дәстанларын айтпайсыз ба? Сондай-ақ, Наўайынын «Хамса» сы сыяклы бул дәстанлардың көпшилиги тек ғана өзбек әдебияты ғәзийнесиндеги дурданалар емес, улыўма түркий әдебиятымыздағы айрықша дурданалардандур.

Жәхән романшылығында жаңа мектеп жаратқан уллы жазыўшымыз Абдулла Кадирийдин «Өткен күнлер» романы усы аўызеки хәм жазба дәстаншылық үлгилерине тийкарланған халда, оларды жақсы бир мазмун менен байытты. Жазыўшының өзи шығарманың басланыўында бул халға нәзик ишара кылып кетеди. Шығарманың улыўма түркийтиллес халыклар тәрепинен өзгеше бир қуўаныш пенен күтип алыныўынын себеплеринен бири де, нәзеримде, әне усы дәстаншылық дәстүрлеринде, шығыс дәстаны руўхында жазылғанындадур.

Төлепберген Кайыпбергенов болса, XX әсир әдебиятында ең дәслеп пүткил бир халықтың аты «Қарақалпақ» атына қосып дәстан сөзин де үлкен эпик полотноның улыўма атамасына алып шықты.

«Қарақалпақ дәстаны»н пайда еткен үш роман — «Маман бий әпсанасы», «Бахытсызлар» хәм «Түсиниксизлер» диң хәр бирине таллаў жасап отырыўға бул жерде зәрүрлик жоқ деп ойлайман. Аты аталған романлардын да атамасына дыққат аўдарайық. Сондай-ақ,үш романнан ибарат шығарманың «дәстан» деп аталғаны сыяклы, кишкене бир әпсананың үлкен романға айландырылыўы бурынғы Советлер дәўиринде «Бахытсызлар» хәм «Түсиниксизлер» деген атамалар менен романлар жазылып, жарыкқа шығыўы хәм тап усы романлар дүркини — «Қарақалпақ дәстаны» СССРдын Мәмлекетлик сыйлығына миясар болыўы, менин нәзеримде, жүдә дыққатқа ылайық ўакыялар еди.

Улыўма, айтажағым сол, Төлепберген Кайыпбергенов улыўма түркийтиллес әдебиятымызда жүдә бай дәстүрлерге ийе еки жанр



www.ziyouz.com kutubxonasi

«дәстан» хәм «наманы» өзине тән түрде жаңалап, оларға екинши өмир бағышлады деп айтыў мүмкин.

Әдебият тарийхында Хорезмийдин «Мухаббатнама»сы, Кәйкаўыстың «Қабуснама» сынан баслап, тап Мукимийдиң «Саяхатнама» сына шекем азғана нама жазылмаған. «Нама» деп аталмаса да, жүдә итибарға алынып, нама болған шығармалар да аз емес...

«Намалар» — әңгимелер түсинигин билдирип ғана коймай, бул сөздиң мағанасы кең, «мактуб», «хат», «арзы хал», «кеўил айнасы» сыяқлы мәнилерден ғана ибарат емес.

Усы көзқарастан алып қарағанда, «Қарақалпақнама» атлы шығарманың атамасы өзине жүдә мүнәсиплдур. Шығармада қарақалпақ халқының халық сыпатындағы миллий келбети, мәденияты, турмыстиришилиги, үрп-әдетлерин хәр тәрепллеме ашып сүўретлеўге қандай хызмет көрсетиў керек болса, бәри-бәри жәмленип, бир шеттен әңгиме-гүррин—нама қылынады. Яғный, жазыўшы роман-эссени өзинше бос әңгимеге айландырып жибермейди. Керисинше, шығармаға жәмленген әпсана-рәўиятлар, хикметли гәплер, нақыллар, гүрриңлер, өмирбаян, күнделик дәптер, протоколлардан көширмелер, улыўма, булардың бәри де бир қарағанда, арзымас майда-шүйделер көрингени менен, орны-орнына қолланылғанда, жипке дизилген маржанға айланады.

«Қарақалпақнама» деп аталған бул жиптеги ең хасыл дурданалар— сөз жоқ, шығармаға жәмленген, бәри жүзден артық әпсана-рәўиятлардур. Оларда қарақалпақ халқының келип шығыўы, тарийхый тәғдири, өзине тән миллий белгилери, улыўма түркийтиллес халықларға тән болған жүдә исенгишлик, хақ кеўиллилик, мийнеткешлик сыяқлы пазыйлетлери, ағайиншилик, руўлық киби иллетлер тап суў түбиндеги қуяш сәўлесиндей ашық көринип тур.

Мысалы, ашығы ушын Аралдың суўын шелеклеп тасып, теңиз суўын қурытпақшы болған ашық хаққындағы әпсананы еслеп, оның негизиндеги «рационал мәни»ни ойлап көриң! Ашық жигит өзинин хәрекетлеринин балки нәтийжесиз екенлигин билер, бирақ маликаға ерисиў ушын патшаның хәр қандай шәртин де сөзсиз орынлаўға мәжбүр. Тек солай ғана емес, шәртти орынлаў мүмкин деп ойлайды да! Себеби, адам баласының нийети қалыслығына сондай исенеди, «патша жаман нийетте, жортаға усы шәртти алдыма қойды» деп сирә ойламайды. «Аққеўилдиң исин қудай ойлайды» дегендей, рәўиятта ашық жигит теңизди қурытып, шәртти орынламаса да, сондай аққеўиллиги, исенгишлиги себеп, маликаға ерисип, оның



www.ziyouz.com kutubxonasi

үстине патшадан сыйлық алып, «қарақалпақ» атанады. Лекин, өкинишлиси, өмирде бундай инсанныйлық пазыйлетлер ҳәмийше өз тәғдирин таўа бермейди. Тереңирек ойлап қарасаңыз, кейинги отыз жыл әтирапында гәп сондай болып келди, мысалы кимдур «Арал теңизин қурытсаң, мақсет-мурадыңа жетесең» деген шәрт қойғандай, қарақалпақ халқы болса, сондай исенгишлиги, аққөўиллиги себепли сыйлыққа емес, жоғалтыўға дуўшар болғандай...

Жазыўшы өз халқын усы рәўияттағы ашық жигиттиң маликаны сүйгениндей сүйип, оның ҳәр бир жоғалтыўына күйип-күйинип, ҳасыл пазыйлетлеринен қуўанып, жаман иллетлерине ашынып, өзинше жүрек сөзлерин қағазға төгеди. Қарақалпақ халқына ғәрезсиз ханлық дүзиў ҳуқықын елине алып келген Рахметулла қазы менен байланыслы әпсананы еслең! «Халықтың жарқын келешеги ҳаққында ақ нийетлер қылайық» деп сүт ишип, ант еппекши болған адамлардың ҳәммеси үйлеринен сүт емес, суў алып шықса! Неге бундай болды? Себеби, олардың ҳәр бири сонша сүттиң алдында мениң бир шөлмек суўым не болар еди?! Әйтеўир өзиме қалғаны пайда ғой! деп, тек «өзим» деген қыялға бериледи. «Тама-тама көл болады» дегендей, ҳәр қандай халықтың жарқын келешеги, ғәрезсиз мәмлекеттиң ертеңи усы халық ўәкиллериниң нийет-ойларынан, мақсет-мурадынан ҳасыл боларын олар не билсин! Соңлықтан да халқымыз «жақсы нийет — ярым ырыс» — деген шығар...

Шынын мойынлаў керек. Төлепберген Қайыпбергенов халық аўызеки әдебиятын биз — өзбек жазыўшылары ҳәўес қылсақ арзыйтуғын дәрежеде, дурысырағы, «мен» деген бир фольклоршы алым дәрежесинде пухта биледи. Халықтың ҳәр бир әпсанасы, нақылмақалы, ҳикметли сөзлерин көзлерине тотия етип, абайлап кәстерлеп, оларды саралап, жәмлеп, өзинше тәртипке салып, әжайып бир гүлдәсте дүзеди. Шығармада биз — өзбеклерде умытыла баслаған, лекин қарақалпақларда сақланып қалған, ҳәзирги дәўирде жазба әдебияттың мүлкине айланбаған әййемги түркий ҳикметлер көплеп ушырайды. Мениң өзим Түркстанда бар әпсана-рәўиятлар менен ҳикметли гәплердиң көпшилигин усы роман-эсседе биринши мәрте ушыратқанымды мақтаныш ҳәм ҳәўес пенен айтқым келеди. *Мәселен,* «Өз аўылынан шыққан дананың аўызы сасық болады!» («аўылдағының аўызы сасық») деген әййемги түркий мақалды алып, мәнисин ойлап көриң! Неге сондай? Усы мақалды қалай түсиниў керек? Тереңирек ойлап қарасаңыз, мақал өзиниң тереӊ мәнисине көре, «Алдыңнан аққан суўдың қәдири жоқ» мақалына уқсаслаў болып, онда «Дурыс, даналыққа дана-дә, бирақ оның аўызы сасық-тә!»



www.ziyouz.com kutubxonasi

дегендей «тырнақ астынан кир излеген», яғный көре алмаслық кеселине нәзик ишара қылынады.

Мине, усындай дана ҳикметли гәплер жәмленген «Қарақалпақнама» роман-эссесинен айырым баплар «Шарқ жулдызы» журналында басылып шыққанына да, китап ҳалында өзбек оқыўшыларына жетип барғанына да бираз жыл болды. Бул дәўир ишинде усы шығарма ҳаққында ҳәр қыйлы үлкен-киши гәплер айтылды. Кимдур автор менен аўдармашыға болар-болмас айып тақты, кимдур «бул не жаңа әлем бе? Ақыры шығармада жаңа гәптиң өзи жоқ ғой» — деп әжепленди... Дурыс, бул гәплерде де жан бар шығар. Лекин, олар, мениң нәзеримде, мәселени тек бир тәреплеме, дәрежеде түсиниў нәтийжесинде келип шыққан. Гәп сонда, Қайыпбергенов қырық жыл даўамында халықтың ҳикметлер ғәзийнесинен, туўры, жүдә ески, әййемги гәплерди жыйып-терип, оларды өз өмири призмасынан өткизип, бир пүтин роман-эссе, яғный, нама түринде келтирип, қулласы, қағазға оралған қылып, 1985-жылы өз ана тилинде китап ҳалында жарыққа шығарды. Шығарма СССР тарқалғанға шекем рус, қазақ ҳәм басқа да тиллер қатары өзбек тилине де аўдарылады. Мине, енди ғәрезсизлик шарапатында усы дәўир инам еткен шығарманың негизги мәнисин суқ көзлерден сақлаў ушын пайдаланылған қағаздан айырсақ, қолымызда автордың өзи айтқанындай, «қолға алса, алғандай, бир нама» шығарманың өзи кәмпиттей болып турыпты. Нәзеримде ең тийкары да сол! Тийкары — әййемги Түркстан әдебиятында биринши роман-эссе XX әсир түркийтиллес халықлар әдебиятында болса, дәслепки нама 80-жыллардың орталарында-ақ пайда болды ҳәм ол қарақалпақ халқы, сол арқалы пүткил түркийтиллес халықлардың келбетин, турмыс-тиришилигин, түсинигин, данышпан келбетин жәҳәнге көз-көз етип турыпты.

Улыўма, мына нәрсеге қатты исенемен: Төлепберген Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама» роман-эссеси тек ғана автордың талантының бийик шоққысы емес, ҳәзирги қарақалпақ романшылығы ерискен бийиклик, ҳәттеки усы орында, түркийтиллердеги гүллән әдебиятымыздың өлмес дөретпелериниң бири болып қалды.

*ӘДИЛ ЯКУБОВ*
*Өзбекстан халық жазыўшысы*
*«Шарқ» баспасы, «Қарақалпақнама» китабынан. 1997-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

## АРАЛ ДАЎРЫҚ САЛАДЫ

Жақын аралықта ғана «Шарқ юлдузи» редакциясына, қара пәреңнен келген, көринисинен әпиўайы ҳәм ақыллылығы айқын көринип турған жигирма жаслар шамасындағы бир жигит кирип келген еди. Ол тартыншақлық пенен көристи. Журналдың бас редакторы Мирмухсин оны оғада жыллы жүзлилик пенен күтип алды. Жигиттиң қолында ықшам ғана қол жазба бар еди... «Беремиз,— деди редактор қол жазбаны бетпе-бет ашып отырып, — тек ғана редколегия ағзалары ҳәм қарақалпақ тилин жақсы билетуғын кәнийгелер танысып шығыўы керек».

... Қулласы қол жазба ҳәммеге мақул болды...

Мине, жақын аралықта ғана болып өткендей сезилген бул ўақыядан берли арадан қырық жылдан аслам ўақыт өтипти. Сол жас жазыўшы бүгинлиги: *«Уйқысыз түнлер»*, *«Бир суўық тамшы»*, «Муғаллимге рахмет» сыяқлы бир неше повестьлер, «Қарақалпақ қызы» деп аталған еки китаптан қуралған үлкен роман, «Маман бий әпсанасы», «Бахытсызлар», «Түсиниксизлер» деп аталған үлкен көлемдеги үш романды ишине алған «Қарақалпақ дәстаны» трилогиясы, «Соңғы ҳүжим», «Қарақалпақнама» сыяқлы тулғалы шығармалардың авторы — белгили жазыўшы!..

Мен бул жерде оның жоқарыда атап өтилген шығармалары ҳаққында айтып отырмайман. Олар ҳаққында баспа сөзде өз ўақтында көплеген пикирлер айтылған. Олардың барлығы ушын бир өзгешелик — бул қарақалпақ халқының турмысын көркем бояўларда айқын сәўлелендириў. Жазыўшы халықтың меҳир-муҳаббетине, алғысына ылайық болды. Жақында Ғафур Ғулам атындағы әдебият ҳәм көркем өнер баспасы тәрепинен басып шығарылған «Бабама хатлар» китабын оқып, онда Т.Қайыпбергеновтың балалық дәўиринен баслап пайғамбер *жасына жеткенге шекемги басып өткен өмир жолы, көрген*-кеширгенлери, турмыслық ҳәдийселер ҳаққындағы ой-пикирлери оғада түсиникли тил менен баян етилгениниң гүўасы болдым. Автор бул шығармасында да «Қарақалпақнама» эссесинде қолланылған усылды қолланады, айтпақшы болған сөзлерин, мәселелерин әлле қашан әлемнен өтип кеткен бабасына хат жазып, оның руўхына өз ҳәсиретлерин билдириў жолы менен баян етеди. Жазыўшы кеўилсиз ўақыяларды еслер екен, ишинен езиледи. Өзин кешире алмайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бабасын қорғай алмағанлығынан да өкинишке бериледи. Шығармада адамды таң қалдыратуғын репрессия жылларының қорқынышлы көринислерин сәўлелендиретуғын портретлер, рәўиятлар, әпсана-анекдотлар оғада көп. Биз кишкене бир мақалада олардың барлығын қамтыйтуғын дәрежеде кеңнен сөз етиў имканиятына ийе емеспиз. Текте бир тәрепин айрықша атап өтпекшимен: Жазыўшы олардың барлығын репрессия жылларының ақыбети сыпатында экологиялық мәселеге байланыстырып көрсетеди. Егерде экология бузылмағанда, егерде «Совет ҳүкимети» деп ат алған көз байлаўшы қолындағы шыбықты олай-булай ойнатып турмағанда инсанлар арасында мехир-муҳаббет те суўымастан, адамлар бири-бирине мийримсиз болмастан, тәбиятқа да усыншелли дәрежеде инсапсызлық исленбеген болар еди. Сол ушында ҳәзирги күнде тек ғана қарақалпақ халқының емес, пүткил жер жүзин тәшўишке салып отырған Арал машқаласы да келип шықпаған, ҳәмме нәрсе өз рети менен өз орнында болыўы мүмкин еди.

Әлбетте, шығармада Арал теңизи менен байланыслы мәселелер оғада кең ҳәм ҳәр тәреплеме талланады. Арал теңизиниң суўы барған сайын азайып баратырғаны, усының нәтийжесинде қоршаған орталықтың зәҳәрленип атырғанлығы, тек ғана адамлар емес, суўда, дарақларда зәҳәрленип атырғанлығын исенимли түрде, илимий мағлыўматлардан керегинше пайдалана отырып, әпсана ҳәм тарийхый ҳүжжетлер арқалы дәлиллеп, тийкарлап гүррин етеди. Автор шығарманың соңына барып Арал теңизи ҳәм Қарақалпақ халқының басына түскен апатларды сапластырыў жолында шеккен мийнетлери жөнинде былайынша жазады:

«Бир адам айтыўы мүмкин болған гәплерди ашық түрде ҳешкимнен айбынбай айтыўға имканиятым болғанша ҳәрекет еттим. Бурынғы СССРдың көплеген орайлық газета ҳәм журналларында мақалалар жаздым, интервьюлер бердим. Оларда ашшы ҳақыйқатлықты сол турысында баян еттим. Бурынғы СССР халық депутаты сыпатында, ҳәр бир Қурылтайда (Съезде) минберге шығып, Аралға дыққат бериўди ҳәм қорғаў зәрүрлигин талап етип, кеўлимдегилерди ашықтан-ашық айттым... Минберде турған ўақтымда мени қоллап-қуўатлаўшылар аз еместей сезиледи. Биракта мәселе әмелий ҳәрекетке келип тирелгенде... М.Горбачев тағыда өзин еситпегенге салды. Усынысымды даўысқа қойдырмады. Дурыс, кейин ала сессиялардың



www.ziyouz.com kutubxonasi

биринде айырым хүжжетлер кабыл етилди. Бирақ олар ўақытша, хожа көрсинге, яғный Горбачевтың кеўлиндеги хүжжетлер еди...»

Усыннан кейин жазыўшы Япониядағы Кива көлин саклап қалыўға бағышланған форумда қатнасқанлығын, ол жерде айтқан сөзлери «Аралдан алынған үш сабақ» атамасы менен баспада басылып шыққанлығын, Монголиядағы Хупсикөлди сақлап қалыўға бағышланған симфозиумда «өз дәртин айтып зарланғаны», Америка Қурама Штатларында Арал трагедиясына бағышлап өткерилген симфозиумда да үлкен үмитлер менен қатнасып, сөз сөйлегени хәм баска да көплеген абырайлы орынларда да Арал хаққында даўрық салғанлығын өкиниш пенен тилге алып, сонда да Аралды апатшылықтан саклап қалыў бағдарында айтарлықтай илажлар исенбегенликтен тәшўишке түседи. Әмелге асырыў бираз машқалалы болған түрлише жойбарлар бар болса да, нәтийжеси көринбеген соң өкинеди. Сол ушын ол, хәттеки, Аралдын муңын айтыў ушын Меккеге Хаж сапарына да барады...

Шығарманың тили түсиникли хәм ширели. Бурынырақ усы шығарма авторынын «Қарақалпакнама»сын өзбекшелестирген, әдеўир тәжрийбели аўдармашы Рахим Атаўлы бул шығармада да тийкарғы нусканың стилин толық сақлаўға хәрекет еткен. Баба хәм бабалар хәм аклыклар (балалар) тилине сай индивидуал тил бояўларын өз орны менен бериўге ерискен. Сонлыктан да, шығарма қарақалпакшасында кандай тәсирли хәм еркин болса, өзбекшеде де тап сондай көркемлик пенен окылады.

Мен «Қарақалпақнама»ны оқыған ўақтымда автордын хәр тәреплеме камалға жеткенлигине, карды да қалаўын таўып жаўдыра алатуғын шебер сөз устасы дәрежесине көтериле алғанлығын ийман келтирген едим. «Атама хатлар» шығармасын окып буған исенимим тағы да беккемленеди.

*Ф. Насриддинов.*
*Филология илимлериниң кандидаты*
*Ташкент («Аму тонги» газетасынан.*
*4-апрель 1997-жыл).*



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Мазмуны

Автордан ........................................................................ 3

**БИРИНШИ БӨЛИМ**

**Жол-жөнекей ушырасқанлардың ҳәзирше тек 999 сорауына жуўаплар ... 4**

**ЕКИНШИ БӨЛИМ**

**Интервьюлер, ойлар...**

Ә. Өтепбергенов «Ҳәзир әдебияттың аўҳалы қалай», «Еркин Қарақалпақстан» газетасы ........................................ 351

Н. Бахыйй «Бир уўыс топырақ», «Ватан» газетасы ........................ 354

М. Қаршибай «Халқыңды сүй, Түркстаныңды сүй», «Тафаккур» журналы ........................................ 369

Ө. Жаббархан «Халықты қорғаў — қәсийетли парыз», «Егемен Казакстан» ........................................ 374

Н. Бахыйй «Мәнисине жеткенлер жерге қояр бөркини...», «Халқ сўзи» газетасы ........................................ 378

М. Мырза «Жаңа жылда жаңа роман менен», «Ўзбекистон адабиёти ва санъати» газетасы ........................ 381

М. Абдуллаев «Түркстан — улыўма үйимиз», «Ўзбекистон адабиёти ва санъати» газетасы ........................ 389

Ш. Ботаев «Инсанға айна тутқан әдебият ҳақыйқыйдур» «Ёзувчи» газетасы ........................................ 393

Р.Мусурман «Ғәрезсизлик өмиримдеги ең үлкен ҳәдийсе», «Ўзбекистон адабиёти ва санъати» газетасы ........................ 412

М. Абдуллаев «Гәптиң ҳағын айтсам...», «Ўзбекистон адабиёти ва санъати» газетасы ........................ 416

Д. Бекбаўлиев «Миллеттиң дәрманы болыў бәршемиздиң ўазыйпамыз», «Қарақалпақстан жаслары» газетасы ........................ 427

Қ.Ерниязов «Тарийхымызды терең үйренейик», «Еркин Қарақалпақстан» газетасы ........................................ 440

С.Қарабаев «Ғәрезсизлик руўхыйлығы», «Ўзбекистон адабиёти ва санъати» газетасы ........................................ 446

Р. Ата улы «Отаўдан кең жәҳанге», «Түркстан» газетасы ........................ 447

Н. Бахыйй «Қалбимниң қамусы — Түркийнама», «Ўзбекистон адабиёти ва санъати» газетасы ........................ 452

Д. Бекбаўлиев «Бир сүринген томарға қайта сүриниў көзсизлик» «Қарақалпақстан жаслары» газетасы ........................................ 460



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Айырым газета журналлардың бас редакторларының сораўлары бойынша автордың жуўаплары**
*«Үшинши мың жыллық босағасында»* ........ 367
**«Арал теңизине дыққат керек»** ........ 384
«Эх, Қарақалпақ болғанда ма» (Лев Толстой туўралы) ........ 404
Шығыстың даналығын ҳәм Батыстың прагматизмин өзинде үйлестирген инсан (Ш.Айтматов туўралы) ........ 406
Қутлы күнлер қуўанышы ........ 421
Өз қалбинен жаңа дүнья ашқан шайыра (Х.Рустамова туўралы) ........ 466
Уллы Бердақ шайырдың 175 жыллығына байланыслы ойлар ........ 469

## ҮШИНШИ БӨЛИМ

**XXI әсирдиң босағасында туўылған Адасыма 99 кеңес...** ........ 482

## ТӨРТИНШИ БӨЛИМ

**Т. Қайыпбергеновтың базы шығармалары бойынша пикирлер**
Академик А. Сахаров: «Қарақалпақстанлы депутат...» ........ 505
Ш. Айтматов: Қәдирдан бирадарым ........ 506
А. Арипов: Қарақалпақ дәстаны ........ 509
Ҳ. Гулям: Пәклик ҳәм ҳақыйқатлық китабы ........ 515
Ә. Якубов: Халықлық хикметлер гүлдәстеси ........ 518
Ф.Насриддинов: Арал даўрық салады ........ 523



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ТӨЛЕПБЕРГЕН ҚАЙЫПБЕРГЕНОВ

# Қарақалпақнама. Тәўекелшимен

Қарақалпақ тилинде

«Билим» баспасы
Нөкис — 2003.

Редакторы *З. Өсербаева*
Художник *К. Рейпназаров*
Худ. редакторы *Е.Хожамуратов*
Тех. редакторы *Т. Махсудова*
Операторы *Н. Қайыпбергенова*

Басыўға рухсат етилген ўақты 24.XI.03. Форматы 60х84 1/16. Офсет қағазы. Тип «Таймс» гарнитурасы. Офсет усылында басылды. Кегль 10. Көлеми 33,0 б.т. 33,68 шәртли б.т. 34,8 есап б.т. Нусқасы 2500 дана. Буйыртпа № 17. Бахасы шәртнама бойынша

«Билим» баспасы, 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

Қарақалпақстан Республикасы Баспа сөз хәм хабар агентлигиниң Нөкис полиграфкомбинаты. 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

www.ziyouz.com kutubxonasi